A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

Науқыз Жапақов

83.3(5Қа)-65
2Қ-33.

НАҰРЫЗ ЖАПАҚОВ

Еске түсірмелер,

ілімий мәйнетлер.

«БІЛІМ»
БАСПАСЫ
1990

83 3/2—кар б/7
Ж 46

Наўрыз Жапақов: Еске түсириўлер, илимий мийнетлери (Дүзиўшилер Т. Мәмбетниязов, Х. Сейитов, И. Қурбанбаев, У. Жапақова. Худож. А. Әметов—Нөкис Билим, 1990—626 бет.

Дүзиўшилер:

Х. Сейитов
И. Қурбанбаев
Т. Мәмбетниязов
У. Жапақова

Ж 4603010000—000 / М—357 (04) 90 90.

iSBN 5—8272—0814—0

© «БИЛИМ» БАСПАСЫ, 1990

ӘРМАНЛАР ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚҚА АЙЛАНАДЫ

СССР халық депутатларының II съездинен 26-декабрьде Ташкентке қайтып келгенимде мениң жумыс пелеўтуғын столымда телеграмма жатыр екен. Бул 25-декабрьде белгили шайыр ҳәм мәмлекетлик пикер Наўрыз Жапақовтың юбилейине байланыслы салтанатларға қатнасыўға мирәтнама еди. Әттең, жан-тәним менен тилесем де мен бир күнди кейни қайтарып, бул салтанатларға жетисе алмайтуғын едим. Наўрыз Жапақов пенен арамызда үлкен дослық байланысымыз бар еди.

Мен бул әжайып адамға деген терең ҳүрмет сезимлеримди әдиўлеп сақлап жүрмен.

Бизлер елиўинши жылларда танысқан едик. Ол ўақытлары Өзбекстан ССР Жоқарғы Советинде, Министрлер Советинде ҳәм Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетинде мен ҳәр қыйлы лаўазымларда пеледим, сонлықтан Қарақалпақстан АССР ына байланыслы ҳәр қыйлы мәселелерди шешиўиме туўры келди. Ал 1951-жылдан баслап бизлер Москвадағы КПСС Орайлық комитети жанындағы Жоқарғы партия мектебиниң тыңлаўшылары болдық. Хызмет бабындағы таныслығымыз еркеклердиң беккем дослығына сол жерде айланды. Сол жерде Қарақалпақстанның әжайып улы — Наўрыздың кеўил сарайының кеңлиги ҳәм байлығы маған аян болды.

Оқып жүрген ўақытларда бизлердиң бирге лекциялар тыңлаўымызға, зәрүр тийкарғы шығармаларды конспектлеўимизге, семинарлық сабақларда шығып сөйлеўлерге, экзаменлерге таярланыўымызға туўры келди. Гейпара ўақытлары түнги еки-үшлерге шекем китапларға үңилип, шаршағанымызда бизлер Москваның таза ҳаўасында дем алыў ушын бирге сыртқа шы-

58214

ғатуғын едик. Студентлик мәселелеримизди ўақытша былай қойып, бизлер бастан кеширгенлеримизди өз ўатанымыз—Өзбекстанды, Қарақалпақстанды сөз етер едик. Адамсыз көшелерде, майданларда жүрип, өз халықларымыздың өтмишин ҳәм ҳәзирги жағдайларын, олардың мәдений байлықлары, дәстүр ҳәм үрип—әдетлериниң өзгешеликлери ҳаққында пикир алысатуғын едик.

Наўрыз әжайып шешен адам еди, ол қарақалпақ халқы ҳаққында, Қарақалпақстанда жасап атырған рус, өзбек ҳәм басқа да халықлар менен оның достығы ҳаққында шаршамастан узақ гүррип ете алатуғын еди. Ал гейде бурын жазған ямаса тап сол мәҳәлде шығарған қосықларын бирден айта баслайтуғын еди. Наўрыз Жапақовтың айтқан гүррицлеринен ҳәм йошлы қосық қатарларынан мениң санамда әййемги тарийхына, бай ҳәм өзинше ғайрыпағын тәбиятлы мәденийтына ийе болған уллы Қарақалпақстан жериниң мәрт Қарақалпақстан халқының образлары пайда болар еди.

Бурыннан аўыр мийнет пенен күн кеширген қарақалпақлардың қайғы-ҳәсиретлери, социаллық теңсизликлер ҳәм басқыншылардың зулымлықлары менен ушласып, көбейип келди.

«Хан—зулым, бай—залым болып,
Аш болды ел, әптада халық.»

Көпшилик қарақалпақ уры̆ўлары зорлық пенен Хийўа ханлығының өзлестирилмеген партаў жерлерине көширилди ҳәм ашлықтан азап көрди. Тоғайларда-ғы жийде менен жигилдик те ханның ҳәм байлардың мүлки есапланды. Қара пухара халыққа ақшалай ҳәм затлай аўыр салықлар салынды, ирригация-лық тармақларды, жап-салмаларды тазалаў ушын мердикарлыққа алынды. Сол узақ өткен заманларда қарақалпақлар Россия менен экономикалық ҳәм сиясий тығыз қатнаслардың, рус халқы менен дослықтың әҳмийетлерин жақсы түсинген еди. Олар сол баяғы 1742-жыллары өзлерин Россия пухаралығына қабыл етиў ҳаққында өтиниш пенен Петербургқа елшилер жиберген еди. Өткен әсирдиң жетписинши жыллары Қарақалпақстанның Россияға қосып алыныўы феодаллық өз-ара жанжеллерди, топылысларды саплас-тырды. XX-әсирдиң басында дәслепки миллий рабочий топарлары пайда болды. биринши улыўма билим бериўши мектеплер ашылды. Патшалық зулымынан азат болған рус халқы қарақалпақларға жаңа турмыс баслаўға, социализм қурылысы жолына түсип алыўға жәрдем етти.

«Қуяш болып Октябрьдиң нурлары,
Жадыратты аўыл-елди, даланы...»

Октябрь революциясынан соңғы жыллар ишинде СССР дың барлық туўысқан халықларының жәрдеминде қарақалпақ халқы экономикалық ҳәм социаллық саларда күтә үлкен табысларды қолға киргизди. Ол өз мәмлекетине ийе болды. Қарақалпақстанның аўыл хожалығы да күтә тез пәтлер менен раўажлана баслады. Қарақалпақстан мийнеткешлери климатлық күтә қыйын жағдайларда нешше жүз мыңлаған тонна салы ҳәм пахта, басқа да аўыл хожалық өнимлерин жетистирип атыр. Пахта тазалаў ҳәм металлды қайта ислеў, азық-аўқат ҳәм жеңил санаатлары, қурылыс индустрияси дөретилди.

Мәдений революция әмелге асырылды: саўатсызлық сапластырылды, миллий рабочий класы ҳәм интеллигент кадрлар өсип жетилисти. Октябрь революциясына дейин жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары болмаған бул үлкеде ҳәзир 20 дан аслам техникумлар, кәсип-техникалық училищелери, алты мыңнан аслам студентлер оқыйтуғын Қарақалпақ мәмлекетлик университети бар. Клублар. театрлар ҳәм музейлер ашылған, газета ҳәм журналлар басып шығарылады, республикалық телевидение ислеп тур.

Қарақалпақ халқы бай мәдений мийрасларға ийе: «Қоблан», ҳәм «Едиге», «Алпамыс» ҳәм «Қырқ қыз» солардың қатарына жатады. Бердақ ҳәм басқа да әжайып қарақалпақ шайырлары менен жазыўшыларының поэмалары, басқа да шығармалары халыққа деген муҳаббат, оның залым душпанларына жек көриўшилик сезимлери менен суўғарылған, дүньяға келген. Бул дәстүрлерди бүгинги әдебиятшылар ылайықлы даўам етип атыр. Мысалы Т. Қайыпбергеновтың творчествосы пүткил елимизге белгили.

Наўрыз Жапақов қарақалпақ әдебияты ўәкиллери-

ниң қатарында итибарлы орынды ийелейди. «Бахытлы заман», «Бахыт», «Дослық дәстаны», сыяқлы оның поэтикалық топламлары оптимизмге ҳәм өмирди сүйиўшилик сезимлерине қанық.

Қарақалпақ халқының тәғдиридеги тарийхый өзгерислер Наўрыз Жапақовтың тәғдирине де өз сәўлелениўин тапқан сыяқлы. Себеби, ол эпиўайы дийхан семьясында туўылды, жаслайынан ата-анасынан жетим қалды, байлардың малын бақты, ал соңынан шайыр, илимпаз, филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан АССР ына ҳәм Өзбекстан ССР ына хызмет еткен илим гайраткери болды. СССР, Өзбекстан ССР ы ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советлерине депутат болып сайланды.

Наўрыз Жапақов әдебият-таныў проблемаларына бағышланған көплеген мақалалар менен рецензиялардың авторы болып табылады. Ол «Қоблан» дәстанын жазып алды ҳәм баспадан шығарды, сонлай-ақ, ол «Арал балықшылары» атлы биринши қарақалпақ кинос-ценарийин жазыўға қатнасты.

Менің ушын болса, Наўрыз мәңгиге қарақалпақ халқының ҳүжданы, оның туўылған үлкенин сүйиўлығын ашып көрсеткен инсан болып қалады. Наўрыздың арқасында мен де Қарақалпақстанды шын жүректен сүйип қалдым.

Бүгин қарақалпақ халқы ҳәм Арал этирапында жасап атырған басқада халықлар қыйын ўақытларды бастан кеширмекте. Бизлердиң барлығымыздың басымызға үлкен қайғылы мүсийбет түсти: Арал набыт болмақта. Тәбият оның зейнине тийгени ушын өш алып атыр. Тубалаўшылық жылларында жыйналып қалған көп ғана проблемаларды мына экологиялық апатшылық өтлестирип жиберди.

Бул аўыр мәҳәлде бизлердиң бәримиз де, өзбеклер, руслар, советлер елиниң барлық ўәкиллери Арал этирапында жасаўшы халықтың бастан кеширип атырған аўыр қыйыншылықларына қатты қыйналып атырмыз. Елимиздиң ҳәм Өзбекстанның ҳүкиметлери салдаманлы қарарлар қабыл етип, Арал теңизин сақлап қалыў Арал этирапында азадалық, санитариялық аўҳалды жақсылаў бойынша нақ конкрет жумыслар басланып атыр. Соңғы бир неше жыллар даўамында аўқамлас республикалардың ҳәм Өзбекстанның врачларынан



Н. Жапақов, зайыбы Уғылжан Жапақова.

туратуғын десантлары ең кескинлескен жаз айларында балаларға жәрдем көрсетиў ушын Қарақалпақстан АССР ына барады, соның менен бирге халықты улыўма диспансерлик тексериў де басланып атыр.

Алдынан шыққан қыйыншылықларды жеңип шығыўда қарақалпақ халқына, Қарақалпақстанның барлық халықларына қайсарлық тилегим келеди. Қәўип дөнип келгенде душпанларын жеңген әпсана—аңызларына айналған қырық-қыздың әўладлары болған мәрт қарақалпақ ҳаял-қызлары адамларға моральлық жақтай демеў береди, деп ойлайман.

Қарақалпақ халқы өзиниң жекке емеслигин, оның қайғы-ҳәсиретлери ар-намыслы ҳәр бир совет адамын бийтақат етпей қоймайтуғынын билиўи тийис. Қайта қурыў менен басланып атырған экономиканы саўламластырыў, сиясий ҳәм мәмлекетлик структураларды жаңалаў, жәмийетти демократияластырыў процеслериниң Арал этирапындағы адамлардың қуўанышлы ҳәм бахытлы жасаўына жәрдем етиўин мен шын кеўилден тилеймен.

Бул ҳаққында мениң достым Наўрыз Жапақов әрман етер еди, бүгин мен де бул ҳаққында әрман етемен.

Р. Ғуламов.

СССР халық депутаты, урыс ҳәм миңнет ветеранлары Өзбекстан республикалық Советиниң председатели.
Ташкент қаласы.
«Совет Қарақалпақстаны», газ. 27-январь 1990-жыл. № 19 (15438).

БЕЛОРУССИЯДАН ХАТ

Бизлер оның менен Минсеалағы атақлы Менделеев институтының жанында гезлестик.

— Жоқары партия мектебинин жайына қалай барыўға болады? — деп меннен сорады ол.

— Мен де сол жаққа бараман,—деп жуўап бердим. Оның бир қолында Москва кинбетлерге толынған қутышылар менен толтырылған сумкасы бар еди. Екинши қолында үлкен ғарбыз.—Сизге ким қолайсыз ғой. Рухсат етсеңиз жәрдемлесейин, ең болмаса сумканызды алып жүрейин деп мен оған жәрдемимди усындым.

Жол бойында бизлер таныстық.

— Наўрыз Жапақов деген боламан. Жоқары партия мектебине оқыўға Қарақалпақстанның келдим. Мен ҳаққында сиз еситтеген шығарсыз. Қарақалпақстан автономиялы республикасы Министрлер советиниң председатели болып ислеймен.

— Ал. мен болсам Белоруссиядан келдим. Федор Прохорович Ильюшеньков, республика орайлық партия комитетиниң бурынғы хызметкеримен.

Жатақханаға келгенде Наўрыз мени өз бөлмесине мирәт етти. Мен оның менен еле де жақынырақ таныссыў ушын барыўға қайылшылығымды билдирдим.

Узын пышақ пенен Наўрыз ғарбыздың үлкен бир бөлегин кесип маған усынды. Ғарбыз жүдә мазалы екен. Ол меннен «ғарбыз унадыма?» деп сорады. Мен ғарбыздың ширели екенлигин айтып, миңетдаршылық билдирдим. Енди ги рет мени өзи менен бирге алып кетиўди усынды.

Кеше метроның Новословодская станциясындағы ларектен көк-көмбек ғарбыз сатып алғанымды айттым.

Ол мениң бундай қолайсыз жағдайыма даўыслап күлди. Мениң ғарбызды сайлап ала алмағаныма қысындырды.

Ғарбыздың ишкенин қалай билиў усылын айтты. Соңынан ол кәттиң астынан (шамасы үйинен алып келген) сопақлаў қаўынды шығарды. Бул енди пүткиллей салтанат болды. Жақсы көрип тойғаным сонша, орнымнан зорға қыймылдадым. Наўрызға миймандослығы ушын рахмет айтып, мен өз бөлмеме кеттим. Соннан баслап бизлердиң дослығымыз пайда болды. Сол дослық оның өмириниң ең соңғы күнлерине дейин даўам етти.

Наўрыз бенен мениң бойым тең еди. Бирақта ол маған қарағанда толықлаў, келбетлилеў, пухта, жүзи сулыў еди. Бир-еки күннен кейин сабаққа келгенде таң қаларлықтай бизлер бир группаға түстик ҳәм бир партада отырдық. Бирге сабақ таярлап пикир алысатуғын болдық. Гейде кино, театр, музейлерге экскурсияға ҳәм қала сыртындағы мениң ағаларыма барып туратуғын едик.

Мениң ойыма бир жағдай келди. Бир күни бизлер шөлкемлестириўшиге қурал-жарақлар палатасына барыўға билетке пул бердик. Бизлерди бир ай даўамында «тексерди». Себеби, Кремльге кириў ушын ҳүжжет тексериўшилердиң зәрресин Л. П. Берия, И. В. Сталиниң террористери алып қойған еди. Бир неше күн қатнап ҳәлекшиликке түстик.

Ақырында бизлер Кремльге киретуғын болдық. Бирақ қурал-жарақлар палатасына киргизбейди екен. Оқыўшылар арасында күлки-ойын сөзлер айтылып атыр. Наўрыз мени бир шетке шығарып:

— Виссарионовичтиң бос ўақтында қай жерде миңнет ислейтуғынын көргиң келеме?—деди.

— Әлбетте.

— Жүр, онда былай айланайық.

Еле жигирмалаған адым атлай алмай атырғанда, тап жердиң астынан шыққандай бир адам пайда болып:

— Қайда барасызлар? — деп сорады.

Бизлер қурал-жарақлар палатасына экскурсияға келип едик, — дедик.

— Онда қурал-жарақлар палатасына қарай жол алың, ал бул жаққа мүмкин емес,—деди.

Бизлер оның менен жийи-жийи бирге сабаққа таяр-

ланатуғын едик. Әсиресе әдебият ҳәм рус тили оны қыйландыратуғын еди. Кеште үй тапсырмаларын таярлап бо-
лып, бизлер көбинесе тәбият ҳаққында, Орта Азияның әжайып дәрьялары болған Сырдарья ҳәм Әмиўдарья-тағы Қарақалпақстанның теңиз-көллери, шаңлы дүбелейлери, ҳайўанатлары ҳаққында сөйлесетуғын едик.

Мен өз гезегимде Брянск тоғайларындағы аң аўлағаным туўралы. Белоруссияның тәбияты, моңғи шалшықлары ҳаққында, қалың тоғайы жөнинде айтып беретуғын едим.

«Ленинские горы» деген жерде тап баяғы Огарев ҳәм Герценлер сыяқлы бизлер де мәңги дос болыўға, өз билимимизди халық ушын жумсаўға ант еттик.

Мениң жақын достым ҳәм жолдасым, белгили қарақалпақ шайыры, илимпаз ҳәм жәмийетлик гайраткери Наўрыз Жапақовтың туўылған күнине 75 жыл толыўына байланыслы, оның елине өзи носият еткендей барыўға қуштарман. Бирақ, урыста болған еки жыл, фронт шегарасынан шеттеги бир жыл менде көплеген наўқасларды пайда етти: (радикулит, гастрит, ҳәм тағы басқалар). Соныңтан мен бул даңқлы күнди белгилей алмай атырман. Бунан басқа да китабымның айырым бапларын қайта исле шығыў, мениң көп ўақытларымды алып атыр.

Туўысқан туўғанларына, оның жолдасларына, пүткил қарақалпақ халқына оның айырықша мийнет сүйиўшилигин, ҳақ кеўиллигин, өзиниң үлкен кеңес семьясындағы кишкене ғана халқына деген жалынлы муҳаббатын белгилеп өтиўди сорамаман. Сизлерге бахыт тилеймен, қәдирдан дослар. Ол мениң достым, көз қарасы бойынша туўысқаным еди.

Федор Ильюшенков

ОЛ ЕЛЕ МЕНИҢ ЕСИМДЕ

Халықтың сүйикли перзенти Наўрызды еске түсириў мениң ушын жүдә қайғылы, себеби ол мениң ушын тек ғана жумыс бойынша жолдасым болып қалмай, ең жақын достым болды, оның менен мени ҳақ кеўиллиги, ҳақ нийетлилиги шекленбестен бири-биримизге исенишиўшилик, терең сыйласық, ҳақыйқат туўысқанлық сезимлер байланыстырған еди.

Жапақов Наўрыз мениң есимде салламанлығы, ойшаңлылығы, аңсат емес өмирди терең түсине билген, өзиниң ҳәмме күш-қуўатын, билимин туўған ели болған Қарақалпақстанды гүллендириў ушын жумсаған адам сыпатында қалды. Ол республиканың экономикасын ҳәм мәденийатын раўажландырыўға көп нәрселер иследи, көпдеген дәўирлес, ылайықлы, күш-қуўатқа толы ҳәм қарақалпақ халқы ушын ҳәлме жақсы нәрселерди ислеўге тырысатуғын жасларды тәрбиялап шықты.

Ол әжайып инсан, халық перзенти сыпатында елге танылды. Киши пейиллиги, әлпайымлығы, иске талапшаңлығы Наўрызды ҳүрметке бөледи. Ол сабырлылық менен жай сөйлесип отырып-ақ гүррицлесиўши адамның исендирип ең қыйын мәселелерди жумыс мәпинде шешип, адамларды жақсы түсинетуғын еди.

Наўрыз жоқары адамгершиликли инсан еди. Ол менменлик, такаббырлық сезимлеринен аўлақ, қалаберсе адамларға қандайда болса әдилсизлик, мийримсизлик көрсетиўге қарсы еди.

Өзиниң тәбияты бойынша Наўрыз терең билимли, мәденийатлы адам болды. Ол нағыз интеллигент еди ҳәм өзиниң усы қәсийетлери менен ҳәмме ўақытта жәмийетте көзге түсти.

Ол ҳақ нийетли, ақ кеўилли, мийирман, нағыз кең пейилли адам сыпатында сүйиспеншиликке миясар болды. Ол Қарақалпақстанның Өзбекстан ССР қурамында автономиялы республика сыпатында бой тиклеп атырған қыйын дәўирлериниң биринде, оның тарийхында терең из қалдырды.

Наўрыздың интернационаллық қәсийетлери ҳәм бир инсанға, оның қандай да бир миллетке тийислигине қарамастан сыйлағысы ҳәм адамгершилик қатнасы оған халық арасында, жәмийетшилик ҳәм партия қатарында терең ҳүрметке ийе болыўына алып келди.

Рейимсиз өлим Наўрыз Жапақовтың әжайып ойларға толы, қайнаған өмирин ўақытсыз үзди, оған өзиниң бәлент шайырлық ҳәм жеке талантын ашыўға мүмкиншилик бермегени өкинишли, жүдә өкинишли.

Мениң ушын шексиз қәдирли Наўрыз ҳаққында естелик мениң жүрегимде мәңги сақланады.

Тәғдир мени усындай адам менен, оның ҳақ нийетли семьясы менен байланыстырғаны ушын мен бахыт-

лыман. Ҳәзирде даўам етип атырған турақлы қатнасымыз бизлердиң бир-биримизге болған ҳүрметимиз, Наўрыздың естелигине болған үлкен муҳаббатымыз ең айқын дәлийли болып табылады.

В. В. Ефанов

Мийнет ветераны, Союзлық әҳмийеттеги пенсионер.

НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВ ҲАҚҚЫНДА ЕСКЕ ТҮСИРИЎ

Мен Наўрыз аға Жапақов пенен 1936-жыллан таныс болдым. Ол жыллары мен Москвада оқыр едим, ол Төрткүлде редакцияда ислер еди. Мен Москвадан жазғы каникулға келгенимде, Наўрыз аға менің үйлесқан ағам Сейтжан Алланазаров пенен бир жайда бирге турады екен. Ол мени өзиниң туўысқан инисиндей көрип баўырына тартқан еди. Соңғы жылларда Наўрыз аға Москваға ҳәрқыйлы себеплер менен жийи барып турғанлығын болды. Ҳәр барғанында мен оны өзиниң ең жақын адамымдай көрип, Москваның Қазан вокзалында күтип алар едим. 1937-жылдың гүз айларының биринде, мен Наўрыз ағаны Москвадағы мәмлекетлик театр институтының оқыў жайында көрип қалдым. Ол қарақалпақ студиясының оқыўшылары менен сөйлесип турған екен. Мен оны көриўден, өзимниң баяғы әдетим бойынша, қуўанып оның қасына жуўырып барып сәлемлескенимде, ол менің менен бурынғыдай жыллы жүз бенен сәлемлеспеди.

Аз ғана ўақыттан кейин жуғырласып сөйлесип турған оқыўшылар тарқасып, тек сол жерде Наўрыз аға менен мен екеўимиз қалдық. Наўрыз аға менің менен суўық-селкилеў мәмле қылып:—«Жүр, бирге қайтайық» — деген ишарат қылды. Мен оның изине ердим.

Малокисловский переулкасы менен Арбат майданшасының арасы бир ярым, еки километрге шамалас узақлық еди, усы еки арада бир-биримиз бенен сөйлеспестен жүрип келип, екеўимиз трамвайға миндик. Трамвай иши тығылыс екен. Екеўимиз де тик турып «Никитские ворота» деген трамвайдың остановкасына келдик. Усы остановкадан өте бергенде Наўрыз аға, әсте қоңыр даўыс пенен менің атымды айтып сөз баслады:

— Төреш, — деди ол, — сен маған қарашы, мен саған бир нәрсе айтаман, тек есит, жуўап қайтарма

өзиңди тут ҳәм аўзыңды ашпа, — деп маған ескертти де, аз ғана паўзадан кейин, — Сейтжан халық душпаны болып қамалып қалды, — деди. Мен баяғы ескертиўди умытып,—«я»,—деп бақырып жибергенимди билмей қалдым. Наўрыз аға ҳеш нәрсе деместен келеси трамвайдың остановкасында түсип қалды. Мен сол трамвайда басым айланып кете бердим. Мине сол — сол екен, соннан баслап екеўмиздиң арамызда бурынғыдай жақынлық болмады, алыстан қатнасатуғын болдық. Наўрыз аға соңғы жылларда автоном республикамыздың бирқанша басшы жумысларында иследи. Мине сол жылларда мен оның менен творчестволық байланыста болдым.

Менің есимде қалғанларының бири, Уллы Ўатандарлық урыс жылларында, биз, яғный Қарақалпақ мәмлекет театрының творчестволық коллективи Наўрыз ағаның «Буденный жаўға атланды» деген қосық пенен жазылған шығармасын өз репертуарына киргизип автоном республикамыз бойлап көрсетип жүрдик. Шығарма тамашагөйлер арасында үлкен тәсирге ийе болған еди. Абыржылық бир дәўирде, халықтың патриотлық руўхын көтериўде, ол дөреткен Буденный образы айрықша бир тәсир жасаған еди.

Менің есимде қалған және бир тәсир, ол да болса усы Ўатандарлық урыс жылларындағы оның көрсеткен айырым өрнек алғандай хызмети болды. 1942-жылы, Хийўа қаласында әскерий хызмет атқарып атырған айырым қарақалпақ жаслары арасында наразылық ҳәрекетлер пайда болып, усы ҳәрекетти тынышландырыў ушын Наўрыз ағаның басшылығында биз искусство хызметкерлери барған едик. Ол гезде Наўрыз аға Қарақалпақ обком комсомолының биринши секретары еди. Мине сонда оның ораторлық уқыбын көрип ҳәм оның адамға тәсиршеңлик қәсийетлерин көрип қанаат алған едим. Ол өзиниң еки саатқа созылған сөзи менен соншама жыйналған қарақалпақ жаўынгерлерин өз баўырына тартып, тынышландырыў дәрежесине еристи.

Менің есимде қалған оның және бир тәсирли қәсийети, ол да болса оның басшы хызметкер сыпатында, ой-өрисиниң кеңлиги ҳәм терецлиги еди.

1957-жылы Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының Ташкент қаласында өткерген декадасы болды.

Мине усы декадаға таярлық гезинде, усы декаданың репертуарын дүзиўде ҳәм усы декада бөлеси менен қарақалпақ әдебияты менен искусствосының рәўажланыў келешегине байланыслы болған көп мәселелерди шешиўде ерекше хызмет көрсеткен еди. Ол усы жыллары Қарақалпақстан Жоқары Совети Президиумының председателя болып ислеп еди. Соның менен бирге 1957-жылы Ташкентте өткерилген қарақалпақ әдебияты, искусствосы декадасына басшылық етти.

Мен искусство хызметкери болғаным себепли, Наўрыз ага Жапақовтың соңда, декаданың репертуарын таңлаўда, көбирек халық творчествосының тәрепдары болғанын аңғардым. Халық қосықлары, халық сазлары, халық дәстанлары, халықтың қол өнерлер нусқалары, декада репертуарларынан кең орын алған еди.

Наўрыз ага, улыўмалаштырып айтқанда, жүдә принципли адам еди. Жәмийетлик мәнти, бирининн орынға қойып, соның ушын гүресетуғын гайраткер еди. Оның мине усындай ерекшелик қәсийетлери меним елеге шекем есимде.

Төреш Алланазаров

ЯДЫМНАН ШЫҚПАЙДЫ

1947-жылдың декабрь айының соңғы күнлери еди, мен Уатандарлық урыстан келип ӨзКП Қуйбышев районлық комитетинде ислеп атырғанымға еки жылдай болып еди, күн аўғаннан соң райкомға ҚҚАССР Министрлер Советининң Председатели Н. Жапақов келди. Сәлемлестик, ҳал-жағдай сорастық.

— Азаннан берли Стаханов арнаның сағасынан баслап шоферимиз Володя екеўимиз оның гә ишине түсип, гә жағасына шығып Ийшан Қаладан шықтық, келеси жылдың егисининң ҳәм оннан алатуғын зүрәәтиниң тәғдирин шешетуғын канал усы болғанлықтан райкомның секретары менен сөйлеспекши едим. Оның ишинен еле бир бел де топырақ алынып ырашына шығарылмапты, оның қазыўы қашан басланып, қашан ишинен суў ағызылады екен? Келеси жылдың егисиниң жағдайын сөйлесейин деп едим, ол кисини табалмадым, сизден өтиниш, меним излеп келгенимди айтсаңыз, бүгин кеште ямаса ертең азанда телефоннан звонит етип сөйлессе? — деди.

— Мен бул сөзиңизди әлбетте бүгин таўып айтаман, — дедим.

Ол жылларда колхозшылар жазы менен пахтаның тәрбиясында ислеп пахта терими басланғанша маллар-ға қысқы от-шөп орыў, егилген шалы, тары, мәш, гүжи, жүўериниң зүрәәтлерин орып өгиз, ат, ешек түйеклери менен түйеклеп қырман атып таярлап колхоздың складларына тапсыратуғын еди ҳәм өзлериниң меншиклериндеги дақылларды да усы тақлетте жыйнап болған соң майда жап-салмалар менен ири каналлардың қазыўына кирисетуғын еди. Пахтаның зүрәәтин пунктлерге тапсырып болғанша ҳәмме ер, ҳаял колхозшылар жыйын-теримде күн-түн деместен бәнт болатуғын еди.

Егер де усынан аўысық билеклер болса ишки жап-салмалардың қазыўында жүретуғын еди, колхозлар аралық үлкен магистраллық каналларды қазыў соған тийисли барлық колхозлардың колхозшыларының қатнасыўында жердиң тоңлап қалыўына қарамастан қысы менен басында жатып питкерилетуғын еди. Әлбетте, бул аңсат емес, себеби бел, кетпен менен қазылатуғын еди. Бундай үлкен жумыстың басында райсовет, аўылсовет, колхоз председателлериниң өзлери болып жумысты уйымластыратуғын еди. Ҳәр күнги норма ҳәр бир адамға (белдарға) бөлинип берилип, оның орынланыўы қатаң тәртип менен талап етилип, алдыңғылар хошаметленип артта қалған жалқаўлар критикаланып барылады. Районлық партия комитетиниң жуўаплы хызметкерлери болған бизлер де усы мийнеткеш халық арасында бирге болып жүргенимизде ҚҚАССР Министрлер Советининң председатели Ж. Н. Жапақов менен талай ушырастық. Ол ислеп атырғанлар менен араласып жүрип сөйлесип, елдиң халықтың турмысын, урыс апатларының келтирген зыяларын тезирек сапластырыўдың илажлары—тек ғана ҳадал мийнет екенлигин, әсиресе суў туўралы ата-бабалардың тарийхый сөзлерин қайта-қайта ядқа түсиретуғын еди.

1951—1955-жылларда мен областлық комсомол комитетинде ислеген дәўирлерде бул киси өзиниң Уатандарлық урыс жылларында қарақалпақ комсомол шөлкемининң жумысына қалай басшылық еткени комсомол-

әм жаслардың мәртлиги, әсиресе фронтқа қурал-жарақ шын жыйнап берген жәрдемлери ушын совет мәмлекети басшысынан келген телеграмманы айтып, қарақалпақ комсомол шөлкеминиң конкрет жумысларды шефствога алып, оны онлаўдың жолларын маған көп айтты.

Бизлер сол жыллары жипекшиликти, шарўашылықты раўажландырыў жумысларын қолға алып инициатива көтерип иследик.

Областлық комсомол комитетиниң секретарлығынан ленинлик партиямыздың шақырығына қосылып 30 мың шылар қатарының биринилеринен болып областлық партия комитетиниң секретары А. Махмудовқа жазба түрде арза алып барып: «Мен туўылып өскен Фрунзе атындағы колхоз 10 жылдан берли аўыл хожалық егинлериниң әшбиреўиниң де мәмлекетлик планларын орынламаған екен, мен де усы дәўирде партия органларының жиберген жерине ислеп жүрмен, ендиги жағында сол колхоздың экономикасын көтериў мақсетинде баслық болып барғым келеди» дедим. Ол мениң арзамды бирден қабыл етпеди. өтинишим орынланбады. Деген менен мен усы ниятимнен қайтпадым. Ол жыллары ӨзКП обкомының бюросы министрлерди, сондай-ақ республикалық басшыларды жыл басында Қарақалпақстан бойынша ең артта қалған колхозға жуўапкерли ўәкил етип бекитип, жыл ақырында сол колхоздың тәғдирин сорайтуғын еди. Мен де 1955-жылы Қараөзек районының Ленин атындағы колхозына бекитилдим. Пахта егисиниң қызғын жүрип атырған ўақты еди. Мен областлық комсомол комитетиниң биринши секретарыман. Ўақытымның көпшилиги атызда өтеди. Комсомол жумыслары қалып атыр. Мен областлық партия комитетиниң биринши секретары А. Махмудовқа кирип, илгеридеги арзамның тәғдирин сорадым ҳәм Фрунзе атындағы колхозға баслық етип жиберіўин тағы өтиниш еттим. Нәтийжеде апрель айындағы арза июль айында шешилип, мен өзим көптен әрман етип жүрген аўылым Фрунзе атындағы колхозға обком секретары Арзымбетов Ө., Нөкис қалалық партия комитетиниң секретары Муратовлардың қатнасыўындағы жыйналыста председатель болып сайландым.

Аўылымның халқы жақсы күтип алды, жумыс ўйымласқанлық пенен басланып кетти.

1955-жылдың гүзинде атызларды атлы аралап жүрсем Наўрыз аға келди. Аттан секирип түсип, сәлемлестик. — жүриниз үйге барамыз, шай ишемиз, — дедим.

— Ҳәзир ўақтым болыңқырамай тур, мына сениң менен шегаралас колхозда ўәкил едим, соған баратырман, саған қутлы болсын ҳәм ҳармасын айтайын деп излеп таптым. Колхоз баслықлығына қалай келгениңди еситтим, басшы жолдаслар да айтып атыр, аўылы жақсы сыйлайды екен, жастан ғаррыға шекем жумалап ислеп атыр деп. Мен басқа не айтайын, халық ушын ендиги өмиримде колхозда ислеймен деген ниетимше жетиўинше тилеклесип, ойласып көр, хуторлық хожалық жағдайында турыўдан гөре поселка системасына өтип жасаўды қолайлы деп санайман. Халқының турмыс аўқалын, экономикасын көтериў ушын барлық күш-қуўатымды, ақыл-ойымды жумсарсам деген умитемен,—деди де хошласып кетти. Бул ўақытта ол ҚҚАССР Жоқарғы Совети Президиумының председатели еди.

Мениң баслама көтерип, ең артта қалған колхозға келгеним бул адамға да жүдә мақул түсип, ислеп келип, маған аз да болса айтқан сөзлери мени және де йошландырып жиберди.

1957-жылдың февраль айында Кегейли районында бир колхоздың есап-бериў жалпы жыйналысында бирге болғанымызда Наўрыз аға ыңғайын сейлеп, сол ўақтағы колхоз председатели Палўанниязовқа ҳәм сол ўақтағы ӨзКП райком секретары болған маған колхоздың келешеги туўралы, әсиресе бундағы тоғай ишинде отырған хожалықларды таза поселка дүзип қоныслаңдырыўды айтып мәслаҳат берди. Бизлер усыны иследик. Ҳәзирги Нөкис районының Ленин ҳәм «Коммунизм» бөлимлери буған дәлил. Ҳәзир бул аўыллардағы адамлар поселкаларда жасайды, қаладағыдай электр шырақлары әлле қашаннан жанып тур. 1959-жылдың март айының ишинде Марат Нурмухамедов, Н. Жапақов үшеўимиздиң Жданов атындағы совхозда баҳәрги жер суўғарыўда болғанымызда, ол жерди жақсы тегислеп суўғарыўдың әҳмийети, егерде жүдә үлкен каргаларды жақсылап тегислеўге күш жетпесе ойлы-бийиклигине қарап майдалап шел алып, суўды жолларға, басқа егис екпейтуғын жерлерге жиберип заяламаў ушын күни-түни қадағалап қандырып

58214

суўғарғанда пахта ҳәм басқа да егинлердиң нәли толық көгеретуғынлығын көп-көп айтқан еди. Буған мысал етип Төрткүл, Беруний район колхозларының жумысларын келтирди ҳәм олардың пахтадан жоқары зүрәәт алатуғынының себеплериниң бири усы деди.

Бул берилген кеңес Кегейли районының барлық совхозларында қолланылды ҳәм усы жылы район планды 105 пайыздан арттырып орынлаған ўақта да ҳаўа райының бузылыўынан көп зүрәәт атызда жыйналмай қалып қойды.

Мен бул еске түсириўимде Наўрыз аганың тек айырым естен шықпай қалған тәсирли ҳәм өзиминиң жумысымда қолланған, нәтийже берген кеңеслериниң айырымларын жазып отырман.

Наўрыз аға партияның шығарған қарарларын, тапсырмаларын халық массасына туўры түсиндирип жеткеретуғын ҳадал коммунист екенине бизлер сол ўақтағы бирге ислескен жолдаслар шүбәланбаймыз. Оның берген кеңеслери, айтқан сөзлери алымды ойлап тартып, сондай болсам екен деўге өзиңди мәжбүрлейтуғын еди, себеби ол басынан көп қыйыншылықларды өткерип, сыналып-писип басшы жумыста ислеп жүрген ҳадал кадр еди. Ол партия қарарына тийкарланып өзиниң берген тапсырмаларының орынлаўын аслықтай еринбестен қадағалайтуғын еди, кимниң қалай ислеп жүргени оған аян еди. Ол халық арасында үлкен абыройлы басшы болды. Соңлықтанда Наўрыз аға мениң ядымнан шықпайды.

Дәўлетбай Дәўлетмуратов—

персональ пенсионер, партия, мийнет ветераны, Уллы Ўатандарлық урыс қатнасыўшысы, ҚҚАССР га мийнети сиңген қурылысшы.

ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ ЖАНКҮЙЕР ПЕРЗЕНТИ

Автономиялы республикамыздың жәмийетшилиги халқымыздың патриот перзенти, белгили жазыўшы, журналист, үлкен илимпаз, мәмлекетлик ғайраткер Наўрыз Жапақовтың туўылғанына 75 жыл толыў юбилейин кеңнен белгиледи.

«Жақсының аты өлмейди» дейди халқымыз. Бул ғалетсиз сөз. Келешек әўладларға өзлериниң дөретиўшилик ислери, қаҳарманлық гүрес жолы менен әжайып үлги қалдырған адамларды халқымыз бәрҳама қәстерлейди. Бундай көрнекли адамлар қатарында Аллаяр Досназаровты, Қасым Әўезовты, Сейфуллағабит Мәжитовты, Марат Нурмухамедовты, Аббаз Дабыловты, Пиржан Сейтовты, Оразымбет Халмуратовты, Нәжим Дәўқараевты ҳәм басқаларды атап айтыўға болады. Булардың барлығы да Уллы Октябрь революциясы себепли мәнги азат болған қарақалпақ халқының сүйикли перзентлери.

Совет дәўиринде уллы рус, өзбек ҳәм басқа да туўысқан халықлардың жәрдеми менен социалистлик қурылыс ең жайды. Елимиздиң экономикасы, мәденияты өсти, әдебият, искуствосы раўажланды. Халық хожалығының барлық тараўларында қәнигелер, жәмийетлик некер, жас кадрлар өсип жетисти. Солардың бири халық алдында, партия алдында үлкен мийнети бар, творчестволық таланты, үлкен хызмети менен халыққа танылған Наўрыз Жапақов болды.

Жаслайынан жетим қалып, жоқшылықтың азабын тартқан Наўрыз әзелден-ақ билимге қуштар болды, мектеп интернатта оқып саўат ашты, өз үстинде көп иследи, халық аўызеки әдебиятына қызықсынды, турмысты үйренүўге, билимин арттырыўға талпынды. Өз мийнет жолын баслаўын мектепте мугаллим болып ислеўден баслаған Наўрыз соңын ала газеталар менен журналларда, комсомол шөлкемлеринде жумыс иследи. Өзиниң уқыплылығының, искерлигиниң арқасында ол областлық партия комитетиниң секретары, Қарақалпақстан Автономиялы республикасының ҳүкимет басшысы дәрежесине шекем көтерилди.

Оны аўылдың аўыр турмысы көбирек ойландыратуғын еди. Аўыл мәденията көтериў ушын көплеген илажлар ойлады. Ҳәр бир хожалықта жаңа клублар, мәденият орайлары, емлеўханалар, турмыс хызметин көрсететуғын орынларды салдырыўға кеўил бөлди. Колхозларда, совхозларда бағлар егиў исине итибар берди. Байланыс жумысларын жақсылаў бойынша жоқарғы органларға талаплар қойды. Аўыллық, районлық Советлердиң абырайын көтериў ушын талантлы, билимли, иске уқыплы жергиликли кадрларды тәрбиялаўға мудамы дыққат аўдарды.

Н. Жапақов темир жол қурылысында. 1947-жыл.

Жапақов бунан 20—30 жыл бурын Арал регионында экология апатының қәўпи бар екенин алдын ала сезди. Бас Түркмен каналының Тахиятастан алынўына ғайрат салды. Жоқарғы ҳүкиметлик органларға кескин талаплар қойды. Тахиятас қаласын дәрьяның бержағынан салып Нөкиске жалғастырыўға күш салды. Дәрьяға көпир салыў туўралы Пүткилсоюзлық аўылхожалық кеңесинде шығып сөйлеп, үлкен мәселе етип қойды. Бас Түркмен каналының қурылысы қыздырылып атырғанда түрли себеплер менен тоқтатылды. Суўдан парықсыз пайдаланыўдан, оны қәдирлемеўдиң ҳәм егислик майданларында керегинен әдеўир зыят кеңейтип, пахта егиўдиң ақыбетинде дәрьямыз да, Аралымыз да қурый баслады, елимиздиң басына аўыр жағдай туўды.

Жеке адамға сыйыныў дәўиринде репрессиядан қутылған Наўрыз шығарма жазыўға үлкен қунт пенен киристи. «Мийнет—бахыт», «Бүлбил», «Уатан қосығы», «Сүй», «Гүл» ҳәм басқа да көплеген лирикалық қосықлар жазды.

Наўрыз Жапақовтың «Алма», «Муҳаббат» қосықларына Москвалы композитор Шафранников намалар жазып, бул қосықлар халық аўзында айтылатуғын болды.

Бағ ишинде тур алма,
Дейди оны мазалы,
Қолды созсам алмаға —
Болмайман ба жазалы»

деген қосықты елеге шекем жаслар саз даўысқа салып айтады.

Уллы Уатандарлық урыс жылларында шайыр Наўрыз аға «Буденный жаўға атланды», «Күн нурына урынба», «Гвардия байрағы», «Палўаның келер» усаған қосықларында ҳақ истиң жеңетуғынына, душпанның пыпқырт болатуғынына халықты исендирди, жасларды гүреске руўхландырды, мәртлик гүрести сөўлелендирди. Шайырдың «Уллы рус халқына» қосығы дослық, патриотизм, интернационализм идеясы менен толы.

Әсирлер бойы қуллықта жасаған халықларға азатлық алып бериўде уллы рус халқының ролин шайыр образлы түрде төмендегише сүўретлейди:

Неше әсир қамақты,
Көрмей жарықты,
Мийнеткеш халық бәрҳа бахыт изледи.
Рус халқына ерип,
Күш-қуўат енип,
«Қуллықтың кисенин үземиз деди.
Уллы рус аға,
Сенсең мәрдана,
Гүрестиң жолларын үйреткен бизге,
Сенсең бизиң тирегимиз,
Бизиң соққан жүрегимиз, —
Мың-мың рахмет айтамыз Сизге!

Туўысқан өзбек, түркмен, қырғыз, қазақ, азербайжан халықларына арнап жазған шығармаларынан да шайырдың дослық жүрек сезиминен жалынланып шыққан сөзлери барлық халықты дослық, бирлик пенен, бир семьяның адамындай болып, татыў жасаўға шақырады. Наўрыз ағаның «Дослық дәстаны» үлкен қызығыўшылық туўдырады. Поэмада қарақалпақ, рус ҳәм венгер халықларының дослығы жырланады. Бул шығарма диапазонлы көркемлиги күшли, дослық идеясы менен оқыўшыларды суўсынландыратуғын шығарма.

Наўрыз Жапақовтың шығармаларын оқып отырып, оның дүнья жүзи классиклериниң, Пушкиннин, Лермонтовтың, Некрасовтың, Наўайының, Низамийдиң, М. Горький, Маяковскийдиң шығармаларын көп оқы-

ганын айқын көриўге болады. 1946-жылы баспада басылып оқыўшыларға усынылған «Бахытлы заман» екинши қосықлар топламына енгизилген лирикалық қосықларын оқысақ, Маяковскийдиң «Биз исенбеймиз», Лермонтовтың «Жулдыз» қосықларының тәсиринен күшли екени сезиледи.

Белгили жазыўшы Наўрыздың терең гражданлық пафос пенен партия исине садықлық сезимлери менен толы шығармалары оқыўшыларды ели ҳүжимлы, жоқары адамгершиликли етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе, себеби олардың мазмунында заман руўхы, ишки сезим туйғылары, нәзик ойлаў сезимлери сәўлеленеди.

Әдебият, искусство—улыўма партиялық, улыўма халықлық ис. Наўрыз аға буны жақсы түсинди. Жазыўшылар, искусство ғайраткерлери менен тығыз байланыста болды. Мәденийтымызды раўажландырыўға өз үлесин қосыўға талпынды. Аўылхожалық темалары, аўыл мәденияты ҳаққында шығармалар жазыўды өз алдына тийкарғы мақсет етип қойды. «Суўшы» поэмасын жазды. Бул шығарма Тураб Туланың аўдармасында өзбек тилине аўдарылып, айырым китап болып шықты. Ж. Аймурзаев, Х. Сейтовлар менен бирликте «Жайлаўда», «Гүлленген аўыл», «Наўайы» поэмаларын дөретти. Жазыўшының жанрлық тематикасы кеңейди. Өзбек драматурги Мелкумов менен бирликте «Арал балықшылары» киносценарийин, «Теңиз мәртликти сүйеди» кинофильминиң Қарақалпақстанда биринши пайда болыўына тийкар салды. Бул фильм 1959-жылда Москвада болып өткен Өзбекстан әдебияты ҳәм искусствосының декадасында көрсетилип, жақсы табысқа ерисилди ҳәм сырт ел халықларының талабы бойынша сырт ел кинофильм фирмасына валютаға сатылды. Улкен талант ийеси Наўрыз аға «Қырқ қыз» киносценарийин жазып питкерип, Ташкент киностудиясы менен шәртнама дүзген еди. Не ушын солай қалып қойғаны түсиниксиз.

Наўрыз Курбанбай жыраў, Есемурат жыраў, Қыяс жыраў, Ещан бақсы, Жапақ бақсылар менен тығыз байланыс жасады. Оларды Нөкиске көширип әкелип, творчестволық ислерине жағдайлар туўдырды. Курбанбай жыраўдың «Қырық қыз» дәстанын рус тилине аўдартыў ушын белгили аўдармашы Тарковскийди Нөкиске жазыўшылар союзы арқалы алдырып, халық

ушын үлкен хызмет етти. «Қырық қыз» дәстанын рус тилинде оқыған француз жазыўшысы Луй Арагон жоқары баҳалады. Жазыўшылар союзына тапсырма берип, Бердақ шығармаларын рус тилине аўдартып, оны дүньяға таныты ушын илаж көриўди өтинип етти ҳәм ӨзКП Обкомының қарары тийкарында Бердақ шығармаларын қатарма-қатар аўдартыўға ҳүкимет қаржы берди. Кожуров усаған тәжирийбели аўдармашылар бул жумысқа қунт пенен киристи. Рус тилинде көркем етип аўдартыў ушын Мырза Турсынзаданың, Расул Гамзатовтың аўдармашысы Гребневтың Қарақалпақстанға келиўине күш салып, көп өтинип пенен оны Нөкиске алып келди. Оның келеўине жақсы жағдай дүзилди.

1942-жылы жабылып қалған қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы журналын 1945-жылы қайтадан шығарыўға себепкер болғанын Наўрыз аға екенин баспаларда басылған материаллардан, еске түсириўлерден айқын көриўге болады.

Еле ядымда, 1937-жылы Шымбай педучилище студентлери менен республикадан келген бир группа жазыўшылар ушырасыў өткерди. Олардың арасында Жапақов та бар екен. Ол ушырасыў кешесинен кейин әдебият кружогының ағзаларын жыйнап алып, оғада ықтыятлық пенен гүррең өткерди. Жаңа жазылған қосықларымызды оқып, таллап, додалап кемшиликлерин көрсетип, қосықты қалай жазыў ҳаққында оғада пайдалы пикирлерди айтты. Өзиниң 1930—31-жыллары Кегейли районында мектепте муғаллим болып ислеп жүргенде жазған дәслепки қосықларын соңғы қосықлары менен салыстырып оқып берди. «Көш жүре келе дүзеледи» дегендей, сизлер де келешекте жақсы шығармалар жаза аласыз,—деп бизиң келешегимизге үлкен үмит билдирди. 1939-жылы ол мениң жазған қосығымның «Қызыл Қарақалпақстан» газетасында басылыўына ағалық жәрдемин көрсетти.

Ол халық шайырлары Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетовларға ҳәр тәреплеме жәрдемлер көрсетип отырды. Буны Н. Жапақовтың Аббаз Дабыловтың «Нәмәрт жигит неге дәркәр» деген қосығына арнап жазған, «Совет Қарақалпақстаны» газетасында басылып шыққан ең соңғы мақаласынан да көриўге болады.

Ол совет халықларының мәдений дослық байланысларын күшейтиўге, қарақалпақ совет әдебиятын,

кусствосын раўажландырыўға, творчестволық кадрларды тәрбиялап өсириўге барлық күш-талантын жумсаўшылардың бири болды. Партиялық, мәмлекетлик басшы хызметлерде ислеп жүрип те СССР халықлары әдебиятының байланысын барған сайын беккемлеўге, өз-ара аўдарма ислерин шөлкемлестириўге актив қатнасты.

Н. Жапақов халқымыздың патриот перзенти сыпатында өзинен де гөре басқа жазыўшылардың улыўма халықтың ғәзийнесине айналатуғын шығармалар дөретиўине айырықша кеўил бөлетуғын еди. Ол КПСС Орайлық Комитети жанындағы Жоқары партия мектебинде оқып атырғанда, 1954-жылы СССР Жазыўшыларының II съездине делегат болып қатнасты. Съезд тарқағаннан кейин ол маған:

— Қәне, жолдас председатель, тек съездге қатнасып қайта беремиз бе?—деди.

— Енди не ислеймиз?!

— Енди не ислеймизин болмайды. Бизде журнал жоқ, я Москвада, я Ташкентте қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының декадасы өткерилмейди. Бул ҳақкында ойланатуғын ўақыт болды. Бизиң мәпимизди ойлап атырған коммунистлик партия бар. Не ушын бул ҳаққында тийисли орынларға мәселе қоймаймыз?...

Наўрыз ағаның бул сөзи мени терең ойландырды. Бул ойланыў қарақалпақ совет әдебиятының тәғдири— мени КПСС Орайлық Комитетине алып барды. Нәтийжеде партиямыздың аталық ғамхорлығынан «Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы» журналы, ҳәзирги «Әмиўдәрья» жарық көрди.

1957-жылы Ташкентте өткерилген қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының декадасына таярлық жумысы алдын қолға алынды. Москвалы, Ленинградлы, Ташкентли жазыўшылар, драматурглер, композиторлар ҳәр түрли көркем өнер ийелери Қарақалпақстанға келип, декадага таярлық жумысы бойынша дослық-туўысқанлық жәрдем көрсетти. «Мине,—деди Наўрыз ағa,— партияның басшылығында бизге мәдений, дослық жәрдем усындай себеплер арқалы күшейе береди!» Онда үлкен қуўаныш сезими пайда болды. Творчестволық жәрдемге келген досларымыздың табыслы ислеўине ҳәр тәреплеме жағдайлар туўдырыўға ол көп күш жумсады.

Ол өзине жоқары талапшаң болыў менен бирге, жас жазыўшыларға, халық шайырларына жәрдем өсириўди парызлы иси деп билетуғын еди. Ҳәр бир шығарманың терең идеялы болыўын ҳәр бир жазыўшыдан талап ететуғын еди. Сондай-ақ ол халық ғәзийнесин сақлап қалыўға айрықша итибар беретуғын еди.

Бир күни кабинетине шақырып алып:

— Құрбанбай жыраўды билесең бе?—деди.

— Билемен.

— Билесең ол жыраў сексен жасқа жақынлап тур. Ол жигирмадан аслам халық дәстанларын ядынан биледи екен. Соны жазып алыў ушын қандай илаж көриўимиз керек?—деп пикирлести. Биз жазыўшыларды жыйнап бирнеше мәртебе ойласып-кеңесип, ӨзКП Обкомы менен ҚҚАССР Министрлер Советине өз пикирлеримизди, тийисли илажларымызды усындық. Нәтийжеде мәмлекет тәрепинен жетерли муғдарда қәрежет бөлип шығарылды ҳәм Ө. Хожаниязов, М. Сейтниязов усаған жазыўшылар бирнеше айлап Құрбанбай жыраўдан дәстанлар жазыўға киристи.

Соңғы жыллары әдебий-илимий изертлеў жумысларын даўам етиў менен бирге, ол ҳәзирги турмысымыздан алып жаңа роман жазыў нийетинде жүр еди. Сум әжел оны нийетине жеткермеди. Солай да ол келешек әўладтың әдиўли мулкы болып қалатуғын өшпес әдебий мийрас қалдырды.

Оның қарақалпақ, рус ҳәм өзбек тиллеринде жигирмаға жақын қосықлар топламлары басылып шықты. Кинодраматург Мелкумов менен авторлықта жазған «Теңиз мәртликти сүйеди» фильми пүткил союзлық ҳәм сырт ел тамашагөйлерине мәлим болды. Ол тек өзиниң ғана емес, бизиң жазыўшыларымыздың табыслы ислеўине жағдайлар туўдырды. Нәтийжеде 1956—1957-жыллары «Қарақалпақ поэзиясының антологиясы», 13 топлам рус тилинде басылды. Ленинград, Москва, Ташкент баспаларында бизиң жазыўшыларымыздың бир қанша қосықлар топламы басылды.

Бундай адамның дослары көп болған менен, душпанлары да аз болмайды. Оны ҳәр тәреплеме шуқлап қуўдалаўлар тоқтамады. 1959-жылы ӨзКП Обкомының бюросында «Совет Қарақалпақстаны» газетасының есабы алынды. Бул қарарда Н. Жапақовтың газетада басылған сатиралық материалын қаралап қарар қабыл

етти. Мәмлекетлик-жәмийетлик искер, жазыўшы Н. Жапақов ҳаққындағы бундай қарар барлық партия шөлкеминде, ҳәттеки емлеўханаларда додаланды. Радиодан жийи-жийи берилди. Жүреги мәртликке толы Наўрыз Жапақов мойымады. Бәрине шыдады. Нетиң ақырын күтти. 1959-жылдың басында жумыстан бөгатылса да, руўхын түсирмей, илимий жумыс менен шуғылланыўға киристи.

Наўрыз Жапақовтың өмири, гүрес жоллары ҳәр бир адамға үлги болады десек арзыйды. Соңғы жыллар бойына басшы жумыслардa исленп, турмыстың, талас-тартыстың азабын шеккен жасы үлкен аламның илимге қәдем қойыўы—бул да бир батырлықтың белгиси.

Ол 1954—61-жылларда Өзбекстан ССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының аспиранты болып, 1961-жылы А. Муўсаевтың творчествосы бойынша диссертация жақлап, филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға еристи. 1961—67-жыллары Ташкенттеги А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият илимий институтында исленп жүрип 1967-жылы «Қарақалпақ әдебиятындағы социалистлик реализминиң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» деген темада диссертация жасап, илим докторы болды. Өмириниң ақырына шекем жүзден аслам илимий мийнетлер жазды, 20 дан аслам қосықлар топламы қарақалпақ, өзбек, рус тиллеринде басылып шықты. Үш томлық мийнети жарық көрди. Булардың бәри бир адамның өмири ушын аз мийнет емес.

Өз өмирин, мийнетин, талантын өз халқына жумсаған Н. Жапақов бир неше мәртебе СССР Жоқарғы Советиниң депутаты болып сайланды. Өзбекстанда, Қарақалпақстанда 16 жыл депутатлық хызмет атқарды.

Партия менен ҳүкиметимиз оның халық алдындағы ҳадал ҳәм минсиз хызметин жоқары баҳалап, ол еки рет Ленин ордени, Қызыл Жулдыз ордени, еки рет «Ҳүрмет белгиси» орденлери ҳәм медаллары менен наградланды. Аўылхожалық тараўларындағы хызмети ушын Пүткилсоюзлық халық хожалық жетискенликлери көргизбесиниң алтын медаллары менен наградланды. Талай мәртебе Өзбекстан ССРы ҳәм Қарақалпақстан АССРы Жоқарғы Совети Президиумларының ҳүрмет грамоталары менен наградланды. Өзбекстан ССР

мына ҳәм Қарақалпақстан АССРына мийнети сиңген илим гайраткери ҳүрметли атақларын алыўға миясар болды.

Ол 1975-жылы 61 жаста қайтыс болса да, изинде әжайып мийнетлери, жалынлы өшпес сөзлери, жойылмас көзлери болған уллары менен қызлары қалды, исин даўам еттиретуғын шәкиртлери менен көз көрген дослары қалды.

Өзиниң жоқары адамгершилиги, кишипейиллиги, жүретиниң тазалығы, салмақлылығы, бир сөзлилиги, искерлилиги менен танылған үлкен ойшыл инсан Наўрыз Жапақов бизиң арамызда жасай береди.

Хожабек Сейитов
Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Өзбекстан ССРына мийнети сиңген мәденият хызметкери.

* * *

Байнияз Қайыпназаров
Қарақалпақстан халық шайыры

НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВҚА

Көп күткен таң атты, жақтым деп билдиң,
Жаңа заман келди, бахтым деп билдиң,
Бай қолынан, шопанлықтан қутылып,
Енди өз жолымды таптым деп билдиң.

Бахтыңа көкте күн өз нурын шашты,
Оқы деп интернат есигин ашты,
Оқып хат таныдың зейниң алысын,
Халықтың хызметинде жигериң тасты.

Сөз сөйлесең журт уйыды сөзиңе,
Бағқа кирсең алма түсти көзиңе,
Шын кеўилден жүрегиңди усынып,
Сол алманы жупты еттиң өзиңе.

Сүйген алмаң бүртик жарып гүллерде,
Халық ушын жан қыйнап күни-түнлерде,
Жүрсең де жазғырды қара жүреклер,
Не болмады дейсең өткен күнлерде.

Шырмаўынан қутылдың сол шынжырдың,
Жала жапқанлардың сақтын сындырдың,
Жәмийетлик искер болып жетилдиң,
Уллы илимпазсаң, исти тындырдың.

Жасында жақсының қошшысы болдың,
Жигиттиң жигерли, йошлысы болдың,
Халықтан аянбадың, халық қуўатлап,
Республиканың басшысы болдың.

Ерте кеттиң елге керек ер едиң,
Пайда болса халыққа дер едиң,
Соның ушын белди беккем буўының,
Ийгиликли истиң гамын жер едиң.

Бүгин биз сиз болып сайран етемиз,
Тойға келгенлерди мийман етемиз,
Халқың қәдирлейди еске түсирип,
Туўылған күниңди байрам етемиз.

БЕЛГИЛИ ШАЙЫР, ҮЛКЕН АЛЫМ

Наўрыз Жапақов—қарақалпақ совет әдебиятында белгили өз орны бар, талантлы шайыр. Соның менен бирге, ол қарақалпақ совет әдебиятын изертлеўге де бар күш-жигерин жумсаған санаўлы алымлардың бири еди. Ол әдебиятқа араласқан ўақытлары, жас творчестволық күшлер, әдебият майданын толықтырып Д. Назбергенов, Ж. Хәбийбуллаевлар поэзияға өз ҳаўазлары менен кирген еди.

Қарақалпақ совет поэзиясының тарийхында кең мәлим болған «Алма», «Қара теңиз», «Күн нурына урыңба», «Тарт қолыңды» сыяқлы шығармаларды талантлы шайырдың үлкен табысы деп түсиниў керек:

Гейде шуўлап,
Гейде туўлап,
Гейде нама шерткендей.
Базда ысқырып,
Қатты гүўлеп,
Сырын баян еткендей.
Базда шалқып,

Көбик қалқып,
Жарға тикке урады.
Базда кейин,
Ишин тартып,
Күшин жыйнап турады...
Я айта ма,
Күн батыста,
Гүўлеп оттың жанғанын.
Я айта ма,
Жанған отта,
Миллион адам қалғанын...

Оның творчествосында интернационализм темасы көп ислетилген. Усы темада жазылған лирикалары, поэмалары советлик поэзиямыздың тарийхынан белгили орын алады. Бул теманың раўажланыўында шайырдың аўдармаларының поэтикалық сапасы ҳаққында да унамлы пикир айтыў керек. Ол аўдарған Пушкиниң «Тутқын», Лермонтовтың «Қашқын», Шевченконың «Үәснят» қосықлары ҳаққында усы пикирди айтыўға болар еди. Улыўма алғанда Н. Жапақовтың аўдармалары, түп нусқаны бериўи ҳәм көркемлиги жағынан дыққат аўдарады. Туўысқан халықлардың тиллеринен көп аўдарма жасаған шайырдың творчествосында соңғы жыллары әдебий, мәдений байланыс мәселелерине арналған баҳалы жумыслар белгили орын ийеледи. Әспресе «Девану луғатит түрк», «Қатадғу билик» сондай-ақ, рус ҳәм қарақалпақ, өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятларының байланысларын қарастырыўшы илимий мақалалары усы күнлери де үлкен қызығыўшылық туўдырады. Ҳамзаның қарақалпақ мәденияты менен байланысын ашыўда ол көп жумыс ислеген алым.

Н. Жапақовтың илимий-творчестволық жумысларға араласыўы, дәслепки кандидатлық диссертациясы («А. Муўсаевтың өмири ҳәм творчествосы») өз ўақтында пединститутта, Жазыўшылар Союзында «билгиш» адамлар көбейди, жоқарыдағы басшылардың көрсетпелери менен булар оғада активлик көрсетип, «Буның әдебият илиминде неси бар» дегендей бағытта турды. Жасыратуғыны жоқ, оны жақлаўшыларға қарағанда бийкарлаўшылар көпшиликти қурады. Усы айтыслардың арасында болған мен ушын бул «бийкарлаўшылардың» ҳәрекети түсиникли еди. Олар өз «қәўендерлеридың» тапсырмасын орынлаўды ғана мақсет етти. «Ҳа-

қыйқатлық сынбайды, майысады» дегендей, әдиллик жеңиске еристи. Оның мийнетлери илимий жәмийетшилик арасында унамлы баҳаға ийе болды. Наўрыз ағаның докторлық жумысы жақланғаннан соң да усындай ҳәрекетлер жүз берди. Оның үстинен арза жиберилмеген орын қалмаған шығар...

Н. Жапақовтың А. Муўсаев, С. Мәжийтов, Қ. Әўезов, И. Фазылов ҳаққында изертлеўлерин айырықша атап өтиўге болады. Бул илимий-теориялық жақтан архив материалларын илимий айланысқа салыў жағынан қунлы. С. Мәжийтовты, Қ. Әўезовты жақсы билген алым олардың қарақалпақ мәдениятына қосқан үлкен үлеслерин оғада итибарлық пенен қарастырған. Ол өзиниң изертлеўшилик жумысында ҳақыйқый мийнетшилик белгилерин көрсетип, А. Муўсаевтың творчествосына арналған биринши монографияның авторы болды. Бул изертлеў өзиниң жетискенлик ҳәм бир қатар кемшиликлерине қарамастан усы жыллардағы (60-жыллар) ең белгили мийнет еди. Шайырдың шығармалары белгили еки этап тийкарында талланып, оның шығармаларының көркемлик өзгешелиги ашылды. Ол изертлеўинде бурынғы изертлеўшилердиң иелеген жумыларына әдил баҳа береди. Олардың дурыс тәреплерине қосылған жағдайында келиспеген орынларда илимий айтысқа түседи. Дурыс, Аяпберген Муўсаевтың творчествосы ҳаққында көплеген мақалалар жазылды, изертлеўлер пайда болды. Бирақ, Н. Жапақовтың монографиясы өзиниң илимий-теориялық әҳмийетин жойытпайтуғын мийнет екенлигин мойынлаў әдиллик болады.

Н. Жапақов 1961-жылы илим кандидаты, ал 1967-жылы илим докторы дәрежесин алыў ушын диссертацияларын жақлады. Қарақалпақ фольклоры, революцияға шекемги әдебият ҳәм совет әдебиятының тарийхын өз ишине алатуғын бул үлкен жумыс қарақалпақ тилинде «Социалистлик реализм жолында» (1967), «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси» (1972) деген атлар менен баспадан шықты. Соң еки мийнет те автордың еки томлық шығармаларының жыйнағына кирди. Бул изертлеў тек авторлық ғана емес, ал биздеги әдебияттаныў илиминиң табысы болды. Фольклордағы реалистлик элементлер, революцияға шекемги шайырлардың творчествосындағы көркем методтың көринислери кең планда қарастырылды.

Автор қарақалпақ әдебиятын көбирек тарийхый жағынан қарастырады. Ҳәттеки, революцияға шекемги шайырлардың творчестволарын бөлек-бөлек алады, сөйтип, оларға теориялық мәселелерди сиңдирип бериўди ойлайды. Бул принцип автор ушын қолайлы көрингени менен изертлеўге тутаслық бере алмағанлығын байқаў қыйын емес. Усығаң қарамастан оның ҳәр бир шайырдың творчествосындағы реалистлик көринислерди ашыўға умтылыўлары унамлы. Изертлеўшиниң көзқарасы, материалларға қатнасы ҳәм жуўмақлары әдебият тарийхын жасаўда көп жәрдем беретуғынлығы сөзсиз. Өйткени, буларда улыўма қарақалпақ әдебияты бойынша көп ғана тарийхый ҳәм әдебий материаллар иелетилген. Айырықша атап өтетуғын жери, әсиресе Уллы Октябрь революциясынан бурынғы қарақалпақ әдебиятындағы шайырлардың шығармалары ҳаққындағы пикирлери бир қанша жаңалық сыпатларға ийе.

Наўрыз Жапақов 60-жыллардан баслап илим менен биротала шуғылланыўға өтти. Соңғы жыллары Нәжим Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында фольклор секторын басқарды. Усы жыллары ол халықтың өлшеўсиз бай ғәзийнеси болған фольклорлық шығармалардың 20 томлығын шығарыўды қолға алған алымлардың бири еди. Ҳәзир шығып болыў алдында турған 20 томлық фольклордың үлгилериниң халықтың ийгиликли исине айланыўына Наўрыз Жапақовтың да азаматлық үлеси бар. Оған Өзбекстанға ҳәм ҚҚАССР ға мийнети сиңген илим ғайраткери ҳүрметли атақлары берилди.

1942-жылдан КПСС ағзасы, бир неше мәрте СССР, Өзбекстан ҳәм ҚҚАССР Жоқарғы Советлерине депутат болған Наўрыз Жапақов қарақалпақ мәдениятының үлкен ғайраткерлериниң бири еди.

Сражатдин Ахметов —
Филология илимлериниң докторы, профессор.

«Әмиўдәрья» журналы, № 8 саны, 1989-жыл.

ШАЙЫР, ЖӘМИЙЕТЛИК ИСКЕР, ИЛИМПАЗ

Мәденият тарийхындағы гейпара адамлардың иелеген хызметин бирим-бирим санаўға туўра келеди. Олардың бири—Наўрыз Жапақов.

Н. Жапақов 1975-жылы қайтыс болды. Ол 1914-жылы 23-майда Тахтакөпир районының территориясында гедей-дийханның семьясында туўылған еди. Ал усы аралықта 1930-жылдан баслап Кегейлиде баслаўыш класстың муғаллими, 1931-жылы Ашхабадтағы зооветеринария институтының студенти, 1932-жылы «Жеткиншек» газетасының жуўаплы секретары, 1933-жылдан баслап «Жас Ленинши» газетасының жуўаплы секретары, 1938-жылдан баслап «Совет Қарақалпақстаны» газетасының бөлим баслығы ҳәм жуўаплы секретары болып ислеген. Ал 1942-жылдан баслап 1947-жылға шекем ӨзЛКСМ Қарақалпақстан Обкомының биринши секретары, областлық партия комитетиниң секретары, ал 1947-жылдан 1952-жылға шекем Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң председатели болып иследи. 1952-жылдан 1955-жылға шекем жоқары партия мектебинде тынлаўшы, 1955-жылдан 1956-жылға шекем Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының председатели, 1956-жылдан 1959-жылға шекем Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң председатели болып иследи. 1959-жылдан 1961-жылға шекем Өзбекстан Илимлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының аспиранты. «Аяпберген Муўсаевтың творчествосы» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлап болғаннан кейин, сол институтта докторлық диссертациясын жақлағанға шекем жумыс иследи. 1967-жылдан 1971-жылға шекем Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалында қолжазбалар секторының баслығы, 1971-жылдан өмириниң ақырына шекем сол институтта фольклор секторының баслығы болып жумыс иследи.

1959-жылы Н. Жапақовты ҚҚАССР Министрлер Советиниң председатели ўазыйпасынан босатарда ишти, жеди, жай салды деген айып тағылған еди. Кейин анықлаўларға қарағанда, оның ишкени де, жегени де жоқ екен, жай салыўды кейинги жигирма жылдан аслам-



Н. Жапақов темир жол қурылысшыларының қасында. Шымбай районы қурылысшыларының арасында.

рақ тубалап қалыўшылық дәўиринде көрдик. Буны айтып отырыў артықша. Енди усы ҳәдийселерди жигирма жылға шамалас Н. Жапақовтың Қарақалпақстан ҳүкимети басында турған дәўири менен салыстырып қараң, сонда оның қарақалпақ халқы ушын ислеген хызмети айқын көринип турады.

Қарақалпақ халқының экономикасы ҳәм мәденията раўажландырыў ушын көп күш жумсады. Чарджоў—Қоңырат темир жолының қурылысында бастан аяғына жүрди, республикамыздың экологиясын дурыс сақлаўға үлкен әҳмийет берди. Соның ушын оны еки мәртебе СССР Жоқарғы Советине депутат, бир мәртебе Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советине депутат етип сайлады. Соның менен бирге, Өзбекстан Компартиясы XIII съездиниң делегаты болды. Усындай ислеген хызметлери ушын Н. Жапақовты 1944-жылы ҳүкиметимиз бенен партиямыз «Ҳүрмет белгиси» ордени менен, 1947-жылы «Қызыл жулдыз» ордени менен, 1949-жылы Ленин ордени менен, 1957-жылы екиниши мәртебе Ленин ордени менен наградлады. Егер усы ўақыялар тубалап қалыўшылық дәўиринің ўақыялары менен салыстырылса, берилген орденлердиң, медальлардың

жүдә дурыс екенлигин көриўге болады. Ол аўылхожалығын раўажландырыўға актив қатнасқаны ушын 1958-жылы ВДНХ ның «Үлкен алтын» медалы менен наградланды.

Мәмлекетлик жумыслардың көп болыўына қарамастан Н. Жапақов көп ўақтын китапханада өткерди. Соның нәтийжесинде 1961-жылы кандидатлық диссертациясын табыслы жақлады. Ал 1967-жылы «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмнің негизлери ҳәм қәлиплесиўи» деген темада докторлық диссертациясын қорғады. Олар үлкен-үлкен китап болып басылып шықты. Соның нәтийжесинде 1973-жылы «Қарақалпақстан АССР ына миййети сиңген илим ғайраткери», ал 1974-жылы «Өзбекстан ССР ына миййети сиңген илим ғайраткери» деген атақлар бериледи. Булардың бәри ҳалал миййеттиң нәтийжеси. Сол дәўирде өзиниң бир жумысында «қарақалпақ әдебиятының негизи фольклор менен тамырласып кеткен» деген пикири бар еди. Ол елеге шекем өзиниң әҳмийетли жойытқан жоқ. жойытпайтуғын.

Н. Жапақов шайыр еди. Оның «Күн» қосықлар топламы 1940-жылы баспадан шыққан. Соннан бери бул қосық көпшилик адамлардың ядында сақланады, хрестоматиялық шығармалардың бирине айланған. Усылар менен бир қатарда «Бахытлы заман» (1946), «Халық ҳаққында» (1948), «Шайыр сөзи» (1949), «Бахыт» (1954), «Ўлалы рус халқына» (1951), «Бәҳәр» (1955), «Дослық ҳаққында қосық» (1956), «Суўшы» (1958), «Дослық дәстаны» (1960) қосық ҳәм поэмаларды баспадан шығарды. Соның менен бирге, «Теңиз ер жүректи сүйеди», «Арал балықшылары» сыяқлы киносценарийларды баспада жәриялады ҳәм киноға алды. Сондай-ақ Набайы, Пушкин, Лермонтов, Шевченко, Ҳамза, Муқимий шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдарды. Халық арасынан ертеклерди жыйнаў, «Қоблан» дәстанын жазып алып, оны қайта ислеп, баспадан шығарыў ислери менен шуғылланады. Ал өмириниң соңғы жылында ҳәзирги баспадан шығып атырған «Қарақалпақ фольклорының» XX томлығын шығарыў ушын Областьлық партия комитетинен ҳәм республика Министрлер Советинен қаржы бөлип шығартып ҳәм шығарыўға рухсат алды. Ол барлығы болып 61 жыл өмир сүрди. Сол аралықта бир жағынан жәмийетлик искер, бир жағынан творчество хызметкери, бир жағынан жүдә жақсы илимпаз сыпатында халқымыз арасына кеңнен танылды.

Бул адамның жазығы не? Я шығармалары жөнинде бир аўыз пикир билдирилмейди, усы ўақытқа шекем юбилейлери өткерилмеди, соңша жумысты атқарған адамға я бир мектептиң, я бир совхоздың аты қойылмады. Бийыл ғана оның 75 жыллығын жәмийетшилик белгилейин деп атыр. Бул жақсы ис. Өйткени оның өмири ҳәм творчествосы жөниндеги барлық материалларды жыйнастырып, атына мектеп, совхозлар қойылған адамлардың иси менен салыстырып қарасаң Н. Жапақовтың салмағы басым келеди. Ол қарақалпақ халқының арыслаңы еди.

Қалымбет Султанов

Филология илимлериниң кандидаты, доцент.

«Жас Ленинши» газетасы, 31-октябрь 1989-жыл.

ҲҮРМЕТЛИ ЖАН ОТАҒАСЫМ

(Н. Жапақов пенен хошласқанда)

Жасыңда қулады тиреў,
Ата-анаң алдында тиреў,
Жетимликти көрсе биреў,
Сен де сондай көрип өттиң

Дыркыратай жер асыңнан,
Тебилды соң дос қасыңнан,
Интернат сыйпап басыңнан,
Ығбал жолын жүрип өттиң.

Көгейли ҳәм Шымбай, Тахта,
Атың шықты Төрткүл жақта,
Ким болса Қарақалпақта,
Сен де сондай болып өттиң.

Қаршадайдан түстиң көзге,
Ғре шапты саған өзге,

жүдә дурыс екенлигин көриўге болады. Ол аўылхожалығын раўажландырыўға актив қатнасқаны ушын 1958-жылы ВДНХ ның «Үлкен алтын» медалы менен наградланды.

Мәмлекетлик жумыслардың көп болыўына қарамастан Н. Жанақов көп ўақтын китапханада өткерди. Соның нәтийжесинде 1961-жылы кандидатлық диссертациясын табыслы жақлады. Ал 1967-жылы «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң негизлери ҳәм қәлиплесиўи» деген темада докторлық диссертациясын қорғады. Олар үлкен-үлкен китап болып басылып шықты. Соның нәтийжесинде 1973-жылы «Қарақалпақстан АССР ына мийнети сиңген илим ғайраткери», ал 1974-жылы «Өзбекстан ССР ына мийнети сиңген илим ғайраткери» деген атақлар бериледи. Булардың бәри ҳадал мийнеттиң нәтийжеси. Сол дәўирде өзиниң бир жумысында «қарақалпақ әдебиятының негизи фольклор менен тамырласып кеткен» деген пикири бар еди. Ол елеге шекем өзиниң әҳмийетин жойытқан жоқ, жойытпайдыда.

Н. Жанақов шайыр еди. Оның «Күн» қосықлар топламы 1940-жылы баспадан шығады. Соннан бери бул қосық көпшилик адамлардың ядында сақланады, хрестоматиялық шығармалардың бирине айланған. Усылар менен бир қатарда «Бахытлы заман» (1946), «Халық батыры» (1948), «Шайыр сөзи» (1949), «Бахыт» (1954), «Уллы рус халқына» (1954), «Бәҳәр» (1955), «Дослық ҳаққында қосық» (1956), «Суўшы» (1958), «Дослық дәстаны» (1960) қосық ҳәм поэмаларды баспадан шығарды. Соның менен бирге, «Теңиз ер жүректи сүйеди», «Арал балықшылары» сыяқлы киносценарийларды баспада жәриялады ҳәм киноға алды. Сондай-ақ Наўайы, Пушкин, Лермонтов, Шевченко, Ҳамза, Муқимий шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдарды. Халық арасынан ертеклерди жыйнаў, «Қоблан» дәстанын жазып алып, оны қайта ислеп, баспадан шығарыў ислери менен шуғылланады. Ал өмириниң соңғы жылында ҳәзирги баспадан шығып атырған «Қарақалпақ фольклорының» XX томлығын шығарыў ушын Областлық партия комитетинен ҳәм республика Министрлер Советинен қаржы бөлип шығартып ҳәм шығарыўға рухсат алды. Ол барлығы болып 61 жыл өмир сүрди. Сол аралықта бир жағынан жәмийетлик искер, бир жағынан творчество хызметкери, бир жағынан жүдә жақсы илимпаз сыпатында халқымыз арасына кеннен танылды.

Бул адамның жазығы не? Я шығармалары жөнинде бир аўыз пикир билдирилмейди, усы ўақытқа шекем юбилейлери өткерилмеди, соннан жумысты атқарған адамға я бир мектептиң, я бир совхоздың аты қойылмады. Бийыл ғана оның 75 жыллығын жәмийетшилик белгилейин деп атыр. Бул жақсы ис. Өйткени оның өмири ҳәм творчествосы жөниндеги барлық материалларды жыйнастырып, атына мектеп, совхозлар қойылған адамлардың иси менен салыстырып қарасаң Н. Жанақовтың салмағы басым келеди. Ол қарақалпақ халқының арыслаңы еди.

Қалымбет Султанов

филология илимлериниң кандидаты, доцент.

«Жас Ленинши» газетасы, 31-октябрь 1989-жыл.

ҲҮРМЕТЛИ ЖАН ОТАҒАСЫМ

(Н. Жанақов пенен хошласқанда)

Жасыңда қулады тиреў,
Ата-анаң алдында гиреў,
Жетимликти көрсе биреў,
Сен де сондай көрип өттиң

Қыырмастай жер асыңнан,
Табылды соң дос қасыңнан,
Интернат сыйпап басыңнан,
Ырғал жолын жүрип өттиң.

Көгейли ҳәм Шымбай, Тахта,
Атың шықты Төрткүл жақта,
Ким болса Қарақалпақта,
Сен де сондай болып өттиң.

Қаршадайдан түстиң көзге,
Ғре шапты саған өзге,

Жан ендирип қосық—сөзге,
Маржанларын терип өттиң.

Әдебият ортақ асым,
Тәрезиде тасы басым,
Ҳүрметли жан отағасым,
Әңгимеге уйып өттиң.

Дәстан әўелден дос еди,
Өзиң баслаған қос еди,
Сақаның иши бос еди,
Сен қорғасын қуйып өттиң.

Бурынғыдан қалған нусқа,
Жүзи жайнап шықты тысқа,
Бири узын, бири қысқа,
Инилериңди жыйып өттиң.

Жүрген жериң той—жыйындур,
Жас үлкен болмақ қыйындур,
Билмегенге бир тыйындур,
Сен сойерин туйып өттиң.

Қозғап кеўилдиң жарасын,
Айтайын аға, ырасын,
Сақлап шашыңның қарасын,
Көп жасларды қыйып өттиң.

Мәнзилиңе жеткениң жоқ,
Көп ислерди еткениң жоқ,
Сен қартайып кеткениң жоқ,
Ойға батып уйып өттиң.

Гейжемурат Есемуратов.

Шайыр, филология илимлериниң кандидаты.

Н. ЖАПАҚОВТЫҢ ТВОРЧЕСТВОСЫНА ПИКИРЛЕР

Н. Жапақовтың бул диссертациясы («А. Муўсаевтың творчествосы») усы ўақытқа шекем аз изертленил-

ген қарақалпақ халқының руўхый мәдениятының тарийхына ылайықлы үлес болып, соның менен бирге Орта Азия халықларының тарийхын ҳәм этнографиясын изертлеў ушын үлкен илимий әҳмийетли екенин көрсетеди. Бунда талантлы қарақалпақ шайырының тек ғана творчестволық жолы изертленбестен, соның менен бирге жаңа совет адамының қәлиплесиў жолы, Қарақалпақстанның совет властының биринши жылларындағы конкрет тарийхый шынлық жағдайы ҳәм барлық қарақалпақ турмысындағы уллы социалистлик қайта өзгерислер изертленеди.

С. П. Толстов.
СССР Илимлер Академиясының хабаршы—ағзасы, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының ҳүрметли академиги.

Т. А. Жданко.
Тарийх илимлериниң докторы, Қарақалпақстан АССР ына мийнети сиңген илим ғайраткери.

* * *

Н. Жапақов шайырдың творчестволық жолын ең жоқары методологиялық, илимий бағдарда эрудициялық менен изертлейди ҳәм өзиниң А. Муўсаев ҳаққында толық тамамланған монографиялық диссертациясын усынады.

Н. Баскаков.
Филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан АССР ына мийнети сиңген илим ғайраткери.

* * *

Диссертацияның биринши бабы А. Муўсаевтың Октябрь революциясына шекемги дөреткен шығармаларын анализ етиўге арналған. А. Муўсаев творчествосының советлик дәўири екинши бапта тыянақлы көрип шығылады. Шайыр өз халқын терең билген, оның арзыў-әрманлары менен тилеклериниң жыршысы болды,

ол шын мәнисинде халық шайыры екенин Н. Жапақов үлкен фактлық материалларда көрсетеди.

В. Решетов.
профессор.

* * *

Халық шайыры А. Муўсаевтың творчествосын ҳәртәреплеме сәўлелендириў ҳәм үйрениў қарақалпақ әдебияты тарийхшыларының алдында турған бирден бир актуаль проблемалардан болып есапланады. Усыған байланыслы жолдас Н. Жапақовтың диссертациялық жумысында А. Муўсаевтың творчестволық жолын терең ашылады, бизиң көз қарасымызша жүда үлкен илимий қызығыўшылық туўдырады.

М. Габдуллин,
РСФСР педагогикалық илимлер академиясының академиги, филология илимлериниң доктору, профессор.

* * *

Аяпберген Муўсаев ҳақыйқый халық шайыры Наўрыз Жапақов шайыр творчествосын, өмирин, оның шығармаларының мазмунын, стилин толық ҳәм ҳәр тәреплеме изертлеген. Жапақов шайыр жасаған ҳәм дөретken дәўирдиң пүткил сиясий ҳәм жәмийетлик жағдайын жақсы түсинген ҳәм жақсы үйренген.

Айбек,
Өзбекстан Илимлер Академиясының академиги, жазыўшы.

Н. Жапақовтың «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» диссертациясы совет әдебиятында ең актуаль мәселелердиң бирине арналған. Автордың хызмети сонда ибарат, ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бул мәселени биринши рет қозғады.

Автор қарақалпақ әдебиятындағы көп санлы шығармаларды үйренген ҳәм жумыста бир қатар баҳалы пикирлер ҳәм баҳалаўлар келтиреди.

Автор жазыўшылардан С. Мәжитовтың, Қ. Әўезовтың ҳәм т. б. әдебиятта атын қайта тиклеў ушын көп күш жумсаған, булар жеке адамға сыйыныў дәўиринде тийкарсыз репрессияға ушыраған еди. Бул жумыста усы жазыўшылардың творчествосы терең ашылады.

Қарақалпақ әдебиятының 20—30-жыллардағы раўажланыўында фольклордың роли ҳаққындағы бетлер де исенимли жазылған: диссертант рус—қарақалпақ әдебий байланыслары ҳаққында жаңа фактлер келтиреди, қарақалпақ әдебиятының Орта Азия әдебиятларының бир-бири менен байланыслылығына арнап жазылған бетлери де жаңа материаллар келтириўи менен қызықлы».

М. К. Нурмухамедов,
Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының академиги, филология илимлериниң доктору.

* * *

«Социалистлик реализм мәселелери бизиң әдебияттаныў илимимиздиң актуаль проблемалары болды ҳәм болады. Жолдас Жапақовтың «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» диссертациясы қарақалпақ әдебияттаныў илиминде усы проблемаға арналған биринши жумыс. Жумыстың ең бир характерли белгиси—тарийхыйлық. Ол әдебият пенен дәўирдиң бир-бирине жуўап бериўин белгилеўде, оны пайда еткен үлкен тарийхый этапларды сәўлелендириўде, әҳмийетли тарийхый—әдебий проблемаларда, үлкен жазыўшылардың шайырлардың творчествосында көринеди.

Усылай етип, теория ҳәм тарийх бирликте көрсетиледи, олар бир-бирин байланыслы байытады».

В. Ю. Захидов.
Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының академиги, философия илимлериниң доктору, профессор.

* * *

Н. Жапақовтың «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» қарақалпақ әдебиятының үш жүз жыллық тарийхын (XVIII—XX) көп тер төгип терек үйрениўлиги, көп санлы ҳәр қыйлы тарийхый-әдебий фактлардың тийкарында жазылған. Автор миллий әдебияттың раўажланыўындағы жаңалы ҳәм қыйын процесслерин белгилейди, бул процесске марксистлик таллаў жасайды.

Н. Жапақов марксизм-ленинизм классиклериниң мийнетлерин, советлик илимпаз әдебиятшылардың социалистлик реализм ҳаққындағы мийнетлерин терең үйренген ҳәм оны өзиниң диссертациясында кең пайдаланады.

Диссертант тағы да тарийхшылар П. Иванов, И. Беляев, С. Толстов ҳәм т. б. мийнетлерине де уқыплы сүйенеди».

К. Ж. Жумалиев,
Қазақстан ССР Илимлер Академиясының академиги, филология илимлериниң докторы, профессор.

* * *

Жолдас Жапақов А. Муўсаевтың белгили рус илимпазлары А. А. Соколов пенен, Н. А. Баскаков пенен ҳәм өзбек-совет әдебиятының тийкарын салыўшы Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязий менен творчестволық қатнасықта болғаны ҳаққында тарийхый, фактлар келтиреди, қарақалпақ халқының рус халқы менен ҳәм басқа да Советлер Союзындағы туўысқан халықлар менен дослығын көрсетеди.

В. А. Абдуллаев,
Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы, филология илимлериниң докторы, профессор.

* * *

Бизлер Н. Жапақовтың «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи»

жумысын үлкен қызығыўшылық пенен оқыдық. Бул темаға арналған усы күнге шекем бундай үлкен көлемдеги жумыс болмады. Бул жумыс қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң пайда болыўы, раўажланыўы ҳәм қәлиплесиўи туўралы бизиң әдебияттаныў илимимизге қосылған үлкен табыс болады.

Әдебиятшы Н. Жапақов, бул жаңа илимий теманы ислеп шығыўда үлкен илимий-изертлеў жумысларын алып барды ҳәм бизиң әдебиятымыздың барлық жанрларын терең илимий анализледи.

Жумыста теориялық идея менен көркемликтиң бирлиги ҳәм т. б. усыған усаған мәселелер исенимли қаралады. Ҳәр бир әдебияттың раўажланыўы турмыс пенен, тарийхый жағдай менен, аўыз-еки халық творчествосы менен ҳәм туўысқан халықлар әдебияты менен тығыз байланыслы.

Автор социалистлик реализм методы тийкарында қарақалпақ әдебиятының туўылыўы ҳәм қәлиплесиўи менен байланыслы басқышларды исенимли көрсетеди».

А. Дабылов
Т. Жумамуратов
С. Нурымбетов
Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайырлары.

* * *

А. Муўсаев жаңа турмыстың жыршысы болды. Қарақалпақ совет әдебиятында шайыр биринши болып Октябрь революциясының жеңиси, партияның Ленинлик миллет сиясатын жырлады. Н. Жапақов А. Муўсаевтың ең жақсы «Ленин» шығармасын жүдә нәзик ҳәм уқыплы анализлейди. Сондай-ақ шайырдың класслық гүреске, социалистлик қурылысқа, коллективлестириўге арналған ҳәм т. б. қосықларына жеткиликли дәрежеде кеўил бөледи.

К. Убайдуллаев,

филология илимлериниң кандидаты, доцент.

Наўрыздың лирикасы идея жағынан күшли болыў менен қатар, көркемлик формасы жағынан да жоқары дәрежеде екенлигин көрсетеди.

Наўрыздың творчествосында Ўатанды сүйиўшилик, халықлар арасындағы достықты, бирликти сүйиўшилик, адамды сүйиўшилик оғада күшли.

Наўрыздың түсиниги бойынша дүньяда адамнан қәдирли, баҳалы ҳеш нәрсе жоқ.

Н. Дәўқараев
Филология илимлериниң доктору.

* * *

Бул жерде Кавказда жазылған бир қосық жөнинде айтып кетиў орынлы. Н. Жапақовтың «Қара теңизи» (1940-жыл, Гагры»—сулыў лирикалық қосық.

Қосықтың композициялық қурылысы, ритми, сүўретлеў усыллары шайырдың қосықты Пушкиниң «Қыстықы кеш», «Теңизге» деген шығармаларының тәсири астында жазғанлығын билдиреди. Шайырдың теңиз жағасында тургандағы теңиз жөнindeги ойлары, оның бурқасынлаған толқынының сырлы тилин түсиниўге умтылыўы шайырға теңиздиң өмири ҳаққында, Батыстағы езилгенлер ҳаққында айтқандай болыўы, шайырдың ерикли стихия менен пикирлесиўи шайырды Пушкиниң «Теңизге» шығармасы менен тығыз байланыстырады... Уллы рус жазыўшысы теңиз стихиясында еркинликтиң символын көрди. Н. Жапақов бурқасынлаған теңизде адамзат өмириниң сәўлесин көреди.

Марат Нурмухамедов
ӨзССР Илимлер Академиясының академиги.

Қарақалпақ совет әдебиятының тарийхын изертлеўшилердиң мийнетлеринде тап соңғы ўақытларға шекем әдебиятымыздың дәслепки дәўири, дурысын айтсақ, өзиниң толық түринде көрине алған жоқ. Бир жағынан

айырым әдебият ўәкиллериниң творчествосының ўзилиске түсип келгенлиги, сондай-ақ қарақалпақ совет әдебиятының туўылыў дәўиринде азлы-көпли орны бар жаңыўшы, шайырлардың творчествосының изертлеў объектиси болмай келгенлиги буның тийкарғы себеплериниң бири еди. Автордың (Н. Жапақовтың «Социалистлик реализм жолында» китабы ҳаққында айтып отыр) сөз етип отырған мийнетинде усы олқылықтың орнын толтырыўда әдеўир мийнет сарып еткенлигин атап өтиў мақул болар еди.

Сражатдийин Ахметов,
Филология илимлериниң доктору, профессор.

* * *

Ҳәзирге шекем қарақалпақ совет әдебиятында социалистлик реализм методының туўылыўындағы жағдайлар мәселеси ҳәм пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳаққында бирде айрықша ис жаратылмаған еди. Әне, усы баҳалы ҳәм актуаль теориялық проблеманы филология илимлериниң кандидаты Наўрыз Жапақов өзиниң «Социалистлик реализм жолында» деген монографиялық шығармасында биринширлерден болып көтерип шықты.

С. Мирвалиев,
Филология илимлериниң доктору, профессор.

* * *

Фактлық материаллардың байлығы ҳәм оның системаластырылыўы, шайыр творчествосының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў процессиниң изертлениўи ҳәм изертлеўшиниң соған ылайық жуўмақлары, А. Муўсаевтың көркемлик манерасының ҳәрқыйлылығын табыўдағы бир қанша жеңислери ҳәм басқа да унамлы тәреплери Жапақов мийнетиниң, изертленген жумыстың баҳалылығын көрсетеди.

Н. Маллаев,
проофессор.

Бизиң әдебиятшы илимпазларымыз А. Муўсаевты қашаннан қарақалпақ совет әдебиятының көрнекли ўәкили есаплады.

Бирақ усы күнге шекем газета-журнал мақалаларынан басқа оның творчествосын арнаўлы изертлеў болмады. Усы көз қарастан Н. Жапақовтың таңлап алған темасын изертлеўи жақсы ҳәм актуаль болды. Автор А. Муўсаевтың бурын жыйналған ҳәм баспадан шыққан материаллары менен шекленбеди, ол өзи де көп ўақытлар даўамында 70 тен аслам шығармасын жыйнады, бул шығармалар усыған шекем белгисиз еди. Барлық усы материаллар автор тәрепинен қайта исленди, үйренилди ҳәм системаластырылды. Усы материаллардың тийкарында 1960-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик баспасынан А. Муўсаевтың шығармалар жыйнағы басылып шықты. Бул басылыў бурынғы басылыўлары менен салыстырғанда бир қанша толық, ҳәм түп нусқаға жақын болды.

Ж. Урумбаев,

Педагогика илимлериниң докторы.

* * *

Көрнекли шайырымыз А. Муўсаев туўралы бурынлары тек мақалалар жазылыў менен бир қатарда, оның қосықлар топламы басылып шығарылып жүрди. Ал, Аяпберген творчествосын илимий жақтан терең ҳәм ҳәр тәреплеме изертленген илимий мийнет жоқ еди, мине Н. Жапақовтың Аяпберген творчествосы туўралы бул мийнети илимий жақтан ҳәр тәреплеме дурыс анализ етилген, әдебий илимий тийкары жағынан оригинал мийнет болатуғыны сөзсиз. Бул диссертанттың көп жыллық илимий изертлеў жумысларының нәтийжеси».

Исмайыл Курбанбаев.

Жазыўшы, филология илимлериниң кандидаты.

Қарақалпақ әдебий критикасы менен әдебият таныў илиминиң дөреў дәўири жигирмаланшы жыллардың ақыры менен отызыншы жыллардың басына туўра келеди. Ал ол жанрдың баслаўшылары А. Бегимов, Х. Ахметов, А. Матьякубов, М. Дәрибаев, Н. Жапақов усаған жазыўшы, шайырлардың өзлери болды.

Исмайыл Сағийтов.

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының хабаршы—ағзасы, филология илимлериниң докторы, профессор.

* * *

Алпысыншы жыллардан баслап Н. Жапақов илимий творчестволық жумыслар менен шуғылланыўын өзиниң барлық күш-жигерин илимге бағдарлады. Ол қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкиллери Аяпберген Муўсаев, Қасым Әўезов, Сейфулғабит Мәжийтов, Әбдиқадир Бекимбет улы ҳәм басқалардың шығармаларын халық аўзынан, архив материалларынан жыйнап бул шайырлардың топламларын баспаға таярлаўда, олардың өмири ҳәм творчествосы ҳаққында илимий мийнетлер дөретиўде айрықша көзге түсти.

Артық Каримов.

Филология илимлериниң канашаты.

Қарақалпақ фольклорының көп томлығының дүзилиўине Н. Жапақов үлкен үлес қосты. Ол жас ўақтынан баслап ақ халық аўыз әдебияты творчествосының шығармаларын жыйнаўға қызықты. Белгили қарақалпақ халық жыраўы Есемурат Нурабуллаевтан «Қоблан» дәстанын жазып алды.

Қалбай Мәмбетназаров,

Филология илимлериниң кандидаты.

* * *

Социалистлик реализмниң қарақалпақ совет әдебиятында пайда болыў, раўажланыў, қәлиплесиў дәўирлеринде кең көлемде биринши ариаўлы изертлеген Н. Жапақов болды.

Айымқул Пириязаров.
Филология илимлериниң кандидаты.

* * *

...Декада күнлери Москва кино-театрларында көрсетилген қарақалпақ халқының тунгиш кинофильми «Арал балықшылары» болды.

Әдебият пенен искусство қайсы халықтың өмиринен дөретилген болса, ол жәмийетшилигимизге сол халықтың үрип-әдетин, тәбийғый байлығын, адамларының өзине тән психологиялық характер өзгешеликлерин реаль түрде ашып бериўге тийисли. Мине, усы талапларға толық жуўап беретуғын шығарманың қатарына «Арал балықшылары» кино-картинасын қосыўға болады.

Е. Жангазин.
Отставкадағы майор, СССР электростанция қурылысы министрлигиниң инспекторы.

* * *

Дослық—бул ҳәр бир адамның жүрек сөзине айланды. Ҳәмме оның қәдир қымбатын түсине баслады, себеби ол бизиң бүгинги шыққан бийиклигимиз ҳәм айдын келешегимиз. Н. Жапақовтың «Дослық дәстаны» поэмасы мине усы ҳаққында сөз етеди. Қарақалпақстанда совет властын беккемлеўдеги отлы гүреслерде туўылған рус, венгер, қарақалпақ халықларының арасындағы дослық қатнасықлар Михаил, Пирман, Янош образлары арқалы сүўретленген».

Турдыбай Мәмбетниязов.
Беруний атындағы Өзбекстан ССР Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Қарақалпақстан АССР ына миийнети сиңген мәденият хызметкери, филология илимлериниң кандидаты.

* * *

Әдебиятшы Н. Жапақов «Социалистлик реализм жолында» деген китабында тийкарынан социалистлик реализмниң әдебиятымызда пайда болыў жолларын әдеўир дурыс көрсетеди. Ол социалистлик реализмниң қарақалпақ совет әдебиятында қәлиплесиўин қарақалпақ совет әдебиятының пайда болыўы, әдебиятымызда партиялық принциптиң қәлиплесиўи, идея менен көркемликтиң бирлиги, халық творчествосы менен совет әдебиятының байланысы, көп жанрлық ҳәм унамлы қаҳарман образын дөретиў мәселелери арқалы көрсетеди.

Қонысбай Камалов,
Филология илимлериниң кандидаты, доцент.

* * *

ХАТЛАР, ҚУТЛЫҚЛАУ ТЕЛЕГРАММАЛАРЫ[1]

СССР Илимлер Академиясының А. М. Горький атындағы дүньяжүзилик әдебият институтының директиясы ҳәм жәмийетлик шөлкеми совет Қарақалпақстанының белгили фольклористи ҳәм әдебиятшы илимпазы болған Сизди туўылған күниниздиң 60 жыллығына байланыслы әдебий, илимий ҳәм жәмийетлик хызметиниздиң 40 жыллығы менен шын жүректен қутлықлайды.

Ең беккем ден саўлық, бахыт ҳәм үлкен творчестволық табыслар тилеймиз.

Б. А. Сучков, А. Л. Дымшиц, В. Р. Щербина, Т. И. Ломидзе, А. М. Ушаков, В. М. Гацак, А. А. Петросян, Л. М. Юрьева, Н. И. Никулин, В. Н. Ли.

Қәдирли Наўрыз Жапақович!

Өзбекстан Компартиясының Қарақалпақстан обкомы, Жоқарғы Советиниң Президиумы ҳәм Қарақалпақ-

[1] Н. Жапақовтың атына келген көп сандағы хатлар менен қутлықлаў телеграммаларынан гейпаралары ғана китапқа киргизилди.

стан АССР Министрлер Совети Сизди туўылған күниниздиң 60 жыллығы ҳәм әдебий, илимий ҳәм жәмийетлик хызметиниздиң 40 жыллығы менен шын жүректен қутлықлайды.

Қарақалпақстанда Социалистлик қурылыстың ветеранларының бири, сиз онлаған жыллар партия, совет ҳәм комсомол шөлкемлеринде жемисли мийнет еттиниз ҳәм автономиялы республиканың мәденийатының ҳәм экономикасының раўажланыўына көп күшиңизди қостыңыз.



Н. Жапақов темир жол қурыўшылары арасында.

Сизиң поэтикалық шығармаларыңыз мийнеткешлерди коммунистлик тәрбиялаўда үлкен роль ойнайды. Көрнекли илимпаз—әдебиятшы сыпатында сизиң изертлеўшилик қызығыўшылығыңыз кең ҳәм ҳәр тәреплеме жоқары турады. Қәнигели жас кадрлар таярлаўда да Сизиң үлесиңиз бар. Сиз өзиниздиң барлық таланты-ңызды, жүрегиниздиң барлық қызығының өзиниздиң сүйикли исиңизге жумсадыңыз.

Уатан алдындағы Сизиң хызметиңиз наградалар ҳәм ҳүрметли атақлар менен белгиленди.

Қәдирли Наўрыз Жапақович, Сизиң социалистлик Уатанның ийгилиги ушын ҳақ ниятли исиңизде Сизге

көп жыллық жақсы ден саўлық, жаңа творчестволық табыслар тилеймиз.

Өзбекстан КП
Қарақалпақстан обкомы.
Қарақалпақстан АССР
Жоқарғы Советиниң Президиумы.
Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети.
25-август, 1974-жыл.

* * *

Қәдирли достым Наўрыз Жапақович!

Жазыўшылар Союзының басқармасы, Сизиң көп санлы досларыңыз, Өзбекстанның әдебиятшылары Сизди туўылған күниниздиң 60 жыллығы менен ҳәм қырық жыллық жемисли творчестволық мийнетиңиз бенен шын жүректен қызғынлы қутлықлайды.

Наўрыз ака, бизлер Сизди қарақалпақ совет поэзиясының раўажланыўына белгили үлес қосқан үлкен шайыр, кинодраматург ҳәм Қарақалпақ аўызеки поэтикалық творчествосының билгири сыпатында ҳәм илимпаз, ҳәм жәмийетлик ғайраткер сыпатында билемиз.

Қарақалпақ совет әдебиятының ҳәм мәденийатының раўажланыўындағы Сизиң хызметиңиз, Сизиң жемисли жәмийетлик хызметиңиз көп санлы ҳүкиметлик наградалар менен белгиленди.

Бизиң қәдирли достымыз, Сизге беккем ден саўлық, көп суўлы ҳәм жемисли Әмиўдәрьядай творчество, үлкен бахыт тилеймиз.

Камиль Яшен
Өзбекстан Жазыўшылар Союзы басқармасының председатели.

* * *

Наўрыз Жапақович!

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институты коллективи Сизди, алым ҳәм шайырды, даңқлы юбилейиңиз—туўылған күниңизге 60, илимий творчестволық ҳәм жәмийетлик хызметиңизге 40 жыл толыўы мүнәсибети менен қутлықлайды.

Наўрыз Жапақович, жай аўыл мугалиминен филология илимлериниң докторы, Өзбекстан ССР ында хызмет көрсеткен илим ғайраткерине шекемги болғаи жолды басып өттиңиз. Сизиң қосық ҳәм лирикаларыңыз елимизге таралды. «Аяпберген Муўсаевтың творчествосы», «Социалистлик реализм жолында», «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселелери» киби монография ҳәм критикалық мақалаларыңыз әдебияттаныў илими тарийхында белгили әҳмийетке ийе болды.

Сизиң даңқлы юбилейиңиз белгиленип атырған усы ўақытларда Сиз бир неше жыллар исленген коллектив ағзалары, бирге ислескенлериниз мүбәрек 60 жыллығыз бенен және бир мәртебе қутлықлайды. Сизге узақ өмир, саў-саламатлық, илимий, творчестволық исериңизде үлкен жетискенликлер тилейди.

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтының дирекциясы.

Басланғыш партия шөлкемининиң бюросы.

Профсоюз комитети.

* * *

Терең ҳүрметли Наўрыз Жапақович!

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының президиумы, Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты Сизди туўылған күниңиздиң 60 жыллығы ҳәм илимий ҳәм жәмийетлик хызметиңиздиң 40 жыллығы менен шын жүректен қутлықлайды.

Әдиўли Наўрыз Жапақович, Сиз көпшен белгили көрнекли илимпаз—әдебиятшылардың, шайырлардың бири болдыңыз. Қарақалпақ әдебиятының тарийхы бойынша бир қатар баҳалы изертлеўлер Сизге тийисли, олардың қатарына «Аяпберген Муўсаевтың творчествосы», «Социалистлик реализм жолында», «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселелери», «Бизиң әдебиятымыз ҳаққында ойлар» усаған үлкен монографияларды жатқарыўға болады.

Сиз жоқары қәнигели илимий кадрлар таярлаўда да үлкен жәрдем етип атырсыз.

Сизиң туўылған күниңиздиң, илимий ҳәм жәмийетлик хызметиңиздиң 40 жыллығын белгилей отырып, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақ филиалының ҳәм Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының илимпазлары, Сизиң коллегаңыз, досларыңыз ҳәм оқыўшыларыңыз Сизге жақсы ден саўлық, узақ өмир, бахыт ҳәм жаңа творчестволық табыслар тилеймиз.

ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалы Президиумының председатели ӨзССР Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы **С. Камалов.**

ӨзССР илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының директоры. **Қ. Мақсетов.**

* * *

Сизиң даңқлы алпыс жыллығыңызға ҳәм илимий, әдебий, жәмийетлик хызметиңиздиң қырық жыллығына байланысты туўысқан қарақалпақ республикасының Сиздей белгили-илимпазына, шайырына, жәмийетлик ғайраткерине сәлем жоллаймыз. Бизлердиң жақсы ден саўлық, жаңа үлкен творчестволық асыўлар тилеген шын жүректен қутлықлаўымызды, тилегимизди қабыл етиңиз. Бизлер Сизди үлкен филолог ретинде, өзиниң таланты менен келешеги пайдалы еске—қарақалпақ филологиясының, ўатан әдебиятының тарийхын, теориясын үйрениўге жумсағаныңызды билемиз ҳәм жоқары баҳалаймыз. Сизиң поэтикалық шығармаларыңызға совет патриотизминиң ҳәм интернационализминиң руўхы сиңген. Творчестволық жасларды тәрбиялаўдағы Сизиң хызметиңиз белгили. Шын жүректен беккем ден саўлық, таўсылмастай күш ҳәм алдағы ўақытта да совет филология илиминиң алдыңғы қатарында болыўыңызды тилеймиз.

Қазақстан ССР илимлер Академиясының жәмийетлик илимлер бөлиминиң академик секретары, Қазақстан ССР Илимлер Академиясының академиги **Кенесбаев.**

* * *

Қәдирли Наўрыз Жапақович.

Қазақстан Жазыўшылар Союзының басқармасы Сизди қәдирли Наўрыз Жапақович, туўылған күнициздиң даңқлы алпыс жыллығы ҳәм әдебий творчестволық хызметициздиң 40 жыллығы менен қызғын қутлықлайды.

Бизлер Сизди жақсы шайыр ҳәм үлкен илимпаз, қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири ретинде билемиз. Сизиң шығармаларыңызды қазақ оқыўшылары сүйиспеншилик пенен пайдаланбақта.

Сизиң юбилейициздиң айрықша күни Қазақстан жазыўшылары Сизге беккем ден саўлық ҳәм көп миллетли совет әдебиятын тағы да гүллендириўге Сизиң ҳақ нийетли мийнетициздиң жаңа үлкен творчестволық үсиўлер тилейди.

Қазақстан Жазыўшылар Союзының басқармасы.

* * *

Өзициздиң мийнет жолыңызды баслаўыш мектептиң муғаллиминен баслап сиз өзициздиң шаршамас мийнетиниз ҳәм исиниз бенен Коммунистлик партияға ҳәм совет халқына қырық жыл даўамында жуўаплы партиялық, мәмлекетлик ҳәм илимий басшылықта Өзбекстан Коммунистлик партиясы Қарақалпақстан областьлық Комитетиниң секретары, Министрлер Советиниң Председатели, Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының председатели болып ҳәдал хызмет еттиниз.

Соңғы онбес жыллық мийнеттеги хызметициз Сизди талантлы фольклорист—илимпаз, әдебиятшы етип көрсетти, буны сизиң «Социалистлик реализм жолында», «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселелери», «А. Муўсаевтың творчествосы» ҳәм т. б. илимий мийнетлериниз дәлиллейди.

ТССР Илимлер Академиясының Мақтумқулы атындағы тил ҳәм әдебият институтының илимий хызметкерлери туўылған күнициздиң алпыс жыллығына Сизге сәлем жоллайды, шын жүректен қутлықлайды ҳәм илимий, ҳәм жәмийетлик хызметициздиң Сизге беккем ден саўлық тилейди.

ТССР Илимлер академиясының Мақтумқулы атындағы тил ҳәм әдебият Институтының директоры
Б. Чарыяров.

* * *

Қәдирли Наўрыз Жапақович! Азербайжан жазыўшылары белгили шайыр, киносценарист Сизди туўылған күнициздиң алпыс жыллығы ҳәм әдебий, илимий ҳәм жәмийетлик хызметициздиң қырық жыллығы менен қызғын қутлықлайды. Сизиң көркем шығармаларыңыз, илимий изертлеўлериниз елимиздиң барлық жеринде белгили. Қәдирли Наўрыз, даңқлы ғошлы мийнет, узақ өмир, беккем ден саўлық, бахыт тилеймиз.

Азербайжан Жазыўшылар Союзының Президиумы.

* * *

Терең ҳүрметли ҳәм қәдирдан Наўрыз Жапақович!

Юбилейициге байланыслы Сизге шын жүректен шыққан қутлықлаўымды жоллайман ҳәм Сизиң көп тараўлы илимпазлық, шайырлық ҳәм жазыўшылық хызметициди табыслы даўамлаўыңызға тилеклеспен.

Бизлер қарақалпақ миллетиниң сондай бир раўажланыў дәўиринде жасап атырмыз ҳәм усы ўақытлары дөретилген мийнетлер, илимпазлардың ҳәм шайырлардың шығармалары қарақалпақ миллий мәденнятының раўажланыў тийкары болып қалады ҳәм оны дөретиўшилер, Уллы Октябрьден қайта туўылған қарақалпақ халқы ушын жаңа жоллар салады.

Сизге узақ жас ҳәм тағы да көп ғана творчестволық дөретиўшилик тилеймен.

Жалынлы ҳәм терең ҳүрмет пенен
Баскаков.
13. VIII—74. Москва.

* * *

Терең ҳүрметлеўши Наўрыз Жапақович!

Қырғызстан ССР Илимлер Академиясының тил ҳәм әдебият Институтының коллективи, илимпазлары, көр-

некли совет фольклористи Сизди туўылғанығыздың 60 жыллығы ҳәм илимий, әдебий ҳәм жәмийетлик хызметиңиздиң 40 жыллығы менен қызғынлы қутлықлайды ҳәм Сизге узақ өмир, беккем ден саўлық, Сизиң жаңа излениўлериңизде үлкен табыслар тилейди.

Қырғызстан ССР Илимлер Академиясының тил ҳәм әдебият Институтының директорының орынбасары, филология илимлериниң доктору.
А. Сапарова.

* * *

Көп ҳүрметли Наўрыз аға! Туўысқан Қарақалпақстанның жыршысы ҳәм илиминаз, маған жүда қәдирдан Сизди шын жүрегимнен қутлықлайман. Сизди ҳәмме ўақыт Сизиң даңқлы ўатанласларыңыз Берунний ҳәм Бердақтың үлгиси йошландырсын.

Сизди қәдирлейтуғын
Миртемир.

* * *

Өзбек совет әдебиятының сектор ағзалары алпыс жыллығыңыз бенен Сизди қызғын қутлықлайды. Сиздей мийнет сүйгиш, кишипейил жолдасты сектор хызметкерлери барлық ўақыт еслейди. Сизге, қәдирли Наўрыз Жапақович, бизлер өмирде узақ жыл, творчестволық сәтлилик тилеймиз.

Ҳамид Якубов,
профессор.

* * *

«Гүлистан» журналының редколлегиясы ҳәм коллективи Сизди туўылған күниңиздиң алпыс жыллығы менен ҳәм әдебий, илимий ҳәм жәмийетлик хызметиңиздиң қырық жыллығы менен қутлықлайды. Сизге бахыт, беккем ден саўлық ҳәм үлкен творчестволық табыслар тилейди.

Асқад Мухтар

* * *

Осетиядағы Сизиң досларыңыз туўылған күниңиздиң алпыс жыллығы менен, сондай-ақ илимий, әдебий ҳәм жәмийетлик хызметиңиздиң қырық жыллығы менен қутлықлайды. Беккем ден саўлық, Кавказлылардың узақ жасын, Ўатан ийгилиги ушын алдағы ўақытлары да творчестволық табыслар тилейди. Мирәт еткениңиз ушын рахмет. Салтанатқа қатнасып, ишинде болыўға жағдай көтермеди.

Келешектеги алпыс жыллығыңызда болыўға үәде етемен.

Қалбев

* * *

Қәдирли Наўрыз Жапақович. Сизди туўысқанша қушақлайман, юбилейиң менен қутлықлайман. Жақсы ден саўлық, турмыста узақ жас, творчестволық өмиринде үлкен табыслар тилеймен.

Түркменстан халық жазыўшысы
Беки Сейтаков.

* * *

Маған туўысқан Наўрыз аға! Сизиң даңқлы алпыс жыллығыңыз мени ҳәдден артық толқытты. Сизиң турмысқа қатнасыўыңыз маған мениң басымның үстинде бүркит ушып жүргенге уқсас болып көринди. Бизиң халықларымыздың туўысқанлығының жарқын идеясы ҳәм мәденийтимыздың гормонялық гүллениўи Сизиң турмысыңыздың бизлердиң уллы ўақытларымызға турарлық белгиси болады.

Өз иниң **Хамит Ерғалиев.**

* * *

Сизди туўылған күниңиздиң 60 жыллығы ҳәм творчестволық хызметиңиздиң 40 жыллығы менен қызғын қутлықлайман. Сизге илимде ҳәр тәреплемели табысларды шын жүректен тилеймен. Печенеглердиң жеткиншеклериниң бири болған Сиз оның жаны боласыз. Сиз-

те узақ өмир, семьялық турмысыңызда саў-саламатлық тилеймен.
Сизиң ағаңыз

Ельтоқ Дильмухамедов.

* * *

Рус әдебияты Институтының фольклористлери сизди терең ҳүрметлейди, Наўрыз Жапақович, алпыс жыллығыңыз бенен қутлықлайды ҳәм Сизге ден саўлық ҳәм социалистлик мәденияттың ийгилиги ушын жаңа творчестволық табыслар тилейди.

Базанов, Горелов.

* * *

Қәдирли Наўрыз Жапақович. Юбилей күни Сизге Нева дәрьясының жағаларынан тилеклеримизди жоллаймыз. Қарақалпақ халқының ийгилигине жәмийетлик хызметиңизде, илимде, поэзияда үлкен, жаңа табыслар тилеймиз.
Қатты сүйемиз

Некрасовлар.

* * *

Терең ҳүрметлеўши қәдирдан Наўрыз Жапақович! Сизди даңқлы юбилейиңиз бенен шын жүректен қутлықлайман. Әжайып қарақалпақ фольклорын изертлеўде, қарақалпақтың жоқары социалистлик мәденияттының раўажланыўында исиңизге жаңа табыслар тилеймен. Қутлықлаўымды өзиңиздиң семьяңызға, досларыма, секторға, институт хызметкерлерине жеткерийиңизди өтинемен.

Жданко.

* * *

Диссертация жақлағаныңыз бенен қутлықлайман, ден саўлық творчестволық исте табыслар тилеймен.

Назбергенова Қаншайым

* * *

Сизди диссертацияны табыслы жақлаўыңыз бенен қутлықлайман жумыста творчестволық табыслар, ден саўлық ҳәм бахыт тилеймен.

Байназаров Қаландар.

* * *

Сизди диссертация жақлаўыңыз бенен, илим кандидаты атағы менен шын жүректен қутлықлайман, Сизге ҳәм семьяңызға беккем ден саўлық, жумыста табыслар тилеймен.

Сейтов Пиржан.

* * *

Диссертацияны табыслы жақлаўың менен қутлықлайман, алдағы ўақытлары творчестволық жумысыңызда табыслар тилеймиз.
Сәлем менен

Турдымурат Бекимбетов
Бийбижан

* * *

Диссертация жақлаўыңыз бенен қутлықлайман, ден саўлық, илимиңиз раўажланыўы ушын творчестволық жумысыңызда үлкен жетискенликлер тилеймен.

Сапар Хожаниязов

* * *

Илимий диссертацияңызды табыслы жақлағаныңыз ҳәм илимий атағыңыз бенен Сизди қутлықлайман. Сизиң творчестволық жемисли мийнетиңизде табыслар ҳәм ден саўлық тилеймен.

Айтбай Бекимбетов

* * *

Табыслы жақлағаныңыз бенен қутлықлайман, тағыда табыслар тилеймен.

Айымхан Шамуратова

Табыслы диссертация жақлағанынызға бенен құтлықлайман, жақсы ден саўлық, жумыста творчестволық табыслар тилеймен.

Гүлхан Ширазиева

* * *

Қуўанышлы сезимиңизди бөлисемен, диссертация жақлаўыңыз бенен құтлықлайман, жақсы ден саўлық, жумыста творчестволық табыслар тилеймен.

Чаржаў Абдиров

* * *

НАЎРЫЗ!

Сеннен хат келгенине бир талай күнлер болды, бирақ әне-мине деп мен хат жаза алмадым, кеширесең. Биз өзиң көргендегидей аман-саўмыз, турмыс, аўҳал жаман емес. Сизиң жаққа бараманба деген ойым бар, бирақ қолайы келери еле белгисиз. Институттан (оларға хат жазып едим) телеграмма алдым, мени хызметке алыпты, ярым айлық беретуғын болыпты, солай етип маған жумыс тапсырыпты. Ҳәзир сол институттың словарь секторының хызметкери болып, тапсырған жумысларын ислеўге киристим.

Наўрыз, жаңалық менде ҳеш нәрсе жоқ. Баскаковты көре алмадым. Ол Нөкиске барып қайтқанын билемен, сонлықтан, оның менен исленетуғын ис, алатуғын материаллардың жумысын өзиң бәржай еткен шығарсаң деп оны көриўге де көп жигер еткеним жоқ.

Қалайсаң, ден саўлығың өз қолпине келдиме, жумысың қалай? Мен бир тилеклес ғарры ғой, жумысында табыс, өмиринде ден-саўлық, бахыт тилеймен. Келин балаларға бизден көп-көп сәлем дерсең.

Наўрыз, Аяпберген қосықларынан пайдалана алдың ба, ол қосықларды қалай еттиң. Институт аламыз деген болса берип, маған беретуғынларыңды жибертсең болар еди.

Хош, сорағанларға сәлем, қоңсыларың Пиржанға

сәлем айт. Институт адамларына, мени билетуғынларына сәлем дерсең.

Хош ден саўлық, шаңлық менен көрисейик

Сәлем менен
Таминдар Сафиев
12 VIII—60 ж.

Әссалам әлейкум, НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВИЧ!

Бүгин сизиң китабыңызға қол қойып, оны терүге жибердим. Оның үстине көп ислеўге туўра келди, бирақ сәтли шықты. Ҳәммеси кеўилдегидей болған шығар деймен. Ал ең баслысы, сизиң аўдармашыларыңыз Чепуров хәм Шефнер, соңлықтан маған олардың да миннетин өз үстиме алыўға туўра келди. Егер де мени Сизиң менен беккем дослық байланыстырып турмағанда, мен редакторлаўды қолға алмаған да болар едим. Бирақ, дослық ҳәм сизге берген ўәдем мени исти ақырына шекем жеткериўге миннетледи. Мен барлығы питкенине ҳәм ендиги тек топламның жарыққа шығыўын күтиў қалғанына қуўанышлыман. Ол жылдың ақырына шекем китап прилавкаларында пайда болады. Өзим туўралы не айтайын? Өз китапшамның қолжазбасына соңғы дүзетиўлерди ислеп атырман , мен оны бир айдан кешиктирместен баспаға апарып беремен.

Журналда әдеттегидей жумыс көп. Ҳәр қыйлы жәмийетлик ислер оғада көп ўақытты алады. Нәтийжеде шаршап диңкем қурыды. Дем алғанды мақул көремен, бирақ, жақын арада өйте алмайман.

Оның үстине ҳәзирге шекем квартира да алалмай жүрмен. Отырған квартирамыздан шық ҳә шық, деп қоймай атыр, ал жаңа квартира болса баяғыдай жоқ. Ал жай болса қарабақанасы шығып, қулай жазлап тур. Мениң бөлмемниң тек пәтиги бар да шаңарағы жоқ. Жаўын жаўа баслады, ал бөлмеде сондай сыран суўық. Жаўын жаўа баслады, ал бөлмеде сондай сыран суўық дейсең, ҳәтте ийт байласаң турғысыз. Ертең светти ҳәм газды үзип таслаймыз деп зәрремди ушырып атыр. Егер сөйте қойса, қалайынша күнелтетуғынымды да билмеймен. Бирақ солай болса да шыдаў керек шығар. Болмаса басшылар мени қайтып шығалмастай бир тесикке тығар деймен.

Клава ислеп атыр. Ол да квартира деп күйип, писип шығып жүр бирақ оның қолынан да ҳеш нәрсе келету-

ғын түри жоқ. Уәдени үсти-үстине дөндирсе де, ҳәзирше жарытыўлы ҳеш нәрсе жоқ.

Ал сизиң жумысларыңыз қалай? Хожабек ҳәзир не менен шуғылланып атыр! Ол дым хабарласпай кетти ғой.

Нөкиске тағы да бир ирет барып келсем деймен, бирақ бул да әмелге аспайтуғын түри бар. Ол ушын уақытта, ақша да жоқ. Китапшам жарыққа шығыўдан ақ, сизиң елиңизге қарай ҳайт қояман.

Семьяңызға ҳәм әлбетте Хожабекке де меннен және Клавадан сәлем айтыңыз.

Қолыңызды беккем қысып

Г. Некрасов

Маған хат жазсаңыз «ЗВЕЗДА» ға жазыңыз. Жақын арада үй адресимди өзгертемен деп үмит етемен.

28-сентябрь, 1960-жыл, Ленинград.

НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВИЧ!

Жумысыңызды оқып шықтым. Пикирлеримди бетлерине жаздым. Жақсылап ойланың, еледе ислецкирершилик мәселелерин сөйлесип жүргениңиз жүдә жақсы болған. Диссертацияның бир данасын берип кетипсиз. Ташкент алдын ала талқылаў ете ме ямаса ең соңғысы ма? Қандай болса да мениң сизге тилегим: диссертацияны писирип алып барайық, жақлағандағы ең тийкарғы ҳәм шешиўши оппонент диссертацияның өзи. Отзывты жаздым, жиберип атырман.

Жумысыңызда жақсы нәтийжелер тилеймен.

Мен де «Қудайдың берген тынышлығы» деп жумысымды ислеп атырман.

Айтатуғын сөзлериңиз болса көп емес, азмазлаў хат жазарсыз. Адресим белгили. Уақтым жүдә қәдирли бол тур. Сизге еки күним кетти. Адресимди ҳеш кимге бермең.

Сәлем менен

М. Нурмухамедов

5 VI—61.

ҚЫМБАТЛЫ НАЎРЫЗ!

Диссертацияны қорғаў кейинге қалды деп қапа болма. Жалған сөз, өтирик-өсеклер тек әўелги гезинде ғана тәсирли болады да, ол күн сәўлесинен қорқып, суйыла баслайтуғын. әри-бериден кейин зым-зыя жоқ болып түн қараңғылығына уқсас. Ҳақыйқат түбинде жеңилип шығады. Ол күниң сәўлеси тәриздн.

Саған бөгет жасаўшылар алыстан ун қосқан сурқия —сумлар. Оларға ҳеш кеширим болмаўы тийис. Ол келешектиң иси. Ҳәзирше шыдамлылық, сыпайылық дурыс.

Мийнетиңди оқып шығып, өзимниң ҳалым жеткен дәрежеде пикир жазып жиберип отырман. Оқып көр. Мен көрсеткен кемшиликлерди оңлайсаң ба, ол өз жумысың. Жалпы алғанда, диссертация—баҳалы мийнет. Бул мақтаў, көңил делбеў емес, шынлық.

Диссертацияны жақлаў сентябрь айының бас гезинде болғаны жөн: сентябрьдиң 10—15 инде, өйткени меңниң творчестволық командировкам 10-сентябрьде аяқланады. Онынан баслап дем алысқа шығып, курортқа барыўым керек. Усы жағдайды еске алсаңыз мақул. Әлбетте, сениң менен байланыслы да емес. Сораған соң айтып атырман.

Исмайылға хат жазып, жоқарғы еки адамға өзимниң наразылығымды билдирдим. Қатты қоллаўдың қәтелигин, диссертацияның қунлы мийнет екенлигин айттым.

Дениң саў, кеўилиң хош болыўын, үй-ишлериниң аман болыўын тилеймен.

«Кратковременная неудача, лучше кратковременной удачи»—деп Пифогор айтқан ғой. Усыны ескерерсең.

Хош. Сәлем. менен,—

Қажым Жумалиев

академик.

19 VI—66—жыл.

ҲҮРМЕТЛИ НАЎРЫЗ!

Көрисписек те сырттан таныспыз. Сизиң диссертация қорғамақ болып жатқаныңызға қуўанышлыман.

Қысқаша отзывымды қабыл алыңыз.

Мен ВАК та экспертизаның әдебият бойынша аға-

сыман. Егер Сизиң мийнетиңизди қорғаўға маған берсе, онда ВАҚ қа толық отзыв жазып тапсыраман.

Мийнетиңиз жемисли болып, жақсылап қорғаўыңызға шын кеўилден тилеклеспен.

Жолдаслық сәлем жоллаўшы

Мәлик Ғабдуллин

профессор, филология илимлериниң докторы. СССР педагогикалық илимлер академиясының академиги, Советлер Союзының Қаҳарманы. Алма-ата

Киров көшеси 127, кв. 8, тел 2-50-49

СӘЛЕМ ҚӘДИРДАН НАЎРЫЗҒА!

Мен саған 1—Май байрамы қарсаңында хат жазып отырман. Сонлықтан мен саған ҳәм семьяңа өзимниң ең жақсы биринши май қутлықлаўларымды жоллайман ҳәм сизлерге бахыт, мойымас денсаўлық және турмыста табыслар тилеймен.

Соңғы ўақытта бизлер сийрек хат алысатуғын ҳәм турмыстағы ўақыялар жөнинде де аз жазысатуғын болып кеттик. Бул оғада кеўилсиз нәрсе. Дурыс, мен санаторияда дем алып атырған ўақытта бәрқулла Өзбекстаннан келген жолдаслар арқалы сен туўралы ҳәмме нәрсени билип алыўға умтыламан. Бул жағынан сен соншелли артта қалып кеттиң, ҳәтте мен сени быйылғы жылы ярым әсирлик мерекең менен қутлықлаўды да умытып кеткен болар едим. Сен өзиң бул туўралы айтып хат жазғаныңда қандай жақсы болды. Дибахан хатыңды оқып көрип:—«НАЎРЫЗ» ҳәдемей-ақ 50 жасқа шыққаныма? Мен оны қырық жасар шығар деп ойлап жүрмен» —деп аң-таң болды. Аўа, Наўрыз, бизлер Москвада бирге оқып жүрген ўақытта сен қырық жасында едиң. Бирақ, ўақыт өте береди, жыллар салмағы да еңсеңнен баса береди. Балаларымыз өскен сайын, бизлер де қартая беремиз. Зәмира мениң көз алдымда сен маған 1955-жылы жиберген оның фотокарточкасындағыдай кип-кишкентай қыз болып, елеслейди. Бирақ, олай емес, деп айтарсаң Зәмираға. Кишкене екенсең десең тез арада 12 жасына шығады ғой. Ал Ахмат болса мениң көз алдыма мен сол баяғыда көргенимдегидей 12 жасар бала болып елеслейди, ал ҳақыйқатында ол ҳәзир ер жигит ғой. Ынжық Соня әллекашан келинлик жасында шығар?

Наўрыз, бизиң дослығымыз балаларымыз ушын да дәстүрли дослық болып қалса екен, деймен. Бул оларға турмыста пайдадан басқа ҳешқандай зыян келтирмейди. Оның үстине Зәмира менен Зимфира, ал Маҳҳарбек менен Ахмат бир-биринің курдасларыгой. Сен өз юбилейинде байланыслы быйыл Кисловодскке келиўиң керек. Келгенде де Зәмираны өзиң менен бирге алып келиўиң шәрт.

Сениң отпускаң таўсыламан дегенше ол бизикинде болады, ал оннан соң бирге самолетта ушып кетесиз. Хеш қандай тәтерик тутыўдың кереги жоқ. Үйим кеўилдегидей. Ал транспорт мәселеси де маған ҳеш гәп емес. Келгенинде мен үйден табылыўым ушын жолға шыққаның жөнинде маған алдын ала хабар бергениң, мақул болар деймен.

Наўрыз маған юбилейиңниң саррас сәнесин хабарла. Мен оны Екатерина Наўрызовнаға билдиремен. Егер де бара алмайтуғын болсақ, ең болмаса телеграммалар жиберер едик. Дибахан Уғылжанға ҳәм барлық балаларыңызға айрықша биринши Май қутлықлаўларын жеткериўиңди өтиниш етип атыр.

Сәлем менен **Георгий.**

Жақсы дос, жақын баўыр—Наўрыз.

Ақ берген туўралы жазылған Авторефератыңды алып, сол күни оқып шықтым. Әлбетте, ана тилинде жазылған, терең тексерилген, изертленген илимий мийнетти қысқа ғана орысшаланған автореферат тан толық аңғарыў қыйын. Сонлықтан пикир жазыў да мүмкин емес, дым қолайсыз да. Жалпы бағдары: диссертацияның қурылысы, шайырды изертлеў усылың, оның өмирбаяны менен шығармаларын жиклеў, таллаўын дурыс та, қызықлы да сыяқлы.

Мен усы илимий мийнетиң сәтли қорғалады және туўысқан қарақалпақ халқының филологиясына үлкен үлес қосады деп исенемен.

Ҳүрмет пенен **Әбдилда Тәжибаев.**
Қазақстан халық шайыры, филология илимлериниң докторы.
25 VIII—1961-жыл.

Наўрыз аға ҳәм Уғылжан жеңге!

Аман-есен елге оралдым. Сизлерден, Нөкистен, қарақалпақ баўырлардан әкелген улан-қайыр әсирди, жүреклериңиздиң ыссылығын, сый-сыйпатты, ҳүрмет-иззетти усы күнге шекем бундағы баўырларыңызға, қазақ досларыңызға үлестирип бере алмай атырман. О қудайым дейин аў, бул гезге дейин Сизиң республикаға қалай ғана қатнаспай жүргенмен.

Бүгин бизде партия жыйналысы болды. Сонда сапарым жағдайын әңгимелеп бердим. (Айтпақшы, мен «мәденият және турмыс» журналында есапта турман) Олар маған Қарақалпақстан туўралы бир дүрким қосық жазып бериўди усынды. Миртемир сыяқлы қазақта да бир дәптер болады ғой деп ойлайман.

Сизлерге соншама үйренип кеттиңпен: бундағылардың бәри маған Ибрайым, Қабыл сыяқланады да турады. Анаў Хорезимлик Әжикен, анаў Шараф Палўанов Жәлий ақсақал, сизиңкиндеги Турекең... бәри де көп заман есте жүретуғын тулғалар ғой. Қудай қәлесе, елиңизди емин-еркин тағы да бир аралаўға асығаман.

«Қазақ әдебияты» Сиз туўралы мақаланы сәл иркип қалыпты. Ол миннетли түрде болатуғын нәрсе.

Бүгин келиниңиз Мәрьямды аўырыўханаға салдық: бир ярым айдай жататуғын түри бар.

Айтпақшы сизиң «Очерки истории Қаракалпакской АССР» I томы менде кетипти. Асығып-үсигип жүрип иниңиз умытып кетипти. Конспектлеп болып жиберемен.

Кеше Жумабай келип, барлық сапарды бастан-аяқ сорап кетти, Сражатдин туўралы сорағанына ҳеш жуўап бере алмадым.

Ал Наўрыз аға, көрискенше күн жақсы.

Жеңгеме дуўайы-дуўайы сәлем. Өз Қуўандығыңыз (жазыўшы).
28, 8, 74

Алматы.

Қымбатлы Наўрыз Жапақович!

Тек ғана сәлем берип қойып, ден саўлықты биллдириў Сиз ушын оғада аз. Сизге тек ғана ҳүрмет емес, бәлки жан бериўге де болады. Өйткени мен Москваға келгеннен кейин, оғада жаман аўҳалда қалдым. Курс Союз

писательдиң қарары бойынша июньниң 15 де экзаменди тапсериўи керек екен. Алшет мәмлекетке кетиўшилердиң арзасын қабыл етип, 22-июньда экзаменди баслапты .Бизди экзаменнен кешиктирди, прогул деп курстан шығарып қойыпты. Сол ушын Сизге тағы басқа жолдасларға телеграмма берген едим. Басқасын қабыл да етпеди. Сизиң телеграммаңызды қабыл етип мени бүгин экзаменге жиберди. Оғада ырзаман. 15-июньге шекем тансырып боламан.

Шет мәмлекетке тек тоғыз адам кетти. Олардың ҳәр қайсысы алты мың манаттан ақша төлепти. Басқасы қалып қойыпты. Соның биреўи мен. Өзиңде белгили менде алты мың манат қайдан болсын.

Наўрыз! 15-июньнен баслап бир ай яки еки ай ден саўлықты қаратып дем алыўға келистим, еки мың манат өзимниң есабымнан төлейтуғын болдым. Егерде усыны келистире алсам, тағы да Москва этирапындағы дем алыс орынларының биринде боламан. Болмаса оғада ден саўлық төменлеп кеткен екен.

Әлбетте, бул манда дем алыў менен бирге, жолдаслардың берген мәсләҳәти бойынша романымды ҳәм «Бердақ» пьесасын ислеп таярлап бараман.

Сизиң еткен ғамхорлықларыңызға мың-мың рахмет айтыў менен бирге, Сизге оғада көп миннетдар екенимди биллдиремен. Буны ис жүзинде орынламасам адам емеспен. Қолдан келгеншелли қатардан қалдырмай ерте жүриўиңди сорайман. Тағы да жазаман. Мүмкиншилиги болса мениң романымнан журналға жиберсе жақсы болар еди. Соны Хожабекке айтыўыңызды сорайман. Роман ҚҚГИЗ де қалды.

Коммунистлик сәлем менен ден саўлығыңызды ҳәм исиңизге табыс тилеп қаламан.

Жолмурза.

ҲҮРМЕТЛИ НАЎРЫЗ АҒА!

Бүгин сизиң алпысқа шыққан үлкен тойыңызды пүткил халқымыз, пүткил досларыңыз жүрек толы қуўа-

ныш пенен белгилеп отыр. Сиз бүгин алпыс қыс, алпыс бәҳәр, алпыс жаз, алпыс гүзди бастан кеширип отырсыз. Алпыс жылда сиз басқан өмир жолы өзиниң бай мазмуны бойынша бир әсирге турақлық өмир болды.

Алпыс жылдың дерлик 45 жылы сизиң саналы өмириниздиң ҳақыйқат турмыс ушын гүрес жыллары болды, Бул гүрес—жетимлик ҳәм жалғызлықтың азабынан қутылыў, ашлық-әптадалықты жеңиў, кәмбағал менен жетимге бахыт берген жаңа советлик заманда оқыў, билим алыў, қатарға қосылыў ушын қыйын гүреслердиң жыллары болды.

Билим алып, халыққа хызмет етип бахытқа ийе болыўдың арзыў-әрманлары отлы отызыншы жыллар комсомолдың жүрек толы қуўанышы. Жаңа турмыстың жеңиси ушын ескиликтиң қалдықлары ҳәм олардың ийелери менен мәденият, әдебият майданларындағы гүрес жыллары.

Өткир тил, өткир қәлем, ҳақ, намысли ҳүждан, жақсылық ҳәм әдалатлылық ушын талпыныў Сизиң күниңиз, сизиң бийик абырайыңыз болды.

Ашлық-аптадалықта зар шеккен, зорлық-зомбылықтың азабын тартқан, жалаң аяқ кешеги жетим—Сиз—Уллы жаңа заманда—мугаллим, шайыр, журналист, республиканың комсомол шөлкеминиң басшысы, республика партия шөлкеминиң басшыларының бири, республиканың, ҳүкимет басшысы. Мине сизиң өмир жолыңыздың мәнзиллери.

Совет Қарақалпақстанының экономика, мәденият, илим жолларындағы атқан адымларында сизиң өзиңиздиң изиңиз, үлесиңиз айрықша орын тутады.

Илим ушын талпыныў. Илим кандидаты, илим докторы. Қарақалпақстан АССР ының ҳәм Өзбекстан ССР ының мийнет сиңирген илим ғайраткери. Аз ўақыт ишинде илимниң усындай шеклерине табыслы жетиў—бул сизиң өмир мектебиңиздиң, бай ҳәм жетик билимиңиздиң нәтийжеси.

Үлкен семья атасы. Ул ҳәм қызларын қамалға келтирип жетистирген ата. Мине бүгин Сиз алпыс жастасыз.

Шын жүректен, үлкен қуўаныш пенен ҳәм сизиң барқа шыққан тойыңыз бенен қутлықлайман, Наўрыз аға.

Саў болың, бахытлы болың, халықтың досларыңыз-

дың ҳәм бала-шағаларыңыздың бахты ушын аман болып, көп жыллар өмир сүриң, қымбатлы Наўрыз аға.

Терең ҳүрмет пенен иниңиз Кәрим-бай Худайбергенов *ҳәм оның семьясы.*

СССР ЖОҚАРҒЫ СОВЕТИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ СЕКРЕТАРЫ жолдас М. П. ГЕОРГАДЗЕГЕ.

Доклад ушын мағлыўмат

Усы жылдың сентябрь айында мен өз округимдеги сайлаўшылар алдында есап бердим. Есап берген ўақытта мен СССР Жоқарғы совети Президиумы тәрепинен СССР Жоқарғы Советиниң ҳәм Жоқарғы Совет Президиумының жумысы ҳаққында жиберилген справочниктен пайдаландым. Сайлаўшыларға Жоқарғы Советтиң сессияларында қабыл етилген кең әҳмийетли қарарларды, әсиресе мектеплердиң жумысын қайта қурыў ҳаққындағы нызамды, Жоқарғы Советтиң 4 ҳәм 5—сессияларының қарарларын түсиндирдим, сайлаўшылар тәрепинен бурынғы есап бериўлер ўақтында берилген наказлардың орынланыўы туўралы айттым.

Есап бериў жыйналысларында сайлаўшылар бир қатар сораўлар берди ҳәм тилеклер билдирди. Сораўлардың көпшилиги турақ жай турмыс жағдайларын жақсылаўға тийисли болды. Мен бул сораўларды шара көриў ушын тийисли жергиликли Советлердиң атқарыў комитетлерине бердим. Бул жағынан Беруний районындағы сайлаўшылардан биринің шығып сөйлеўи характерли болды. Ол жергиликли депутатлар ҳәм район басшылары халықтың алдында есап берсе екен деп тилек билдирди.

Есап бериў жыйналыслары Төртқүлде болып, оған бир жердиң өзинде 935 адам, Берунийде бир жердиң өзинде 460 адам, Әмиўдәрья районында бир жердиң өзинде 438 адам, Хожели районында, бир жердиң өзинде 375 адам, Нөкис қаласында, бир жердиң өзинде 376 адам қатнасты.

Жыйналыслардың протоколлары усы доклад ушын мағлыўматқа қосып жиберилди.

Есап бериў дәўиринде бир қатар гражданлар маған мынадай шағым арзаларын ҳәм өтиниўлерин айтты.

1. Филология илимлериниң докторы марҳум Дәўқараевтың семьясы жасап атырған жайдың жаман аўҳалда екени жөнинде шағым арза берди. Мен бул мәселени Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң алдына қойдым, ол тийисли илажларды көрди ҳәм квартира ремонттан шығарылды.

2. «Москва» совхозының бас агрономы Мырзамбетов мени ӨзССР аўылхожалығы Илимлер Академиясының аспирантурасына қабыл етпей атыр, деп шағым арза берди. Мен вице—президент жолдас Дадабаевтан Мырзамбетовты аспирантураға қабыл етиўди өтиндим ҳәм ол аспирантураға қабыл етилди.

3. Ташкент медицина институтының III курсында оқыйтуғын студент жолдас Қудаяров оған берилмей қалған стипендиясын қайта тиклеўди өтиниш етти. Мен институт директоры жолдас Гулямов менен келистим ҳәм Қудаяровқа стипендия белгиленди.

4. Гражданка Степанова В. Т. СССР Жол қатнас министрлиги Орайлық поликлиникасының фельдшери, турақжай шәриятларын жақсылаў мәселесинде маған жолықты. Мен бул мәселе бойынша Жол қатнас Министри жолдас Бещевтен өтиниш еттим ҳәм ол усы мәселени унамлы шешти.

5. Уатандарлық урыс инвалиди, Тақыятаслы Хайралапов маған жолығып, өзине мотоколяска берилиўине жәрдем етиўимди өтинди. Хайралаповтың өтиниши орынланды – оған РесПО арқалы мотоколяска берилди.

Жоқарыдағы атап көрсетилгенлерден басқа да бир қатар өтиништер болды ҳәм қанаатландырылды.

СССР Жоқарғы Советиниң депутаты

(Н. Жапақов).

САГУ ДИҢ ЮРИДИК ФАКУЛЬТЕТИНИҢ ДЕКАНЫ ЖОЛДАС Б. Р. АХМЕДОВҚА.

Ҳәзир Қарақалпақстан АССР Жоқарғы судының председатели болып ислеп атырған Өтамбетов Есемурат 1947-жылдан баслап САГУ диң юридик факультетинде сырттан оқып киятыр. Ол 1953-жылы оқыўын тамамлап, мәмлекетлик имтиханларын тапсырыўы лазым еди.

1952-жылы Өзбекстан КП Орайлық Комитетиниң қарары менен жолдас Өтамбетов Өзбекстан КП Куйбышев Райкомының (ҚҚАССР) биринши секретары етип бекитилди.

Ғаўғаның қатар араларын ислеў жумысы ғажжаға жүргизилип атырғанлығы себебинен жолдас Өтамбетов ол ўақытта мәмлекетлик имтиханларды тапсырыў ушын Ташкент қаласына бараалмай қалды.

Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети мине усы жағдайды есапқа ала отырып, жолдас Е. Өтамбетовқа быйылғы жылы мәмлекетлик имтиханларды тапсырыўды рухсат етиўиңизди өтинеди.

Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң председатели:—
(И. Жапақов).

10/ 1-1950

СССР Жол қатнас министри

жолдас Б. Т. Бещевке
Хүрметли жолдас Бещев.

Уатандарлық урыстың қатнасыўшысы, Жол қатнас министрлигине қараслы Орайлық поликлиниканың фельдшери В. Т. Степанова маған төмендегилерди билдирди:

Жол қатнас Министрлигине қараслы поликлиникада 1948-жылдан бери ислеп киятырса да, жолдас Степанова усы ўақытқа шекем өзиниң жумыс орнынан турақжай алалмаған ҳәм Москва областындағы Клязьма станциясының Некрасовская көшесиндеги № 9 жайда, өгей әкеси, ески большевик, жеке пенсионер, сондай-ақ Уатандарлық урыстың қатнасыўшысының бөлмесинде жасап атырған екен.

Көлеми 18 кв. метр болған бөлмеде 4 адам турады, оның үстине өгей әкеси өкпе аўырыўына (ашық формасы) шатылған, ал анасы болса миокард инфаркты менен аўырғанлығы себепли инвалид болып қалған.

Жолдас Степанованың жас өспирим улы бар ҳәм оның туберкулездың ашық формасы менен аўырған адам менен бир бөлмеде турыўына, қатнас жасаўына жол қойыўға болмайды.

Жолдас Степанова көп жыллар даўамында поликли-

никада турақ жай алыў гезегинде тур, оның жасаў шараятлары бирнеше рет тексерилип көрилди, бирақ барлық ўәделерге қарамастан, оған елеге шекем турақжай берилмеген.

Жолдас Степанованың турақжай шараятлары менен жеке өзим таныспын шығып, оған турақжай берилиўи шәрт екенлигине көзим жеткенликтен мен Сизден жолдас Степановага Москвадан, министрликке қарасты жайлардың биринен кишигирим квартира ажыратыў жөнинде көрсетпе бериўиңизди өтиниш етемен.

Н. Жапақов
2/11-1960-жыл.

СССР Жоқарғы Советиниң депутаты
Жолдас Н. Жапақовқа.

Сизиң ЖҚМ Орайлық поликлиникасының фельдшери жолдас В. Т. Степановаңың турақ жай шараятларын жақсылаў мәселеси бойынша жазған хатыңызға байланыслы Жол қатнас министрлигиниң поликлиника начальниги жолдас Кузнецовқа профсоюз шөлкеми менен бирликте жолдас Степановаңың турақжай шараятларын жақсылаў жөнindеги өтинишин қарап шығыў ҳәм оған зәрүрли жәрдем бериў туўралы көрсетпе берилгенин хабарлайман.

Жол қатнас Министри Б. Бещев.
11-март 1960-жыл

ҚҚАССР Жазыўшылар **Союзы басқармасының председатели жолдас М. НУРМУХАМЕДОВҚА.**

Сизге мәлим болғанындай-ақ, илимпаз ҳәм жазыўшы, филология илимлериниң докторы Дәўқараев Н. 1953-жылы қайтыс болды, ал оның ҳаялы 1959-жылы қазаланды. Олардан 8 бала қалды.

Жақында мен Дәўқараевтың үйинде болдым. Оның балалары жасап атырған жай оғада жаман ҳалда, қулай жазлап тур. Балалардың үсти-басы жупыны, олларда зәрүрли көрпе-төсек те жоқ. Соныңтан мен Сизден төмендегилерди өтиниш етиўге мәжбүр болдым:

1. Марҳум Дәўқараевтың балалары жасап атырған жайды ири ремонттан шығарыңыз.
2. Балаларды кийим-кеншек ҳәм көрпе-төсек пенен тәмийинлеўге жәрдем бериңиз.

Егер де бул нәрсе Сизиң қолыңыздан келмесе, республика ҳүкиметинен жәрдем сораўыңызды өтинемен.

Н. Жапақов
30/05-1959-жыл.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР МИНИСТРЛЕР СОВЕТИНИҢ ПРЕДСЕДАТЕЛИ Н. ЖАПАҚОВТЫҢ ПАХТАКЕШЛЕРДИҢ ПҮТКИЛСОЮЗЛЫҚ КЕҢЕСИНДЕ СӨЙЛЕГЕН СӨЗИ.

Жолдаслар! Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының барлық мийнеткешлери атынан пахтакешлердиң пүткилсоюзлық кеңесине қатнасыўшыларға жалынлы туўысқанлық сәлем тапсырыўға рухсат етиңиз. *(Қол шаппатлаўлар).*

Совет власты жыллары ишинде Қарақалпақстанның мийнеткешлери Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң басшылығы астында ҳәм мудамы көрсетип отырған жәрдеми арқасында республиканың халық хожалығын ҳәм оның жетекши тараўы болған пахташылықты раўажландырыўда үлкен табысларға еристи.

Пахтаның егис майданы 1913-жылға қарағанда 10 есе, ал пахтаның зүрәәти еки еседен аслам өсти. Егер 1913-жылы Қарақалпақстанның барлық территориясында 8 мың тонна пахта жыйнап алынған болса, өткен жылы республиканың колхозлары менен совхозлары мәмлекетке 183 мың тонна пахта жетистирип берди, яғный 23 есе көп пахта берди.
(Қол шаппатлаўлар).

1956-жылға қарағанда пахтаның улыўма өними 18 мың тонна көбейди. Республика бойынша орта есап пенен алғанда пахта егилген ҳәр гектар жерден 19 центнерден зүрәәт алынды. Әсиресе Төрткүл районының пахтакешлери үлкен табысларға еристи, олар мәмлекетке 49 мың тоннаға жақын пахта тапсырды, ҳәр гектар жерден 28,2 центнерден зүрәәт алды.

Бир неше жыллардан бери пахта таярлаў планын орынлай алмай киятырған республиканың арқа район-

лары өткен жылы пахтаның зүрәәтин әдеўир арттырғаны ҳәм мәмлекетке шигитли пахта тапсырыў планын артығы менен орынлағаны характерли нәрсе.

Көплеген бригадалар менен звеноллар Қарақалпақстанның арқа тәрепинде де жоқары зүрәәт алыўға болатуғынын ис жүзинде көрсетти. Мәселен «Кенес» совхозындағы Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Шамурат Муўсаевтың звеносы ҳәр гектар жеринен 65 центнерден пахта тапсырды. Кегейли районының Жданов атындағы совхозындағы жолдас Тәжимбетов басқарған звено ҳәр гектар жеринен 58 центнерден, «Шымбай» совхозындағы жолдас Сапарбаева басқарған звено 44 центнерден пахта зүрәәтин жетистирди. Буныңдай звеноллар жүзлеп табылады.

Мал шаруашылығын ҳәм аўыл хожалығының басқа тараўларын раўажландырыўда да бир қанша табыслар қолға киргизилди. Ет, сүт, жүн, мәйек, қаракөл, пилле, ондатра терисин таярлаў ҳәм сатып алыў планы мүддетинен бурын және артығы менен орынланды.

Пахташылықта мийнет өними 21 процент артты. Колхозлардың доходы әдеўир көбейди ҳәм усы тийкарда колхозшылардың материаллық абаданлығы көтерилди.

Қарақалпақстанда пахташылықты тағы да раўажландырыў ушын керек болған шөлкемлестириў ҳәм материаллық-техникалық жәрдем көрсетип атырған партия менен ҳүкиметимиздиң аталық ғамхорлығы арқасында ғана усындай жетискенликлерге ерисиў мүмкин болды.

Бизиң республикамыздың мийнеткешлери бул табыслар дағынан ленинлик миллет сиясатын, бизиң Ўатанымыздың барлық халықларының бузылмас достығы сиясатын дурыс әмелге асырыўдың нәтийжеси екенин күтә жақсы биледи. Буның ушын қарақалпақ халқы Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметине терең миннетдарлығын билдиреди.

(*Қол шаппатлаўлар*).

Партия менен совет ҳүкиметиниң қарары бойынша бизиң республикамызда жаңа совхозлар шөлкемлестирилди. Қарақалпақстан мийнеткешлери буны туўысқан Коммунистлик партияның аўыл хожалығы продуктларын жетистириўди тағы да көбейтиў, бизиң халқымыздың абаданлығын арттырыў ҳаққындағы ғамхорлығының жаңа көриниси деп есаплайды.

Соның менен бирге республиканың партия, совет ҳәм аўыл хожалық хызметкерлери аўыл хожалығын ҳәм әсиресе пахташылықты раўажландырыўда бир қатар кемшиликлер бар екенин жақсы биледи. Бул кемшиликлердиң тийкарғылары мийнет өниминиң еледе болса төмен болыўынан ҳәм аўыл хожалық өнимин жетистириўди көбейтиў ушын мүмкиншиликлерди жетерлик дәрежеде қолланбаўдан ибарат. Бизлер бул кемшиликлерди санластырыўға ҳәм 1958-жылы аўыл хожалығын және оның жетекши тараўы болған пахташылықты раўажландырыўда алға қарай жаңа адым атлаўға бел байлап отырмыз.

КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң үндеўине жуўап ретинде Қарақалпақстан мийнеткешлери өзлериниң алдына үлкен ўазыйпа – 1965-жылы пахтаның улыўма өнимин 300 мың тоннаға жеткериў яғный 1957-жылға қарағанда 60 процент дерлик көбейтиў, ал бийлғы жылы мәмлекетке кемшде 200 мың тонна пахта тапсырыў ўазыйпасын қойып отыр. Буның ушын бизлер егисти 1-майдан кешиктирмей тамамламақшымыз ҳәм барлық пахта майданын машиналар менен екі бағдарда тәрбияламақшымыз.

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы пахта жетистириўди буннан былай да көбейтиў ушын үлкен мүмкиншиликлерге ийе. Бирақ егис майданын кеңейтиў, пахтадан турақлы зүрәәт алыўды тәмийин етиў, Қарақалпақстанда колхозлар менен совхозларды суў менен тәмийин етиў исин жолға салыўға байланыслы. Бәҳәрги дәўирде шайып суўғарыў ушын көп суў керек ўақытта, Әмиўдәрьяда суў аз болады. Усының ақыбетинде суўғарыў күтә кешигеди, бул нәрсе егистиң ҳәм буннан кейин егисти тәрбиялаў бойынша жумысларды узақ ўақытқа созылыўына алып келеди. Шынында, төмен зүрәәт алыныўының тийкарғы себеби усы. Жазғы дәўирде Әмиўдәрьяда суў дебити секундына 4—5 мың кубометрге, ал айырым жылларда секундына 7 мың кубометрге шекем көбейеди. Бул жағадағы қорғаныў қашыларын суўдың бузып кетиўине, кең майданларды суўдың басып кетиўине ҳәм батпақлыққа айналыўына алып келеди. Каналларды қайыр тебеди.

Әмиўдәрьяның жоқарғы жағында пахта майданын кеңейтиў менен бирге аяқ жағында ирригациялық қурылысларды ҳәм бәринен де бурын Тахиаташ плотина-

сын салыў мәселесин шешетуғын ўақыт жетти. Бул плотина суўды ўақтында жеткерип турыўды гарантиялаў менен бирге, қосымша түрде 250 мың гектар жерди суўғарыўға, сондай-ақ тәбийғый пишенликлер менен жайлаўларға планлы түрде суў жеткерип берийўге жағдай дүзийўге мүмкиншилик береди.

Плотинаның салыныуы менен дәрьяның оң жағындағы районларды сол жақта орналасқан районлар менен ҳәм транспорт байланысы—темир жол менен байланыстырыў ўазыйпасы шешиледи. Республиканың дәрьяның оң жағындағы районларының тәбийғый байлықларын өзлестириў ушын жағдай дүзиледи, ҳәзирги ўақытта Әмиўдәрья арқалы өтиў ушын жумсалып отырған миллионланған манат үнемленеди.

Тахиаташ плотинасының қурылысын жақын ўақыт ишинде ен жайдырыў ушын бизде барлық мүмкиншиликлер бар. Темир жол Тахиаташқа жақын келип тур, қурылыс болатуғын жерде рабочий поселок бар. Тахиаташ теплоэлектроцентралы салынып атыр.

Тахиаташ плотинасын салыў Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығын буннан былай да раўажландырыў ушын айрықша үлкен әҳмийетке ийе болады ҳәм бизлер бул мәселени шешиўде ҳәр ўақыттағыдай партиямыздың Орайлық Комитети менен Совет ҳүкимети жәрдем көрсетеди ҳәм қуўатлайды деп исенемиз.

Бизиң туўысқан Коммунистлик партиямыздың басшылығынан руўхланған Қарақалпақстан аўыл хожалығының мийнеткешлери 1958-жылға пахташылық бойынша, мал шарўашылығы ҳәм аўыл хожалығының басқа тараўлары бойынша өз үстине алған миннетлемелерин орынлап ҳәм артығы менен орынлап, бизиң уллы ўатанымыздың даңқының күнинен күнге арта берийў ушын барлық күшин жумсайды, деп исендириўге рухсат етиңиз. *(Қол шаппатлаўлар).*

Пахтакешлердиң Кремльде болған Путкилсоюзлық кеңеси. 1958-жыл, 18—21-февраль. Стенографиялық есап. «Мәмлекетлик аўылхожалық әдебияты» баспасы, Москва, 1958, 194—197-бетлер.

АЗАТ ХАЛЫҚЛАРДЫҢ ҮЛКЕСИ

Буннан қырық жыл бурын ҳәзирги Совет Қарақалпақстаны жайласқан далалар менен қырларда, Қызылқум ҳәм Қарақум баўырайларында, ақсақаллы Арал теңизиниң ҳәм пәтли ағып турған ийримли Әмиўдәрьяның екі бойында қара бултлар көшип жүрди. Ҳәтте сол ўақытларда, үлкениң барлық жерлеринде әдалатсызлық ҳүким сүрип турған мәҳәлде Қарақалпақстан деген сөзди географиялық картадан да, справочниклерден де таўып болмайтуғын еди. Бундай ел де, оның халқы да, территориясы да ҳешкимге мәлим емес еди.

Өткен күнлер қарақалпақ халқы ушын тастай қараңғы зинданы болды. Бизиң балаларымыз, немере-шөберелеримиз қарақалпақлардың өткен ўақытларда қандай етип күн кеширгенин айқын билгиси келсе, онда олар қарақалпақ әдебиятының классиклери болған Күнхожа, Бердақ ҳәм Әжиниязлардың шығармаларына көз тасласа болады. Бизиң сол дәўирдеги ең жақсы шайырларымыз—сөз маржанларының шеберлери, қосықшыларымыз халық менен бирге бахытты күсеп әрман менен өткен. Олар сол әрман ҳәм өкиниишлерин ҳәсиретлерин, үмитин, ең жақсы тилеклерин қосық менен жырлады. Мәселен, Күнхожа «Не болдым» деген қосығында қарақалпақ халқының аш-әптадалығын, ҳеш нәрсеге жарымағанлығын өзи арқалы төмендегише көрсетти:

Тоным диземе жетпеди,
Жыламай күним өтпеди,
Көўилден әрман кетпеди,
Қартайып енди не болдым.

Ашлық ҳәм жалаңашлық бурынлары қарақалпақ халқының бастан арылмас жолдасы болған еди. Оның үстине Хийўа ханлығы ҳәм жергиликли жалпылдақлар, атқа минерлер менен руўханыйлар халыққа салықты ҳәддан тыс көп салып, зар еңиретти. Бул ҳаққында қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақ шайыр «Салық» деген қосығында:

Былтырғыдан быйыл жаман,
Қалай-қалай болды заман,
Ғәрип-қәсер қалмай аман,
Он тилладан келди салық,—

деп сол дәўирдеги өмир шынлығын өз мәҳәлинде дурыс көрсетти ҳәм халықтың тәрепинде болды.

Ал қарақалпақ әдебиятының белгили шайыры ҳәм сөз шебери Әжинияз Қосыбай улы өзиниң «Керек» деген қосығында болажақ жаңа заманды күседи, келешекти үмит етти. Ол бул арманын былайынша көрсетти.

Шад болып дәўран сүриўге,
Жақты дүньяны көриўге,
Кеўилли сайран етиўге,
Әжиниязға заман керек.

Бул арман, әлбетте, орынланды. Бирақ бул арманларды Әжинияз көре алмасада, оның жас оўладлары көрип отыр.

Уллы Октябрь социалистлик революциясына шекем қарақалпақ халқы толқыны көкке шапшыған Әмиўдәрьяның бойларында отырықшы болып, оның жағалаўындағы елатлы пунктлердиң барлығы, көп жерлер байлар менен атқа минерлерге тийисли болып, қарақалпақ халқы еки тәрепке,—биринши Хийўа ханлығына, екиншиси,—Россия патшалығына бойсынатуғын еди. Бул жылларда ҳәзирги қарақалпақ халқының өмир сүриўи турмысы, күн кешириўи күтә машақат ҳәм адам айтып болмайтуғын аўыр болды. Сол дәўирдеги қарақалпақ халқының тийкарғы кәсиби аўылхожалығы болып, онда көбинесе түнде ағаш, мала, кетпен ҳәм орақлар пайдаланылатуғын еди.

Аўыл хожалығы оғада артта қалыў менен бирге, оннан өним жетистириў ҳеш кимди де қанаатландырмады. Егер биз расын айтсақ, аўыл хожалығында пайдаланатуғын қурал-әсбапларға да дийханлардың көпшилиги мүтәж болып келди. Олар сергизданлық менен күн кеширди, жарамлы егис жерлериниң үштен еки бөлими, аўыл хожалығынан алынатуғын продуктлардың төрттен үш бөлеги байлар менен кулакларға тийис болды.

Бул былай турсын, дийханлар өзлериниң азы-кем жерлерин егиў ушын Әмиўдәрьяның толып-тасып атырған суўларына да жарымады. Өзлериниң жерлерине суў айрыў ушын олар оғада қыйланатуғын еди. Кишигиримлеў бир арна қазып жеткериў ушын қысы менен мийнет етип ийинлери қыршылады, еки жолда табанлары тозады ҳәм мураблар менен атқа минерлерден азап-ақыретлер көретуғын еди. Олар өзлериниң қара

күшлери менен жер суўғарыў ушын арна қазып жеткерсе де, бирақ оның суўын байлар пайдаланып келди. Мине бул нәрсе қарақалпақ дийханларын ҳәм аўылларын аш-әптадалыққа дуўшар етип, олардың күн-көрисин, турмыс кешириўин қыйынластырыўға сазаўар етти.

Ал, санаат жөнинде айтатуғын болсақ, онда Октябрь революциясына шекем Қарақалпақстан өзиниң санаатына ийе болмады. Тек ғана айырым жерлерде кустарлық кәрханалар менен азы-кем пахта тазалаўшы өндирислик орынлар бар еди, ал буларда барлығы болып 148 рабочий исләйтуғын еди.

Жол қатнасы да оғада жаман болды. Ҳәтте бир қаладан екиншы қалаға барыў ушын адамлар неше күнлеп жол жүрди, жолда өкшелери жарылды. Мине, сол ўақта халық арасына «Жол азабы—гөр азабы» деген нақыллар тарады. Бул нақыл қарақалпақ халқының өткен ўақытларда жол азабын басынан кеширгенлигиниң айқын гүўасы еди.

Қарақалпақ халқы усындай аўыр ҳәм қысыўметли заманда жасаў менен бирге оқып билим алыў ҳуқықына ийе бола алмады. Оқып билим алыўды айтпағанның өзинде де, бул халықтың жазыў-сызыўы болмады. Мектеп жоқ еди дерлик. Ал бар болған диний мектеплерде тек ғана байлардың ҳәм жуқналы адамлардың балалары ғана оқыды, бирақ бул билимнен халыққа пайда жоқ еди.

Солай етип, қарақалпақ халқының өткендеги турмысы усындай ақырет азапта болды. Ең аўыр заманды басынан кеширген қарақалпақ халқы азатлық ушын талпынып оған жетиўге әрман етер еди. Халықтың үмити ҳәм әрманы босқа кеткен жоқ.

Әмиўдәрьяның еки бойында гезип жүрген қара бултлар енди бурынғыдай қабағын үйе алмайтуғын болды. Коммунистлик партияның басшылығы астында қарақалпақ халқы өз азатлығы ушын гүрес жүргизди. Сөйтип бул үлкеде дөнип турған қара түнек бултларды мәңгилликке қуўып шықты ҳәм ақ сақаллы Арал менен Әмиўдәрьяның бойларында жаңа, бахытлы заман орнады. Бул Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси еди.

Тап сол ўақытларда қарақалпақ шайыры Аяпберген Муўса улы:

Октябрьде болды ҳүррият заман,
Кетти басымыздан қайғы-ғам думан,
Заманымыз енди болды абадан
Қомбағалға нәўбет жете баслады.—

деп Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңисин, азатлық турмысты үлкен қуўаныш пенен йошлаған жырлаған еди. Бул қосықта езилген кәмбағаллардың шын жүрегинен шыққан қуўанышы, Октябрьдиң халыққа алып берген теңлиги, халықты бахытқа жеткергени шайыр тили менен ҳақыйқат дурыс соз етилди.

Аяпберген Муўса улы Октябрьде қуллықтан азат болған гедейлердиң өз умитине, арманына жетип, буған болған халықтың үлкен қуўанышын былай деп жырлады:

Халыққа толдылар дүньяның жүзи,
Көрмеди, гөр болды душпанның көзи,
Бийитибар болып байлардың сөзи,
Гедейлер өз ишин қыла баслады.

Солай етип қарақалпақ халқын Уллы Октябрь социалистлик революциясы ғана азат етти ҳәм уллы бахытқа жеткерди.

Қарақалпақ халқы Совет власты орнағаннан кейин биринши рет миллет сыпатында бирлести, өзиниң милий мәмлекетине ийе болды. Бурын жазыў-сызыўына ийе болмаған қарақалпақ халқы өз үлкесинде мектеплер ашты ҳәм оқып билим ала баслады.

1924-жылы қарақалпақ халқы автономиялы область болып бирлести, ал соңырақ Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасына айналды. Бул Уллы Октябрь социалистлик революциясының ҳәм Коммунистлик партия менен совет ҳүкиметиниң дана басшылығының, ленинлик миллет сиясатының қарақалпақ халқына берген таўсылмас жемиси еди.

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы 1936-жылдан баслап Өзбекстан Совет Социалистлик Республикасының составына қосылды ҳәм оның бир бөлеги болды. Еки туўысқан халық—өзбек ҳәм қарақалпақ халқы рус халқының, Коммунистлик партия ҳәм совет ҳүкиметиниң басшылығы менен кең айдын жолға түсти ҳәм бул айдын жолда алға қарай раўажланып баратыр.

Соның менен бирге совет дүзими қарақалпақ халқының дөретиўши күшлерин раўажландырды, мазмуны бойынша социалистлик мәдениятымыз жаңа пәт пенен раўажланбақта. Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасында жаңа санаат Совет власты жыллары ишинде ғана пайда болды. Ҳәзирги ўақытта республикада пахта тазалаўшы май ислеп шығарыўшы көплеген заводлар, балық консерва комбинаты ҳәм басқа да ҳәр қыйлы кәрханалар, сондай-ақ жеңил санааттың гейпара кәрханалары пайда болды. Қарақалпақстанның территориясындағы кәрханалар ислеп шығаратуғын өнимлер 1913-жыл менен салыстырғанда 110 есе артты.

Быйыл республикамызда Қарақалпақстан экономикалық административлик районының Халық хожалығы совети дүзилди. Бул Халық хожалығы советиниң дүзилиўи республиканың тәбийғый байлықларын тағы да анағурлым жақсырақ өзлестириў ҳәм дурыс пайдаланыўды әмелге асырыўға мүмкиншилик береди.

Алтыншы бес жыллықтың ишинде республикамыздағы санааттың улыўма өним ислеп шығарыў муғдары бир ярым еседен артығырақ өседи. Республикамыздың территориясындағы қурылыс материалларын ҳәм басқа жер асты байлықларын өзлестириў, бул тараўда илимий-изертлеў жумысларын алып барыў бойынша бизиң алдымызда оғада үлкен ҳәм әҳмийетли ўазыйпалар турыпты. Республиканың территориясында төрт жүз мың гектар жер майданын ийелеп атырған қамысларды пайдаланыў ушын қайта ислеп, буннан түрли-түрли керек жарақлар ислеп шығарыўшы ири қурылыс комбинаты болыўы керек.

Республикада санаат, турақ жайлар ҳәм мәдений орынларды қурыўға жылдан-жылға үлкен әҳмийет берилмекте. Бурынғы ўақытларда үстинде қум көшип жүрген саҳрада ҳәзирги ўақытта республиканың пайтахты Нөкис қаласында көп этажлы бийик жайлар жарқырап турыпты. Пайтахтта турақ жайлар, мәдений қурылыслар, оқыў орынлары, тез ўақыттың ишинде-ақ жүзеге келди ҳәм олар тез өсти.

Нөкис қаласы жылдан-жылға абадан ҳәм көркем болып баратыр. Қаланың ишинде сулыў бағлар, ири көп этажлы бийик жайлардың майданшаларында гүллер өспекте, қаланың көшелери асфальтланды. Қаладағы «Жеңис» мәденият ҳәм дем алыў парки қаланың мий-

неткешлерининң дем алыс орайына айланбақта: бул жерде К. С. Станиславский атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик театрының жазғы ойын көрсетиў орны, көплеген оқыў заллары ҳәм басқа да мәдений орынлар бар.

Қарақалпақстанның басқа да қалалары менен район орайлары бурын көрилмеген дәрежеде абаданласпақта ҳәм олар көз тартарлық дәрежеде көркем болмақта. Буннан тысқары колхозларда колхозшылар ушын жаңа турақ жайлар ҳәм көшеме-көше қатарластырылып салынып атырған жаңа поселкалар пайда болып атыр.

Республиканың халық хожалығы тараўында оғада үлкен роль атқаратуғын Тахиаташ теплоэлектростанциясының қурылысы қызғын пәт пенен даўам етпекте. Сондай-ақ Чаржоў—Қоңырат темир жолының қурылысы республиканың экономикасын тағы да раўажландырыўға, соның менен бирге аўыл хожалығын анағурлым жақсылаўға күтә мүмкиншиликлер берди.

Рус ҳәм Советлер союзындағы басқа да туўысқан халықлардың жәрдеми, Советлер Союзы Коммунистлик партиясы менен Совет ҳүкиметининң басшылығы астында Қарақалпақстанда аўыл хожалығын социалистлик тийкарда қайта қурыў иси әмелге асырылды. Ҳәзирги ўақытта Республикамызда 7 МТС, 22 совхоз, 4 машина—экскаватор станциясы шөлкемлестирилген. Көплеген трактолар менен автомашиналар, экскаваторлар менен басқа да ҳәр қыйлы механизмлер Қарақалпақстанның пахтакеш дийханлары менен шаруўаларының мийнетин анағурлым жеңиллестирди, дийханшылықтан бурын көрилмеген дәрежеде жоқары зүрәәт алыў тәмийинленбекте.

Қарақалпақстанның пахтакеш дийханлары өз хожалықларын колхозластырыў жолы менен қурғын ҳәм мәденийятлы хожалыққа айландырды, олар партия ҳәм ҳүкиметимиздиң бәркулла көрсетип отырған гамхорлығы менен социалистлик аўыл хожалығын ҳәм оның тийкарғы тараўы болған пахташылықты раўажландырыўда күтә үлкен табысларды қолға киргизди ҳәм буннан былай да жаңа табысларға ерисе бермекши. 1913-жыл менен салыстырып қарағанда пахта егилетуғын жерлердиң көлеми 10 есе, ҳәр бир гектар жерден алынатуғын зүрәәттиң орташа муғдары 22 есеге шекем артты. Егер 1913-жылда 8.300 тонна пахта зүрәәти алынған болса, республиканың колхозлары өткен жылы мәмлекетимизге 165,8 мың тонна пахта тапсырды. Бул—революциядан бурынғы жылларда жетистирилген барлық зүрәәттен 10 есе көп деген сөз.

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының аўыл хожалығы тараўында социалистлик мал шаруўашылығы белгили орынды ийелейди. Республиканың колхозлары менен совхозлары 1940-жылға қарағанда гөш жетистириўди 9,7 есе, сүтти 6,8 есе, жүн жетистириўди 6 есе, қаракөл тери жетистириўди 3,4 есе арттырды. Жайлаўларды өзлестириў, қудық қазыў ҳәм басқа да шаруўашылықтың әҳмийетли жумысларының аўыр процесслерин механизацияластырыўда мәмлекетимиз көп жәрдем көрсетти ҳәм көрсетип атыр. Социалистлик мал шаруўашылығындағы аўыр процесслерди механизацияластырыў шаруўалардың бул тараўдағы жумысларын анағурлым жеңиллетти, олардың социалистлик мал шаруўашылығын тағы да раўажландырыўға болған қызығыўшылығын арттырды.

Совет власты жыллары ишинде жипекшилик ҳәр тәреплеме раўажландырылды. Бурынлары үлкемизде жипекшилик күтә аз муғдарда еди.

Ҳәзирги ўақытта жетистирилип атырған пилле революциядан бурынғы дәреже менен салыстырғанда 15 есе көп.

Быйылғы жылы республикамызда 20 совхоз шөлкемлестирилип отыр. Колхозлар тийкарында совхозлардың шөлкемлестирилиўи бизиң республикамыздың аўыл хожалығын буннан былай да жоқары пәт пенен раўажландырыў ушын Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметининң көрсетип атырған ғамхорлығының айқын белгиси болып табылады. Жаңа совхозлардың шөлкемлестирилиўи пахта, гөш, сүт, жүн, овощ, мийўе ҳәм басқа да аўыл хожалық өнимлерин жетистириўди тағы да арттырыў мүмкиншилигин береди.

Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметининң тынбай көрсетип атырған ғамхорлығынан рухланған республикамыздың мийнеткешлери аўыл хожалығы хызметкерлериниң усы жылы 21-августта болып өткен республикалық кеңесинде Уллы Октябрь социалистлик революциясының қырық жылға толыў ҳүрметине болып атырған социалистлик жарысқа қосылып, 185 мың тонна пахта бериў миннетлемесин алды.

Бул социалистлик миннетлеме ҳәзирги ўақытта биз-

зиң гүллән пахтакешлеримизди рухландырып жиберди. Олар Коммунистлик партия алдында, Совет Уатаны алдында бул миннетлемени инабатлы түрде орынлап шығыў ушын Октябрь алды социалистлик жарыс пенен ислеп, жетистирилген зүрәәттиң бир грамын да сепсит-пей жыйнап алыўға умтылмақта.

Қарақалпақ халқының әдебияты ҳәм искусствосы, миллий мәденияты бәҳәр гүллерине усап ғаўлап өсип баратыр. Республикада көплеген жазыўшылар менен шайырлар, драматург ҳәм әдебиятшылар өсип шықты.

Ҳәзир жаңа заманды, халықлар дослығын, Коммунистлик партияны жырлаўшы жаңа шығармалар қосылып, поэзиямыз бурынғыдан да бетер байыды. Қарақалпақ совет әдебиятының өсиўине жазыўшыларымыздың уллы рус халқының классикалық ҳәм ҳәзирги дәўирдеги рус, сондай-ақ бир семьяда жасап атырған басқа да барлық халықлардың әдебиятын жете үйреніп барыўы үлкен тәсир етти.

Белгили шайыр ҳәм жазыўшыларымыз Жолмурза Аймурзаевтың, Асан Бегимовтың, сондай-ақ марҳум шайыр ҳәм жазыўшылар Н. Дәўқараевтың, Д. Назбергеновтың, М. Дәрибаевтың ҳәм А. Шамуратовтың исимлери тек бизиң республикамызға ғана емес, басқа да қоңсылас туўысқан республикалардың халықларына мәлим.

Искусство тараўында да көп жетискенликлерге ерисилди. К. С. Станиславский атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик театрының актерлары өзлериниң шеберлигин жетилистирмекте. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң депутаты Жапақ Шамуратовтың, Өзбекстан ССР халық артистлери Юлдаш Мамутовтың, Абдулла Сапарғалиевтиң, Рейимбай Сейитовтың, Гүлхан Ширазиеваның, Тоқта Рахмановаңың ҳәм Айымхан Шамуратовалардың атлары журтшылығымызға кеңнен таралыў менен бирге, олардың исимлери басқа республикаларға да жайылмақта.

Революцияға шекем пүткиллей саўатсыз болған Қарақалпақстанда ҳәзирги ўақытта 538 баслаўыш, жети жыллық ҳәм орта мектеплер болып, оларда 84 мыңнан аслам оқыўшылар билим алмақта. Мектеплерден тысқары республикамызда педагогикалық институт, ҳәр қыллы техникумлар бар, соларда 2 мыңнан аслам студентлер оқып атыр.

Республикамызда илимий мәкемелер ашылды ҳәм бул мәкемелер илимий-изертлеў жумысларын табыслы жүргизбекте. Ҳәзир Совет Қарақалпақстанында Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан комплексли институты, Союзы НИХИдың тәжирийбе станциясы ҳәм басқа да илимий станциялар бар. Қарақалпақ халқы илимий мәкемелерге ийе болды. Ҳәзир республикамызда илим кандидатларының саны әдеўир көбейди.

Уллы Октябрь социалистлик революциясына шекем қарақалпақлар аўырған жағдайда емлениў мүмкиншилигине ийе емес еди. Көпшилик ўақытларда наўқас адамлар тәўиплердиң алдаўына түсип, емлениў орнына қайта бурынғыдан да бетер аўырыўға шаталып келер еди. Ал ҳәзирги ўақытта үлкемизде врачлардың саны жылдан-жылға артпақта. Мәселен, СССР Жоқарғы Советиниң депутаты, врач-хирург Оразымбет Халмуратовтың ҳәм басқа да көплеген врачлардың атлары көпшиликке мәлим. Олар совет адамларының өмири ушын гүресип, өлимди жеңбекте.

Миллий кадрлардың өсип шығыўы республикамыздың ерискен әжайып табысларының бири екенлиги сөзсиз. Революциядан кейин үлкемизде жергиликли интеллигенцияның көп санлы отрядлары— муғаллимлер, врачлар, инженерлер, техниклер, агрономлар, зоотехниклер, партия ҳәм совет хызметкерлери, әдебият ҳәм искусство хызметкерлери өсип шықты.

Республикада газета-журнал ҳәм баспа жумысларының жүзеге келиўи, қарақалпақ халқының ҳәр қыйлы әдебиятларды өз ана тилинде оқыўына мүмкиншилик берди. Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы рус әдебиятының классиклери А. Пушкин ҳәм М. Лермонтовтың ҳәм рус совет әдебиятының атақлы ўәкиллери М. Горькийдиң, А. Толстойдың, М. Шолоховтың, Д. Фурмановтың ҳәм басқалардың көплеген шығармаларын басып шығарды ҳәм халқымыз бул шығармаларды қарақалпақ тилинде сүйип оқымақта.

Социалистлик аўыл хожалығы бурын көрилмеген дәрежеде қызғын пәт пенен раўажланып, аўыл хожалығының ең алдыңғы адамлары өсип шықты. Өткен жылдың өзинде ғана бизиң республикамыздың алдыңғы қатардағы он пахтакешине Социалистлик Мийнет Қаһарманы деген ҳүрметли атақ берилди ҳәм олар Ленин

ордени және «Орақ ҳәм балға» алтын жулдызлары менен наградланды. Ҳәзир республикамызда 11 Социалистлик Мийнет Қаҳарманы бар. Мине, бул көрсетилгенлердиң барлығы Совет Қарақалпақстанында ғана болып отыр. Бул ерисилген табыслар Уллы Октябрь Социалистлик революциясының жайнаған жемиси ҳәм Советлер Союзы Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң, ленинлик миллет сиясатының қарақалпақ халқына берген мәңгилик бахыты болып табылады.

Қарақалпақ халқы рус халқының ҳәм басқа да туўысқан республикалардың халықларының берген жәрдемине, Уллы Октябрь берген мәңгилик бахтына ҳәм Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң аталық ғамхорлығына бәрқулла миннетдар екенин умытпайды. Ҳәзирги ўақытта республиканың интеллигенциясы, мийнеткешлери КПСС XX съезди алға қойған ўазыйпаларды табыслы түрде әмелге асырыў ушын шын жүректен мийнет етип, бул программаны турмысқа асырыўдағы барлық мүмкиншиликлерди пайдаланып атыр ҳәм олар ўазыйпаны орынлап шығыўға таяр.

«Октябрь нурлары» топламы,
ҚМБ, 1957-жыл.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ЖЕРГИЛИКЛИ СОВЕТЛЕРИНИҢ ЖАҢА ЖАҒДАЙЛАРДАҒЫ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Колхозларды буннан былай да раўажландырыў ҳәм машина-трактор станцияларын қайта шөлкемлестириў ҳаққында СССР Жоқарғы Советиниң қабыл еткен Нызамы ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң февраль Пленумының қарарлары аўылхожалық өндирисин жаңадан көтериў ушын күтә үлкен әҳмийетке ийе. Бул аўылхожалығында бар резервлерди анағурлым толық пайдаланыў ушын қолайлы жағдайлар дүзип берди. Колхозларда МТС лардан сатып алған техниканы әдеўир жақсы пайдаланыў ушын, мийнет өнимин арттырыў, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыў ҳәм дийханшылық және малшаруашылығы өнимлерин жетистириўди анағурлым көбейтиў ушын үлкен мүмкиншиликлер ашып берди.

Партия менен ҳүкиметимиз соңғы жылларда хожалық ҳәм мәдений қурылыста аўыллық Советлердиң ролин арттырыў бойынша бир қатар әҳмийетли илажларды әмелге асырды. Аўыллық Советлерге анағурлым кең ҳүқықлар берилген. Атқарыў комитетлерине басшылық етиўге аўылхожалық өндирисин жақсы билген, тәжирийбели хызметкерлер, уқыплы шөлкемлестириўшилер қойылды. Мийнеткешлер депутатларының көплеген аўыллық Советлери соңғы ўақытта өз жумысын айтарлықтай жақсылады, хожалық ҳәм мәдений турмысты терең түсинип, оған истиқ көзин билип оперативлик басшылық ете баслады.

Төртқул районының Ленинабад аўылсовети, Келтеминар аўыллық совети, Беруний районының Шаббаз аўыллық совети, Әмиўдәрья районының Қытай аўыллық совети, Хожели районының қолап аўыллық совети ҳәм басқалар өз жумысын жақсы жолға қойыўда мысал бола алады. Бул аўыллық Советлердиң территориясында жайласқан колхозлар 1957-жылы пахта зүрәатын арттырды, пахта ҳәм мал-шаруашылық өнимлерин тапырлаўдың мәмлекетлик планларын орынлады, быйылғы жыллы арттырылған миннетлемелерин орынлаў ушын табыслы гүресекте.

Барлық совхозларда мийнеткешлер депутатларының поселкалық Советлериниң шөлкемлестириўши комитетлери дүзилди. Олар сайлаў өткерилгенге шекем совхоз территориясында поселкалық Советлердиң барлық ўазыйпаларын атқарады. Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети ҳәм районлық атқарыў комитетлери тәрепинен штатлар тастыйықланды ҳәм истиқ көзин биплетуғын хызметкерлер менен толықтырылды. Шөлкемлестириўши комитетлердиң көбиси өз жумысы басланған мәҳәлден-ақ жақсы нәтийжелер көрсетти. Кегейли поселкалық Советиниң шөлкемлестириўши комитети совхозға жәрдем көрсетиў бойынша жумысты жақсы шөлкемлестирди. Кегейли поселкасының жумыс ислемеген халқын тартты, егинлерди қорғаўды шөлкемлестирди, биринши ярым жылдық планын артығы менен орынлап, аўыл хожалық өнимлерин таярлаўды шөлкемлескен түрде өткерди.

Жумысты аўыллық ҳәм поселкалық Советлер арқалы жүргизиў—бул биринши гезекте шөлкемлестириў—массалық жумысты жанландырыўда, масса менен байланысты беккемлеўде оларға жәрдем етиў деген сөз. Гейпара аўыллық Советлер массаны шөлкемлестириў-

шилер ўазыйпасын босаң орынламақта, мийнеткешлердиң турмыс итияжлары ҳаққында жеткиликли ғамхорлық көрсетпейди, оз жумысында депутатларға ҳәм кең активке сүйенбейди.

Хожели районының Сарышуңгул аўыллық Советинде 18 депутат бар, бирақ олардың көпшилигиниң не ислеп жүргенине атқарыў комитети қызықпайды, олар актив жумысқа тартылмаған ҳәм депутатлардың не менен шуғылланғанын билмейди.

«Маңғыт» совхозының поселкалық Советиниң шөлкемлестириўши комитети (председатели жолдас Бабажанов) поселкалық Советиниң составына кирген аўыллық Советлердиң депутатларынан ажыралып қалған, сүйенетуғын актив дүзбеген, масса менен байланысы кўтә аз.

Массаға сүйенбей турып, хожалық ҳәм мәдений қурылыстың ўазыйпаларын шешиўге актив қатнаспай турып, жумыста айтарлықтай табыслы болыўы мүмкин емес екенлигин бул ҳәм гейпара басқа да аўыллық Советлердиң басшылары түсинбей отырса керек.

Партиямыздың XX съездиниң қарарларында ҳәм «Мийнеткешлер депутатлары Советлериниң жумысын жақсылаў және олардың масса менен байланысларын күшейтиў ҳаққындағы» КПСС Орайлық Комитетиниң 1957-жылы 22-январьдағы қарарында хожалық ҳәм мәмлекетлик басқарыў ислерине массаны кеңнен тартыў, сондай-ақ олар тәрепинен Советлердиң атқарыў комитетлериниң ҳәм олардың органларының жумысын қадағалаў зәрүрлиги көрсетилди.

Сессиялар Советлер жумысының әҳмийетли шөлкемлестириўши формасы болып табылады. Районлық ҳәм аўыллық Советлердиң сессиялары еки айда кеминде бир рет шақырылыўы тийис. Бирақ Қуйбышев ҳәм Кегейли районларында сессияларды шақырыў мүддетлери орынланбайды. Ал сессияларды өз ўақтында шақырмай турып, Советлердиң жумысын қадағалаў мүмкин емес. Сессияларда Советтиң ҳәм оның атқарыў комитетиниң практикалық жумысын белгилейтуғын хожалық ҳәм мәдений турмыстың анағурлым әҳмийетли мәселелери дадаланады ҳәм шешиледи. Сессиялардың қарарлары конкрет, ислердиң аўҳалын жақсылаўға ҳақыйқат жәдемлесетуғын қарарлар болыўлары тийис. Ал буның ушын сессиялардың алдын-ала таярланыўлары зәрүр,

материалларды таярлаўда оларға депутатларды, Советлердиң турақлы комиссияларын, совет активин кеңнен тартыў керек. Бирақ сессияны өз ўақтында ҳәм жоқары дәрежеде өткериў, ҳәм сессияда ямаса атқарыў комитетинде конкрет және дурыс қарарлар қабыл етиў жеткиликсиз. Ең баслысы ҳәм тийкарғысы—Советлердиң сессиясы, атқарыў комитети, шөлкемлестириўши комитет қабыл еткен қарарлардың практикада әмелге асырыў исин шөлкемлестириўден ибарат. Атқарыў комитетиниң барлық күшлери буған қаратылыўы, депутатлардың күш салыўлары буған мобилизацияланыўы, совет активи буған тартылыўы тийис.

Қарақалпақстанның районлық ҳәм аўыллық Советлеринде 3305 депутат бар. Булар—бизиң елимиздиң ең жақсы адамлары, жаңа турмыстың актив қурылысшылары. Олардың арасында колхозшылар ҳәм рабочийлар, аўылхожалығы механизаторлары, инженерлер ҳәм техниклер, агрономлар, зоотехниклер, муғаллимлер, медицина хызметкерлери, аўылхожалық өндирисиниң шеберлери, колхоз, совхоз басшылары бар.

Депутатларға кең түрде сүйенип, олардың ҳәр тәреплеме тәжирийбесинен пайдаланып, советлер аўылхожалық, хожалық ҳәм мәдений қурылыс мәселелерин шешиў, хожалық жумыслардың барлық тараўларын үзликсиз қадағалаўды әмелге асырыў мүмкиншилигине ийе болады.

Советлер менен массаның байланысын беккемлеў—депутатлардың активлигин арттырыў деген сөз. Советлердиң күши—депутатлардың активлигинде. Жергиликли Совет атқарыў комитетлериниң басшылары буны көп ўақытларда есинен шығарады.

Советлердиң қасында депутатлардан ибарат дүзилген турақлы комиссиялар көп ўақытта ислемейди. Ал енди бундай комиссиялардың тутқан орны кўтә үлкен. Советлер қасындағы турақлы комиссиялар советлер алдында турған ўазыйпаларды табыслы түрде орынлаў ушын жәрдем көрсетиўи керек. Советлердиң турақлы комиссияларының жумысын ең жайдырыў, бул комиссиялардың жумысына аўыллық активлерди кең түрде тартыў—мийнеткешлер депутатларының районлық ҳәм аўыллық Совет атқарыў комитетлериниң биринши гезектеги ўазыйпасы болып табылады.

Ўазыйпа—барлық депутатлардың сайлаўшылар ме-

нен бирдейине байланыслы болыўынан, сайлаўшылар алдында есап берип турыўынан, сайлаўшылар алдында өз жуўапкерлигин сезиўинен, партия ҳәм ҳүкиметтиң, жергиликли советлердиң қарарларын халыққа түсиндириўден ҳәм бул ўазыйпаларды орынлаў ушын мийнеткешлерди шөлкемлестириўден ибарат.

Советлердиң жумысында сайлаўшылардың пикир ҳәм тилеклерин орынлаўға, мийнеткешлердиң шағым арза ҳәм хатларын өз ўақтында қараў ҳәм әмелий түрде шешиўге артықмаш кеўил бөлиниўи керек.

Совхозлардағы поселкалық советлерде шөлкемлестириў комитетлериниң хызметкерлери адамлардың өзлерине келиўин кеңседе күтип отырмай, ал совхозлардың бөлимлерине, участкаларына, фермаларына бирдейине барып турыўы, рабочийлардың үйинде ҳәм өндиристе болыўы, олар менен гүрриңлесиўи, гражданлардың арза, шағым арзаларын шешиўи керек.

Коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети социалистлик экономиканы барынша беккемлеў ҳаққында тынбай ғамхорлық етпекте. Ал, енди мәкемелердиң, шөлкемлердиң, колхозлардың ҳәм айырым адамлардың нызамды бузыўына қарсы гүрес босаң жүргизилмекте. Соңғы ўақытқа шекем аўылхожалық артели Уставын бузыў аўҳалары сапластырылған жоқ, колхоз ҳәм совхоз жерлерин талан-тараж етиў, колхоз мүлкин урлаў фактлары, пахтаны ҳәм басқа егинлерди маллардың басқылаў аўҳалы, совхозларда, мәкемелерде ҳәм шөлкемлерде мийнет нызамының бузылыўы аўҳалы бар. Пенсиялар ҳаққындағы нызамның бузылыўы, гражданлардың ҳуқықын кемситиў аўҳаллары аз емес. Колхозшылардың ҳәм совхоз рабочийларының мийнет тәртибин бузыў, жәмийетлик мийнеттен бас тартыў, айырым гражданлардың тегин турмыс кешириў аўҳаллары да бар. Жергиликли Советлер совет нызамларының ҳәр қандай бузылыўына қарсы гүрес жүргизиўи керек.

Советлер ҳәм олардың атқарыў комитетлери өз жумысын нызамлар тийкарында дүзип ғана қалмай, бул нызамлардың барлық мәкемелер, хызмет адамлары ҳәм гражданлар тәрепинен беккем түрде сақланыўына да ерисиўи керек.

Аўылхожалық мәселелерин шешиўде райаткомлар, аўыллық ҳәм поселкалық советлер мийнетти шөлкемлестириўдиң алдыңғы анағурлым прогрессив усылларын

қоллануўға, трактор—атыз бригадаларының ҳәм комплекс механизация звеноларының жумысына артықмаш кеўил бөлиўи керек. Бул бригада ҳәм звеноларда еңбек өнимлигин шығарыў менен жумысты жоқары сапада жүргизиў, техникадан жоқары өнимли пайдаланыў тийкарында пахта жетистириўди арттырыў иси тәмийин етиўге өндириў процесслерине бир ыңғай басшылық етиўге ерисилмекте. Жергиликли (районлық, аўыллық, совхозлардағы поселкалық) Советлер трактор атыз бригадаларының жумысын бирдейине қадағалап отырыўы, оларға өз үстине алған социалистлик миннетлемелерин табыслы орынлаў ушын бирдейине жәрдем көрсетиўи, ең жақсы трактор—атыз бригадаларының ҳәм комплекс механизация—звеноларының тәжирийбелерин көпшиликке арасына жайыўы ҳәм қоллануўы керек.

Райаткомлардың, олардың бөлимлериниң аўыллық ҳәм поселкалық Советлердиң шөлкемлестириў комитетлериниң басшылары өзлери техниканы үйрениўи ҳәм бул техниканы совхоз басшыларының, бөлим ҳәм колхоз басшыларының үйрениўин шөлкемлестириўи зәрүр.

Аўылхожалығында ҳәзир өним жетистириўди арттырыў әҳмийетли болып ғана қалмай өнимди арзанлатыў да әҳмийетли. Совет халқының материаллық абадан-лығын бунан былай да арттырыў мине усыған байланыслы.

Ал, енди аўылхожалық өнимлериниң өзине түсер баҳасы республиканың бир қатар колхоз ҳәм совхозларында еле де жоқары. Өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўда мийнет жумсаў үлкен әҳмийетке ийе. Мийнет жумсаўда талан-тараж етиўшилик, мийнет өнимин кемитиў аўҳаллары бар, әсиресе бундай аўҳал жумыс күшлери менен тәмийин етилген, түслик районлардың колхозларында көп. Мәселен, төмен зүрәәтли болған Куйбышев районында орта есап пенен ҳәр адам басына 2760 килограмм пахта өсирилген ҳәм мәмлекетке тапсырылған болса, Төрткүл районында ҳәр адам басына 2240 килограмм пахта жетилистирилди. Ўазыйпа—ислеп атырған ҳәр адам басына аўылхожалық өнимлерин көп алыўдан ибарат. Бул ҳәр бир колхоз ҳәм совхоздың, ҳәрбир совхоз бөлиминиң, ҳәр бир бригада ҳәм фермаының үлкен хожалық ўазыйпасы болып табылады.

Өндиристиң экономикасын терең түрде билиў, совхоз ҳәм колхоз өндирисинде хожалық есабын кең түрде

қолланыў совхозларда хожалық есабы бөлимлерин, колхозларда хожалық есабы бригадаларын шөлкемлестириў, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыў керек.

Экономикалық билим бериў, конкрет экономиканы үйрениў исинде республикада өткерилип атырған экономикалық конференциялар жақсы орын тутты. Бул тәжирийбени кеңейтиў ҳәм усындай экономикалық конференцияларды өткерип турыў керек. Буныңдай конференцияларды өткергенде, колхозлар, совхозлар, совхозлар бөлими ҳәм фермалар бойынша тийисли дәрежеде таярлық көриў менен өткериў керек.

Малшаруўашылығын раўажландырыўда республиканың советлери ҳәм аўылхожалық органлары алдында үлкен ўазыйпа тур. Бизиң республикамыз малшаруўашылық өнимлерин жетистириўде Өзбекстан бойынша да, барлық Советлер Союзы бойынша да ең соңғы орынлардың биринде тур. Буған көниўге болмайды. Малшаруўашылығын көтериў ушын бәринен де бурын, от-шөп базасын дүзиў керек. Мәкке ҳәм ақ жүўери егиў жумысын шөлкемлестириў, жоңышқаны жақсы тәрбиялаў, от-шөп таярлаўды ең жайдырыў, силослаў исин пухта өткериў керек, бул малшаруўашылығында ең әҳмийетли ис болып табылады. Малшаруўашылығын кадрлар менен беккемлеў, бул жумысқа жасларды тартыў, жумыс исленеў ушын колхоз ҳәм совхозлардың малшаруўашылық хызметкерлерине жағдай дүзиў зәрүр.

Мийнеткешлер депутатларының Советлери республикада бағшылықты ҳәм жүзимшиликти кең түрде раўажландырыўға да жақыннан кеўил бөлиўи керек. Усы жылдың гүзинен баслап колхозшылардың үй қапталы участкаларында, қалалар ҳәм поселкалардың көшелеринде, совхозларда, мектеп алды участкаларында ҳәм басқа жерлерде мийўе ағашларын ҳәм жүзим нәллерин егиўди шөлкемлестириў керек, ҳәрбир колхоз, ҳәрбир совхоз өз бағына ийе болсын.

Кең жәмийетшилик ҳәм биринши ретте жаслар, комсомол кең түрде қатнаспай турып, поселкаларды, совхозлардың орайлық елатлы пунктлерин, совхоз бөлимлери қасындағы поселкаларды абаданластырыў ушын табыслы түрде гүрес жүргизиў мүмкин емес.

Поселкалық, аўыллық ҳәм мийнеткешлер депутатларының басқа да жергиликли Советлериниң тиккелей миннети—елатлы пунктлерге терек егиў ҳәм оларды

абаданластырыў бойынша комсомолдың инициативасын кең түрде қуўатлаўдан, жақсы нәтийжели жумыс жүргизиў ушын жасларға жағдай дүзиўден, аўыл жәмийетшилигин усы ўазыйпаны шешиўге мобилизациялаўдан ибарат.

Советлер тек хожалық қурылыста ғана емес, ал мәдений қурылыста да массаны шын шөлкемлестириўшилер болыўы керек.

Советлердиң миннети—мектеп, кеселхана, монша, балалар мәкемеси, клуб ҳәм китапханалардың, магазинлердиң, асханалардың және халыққа хызмет көрсететуғын басқа кәрхана ҳәм мәкемелердиң жумысларын жақсылаў менен жақыннан шуғылланыўдан ибарат.

Республика хожалығының тийкарғы тараўы болған пахташылықты буннан былай да раўажландырыў 1958-жылы кемиңде 200 мың тонна пахта өсириў ҳәм мәмлекетке тапсырыў жөниндеги социалистлик миннетлемени орынлаўға массаны мобилизациялаў республиканың совет органларының тийкарғы ўазыйпасы болып табылады. Бул ўазыйпа аўылхожалығының басқа тараўларын, санаатты раўажландырыў менен, халыққа мәдений турмыс жағынан хызмет көрсетиўди жақсылаў менен бирге шешилиўи керек.

Хожалық ҳәм мәдений қурылыс бойынша КПСС XX съездинде ортаға қойылған ўазыйпаны табыслы түрде орынлаў ушын мийнеткешлердиң дөретиўшилик активлигин кескин түрде арттырыў мийнеткешлердиң мәмлекетти басқарыўға анағурлым кең түрде қатнасыўын тәмийин етиў зәрүр. Бул исте мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлери үлкен орын тутады.

«Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 13-июль 1958-жыл.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАЛЫҚ КОМИССАРЛАР СОВЕТИНИҢ ЕКИ ПРЕДСЕДАТЕЛИ

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң табыс ҳәм жеңис минары бийик болып көриниўде. Табысларымыздың ирге таслары дәслепки жыллардан қаланғаны, оны қаласыўда халқымыздың бир қанша әдиўли перзентлери аянбай хызмет еткени мәлим. Бизиң коммунистлик партиямыз халық ушын хызмет еткен адамларды умытпай мәңги есте сақлаўды үйретип киятыр.

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилгенине елиў жыл толыў мерекесине байланыслы халқымыздың бир қатар әдиўли уллаларын еске алыў мақсетинде усы қатарларды жазып отырмыз.

1932-жылы 20-мартта Қарақалпақстан Автономиялы областы Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик республикасы болып қайта дүзилди ҳәм ол Россия Федеративлик Совет Социалистлик республикасының составына кирди. Усы биринши рет дүзилген Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик республикасының биринши ҳүкимет баслығы—Қарақалпақстан Халық комиссарлары советиниң председатели болып Қасым Әўезов тайынланады. Қ. Әўезов 1897-жылы ҳәзирги Шымбай районының Бесжап аўылында туўылған. Ол он бир—он еки жасына шекем ата-анасының тәрбиясында болады, кейин он жети жасларына шекем ески мектеплерде оқыйды. Болажақ мәмлекетлик гайраткер ҳәм жазыўшының ата-анасы да, өзи де турмыстың көп қыйыншылығын, кемтарлығын бастан өткерди. Ол 1920-жылға шекем өз аўылында болып талап етсе, 1921-жылдың май айына аўыл исполкомының хатшысы ҳәм союз қосшының ағзасы болады. 1922-жыл коммунистлик партия қатарына киреди. Усы жылдың бир қатар айларында Шымбайдағы интернат—мектептиң баслығы ҳәм муғаллими болады. 1922-жылдың сентябринде Самарқандтағы областлық партия мектебине жибериледи. Оны питкерип келгеннен кейин Шымбайдағы интернаттың баслығы ҳәм уездлик халық билимлендириў бөлиминиң баслығы болып ислейди. 1923-жылы сентябрьде оны Ташкенттеги Орта Азия Коммунистлик университетине жибереди. 1924-жылдың ноябринде Түркстан Коммунистлик партиясының Орайлық Комитети оны оқыўдан шақырып, тазадан шөлкемлескен Қарақалпақ автономиялы областының шөлкемлестириў бюросының қараўына жибереди. Бул жерде оны областлық Билимлендириў бөлиминиң баслығы етип тайынлайды. Бул жумыста 1924-жылдың декабринен 1925-жылдың июнь айына шекем ислейди ҳәм соның менен бирге областлық революциялық комитеттиң ағзасы болады.

Қасым Әўезов 1925-жылдың июнь айынан баслап Қарақалпақ областлық атқарыў комитетиниң председа-

дателиболып тайынланады. Бул жумыста 1929-жылдың март айына шекем ислейди. 1929-жылдың апрелинде ол Қазақстан Орайлық Атқарыў комитети председателиниң орынбасары ҳәм Қазақстан Ишки ислер халық комиссары болып тайынланады. Бул жумыста 1930-жылдың октябрине дейин ислейди. 1930-жылдың ақырынан 1931-жылдың аяғына шекем Қ. Әўезов Москвада Россия Совет Федеративлик Социалистлик республикасы Орайлық Атқарыў комитети қасында Қарақалпақ ҳүкиметиниң турақлы ўәкили болып ислейди. 1932-жылы Қарақалпақстан АССР Халық комиссарлар Совети председатели болып тайынланады. Бул жумыста 1932—1934-жыллары ислеп, ал 1935—1936-жылларда тағыда РСФСР да Орайлық Атқарыў комитети қасында қарақалпақ ҳүкиметиниң турақлы ўәкили болып ислейди. 1936-жылдың апрелинен 1937-жылдың орталарына шекем Қарақалпақстан Халық комиссарлар Совети жанындағы искусство басқармасының баслығы болып хызмет атқарады. Халқымыздың ардақлы перзентлериниң бири Қ. Әўезов қай жумыста ислесе де халықтың, партияның исенимин ақлады. Ол республикамызда баспа сөз исин шөлкемлестириўшилердиң бири болып, «Еркин Қарақалпақ» (ҳәзирги «Совет Қарақалпақстаны») газетасының биринши редакторы, жазыўшы Мәжийтов менен бирге—биринши қарақалпақ әлипбесин (алфавитин) дүзиўши болып есапланады. Ол қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири. Усындай ҳәр тәреплеме талант ийесин, мәмлекетлик гайраткерди халқымыз, партиямыз ҳеш қашан умытпайды. Соның ушын да Шымбай районында үлкен бир совхоз Қасым Әўезовтың аты менен аталынады.

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик республикасының Халық комиссарлар Советиниң екинши председатели болған Жумабай Қурбанов 1906-жылы Төртқул қаласында рабочий семьясында туўылған. Советт ҳүкимети орнағаннан кейин оны ата-анасы интернат-мектепке береди. Төртқулдеги интернатта ол 1920-жылға шекем оқыйды ҳәм интернаттағы басқа да үлкен жастағы тәрбияланыўшылар менен бирге баспашылардың контрреволюциялық ҳәрекетине қарсы гүреске актив қатнасады. Усы интернат-мектепте Жумабай Қуртбановтың жәмийетлик сиясий ислерге қатнасыўы басланады. Усы жерде ол комсомол қатарына киреди ҳәм кенады.

йин ала интернат шөлкемлениў секретары болып сайланады. 1924-жылдан кейин Ж. Қурбанов ҳәр қыйлы курсларда оқып билимин толықтырады, комсомол жумысларында көбирек ислейди. Мысалы 1925-жылы Төртқул округ комитетиниң инструкторы, 1926-жылы областлық комсомол комитетинде ис басқарыўшы, 1927—1928-жыллары областлық комсомол комитетиниң экономика бөлиминиң баслығы болып ислейди.

Ж. Қурбанов 1928-жылы Москвадағы Шығыс Мийнеткешлериниң Коммунистлик университетине оқыўға жибериледи. Ол бул университетти 1932-жылы табыслы тамамлайды. Усы жыл Қарақалпақстан Автономиялы республикасына келип дәслеп «Қызыл Қарақалпақстан» (Ҳәзирги «Совет Қарақалпақстаны») газетасының жуўаплы редактору, кейин Қарақалпақстан финанс министри болып ислейди. Бул жумысларда ол 1932—1934-жыллары ислеп, 1934-жылдың октябринен 1935-жылдың январына шекем Төртқул қалалық партия комитетиниң секретары болып ислейди. 1935-жылдың январынан 1938-жылдың июлине шекем Қарақалпақстан АССР Халық комиссарлар советиниң председатели хызметин атқарады. Ол СССР Орайлық Атқарыў комитетиниң ағзасы болып, биринши шақырық СССР Жоқарғы Советиниң депутатлығына сайланды. Өзбекстан Коммунистлик партиясы Орайлық комитетиниң ағзасы болып хызмет атқарды. Аўыл хожалығында ҳәм санаатта айрықша табыслар ушын республикамызда биринши болып СССР Орайлық Атқарыў комитетиниң 1935-жыл 20-декабрьдеги указы менен ол Ватанымыздың ең жоқарғы награды—Ленин ордени менен наградланды.

Жумабай Қурбанов оғада кишипейил, искер, уқыплы, партиялық, мәмлекетлик ғайраткер еди. Ол Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм мәдений жақтан раўажланыўы ушын аянбай хызмет етти. Жекке адамға сыйыныўдың ақыбетине ушырап, 1941-жылы жазасыз жазаланды. Бирақ партиямыз, Совет нызамы оның ҳақ екенин тексерип 1957-жылдың 23-майында ақлады ҳәм оған жабылған барлық айыплардың надурыс екенин көрсетти.

Халықтың ийгилиги ушын, совет халықларының достық, өз-ара бирге ислеўин беккемлеўде үлгили ис еткен әдиўли улы Жумабай Қурбановты халқымыз мәңги

ядында сақлайды, уллы ислердиң иргесин салыўшылардың бири иретинде оны ҳүрмет пенен тилге алады.

Н. Жапақов.

ТАРИЙХЫЙ ДЕКРЕТКЕ 50 ЖЫЛ

Совет халқы В. И. Ленинниң туўылғанына 100 жыл толыў күнин үлкен табыслар ҳәм қуўаныш пенен күтип алыўға таярлықлар көриўде. Уллы Ленинниң баслаған ислериниң мийнеткеш халықтың бахытқа жетиўи ушын хызмет еткенин тарийх ис жүзинде айқын көрсетип бериўде. В. И. Ленинниң данышпанлығы болажақты алдан болжаўға, соған қарай илажлар көриўге мүмкиншилик берди. Оның нийет етип қолға алған ҳәм баслаған ҳәр бир иси—халқымыздың ийгилигине жарады, партиямыздың басшылығында иске асып, совет халқын көрилмеген дәрежеде бийик шыңға шығарды.

Октябрь Социалистлик революциясынан кейин артта қалған халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыўда, елимизде социалистлик экономиканы дүзиўде өндириси, ислеп шығарыў санаатлары ҳәм аўыл хожалығын қайта қурыўда гигант жумыслар жүргизиў менен бирге мәдениятты жоқары көтериў ушында үлкен ислер исленди. Сиясий экономикалық жақтан ғана ислеў керек болды. Сиясий экономикалық жақтан ғана емес, мәдений жақтан да революция жасаў күн тәртибине қойылды.

Жас совет ҳүкимети өзиниң биринши адымында үлкен қыйыншылықларды басынан өткерип атырғанына қарамастан В. И. Ленин дәслепки күнлерден мәденият оқыў—ағартыў мәселесин қолға алады. 1917-жылдың 9-ноябринде В. И. Ленин қол қойған Халық Комиссарлары Советиниң декрети менен билимлендириў бойынша мәмлекетлик комиссия дүзилип, буның баслығы А. В. Луначарский болады. Буған елдеги мәдений ағартыў ислерин басқарыў жүкленеди. Ленинлик халық комиссары А. В. Луначарский мәденият, билимлендириў ислерин раўажландырыўда оғада көп жумыслар ислейди, мәдений революцияны баслаў ҳәм иске асырыўда В. И. Ленинге жәрдемши болады.

1918-жылы 18-июнь күни В. И. Ленин басшылығында болған Халық Комиссарлар Советиниң жыйналысында басқа да бир қатар әҳмийетли мәселелер менен бирге,

«Халық Билимлендириў ислерин шөлкемлестириў ҳаққында» мәселе қаралады. Нәтийжеде 1918-жылдың 18-июнинде В. И. Ленин қол қойған Россия Халық Комиссарлар Советиниң «Халық Билимлендириў ислерин шөлкемлестириў ҳаққында» белгили декрети жүзеге шығады. Бүтин усы тарийхый документтиң жарияланғанына 50 жыл толып отыр. Бул тарийхый документ мәдений революцияны ислеп асырыўда шешиўши әҳмийетке ийе болғаны мәлим. Өйткени, оқыў, билимлендириў исин дурыс шөлкемлестирмей, оны жолға қоймай турып, мәдений революцияны жасаў қыйын екени анық.

50 жыл—тарийхый көз қарастан көп ўақыт емес. Бирақ усы ўақыт ишиндеги революциялық өзгерислердиң теңи-тайы жоқ, бул өзгерислерди тил жетип айтыў былай турсын—баслыларын көрсетип өтиўдиң өзи көп ўақыт алады. Басқа революциялық өзгерислерди айтпай тек мәдений революцияны ислеп асырыў, билимлендириў ислерин шөлкемлестириў бойынша болған өзгерислердиң гейпара тәреплерин көрсеткенде де таң қаларлық фактлерди аңлаў мүмкин. Революциядан бурын Россия мәдений жақтан артта қалған еди деп көрсетсек, Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының мәдений дәрежеси ҳаққында сөз етиўдиң де мүмкиншилиги болмай қалады. Бир мысал келтирейик.

Ташкентте шығатуғын «Жас ғайрат» журналы 1921-жылы өзиниң биринши шыққан 3—4 санының 95-бетинде Москвадағы миллет жумысына арналған комиссариаттың миллий республикаларда ҳәм областьларда халықтың саўатлылығы жөнинде мағлыўматын басқан. Усы мағлыўматта Түркстан республикасында жасайтуғын халықлардың саўатлылығы ҳаққында төмендегилерди жазады: «қазақ 2,3 процент, қырғыз 5,3 процент, өзбек 5,7 процент, түркмен 0,6 процент, қарақалпақ 0,6 процент ҳәм басқалар....» усы фактниң өзи-ақ ески дүньядан қандай мийрас қалғанын анық көрсетеди.

Ленинлик декрет—усы наданлық шөлистанын суўғарыў ушын қатты гүреслер жүргизип мәденият бағын мийўели етиўге қаратылған еди. Шөлистанға суў апарыў қандай қыйын болса, бул мәселелерде де сондай тосқынлықлар бар болғаны анық. Халық билимлендириў исин ен жайдырып, оны шөлкемлестириў ушын ең

дәслеп муғаллимлер таярлаў нәзерде тутылды. Тарийхый декретти ислеп асыра отырып, орынларда қысқа мүддетли муғаллимлер таярлаў курслары ашылды. Муғаллимлер арнаўлы жоқары ҳәм орта билим беретуғын оқыў орынларында да көплеп таярланды. Муғаллимлер ушын жақсы жағдай туўдырылды, мектеплерге қолайлы жайлардың барлығы берилди.

Коммунистлик партиямыз, совет ҳүкимети тарийхый декретти ислеп асыра отырып, халық билимлендириў ислерин шөлкемлестириўде оғада үлкен, теңи-тайы жоқ жумыслар жүргизиўиниң нәтийжесинде совет халқы алдыңғы мәденийатлы, илим-өнерли, техникалы халыққа айланды. Халық хожалығының барлық тараўы ушын жоқары ҳәм орта арнаўлы билимли қәниге таярлаўда дүньяда биринши ликти ийеледи. Усы революциялық өзгерислердиң жайнаған мысалын қарақалпақ халқының турмысынан да көриўге болады. Ҳәзирги Қарақалпақстан территориясында 1918-жылы тек 3 ғана мектеп болып, онда 176 бала оқыды. Ал 1917-жылы 5 мектеп болып, 195 бала оқыды, буларда 5 ғана муғаллим болды. 1918-жылы мектеплердиң саны 8 ге жетип, онда 20 муғаллим болып, 470 бала оқыды.

Ленинлик миллий сиясатының ислеп асырылыўы нәтийжесинде қарақалпақ халқы әсирлер бойы қараңғылық, наданлықтың шырмаўығына оралып отырыўдан қутылып, мәденият, өнер-билимниң айдын жолына түсип, пәрўазын тезлик пенен жүргизе баслады. Мектеплердиң, муғаллимлердиң саны ҳәм сапасы да жылдан жылға қатты пәт пенен өсти. Мәселен, ҳәзирги қарақалпақ жерлеринде 1923—1924 оқыў жылында 22 мектеп болып, онда 1316 бала оқыса, 1924—1925-оқыў жылында 45 мектеп, 1732 бала болады. Бир жылда мектеплердиң саны еки есе өсиўиниң де себеби бар: Орта Азияда миллет шегараларының бөлиниўи менен Қарақалпақстан Автономиялы области дүзиледи, қарақалпақ тилинде оқыў китаплары шығарылады, муғаллимлер таярланып, аўыллық жерлерде көбирек ашылады, мектеп мийнеткеш халыққа жақынластырылады.

Коммунистлик партиямыз халық билимлендириў ислерин шөлкемлестириўге басшылық ете отырып, бул ислеп ең сыналған, халық исине берилген кадрларды тартады. Халық билимлендириў ислерин шөлкемлестириў—социализм—коммунизмниң жаңа дүзиўшилерин

таярлаўға байланыслы еди. Соның ушын буған ҳәрким алына бермеди, келешек әўладты билимлендириў, тәрбиялаў сыналған кадрларға исенип тапсырылды. Қарақалпақстанда мәденият, әдебият, искусствоның иргесин қалаўшылардан Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдиң, Қасым Әўезовтың, Сейфулғабит Мәжитовтың усы жыллларда билимлендириў жумысын актив шөлкемлестириўшилер болып, усыийгиликли истиң басында турыўы тосаттан емес. Революциядан бурын оқыў китабы болмаған қарақалпақ халқына биринши рет әлипбени, оқыў китапларын дүзип бериўшилер С. Мәжитов ҳәм Қ. Әўезов болған. 1925-жылы Қ. Әўезов ҳәм С. Мәжитов ең дәслеп биринши қарақалпақ әлипбесин дүзип, оны араб алфавити тийкарында 25 ҳәрипten қураған. Соңын ала Ташкентте усы 1925-жылы С. Мәжитов тәрепинен «Әлипбе», «Оқыў китабы» ҳәм «Егеделер саўаты» атлы 3 оқыў китабы таярланып, басып шығарылған.

Бул жылларда халық билимлендириў ислерин шөлкемлестириўде мектеплер ситемасын ен жайдырыў менен бирге саўатсызлықты сапластырыў бойынша да қатты жумыслар жүргизилди. Әсиресе, Қарақалпақстан комсомол шөлкемлери бул жөнинде көп ийгиликли исlерди иследи. В. И. Ленинниң 1919-жыл 26-декабрьде қол қойған декрети бойынша 8—50 жас арасындағы адамлар саўатсызлықты сапластырыў мектеплерине тартылыў мәселеси миннетли түрде қойылады. Усы декретти иске асырып, ҳәмме жерде жумыстан қол үзбей ислейтуғын саўатсызлықты сапластырыў мектеплери ашылады. Коммунистлик партия ҳәм совет ҳүкимети тәрепинен жүргизилген бундай илажлардың халық билимлендириў исиниң ен жайыўына ҳәм елимизде мәдений дәрежениң тез жоқары көтерилиўине себепши болады.

Усындай таярлықлар менен совет халқы 1930-жылы ғалаба миннетли баслаўыш оқыў системасына өтеди. 1929—1930-оқыў жылында ҳәзирги қарақалпақтың жерлеринде 124 мектеп болып, онда 14670 бала оқыйды. Ал, 1934-жылы мектеплердиң саны тағы да көбейип, оларда 38500 бала оқыйтуғын болады. Буннан, улыўма баслаўыш миннетли оқыў системасы басланғаннан кейин 3 жыл ишинде мектепте оқыйтуғын балалардың санының еки есе өскенлиги көринип тур.

Халық билимлендириў ислери—мәмлекетлик ис ретинде қолға алынып, ол халық хожалығының барлық тараўын көтериў ушын жетерли қәнигелер таярлаўға, мәденияттты, илимди раўажландырыўға жәрдем етти. 1968-жылы Қарақалпақстанда 600 мектеп болып, онда 8533 муғаллим хызмет етеди. Бул мектеплерде 157 мыннан аслам бала оқыйды. Оның үстине жоқары, орта арнаўлы оқыў орынларында ҳәм кәсип-техникалық училищелерде 14 ярым мың адам оқыйды. Тек 1967-жылы халық хожалығының ҳәр қыйлы тараўлары ушын 2 ярым мың қәниге оқыў орынларын питкерип шығып, иске киристи.

Республикада билимлендириў жумысларын жақсы жүргизиўде аянбай исленген мийнетлери ушын әдеўир сандағы педагоглар Өзбекстанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим деген ҳүрметли атаққа ийе. Билимлендириў жумысының раўажланыўы республикада илимниң раўажланыўына да тәсийрин тийгизди. Ҳәзир республикада Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы, аўыл хожалық илим изертлеў институты, Ташкент педагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы бар. Илимниң түрли тараўынан бүгинги күни республикада 150 илим кандидаты, 10 ға жете илим докторлары хызмет етиўде. Солай етип, Қарақалпақстанда 10 мың адам есабынан қарағанда студентлердиң саны 20 мәртебе, ал жоқары ҳәм орта мағлыўматлы қәнигелердиң саны 10 мың адам есабынан алып қарағанда бизде Түркиядан 6 мәрте зыят. Бул тарийхый декреттиң Ленинлик мәдений революцияның айқын жеңиси ҳәм жемиси болып есапланады.

В. И. Ленин баслаған истиң ҳәмме ўақытта да жеңисли болып, халқымыздың ийгилиги ушын хызмет етип, оны бийик шыңға көтеретуғыны анық. Қарақалпақстан мийнеткешлери уллы Ленинниң даналығының өшпес, сөнбес нурына бөленип, онан бирдейине күш-қуўат алып, коммунизм қурылысында алға басады.

Н. Жапақов.

УЛЛЫ ИСЛЕР УШЫН ГҮРЕСТЕГИ ЖЫЛЛАРЫ

Елимизде партия басшылығы ҳәм қуўатлаўы нәтийжесинде барлық жерде баспа сөз тараўы кеңейтиле

баслады. Соның бири болып 1931-жылы 12-февральда «Қарақалпақ комсомоллары» аты менен ҳәзирги «Жас Ленинши» газетасының биринши саны шықты. Бул қарақалпақ совет жаслары ушын үлкен мәдений байрам болды. Газетамыз өзиниң биринши санынан баслап Коммунистлик партиямыз силтеген уллы гүрес жолына түсти.

«Жас Ленинши» газетасы шөлкемлескен ўақытлардағы шешиўши ўазыйпа—елимизде классыз социалистлик жәмийет қурыў, аўыл хожалығын ғалаба коллективлестириў тийкарында кулакларды класс ретинде ротала сапластырыў еди. Соның менен бирге колхозларды беккемлеў, колхозшыларды қурғын хожалық етиў мәселеси де алда турды. Газета усы ўазыйпаны орынлаўда үлкен хызмет етти. Өзиниң тийкарғы бетин усы мәселеге қаратып, комсомол шөлкемлерин, комсомолларды, жасларды усы әдиўли ўазыйпа айналасына жәмлесиўде өзиниң шөлкемлестириўшилик ролин атқара билди. Қарақалпақстан комсомолы аўыл хожалығын коллективлестириў исинде партияның ныя мәнисинде қол қанаты, жәрдемшиси бола алды. Буның жайнаған үлгисин тек бизиң «Жас Ленинши» газетасы ғана емес, «Мийнеткеш қарақалпақ» (ҳәзирги «Совет Қарақалпақстаны») ҳәм «Советская Каракалпакия» газеталары өз бетинде жазып көрсетип турды. Мысалы, «Мийнеткеш қарақалпақ» газетасы өзиниң 1931-жыл 18-апрельдеги санында Төртқулдеги аўыл хожалық техникумы комсомолларының «Сүриў күнин өткериў» ҳаққындағы мәлимлемесин жазған. Онда былай деп көрсетилген: «Сүриў күнин өткериў бойынша комсомол усы жыл 7-апрель күни 8 колхозда болып, сол күни кеште аўылдағы бадырақ ҳәм гедей дийханлар менен бирге «Сүриў күни» кешесин өткерди ҳәм 8-апрельде атызларға ғалаба шығыўды шөлкемлестирди.

Комсомол газетасы шөлкемлескен жылы мен бурынғы Шаббаз районында районлық комсомол комитетинде пионер бюросы болып ислейтуғын едим. Газетаның биринши редакторы, белгили шайыр Избасар Фазыловтың районға келип, колхоз дүзилисине актив қатнасқаны «Жас Ленинши» газетасының сол ўақыттағы бөлим баслығы Ғәлий Жейтаўовтың райондағы «Естемес» совхозына барып, ондағы комсомол комитетиниң ислерине жәрдем бергени еле ядымда. Орны келгенде

соны да көрсетип өтиў керек, областлық партия ҳәм комсомол комитетиниң арнаўлы қарары менен 1931-жылдың декабринде мен «Жас Ленинши» газетасында ислеўге шақырылдым. Газета аппаратына келгеннен соң оның коллективлестириў ҳәм колхоз хожалығын беккемлеўдеги ролин анық көре басладым. Газетамызда колхоз дүзилиси, колхозларды беккемлеў, класслық гүрес темаларына арналған мақалалар, хабарлар жийи басылып турылатуғын еди ҳәм олардың тәсири оғада күшли болды. Бир қатар мысаллар келтирейик.

Шымбай районындағы бурынғы «Райком» колхозындағы кемшиликлер. Онда кулак қалдықларының бир қатар зыянкеслери ҳаққында «Жас Ленинши» газетасына хабар келип түсти. Редакция коллективи мени хабарды анықлаўға жиберди. Районлық шөлкемлердиң ўәкиллери менен бирликте тексергенде хабардың дурыс екени белгили болды. Нәтийжеде актив комсомолец Шәмшет Исмайлов председательликке сайланды. Колхоз ислери жақсыланып, комсомолец басқарған колхоз сол ўақытлары районның алдыңғы хожалықларының бири болды. Газетамыздың бөлим баслығы белгили шайыр Хожамет Ахметов Шорахан районында, Бекмухан Топаев Қоңырат районында колхоз дүзилисларине актив қатнасқаны, ол жумысларды газета бетинде үзликсиз жазып барғаны еле есимде.

ВКП (б) Орайлық Комитетиниң январь Пленумының қарарына муўапық 1933-жылдың қысында машина-трактор станциясы ҳәм олардың жанында дүзилген сиясий бөлимлер колхоз ҳәм совхозларды беккемлеўде, аўылдағы класслық дүшпан элементлердиң қалдықлары менен гүресте күтә үлкен роль ойнады. Сиясий бөлим баслықларының комсомол жумыслары бойынша арнаўлы жәрдемшилери болды. Бул жәрдемшилер менен «Жас Ленинши» газетасы тығыз байланыс жасады. Халқабад машина трактор станциясындағы сиясий бөлим баслығының комсомол ислери бойынша жәрдемшиси жолдас Матий Хайрев, Шаббаз машина-трактор станциясындағы сиясий бөлим баслығының жәрдемшиси жолдас Абдулла Ачилов газетамыздың актив хызметкерине айналды. Олар колхоз дүзилисине, колхозды беккемлеўге комсомол шөлкемлериниң актив қатнасыўларын өзлери жазыўлары менен бирге газетамызға кең

көлемде хабаршылар топлаўға, олардың газета жумысына үзликсиз араласып турыўына жәрдем етти.

Жоқарыда көрсетилген мысаллардан «Жас Ленинши» газетасының колхоз дүзилисине, колхозларды беккемлеўге шөлкемлестириў жағынан тәсир еткени, белгили роль ойнағаны көриниў менен қатар, ишки хожалық ислерине де араласқаны, колхоз өмиринде барлық ислерге актив қатнасып атырғаны сезиледи. Колхозларды беккемлеўде бригадалық система әҳмийетли илажлардың бири болды. Бул мәселеде ВКП (б) Орайлық Комитетиниң 1932-жыл 2-февральдағы «Колхозларды шөлкемлестириў, хожалық жағынан беккемлеў илажлары бойынша гезектеги минеетлер ҳаққында» деген қарары шешиўши орын тутты. Бунда колхозларда мийнетти шөлкемлестириўдиң әҳмийетли тәрепи бригада болыўы керек деп атап көрсетилген еди. Газетамыз усы тарийхый документти пропагандалап ҳәм иске асырылыўын газета бетинде кең жәриялай отырып, сыналған комсомол ағзаларынан бригадирлер таярлады ҳәм олардың тәжирийбелерин үзликсиз көрсетип барды. Бул қарарда колхозларда мийнеттиң сан ҳәм сапасына қарай ҳақы төлеў, жумысты кесип алып, бөлип берип ислетиў исин жөнлеўге айрықша кеўил бөлинген. Бул жағдайларда газета бетинен өз орнын алып отырды.

Колхозларда доходты дурыс бөлиў—хожалық иси ғана емес, колхозларды беккемлеўдеги сиясий әҳмийетли илажлардың бири еди. Бунда ҳәрким мийнеттиң сапасы ҳәм сапасына қарай ҳақы алып, жумыс ислемегенлердиң ҳақы алыўына жол қоймаў—колхоз жолын дурыс түсиниўге мүмкиншилик беретуғыны мәлим. Соның ушын да ҳәрбир доход бөлиў—сиясий хожалық мәнизы жағдайында өткерилди. Сол жыллардағы газета бетлерине қарағанда буған кең орын берилгени сезилип турылады. Колхозларда доходты дурыс бөлиўге тек газета бетинде емес, редакцияның пүткил хызметкерлери колхозларға барып, тиккелей қатнасып жүрди. Бул илажлар өз нәтийжесин берди.

Биз «Жас Ленинши» газетасының уллы ислер ушын гүрес жолындағы тек колхоз дүзилиси ҳәм колхозларды беккемлеўдеги бир қатар ислерине ғана тоқтадық. Буннан кейинги мақалада мәденият майданындағы есте қалғанларды газета оқыўшыларына усынғым келеди.

Н. Жапақов.

«Жас Ленинши» газетасы, 2-октябрь 1964-жыл.

КУЗЬМАНЫҢ ГҮРРИҢИ

Тарийхты адамның өзи жасайды. Кузьма Иванович Школиниң айтқанлары да усы тарийх дәреклериниң бири.

Мен К. И. Школинди көп ўақытлардан бери билемен. Доспыз, бирге ислескенбиз. Ол талмас хызметкер. Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметин орнатыўға ҳәм беккемлеўге тиккелей актив қатнасыўшылардың бири.

Соңғы жыллары өткен ўақыялар, революциялық ҳәдийселер ҳаққында көбирек сөйлесетуғын болдық. Буның да өз себеби бар: бир жағынан жас өткен сайын жаслықты еске түсириў қызықлы болса, екинши жағынан, даңқлы мереке жақынласқан сайын революциялық ўақыялар, гүрриңлер оғада жақын, айқын көрине баслайтуғын тәбийий нәрсе.

Кузьма көп ўақыялардың жанлы гүўасы. Бирақ оны сөйлетиў қыйын. Ол кем сөйлеп, көп ислейтуғын адам. Гейде әңгиме жанлы жерге жантаса баслағанда әҳмийетли ўақыяның үстин ашқанын, өзи де сезбей қалады. Биз жазайын деп отырған ҳәдийсениң бир қатар эпизодлары усындай жағдайда шығып қалды. Орны келгенде соны да айтыў керек. «Қарақалпақстан АССР ы тарийхының очерки»ниң екинши томында қарақалпақ халқының Совет ҳүкиметин беккемлеў ушын гүреси, тарийхый ҳәдийселер әдеўир жақсы, илимий анықлықлар менен көрсетилсе де, бизиң айтажақ эпизодымызда, пикиримизше оған қосымша жаңалық болыўы мүмкин.

— 1919-жылдың декабрь айында болса керек,—деди Кузьма Иванович,—Төртқүлден Нөкиске қарай киятырмыз. Мақсетимиз Нөкистеги Фильчев ҳәм Хан—Мақсымның ел талаўшыларына соққы берип, елде тынышлық орнатып, мийнеткеш халықтың турмысының жаңа жағдайда раўажланыўына жол ашыў. Суў менен пароход арқалы киятырғанлар жергиликли халықтан ерикли қуралған атлы әскерлер еди. Фильчевлер Назарханға қырдан киятырған жергиликли әскерлерге

соққы беріўди ойлады. Бундағы қыялы: биринши-ден «Жергиликли халықтан қуралған әскерлер урыс тәртибин билмейди, биринши соққыдан-ақ олар ыдырайды, екиншиден олар алып киятырған қурал-жарақты ақ-сат қолға түсирип аламыз» деп жергиликли халықтың күшине, әскерий өнерди ийелеўине менсинбей қарасқа керек. Бирақ, менменсиген душпан қатты соққы жеди. Фильчевтиң өзи жарадар болып, көп әскерлеринен айрылды. Бул жағдай Некисти Фильчев бандаларынан босатыўды жеңиллестирди. Тағы бир фактни айтқым келеди. Фильчев отрядында жергиликли халықтан бир де адам жоқ еди. Хан Мақсымның қосылыўы — тек класслық жақтан, Фильчев—рус—казак атаманы болса, Хан—Мақсым қарақалпақ феодалларының атаманы екени анық. Ал совет әскерлери барлық халықтың ўәкиллеринен қуралған шын мәнисинде интернационал-лық әскерлер екени тарийхый шынлық.

Кузьма Ивановичтың бул көрсеткенлерин усы ўақыяға қатнасқан басқа жолдаслар да тастыйықлайды. Ўақыяның барлық детальларын ҳәм терең көрсетилиўин талап етпей, тек усы еки фактның өзи де бир қатар ўақыяларға жуўмақ жасаўға жетерлик болар деймиз.

Тарийхты бурмалаўшы буржуазиялық пропагандистлер, Орта Азия да, соның ишинде Қарақалпақстанда да Совет ҳүкимети зорлық пенен орнатылған, революция сырттан апарылған, деген жала ҳәм өтирик-өсекти жазыўда және усыны даўам етиўде. Жоқарыдағы факт бундай жаланың күлин көкке ушырады.

Душпан ҳийлели түрде сыртел империалистлериниң күшин, қуўатлаўын пайдаланып умтылса да, Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметин толық түрде бир минутта қулата алмады. Қарақалпақстан халқы большевиклер партиясының айланасына тығыз топланып, Октябрь байрағын қолында беккем тутты. Ол Октябрь революциясын өз революциясы ретинде қабыл етти ҳәм оны ишки, сыртқы душпанлардың ҳүжиминен мәртлик пенен қорғады. Революция иси даўам етилди.

Елиў жыл ишинде қандай қыйыншылықлар болса да революция мақсетлерине туўры барды ҳәм бармақта. Ўатанымыздың басқа да туўысқан халықлары менен бирге социалистлик дүзимди жемисли дүзип коммунизм жолында алға баспақта. Буның гүўасы ретинде

республикамыздың мийнеткешлериниң Октябрьден алған қызыл байрағында Ленин ордени жарқырап тур.

Н. Жапақов.

«Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 22-сентябрь 1967-жыл.

ЖАЛАҒА ЖОЛ ЖОҚ

Социализм менен капитализм арасында идеологиялық гүрес ҳәзирги дәўирде оғада кескин бармақта. Капитализм идеологлары ҳәзирги заманда қуры күш менен ҳеш кимди ирке, қорқыта алмайтуғынына көзи жетип, халықлар, мәмлекетлер арасында идеологиялық диверсия жасаўға өтип отыр. Буны ҳәзирги халықаралық тәжирийбе айқын көрсетиўде. Капитализм малайлары бул жолда ҳеш бир ҳарамылық, ҳийледен тайынбай отыр.

Орта Азия халықлары, соның ишинде қарақалпақ халқы да тек Совет дәўиринде миллий мәмлекетине ийе болып, экономикасы, мәденияты өскен, ўатанымыздағы барлық халықлар менен тең ҳуқықлы азат халық қатарында жасамақта. Буның ушын қарақалпақ халқы коммунистлик партиямыздың әдил леништик миллет сиясатына, совет мәмлекетиниң ғамхорлығына, туўысқан халықлардың қалыс ҳәм шексиз жәрдемине миннетдар. Бирлесип ислеў, халықлар дослығы бизди шыңға шығарып, халқымызды бурында көрилмеген табыслардың ийеси қылды.

Пүткил совет халықларындай қарақалпақ халқының да экономикасы менен мәдениятының өзине тән тарийхы, оның иргесин салыўға теперши қатнасқан алдыңғы белгили адамлары бар. Олардың ислеген ислери менен атларын халқымыз мәңги есте сақлап, олардың рухына ҳүрмет пенен қараўда. Қарақалпақ халқының усындай ардақлы перзентлериниң бири Қасым Әўезов болып есапланады. Ол Қарақалпақстанның ҳәзирги Шымбай районының 9-аўылында 1897-жылы жарлы дийхан хожалығында туўылады. Он бир-он еки жасына дейин ата-анасының тәрбиясында болып, оннан кейин аўылдағы ески мектепке берилип, қыста оқып, жазда әкесине дийханшылық етиўге жәрдем береди. Бундай аўҳал 1914-жылдың ақырына шекем даўам етеди. 1915-

жылы ҳәзирги Төрткүл районының Сарыбий аўылындағы Әлибай Рахманов деген байға бир жылдай жалшы болады. 1916-жылы елине қайтып аўылдағы гедейлер менен бас қосып, егин егисип, үй хожалығының күнелтиўине жәрдем береди. Бул аўҳал усылай болып 1920-жылға шекем даўам етеди. 1921-жылдың май айына шекем исполкомының хатшысы ҳәм совет қосшының ағзасы болады.

1922-жылы Қасым Әўезов Коммунистлик партияға ағза болып киреди. Усы жылдың апрелинен июнь айына шекем Шымбайдағы мектеп—интернаттың баслығы болып ислейди. 1922-жылдың сентябринде Самарқандтағы қысқа мүддетли областлық партия мектебине кирип, оны питкергеннен соң Қарақалпақстанға қайтып келип, 1923-жылдың апрелинен май айына шекем тағы да Шымбайдағы мектеп-интернаттың баслығы ҳәм уездлик халық билимлендириў бөлиминиң баслығы болып ислейди. 1923-жылдың 15-сентябринен 1924-жылдың ноябрине шекем Орта Азия коммунистлик университетинде болып тийкарғы екинши курсында оқып, онан кейин оқыўды даўам ете алмай, Түркстан Коммунистлик партиясы Орайлық Комитетиниң жоллаўы менен тазадан шөлкемлескен Қарақалпақ автономиялы областының шөлкемлестириў бюросының қараўына жиберди. Бул жерде оны областтың билимлендириў бөлиминиң баслығы етип тайынлайды. Бул жумыста ол 1924-жылдың декабринен 1925-жылдың июнь айына шекем ислейди. 1925-жылдың июль айынан 1929-жылдың март айына шекем Қарақалпақстан областлық атқарыў комитети председатели болып хызмет атқарады. 1929-жылдың апрелинен 1930-жылдың ақырына шекем Қазақстан Орайлық Атқарыў комитети председателиниң орынбасары ҳәм Қазақстан ишки ислер халық комиссары болып ислейди.

Бизиң Қасым Әўезовтың өмир баянын өз қолы менен жазған ҳүжжет тийкарында әдеўир көрсетиўимиздиң мәниси бар. Батыстағы шет еллерде қарақалпақ мәдениятын, әдебиятын, қарақалпақ халқының Қасым Әўезовтай перзентлерин сөз етиўши бир қатар мырзалар ҳақыйқатлықты терисине бурып, жала, өсек-өтирик таратыўда. Мәселен олар:« Қасым ағай ески мектепте орта билим алғаннан кейин қазақ педагогикалық институтына барып түседи. Институтты питкергеннен кейин

ол Қарақалпақстанда ҳәм Қазақстанда билимлендириў тараўында иследи»—дейди. Жоқарыдағы өмир баянынан қазақ пединститутында оқымағаны ҳәм Қазақстанда билимлендириў тараўында ислемегени мәлим.

Қасым Әўезов жарлы дийхан жағдайынан ири мәмлекетлик ғайраткер, Қарақалпақстанның соцналистлик мәденнятының, әдебиятының, искусствосының иргесин салыўшылардың бири қатарына көтериледи. Ол қарақалпақ миллий баспа сөзин шөлкемлестириўшилердиң бири болып көзге түседи. Жазыўшы Сейфулғабит Мәжийтов екеўи биринши қарақалпақ әлипбесин дүзген. Ол қарақалпақ совет әдебиятындағы көрнекли шайыр, биринши драматург ҳәм аўдармашы болып есапланады.

Шет еллердеги империализмниң бир қатар «малайлары» Қасым Ағай миллетшилерди қуўатлады, миллий әдебият, мәденият, миллий әдет ҳәм традицияны, ислам динининң дәстүрлерин сақлаўға умтылған еди»—деп көрсетеди. Бул қарақалпақ халқының ардақлы перзенти Қасым Әўезовке жағылған жала болып табылады. Қасым Әўезовтың қарақалпақ халқының миллий әдебияты менен мәденнятын, жақсы традициясын сүйгени ҳәм оны раўажландырыў ушын аянбай хызмет еткени анық. Бирақ, бул мәденнятты, әдебиятты раўажландырыў ушын аянбай хызмет етиў ҳәм халқымыздың жақсы традициясын сүйиўи миллетшилик емес. Өз миллетиниң мәденнятын, әдебиятын басқа туўысқан халықлардың мәденият, әдебият тәжирийбелеринен пайдалана отырып, олар менен бирликте дослық туўысқанлықта, улыўма совет халқының мәденият ҳәм әдебиятын жоқары көтериў ушын гүресиў,—ҳәр бир совет адамы ушын, соның ишинде совет жазыўшылары ушын да үлкен интернационаллық парыз болып есапланады. Қасым Әўезов ҳеш ўақытта миллетшилерди қуўатлаған жоқ. Соның менен бирге ол ислам динининң де дәстүрлерин жақлаған жоқ. Биз Қасым Әўезов пенен көп жыллар бирге ислестик. Ҳеш қашан оған миллетшил, яки миллетшилерди қуўатлады деп айып тағылғанын еситкен емеспиз. Оның халықлар дослығы идеясына садық адам екенин тәнҳә үй хожалығы да, түрли миллет ўәкиллери менен,—өзбек жазыўшысы Ҳамза Ҳәкимзада, қазақ жазыўшысы Сәкен Сейфуллин, Байымбет Майлин, татар жазыўшысы Сейфулғабит Мәжийтов, рус жазыўшысы Николай Панов ҳәм басқалар

менен шын дос болғанынан, рус, француз жазыўшыларының шығармаларын рус тилинен қарақалпақ тилине аўдарып, қарақалпақ әдебиятын түрли миллет әдебиятының нусқалары менен байытқанынан да көриўге болады. Қасым Әўезовтың ислам динининң әдетлерин қуўатламағанын анық әдебий шығармаларынан оғада анық көриўге болады. Мәселен, ол өзиниң «Тилек жолында» атлы атақлы драмалық шығармасында Қуллахмет ахун, Турым суўпы образларында ислам динининң ўәкиллерин езиўши класс тәрепдары, солардың жыршысы ретинде, ал «Мийнет» қосығында «Бай, ийнан, моллалар езе алмас енди, азатсаң, азатлық баҳәри келди»—деп, ислам дини ўәкиллери болған молла ийнанларды мийнеткешлерди езиўши класс ретинде сүўретлейди

Демек, бул көрсетилгенлердиң барлығы Қасым Әўезовке болған жоқарыдағы жаланың қыянет ҳәм ҳарамы нийет менен болып отырғанын дәлиллейди. Бундай жалаға, өтиринке жол қойыўға болмайды. [illegible] халқымыздың ғана-сезимин ҳәзир оғада өскен. Ол аң менен қараны жақсы айыра алады. Қасым Әўезовқа жоқарыдағы мырзалардың тағып отырған өтирик-өсек жалаларына түсинеди. Бундай өсеклерге қарсы жуўап бериў, өзиниң ардақлы перзенти Қасым Әўезовқа халқымыздың муҳаббаты тағы да арта түсетуғынын сөзсиз.

Биз сөз етип отырған мырзалар Қасым Әўезов ҳаққында тағыда төмендеги өсеклерди айтады». «...Оның миллетшилдерди қуўатлағанын большевиклер билип қояды, Қасым ағайды Қарақалпақстан халық комиссарлар Совети председателиден ўазыйпасынан босатады. Ол Қарақалпақстан халық комиссарлары Советиниң жанындағы искусство басқармасының баслығына тайынланады, ол оннан кейин Қарақалпақстан жазыўшылар союзының баслығы ҳәм «Еркин қарақалпақ» газетасының бас редакторы болып ислейди»—дейди. Қасым Әўезовтың Қарақалпақстан халық комиссарлар советиниң председательлик ўазыйпасынан босатылғаны анық. Совет дәўиринде ҳеш кимге қандай да болмасын бир хызмет орны удайына, мийраслық етип берилмейди. Кадрлар, искерлер көплеп жетискен сайын хызмет аўмасып турылады. Бул нызамлы жағдай. Қасым Әўезов те усындай жағдай менен босатылған. Жоқарыдағы мырзалардың Қасым Әўезовтың өмирбаянын билмейтуғыны сонда, Қасым Әўезов ол көрсетилген жыллары Қарақалпақстан жазыўшылар шөлкемининң баслығы да, газетаның бас редакторы болып та ислеген жоқ. Ал бул жыллары газетаның аты да жоқарыда көрсетилгендей «Еркин қарақалпақ» емес, «Мийнеткеш қарақалпақ»—еди. Бул наймытларға жоқарыдағы өтириклер не ушын керек болған? Олар Қасым Әўезовтың орнынан босалған мысалды өзлериниң қара нийетлери ушын пайдаланған. Қасым Әўезовтан бурын да, соң да көп хызметкерлер Қарақалпақстан ҳүкимети председательлиги ўазыйпасынан босатылған. Бизиң турмысымызда нызамлы нәрсени терисине айландырып көрсетиў, душпанлық болып есапланады.

Жоқарыдағы биз сөз етип отырған мырзалар сонлай қыялый өтириклерге барып жеткен, бундай қыялый болжаўларды ески ертеклерден де табыў қыйын. Олар былай деп сорады: «1936-жылы Қасым Ағай буржуазиялық миллетшил деп айыпланады. Түркстанның гейпара сиясий, мәмлекетлик ғайраткерлери менен бирликте суўық Сибирьдиң дүт тоғайына сүргин етилди». Бундай да өтирик, өсек жала, қыялый гәплер бола береди екен! Қасым Әўезовтың өз қолы менен жазылған өмир баянында 1932-1934-жыллары Қарақалпақстан АССРы Халық комиссарлар советиниң председатели болып ислегени, 1935-жылдан 1936-жылдың апрель айына шекем Москвада Россия Федеративлик Совет Социалистлик республикасы Орайлық Атқарыў Комитети қасында қарақалпақ ҳүкиметиниң турақлы ўәкили, 1936-жылдың апрелинен 1937-жылдың сентябрине шекем Қарақалпақстан Халық комиссарлар совети жанындағы искусство бөлиминиң баслығы болып ислегени көрсетилген. Бул мысаллардан кейин жоқарыда көрсетилген өтириктиң надурыс екени былай турсын, оның қулки шермендешилик екени, өтириктиң авторларының уятсызлық ислеп отырғаны жәмийетшилигимизге түсиникли болса керек.

Бул жалахорлардың аз да болса Қасым Әўезов ҳаққында хабары болса керек, себеби: 1967-жылы «Совет Өзбекстаны» газетасында Қасым Әўезовтың туўылғанына 70-жыл толғанына байланыслы мақала шықты деп көрсетиледи. Қасым Әўезов ақланған болса оның илимий мийнетлери ҳәм көркем шығармалары да ақланып жүзеге шығыўы керек емес пе деген мәселе қояды. Қа-

сым Әўезовтың илимий мийнетлери менен әдебий шығармалары ҳәм әдебий аўдармалары Қарақалпақстан баспасы тәрепинен 1967-жылы шыққанынан олардың хабары болмаса керек. Бундай аз да болса бирли-ярым шынлықтың көрсетилиўине қарағанда олар жоқарыдағы жала ҳәм өтирик-өсеклерди билқастан, ҳарамы нийет пенен көрсетип отырғаны сөзсиз. Әлбетте, бундай өтирик-өсектиң жолы да, өмири де қысқа. Өсекшилер Қасым Әўезов 1936-жылы Сибирьге сүргин етилди десе, Қасым Әўезовтың өзи 1936-жылы да, оннан кейин де жуўапкерли жумыста ислеп жүргенин көрсетеди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери белгили мәмлекетлик ғайраткер, қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири, драматург, шайыр, халық билимлендириў ислерин актив шөлкемлестириўши Қасым Әўезовтың туўылғанына 1967-жылы 70 жыл толған күнди үлкен көтериңкилик пенен өткерди. Қарақалпақстан мийнеткешлиниң өтинишлерин қанаатландырып Өзбекстан КП Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан ҳүкимети Республикамызда ири совхозлардың бири болған, бурынғы Шымбай совхозын Қасым Әўезов атындағы совхоз деп атаўға қарар етти. Ҳәзир ол совхоз усылай деп аталады. Халқымыздың садық перзенти, Коммунистлик партия тәрбиялап шыныктырып жетилистирген искер басшы, дөретиўши, бизге көп мәдений ҳәм әдебий мийрас қалдырды. Ол мийраслар халқымыздың ийгилиги ушын хызмет етиўде. Қасым Әўезовтың өлмес образы, үлгили ислери халқымыздың ядында мәңги сақланады. Қарақалпақ халқы бундай перзентлери менен ылайықлы мақтана алады. Оның атына кир жуқтырмай өтирик-өсеклерди жеркенишли нәрсе ретинде ылақтырып таслайды. Биз халқымыздың усы әдиўли үнине қосыламыз.

Н. Жапақов.

Филология илимлериниң докторы Нөкис, 21-декабрь 1976-жыл

ҲӘМЗА ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҚАШАН БОЛҒАН?

Өзбек совет әдебиятының тийкарын салыўшы Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязийдиң өмири ҳәм творчествосы бар-

ған сайын қәдирли болып, изертлеўшилерди ҳәм халықты қызықтырмақта. Уллы жазыўшының халық ушын ислеген хызметлери жоқары баҳаланып, ол бийик көтерилмекте. Жақында, Өзбекстанда Ҳәмза атындағы әдебият ҳәм искусство ушын сыйлық шөлкемлестирилиўи буның тағы бир айқын дәлийли болып есапланады.

Қарақалпақстан мийнеткешлери де Ҳәмзаның бай ҳәм өрнекли өмири, өшпес аты, өлмес шығармалары менен мақтанады. Өйткени, оны туўысқан халықтың жазыўшысы ғана деп қарамай, өз жазыўшымыз, қыйын күнлерде қарақалпақ совет әдебиятының иргесин салыўшы, биринши тырнақларын қаласыўшы деп есаплайды. Биз бул жөнинде 1960-жылдан бери газета-журналлар бетинде өз пикиримизди жазыўдамыз ҳәм бир қанша мәселелердиң жүзин аштық.

Соңғы жыллары Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязийдиң өмири ҳәм творчествосы ҳаққында бир қатар жаңалықлар, айырым өзгерислер пайда болды. Сондай-ақ, «Совет Қарақалпақстаны» газетасы бетлеринде бир қатар мақалалар ҳәм естелик жәрияланды. Усы жағдайлар бул мәселелерге қайта оралып, бир қанша пикирлер айтыўды керекли етип отыр.

Ҳәмза Ҳәкимзада ҳаққында биздеги жолдаслар пикир жүргизгенде ең дәслеп жазыўшының Қарақалпақстанда болған жылларын анықлаўға нәзер аўдарады. Бул жөнинде гейпара алжасық пикирлерге де жол қойылмақта. Мысалы, педагогика илимлериниң кандидаты жолдас Жүмек Орынбаев «Совет Қарақалпақстаны» газетасының усы жыл 30-майдағы санында «Дәслепки қарлығаш» деген мақала жәриялады, бунда ол ең дәслеп Ҳәмзаның Қарақалпақстанда болыў мәселесине кеўил бөледи ҳәм Ҳәмзаның 1920-жылдың гүзинде Қоңыратқа келди деген пикирлери ҳақыйқатлыққа сәйкес келмейди. Оның Қоңыратқа келиўи 1922-жылдың бәҳәринде деген пикир дурыс болыўы керек деп көрсетеди. Автор бул пикирди қуўатлаў ушын бир қанша мысаллар келтиреди, соның ишинде буны 1926-жылы Ҳәмзаның өз қолы менен жазған өмир баянында қуўатлайды, дейди ол. Орынбаевтың бул пикири сырттан қарағанда исенимли, дәлийлли болып көринеди. Бирақ тек сырттан қарағанда. Жолдас Орынбаев Ҳәмза Ҳәкимзада өз қолы менен жазған өмир баянындағы бир детальды көр-

сетпей кеткен. Ҳәмза Ҳәкимзада 1926-жыл 25-августта жазған бул өмир баянында «1921-жылдың ноябринде Хорезмге кеттим[1]» деп жазады. Бул детальды умытпаў керек. Ол ўақытта Қоңырат, Хожели, Әмиўдәрья районлары Хорезм совет халық республикасы составында екени мәлим. Буған қарағанда Ҳәмза Ҳәкимзада Нийзий Хорезм ҳәм Қарақалпақстанда 1921-жылдың ноябринен болғаны аңланады.

Бирақ, булардан кейин Ж. Калантаров, Т. Сарыбаев жолдаслардың Ҳәмза Қоңыратта 1920-жылдың гүзинде болды деген пикирин бийкарлағымыз келмейди. Себеби, Ҳәмза өзиниң жоқарыда жазған өмир баянында 1920-жылы Түркстан фронтында Қызыл әскерлер арасында үгит-нәсиятат, ойын-саўық ислериде болғаны, Қызыл Арватқа шекем әскерий бөлимлерди ертип барғаны айтады. Ол ўақларындағы Әмиўдәрья областындағы, Хорезмдеги әскерий бөлимлер Түркстан фронтына қарағаны мәлим. Ҳәмза өмиринің бул жақлары изертлеўшилер тәрепинен улыўма айтылса да әскерий архивлердеги документлер менен салыстырылып, еле толық изертленген емес. Бул еле алда исленетуғын жумыс. Усындай жумыслардың нәтийжесинде ғана жоқарыдағы жолдаслардың пикирлерин тастыйықлаў, болмаса жаңылыс екенин айтыў мүмкин. Соған дейин ол пикирлер күшинде турыўы лазым.

Жолдас Сәрсенбай Абдуллаев «Совет Қарақалпақстаны» газетасының усы жыл 18-августтағы «Әдебиятаныў илимине қосылған үлес» деген мақаласында»... Ҳәмза Ҳәкимзада Нийзий Қарақалпақстанда 1920-жылы болмаған, ол Қарақалпақстанға 1923-жылдың ақыры, 1924-жылдың бас гезинде келген...»—деп жазады. Бул пикирин дәлиллеў ушын ҳеш қандай мысал көрсетпейди. Ал, Ҳәмза Ҳәкимзада өз өмир баянында былай деп жазады:

... Хорезмде профсоюздың мәдений-билимлендириў кеңесинде 1922-жылға шекем хызмет қылып, оннан билимлендириў мәкемесине алынып, театр ислерине, агитпрофға өтип хызмет қылдым. Оннан өз қәлеўим бо-

[1] Ҳәмза Ҳәкимзада Нийзий ҳаққында әҳмийетли документ. «Өзбек тили ҳәм әдебияты» журналы. 1963-жыл, Ташкент, № 1, 15-бет.

йынша өзбек әдебиятынан пайдаланыў ушын Хожели областына командировка етилдим.

Хожелиде 1924-жылдың июль айына шекем қазақ интернатында исти даўам етип, 1924-жыл июльде Ферғана обкому ҳәм облисполкому тәрепинен жиберилген телеграмма ҳәм кисилер менен бирге Ферғана обкому ҳәм облисполкому ықтыярына қайттым...[1]. Буның үстине Өзбекстан Илимлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының қасындағы әдебият музейиниң фондлары ишинде Түркстан Коммунистлик партиясының Әмиўдәрья областлық комитетиниң Ҳәмза Ҳәкимзада Нийзийға 1922-жылдың 21-майында берген 1908-санлы гүўалығы сақланыўда. Бул гүўалықты бере отырып, Әмиўдәрья областлық партия комитети (ол ўақлары еле қарақалпақ обкому дүзилмеген) Ҳәмза Ҳәкимзаданы жергиликли өзбек-түркменлер труппасын шөлкемлестириўши деп есаплап, оған область қарамағындағы пүткил жерде жергиликли тилде драмтруппалар дүзиўди, оларға жергиликли жаслардан революциялық шығармалардан репертуар дүзиўди минет етип қояды. Барлық совет, партия шөлкемлери Ҳәмза Ҳәкимзадаға бул ўазыйпаны орынлаўға жәрдем бериўге шақырылған. Документке үш адам: областлық ҳәм қалалық партия комитетиниң секретары, агитация-пропаганда бөлиминиң баслығы, ис басқарыўшы қол қойған. Бул үлкен партиялық документ. Областлық партия комитетиниң секретары ким болса соған қол қойып гүўалық берип, жуўаплы жумыс тапсыра бермеген. Буған қарағанда Ҳәмза Әмиўдәрья областлық партия комитетине илгеректен таныс ҳәм белгили болған.

Тағы бир документ келтирейик. Жоқарыдағы әдебият музейиниң фондында Хорезм Халық совет республикасы билимлендириў комиссариатының Ҳәмза Ҳәкимзада Нийзийға 1922-жыл 29-августта берген 30-санлы гүўалығы да сақланыўда. Бул гүўалықта Ҳәмзаның 1922-жылдың биринши сентябринен Хожели областындағы интернатқа баслық болып тайынланғаны

[1] «Өзбек тили ҳәм әдебияты» журналы, 1963-жыл, №1, 15-бет.

айтылады. Солай етип, бул документлердиң барлығы Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязийдиң Қарақалпақстанда қашан болғанын толық көрсетип береди, буннан кейин алжасықлардың болмаўына тийкар болады.

Ҳәмза Ҳәкимзада Хожелиге тек ағартыў ислерин ғана мақсет етип келмегени, қолжазба өмир баянында көрсеткениндей әдебий творчестволық ис менен қатты шуғылланыў, тыныш ҳәм шетирек жерде болып көп нәрселер дөретиў ушын келгени сезиледи. Ҳәзирше бизиң қолымызда оның Қарақалпақстанда болған жылларында дөреткен шығармаларының нусқасы жоқ. Бирақ, қолдағы бар естеликлерге сүйене отырып, бир қанша уйғарыўлар айтыў мүмкин. Ең дәслеп, Ҳәмза «Бай ҳәм батрак» пьесасының соңғы жақсы вариантын усы жыллары ислеген болыўы мүмкин деп шамалайтолық түриде Хожели, Қоңырат қалаларында сахнада ойналған. Солай етип, ол өз шығармасын сахнада сынап көрип, оның жетискенлик ҳәм кемшиликлерин көзден өткерген болыўы мүмкин. Бул жерде төмендеги естеликтеги бир қатар жағдайды еске алыў жөн болар дейміз. Ҳәмзаның шәкирти, ҳәзир Тахиатас қаласы, Пионер көшеси № 16-жайда турыўшы жолдас Хайралапов өзиниң қолжазба естелигинде «... мен гейде Ҳәмза болатуғын жайдың терезеси алдынан өткенимде оның түнлерде бир нәрселерди даўыслап оқып отырғанын, гейде жазып отырғанын аңлайтуғын едим. Қоқандқа барғаннан кейин көп узамай оның «Бай ҳәм батрак» пьесасы жаңлап кетти... мениң ойымша бундай шетирек жерде ол усындай көп нәрселерди жазған болыўы керек...» Бул уйғарыўларды Ҳәмза Ҳәкимзада менен дийдарласқан, өз творчестволары туўралы оннан көп неслер алған жазыўшы Қ. Ерманов, Р. Мәжийтов жолдаслар да өз естеликлеринде тастыйықлайды. Әсиресе жолдас Ермановтың «Совет Қарақалпақстаны» газетасының усы жыл 21-июльдеги санындағы «Ҳәмза Қоңыратқа келгенде» деген естелиги көп нәрселердиң бетин ашады ҳәм бурынғы жәрияланған естеликлерге қарағанда әдеўир жаңалықларды ишине алады. Бирақ бунда жолдас Орынбаев көрсеткендей Ҳәмза Қоңыратқа тек 1922-жылы ғана келди деген мәни жоқ, ол 1922-жылы Ҳәмза менен Қоңыратта ушырасқанын, оны ҳүрметли мийман еткенин ҳәм тағы басқа мәселелерди ғана көрсетеди.

Сондай-ақ, Ҳәмзаның ислеген ислерине, творчествосына тоқтағанда да мүмкин болғанша жаңылысларға жол қоймаўға умтылыў керек. Усы көз қарастан тағы да жолдас Орынбаевтың жоқарыдағы мақаласының бир қатар деталларына тоқтап өтемиз. Жолдас Орынбаев Ҳәмзаның «Ленин» деген қосығы болған, сол қосығы халыққа кең таралған, халық арасында оның ҳәр түрли варнантлары болған деп, буған мысал келтиреди. Ҳәмза Ҳәкимзада творчествосын барлық изертлеўшилер усындай қосықтың болыўын тилейди. Бирақ, бир рет Хорезмли Қурбан сазшының «Ленин» қосығы жаңылыс Ҳәмза атына өтип кеткеннен басқа шайырдың «Ленин» атлы қосығы болмағаны анықланды. Соның ушын бул жаңылыслық қайталанбаўы жақсы болады. Тағыда жолдас Орынбаев Ҳәмзаның шөлкемлестирген драмтруппалары жөнинде бир қатар жақсы жаңалық фактлерди келтирип, Ҳәмза интернат балаларынан ҳәўескерлер труппасын дүзди деген мәнини береди, буны дәлийллеў ушын К. Башировтың естелик сөзин көрсетеди. Бизиншe булда Ҳәмзаға жаңылыс жапсырылған ис болыўы керек. Себеби, Ҳәмза Хожелиде болған жылларында еле балалар ушын пьесалар жоқ еди. Ҳәмза ең жақсы педагог болған, ол үлкенлер ушын жазылған пьесаларға балаларды қатнастырмаған. Буны сол интернатта болған, ҳәзир физика-математика илимлериниң кандидаты жолдас Омар Бөлешев, Қутым Оразов ҳәм басқаларда өз естеликлеринде тастыйықлайды.

Бир қатар көринип турған жаңылыслар үстинен көз жумып өте бермей, шынын айттық. Өйткени, республикамыздағы мәдений-әдебий ўақыялардың ҳақыйқат, дурыс көрсетилиўиниң тәрептарымыз.

Ҳәмза Ҳәкимзаданың Қарақалпақстанда болып, көп хызмет ислеп кеткели 40 жыл өтти. Ол еккен мийўелер камалына жетти. Өзбек халқының садық улы, халықлар дослығының шын жыршысы Ҳәмзаны қарақалпақ халқы шын жүректен ҳүрмет етеди, 40 жыллық мереке алдында оған уллы иси ушын гүресшилер қатарында бас иймеди.

Н. Жапақов.

ОЙЛАСЫҚҚА ҚОЙЫЛҒАН ОРТАЛЫҚ ПИКИР ҲАҚҚЫНДА

«Әмиўдәрья» журналының редакциясы 1962-жылы алтыншы санында қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири Сейфулғабит Мәжийтов ҳаққында филология илимлериниң кандитатлары Қ. Айымбетовтың ҳәм М. Сайдовтың мақаласын жәриялап, тағы редакция атынан бул жөнинде пикирлер айтыўды өтинип күтә дурыс ис етти. Буны жәмийетшилик көптен күткен еди, себеби жеке адамға сыйыныўдың апатына ушыраған С. Мәжийтов сыяқлы жазыўшылардың партиямыздың белгили қарарынан кейин туўысқан республикаларда тәғдири шешилип, әдебиятта белгили орны бар, айырым қәтеликлери болса да, тийкарынан халық ушын хызмет еткенлери ушын өз орынын 1957-жыллары ақ ийеледи. Бизде бул ис тек басланып отыр.

Жазыўшы С. Мәжийтовтың шығармалары ҳәм өзи менен 1928-жыллардан бери оқыўшы ретинде де, кейнин ала шайыр ретинде де таныспан. Жоқарыдағы авторлардың С. Мәжийтов «қарақалпақ әдебиятының тарийхында салмақлы орын тутады» деген пикирлери жүдә орынлы. Себеби ол шайыр ретинде де, драматург ретинде де рус әдебиятының жақсы нусқаларын қарақалпақ тилине бириншi аўдарыўшы ретинде де, дәслепки драмтруппаларды шөлкемлестириўши ретинде де, өзи қатары халық шайырларын ҳәм жас жазыўшыларды үйретиўши ретинде де қарақалпақ әдебиятына көп үлеслер қосты. Шайырдың қосықлары музыкаға- намаға салып айтыўға қолайлы, тили жеңил, образлы, көркем, турмыс менен беккем байланыслы болып, оны дурыс сәўлелендиргени ушын республиканың барлық жерине кең таралған еди. Көп қосықлары елеге шекем ядта сақланады. Мысалы, 1960—1963-жыллары Шымбай, Хожели, Мойнақ районларында болғанымызда сөйлескен информаторлардан С. Мәжийтов қосықларын ядтан билмейтуғыны кем ушырады. Бундай жағдайды қарақалпақ тилине ҳәм әдебияты бойынша материал жыйнаўшы басқа жолдаслар да гезлестирген. Аспирант Әбдиқәдир Ниязов 1960-жылы октябрь айында Мойнақ районының Калинин атындағы колхозының ағзасы Елмурат Нурабуллаевтан шайырдың «Ағасынан иниснне ҳат» атлы қосығынан:

«...Мен надан болдым, сен болма,
Мениң жолымды сен қуўма,
Саў болсаң оқыўдан қалма,
Бол алғыр суңқарым мениң...»

деген үзиндини жазып алған.

Бул келтирилген мысаллар ҳәм әсиресе мына қосықтың 1925-жылы жазылыўына қарамастан еле ядта сақланыўы—жоқарыда айтқан пикиримизди тастыйықлайды.

1925-жылға шекем ҳәзирги Қоңырат, Шоманай, Хожели, Қыпшақ, Маңғыт жерлери Хорезм халық республикасына қараслы еди. Ол ўақытлары Қоңыратта турыўшы С. Мәжийтов мәденият исленде актив қатнасын Хийўада шығатуғын «Инқлап қуяшы» газетасында өзбек тилинде қосықларын дағазалайды. Биз илимий хызметкер У. Сүйинов пенен 1960-жылы Хийўаға барғанда Хийўадағы музейде сақлаўлы 1923—24-жыллары шыққан газета санларында бир қанша қосықлардың нусқасын көрдик ҳәм 1923-жылы Хийўада Хорезм революциялық қосықлар топламы «Йигирмә» деген ат пенен шыққан, усы топламда да шайырдың шығармаларын ушыраттық. Бул фактлер С. Мәжийтов тек Қарақалпақстанда ғана емес, пүткил Хорезм ойпатын совет властының дәслепки күнлеринен белгили, кең таралған, шығармалары өз ўақтында революция талабына муўапық болған ҳәм еки тилде шығарма жаза билетуғын шайыр екенинен дәрек береди.

Мениң жумыс столымда төрт жылдан бери жыйналған, топланған шайырдың 2384 қатардан ибарат болған 87 қосығы жатыр. Буның үстине 1962-жылы Ленинградтағы Салтыков Щедрин атындағы китапханада оның 1925-жылы Қазақстан мәмлекет баспасының шығыс бөлими Ташкентте басылған үш китабын оқыдым, қосықлардан басқа тек «Оқыў китабының» өзинде 30 дан аслам майда гүрриңлер бар.

Сейфулғабит Мәжийтов еки дәўирди көрген адам. Бирақ, оның жазыўшылық талабы тек совет дәўиринде раўажланғанын көремиз. Революциядан бурынғы шығармалары бар деп көрсететуғын документ ҳәзирше биз зиң қолымызға жоқ. Жоқарыдағы мақалада «Инаят болысқа» деген қосық 1907-жылы жазылды деп көрсетилген, бирақ оны тастыйықлаўшы ҳеш қандай дәлил

келтирилмеген. Шайырдың Қулен болысқа көп жыллар секретарь болып ислегени мәлим. Турмыстағы бул жағдай ҳәм дүньяға коммунистлик көз-қарасқа еле түсинип жетпеўшилик оның бир қатар шығармаларында ескиликтиң изин қалдырып, турмысты, тарийхый ҳәдийселерди, адамлар арасындағы қарым-қатнасты дурыс сүўретлеўге зыянын тийгизип, кемшилик, қәтеликке жол қойыўға алып келген ҳәм дүньяға көз қараста бир қатар шеклениўшилик бары сезиледи.

Солай болған менен, қолда бар шығармалар жазыўшының кемшилик, қәтеликлеринен гөре халық ушын хызмет еткен ҳәм еледе ететуғын шығармаларының күтә басым екенин көрсетеди.

Пикирлеримиз дәлилли болыўы ушын С. Мәжитовтың қолда бар қосықларына нәзер салып көрейик. Бул қосықлардың басым көпшилиги шайырдың совет платформасына өтип, совет ҳақыйқатлығын жырлағанын көрсетеди. Соны көрсетип өтиў керек, шайыр жасаған Қоңыратта Совет ҳүкимети тек 1920-жылдың апрелиниң аяқларынан орнай баслайды. Шайыр Совет ҳүкиметин, Октябрь революциясын рабочий ҳәм дийханлардың улыўма мийнеткеш халықтың тәғдирин түпкиликли шешкен, олардың әсирлер бойы әрманы иске асқан, азатлық, бахыт алып берген революция ретинде қүтлықлайды, қабыл етип, қарсы алады. Мысалы, оның Октябрь революциясына арнаған «25-октябрь» деген қосығын алайық. Онда:

Нешше мың жыллық ҳүкимет бели сынған күн бүгин,
Еки баслы қус әламат туў жығылған күн бүгин,
Дүньяда ҳақлық жалыны жерин қылған күн бүгин,
Бирлесип исши-дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетине мәңги қалған күн бүгин.

Ем табылған ҳәм дүзеген елдеги жайсыз жара,
Шар тәрепке жайылған бүгинги еркин ҳаўа....
Жайнады бул күн жаҳанге еркинликтан сөўлеси,
Шорт кесилди ҳүкиметтиң елге қаслық ҳийлеси...
Жетти бүгин көп ўақыттан берги мақсет ҳәм тилек,
Хәр миллет өз еншин алды, бир тилекте сап жүрек,
Жүйин таўып бассын, енди қор, ол талмас билек,
Бирлесип исши—дийханның—арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин...

дейди.

Бул қосық шайырдың 1925-жылы Ташкентте басылып шыққан «Оқыў китабының» 20—21-бетлеринде жә-

рияланған, мүмкин оннан бурын жазылған шығар. Тап усы 1925-жылы жазылған еди, деп алғанымызда да Октябрь революциясына бағышланған биринши шығармалардан есапланады ҳәм идеясы менен көркемлиги беккем байланысып келип, бизиң жоқарыда айтқан пикиримизди тастыйықлайды. Тағы да шайырдың бул қосықта Октябрь революциясы миллий революция деп санамай, оның пүткил жер жүзи ушын әҳмийетин, пүткил дүньялық революция екенин дурыс түсиниўи дыққат қойыўға миясар.

Халыққа азатлық алып берген Октябрь революциясының теңи жоқ уллы екенин сүўретлеп, оны оқыўшыға түсиникли етип жеткере билиў ушын шайыр өз шығармаларында бурынғы турмыс пенен советлик турмысты салыстырыў усылын қолланады, халықты азатлық мийўесин әлпешлеп өсирийге, оны беккемлеўге шақырады. Биз буны шайырдың «Еркинлик таңы», «Қарақалпақ», «Еркинлик күсеў», «Тозған заман», «Аталарай», «Кет-кет», «Ысық» ҳәм басқа қосықларынан анық көремиз. Мысалы, «Ысық» деген қосықта:

«Хей Октябрь сизиң бизге,
Жигирма бес күниң ысық....
Бирлесиңиз жапакеш деп,
Сүрен салған үниң ысық...
Зорлығы жоқ, зулымы жоқ,
Бағдар салған жөниң ысық...
Ушың узайғандай болып,
Жайыла берген ениң ысық...
Әдил турып, тойындырып,
Ашқа берген наның ысық...
Ел болып жақтылық көрген,
Заманында дәўран сүрген,
Қарақалпаққа арнап берген,
Қатардағы орның ысық...»

десе, «Харып едиң» деген қосықта:

Ўатаннан көштиң туралмай,
Барған жерде де қуралмай,
Бүлгинлик изи арылмай,
Дүньяны бир шолып едиң,
Кеңеслер журтты алмаса,
Тилегиң қабыл болмаса,
Еркинлик сая салмаса,
Зая болып ширип едиң...»

денди.

Шайырдың «Қарақалпақ» қосығы өз Уатанының үлкен реалистлик шығармаларының бири. Бунда шайыр еки турмысты салыстырып сүўретлеўдиң бийик дәрежесине жетеди. Ески заманға өлтириўши ҳүким шығарып, жаңа заманды ардақлап шынлықты жазады. Жаңа заманды орнатыўшы авангард коммунистлер екенин атап көрсетеди.

«Ханлардың дәўиринде саған,
Жетиспеди сан қарақалпақ?
Сан деген не, болған жоқ па,
Өз үйиң зиндан қарақалпақ?...

Қол салды намыс арыңа,
Қулақ салмады зарыңа,
Сол қорлықтан беденинде,
Жуўырмады қан қарақалпақ...

Тек сеннен билди алыўды,
Жонли-жонсиз пул салыўды,
Таң саз берди, күниң туўды,
Айналды заман қарақалпақ.

Қара түниң батты сенин,
Абырайыңды жапты сенин,
Коммунистлер тапты сенин
Дәртиңе дәрман қарақалпақ...

«Бул еки түрли заман, турмысты салыстырып сүўретлеген қосықларда тағы бир көзге түсетуғын нәрсе—жаңаның жеңиўи ушын өнер, билим, бирлик керек, алдағы еллердиң тәжирийбесин үйрениў керек деген еди.

Шайырдың халықлық позицияда турғанын өткен ўақларды сүўретлегенде турмыс ушын бирдейине қанлы ҳәм қансыз гүрес болғанын реалистлик көрсетиўинен, Октябрьдеги жеңис көп жыллық гүрестиң нәтийжеси деп билдириўинен анық сеземіз.

Буны «Аталар ай» қосығынан аңлаў мүмкин.

Жан қыйып еркинлик сүйип,
Жар урғызған аталар ай!..
Қайыл болмай жанып-күйип,
Ис туўғызған аталар ай!...

Тилкимленсе де арқасы,
Жаза болсада тартасы,
Жалаңаш қол топқа қарсы,
Зор көргизген аталар ай.

Большевиклер оны басты,
Еркинликтиң жели ести,
Сенин кеўлиндеги исти,
Орылаған аталар ай!..

Бул қатарлардан бир тарийхый шынлық, социалистлик реализм көрииси большевиклердиң әсирлер бойы болып халық гүресиниң даўам еттириўши, оны ақырына шекем жеткериўши, «аталардың кеўлиндеги исин», арманын ынабатлы атқарып шығыўшы ретинде сүўретлениўи болып есапланады.

Октябрь идеясын дурыс түсиниў, оны халыққа дурыс жеткерип пропагандалаў, большевиклердиң, коммунистлик партияның ролин, идеясын дурыс сүўретлеп, оны көркем әдебиятқа сәўлелендире билиў шешиўши әҳмийетке ийе екени, әдебияттың халықлық, партиялық позициясы ушын гүрес белгисиниң бири екени мәлим. Усы белгилер жоқарыдағы қосық қатарларынан анық сезиледи.

Коммунистлик партияны, совет мәмлекетин дүзиўши уллы В. И. Ленинди көркем әдебиятта көрсетиў, оның образын бере билиў оғада жуўапкерли ҳәм әҳмийетли ис екени анық. Әсиресе ески ҳүкимет қалдықлары, оның тәсири ҳәм тәрәндарлары еле әдеўир күшли ўақларда халық арасында В. И. Ленин идеясын, жолын дурыс көрсетип, оны пропагандалаў, солай етип халықтың сана-сезимин көтериў—баслы ўазыйпаның бири еди. Шайырдың 1925-жылы шыққан «Оқыў китабының» 81-бетинде «Ленинге оғарылап» деген қосығы шыққан. Бунда шайыр В. И. Ленинди пүткил дүнья мийнеткешлериниң сүйикли көсеми, оларды азатлық ушын гүреске таярлаған ҳәм жеңип шығартқан дана басшы деп көрсетеди. Соның менен бирге, бул қосықта Ленинниң аралан қайтыпы кетип, қайтыс болғаны, өзи еле еси, идеясы, жолы қалып, «Ол көтерген шапалы байрақтың мәңги туратуғыны» айтылады. Ал, шайырлың бунан кейин жазылған «Ильяның улы» қосығы пүткил республикамызға жүдә кең таралған, ядынан шықпайтуғын көркем, терең идеялы қосық. Қосықтағы:

«...Салған жолы өзи түўра, өзи кең,
Ғәрипке-кәсерге қолайлы тең-тең,
Жүрт жайнады, бийшарадан кетип муң,
Тилегиң сол екен Ильяның улы...»

Деген қатарлары еле ядымызда.

С. Мәжийтовтың «Баба» атлы қосығы К. Марксе арналған. Бунда пүткил дүнья мийнеткешлери ушын таза, жарық силтеген, оны ашқан илим дөретилгени, ол ушын көп қыйыншылықлы жоллардан өтилгени айтылады.

«...Туўра, әдил жол салып,
Китап жазды қәлем алып,
Залымларға қарсы болып
Кеткен берди тартыс баба.

Түрли иелер өтип турды,
Жан алғымға жетип турды,
Ҳүкиметтен көрип турды,
Қатты-қатты шалғыс баба...»

деген қатарлар К. Маркс өмиринде тарийхый жақтан да сәйкес келеди. К. Маркс өзиниң тәлиматын жасаў, оны рабочий класстың сана-сезимине жеткериў ушын ҳеш қандай қыйыншылықтан, турмыста ушырасқан кемтарлықтан қорықпайтуғын өз басының ғамына берилип, ҳәмел-пулға қайрылмайтуғын, дин ўәкиллериниң түрли өсеклерин бийкарлаўшы, оны инсент етпеўши, шын гүрести, өзине дана, ҳадал пейил адамларды дос тутыўшы ретинде сүўретленеди.

Шайыр гражданлық лириканың шеберн болғаның жоқарыдағы шығармаларынан көрсек, соның менен бирге, оның өз дәўиринің баслы ўазыйпаларын түсине билген, оны әдебиятта көрсете сәўлелендире билген шайыр екенин сеземіз. Ол шығармаларында октябрь идеяларын, жемислерин, коммунистлик партияның көрсетпелерин, К. Маркс, В. И. Ленинди пропагандалаў менен бирге, қыйраған хожалықты қайта тиклеў, ҳаял-қызлар азатлығын беккемлеў, оларды жәмийетлик иске, оқыўға тартыў, жасларды мәденият қа, оқыўға шақырыў темаларын өз ишине алады.

Қарақалпақстан жағдайында хожалықтың шешиўши түри—аўыл хожалығы. Егис жерлерин көбейтиў, жерлерди бежерип, оннан мол зүрәәт алыў—бас ўазыйпалардың бири. Шайырдың «Жерди бежер», «Жалқаў дийханға», (бул еркин аўдарма), «Ҳарма дийхан», «Дийхан ис баттыма», «Жарлы ғарры дийхан», қосықлары усы темаға арналған. Егер «Жарлы ғарры дийхан» қосығында арқайын егин еге алмаған, көликсиз, тухымсыз ғарры дийханның турмысы қайғылы әрман

астында өтип, оның әрманын тек балалары неке асырғаның (совет дәўиринде) сүўретлесе «Ҳарма, дийхан!» қосығында барлық адамларды азық-аўқат менен тәмийин етип атырған дийханның мийнетине бас ийип, оған шын кеўилден ҳармасын айтады. Шайыр буның менен мийнет адамларын ардақлайды, оларды жоқары баҳалайды, турмыс түйинн соларда дейди. Мысалы

«...Ыссы күнде шыйқып күйип,
Дән қыларсаң қырман үйип,
Сен себеп улы журт тойып,
Сенде әрман барма дийхан...»

дейди.

Ал, шайырдың «Жерди бежер» қосығы — дийханның тийкарғы өндирис қуралы жер екенин сүўретлеп, жерди бежериў, оннан ҳасыл алыўдың гилти деп түсиндиреди. Жер де берсең береді, жерди бежерсең зүрәәттің шегарасы болмайды, дейди. Соның менен бирге, бул қосықта аўыл хожалығын машиналастырыў идеясы ортаға қойылады. Бул қосықтың 1925-жыл Ташкентте шыққан «Егеделер саўаты» китабында жарияланып, усы жыллары аўыл хожалығын машиналастырыў мәселесин ортаға қойып, оны әдебиятта көрсетип, баслаўдың өзи де қарақалпақ совет әдебиятына жаңа темалардың кириўинен дерек береді. Шайыр аўыл хожалығын өнимли етиў ушын машинаның керек екенин түсинеди ҳәм дийханға түсиндире баслайды.

Ҳаял-қызлар азатлығын беккемлеў, оларды жәмийетлик иске актив қатнастырыў, оқыўға тартыў мәселелерин партиямыз тәрепинен өткир қойылғаны мәлим. Шайыр бул мәселеге үн қосып, оны өз шығармаларында сәўлелендире билген. Партиямыздың шақырығын ҳаял-қызларға жеткериўде шайырдың «Қызларға» қосығы оғада характерли.

«Қарындаслар оян серпип көрпеңди,
Енди оянбасаң кешке қаларсаң,
Ҳеш ким тоқтаталмас бул жолда сени,
Турып оянбасаң кешке қаларсаң.

Жоқ еди басында бурын ықтыяр,
Бар басында жүз мың түрли муңлы-зар,
Азатлық күн туўды тоқтатар ким бар,
Өзиң шық тезирек кешке қаларсаң...

Ардақлы апалар әрманда кетти,
Қайғыдан сарғайып дәрман да кетти,
Малға сатпас, қартқа сатпас күн жетти,
Ал өз ҳуқықыңды, кешке қаларсаң...

Бар, жолың ашылды, көтер енди бас,
Өзің шық, азат бол, басқаға жол аш!
Бул өзге шық, қара, билимли бар жақ,
Гүрес шыңың, билән, босқа қаларсаң!»

(1925-жыл, Ташкент, «Оқыў китабы» 94—95 бет).

Буннан басқа шайырдың «Ҳаяллар күнине», «Қызларға» (екиншн қосық) ҳәм басқалар усы темаға арналған.

Қарақалпақ халқының мәденнй, оқыў, өнер, билим жағынан артта екенин өз көзи менен көрген шайыр усы темаға көп кеўил бөледи. Оқыў, өнер, билим темасына арнап жазылған қосықлар оның поэзиясының әдеўир көлемин қурайды. Шайыр мәденнй жақтан артта қалыў—елдиң алдағы еллер қатарына жетнўи ушын, хожалықтың раўажланып, халық турмысының жақсарыўы ушын тусаў деп түсинеди. Бул мәселени шайыр өз шығармаларында терең ҳәм өткир қояды. Оқыў, билим, өнерсиз Октябрь жемислерин қорғаў, оны алға раўажландырыў қыйын дейди. Бул идеяны шайырдың «Оқыўдандур», «Ағасынан инисине хат», «Пайдасын билиў», «Оқыў басқа, ойын басқа», «Оқыўға шақырыў», «Жасларға», ҳәм басқа қосықларынан анық көремиз. Мысалы, «Жасларға» деген қосықта:

...Елиң қалды бираз артта,
Тур жол болса, қарап жатпа.
Елдиң намыс—арын сақла,
Жол көрсет елге билим шаш!..

Жериң болсын баг—гүлзар,
Елиң көрмесин ҳеш азар,
Жүрсин нызам, мәккем қарар,
Мәденнй журтқа аралас...»

десе, «Оқыўдандур» деген қосықта:

Ҳәр бир истиң жоғын билиў,
Өнер билим оқыўдандур,
Алыс, жуўық байқап көриў,
Аңлы болыў оқыўдандур...

Билип ислеген ис қалай,
Бийкарға жүрдик бир талай,
Аш-жалаңаш болып малай,
Қутылмағың оқыўдандур»,...

дейди. Ал, халық ушын аянбай ис етнўи, өнер билимли, мәденнятлы болыў ушын гүресип, наданлықтан қутылыўы ҳәм соның менен бирге, ишки-сыртқы душпанның еле сағы сынған жоқ, сол ушын қырағы болыўы керек деген идеяны алға қояды.

Сейфулғабит Мәжнйтовтың булардан басқа да тәбнят көринислерине, балаларға арнап ҳәм дидактикалық мотивлерде жазған көп қосықлары бар. Соның менен бирге ол рус классик шайырларының шығармаларын қарақалпақ тилине бирнши аўдарыўшы шайыр екени де мәлим. Ол еле 1925-жыллардың өзинде-ақ Крыловтың «Ақ қуў, Шортан ҳәм шаян», «Маймыл менен айна» ҳәм басқа да тымсалларын қарақалпақ тилине аўдарып, китап етип шығарған.

Биз шайыр шығармаларының тек бир тәрепине—идея тәрепине тоқтадық. Ол да еле көп толықтырыўды талап етеди. Жоқарыдағы мысаллардан С. Мәжнйтов совет платформасында турып шығармалар дөреткени, тийкарынан мийнеткеш халықтың жырын жырлап, коммунистлик идеяны пропаганда еткени, солай етип қарақалпақ совет әдебиятының иргесин қалаўшылардың бирн болғаны сезиледи. Биз бул мақалада шайыр поэзиясының көркемлигине, оның классик традицняны қолланыўы менен новаторлық мәселесине ҳәм тағы басқа жақларына тоқтай алмадық.

С. Мәжнйтов қосықларына 1930-жыллардан баслап көп критика болғаны, бир қатар критиклер шайырдың қосықларын идеясыз деп, оны бизге жат идеядағы жақалпақ жас совет әдебиятын бизге жат идеядан сақлаўды мақсет етсе де, бир жақлы екени сезиледи. Бир мысал келтирейик. Жазыўшы Асан Бегимов «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1932-жыл 8-марттағы 13(393) санында «Тағы да қарақалпақ әдебияты ҳақында» деген мақала жәриялап, онда «...1924—1928-жылы қарақалпақ әдебиятында Мәжнйт улы дәўири... бул ўақытта байшыл миллетшилердиң әдебият жүзинде ҳүжим алып, солардың жазғанларының үстем болған дәўири...» дейди. Бунын ҳеш қандай тийкарсыз ҳәм

қарақалпақ совет әдебиятының белгили бир дәўири жөнинде ойланбай айтылған пикир екени көрининп тур. Себеби бул дәўирде әдебиятта белгили орны бар Әбдиқәдир Бекимбет улының, Қазақбай Хожанизовтың, Аяпберген Муўсаевтың, Қасым Әўезовтың, Әбдираман Өтеповтың, жоқарыда көрсеткенимиздей С. Мәжийтовтың шығармалары айырым кемшиликлерине қарамастан мийнеткеш халық позициясында, партиялық идеяда, бағдарда еди ҳәм қарақалпақ совет әдебиятын тек С. Мәжийтов қурамайтуғын еди. Деген менен бул критикалық мақалаларды ҳәр тәреплеме толық анализ етиў керек. Бул келешектиң иси.

Бирақ, булардың барлығынан С. Мәжийтов поэзиясында кемшилик, қәтелик, адасыўшылық болған жоқ деген түсиник шықпаўы керек. Биз буны мақаламыздың дәслепки жағында да көрсеттик. Айырым қосықларда идеялық жақтан адасыўшылық барлығы бир қатар қосықларда бирине бири қарсы идеялар берилгени сезиледи. Мысалы шайырдың «Қарақалпаққа» деген қосығын идеялық жақтан дурыс деп болмайды. Онда өткен заманның гейпара жақларын идеаллаштырыў бар. Қосықтағы: «...Әдил бийлерине журтлар ийди бас, сол ўақта әрманың бар десе болмас...» деген қатарлары жоқарыдағы пикирлеримиздиң дәлили бола алады. Бирақ, бундай шығармалар шайыр творчествосының тийкарын тутпайды.

Жуўмақлап айтқанда С. Мәжийтов творчествосы қарақалпақ совет әдебияты тарийхынан белгили орын тутады, ол әдебият ғәзийнемизге үлкен үлес қосқан адам, соның ушын оның әдебий мийрасларын толық жыйнап, толық анализ етип, топлам ретинде шығарып, жәмийетшилик алдына тартыў керек деген пикир билдиргимиз келеди. Жазыўшының өзи ҳәм творчествосы әдебият оқыў китапларынан, хрестоматиялардан, әдебият тарийхынан тийисли орын алыўы лазым. С. Мәжийтовтың өмири ҳәм творчествосы ҳаққында айырым монографиялар жазылса муўапық болар еди. С. Мәжийтовты сөз етиў менен бирге, жекке адамға сыйыныўдың апатына ушыраған белгили жазыўшы Қасым Әўезов, Ж. Захрий ҳәм басқалар жөнинде де сөз болып, олардың творчестволарына да кең таллаў жүргизилип, олар да әдебияттан тийисли орын алыўы керек.

Бул мәселелер журнал бетинде кең талқыланып, тез шешилиўи зәрүр деп ойлаймыз.

Н. Жапақов.
Филология илимлериниң кандидаты.

ӨСЕКТИҢ ӨМИРИ ҚЫСҚА

Қарақалпақ совет әдебияты оғада тез пәт пенен өсиў жолында. Әдебиятымыз тек совет дәўриндеги тарлық шеңберинен шығып, барлық жанрлар бойынша кең қулаш керип, өзиниң миллий оқыўшылары ғана емес, пүткил аўқам китап оқыўшылардың дыққатына миясар болды.

Қарақалпақ әдебияты илимий тийкарда жақсы үйренилип, ҳәр тәреплеме дурыс, шынлық көз-қарастан баҳаланып, жәмийетшилик алдына тартылып отыр. 1958-жылы «Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери» шықты. Бул бир қанша илимий хызметкерлер биригип ислеген үлкен мийнет—жәмийетшилик тәрепинен жоқары баҳа алды. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери ҳәзир баспаға берилди. Булардан басқа да қарақалпақ әдебияты ҳаққында көп илимий мийнетлер, оқыў китаплары, сабақлықлар шықты. Мәселен, қарақалпақ совет проза жанрының раўажланыўының жоллары ҳаққында филология илимлериниң докторы, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы Марат Нурмухамедовтың қарақалпақ совет поэзиясы ҳаққында филология илимлериниң докторы Сражатдин Ахмедовтың, қарақалпақ қаҳарманлық эпослары хаққында филология илимлериниң докторы, Өзбекстан ССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы Исмайыл Сағытовтың, филология илимлериниң докторы Қабыл Мақсетовтың ҳәм усы қатарларды жазып отырған автордың «Социалистлик реализм жолында» деген көлемли илимий мийнетлери, тағы басқа көп китаплар жүзеге келди.

Әдебиятымыздың илимий тийкарда изертлениўи ҳәм ҳәр тәреплеме үйренилип, жәмийетшилик алдында усыныў, әдебиятты оқыўшылардың, үйрениўшилердиң дыққатына тартыў ушын барлық жағдайлар туўы-

дырылған. Тек Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтында әдебиятты изертлеў бойынша төрт сектор болып, онда көп санлы қәнигелер хызмет етеди. Қарақалпақ Мәмлекетлик Пединститутта айырым қарақалпақ әдебияты кафедрасы бар. Онда көп қәнигелер жумыс илейди. Булардан басқа республикамызда 478 орта, сегиз жыллық мектеплерде, бир қанша техникумларда қарақалпақ әдебияты белгили сабақ ретинде оқытылады. Бул сабақларды өтетуғын мыңлаған жоқары маглыўматлы қәниге муғаллимлер бар.

Усы көрсетилгенлер ҳәм булардан басқа да жағдайлар қарақалпақ әдебиятының халықты, әсиресе жас әўладты тәрбиялаўда, олардың сана-сезимин өсириўде, елди, Уатанды сүйиўшилик, халыққа хызмет етиў, биўик адамгершилик қәсийетлерин қәлиплестириўде тутқан орнының асқанын көрсетеди.

Соның ушын да әдебият тарийхының очерклери менен көплеген илимий мийнетлер ҳәм оқыў китаплары, сабақлықларда әдебият ҳаққында улыўма сөз емес, жазыўшы, оның шығармасы, шығарманың эстетикалық тутқан орны нақма-нақ сөз етилген. Бул көп санлы илимий, тарийхый мийнетлер халқымыздың, жәмийетшиликтиң сынап, аўқамымыздағы әдебиятшылар менен шет елдеги досларымыздың пикир айтыўларынан инабатлы өткен. Әдебият тарийхы, қарақалпақ совет әдебиятының өсиў, раўажланыў жоллары, буларға байланыслы илимий жумыслар жөнинде көп пикир айтыўшылар истеги жетискенликлер менен бирге айырым олқылықларды көрсеткени рас. Бирақ, әдебиятымыздың өсиў, раўажланыў жолының, жазыўшылардың өмири менен шығармаларының бурмаланып көрсетилиўи жөнинде олардан ҳеш нәрсе еситкенимиз жоқ.

Қарақалпақ әдебиятшылары да пүткил көп милетли совет әдебиятшыларындай әдебият тарийхын, әдебияттың өсиў, раўажланыў жолын шынлық, ҳақыйқатлық көз-қараста жаратыў режесине садық.

Солай етип, пүткил совет халқы, шет елдеги досларымыз қарақалпақ халқының түри бойынша милетлик, мазмуны бойынша социалистлик әдебиятымыздың бурын көрилмеген дәрежеде тез пәт пенен ҳәр тәреплеме өсиўине, гүлленип раўажланыўына, әдебиятшаныў илиминиң қәлиплесиўине шын кеўилден сүйинип қараса, өскенди, раўажланғанды көре алмайтуғын бир қатар дүшпан адамлар күйинип қарағаң мысалды да көрип отырмыз. «Көрмес—түйени де көрмес» деген халқымыздың әжайып нақылы бар. Бул адамлар тек өскенди, табысларды көре алмаўшылық емес, әдебиятымыздың өсиў, раўажланыў жолын, жазыўшыларымыздың өмирбаянын, еткен хызметлерин бурмалаў, олардың малаўайлық ўазыйпаларын ақлаў ушын жала, өтирик-өсек таратыўға шекем батылы барып отыр. Соның ушын булардың ондай жала, өтирик-өсеклерине қарсы ҳақыйқатлықты айтыў кереклиги көринип тур.

Батыстағы қарақалпақ совет әдебиятын сөз етиўши бир қатар қәниге сымақлардың қарақалпақ совет әдебиятының айырым ўәкиллери ҳаққында өтирик-өсеклер таратыўы көзге түсиўде. Мысалы, жазыўшы Сейфулғабит Мәжитов жөнинде ҳеш қандай шынлыққа сәйкес келмейтуғын өтирик өсеклер, таратылыўда. Бул мырзалар жазыўшы Сейфулғабит Мәжитовтың ким екеннен хабарсыз болса керек. Олар. «Мәжит ағай Қазанда оқыды, оннан Ташкентке келип, Шолпан Фитрат ҳәм Абдулла менен досласты, олардың шығармалары менен жақсы таныстың» деп көрсетеди. Бул көрсетилгенлердиң өтирик екенин жазыўшының өз қолы менен 41 жыл бурын—1929-жылы жазылған өмирбаянындағы төмендеги қатарлар дәлиллейди: «Туўылған жерим Қазанның әтирапында болса да 7—8 жасларымда қазақ арасында Көкжар, Тузтөбеде болып, Орынборға келип, 1881-жылы Хорезмге—ҳәзирги Қараөзекте Қулен байға жалланып, жылым салып 1888-жылға шекем иследим...»—дейди. Ол 1895-жылға шекем усы Қулен болыста болғанда оның хаткери ал 1895-жылдан 1920-жылға шекем өзиниң үй хожалығында, 1920-жылдан өмириниң ақырына шекем совет мәкемелеринде хызмет етеди. Болажақ жазыўшы 1869-жылы бурынғы Қазан губерниясының Күйик деген аўылында жарлы дийхан хожалығында туўылады. Оның ата-анасы аўыр турмыстың қысқысына ушырап, жазыўшының өзи жазғанындай Ташкентке емес, ҳәзирги Қарақалпақстанға 1881-жылы көшип келеди. Бул ўақлары Сейфулғабит Мәжитов 11—12-жасла-

рында болады. Ол Қазан қаласында болмаған да, оқымаған да.

Батыстағы шет еллердеги қарақалпақ әдебиятын қәниге сымақлы мырзалардың Сейфулғабит Мәжитовтың өмирбаянын бурмалаўдың пәслик көрининси төмендегилерден ибарат: «Басында Мәжит ағай болған қарақалпақ жазыўшыларының шөлкеми 1924-жылда дүзиледи»—дейди. Ҳақыйқатында Қарақалпақстан жазыўшыларының бундай шөлкеми 1924-жылы түптийкарынан жоқ еди. Ол ўақытлары, яғный 1924-жылы Сейфулғабит Мәжитов хызмет етип турған Қоңырат қаласы Хорезм Халық республикасының қарамағында еди. Тек 1924-жылдың ақырында Қоңырат Қарақалпақ автономиялы областына өтип, 1925-жылдың февралында Төрткүлде Советлердиң бириншi Шөлкемлестириў қуралтайы өткерилип, қарақалпақ халқының басқа туўысқан халықларындай бириншi миллий мәмлекети дүзиледи. Егер биз Қарақалпақстан жазыўшылар шөлкеминиң пайда болыўына тоқтасақ, бириншi рет бул шөлкем 1928-жылы рабочий жазыўшыларының ассоциациясы ретинде пайда болып, оның басында С. Мәжитов емес, Қасым Әўезов турады. Демек, булардың барлығы батыстағы қарақалпақ әдебиятына қәнигесымақ бир қатар мырзалардың тек Сейфулғабит Мәжитов өмирбаянын ғана емес, ал қақарақалпақ совет әдебиятының өсиў жолларында анық билмейтуғынын көрсетеди.

Бул мырзаларға қарақалпақ совет әдебиятының баслаўшыларының бири, көрнекли жазыўшы Сейфулғабит Мәжитовтың өмирбаянын бурмалаў не ушын керек болған? Оларға шынлықты бурмалаў С. Мәжитов Орта Азиядағы бир қатар буржуазияшыл, миллетшил жазыўшылар менен бирликте еди деген өсек ҳәм жаланы ақлаў ушын керек болған. С. Мәжитов Шолпан ҳәм Фитрат пенен ҳеш қашан байланыста болмаған. Бирақ буннан С. Мәжитов өзбек совет әдебиятының ўәкиллери менен байланыста болмады деген мәни шықпайды. Ол өзбек әдебиятының тийкарын салыўшылар Мухаммедшарип Суфызада, Ҳамза Ҳәкимзадалар менен жақсы таныс, дос болады. М. Суфызада менен 1909—1912-жыллары Қоңыратта танысып дос болса, ал Ҳамза Ҳәкимзада менен ол Хожели,

Қоңыратта болған 1921—1924-жыллары таныс болып, оннан үлги, жазыўшылық өнери жөнинде кеп пайдалы кеңеслер алады. Ал 1920-жылдан 1924-жылдың ақырына шекем Хийўада шығатуғын «Инқилаб қуяшы» газетасына актив қатнасып, оның бетинде өз қосықларын өзбек тилинде шығарып турады. Усы көрсетилгенлер батыстағы бир қатар мырзалардың қарақалпақ совет жазыўшысы Сейфулғабит Мәжитовтың өмирбаянын да, жазыўшының жазыўшылық жолын да билмейтуғыны, бирақ соған қарамастан адамгершилик ардан безип, бул ҳаққында өтирик-өсек тараты̆ўға батылы барғаны сезиледи. Олардың өтириги ҳәм ҳақыйқатлықты билмейтуғыны, жазыўшының атын жөнин «Мәжит ағай» деўдиң өзинен де көрининп тур. Шынында, усындай исимли жазыўшы қарақалпақ әдебиятында ҳеш ўақытта болған емес.

Бул мырзалар Сейфулғабит Мәжитовтың өмири ҳаққында қандай қыянет етип, өсеклер таратса, жазыўшының шығармалары ҳаққында да өтирик-өсеклер таратып отыр. Мысалы олар: «1932-жылы драма жазды, ол тезден қойылған еди. Онда патша Россиясының Түркстан халықларын колониялық езиў сүўретленип ҳәм патша ҳәмелдарларының бизиң үлкемиздеги ҳәрекети көрсетилген еди. Бул драма сахнадан алынып тасланады. Буннан басқа да ағайдың жақсы қосықлары ҳәм басқа да шығармалары оқыўшылардың қолынан жулып алынып тасланады. Қарақалпақстан жазыўшыларының 1934-жылы болған бириншi съездинде Мәжит ағай совет халқының душпаны ретинде қарақалпақ жазыўшылар шөлкеминен шығарылады. Оннан кейин ол суўық Сибирьдиң дүз тоғайына сүргин етиледи. Буннан кейин оннан ҳеш қандай хабар-атар жоқ»—дейди. Бул көрсетпелерде тек бир шынлық—ол да болса 1934-жыл қарақалпақ жазыўшыларының бириншi съезди болғаны рас. Оннан басқа сөзде ҳақыйқатлық жоқ.

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият Институты ҳәзир Сейфулғабит Мәжитовтың 30 баспа табақтан артық болған шығармалар менен аўдармаларының топламын баспаға таярлады. Бул мийнетти таярлаў ушын барлық архивлер, жазыўшының қол жазбалары, өзи тири ўақтында шыққан китаплары көзден өтке-

рилди. Жазыўшының ҳеш бир қосығы менен гүрриңи оқыўшылардың қолынан жулып алынған жоқ. Мен өзим қарақалпақ совет жазыўшыларының сол 1934-жыл болған биринши съездиниң делегатыман, қатнасыўшысыман. Съездде С. Мәжитовты жазыўшылар шөлкеминен шығарыў ҳаққында ҳеш қандай мәселе болған жоқ. Керисинше С. Мәжитовтың шығармаларына болған бир қатар сынлардың бир жақлы екени көрсетилип, ондай сынлардың бунан былай болмаўы ескертилди ҳәм съездиң қарарына жазылды. Буны 1934-жылы сентябрь—октябрь айларында биригип шыққан, қарақалпақ жазыўшыларының тили болған «Аўдарыспақ жалыны» журналының усы қарар жәрияланған екинши бетинен оқыў мүмкин. С. Мәжитов ҳеш қашан ҳәм ҳеш ўақытта Сибирьге сүргин етилген жоқ. Ол аўырып 1938-жыл Төрткүл қаласында қазаланды.

Булардың барлығы шайырдың «Илинген бар»—деген қосығындағы:

«Хийле менен дузақ қурып,
Өзи түсип илинген бар,
Өз айыбын өзи ашып,
Гизли сыры билинген бар»...

дегениндей, душпан адамлардың қарақалпақ әдебиятына ҳәм оның ўәкиллерине душпанлық сыры болып табылады.

Жоқарыдағы көрсетилип өтилген шет еллердеги бир қатар капитал қуллары өзлериниң жала-өсеклеринде «Ағай», «Оян» деген қосық жазып еди. 1928-жылы қарақалпақ Обкомының қарары менен С. Мәжитов басшылық етип отырған «Еркин қарақалпақ» газетасы жаўып тасланды, қадаған етилди»—дейди. Бул мырзалар ушы-қыйыры жоқ усындай да өтирик-өсекке барып жеткен. Биринширен С. Мәжитовтың ҳеш қандай «Оян» деген атлы қосығы жоқ. Екиншиден, ҳеш қашан, ҳеш ўақытта Қарақалпақстан областьлық партия комитети «Еркин қарақалпақ» (ҳәзирги «Совет Қарақалпақстаны») газетасын қадаған етпеген), шығыўын тоқтатпаған. Оның үстине сол ўақлары да, кейин де бул газетаның басшысы С. Мәжитов болған емес. 1925—1928-жыллары «Еркин Қарақалпақстан»

газетасының жуўаплы редакторы Қасым Әўезов болған.

Биз көрсетип отырған шет еллердеги бир топар қарақалпақ әдебиятының қәнигесымақ мырзалардың жала-өсеклеринен тағы бир нәрсе, олар «Мәжит ағай халыққа жақса да большевиклерге, коммунистлер партиясына жақпады» демекши болады. Булар соны есинде сақлаўы керек, ҳеш қашан, ҳеш ўақытта халықты Коммунистлик партиядан, Ленин партиясынан, коммунистлик партияны халықтан айырыўға болмайды. Ондай етиўге ҳеш кимниң күши жетпейди.

Сейфулғабит Мәжитов 1920-жылдан Коммунистлик партияның ағзасы. Ол Октябрь революциясын, Коммунистлик партияны, В. И. Ленинди мийнеткеш халыққа азатлық алып бериўши, жаңа заман, жаңа дәўирди жасаўшы ретинде өз шығармаларында сәўлелендиреди. Оның «Еркинлик таңы», «25-октябрь», «Ысық», «Ильяның улы», «Қарақалпақ» ҳәм басқа шығармалары жоқарыдағы айтқан пикирмизди дәлиллейди. Бирқанша мысал келтирейик. Мине 1918—1920-жыллары жазылған «Еркинлик таңы» қосығында:

«...Ағарып таң атты, ол ерк таңы,
Умтылды мийнеткеш келди деп шағы.
Шуўлап тур тәбият болды деп ўағы,
Шуўласты барше халық, бизге не болды.
Бул таңға сәлем бер, тур қарақалпақ,
Нурына аралас, жүр қарақалпақ...?

делинеди. Бунда революция руўхы, революция исине қарақалпақ халқының актив қатнасыўы, революцияның тек жемисин жеп отырмай, оны беккемлеў ушын актив гүресши болыўға шақырықлар бар. Енди «Қарақалпақ» атлы қосықтан бир қатар үзинди келтирейик.

Ханлардың дәўиринде саған,
Жетпеди сан қарақалпақ,
Сан деген не, болған жоқ па,
Өз үйиң зиндан қарақалпақ.
Қара күниң батты сениң,
Абырайыңды жапты сениң,
Коммунистлер тапты сениң,
Дәртиңе—дәрман қарақалпақ...

Тағы да «Аталар ай» атлы қосықтан бир үзинди келтирейик:

«... Оңға басып истин бети,
Басылып зулымның нағи,
Болды кеңес ҳүкимети,
Дем алмаған аталар ай...

Шайыр «Ҳарып едиң» қосығында қарақалпақ халқының Октябрь революциясынан, совет ҳүкимети орнамастан бурынғы жағдайын сүўретлеп, халқымыздың халық қатарынан жойылып кетиўге таянғанын айтады ҳәм:

«...Кеңеслер жүртты алмаса,
Тилегин қәбыл болмаса,
Ерликлик сая салмаса,
Зая болып ширин едиң»...

дейди.

Булардың барлығы шайырдың шын мәнисинде партиялық, халықлық әдебият дөретиўши, партияны халықтан, халықты партиядан айырмағанын, халқымыздың ығбалы, гүллениўи Коммунистлик партияның басшылығында екенин ашық көрсетеди. Әлбетте бундай шығармалар мийнеткеш халықтың дүшпанына жақпаўы мүмкин.

Сейфулғабит Мәжитов қарақалпақ халқының сүйикли ҳәм әдиўли перзенти. Оның шығармаларын пүткил халқымыз көзиниң қарашығындай сақлап, сүйип оқыйды. Ол қарақалпақ халқына ҳәм көп миллетли совет әдебиятына шайыр, прозаши, драматург ретинде кеңнен танылған. Оның ҳәр тәреплеме үлкен талант ийеси.

1969-жылы жазыўшының туўылғанына 100-жыл толған күнди республикамыздың жәмийетшилиги үлкен көтериңкилик пенен өткерди ҳәм мәңги есте қалдырыў ушын Нөкис қалалық балалар китапханасын, Қоңыратта бир үлкен көшени С. Мәжитовтың атына қойды. С. Мәжитовтың әдебий мийраслары республикамыздың жоқарғы ҳәм орта оқыў орынларында арнаўлы сабақ болып өтеди. Әдебият оқыў китаплары менен сабақларында С. Мәжитовтың өмири менен шығармаларына кең орын берилген. Булардың барлығы С. Мәжитовке ҳәм оның шығармаларына халқымыздың шексиз ҳүриметин ҳәм сүйиспеншилигин көрсетеди.

Батыстағы қарақалпақ әдебиятының қәнигесымақларының өтирик-өсек таратыўлары бизиң әдебий мийрасларымызды сүйиўимизди ҳәм халықты тәрбиялаў шын адамгершилик қәсийетти жетилистириў, Ўатанды сүйиў, халықлар дослығын күшейтиў ушын ҳадал мийнет етиў жолындағы тәсирин, тутқан орнын пәсеңлете алмайды. Өсекшилерге соққы бере отырып, биз әдебиятымыздың раўажланыў тарийхын жәмийетшилигимизге шын, дурыс көз-қараста жаратып бериўдемиз.

Н. Жапақов

Филология илимлериниң докторы
20-декабрь, 1970-жыл.

«ГҮЛИМ-ТАЙМАН»

Бул пьеса 1920—1930-жылларда жазылған қарақалпақ совет әдебиятының әжайып нусқаларының бири. Пьеса бизиң китапхана қорына 1970-жылдың екинши ярымында келип түсти. Пьесаның қолжазбасын тапсырған белгили илимпазлардың бири Исмайыл Сағитов. Ол киси бул жазбаны Сейфулғабит Мәжитовтың қолжазбасының түпки нусқасы ретинде бизге тапсырды.

Қолжазбаның бизиң китапханамызға тапсырылғандағы жағдайы төмендегилерден ибарат: қолжазба улыўма бир сызықлы дәптерге жазылған, узыны 20 сантиметр, ени 150 сантиметр, 65 бет. Бирақ, пьесаның тысы, пьесаға қатнасыўшылардан соңғы еки бети, 4-пердеде төрт бети ҳәм ең кейинги жағы жоқ. Демек, қолжазбада көрсетилгендей пьесаның көлеми 65 бет емес, 59 бет болады. Ҳәзирги бул қолжазба Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының қорында Р—240 сәнеси менен сақланыўда. Қолжазба араб әлипбесинде, ески ҳәм жаңа имла аралас етип жазылған. Қолжазба бастан аяқ бир адамның—автордың өзиниң қолжазбасында болып, басқа адамның қолы тиймеген.

Пьесаның жазылған ўақты 1930-жыллар екени көринип тур. Буны ўақыт өтиўи менен сарғайып, ўақыт

жүгин үстине алған дәптер қағазлары да, өз заманының сөз қурылысы менен сахнаның қалай болыўы, перде ашылғанда қандай нәрселердиң көриниўи ҳаққындағы анықнамалар да көрсетиўде, С. Мәжитов— барлық пьесаларында айтылатуғын қосықтың намаларын өзи дүзгени мәлим. Бул пьесада да сол қәде, дәстүр сақланған. Пьесаның қолжазбасында автор 20 дан артық қарақалпақ классикалық намаларын көрсеткен, пьесаға кирген ҳәр қосықтың қайсы намада айтылатуғынын өзи белгилеп жазып қойған. Мысалы: «Жаман шығанақ», «Нигарым», «Дем бермес», «Гүлнақ», «Қыз минайым», «Жығалы келдің», «Қызлар үйге кир» ҳәм басқалар. Көрсетилген намалар ишинде оғада сийрек гезлесетуғын намалардың да атлары бар. Мәселен, «Қара хат», «Молла Арзыў» ҳәм басқалар. Булар бизиң композиторларымыздың дыққатын аўдарыўы тийис. Бундай етип көрсетиў бир жағынан 1930-жыллардың биринши ярымында да қарақалпақ сахналарында қойылатуғын пьесаларға нама жазатуғын композиторлар болмағанын билдирсе, екинши жағынан, С. Мәжитовтың жақсы сазенде болып композиторлық хызметти де өзи атқарғанын билдиреди. Бул жағдайларда С. Мәжитовтың драматург ретинде өзине тән жекке қәсийетлери менен өнер өзгешеликлерин белгилейди ҳәм оның ҳәр тәреплеме кең талантлы екенин, айрықша тулғасын бизиң көз алдымызға келтиреди.

«Гүлим-Тайман» пьесаның мазмунын қысқаша көрсетип өтиў жөн болар деймиз. Пьеса 4 пердеден ибарат болып, трагедия екени көринеди. Биринши пердеде дәслепки еки бет жоқ болса да, берилежақ идея анық, толық көрсетилген. Жарлы дийхан қызы Гүлим менен жарлы жигит Тайманның шын муҳаббаты, бир-бирин сүйиў, бирге өмир сүриў әрманлары, Гүлимниң әкеси Түрекениң жарлылық аўҳалы, Жайлыбек байдың Түреке менен қудалығы, оның өз адамлары арқалы жарлыға зорлығы ҳәм еси аўан баласына Гүлимди айттырған болып, ҳақыйқатында өзи алмақшы болған ҳарамылығы сүўретленеди. Пердеде сахнаға шығыўшы ҳәр адамның өзине тән хәрекети бар. Олардың характери менен сөзлери де өзлериниң тутқан орнына сәйкес берилген. Сахнаға ҳеш ким босқа кирип-шықпайды. Ҳәр кимниң өзине тийис мақсети, тыңлаўшыға, көриўшиге аңлататуғын идеясы бар. Мысалы,

Гүлим өзиниң гиршиксиз таза муҳаббатын Тайманға «Әй, гүлимниң бүлбилисең ҳәм бағымның бағманы, түн өтер, тез таң атар, сен сол танымның шолпаны[1]—деп билдирсе, байдың шабарманы Бекберген қыздың әкеси Түреке бай еле қызымның қалың малын толық берип болған жоқ, қалай қызды берсин дейди деп наразылық айтса»...қырық туўарға қызыңды берип бе едиң...[2]—деп күледи. Пердеде адамлардың өз-ара қатнасы, конфликт бағдарланып олардың ушлығы көрине баслайды.

Екинши пердеде ўақыялар, ҳәрекетлер жаңа басқышқа көтериледи. Байдың зорлығына, ҳийле дузағына түскен Түреке қызын илажсыз байға бериўге қайыл болады. Пердеде XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақ аўылының турмыс жағдайлары, үрип-әдетлери кең бериледи. Қыз узататуғын аўылдың қудалардан, күйеўден алатуғын қәделери— майда-шүйдесине шекем анық, таллап көрсетилген. Бақсы айттырыў, қудаларға табақ тартыў ҳәм басқаларда толық берилген. Соның менен бирге, жазыўшы турмысқа кирген, қәдеге айналған үрип-әдетлердиң қолланылыўында айырмашылықлар барлығы пердеге қатнасыўшылардың ҳәрекети арқалы көрсетеди. Жайлыбек бай жарлы аўылын кемситип, өзиниң үстемлигин аңлатып, соғым ушын арық, ақсақ баспақ береди, қант орнына жийде болады. Молла имам Насырхожада неке қыйыўдағы шәрият тәртиплерин байдың ыңғайына қолайластырады.

Бирақ, пьесаның бас қаҳарманы жәмийеттеги теңсизликке көнгиси келмейди. Ол жаман көрген, қәлемеген, сүймеген адамға қосылып өмир сүргеннен гөре, бир күн болса да сүйгенине қосылып өлип кеткенин артық көреди. Соның ушын да ол:

«...Қусқа тордай алдым тутасқан зулым,
Балықтайман күткен қармақ я жылым,
Аяқ бастым я азатлық, я өлим.
Күнде жүз өлимниң дәмин татқанша[1] —

---

[1]. С. Мәжитов. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана фонды, Р—240, қолжазба, 6-бет.

[2]. Бул да сонда, 9-бет.

деп өз басының азатлығы, сүйгенине қосылыў ушын гүреске бел байлайды. Бул әрманын иске асырыў ушын туўысқан сиңлисине Айымның жәрдеми арқасында сүйген жигити Тайман менен той қызған ўақытта қашып кетеди. Бул жағдай неке қыяр мәҳәлде билиниў, тойдың изи тоналаңға айналады. Жайлыбек бай бундай хорлық ушын Турекеден өш алып, кишкене қызы Айымды зорлық пенен алып кетеди. Туреке жарлы бир қыз орнына еки қызын да жоғалтады, трагедия басланады. Қызлардың анасы Әнар қос қозысын заманның қанлы аўыз қасқырларына алдырып зар қағады.

Үшиншi пердеде Жайлыбек бай, Қулен болыс, Қазы ҳәм олардың адамларының ҳәрекети көбирек көрсетиледи. Өзинен төменге зәҳәрли тырнағын батырып, миңнеткеш халықты қан қақсатып жүрген Жайлыбек Қулен болыс алдында қол қаўсырып қулдай, ертлеўли аттай жылаўды қаққан жаққа жортыўға таяр турады. Сондай болса да бай ҳийлекер. Ол болыс, қазыны майлы сөз ҳәм аямай жумсаған ақшаның күши менен өзиниң мақсетин орынлаўға бейимлеп алады. Ол жағдайдан пайдаланып, Турекенин бир қызын емес, еки қызын да алыўды, исленген зорлықты нызамластырыўды, Тайманды некени бузыўшы ретинде жуўапқа тарттырыўды ойлайды.

Болыс ҳәм қазыға бай арза етип, көп шығында қалғаның, гедейлер тәрепинен байдың намысына тийерлик ис болғаның, сол шығынларды өндирип, ар-намысқа тийгенлерден өш алып бериўди сорайды. Болыс пенен қазы әдилликти аяққа басып, байдың өтинишин орынлайды. Гүлимниң некеси қыйылмаса да, Ийман молла Насырхожадан ақшаға сатып алған өтирик некеге хатты қазы есапқа алады, Гүлимди Тайманнан айырып, байға қосады, Тайманды некени бузыўшы айыпкер ретинде еки жыл тюрьмаға қамаўға ҳүким етеди. Гүлим менен Тайманның шын муҳаббаты, әдил сөзлери менен дәлиллери, ҳақыйқатлықты ақшаға сатпаў ҳаққындағы тилеклери есапқа алынбайды. Туреке қудалық тәртибин дурыс сақлай алмағаны ушын төрт ай болыс есигинде хызмет етиўге буйырылады. Жайлыбек зорлық пенен алып кеткен Айымды өзиниң есигиндеги малайы Байекеге берип байлықты арттырыў ушын тегин хызметкерди көбейтеди. Әнар еки қызынан, Турекеден айырылып үй-жайы ойран болып, есақылын жоғалтады. Трагедиялық аўҳал күшейеди.

Шийеленисип киятырған ўақыялардың ушы Әмиўдәрья музаппатының екиншi мировой судьясының шешимине келип таялады. Пьесаның төртиншi пердесине де үшиншi пердеде көрсетилген ҳәдийселерден бир қанша ўақыт өткени, ўәдеге опалы, сөзге берик Гүлимди жанындай сүйетуғын, оның жолында әдиллик излеп патша ҳүкиметиниң адамның еркинлиги жөниндеги ис жүзиндеги емес, сөз жүзиндеги нызамына сүйсинип, Гүлимди қуллықтан қутқарыў ушын жан-тәнин аямайтуғын Тайманның тюрьмадан шығып, талпынып жүргени көрсетиледи.

Судьяның хызметкери, бурынғы аўылласы Төре деген жигит Тайманды судьяға жолығыстырады. Судья биринши ўақлары Тайманды жақсы қабыл етеди, жөн-жосақты бирип, Төреге ўәде береди, солай етип, Тайманның бар ақшасын қалдырмай алады. Қуллықта жүрген Гүлимди де алдырып, кисенли аяғын, адам сүлдери қалған түрин көрип, аяныш билдирген болады. Гүлим де судьяға барлық сырын, көрген қорлығын, байдың қул орнына жумсап, адам есабына алмайтуғынын айтады, басына еркинлик, сүйгенине қосылыўға мүмкиншилик берилиўин сорайды. Судья Гүлимге де ўәде берип, ҳақыйқатын шешетуғынына исендиреди. Тайман, Төре, Айым судьяның ўәдесине исенсе де, Гүлим гүманланады. Мысалы, Тайман: қалдыма ҳеш бир қысыўмет басымыздан өтпеген, Болмасынба мың ишинде бир ҳаққа көшпеген...»—десе, Гүлим: «...Шын ақыл дер алдаўшыдур дер көңилге жубаныш,
Болмағайда тийкарында бир сәҳәтлик қуўаныш.[1]»—дейди.

Шынында да судьяны барлық ўәделери алдаў менен ҳийле болып шығады. Бул ҳийлелерди ол еки мақсетке иследи: 1) Тайманлардың исенимине кирип, барлық сырды билип, бар ақшасын қалдырмай алыў болса; 2) билген сырды байдан, болыстан көбирек

[1]. С. Мәжитов, Өзбекстан илимлер академиясының қарақалпақстан филиалының китапхана қоры, Р—240, қолжазба, 57—58-бетлер.

пара алыўға пайдаланыў болған. Нәтийжеде «ғарға-ғарғаның көзин шоқымайды» болып шыққан.

Мировой судья ақылсыз етип көрсетилмейди, ол өз исин пухта алып барады. Исти ҳақына шешип, ҳүким шығарып беремен деп, жеке өзи қалған ўағында кеңсеге Қулеп болыс пенен қазы киреди. Усы жерде қолжазбаның 59, 60, 61, 62-бетлери жоқ. Бирақ ўақыяның барысында ҳәм буннан кейинги жазылған тәплерине қарап, болыс және судья арасында қандай сөзлер болғанын шамалаў мүмкин. Егер пьеса сахнаға қойылса, ол сөзлерди жазыўшының өз сөзиндей болмаса да режиссердиң жәрдеми менен аңсат қурыўға болады. Болыс, қазы ҳәм бай судьяға өз мақсетин орынлатады. Мақсетти орынлатыў тегин болмай, көп ақшаға түседи де, судьяның өз класының адамларын сыйлаўы, олардың идеясы менен идеясының, мақсети менен мақсетиниң бир болыўы—сол заманның шынлығы, ҳақыйқатлығы болып есапланады. Усы ҳақыйқатлықты жазыўшы драмалық жол менен сүўретлеп бере билген.

Ўақыя ҳәм ҳәрекетлердиң раўажланыўы, өсиўи менен пьесадағы унамлы қаҳарман—Гүлим ҳәм Тайманның да характери жетилип, ой-сезими өседи. Усы пердеде сол характер ҳәм сезимниң қәлиплескени көрсетиледи. Олар өзлериниң ериксизлигин, таза муҳаббатының иске аспаўларын, ҳәлекке ушыраўларын тек жекке адамлардың, үстем класс ўәкиллериниң зорлығы ғана емес, заман ақыбети деген түсиникке келип жетеди.

Буны Гүлим тилинен айтылған:

«Май айныса дуз саларман,
Дуз айныса не саларман,
Теңлик түри мынаў болса,
Түйген дуздай усаларман..»[1]

— деген сөзлеринен аңлаў мүмкин. Бундағы «дуз айныса» сөзи тек судьяға ғана емес, сол ўақтағы социал-жәмийетлик дүзимге қаратып айтылған сөз.

Гүлим менен Тайман Әмиўдәрья Музаппат ҳәкиминиң екинши мировой судьясынан теңлик таппай дағдарып азғана ўақыт болса да бирге қосылып, кеўил шерин сыртқа шығарып, буннан кейинги тәғдирин ойласып турғанда Жайлыбек бай келип, бундай көринисти өзине хорлық көрип, Таймаңға пышақ урмақшы болады, ол пышақты Тайман зорлық етип тартып алады, байдың бақырған даўысына оның адамы Берди келип, Таймаңға сыртынан пышақ салады, Тайман жығылады. Еркинлик ҳәм муҳаббат душпанлары өз жынаятларын бүркеў ушын Тайманның үстине пышақты таслап, «бизге жала жабыў ушын, өзине-өзи пышақ урды....» деп билдириўге кетеди. Тайман Гүлимниң алдында, оған шын берилгенлик, ҳақ сүйиў менен муҳаббат қурбаны болады. Ол буған өкинбейди. Мен сениң ушын жан берсем—әрманым жоқ, сениң бахтың ашылсын,—дейди. Гүлимде де басқа илаж қалмайды, тек сениң тирилигиң, саған қосылыў үмити мениң жанымды сақлап жүрип еди, сенсиз бул жердиң үстиниң кереги жоқ, жаныңнан жай бер деп, Тайманның үстиндеги пышақтың үш жағын жүрегине қаратып, соған өзин таслап бул да өледи. Еки жастың бирин-бири шын сүйиў жолында трагедиялық опат болыўы—үмитсизликти, зулымлықтың салтанатын көрсетпейди, әдилсизликке ҳәм адамгершиликти аяқ астына басыўшы сол ўақтағы социал-жәмийетлик дүзимге қатты наразылық пенен қарсылықты көрсетеди. Жазыўшы Гүлим ҳәм Тайман образы арқалы сол ўақта ҳүким сүрип турған зулымлық қанша күшли болса да сүйген кеўилди үзип таслаў, муҳаббатты тоқтатыў оның қолынан келмейтуғынын сүўретлейди.

Қолжазбаның соңында Айымның Тайманларды жақлап айтқан бир жуўмақ қосық бар. Оннан басқа бетлери жоқ. Буннан кейин жазыўшының нени көрсеткени белгисиз. Мүмкин, усы жоқлаў әдеўир болып, соның менен пьесаның аяғы питкен болыўы итимал. Бирақ соңғы көринис (Айымның жоқлаўы) болмаса да пьеса өзиниң кульминациялық дәрежесине барып жеткен. Пьесаның бас қаҳарманлары Гүлим ҳәм өзлериниң өлимлери менен таза муҳаббат, адамгершилик жолында ески зулымлық заман қурбан болып, ўәдеге опалықты, ериктиң, мәртликтиң үлгисин көрсетип, ески дүзимге қарсылықтың соңғы шегин аңлатады.

---

[1] С. Мәжитов, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының китапхана қоры, Р—240, қолжазба, 63-бет.

«Гүлим—Тайман» пьесасының қысқаша мазмуны ҳәм қолжазбаның жағдайлары усылардан ибарат. Бул жерде биз пьесаны толық таллаўды және илимий изертлеўди алдымызға мақсет етип қойып отырғанымыз жоқ, мақсетимиз—қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири, белгили драматург Сейфулғабит Мәжитовтың әдебий мийрасларының жаңа табылған нусқасы менен жәмийетшиликти таныстырыў болып отыр. Сондай болсада, пьесаның мазмунына тоқтағанда бир қатар пикирлер айттық.

Пьесаны усы турысында басма сөз және айырым топламларда жәриялаўға болады. Биз С. Мәжитов шығармаларының топламына буны сөзсиз киргиземиз. Жазыўшының «Бағдагүл» пьесасынан басқа драмалық шығармаларының нусқасы сақланып қалмаған. Бул жағдайды есапқа алғанда «Гүлим—Тайман» пьесасының қолжазба нусқасының баҳасы тағы арта түседи. Жазыўшы пьесаның тийкары етип қарақалпақ халқының Октябрь революциясы алдындағы реаль турмысын, өзи көрген ҳәм билген ўақыяларды алған. Пьесадағы Қулен ҳәм Инаят болыслар тарийхта болған адамлар. Таллық, Дәўкемир, Шеге ҳәм басқа да жер атлары—жазыўшының жасаған жерлери екени мәлим. Ол өзи көрген турмыс ҳақыйқатлығын—көркемлен ҳақыйқатлыққа айландырған.

«Гүлим—Тайман» пьесасы—муҳаббат темасына жазылған. Бирақ тема кеңейип, көп проблемаларды ишине алады. Муҳаббат, жаслардың сүйгенине қосылыў ҳәм оның менен бирге өмир сүриў еркинлиги—улыўма адамзат еркинлиги, адамның азат болыў идеясы менен байланысады. Мийнеткеш халық ўәкиллери Гүлайым, Тайман, Айым ҳәм басқалардың халықты езиўши топар ўәкиллери Жайлыбек, Бекберген, Берди ҳәм олардың тәреплерлари арасындағы талас-тартыс, гүреслер күнделикли өмирдиң және оның ақыбетлеринен келип шыққан ғана талас-тартыс, гүреслер болып қалмай, класслық гүрес идеясын беретуғын дәрежеге көтериледи.

Совет көркем әдебиятында класслық гүрес мәселеси барлық ўақытта да бас ҳәм шешиўши тема болады. Бул тема партиямыз тәрепинен 1930-жыллары оғада кескин қойылғаны мәлим. Жазыўшы партиямыздың, халқымыздың талабына ис пенен жуўап бериўге

умтылған. Мийнеткеш халықтың сана-сезимин арттырып, халықты класслық гүрес, езиўши класс ўәкиллери менен қалдықларын жек көриўшилик азатлықты беккемлеў руўхында тәрбиялаўға үлес қосқысы келген.

Қолжазба оғада әҳмийетли ҳәм баҳалы. С. Мәжитовтың бул әдебий мийрасы—қарақалпақ халқының мәденияты менен әдебиятының, әсиресе, драматургияның өсиў, раўажланыў процесиниң тарийхын изертлеўде белгили орын тутады. Жазыўшының басқа да драмалық шығармаларының нусқалары табылар деген үмиттемиз. Қолжазбаны таўып, китапханаға тапсырғаны ушын Исмайыл ағаға үлкен миннетдарлық билдиремиз.

Н. Жапақов
Филология илимлериниң доктору
26-февраль, 1971-жыл.

АЯПБЕРГЕН МУЎСАЕВ ҲАҚҚЫНДА ЖАҢА ДЕРЕКЛЕР

Қарақалпақ совет әдебиятының тийкарын салыўшылардың бири Аяпберген Муўсаевтың туўылғанына 80 жыл толады. Соңғы жыллары Аяпберген Муўсаевтың өмирин ҳәм шығармаларын изертлеў басланды. Усы изертлеўлердиң нәтийжесинде бурында мәлим болмаған бирқатар жаңалықлар табылды.

СССР Илимлер академиясының этнография институтының Ленинградтағы бөлиминен Аяпберген Муўсаевтың 1929-жылы А. Л. Мелков тәрепинен түсирилген жекке сүўрети таўып алынды. Ол сүўретти Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы музейиниң тапсырыўы бойынша Ташкентте художниклер Слесарев ҳәм Барабановлар үлкен портрет қылып шығарыў ушын ислеп атыр, бул портретти жақын күнлер ишинде Қарақалпақстан жәмийетшилиги көре алады.

1928-жылдан 1950-жылға дейин Қарақалпақстанда газета орынларында басшы хызметте ислеген Т. С. Сафийевтиң өз архивинен еки үлкен дәптер табылды. Бунда қарақалпақ халық шайырларының қосықлары менен бирге Аяпберген Муўсаевтың 17 қосығы шықты.

Усы қосықлардан 7 қосығы бурын бизге мәлим болмаған қосықлар. Бул қол жазбалар 1929-жылдың август айында жазылған. Аяпбергеннің бул қосықларының қысқаша мазмуны ҳәм қай жылы екени айтылған, тийкарынан Октябрь социалистлик революциясынан бурынғы қосықлары болып есапланады. Бул күтә әҳмийетли жаңалық болды.

Жақында жүргизилген экспедиция дәўиринде Мойнақ, Қоңырат районларынан Аяпберген Муўсаевтың 10 нан аслам бурында мәлим болмаған қосықлары тағы жазып алынды ҳәм Аяпберген Муўсаевтың өз қолы менен жазған қосықлары табылды.

Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының тил ҳәм тарийх институты ҳәзир Аяпберген Муўсаевтың таңламалы шығармаларын баспаға таярлап атыр. Бул шығармалардың көлеми бурынғыға қарағанда әдеўир үлкен. Бул жыйнаққа 4 мың қатардан аслам қосықлар киреди.

Н. Жапақов

«Совет Қарақалпақстаны» газетасы,
3-июль, 1960-жыл, № 131.

ҲАМЗА ҲӘМ АЯПБЕРГЕН

Өзбекстан совет әдебиятының тийкарын салыўшы, өзбек халқының садық перзенти Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязий творчествосы, еткен иси тек өзбек халқының ғана емес, пүткил совет халқының мақтанышы болып есапланады. Әсиресе қарақалпақ халқы Ҳамзаны үлкен ҳүрмет пенен еске алады. Өйткени, Ҳамза қарақалпақ халқының мәдениятын, әдебиятын, искусствосын раўажландырыў ушын қыйын ўақларда аянбай хызмет еткен.

Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязийдиң Октябрь Социалистлик революциясынан бурын-ақ қәлиплескен жазыўшы, халық жыршысы болғаны мәлим. Турмыстың қыйын, қарама-қарсылықлы өткеллеринен өтип, Ҳәмза жазыўшы иретинде, шайыр иретинде, халық билимлендириўшиси иретинде халыққа аянбай хызмет етиўдиң үлгисин көрсетти. Ҳамзаның усы ис үлгисин қарақалпақ совет поэзиясын баслаўшылардың ҳәм оның тийкарын салыўшылардың бири Аяпберген Муўсаевта да көремиз.

Еки шайырдың да Октябрь социалистлик революциясынан бурынғы шығармаларында бир қатар шеклениўшиликлер, қарама-қарсылықлар болса да, тийкарынан көпшилиги халық тәрепинде болғанын олардың шығармаларынан көриўге болады. Октябрь социалистлик революциясынан бурын Ҳәмза менен Аяпберген Муўсаев бирин-бири көрмесе де ямаса хат арқалы байланыспаса да, шығармаларының бири-бирине жақын екени, тема, идея жағынан үлес екени көринип тур.

Еки шайыр да Октябрь Социалистлик революциясынан бурында алдыңғы қатардағы прогрессив адамлар болған ҳәм прогрессивлик идея, мәденият ушын, гүрескен. Бул дәўирде прогрессив идея ушын гүресте ислам дини ўәкиллериң әшкаралаў, олардың дин пердесин жамылып алып эксплуататорлар тәрепинде екенин ашып таслаў керек еди. Ҳамза өзиниң «Ийшанлар» «Рамазан», «Бир ийшан ҳәзиретлери айталар екен» қосықларында ҳәм «Бай ҳәм батрақ», «Зәҳәрли турмыс ямаса ышқы қурбанлары» пьесаларында дин ўәкиллерин жүдә қатты әшкаралаған, олардың бет пердесин ашып көрсеткен. Өзиниң «Ийшанлар» деген (1916-жылы жазылған) қосығында Ҳәмза:

«Ийшанлардың айтсаң ҳаслын,
Баян етсек ҳәм аўҳалын.
Ойлағаны бир ақ мақсет —
Халықтың жесем дейди малын...»

дейди.

Усы мазмундағы қосықлар Аяпберген Муўсаевта да көп. Аяпберген Муўсаев өзиниң 1910—1916 жыллары жазған «Таймасбек», «Дәўнм улы», «Мақсым—Ийшан» деген қосықларында дин ўәкиллери—ийшан, молла, суўпылардың иплас қылықларын, алдаўшы, езиўши екенлерин толық әшкаралаған. Бул реалистлик идея. Аяпберген Муўсаев «Таймасбек» деген қосығында:

....Өзиң тәлип илим, еткениң бузық,
Адамлар қырылса көресең қызық,

«Саған туўры, биздей тәрипке қыйсық»,
Деди барып Таймас батыр, яранлар...»

дейди.

Таймасбек деген жигит урыў кесапатынан сүйген қызынан айырылып қалыў жағдайына келеди, сүйген қызын алмақшы болады, урыў арасында төбелес болады, шайыр да, халық та урыўлардың татыў—дос болыў тәрепинде қыздың сүйгенине қосылыў тәрепинде болады, тек Турым деген молла «бул ис болды құдайдан, бенде қутылалмас хешўақ бундайдан» деп, урыў басыларының қызды сүймегенине—малға сатыўдың тәрепинде болады. «Бул ислер құдайлың қәлеўи менен болып атыр» деп халыққа терис түсиндиреди хәм урыў арасындағы қырғын төбелести басыўға урынбайды. Аяпберген Муўсаев молланың усы хәрекетин әшкаралайды. Бул қосықтың Хәмзаның «Ийшанлар» деген қосығы менен үлес екени көринип тур.

Еки шайыр да өзи туўылған жерининң уллы патриоты болған. Өзлериниң туўылған жерин шын жүректен сүйген, жақсылық жақларына шадланған, мақтанған, халықтың аўыр турмысын, мәденийтсизликти әдепсизликти көрип қыйналған, қайғыланған, келешектен үмит еткен.

Бул туўылған жерди сүйиўшилик Хәмзаның 1916-жыллары жазған «Сағынып», «Сәлем айтың», «Пушти гүл» қосықлар топламы хәм басқаларынан жүда жақсы көринеди. Хәмзаның шығармаларын изертлеўши У. Б. Базаров өзиниң «Хәмза Хәкимзада Ниязийдиң шығармаларының идеялық тийкарлары» деген мийнетинде Хәмзаның Октябрь Социалистлик революциясынан бурын шығыслық шет еллерде хәм Россияны аралап жүргенде де өзи туўылған жерди умытпағанын айтып, Хәмзаның: «Қашқарда, Қашмирде, Индияда, Қытайда, Аўғанстанда, Россияда, Аденде (Түркия), Хорасанда көп адамлар менен таныс болдым, олардың хәммеси аман болсын саў болсын, бирақта сен мениң сүйикли жерим, (ўатаным) барлығынан жақсысаң» деген сөзин келтиреди.

Хәмзаның қыз-келиншеклер хаққында жазған гәззел, қосық хәм басқа шығармаларында да өз Ўатанын сүйиўшилик пикирлерн жүдә ашық, сулыў берилген.

Аяпберген Муўсаев бул жөнинде де Хәмза менен

үлес болған. Шайырдың «Тәрийп» деген шығармасы өз ўатанын қаншама жақсы көретуғынынан, сүйетуғынынан дәрек береди. Бул шығармада патриотлық үлкен сезим бар. Бунда шайыр... «Хәрким елин жаман демес жақсы дер...» деп шын патриотлық идеяны алға қояды. Аяпберген өзиниң «Шул қыздың», «Бир гөззал», «Оразгүл», «Келин» хәм тағы басқа қосықларында қарақалпақ халқының сулыў, адамгершиликли, еркинликти сүйиўши қыз-келинлери менен мақтанады.

Бул аўҳаллар Хәмза менен Аяпбергенниң Октябрь Социалистлик революциясын тайсалмастан шын жүректен қутып алыўына тийкар салды. Олар Октябрь Социалистлик революциясын атқан таң иретинде, мийнеткеш халық ушын шыққан күнниң нуры иретинде, азатлық, еркинлик, бахытлы заман туўды деп қутлықлады хәм қарсы алды. Хәмза Октябрь Социалистлик революциясының жыршысы болды. Оның 1917—1918-жыллары жазған «Хәй, рабочийлар», «Биз рабочиймыз», «Жаса совет», «Хәй, хәй атамыз»' «Оян»' «Рабочийлар оян» деген, қосықлары жоқарыдағы сөзимизге дәлил бола алады. Хорезм мийнеткешлери коммунистлик партияның басшылығы менен рус рабочий класының тиккелей жәрдеми арқасында Хийўа ханлығын қулатыў ушын гүрес ашты. Бул гүреске В. И. Ленинниң өзи тиккелей басшылық етти хәм жәрдем берди. 1917-жылы 24—29-апрельде болған РСДРП (б)ның жетинши Пүткил Россиялық конференциясында: «Биз Хийўа дийханының Хийўа ханы қол астында жасаўын пүткиллей қәлемеймиз. Бизиң революциямыздың раўажланыўы менен бизлер езилген массаға тәсир етемиз. Езилген масса ишиндеги агитацияны тек усылай қойыў керек[1]» деди.

1920-жылы Хорезмде Социалистлик революция жеңип, Хорезм бирлескен халық совет республикасы дүзилди. Арадан көп ўақыт өтпей Хәмза Хорезмге ис-ке келеди. Усы ўақытлардан баслап Хәмза хәм Аяпберген Муўсаев творчествосында тек жақынлық, үнлеслик ғана емес, бириниң-бирине тиккелей тәсири, байланысы болады деп шамалаўға болады. «1920—

---

[1]. В. И. Ленин, 24-том, 268-бет.

1921-жыллары Хорезм халық совет республикасына қәнигелер келе баслады. Усы группа ишинде келген Ҳамза Ҳакимзада Ниязий билимлендириў министрлиги ықтыярына жибериледи. [1] Бирақ, Ҳамза аўырып, бираздан кейин Қоқанға қайтып кетеди.

Ҳамза 1922-жылы аўырыўдан жазылған соң Хорезмге қайта айналып келеди. «Бул сапары ол Хожелидеги қазақ, қарақалпақ мектеп-интернатқа жумысқа өтеди. Дәслеп оқытыўшы, ал 1923-жылдың 10-февралынан оның баслығы болып тайынланады. [2] Бул ўақтлары ҳәзирги Қарақалпақстанның Әмиўдәрья, Хожели, Қоңырат ҳәм Мойнақ районының көп жери Хорезм халық совет республикасы составында еди. Ҳамза сол гезлери Хожелиде ғана болып қоймай Қоңыратта да көп болған, тек Қоңыратта емес, ал Нөкис, Шымбай ҳәм Қарақалпақстанның басқа жерлеринде де болған болыўы мүмкин. Бул тек шамалаў емес, өйткени, Өзбекстан Илимлер Академиясының әдебият музейиндеги Ҳамзаның өз архивинде 1922-жылдың 21-майында Түркстан компартиясының Әмиўдәрья областьлық комитетиниң гүўалығы тур. Онда: «Усы гүўалық жолдас Ҳамза Ниязовқа бериледи, себеби, ол жергиликли өзбек, түркмен сиясий-ағартыў труппасын ҳақыйқый шөлкемлестириўши болып есапланады. Оған бул жолдасқа Әмиўдәрья область масштабында түрк тилинде театрлық труппа шөлкемлестириў тапсырылды,—деп жазылған. Бул гүўалық көп нәрседен дәрек береди, буны айырым изертлеў керек. Ҳамзаның қарақалпақ искусствосын раўажландырыў ушын баслап ҳәм ислеп берген иси тариҳый әҳмийетке ийе.

Ҳамзаның Хожелиде ҳәм Қарақалпақстанның басқа районларында болған ўақытлары совет ҳүкиметиниң биринши жыллары еди. Соның ушын да ол өзиниң билимлендириў жумысын алып барыў менен бирге жас совет ҳүкиметин беккемлеў ушын кең түрде көпшилик мийнеткеш халық арасында үгит-нәсийҳат түсиник жумысларын алып барған. Ҳамзаны көрген ҳәм бирге ислеген жолдаслар, оны «жалынлы трибун» —

[1]. К. Абдуллаев ҳәм А. Сабриов «Ҳамза Хорезмде» «Шарқ юлдузи» 1959-жылы, № 11, III-бет.
[2]. Б. Султанов, Ҳамза Ташкент, 1959-жыл, гослитиздат 69-бет.

еди дейди, ол сөзге уста ҳәм шебер, сөзди исенимли етип сөйлейтуғын еди, деп көрсетеди.

1919-жылдан Ҳамзаны билетуғын, қызыл әскер қатарына хызмет етип жүргенде Ҳәмза оның взводына агитатор болып келген ҳәм 1922-жылдан баслап қызыл әскерлик хызметтен босағаннан кейин тағы Ҳамза менен Хожелиде бирге ислескен, ҳәзир Хожели райпосында ислеўши Хайрулла Баширов өзиниң естелигинде: «Хорезмде, Қарақалпақстанда совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларында халық арасында көп түсинбеўшиликлер болды, баспашылар шабыўыл жасады, олардың күшине инаныўшылықлар да болды...

Ҳамза халық арасында бул жөнинде күтә зор үгит-насийҳат жүргизди.

...Баспашылардың жақын арада пүткиллей жоғалатуғының, совет ҳүкиметиниң беккемленетуғының, халықтың абадан болатуғының түсиндирди», деп көрсетеди. Бул фактти Ҳамзадан кейин Хожели интернатының баслығы болған, 1925-жылдан КПСС ағзасы Е. Қалдыбаев, ҳәзир Хожели районында Свердлов атындағы мектептиң муғаллими, 1925-жылдан КПСС ағзасы С. Ҳәкимбаев, пенсионер А. Шарипов ҳәм басқа жолдаслар да тастыйықлайды.

Ҳамзаның жас совет ҳүкиметин беккемлеў ушын бул ислеген хызметлери халық арасына жайылып, кетеди, биреўден-биреў еситеди. Ҳамза партиямыздың гүресшең пропагандисти болады. Ҳамза үгит-нәсийҳат ислери ушын базарларды, клубларды, чайханаларды, отырыспаларды пайдаланады. Ол өзиниң «Жаса Совет», «Берме еркинди қолдан» деген қосықлары менен ҳәм жаслардан ҳәўескерлер труппасын дүзип, олардың күши менен халық душпанларын әшкаралайтуғын пьесалар қойып көрсетип мийнеткешлерди рухландырады.

Аяпберген Муўсаевқа ҳәм басқа да Хорезмде, Қарақалпақстанда сол ўақытта халық ушын хызмет етиўге умтылыўшы мәденият, әдебият ҳәм искусство хызметкерлери ушын Ҳамзаның бул гүресшең иси үлги болады. Аяпберген Муўсаев 1911—1918-жыллары «Көлге қаш» ҳәм «Көлге қаш Қалжан, көлге қаш», 1920-жылы «Яўмыттың келиўи» деген қосықларын жазады. Бул қосықлар Хорезмде еле совет ҳүкимети орнамаған, ханның адамлары елди баспашы болып

талап атырған ўақытлары жазылғаны мәлим. Шайыр бул қосықларда баспашылардың халыққа берген азабын сүўретлейди. Жақында табылған, 1920-жылы жазылған «Яўмыттың келиўи» деген қосығында Аяпберген Муўсаев көп қәтелик, кемшиликлерге жол қойған болса да, әдеўир жеринде баспашылардың халық душпаны екенин дурыс көрсетеди. Ол:

«...Миңгени бедеў ат,белинде қатар,
Ақырет — ийманын дүньяға сатар.
Соске ўақта келип урды бес атар,
Ким дус келсе оққа тутқан қусайды.

Кимсе өлди, кимсе қашып қутылды,
Бир нешелер қолға түсип тутылды.
Қыз анасын биямей, ата уғылды.
Хәр ким өз басына кеткен қусайды.

Кимсени айырды аттан, мәлыпан,
Кимсе шейит болып кетти жапыпан.
Кимсенин арзыўлы сөўер ялапан.
Бир-биреўин жўдо қылған қусайды.

. . . . . .

Залымның қысмети зәхәрден ашы,
Уйты патшалардың басынан тажы...»

дейди.

Хамзаның «Жаса Совет», деген қосығы Аяпберген Муўсаевқа созсиз тәсир еткен болыўы керек. Өйткени, бул қосық сол ўақытта Хорезмге, Қарақалпақстанға да күтә кең тараған, ол барлық мектеп интернатларда оқыўшылар арасында, труппалар коллективи тәрепинен сахналарда хор қылып айтылып гимнге айналып кеткен еди.

«Жаса Совет» қосығындағы:
Шадлан бетти бур Советке,
Берди бахыт мәңгилик.
Хәр тамшы қанынца алдың,
Илим, өнер еркинлик.

Жаса Совет, жаса Совет,
Сен жасайтуғын заман,
Рабочийлар даңқы менен,
Балқысын барлық жәҳән.

Жалтақлама, жалынлы бол,
Тез адым ат, алға өт,

Бахтың келди кәмал ,тап,
Пидакерлик майпет ет...»

деген қатарлар ҳақыйқатында ядтан шығарлық емес.

Аяпберген Муўсаев өзининң 1925-жылы жазған «Бола баслады» деген қосығында:

«Октябрьде болды ҳүррият заман,
Кетти басымыздан қайғы-ғам думан.
Заманымыз енди болды абадан.
Комғаларға нәўбет жете баслады.

Бул азатлық бирден болған емести.
Қан төгилмей аңсат алған емести.
Бул өзимниң бири жалған емести,
Уллы жүрттың кеўли пите баслады.

Жасасын ҳүкимет енди хәркалай,
Исилерден доклад алып айма-ай
Хәр күнде мәжилис қылып қуралтай,
Ким жақсы, ким жаман биле баслады...

дейди. Бул қосықтың жоқарыдағы Хамза қосығы менен үлес екени хәм совет ҳүкиметининң беккемлеўи идеясы көрининп тур.

Октябрь Социалистлик революциясынан бурын Қарақалпақстанда пьесалар шын мәнисинде театр болған жоқ. Қарақалпақ халқының искусствосы тек совет дәўиринде ғана раўажланды. Ал, қарақалпақ совет искусствосын раўажландырыўда Хәмзаның тутқан орны үлкен. Хамзаны партиямыз басшылығы астында қарақалпақ совет искусствосын баслап дүзиўши, шөлкемлестириўши десек болады. Искусство хызметинде 30 жыл исленен Төлек Сарыбаев өзининң естелигинде былай дейди:

Хамза биринши рет бизиң Қоңырат қаласына (ол ўақытта Қоңырат Хийўаға қарайтуғын еди) 1920-жылдың гүз айларында бир топар сазенде қосықшылар менен келди. Басқа үгит-пәсиятат ислери менен бирге ойын қойып берди. Ойынның қойылған жери Муртаза бай дегенниң үлкен хәўлиси еди. Меним ядымда қалғанлардан бизге Хамза «Бай ила хызметши» («Бай хәм батрак») пьесасын, «Галия Бану» тағы басқа татар пьесаларынан үзиндилер қойып көрсеттиң. Хамза сол сапары бир хәпте муғда-

ры болды. Районлық жаслар бирлиги алдында мәселе қойып, ҳәўескерлер труппасын дүзди. Онда Төлек Сарыбаев, Зейнеп Муртазаева, Жуман Розымов, Узақбай Нуржанов, Таған Якупов, Камал Тураев, Қурбанбай Аралбаев, Тәнирберген Рәмбергенов ҳәм тағы басқа жолдаслар болды... Мен усы труппаның Ҳамза дүзген күннен баслап 1930-жылға дейин баслығы болдым. Ал 1930-жылдан колхоз театры дүзилгеннен соң 1950-жылға дейин директоры болып иследим».

Төлек Сарыбаев пенен бирге Қоңыраттағы Ҳамза дүзип берип кеткен труппа-театрда 30 жыл ислеген, ҳәзир Қоңырат пахта заводында инструментальщик болып ислеўши Жуман Розымов та жоқарғы пикирлерди тастыйықлайды. Ол «Ҳамза Ҳәкимзада 1920-жылдың аяқларында Қоңыратқа Хийўадан келип ойын қойып берди, әдеўир ўақыт турып ҳәўескерлер труппасын дүзди» дейди. Бул пикирлерди Өзбекстанға мийнети сиңген мугаллим Сапарбай Арыслановта қуўатлайды. Ол «Қоңырат қаласында ең дәслепки театр (труппаны) шөлкемлестириўге себепкер болған Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий деп айтыўға тийкар бар...» дейди.

Қарақалпақтың ески жазыўшысы Қарабай Ермановы «Мен өзбек совет әдебиятының тийкарын салыўшы шайыр, драматург ҳәм композитор Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий менен 1922-жылдың баҳәринде Қоңырат қаласында ушырастым...» [1] деп көрсетеди.

1922-жыллары Ҳамза Хожели қаласында, сол ўақыттағы алдыңғы жаслардың ҳәўескерлер труппасын дүзеди. Буны сол ўақыттағы Хожели Областлық партия комитетиниң секретары болып ислеген Абдулла Ерманов, облатком председатели болған Исмайыл Нуруллаев ҳәзир Свердлов атындағы мектепте мугаллим Ә. Ҳәкимбаев, пенсионер А. Шарипов ҳәм тағы басқа жолдаслар тастыйықлайды. Хожелиде Ҳамза дүзген труппаға қатнасыўшылардан Турсын Ермановa, Сейтнияз Жуманиязов, Қутлы Сейтжанова ҳәм тағы басқалар еле бар, ал Айтымбет Нурманов қарақалпақ мәмлекетлик филармониясында артист болып хызмет иследи.

Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы Я. М. Досумов та өзиниң «Қарақалпақ АССРының тарийхый очерклери» деген мийнетинде, Қарақалпақстанда совет дәўиринде искусствоның раўажланыў тарийхына тоқтап, қарақалпақ областлық билимлендириў бөлиминиң мағлыўматына қарағанда 1921-жылдың августында областа 3 театр (драмкружок) бар еди, деп көрсетеди. Бул әлбетте Қоңыраттағы, Хожелидеги труппаларды қоспағанда болыўы керек.

Бул фактлердиң барлығы да совет дәўиринде искусствомыздың раўажланыў тарийхын толық ҳәм дурыс, объектив түрде билиў ушын ҳәм кимлердиң қандай хызмет еткенин билиў ушын үлкен әҳмийетли орын тутады. Бул фактлерден кейин, филология илимлериниң кандидаты, жолдас Қаллы Айымбетов өзиниң:... «1923 — 1925-жыллары Шымбайдағы, Хожелидеги, Қоңыраттағы баслаўыш мектеп ҳәм балалар үйи қасындағы оқыўшылардан драмкружок ислери шөлкемлестирилe баслады... Өзбек халқының атақлы драматурги Ҳамза Ҳакимзада Ниязий Хожелиде халық билимлендириў ислеринде ислеген дәўиринде драмкружоклерге өзиниң жәрдемин тийгизди» [1] деген пикирлерин қайта қараўы мақул болар еди, деймиз.

Ҳамза Ҳәкимзада бул труппаларды тек дүзиўши ҳәм шөлкемлестириўши болып қалмай, оларды раўажландырыўшы да болған. Труппаның репертуарына тек өзиниң шығармаларын ғана емес қарақалпақ шайырларының шығармаларын да киргизген.

Бул жөнинде Төлек Сарыбаев өзиниң естелигинде былай деп жазады: «Бизиң труппамыздың репертуарын Ҳамза Ҳәкимзаданың өзи дүзип берди. Ол репертуар ишинде Ҳамзаның шығармалары ҳәм Аяпберген Муўсаевтың бир қатар қосықлары, қарақалпақтың басқа шайырларының ҳәм халық қосықларынан кирди... Ҳамза Аяпберген Муўсаевтың қосықларын жазып алды, оны билди, жақсы көрди ҳәм бизиң репертуарымызға киргизди.... «(Буған қараған-

[1]. «Әмиўдәрья» журналы, 1960-жыл

[1]. Қ. Айымбетов «Әмиўдәрья» журналы, 1958, № 4 91 бет

да Ҳамза менен ушырасыўы да мүмкин, бирақ бул жөнинде еле толық мағлыўмат жоқ).

Қоңыраттағы Ҳамза Ҳәкимзада дүзген труппаның тағы бир актив қатнасыўшысы Жуман Розымов былай деп жазады: «Мен труппада саз шертип, қосық айттым. Бизиң репертуарымызды Ҳамза дүзип бериўге жәрдем етти. 1920—1924-жылларда-ғы бизиң репертуарымыз ишинде Ҳамзаның өз шы-ғармалары ҳәм қарақалпақ халық қосықлары, Аяп-бергенниң қосықлары бар еди. Мен өзим Аяпберген Муўсаевтың «Яңлыды», «Тәрийп», «Қырмызы» деген қосықларын айтып жүрдим»... Бул фактлердиң ҳәммеси бизиң жоқарыдағы пикиримизди тастыйықлайды. Төлек Сарыбаев ҳәм Жуман Розымов жолдаслар, Ҳамза Хожелиде ислеп турғанда Қоңыратқа барып та, хат арқалы да сөйлесип труппаға кеңес айтыў менен жәрдем берип турғанын көрсетеди.

Жазыўшы Қарабай Ерманов өзиниң «Ҳамзаның Қоңыратта болыўы» деген естелигинде, Ҳамза Ҳәкимзаданың қарақалпақ халық намаларын жүдә жақсы көргенин ҳәм оларды жазып алғанын, әсиресе қарақалпақтың классик шайыры Әжинияздың «Бозатаў» қосығын, намасын айрықша жақсы көргенин, гол ўақыттағы атақлы бақсылардың бири Тилеўмурат бақсы менен танысқанын жазады. Бул факт Ҳамзаның Қарақалпақ халқының мәдений мийраслары оны қарақалпақ халқының искусствосын раўажландырыў ушын пайдаланғанынан дәрек береди.

Соны да көрсетип өтиўимиз керек, қарақалпақ совет драматургиясы ҳәм театр өнерин баслаўшылардың, тийкарын салыўшылардың бири Әбдираман Өтепов ҳәзирги искусствомыздың ғайраткерлеринен Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисткасы Айымхан Шамуратова, Қарақалпақстан халық артистлери Юлдаш Шарийпов, Рейимбай Сейитов, Өзбекистанға мийнети сиңген артист Мәдирейим Мәтжановлардың искусство жолындағы биринши адымы, усы Қоңыраттағы Ҳамза дүзип берип кеткен труппадан басланған.

Ҳамза бул хызметлери менен халықты коммунистлик рухта тәрбиялаўда, халыққа мәдений жақтан хызмет етиўде партиямызға үлкен жәрдем еткени ҳәм

өзиниң шын коммунист барлық өнерин халық ушын жумсағаны анланады. Буны қарақалпақ партия, совет шөлкемлери, Қарақалпақ халқы умытпайды.

Аяпберген Муўсаев Ҳамзаның бул ислеринен үлги алған, халықты тәрбиялаў исиниң ҳәм халыққа мәдений жақтан хызмет етиўдиң жаңа жолын сезген болыўы тийис. Қосықларын Ҳамза жақсы көрип, жазып алып, оларды труппа репертуарына киргизип ҳәм сахнада айтылыўы шайырды рухландырған болыўы керек. Өйткени, адамлар жыйналған жерде, тойда, мерекеде өзиниң ҳәм қарақалпақ классик шайырларының шығармаларын даўысқа салып оқып бериўди күшейтип жибереди. Буны 1956-жылы Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан комплексли илим изертлеў институты тәрепинен жүргизилген экспедиция материаллары тастыйықлайды. Информатор Елмурат Нурабуллаев: «Аяпбергенниң үстинен адам кетпейтуғын еди, наспятшыл адам болды, қасында отырғанда кеткиң келмейтуғын еди [1] ..... дейди.

Аяпберген Муўсаев совет турмысынан шығарма жазыўды күшейтеди. Қазақ тилине аўдарылған Уллы Совет жазыўшысы, совет әдебиятының тийкарын салыўшы М. Горкийдиң шығармаларының тәсири, Ҳамза шығармаларының тәсири менен ҳәм Октябрь Социалистлик революциясынан кейин халық турмысындағы терең өзгерислерди көргеннен кейин, совет ҳақыйқатлығында коммунистлик партия менен В. И. Ленинниң ролин терең ойлағаннан кейин, 1925-жылы Аяпберген Муўсаев өзиниң белгили «Ленин» қосығын жазады. Бул қосық пүткил Қарақалпақстанға, Хорезмге, соңын ала Советлер Союзына тез таралып кетеди. Бул қосық қарақалпақ совет әдебиятында В. И. Ленин ҳаққында биринши күшли образлы жазылған шығарма болып есапланады.

Ҳамзаның ис үлгисин өзинше өзлестирген Аяпберген Муўсаев әсиресе колхозласыў жылларында, кулакларды класс претинде саплаў жылларында халық арасында өзиниң коммунистлик партия, Ленин ҳаққындағы қосықларын оқып берип, партия-

[1] Н. Нурабуллаевтың сөзи, А. Кәримовтың қол жазбасы, 22-бет

мыздың, совет ҳүкиметиниң халық хожалығын раўажландырыў жолындағы илажларын иске асырыўда үлкен мәдений-ағартыў ҳәм тәрбиялаў ислерин жүргизеди. Аяпберген Муўсаевтың бул ислерин өз көзи менен көрген Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисткасы Айымхан Шамуратова былай деп жазады: «Оқыўдан келип, пахта атызына барсам, колхозшы ҳаяллар түсленип атыр екен. Бир ҳаял ортада қызып сөйлеп отыр: «бизиң қайнаға (Аяпберген) Ленин ҳаққында қосық жазыпты. Оқып берип еди, ҳайран қалдық, бала. Ҳәмме қосығының атасы сол қосығы... Кеште аўылдағы үлкен қара үйдиң биреўи лыққа адамларға толған... Аяпберген шайыр қысса жолына өзиниң қосықларын оқып отыр.

Партия бас болып жарлығы қолар,
Көрсетип наданға ҳәм туўры жолар,
Дийхан союз қосыны ҳәм комсомоллар,
Кел жолдаслар, қутлы болсын айтайық.

Бул қосықты тыңлағаннан кейин бир ғарры киси «қарағым, Аяпбергенжан Ленин туўралы жазған қосығың бар дейди, оқып берсеңө» деп көпшиликтиң атынан өтиниш еткенде, пүткил елге таныс болған қосықты оқый баслады... Шайыр қосығын оқып болғаннан кейин... Ленинниң гедейлерди азатлыққа шығарып, адам қатарына теңгергени ҳаққында көп сөз болды.

Бул ислердиң барлығы халықтың мәдений дәрежесин жоқары көтериўде әҳмийетли орын тутқаны мәлим. Ҳамза сахна арқалы, сонда көрсетилген, айтылған әдебий шығармалары арқалы халықты тәрбиялаў исинде партиямыздың жәрдемшиси болса, Аяпберген Муўсаев қосықларын ҳәм халықтың рухын көтерегуғын дәстан, қыссалары атыз басында, адамлар қай жерде жыйналса, сол жерде оқып берип, халықты тәрбиялаў исинде партиямыздың жәрдемшиси болған. Ҳамза менен Аяпберген Муўсаевтың ислериниң бир-бири менен толық байланысы да усында.

Бундай истиң байланысын келиўине қарағанда бул еки шайыр бирин-бири көрип, ақылласып кеңесип ислеген деп шамалаў да мүмкин.

Соны да көрсетип өтиў керек, Аяпберген Муўсаевтың сол дәўирдеги қосықларында қәте-кемшиликлер

де бар еди. Оның «Тасқын», «Шөлкем» деген ҳәм тағы бир қатар қосықларында колхоз қурылысын жете түсинбеў, ўақытша қыйыншылықларды түсинбеўшилик сезиледи.

Ҳамза Хожелиде еки жылдан көбирек хызмет етип, әсиресе халықты билимлендириў исине актив қатнасады. Мектеп-интернатта жақсы тәрбияшы, ҳақыйқат шөлкемлестириўши, үлгили муғаллим болып ғана қалмай, халықты билимлендириў, ғалаба саўатландырыў ушын атланыстың басшыларының бири болады.

Мектеп ислерин жолға қойыў, совет мектебине балаларды тартыў ол ўақытлары қыйын еди, диниң тәсири күшли еди, совет мектебине «балаларды бериў, онда оқытыў, диннен шығыў» деп, дин ўәкиллери еле түсинбеген халықты қорқытатуғын еди, бундай терис үгитке ериўшилер де бар еди. Бундай жағдайларда мектеп интернатқа бала тартыў, тартылған балалардың қайтып кетпеўи ушын жақсы оқытыў, тәрбиялаў Ҳамза Ҳәкимзадаға аңсат болмағаны мәлим. Халық арасында үгит-нәсийҳат жүргизиўдиң мол тәжирийбесине ийе ҳәм жақсы шөлкемлестириўши муғаллим Ҳамза Ҳәкимзада бул қыйыншылықлардың барлығын партиямыздың басшылығы астында жеңе билген. Бизиң бул пикиримизди жоқарыда атлары көрсетилген С. Ҳәкимбаев, Қалдыбаев, Нуруллаев, Шәрийпов ҳәм Ҳамза менен интернатта бирге муғаллим болған Төлеген Төлеўов ҳәм басқалар тастыйықлайды.

Хожели мектеп-интернатта оқыў-тәрбия ислерин Ҳамзаның жүдә жақсы қойғанын сол ўақытта Ҳамза басқарған интернатта оқыўшы, ҳәзир Қарақалпақ Мәмлекетлик пединститутының доценти, физика-математика илимлериниң кандидаты У. Б. Болешев ҳүрмет пенен еске алады. Ол өз естелигинде былай деп жазады: «Ҳамза өзиниң интернатта бизди оқытыў дәўиринде бир жылдың ишинде арифметикадан ҳәм геометриядан бизге күтә көп билим берипти. Оны биз келеси 1924 — 1925-оқыў жылында Хийўа педтехникумының таярлық курсына барып түскеннен кейин, революциядан бурын-ақ атағы шыққан, татар мектеплери ушын арнаўлы еки бөлимнен ибарат есап (арифметика) китабын жазған, Хийўаға договор менен келип ислеп атырған белгили математик

Нурахмед Валишевте оқый баслағанда билдик. Биз Хожели интернатынан барған алты бала, сол Хийўаның өзинен ҳәм басқа жақлардан келген балалардан анағурлым алда болдық...»

Оқыўдан тыс ўақытлары интернат оқыўшыларын тәрбиялаў жумысларын Ҳамзаның тиккә өзи басқарып алып барған. Балаларға революциялық қосықлар үйретилген, шөлкемлескен түрде ҳәр қыйлы ойынлар өткерилген, интернатқа егиў ушын жер алып, сол жерде ҳәр түрли егинлер егилип, оқыўшыларды жерди ислеўге, егинлерди тәрбиялаўға қатнастырып, мийнетте тәрбиялаў ислерин жолға қойған. Нәтийжеде бул мектеп-интернатта оқыў күтә қызықлы болған, балалардың шығып кетиў фактиси болмаған. Балалардың шығып кетиўи былай турсын, Ҳамзадан кейин Хожели интернатына басшылық болған Е. Қайдыбаев «мен интернатты қабыл еткенде бир — еки бала планнан артық екен» дейди. Бул ислерди сол ўақытта интернатта оқыўшы болған Нарынбай Шоқанбаев, Қайралапов, Ў. Б. Бөлешов мақтаныш пенен еске алады.

Халық ғалаба саўатлы болмай турып, саналы ислеў болмайтуғынын билген Ҳамза халықты саўатландырыў исин де қолға алады. Саўатсызлықты саплаў мектеплерин ашыў ҳаққында областлық атқарыў комитети алдына мәселелер қояды. Нәтийжеде саўатсызлықты саплаў мектебин ашыўға жетиседи. Бул жөнинде Исмайыл Нуруллаев «Ҳамза халық ағартыў ислерине айрықша қызығар еди. Ол областлық атқарыў комитетиниң алдына бул туўралы мәселелер, қойып, биринши претте қала жасларының кешки саўат ашыў мектеплерин шөлкемлестирди» дел көрсетеди.

Ҳамза келешекке исенимли қараған, совет жәмийетиниң өсип раўажланыўына беккем исенген. Сол себепли, жергиликли жерден жоқары билимли кадр таярлаўға қолында бар мүмкиншилигинен пайдаланып, ғамхорлық еткен. Хожели интернатынан алты баланы Хийўа педтехникумына өзи айырым адам менен жиберип, оқыўға киргизиўи, Хожелиден кетерде өзи менен бирге Нарянбай Шоқанбаев ҳәм Рейимбай Қыдырбаевларды алып кетип, олардың жоқарғы билимли болыўына себепкер болыўы, бизиң жоқарыда

айтылған пикиримиздиң дурыс екенин көрсетеди ҳәм тастыйықлайды.

Демек, Ҳамза қарақалпақ халқының мәденийатын раўажландырыўда ҳәр тәреплеме ис еткен ҳәм ис үлгисин көрсеткен. Ҳамзаның булийгиликли ислерин көрген сол ўақыттағы алдағы жаслар оны «устаз» деп ҳүрмет пенен атаған. Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдиң 1929-жылы душпанлар қолынан өлтирилгенин еситип, қайғырып, Ҳамзаның атын «устаз» деп еске алып, Ҳамза менен бирге ислеген Әбдикәрим Шәрийпов Ҳамзаға арнап қосық шығарған.

...Атың машхур еди Өзбекстанға,
СССРда белли тарийх дәстанда,
Хорезм, Қарақалпақ, Түркменистанда,
Билмейтуғын жан жоқ еди устазым.

Хожелиде билим кәнин тараттың,
Жетим-жесир балаларды жыйнаттың,
Билим берип интернатқа орнаттың,
Мугаллими өзиң едиң устазым.

Ең қымбатлы ўатанымның улы едиң,
Әдебият жолында көп хызмет қылдың,
Көп шайырға үлгилерди көрсеттиң,
Өшпес сөзиң қалды көпке устазым...»

Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий совет властының биринши жылларында келип, қарақалпақ халқына мәденият, әдебият искусство ислерине шын жүректен жәрдем бергени, ис үлгисин көрсеткени сөзсиз көрининтур. Ол искусствомызды дүзиўшилердиң, шөлкемлестириўшилердиң, тийкарын салыўшылардың бири. Ол қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына әсиресе қарақалпақ совет әдебиятының көрнекли ўәкили, қарақалпақ совет әдебиятының тийкарын салыўшылардың бири Аяпберген Муўсаев творчествосына күшли тәсир етти. Қарақалпақ совет әдебиятының, Совет искусствосының раўажланыўы Ҳамза Ҳәкимзаданың аты менен де сөзсиз байланыслы. Бирақ бул мәселелер еле көп толықтырыўды, изертлеўди талап етеди.

«Әмиўдәрья» журналы, 1960, №10

ЖАРҚЫН ОБРАЗЫ ЯДТАН ШЫҚПАЙДЫ.

Дәли Назбергенов — менің көз алдымда жүзи жайнап, адамды өзине тартып, сырт көрінісіне ишки дүньясыда сәйкес, пейли кең, достына жан дүньясы жайылған, қушағы бирдей ашық болып елеслеп турады.

Ол биреўге қатты сөйлеп, зейнине тийген жағ емес. Оның күле шырайында адамгершиликтиң үлкен күши бар еди. Дәли менен балалық, жаслық дөўрлеримиздиң көп жыллары бирге өтти. Төртқүлден Шымбайға 1928-жылы көшип барған мектеп-интернатта бирге оқып, бирге питкерип шықтық. Усы мектепте басқа оқыўшылар, пионер, комсомол ағзалары менен бирликте хәўескерлер кружогине, ойын-заўыққа актив қатнастық.

Ол жыллары мектеп коллективинде, оқыўшы ҳәм студентлерде байрам күнлерине , көп бурын таярлық көрип, хор, марш қосықлары ҳәм басқа да ҳәр қыйлы қосықлар таярлап, бул таярланған қосықлар мектептен көше бойлап парад болатуғын жерге ҳәм парадта да, оннан қайтып мектепке келгенше жетиўи керек болып, ҳәзирги бир концертлик программа көлеминдей болатуғын еди. Ол жыллардың дәстүри усындай болды.

Усындай илажларға қосықшы болып та, қосықты баслаўшы болып та қатнастық. Болажақ шайырдың поэзияға берилиўшилик оны сүйиўшилик сезимлериниң биринши нышанлары усылардан басланғаны сөзсиз.

Жас ўақлардағы қызығыўшылықты естияр болғандағы кәсип ҳәм өнер менен салыстырыў — көп нәрселердиң сырын, нызамлы қәлиплесиў процесин түсиниўге мүмкиншилик береди. Биз сол 1928 — 1939-жыллары газета бетлерине айырым китап болып шыққан қарақалпақ жазыўшыларының — шайырларының шығармаларын оғада қызығыўшылық пенен оқыдық. Әсиресе С. Мәжитовтың «Оқыў китабы», Қарақалпақ әдебияты жыйынтығы» китабындағы шығармалар күшли тәсир етип, қолдан-қолға өтип оқылатуғын, көп қосықлар дәптерлерге көширилип алынатуғын еди.

Бала күнлердеги, әсиресе мал бағыў, қой-ешки

изинде жүрип ғарры шопанлардан еситкен халқымыздың аўыз еки әдебият нусқаларына, үстине усы жыллары қазақ тилинде «Шора», «Қоблан» ҳәм «Алпамыс» дәстанлары басылып шығып, буларды оқыў бизиң барлық бос ўақтымызды, түн уйқымыздыңда әдеўир болегин алатуғын болды. Халқымыздың бул әжайып дөретпелери бизлерге рухый азық болып, дәстанлардың бас қаҳарманларының туўған елди сүйиўшилик, оған аянбай хызмет етиў ҳәм елди сыртқы душпанлардан қорғаўдағы мәртликлери үлкен тәсир қалдырды.

Булардан басқа, жоқарыда көрсетилген байрам күнлеринде айтылатуғын революциялық марш ҳәм қосықлардың әдеўир саңлақлары рус тилинен қарақалпақ ҳәм қазақ тилине аўдарылған, газета бетлерине жарияланған болып, буларды текстлери дәптерлеримизге көширилгени және ядланғаны анық. Сол күнлери ядланған қосықлардың айырым қатарлары еле ядымызда бар. Соның менен бирге, қазақ жазыўшы-шайырлары Сакен Сейфуллиниң, Байимбет Майлиниң, Мухтар Әўезовтың, Сәбит Муқановтың, Илья Жансүгировтың шығармаларын оғада дыққат қойып оқыйтуғын едик. Усы жағдайлар ҳәммемизде көркем әдебиятқа қызығыўшылықты, сүйиўшиликти оятқанындай, болажақ көрнекли шайыр Дәли Назбергеновте де әдебиятқа қызығыўшылық сезимин оятты. Мектепте программа бойынша өтилген арнаўлы әдебият ҳәм тил сабақлары менен муғаллимлердиң түсиндириўлери — бизлердиң көркем әдебият жөнинде-ги сезимимизди оятып өсирген биринши басқыш болғанлығы анық. Мен жоқарыдағы умтылыўларды әдебият ҳәм тил сабақларына қосымша өз бетимизше болған айрықша қызығыўшылық ретинде айтып отырман.

Бизиң мектебимиз шын мәнисинде халықлар достығы, интернационаллық тәрбия үйи болды. Бунда көп миллетлердиң ул ҳәм қызлары тәрбияланды. Көп миллет балаларының бир туўысқан семьяда тәрбияланыўы балалардың рухый жақтан қәлиплесиўинде шешиўши орын тутты. Болажақ шайыр Дәли Назбергенов усындай орталықта, коллектив ишинде болып, интернационаллық тәрбияда шыныққан еди. Бул жағдай оның пүткил өмиринде дөретиўшилик өнерине күшли тәсир еткени анық. Бизиң халқымыз «Уяда

нени көрсең, ушқанда соны көрерсең» деп бийкарға айтпаған.

Мектебимизде мийнет тәрбиясының жақсы қойылғанында айтпай кетиўге болмайды. Ҳәзирги Қ. Әўезов атындағы совхоздың орайына жақын жерде Толыбай деген байдың жери бизиң мектебимизге алып берилди. Сол жерде биз егиншилик етип, мектеп асханасын, оқыўшыларды қаўын-гарбыз, жазғы палыз менен тәмийин ететуғын едик. Бул бир жағынан балаларды мийнетке үйретсе, екиншиден жағынан, оқыўшылар жазғы жемислер менен жақсы тәмийинленетуғын еди. Усы жерде Дәли Назбергенов бар ықласы менен көп мийнет етти. Өзи де неледи, балаларға да басшылық етти. Оның аўыл-хожалығын қызғын сүйиўшилиги — ақыбетинде агрономлық кәсипти ийелеўине алып келди.

Телетамашагөй жолдаслар! Сизлер Дәли Назбергеновтың өмири ҳәм творчествосы ҳаққында хабарлысыз. Көрнекли шайырдың өмири ҳәм творчествосы әдебият тарийхының очеркинде, оқыў китапларында, әсиресе, соңғы күнлери оның туўылғанына 60 жас толыўына байланыслы газета бетлеринде бир қатар көлемли мақалалар ҳәм шайырдың қосықлары жәриялады. Бирақ булардың барлығына жоқарыдағы Дәлиниң өмирине, қәлиплесиўине байланыслы жағдайлар көрсетилгени сезилмейди. Соның ушын биз оларды кеңирек сөз етпекшимиз. Дәли Назбергенов 1913-жылы ҳәзирги Нөкис районының территориясында оғада жарлы дийхан семьясында туўылған. Дәли аўыллық мектепте оқып, оннан кейин Шымбайдағы Коммуна мектебине түсип, оны питкергеннен соң Төртқулдеги аўылхожалық техникумында оқыйды ҳәм 1933-жылы питкерип шығады.

Техникумды питкерип шыққаннан кейин агроном болып ислеп, сол 1930-жыллардағы аўылхожалығындағы революциялық өзгерислерге, қайта қурыўларға актив қатнасады. Бул ислер оның ой-өрисиниң кеңейиўине, халқымыздың турмысын ҳәм аўылхожалығындағы революциялық өзгерислерди жақсы билиўге жәрдем етеди.

Ол агрономлық кәсипти ийелеў менен бирге, 1931-жылдан баслап әдебият ҳәм журналистлик өнерди ийелеўге кириседи. 1931-жылы биринши рет оның

қосықлары газета бетинде шыға баслайды. Техникумда оқып жүргенде республикалық газеталардың актив хабаршысы болады. Солай етип, жас Дәли үш өнерди — агроном, шайыр, журналист болыў өнерин үйреniўге шынтлап кириседи. Усылар ишинен жақсы шайыр болыў арманы биринши орында турады. Ол ушын газета айналасына келиўге интизар болады. Бул арманы ислеп асып 1936-жылы «Қызыл Қарақалпақстан» (Ҳәзирги «Совет Қарақалпақстаны») газетасына ислеп алынады. Бул жыллары Дәли Назбергенов қәлиплесken шайыр ҳәм журналист болғаны сезиледи. Бирақ, өнерди жетилистириў керек еди. Газета хызметинде ол дәслеп аўылхожалық бөлиминиң баслығы, кейин жуўаплы секретары болып ислейди. Демек, Дәли Назбергенов тек көрнекли шайыр ғана емес, көрнекли журналист ҳәм республикамызда басма сөзди раўажландырыўға, шөлкемлестириўге белгили үлес қосқан искер претинде көзге түседи. Биз Дәли менен 6 жыл газета жумысларында бирге ислеdik. Дәли Назбергенов 1931 жылдан 1936-жылға шекем жазған қосықларынан шайырлықта биринши қәдемди көремиз. Бул дәўирде жазылған шайырлардың «Билимменейник», «Ғалаба ис майданынан», «Жумыс кейин қалмасын», «Пахта ушын» ҳәм «Егиске ерте ҳәзирлен» деген қосықлары үйреniўшилик излерин көрсетеди. Бул шығармалар темалық ҳәм конкрет ўазыйпа жағынан ўақыт талабына байланыслы болса да, көркемлик жақтан еле толық жетисин писпегенин анлатады. Бул ушын шайырды айыплай алмаймыз. Себеби, бундай жағдай өнерди излеген барлық адамның басынан өткен.

Аўылдың коллектив хожалық болып қайта қурылыўы, оған актив қатнасыў ҳәм газетада ислеў, шайыршылық жолында тынбай мийнет етип излениў — Дәли Назбергеновтың ой-өрисин өсирип, 1936-жылдан баслап дөретиўшилик тематикасының кеңейиўине, шығармалардың көркемлик жақтан өсиўине алып келеди.

Тек тематикалық кеңлик емес, шайыр жаңа турмыстағы жаңалықларды қарақалпақ халқының ой-сезиминдеги өзгерислерди, олардың мийнет майданындағы жаңа белгилерди көрип, соларды сүўретлеўге отеди. Бундай шығармалар қатарына шайырдың «Бийбизада», «Дилим колхозшы», «Байрақлы қыз», «Сәўле»,

«Бригадир Бийбигүл» ҳәм басқа да қосықларын киргизиўге болады.

Шайырдың бул қосықларынан туўысқан халықлар әдебиятының, әсиресе рус халқының әдебиятының үлгилеринен көп нәрсени үйренгени көринеди. Дүнья жүзилик әдебий процесске нәзер салыў, соның ишинде туўысқан халықлар әдебиятының жақсы үлгилерин қарақалпақ халқының традициялық поэзия үлгилерине қоса пайдаланыў —шайырға бүгинги күнниң талабын орынлаў ушын ғана емес, кейинги ушын да үлкен пайда беретуғыны сөзсиз себеби, әдебияттың өз-ара байланысы, өз-ара байыўы ҳәм ықлас етиўи — оның раўажланып өсиўиниң жаңа күшлериниң бири болып есапланады.

Дәлн Назбергенов басқа да бир қатар қарақалпақ шайыр-жазыўшылары менен 1930-жылдың орталарында Баку, Тбилиси, Москва, Ленинград ҳәм аўқамыздың басқа да үлкен қалаларында болады. 1939-жылдың апрель айында Москвада миллет әдебиятларының ўәкиллериниң үш ҳәптелик семинары өткерилип, буған көрнекли жазыўшылар А. Фадеев, Л. Соболев, П. Павленколар қатнасып, баянлама жасайды. Усы семинарға Дәли Назбергеновте қатнасады ҳәм тағы көп нәрсе үйренип, билим алыўына мүмкиншилик табады. Шайырдың туўысқан халықлардың әдебиятын биливи усындай етип кеңейе береди. Талантлы ҳәм көрнекли шайыр Дәли Назбергенов ҳәр тәреплеме, түрли темада әдеўир поэзиялық шығармалар дөретken шайыр. Усы күнге шекем бес қосықлар топламы шықты. Биз булардың барлығына тоқтаў мүмкиншилигине ийе емеспиз. Соның ушын шайырдың дөретпелериниң бир қатар баслы тәреплерин сөз етиў менен шекленемиз.

Шайыр ең дәслеп өзине ҳәм мийнеткеш халыққа, соның ишинде қарақалпақ халқына да бахыт алып берген, езилгенге еркинлик, азатлық берген, жаңа дүнья, жаңа заманды дүзген Октябрь Социалистлик революциясын жырлайды. Октябрь революциясын жырлағанда шайыр революция жемиси иси менен өзиниң ҳәм халқының бир жан, бир тән болып кеткенин, туўған елине хызмет етсе, — октябрь революциясы исиниң раўажланыўы ушын хызмет екенин, онысыз—Октябрь исин қорғаўсыз бахыт ҳәм шадлы турмыс жоқ екенин

образлы етип сүўретлейди. Шайыр «Октябрь» қосығында:

«.....Уўыздай руўхың сиңген тәнимде,
Хызмет етип туўып өскен елимде,
Дүшпанлардың ҳарам қолын суқтырмай,
Қорғайман мен, өзим хожа жеримде...[1]

— дейди.

Шайырдың коммунистлик партия В. И. Ленин ҳәм Ўатан ҳаққындағы қосықлары Октябрь ҳаққындағы қосықлар менен байланысып, биригип келеди. Бул да тәбийий нәрсе. Коммунистлик партия ҳәм В. И. Ленинниң дана басшылығы менен ғана Октябрь революциясы жеңис тапты. Шайыр пүткил Совет халқы, соның ишинде қарақалпақ халқы да тек В. И. Ленин жолы менен барып, сол уллы ҳәм жеңилмес байрақ астында уллы табысларға жететуғынына исенеди, усы исенимди жырлайды, ол байрақ—белге қуўат, жүрекке йош екенин сүўретлейди.

«Жүрекке орнасып сөзи Ленинниң,
Бойға уллы жигер қуўат береди, —
Қуланыш кеңейтип уллы елимниң,
Адамларға йош ҳәм талант береди...[2]»

Халықлар дослығы идеясында тәрбияланған ҳәм сол дослықтың жемисинен камалға келген шайыр совет халықларының дослығын асқан йош пенен сәўлелендиреди. Буның мысалын оның «Туўысқанлар» атлы Украина халқына арналған қосығы менен «Өзбек бүлбили», «Алмас қарындас», «Тамара» ҳәм «Пүткил» қосықларынан анық көриўге болады.

Шайырдың социалистлик ўатанды шын жүректен сүйиўи, оның гүллениўи, беккемлениўи жан-тәнин аямайтуғыны қосықларында көркем етип берилген. Мәселен, «Менің ўатаным», «СССР», «Жолдас» ҳәм басқа бир қатар қосықлары усындай шығармалар қатарына жатады. Әсиресе, шайырдың «СССР» деген қосығындағы:

«СССР — бахыттың, бостанның ели,
Бирликке кеўилин қосқанның ели,

---

[1]. Д. Назбергенов шығармалары Н., 1958, 45-бет
[2]. Д. Назбергенов «Шығармалары» Н., 1958, 68-бет

СССР — ўатаны еркин халықлардың,
Бул ўатан — шад болып тасқанның ели[1]»

— деген ҳәм де басқа қатарлар ҳәр бир совет адамының жүрегин тербетип, оннан жыллы жай алады.

Колхоз аўылы — Дәли Назбергеновтың өзиниң туўылған аўылы. Бул аўылдың өзгериси, турмысы оған күтә жақын. Соның ушын шайыр бул өзгерислерге көбирек ҳәм кең түрде кеўил аўдарады, колхоз аўылы ҳаққында көбирек шығармалар жазады. Усы колхоз аўылының көринисинде пүткил Қарақалпақстан, аўыл мийнеткешлериниң өскен тулғасын көз алдына елеслетеди. Мысалы, шайыр «Колхоз аўылым» деген қосығында жаңа аўылдың көринисин сүўретлеп, оның қуўанып, техниканы ийелеп, усы тийкарда егислик жерлерди кеңейтип, өнимди молайтып атырғанын айтса, «Хош кеўилли» деген қосығында колхозшы мийнет ери болған жигитти ҳүрмет пенен тилге алады ҳәм:

«....Сен бахытлы ел баласы,
Таза бақшаның лаласы,
Ўатанымның мәрданасы,
Жаса иним, хош кеўилли...[2]»

— деп оны хошаметлейди.

Шайырдың поэзиясының тематикасы жоқарыда көрсетилгенлер менен шекленбегени мәлим. Ол балалар ушын да әдеўир шығармалар дөретеди. Соның менен бирге, халық аралық темада да көп қосықлар жазады.

Оның «Ертеңги күн бизики», «Азатлық жолында» ҳәм «Бизиң сүрен» қосықлары халық аралық темада болып, парахатшылық ушын гүрести өз ишине алады.

1930 — 1940-жыллар ишинде шайыр бир қанша поэмалар жазып, буларды қарақалпақ халқының барлық совет халықларындай социализм қурылысындағы парахат, ерлик мийнетлери совет адамларының есте қаларлық образлары сүўретленеди. Оның «Са-

[1]. Бул да сонда 45-бет
[2]. Дәли Назбергенов «Шығармалары» Нөкис, 1958-жыл, 48-бет

ға», «Қолхоз қызы», «Жетимлер», «Бахытлы ана» поэмалары усы жыллары жазылған. Шайыр «Саға», поэмасында Қызкеткен каналының қайта қурылысы, инженерлик биринши сағаны сәўлелендиреди. Бул қурылысқа шайырдың өзи де актив қатнасқан еди.

Тынымсыз үйрениў, излениўде болған ҳәм ўақыттың өтиўи менен дөретиўшиликте жақсы тәжирийбе топлаған шайыр Дәли Назбергенов ўатандарлық урыс жыллларында қарақалпақ совет поэзиясына салмақлы үлес қосты. «Ананың хаты» атлы шығармасында совет адамындағы гүресшеңлик, қайсарлық, мәртлик белгилерди, душпан үстинен келешекте болатуғын жеңис исенимлерине оптимистлик көз-қарасты бере алды. Усы қосықтан мысал келтирейик:

«....Ана саў бол, биз аманбыз,
Исимиз ҳақ, биз жеңемиз,
Усы сапар фашизмди,
Жер түбине биз көземиз ...
Ўатан ушын, өмир ушын
Ислеўдемиз исимизди,
Тылда турып биз сизлерге,
Қосыўдамыз күшимизди...[1]»

Бизге буның көркемликке айналған үлкен ҳақыйқатлық екени анық. Фронт ҳәм тылдың беккем бирлиги, партиямыздың дана басшылығы бизди жеңиске әкеледи.

Урыс жылларында фронт пенен тылдың айырмасы аз болды. Дәли Назбергенов тылда турып қаҳарманларша хызмет етти. Ол «Совет Қарақалпақстаны» («Қызыл Қарақалпақстан») газетасының жуўаплы секретары болып исленп, газетаның ўақтында шығып, фронт ҳәм мийнет хабарларын халыққа тез жеткериўге күш салса, Жазыўшылар Союзы басқармасының секретары болып жазыўшыларды шөлкемлестириў, басшылық етиў исин де апарды. Соның менен бирге, өзи көп шығармаларды дөретти. Оның жоқарыда аталған қосықтан басқа «Москва», «Сталинград қаласы», «Патриот», «Мә-

[1]. Дәли Назбергенов: «Шығармалары», Нөкис, 1958-жыл 72—73 бетлер.

«Мәрт ол», «Халқымның қәҳәри», «Кировтың қылышы», «Сен ушын», «Колхоздан хат», «Ант етемен», «Кеширмеймиз, кек аламыз» деген ҳәм басқа да қосықларын жазғанының жоқарыда айтылған гүўасы болады. Шайыр урыс жыллары дағы поэзиялық дөретпелеринде тек лирикалық-гражданлық шығармалар менен шекленбей, поэмалар да жазды. Оның «Жадигер» поэмасы дыққатқа миясар.

Солай етип, ол өзиниң сүйген шайырлық өнери менен де совет халқының ўатандарлық урыста уллы жеңислерге ерисиўине үлкен үлес қосқан көркем, талант ийелериниң бири болып есапланады. Дәли Назбергенов тек поэзия тараўында ғана емес, проза тараўында да қолем жүргизген еди. Оның газета, журнал бетлеринде қысқа гүррең, очерк ҳәм фельетонлары басылып турды. Егер жазыўшының өмири оғада қысқа болмағанда әдебиятымыздың проза жанрының раўажланыўына белгили үлес қосып, оны байытыў жолында ат сабындырғысы келген еди. Ол 1942-жылдың басында бир қатар партия, мәденият хызметкерлери менен бирге авианалық апаттан мезгилсиз қайтыс болды.

Жуўмақлап айтқанда, Дәли Назбергенов жаңа заманның жаңа шайыры, жазыўшысы болып ел ушын аянбай хызмет етти. Оның барлық шығармалары ел жасаған ўақыт пенен беккем байланыслы. Ол қарақалпақ совет әдебиятына белгили үлес қосып, оны байытқан жазыўшы. Оның бизге қалдырып кеткен әдебий мийраслары әдебиятымыздың тарийхы ушын емес, бүгинги күн ушын да әҳмийетке ийе. Оның жарқын образы халқымыздың ядында мәңги сақланады. Шайырдың бүгинги туўылғанына 60 жас толған күнинде оның ҳүрметине бас ийемиз.

Н. Жапақов

1973-жыл, 28-июнь.

ШАҢБАСТЫҢ ТЕРИС ПИКИРЛЕРИНЕ ҚАРСЫ

...Сениң шатасқанлығыңа ҳәм партияның надурыс тапқан бурынғы РАПП тың пикирин қоллаған терис пикирине жуўап бере аламыз. Бул сениң басыңнан

шыққан қыялый пикирине қарсы РАПП шылық идеяңа қарсы гүреске кеңес жазыўшыларының тисин өткирлейди, еле де қайрайды.

«Избасар мийнеткеш дийхан жазыўшысы, соның ушын оның пролетариатқа тилеги қосылмайды» деўиңе пүткиллей қарсымыз ҳәм сениң бул баҳаң пүткиллей дурыс емес. Избасардың пролетариат жырын жырлаған партияның бас жолы ушын гүрескен кеңес жазыўшысы екенлигинде ҳеш қандай даў жоқ дей аламыз. Өйткени кеңес жазыўшысы (кеңес жазыўшысы, пролетариат жазыўшысы) өзиниң шығармаларында социализм хожалығының гүллән тәреплеринен жазып жырлай алады. Ол (кеңес жазыўшысы) усы шығармасы арқалы оқыўшысын пролетариатлық идеяға тартып, ол өзиниң жамайын социализмниң жеңиў жолына шөлкемлестиреди.

Сениң ойыңша кеңес жазыўшысы болыў ушын тек пролетариат станкасында турып ғана завод, фабрика я болмаса шахтаны жырлаў, солар ҳаққында ғана жазыў шәрт ғой шамасы...

Сен (Шаңбас) өзиң түсинбейсең, ямаса түсиниң де кеңес жазыўшысы болыўдың тийкарғы нызамын бурмалайсаң. Бизге көсемлеримиз кеңес жазыўшысы болыў ушын социализм хожалығының гүллән тийрелеринен жаз деп үйретеди.

Сен (Шаңбас) Фазыл улы Избасардың колхозды жазғаны ушын оны (Избасарды) «Мийнеткеш дийхан жазыўшысы, меншикли мүликти жырлайды» дейсең. Бул пикир дурыс емес. Бирақ, сениң Избасарға «колхозды жазба» дегениңе биз де, Избасар да көнбейди. Избасар колхозды жырлағанын қойған жоқ, қоймайды да. Өйткени, ол колхоз бенен бир туўысқан ҳәм ол колхозды, социализм хожалығын жырлаўшы кеңес жазыўшысы. Сонлықтан ол:

«Бизиң колхоз бирлескен күш,
Жаңа турмысқа жол ашқан,
Жаңа турмыс жаңа усыллы ис,
Ол турмысқа араласқан.
Колхозда большевиклик ис,
Шын турмысқа есик ашқан,
Мен жырлайман колхоз жырын,
Колхоз бенен мен туўысқан,
Колхоз бенен бирге өсип,
Мениң кеўлим толып тасқан.

Мениң жырым колхоз жыры,
Менин сырым колхоз сыры,
Колхоз жыры, колхоз сыры,
Көкирегиме орналасқан.—дейди.

Сен, Избасарға колхозды жырлама, колхозды жырласаң кеңес жазыўшысы бола алмайсаң, дийхан жазыўшы боласаң, кеңес жазыўшысы болыў ушын тек ғана завод, фабика, шахтаны жазыў керек деп үйреткиң келип еди.

Избасар колхозды жырлаған менен кеңес жазыўшы болыўынан адаспайды. Ол Женнің «аңғал»лығын алып колхозды жырлаўдан қол үзгенде жоқ үзбейди де. Бирақ биз Избасарға завод, фабриканы жырлама демеймиз оны да жырлаў керек.

Сен Шаңбас, Избасарға («Жеңис жолында» китабы бойынша) «Сыпы»да тағы да «Таярман» атлы қосықтың тысқарысынан қарағанда оның қурылыс жағы ҳәм көркемлик образлылық жағынан болсын, қоя қалғанлығына қарағанда Избасарға мен исене алмай отырып қалдым. Ол, (Избасарды айтады) сондай усталыққа жете алды ма екен? жоқ» дейсең.

Шаңбастың ойынша «Қарақалпақтың көркем шығармалы әдебияты ҳәм оның усталары болыўы мүмкин емес усайды. Ол Қарақалпақстанда күшли шығарманы туўдырыў Избасардай шайырлың ҳалинен келмейди. Бул Шаңбастың майда буржуазия миллетшилик сасық пикири. Бул Шаңбастың Қарақалпақтың формасы миллетлик, мазмуны социалистлик көркем әдебиятының ҳәм оның усталарының өсиўине исенбеўшилиги, барды жоқ деп көрсетип ашықтан-ашық майда буржуазиялық тар миллетшиликке берилгенлигин көрсетеди.

Биз, Шаңбастың бул көрининине большевикше тепки бериўимиз керек. Өйткени қарақалпақта мазмуны социалистлик, формасы миллетлик көркем күшли шығармалы әдебияттың болыўы ҳәм оның усталарының дөреўи мүмкин. Бул ҳәзир бизде болып та отырыпты. Еледе өсе бермекши.

Шаңбас усаған шатасқан «сыншылар» кеңес жазыўшыларын жаў ретинде емес, өзимизге жақын ретинде сынаў керек екенин жақсы уғыўы керек.

«Сынағанда оған өзиниң кемшилигин жойыўға мүмкиншилик беретуғын сын менен оның өсиўине көмеклесетуғын, усыған ийтеретуғын етип сынаў керек» (А. Қосаров).

Шаңбастың сыны-сын емес, шайырды жәбирлендиретуғын дөҳмет. Шаңбас сын жазаман деп қарақалпақ кеңес әдебиятына терис пикир киргизген келди. Биз бул усаған «сын» ға қарсы гүрес ашыўымыз керек.

Гәпимиздиң басын «Шаңбастың терис пикирине қарсы» деп баслағанлықтан ҳәм сөзимизде удайына усы мәселе ҳаққында сөйлегенликтен Избасардың шығармаларына тоқтамадық.

Ҳақыйқатында буннан Избасардың қосықлар топламында кемислик жоқ деген сөз шықпайды. Кемислик бар. Бирақ бул ретте оған тоқтаўды керекли таппастан Шаңбастың шатасқан шаңғытын әшкаралаўға кеўил бөлдик.

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1935-жыл, № 22.

МЕКТЕПЛЕРДЕ ӘДЕБИЯТ САБАҒЫН ОҚЫТЫЎ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ГЕЙПАРА ОЙЛАР

Оқыўшылар коммунистлик рухта тәрбиялаўда, оларға идеялық ҳәм эстетикалық тәрбия берилде, олардың ой-өрисин кеңейтиўде әдебият сабағы оғада әҳмийетли. Қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың сапасын жақсылаў ушын ҳәзир бизде барлық жағдай бар деп ойлаймыз. Усы көз қарастан революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының мектеплерде оқытылыўы ҳәм оның бүгинги күнги жағдайы ҳаққында бир қанша ойларды ортаға салмақшымыз.

Соңғы жыллары революцияға дейинги қарақалпақ әдебиятына арналып жазылған оқыў қуралы ҳәм әдебияты программасы әдеўир жақсыланғаны толықтырылғаны мәлим. Орта мектеплердиң IX класына арналған «Қарақалпақ әдебияты» сабақлығы бесинши рет басылып шықты. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының бул соңғы баспасы ҳәзирги күнниң изертлеўлерине тийкарлана отырып, оның бурынғы баспаларына әдеўир қайта ислегени байқалады. Мәселен, сабақлықта қарақалпақ аўыз-еки халық дөретпелерине гейпара жаңалықлар енгизилген. Сондай-ақ классик шайырлардың дөретпелерин таңлаўда соңғы жыллары баспада жәрияланған гейпара изертлеў материаллары

есапқа алынған. Сабақлық, тийкарынан алғанда, революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятын сөз етеди.

Соның менен бирге 9—10-классқа арналған қарақалпақ әдебияты программасы менен сабақлығында революцияға шекемги әдебият жөнинде бир қатар тағы да толықтырыўды, кеңейтиўди керек ететуғын әҳмийетли мәселелер бар, деп ойлаймыз.

Соңғы ўақытлары революциядан бурынғы қарақалпақ әдебияты әдеўир дәрежеде изертленди, көплеген илимий мақалалар, монографиялық жумыслар жазылды. Жийен жыраў, Қунхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш ҳәм Омар шайырлардың шығармалары архив материаллары тийкарында пукта жыйналып айырым-айырым топлам етип басып шығарылды. Ол топламлардың ишинде бурын оқыўшыларға мәлим болмаған баҳалы шығармалар да бар.

Айырым классик шайырларымыздың өмир жолы анықланды. Булардың үстине усы күнге шекем жәмийетшиликке белгисиз болып жүрген шайырлар менен олардың шығармалары мәлим болды. Бирақ, сабақлықта белгили шайырлардан Жийен-жыраўдың, Әжинияздың өмирине тийисли мағлыўматлар бурынғы қәлпинде берилип, олардың өмири ҳаққындағы жаңа изертлеў материаллары киргизилмеген. Мысалы, соңғы жыллары Жийен Аманлық улының туўылған ҳәм қайтыс болған жыллары, турмысы, шығармаларының тарийхый ўақыяларға байланысы, ҳәттеки шайырдың әкесиниң аты сыяқлы жаңалықлар анықланды. Булар сабақлықта көрсетилгенде шайыр 1828-жылы туўылған емес, соңғы мағлыўматларда 1811-жылы туўылғаны анықланып отыр. Әжинияздың айырым шығармалары революциядан бурын-ақ баспа сөзде жәрияланған. Бул жаңалықлар оқыўшыларға жеткерилиўи керек. Сондай-ақ Бердақтың «Излер едим» қосығы менен Өтештиң «Ҳайран етти» поэмасы әҳмийетли шығармалар қатарында программа менен сабақлықтан орын алыўы, бунда усы шығармаларға кеңлеў таллаў берилиўи керек, деп ойлаймыз. Бердақтың «Излер едим» қосығы оқыўшыларға бурыннан-ақ белгили, ал Өтеш Алшынбай улының «Ҳайран етти» поэмасы биринши мәртебе шайырдың 1962-жылғы қосықлар топламында басылып шықты.

Поэмада ҳаял-қызлар азатлығы мәселеси сөз болады. Поэманың тийкарғы идеясы —қарақалпақ ҳаял-қызларының ериксизлик турмысқа қатты наразылығын сүймеген адамға турмысқа шығыўдан гөре өлимди артықмаш көргенлигин, теңсиз заманға ҳаял-қызлардың әдил қарсылығын көрсетиўден ибарат. Усындай әҳмийетли шығарманың қосықлар топламында жәрияланғанынада бес-алты жыл болып қалды, бирақ оған әдебият сабақлығынан тийисли орын ажыратылмаўы қолайсыз көринеди.

IX класстың әдебият сабақлығы менен программасында ҳәзирги күнде анықланған, халық арасына шығармалары белгили дәрежеде мәлим болған шайырлардан Бегжан Нурым улы. Жаңабай Қаратай улы, Нурдан Бегжан Нурым улы. Жаңабай Қаратай улы, Нурдан Бегжан Нурым улы, Қудайберген Жебеген улы ҳәм Халыбай Ерман

Бунда шайыр жаңалық ғайратты елди азат етиўге, класслық душпанға соққы бериў, халықты теңсизликтен қутқарыў ушын жумысаўға шақырып отыр. Бул усы дәўир лебиниң ҳақыйқат мысалы болып табылады.

1905-жылғы революциядан кейин Орта Азия халықлары менен Қазақстан тарийхында үлкен әҳмийетке ийе болған 1916-жылғы милиетке ийе халық массасының азатлық ушын революциялық көтерилислери болды. Бул уллы ўақыя Әбдиқәдир Бекимбет улының «Мәмбет» қосығында Құдайберген Жебеген улының «Мәрдикар» дәстанында, Қазақбай Хожанияз улының «Бола бастады» қосығында әдеўир жақсы сәўлелендирилген көриўге болады.

Құдайберген Жебеген улының «Мәрдикар» дәстаны 1916—1917—жыллары жазылған. Шайыр болған ўақыяны өз көзи менен көрген ҳәм оған араласкан. Жаслы шайыр басқа өзиндей милиетке менен қатар мәрдикарлыққа барып қайтқан ҳәм 1917-жылы февраль революциясынан кейин елге қайтып келген соң дәстанды отыз дана етип көширип, қол жазба ретинде тараткан. Дәстан бир мың бес жүзден аслам қосық қатарларынан ҳәм қосық аралас ўақыяны түсиндириўши әдеўир қара сөзлерден ибарат. Дәстан 1916-жылдың ўақыясына арналған ҳәм сол ўақыяның изи менен жазылған үлкен әдебий шығармалардың бири болып табылады.

1905 ҳәм 1916-жыллардағы тарийхий ўақыялар ҳаққында әдебий шығармалар жоқарыдағы көрсетилгенлер менен ғана шекленбейди. Сол дәўирдиң «саясий экономикалық, тарийхый жағдайларын, тәсирин көрсететуғын шығармалар сол жылларда жасаған басқа шайырлардан да табылады. Бирақ, Октябрь алдындағы тарийхый ўақыялар сәўлелентуғын шығармалар ҳәм оның авторлары сабақлықта көрсетилмеўи өкинишли. Әдебият программасында «XIX әсирдиң ҳәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты» деп берилген бөлимде дәўирдиң тарийхый және әдебий характеристикасына тек бир саат ажыратылған.

Бул Уллы Октябрь Социалистлик революциясы алдындағы ҳәм Октябрьди таярлаўшы дәўир екенлиги мәлим. Бул дәўирдиң әдебиятыда өзине ылайық жеткиликли. Гейпара темаларға 4—5 саат ажыратылып, ал пүткил

дәўирге бир саат ажыратылғаны оғада жеткиликсиз. Соның ушын XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басындағы дәўирдиң тарийхый және әдебий характеристикасын кеңейтиў мақсетке муўапық келеди.

Қарақалпақ әдебиятының программасы және сабақлығына XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басындағы шайырлардан Омардың, Гүлмураттың, Сарыбайдың, Сыдықтың ҳәм Аннақулдың қатарына Әбдиқәдирди, Бекжанды, Жақабайды, Қулмуратты, Құдайбергенди, Нурлыбайды, Дәме ҳәм Гүлшатларды қосып көз етсе, бул жақсы болар еди. Бул шайырлардың улыўма дәўирдиң характеристикасында таллаў бир жағынан усы дәўирдиң әдебиятын кеңейтсе, екиншиден, олардың шығармалары революция алдындағы халықтың көркем ой-өрисиниң көраўажланыўын, сиясий-экономикалық жағдайды әдебиятта сәўлелендириўин анықлайды ҳәм оқыўшылардың идеялық санасын өсирип әдебиятқа болған түсинигин кеңейтер еди.

Сабақлыққа киргизилген шайырлардан Омар, Гүлмурат, Сарыбай, Сыдық ҳәм Аннақуллардың шығармалары да әдебият хрестоматиясында толық көринбейди. Соңғы жыллары бул шайырлардың да жаңа шығармалары табылды ҳәм бурынғы шығармалары анықланды. Оның үстине сабақлыққа кирмеген шайырлардың шығармалары хрестоматияға ҳәм сабақлыққа киргизилсе, әдебият оқыў қуралының баҳасы артатуғыны сөзсиз.

Жоқарыда көрсетилгенлердиң барлығы XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятының бай екенлигин көрсетеди. Соның ушын жоқарыда айтылғанлардың ҳәммеси сабақлыққа ажыратылған ўақыттың шегинен асып кететуғын болса, сабақлықтан тыс айырым қосымша оқыў қуралын ҳәм әдебият хрестоматиясын дүзиў, оған киргизилген шайырлардың атларының программада көрсетилиўи тийис деп ойлаймыз.

Н. Жапақов.
А. Кәримов.

«Совет Қарақалпақстаны» газетасы
6-февраль 1968-жыл, № 25.

IV—X—ҚАРАҚАЛПАҚ КЛАССЛАРЫНА ӘДЕБИЯТТАН ПРОГРАММА ПРОЕКТИНЕ ҚЫСҚАША ОТЗЫВ

Программа жаңа оқыў системасына сәйкес ҳәм турақлы болыўы тийис деп ойлаймыз. Ҳәзир республикамызда әдебият бойынша сабақлықтың санасын арттырыўға ҳәм оны өтиўдеги программаны турақлы етиўге керекли ҳәмме жағдайдың барлығы мәлим.

Бизлер дүзилген программаны оқып, танысып шықтық. Әлбетте, программаны дүзиўши жеделлер әдеўир мийнет еткен, бурынғыға қарағанда бир қатар жаңалықлар киргизген. Бирақ, солай болған менен еле программа үстинде илеў, оны толықтырыў керек көринеди.

Программада «Материал таңлаўда оқыўшылардың жас ҳәм билим дәрежесин есапқа алыў бойынша өзгерислер киргизилди» делинген. Ал шынында усы дурыс айтылған пикирлиң системалы берилгени программада көзге түспейди. Бул, тийкарында программаның мақсетин белгилейтуғын ўазыйпаның бири. Тек бир мысал келтирейик. «Қазы ийшан» қосығы программадағы көрсетилген класста ҳәм сол класста оқытуғын жастағы балаларға сәйкес келмейди. Оның үстине, ол программада көрсетилгендей халық қосығы емес, авторы белгили Жаңабай Қаратай улының шығармасы.

IV классқа арналған шығармалар ишинде С. Мажийтовтың балалар ҳаққындағы, оқыў, билимге үйретиў ҳәм табият көринислери ҳаққындағы қосықларынан мысаллар келтирилмейди, тек С. Нурымбетовтың қосығынан ғана мысал берилген. Бул программада әдебият ҳаққындағы соңғы жаңалықлардың есапқа алынбаўынан екени көринеди.

Программада IV—X классларда өтилетуғын материаллар ишинде қарақалпақ совет фольклоры туўралы сөз де жоқ, мысал да берилмеген. Ал ҳәзир бул проблема өз алдына изертленип, очерк дүзилип, айырым монографиялар жүзеге шыққаны мәлим.

Программа проектиниң 9—10 бетлеринде «толық емес орта мектепти питкериўшилер әдебият теориясынан мынадай дәрежеде билим алыўы көзде тутылады» — деп әдеўир нәрселер айтылады ҳәм V класстан баслап оқыўшыларға шығарманың идеясы, темасы, сүўретлеў қураллары, образ ҳаққында ҳәм басқа да түсиниклер бериле баслайды. Бирақ әдебият методы, реализм ҳаққында түсиник бериў нәзерде тутылмаған.

Программаның 6-бетинде рус әдебияты ҳәм басқа туўысқан халықлар әдебияты ҳаққында түсиник берилип, айырым жазыўшылар көрсетиледи. Буны биз орынлы ҳәм дурыс деп есаплаймыз, бирақ бунда қандай принцип тутылғанын аңлаў қыйын. Мысалы, қазақ әдебиятынан неге С. Муханов көрсетилип, С. Сейфуллин яки М. Әўезов көрсетилмей қалды. Қазақ әдебиятының тийкарын салыўшы Сәкен Сейфуллин емес пе?

Программаның усы 6-бетинде дүньяжүзилик прогрессив әдебият ўәкиллеринен тек үш адам Джек Лондон (1876—1916), Р. Тагор, Х. Ботев (1848—1876) аталады, бундай илеў неге тийкарланғаны, булардан күшли жазыўшылардың неге көрсетилмегени түсиниксиз, бунда қандай принцип тутылғаны белгисиз.

Программада ҳәр бир сөз түсиникли, проблема ҳәм мәселелер жақсы анықланған болыўы тийис. Гейпара түсиниўге аўыр, не айтылажағы белгисиз силтеўлер де бар. Мысалы, программаның 10-бетинде «Әдебияттың бир типлер менен жанрларға бөлиниўи» деген сөз бар. Бир типлер менен жанрларға бөлиниўи түсиникли, ал «типлер» ге бөлиниўин жанрға бөлиниўи түсиниў керек. Әдебият түрге ҳәм жанрға бөлиниўи мүмкин, типке бөлиниўи түсиниксиз.

Биз XVIII—XIX ҳәм XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты бойынша программадағы ҳәм сабақлықтағы гейпара кемшиликлер туўралы «Совет Қарақалпақстаны» газетасының № 25. 6-февралы санында өз пикиримизди көрсеттик. Оны бул жерде тағы да тәкирарлаў шәрти көринбейди. Биз сол газетада айтылған пикиримизди қуўатлаймыз.

Программада бир қатар объективлик емес жағдайлар көринеди. Мысалы, бир қатар жазыўшылар IV—классқа дейин ҳәр класта көрсетиледи. А. Муўсаев—V—VII X—класста, И. Юсупов, V—VII—X—класста, Султанов —V—VI—X—класта Аймурзаев – IV—VII—X —класста ҳәм тағы басқалар, ал қарақалпақ әдебиятының тийкарын салыўшылардан Қ. Әўезов, С. Мәжитовке бундай жантасылмайды. Сондай ақ программаның 28-бетинде Г.Сейтназаров, Б. Исмайлов, А. Бекимбетов шығармаларын өтиўге бир саатдан бөлип көрсетилсе, Х. Сейтовке бундай орын ҳеш жерде берилмейди. Оның аты тек

29-бетте класстан тыс оқыў ушын бир шығармасы ғана аталады. Бизиң ойымызша, жазыўшыларды класларға бөлиўде ҳәм олардың шығармаларын сабақ претинде өтиўде белгили принцип ҳәм объективлик болыўы керек.

Бизиң ойымызша, программада X классқа арналған қарақалпақ совет әдебиятын өтиўде де избе-изликти сақлаў принципи жақсы көринбейди. Мәселен, А. Муўсаев, Қ. Әўезев, С. Мәжитов шығармаларынан тәри олардан кейин шыққан ҳәм қәлиплескен жазыўшылар алда сөз етилип шығармаларына таллаў бериледи. Бул бөлимде де избе-изликти ҳәм әдебият тирийхын объектив көрсетиў керек.

Жоқарыгыларды көрсете келип, биз бул программа ҳаққында төмендеги жуўмаққа келемиз:

Программа проекти қайта дүзилиўи ҳәм толтырылыўы керек деп ойлаймыз. Оны толтырыўға илимий хызметкерлер, тәжирийбели мугаллимлер тартылыўы тийис.

Н. Жапақов.
А. Каримов.
Филология илимлериниң кандидатлары

ҚАРАҚАЛПАҚ ТЕАТР ӨНЕРИНИҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИУШИСИ

(Ҳамза дүзген драмтруппаның баслығы Қоңыратлы Төлек Сарыбаев пенен гүррең)

Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий биринши рет бизиң Қоңырат қаласына (ол ўақытта Қоңырат Хорезм халық республикасына қарайтуғын еди) 1920-жылы гүз айларының биринде келди. Оның қасында бир топар сазенде, қосықшылар да бар еди. Ол районымызда үгит-нәсият жумысларын алып барыў менен бирге, көпшиликке концерт те қойып берди. Концерттиң болған жери Муртаза бай дегенниң үлкен қәўлиси еди. Ол жайды Ҳамза келместен илгери-ақ Қоңырат комсомол жаслары районның жаңа мәденият үйин-клубқа айландырып жиберген еди.

Бул жерде Ҳамза өзиниң «Бай ҳәм батрақ» пьесасын, «Галя Бану» деген татар пьесасын, басқа да пьесалардан үзиндилер көрсеткен еди. Концертте атқарылған көп ғана басқа да қосықлар менен бир қатарда «Яша шора» деген Ҳамза қосығының, «Езнекей» деген татар қосықларының қызықлы атқарылғаны еле есимде.

Ҳамза Ҳәкимзада бир сапары Қоңыратта бир ҳәптеге жақын болды. Районлық комсомол шөлкеми алдына әўескерлер кружогин дүзиў мәселесин қойды. Бул драмкружоққа кириўшилерден меннен басқа да Зейнеп Муртазаева, Жуман Розымов, Узақбай Нуржанов, Таған Якупов, Балжан Якупова, Айша Сарыбаева, Беке Досаев, Рахман Ҳамзаев, Камал Төреев, Қурбанбай Аралбаев, гармонист Таңирберген Рамбергеновлардың актив қатнасып жүргени еле мениң ядымда бар. Бизиң труппамыздың репертуарларын дәслеп Ҳамза Ҳәкимзаданың өзи дүзип берди. Ол репертуарларда Ҳамза Ҳәкимзаданың, белгили шайыр Аяпберген Муўсаевтың қосықлары, бирнеше театр, қарақалпақ халық қосықлары бар еди.

Бул қосықларды Ҳамза азғана ўақыттың ишинде таңлап ала алды. Ҳамзаның Аяпберген менен ушырасқан-ушыраспағаны туўралы мениң ядымда мағлыўмат қалмапты. Бирақ труппа ағзаларынан Камал Төреев Аяпбергенниң «Қыз қыдырған жигит» деген қосығын тақмақ ретинде, ал Таңирберген Рамбергенов Аяпбергенниң «Келиң» «Шул қыздың» қосықларын гармон шертип, хош ҳаўаз менен айтатуғын еди.

Мине усы труппаның Ҳамза дүзген күннен баслап 1938-жылға шекем баслығы болдым. Буннан кейин колхоз театры болып қайта дүзилгенде директоры болып иследим. Ҳамза труппа дүзилгеннен соң да бизлерден қол үзип кетпеди. Ол Хожелиден бизлерге жийи-жийи келип жәрдемлесип, труппамыздың репертуарларын жаңа шығармалар менен байытып турды. Хожели қаласында дүзген драмтруппа репертуарларын бизлерге жиберип практикалық жәрдем етти.

Буннан кейинги жыллары дәслепки қарақалпақ драматурги Әбдираман Өтепов, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР халық артисткасы Айымхан Шамуратова, Қарақалпақстан АССР халық артислери Юлдаш Шарипов, Рейимбай Сейитов, Өзбекстан ССРына мийнети сиңген артист Мәдирейим Мәтжановларды искус-

ство исиндеги биринши адымы усы Қоңыраттағы Ҳамза дүзген труппадан басланды.

Демек Ҳамза Ҳакимзада Ниязий тек Қоңырат мийнеткешлери ушын ғана емес, пүткил қарақалпақ мийнеткешлери ушын да нийгиликли ис иследи. Қарақалпақстанда искусствоның раўажланыўы ушын ол өз үлесин қосты, Қарақалпақ театр өнериниң белгили шөлкемлестириўшиси болды.

Н. Жапақов
Ә. Насруллаев

«Жас Ленинши» газетасы, 31-январь, 1961-жыл.

ҲАМЗА — ЖАҢЫНГЕР ЖАЗЫЎШЫ

(Гражданлық урыстың қатнасыўшысы, 1921-жылдан берли КПСС ағзасы, Хийўа қаласында турыўшы пенсионер Жуманияз ҚАЛАНДАРОВ пенен гүрриң.

Ҳамза Ҳакимзада Хорезмге 1920-жылдың екинши ярымында, бир группа сиясий хызметкерлер составында, Туркистан фронты штабының жолламасы менен Хорезм әскерий басқармасына, әскерлер арасында сиясий ағартыў жумысын алып барыў ушын келди. Ҳамза көп ғана әскерий бөлимлерде болды. Район мийнеткешлери арасында жийи-жийи болып турғанын еди. Ол Хожели, Қоңырат, Ташауыз, Гөне Ургенч, Жаңа қала (Шомонай), (Петро-Александровский) (Төртқул) районларына да барып турды.

Бир күни, 1920-жылдың 10-октябринде болса керек, әскерий советтиң буйрығына муўапық, Қоңыратты қорғаўды беккемлеў ушын, мен командир болған атлы эскадрон Гөне Ургеничтен Қоңыратқа жөнеп кетти. Буның составында Ҳамза Ҳакимзада Ниязий де бар еди.

Бизиң эскадрон Қоңыратта Балабий (Қутлымурат бий) қамаўынан азат еткеннен кейин, Ҳамза әскерий бөлимлер арасында сиясий ағартыў жумысларын баслап жиберди. Сол жылы ноябрьде Ҳамза өзиниң «Түркстан тәўиби» пьесасын, татар тилинен өзи аўдарған «Шын урыс» деген пьесаларды сахнаға қойды.

Соны да айтыўым керек, ол ўақытта рольлерди атқаратуғын жергиликли ҳаял-қызлар жетиспегенликтен пьесаларда ҳаял-қызлар ролин жас жигитлердиң өзлери атқаратуғын еди.

Ҳамза усы 1920-жылдың гүзинде Қоңырат жаслары-ның ҳәўескерлер группасын дүзди ҳәм оның исине басшылық етти. Ҳамза 1922-жылдың ортасында (июньиюль) денсаўлығының төменлеўине байланыслы өз тилеги менен әскерий хызметтен, Хорезм халық республикасының билимлендириў министрлигине жумысқа өтип, министрлик жанындағы искусство ислери бөлимине басшылық етти. Ол бул жерде де әдеттегидей мәдений ағартыў, драм труппалар, ҳәўескерлер кружокларын дүзиў ислерин шөлкемлестирип отырды.

Бирақ, Ҳамзаны Хийўадағы диншил, пантюркист элементлери қуўдалаўға ала баслады. Буннан кейин ол Хожелиде интернат мектепте директор болып иследи; көркем өнер, әдебият, оқыў ислерин жанландырып жиберди. Ол өзи туўған жерге 1924-жылдың екинши ярымында ғана қайтып келди. Ҳамза бизиң жүрегимизде мәрт жаўынгер, талмас шөлкемлестириўши, көрнекли жазыўшы ретинде узақ жыллар сақланады.

Н. Жапақов.
А. Насруллаев

«Жас Ленинши» газетасы, 2-декабрь 1960-жыл.

ӘБДИҚӘДИР ШАЙЫР БЕКИМБЕТ УЛЫ

Әбдиқәдир Бекимбет улының өмири ҳәм шығармалары ҳәзирги күнге дейин әдебиятымызда мәлим болмай келди. Шайырдың толық емес түринде «Қызкетken», «Ол неге дәркар» деген еки қосығын 1946—жылы Шымбай районының 5-аўылында турыўшы Төлеген Төремуратовтан шайыр И. Юсупов жазып алған. Бул қосықлар сол жазып алынған ҳалында ҳеш жерде жарияланбастан қалған.

Соңғы ўақытта бизиң қолымызға Әбдиқәдир Бекимбет улы ҳаққында әдеўир мағлыўматлар ҳәм шайырдың көп қосықлары келип түсти. Усыған байланыслы бизлер шайырдың жасаған жерине барып, бул мағлыўматлар ҳәм қосықларды анықлаўға ҳәрекет еттик. Нәтийже-

де, қарақалпақ әдебияты ушын, улыўма мәденият ғәзийнемиз ушын әҳмийетли болған көп нәреселер тағы да анықланды. Жыйналған материаллар Әбдиқәдир шайырдың өмирин анықлаўға әдеўир мүмкиншилик береди. Соның менен бирге, иститң барысында шайырдың бар қосықлары анықланып, көп қосықлары шайырды жақсы биліўши адамлардан жаңадан жазып алынды. Нәтийжеде усы топламды дүзип, баспаға таярлаў мүмкиншилигине ийе болдық.

Әбдиқәдир Бекимбет улы 1860-жылы Шымбай қаласына жақын Тағжан аўылында (Мәнжиўли аўылы деп атайды), ҳәзирги Шымбай совхозының Қалының атындағы бөлиминде, жарлы семьясында туўылған. Шайырдың әкеси Бекимбет жоқшылықта, кемтарлықта жасаған.

Әбдиқәдирди көрген, оны жақсы биледиген адамлардың айтыўына қарағанда Қарақалпақстанда Совет ҳүкимети орнағанға шекем ол әкеси сыяқлы кемтарлық, жоқшылық турмысты ҳәм оның аўыр қысыўметлерин басынан кеширеди. Шайыр кембағаллық турмысқа байланыслы Шаббаз, Төртқул, Хорезм төрелерге ҳәм Сырдәрья бойына қазақ халқының арасына барып талап ислеген. Қарақалпақстанда Совет власты орнамастан бурынырақ шайыр Тахтакөпирдеги «Сарытай қумы» деген жерде отыратуғын бажасын паналап, сол жерге көшип барып отырған. Бирақ усы жыллары шайырдың ҳаялы қайтыс болып, шайырдың балалары менен өзиниң аўылына қайтып көшип келиўге мәжбүр болады.

Әбдиқәдир өз заманындағы саўатлы адамлардың бири болған. Ол қолының жуқалығына қарамастан, өз аўылындағы Айымбет ийшанның мектебинде оқыған ҳәм саўатын ашқан.

Шайырдың өскен аўылы «Ийшан аўыл» деп аталған. Ол Айымбет ийшанның әўладлары болған мақсым ийшан, суўпы ҳәм моллалар менен қоңсы отырған. Бирақта шайыр усындай жерде өсседе, ол диниллердиң халықты езиўши екенин жақсы түсингенин ҳәм оны әшкаралағанын көремиз.

Буның себеби, шайыр диниллердиң бузықлық қыўғаларын көреди ҳәм оларға деген жек көриўшилик сезими күшейеди. Сонлықтан да шайыр өзиниң аўылындағы молла, ийшан, ахун, суўпыларды, олардың жаман ислерин халық алдында әшкаралап отырады. Усы се-

бептен болса керек, диншил топарлар Әбдиқәдирди оғада жек көрген, сөзлерин «пәтиўасыз» деп есаплаған. Бирақта шайырдың оларды әшкаралап жазған қосықлары халық массасына кең таралып, тез ядлап алынып, айтылатуғын болған. Бул жөнинде, Әбдиқәдир шайырдың жақын ағайинлери ҳәм оны көрген Халмурат Пирекеевтың берген мағлыўматларынан үзинди келтиремиз:

— Әбдиқәдир шайыр болыс, ақсақалларды, молла ийшан, суўпыларды, олардың зулымлық, бузық ислерин күтә жек көретуғын еди. Оларды бет жүзине қарамай әшкаралап қосықлар жазды. Бизлер бундай қосықларды ядлап алып жүретуғын едик. Ҳәзир де сол қосықларынан көбиси ядымда бар.

Бир күни усы аўылдағы ахун Әбдиқәдирге: — Сени жүртлар шайыр дейди, қәне шайырлығыңды көрейик, бир нәрсе айтып жибер деген. Сонда Шайыр:

«Өзиң ахун емес, лақабың ахун,
Үлкен қатыныңнан кишкенеси жақын,
Қудаңа бир билсең бөлип бер ҳақын...»

деп қосықтың кейнин даўамламақшы болған. Бирақ усы жерге келгенде ахун Әбдиқәдирди тоқтатқан...

Әбдиқәдир Бекимбет улының жас ўақытларынан баслап-ақ әдебиятқа деген қызығыўшылығының басланғанын көремиз. Өзинен бурынғы Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтештиң шығармалары менен жақыннан таныс болған. Мысалы, Әбдиқәдирдиң «Ол неге дәркар», «Жақсыды», «Болар» қосықлары Бердақтың «Халық ушын», «Жақсырақ» қосықлары менен пүткиллей үнлес.

Әбдиқәдир екі заманды көрген шайыр. Жарлы халыққа пана болған жаңа ҳүкиметтиң, совет ҳүкиметиниң орнаўын қуўаныш пенен қарсы алады. 1920-жылы жазған «Көрдим» қосығында бул қуўанышы айқын сәўлеленген.

Шайыр Совет ҳүкиметиниң алып барған сиясатын қуўатлайды. Ҳүкиметтиң халықтики екенин, жаслардың оқып билим алыўын жақлайды. Буған бир мысал ретинде Төлеген Төремуратовтың Әбдиқәдир шайыр ҳақындағы еске түсириўин келтириў мүмкин: «Әбдиқәдирдиң сөзи жупкер, қосықлары мазмунлы шайыр адам еди, оның дақы Шымбай, Тахтакөпир әтирапларына мәлим

болды. Мен 1930-жыллары мугалим болып жүрген жылларымда ол картайған киси еди. Бир күни оқыўшыларды мойынларына галстук таққызып, қолларына қызыл байрақ көтертип, қатарға дизип Әбиқәдир отырған ийшан аўылдың ортасындағы гүзар жол менен өткермекши болдық хәм усылай иследик. Бизлер аўылдың арасы менен өтип баратырсақ, шайыр үйиниң алдына шығып бизлерге қызығып қарап турған екен. Жол оның үйиниң алдынан өтетуғын еди. Ол оқыўшылардың тәртип пенен аяқ басып жүргенине, мойынларындағы галстугине, қолларына көтерип киятырған қызыл байрағына көз алмай қарап турды. Бизлер оның үйиниң алдына жақынлағанымызда, ол бизлердиң алдымызға шығып турды. Бизлер оған сәлем бердик. Шайыр сол жерде оқыўшыларға нәсият қосық шығарды. Бул қосық оқыўшыларға билим алыў, тәртипли болыў, хүкиметтиң хызметин аянбай исеў мазмунында еди. Мен оны жазып ала алмадым». Оның үстине шайырдың «Устаз» қосығы да жоқарыдағы пикирлерди толықтырады.

Әбиқәдир шайыр кеўилли аныық адам болған. Шайырдың бул жақсы сыпатын биз менен гүрриплескен адамлардың барлығы да тастыйықлап өтеди.

Әбиқәдир Бекимбет улы менен шайыр, драматург, мәмлекетлик исker Қасым Аўезов арасында да күшли байланыс болған. Қасым Аўезов Төрткүлде ислеп жүрген жылларында Әбиқәдирге Төрткүлге бар деп өтинип еткен. Оны рәсмий түрде шақырған. Бирақ шайыр Төрткүлге бара алмай-ақ, 1930-жылы қайтыс болды.

Хәзирге дейин Әбиқәдир Бекимбет улының бир мың еки жүз қосық қатарына шамалас 25 қосығы жыйналды. Бул қосықлардың көбиси революциядан бурын жазылған.

Әбиқәдир Бекимбет улының революцияға дейинги шығармаларының тематикасы өз дәўириниң үстем класс ўәкиллерин әшкаралаў, жарлы мийнеткеш халықтың аўыр турмысын жырлаў болса, Совет власты жылларында жазған қосықларында ол Совет платформасында турып, ескиниң қалдығы болған дин ийелериниң минезиндеги хәм исиндеги жарамсызлықларды әшкара етиўден ибарат.

Шайырдың Қарақалпақстанда Совет власты орнағанға шекемги творчествосына тоқтағанымызда ең дәслеп көз алдымызда оның «Қатты ағардан жықкын

кетти», «Қыз кеткен», «Мегзер» шығармалары турады. Бул шығармалардан шайырдың көз қарасы, идеясы, оғада аныық сезиледи.

«Қатты ағардан жықкын кетти» қосығында елдиң мийнет пенен келтирген дийханшылығын, жай, үскенесин суў басып, оннан жәбир көрген мийнеткеш халық турмысы сүўретленеди. Бул аўыр картиналар халықтың сол ўақыттағы турмысында барҳәма болып турағуғын ўақыя болған.

Қосық 1911—1912-жылғы Қатты ағардың сағасынан кеткен жықкын ўақыясына арналған. Шайыр бул қосығында тек ғана жықкын ўақыясын айтып қоймастан бай, болыс, ақсақаллардың, адамгершиликке жат ҳәрекетлериңде де ашып береди.

Қатты ағардан жықкын кетип, халықтың маңлайдан тер төгип камалға келтирген дийханшылықлары, үй-үскенелери суў астында қалып, бул апат кем-кем ең жая береди. Жықкынды байлаў ушын аш-жалаңаш, ғәрип-ғәсерлердиң барлығын сол жықкынға зорлық пенен айдайды, соларға исенип, сонша малы-мүлки, жери бар байлар, бийлер ҳәм басқада ҳәмелдарлар бул аўыр иске бел буўып араласпайды. Шайыр бул жағдайларды қосықта төмендегише сүўретлейди:

«Аш халықлар, арқаланың,
Ақсақ майда ишң жаның,

. . . . . .

Қашы шабыўға келген екен.
«Соңнақ сол гой» деп ептелеп,
Қыйсық жолларды төтелеп,
Соқырды саўлар жетелеп,
Қатты ағарға келген екен».

Мийнеткеш халық жықкынды байлаўға кетип, үлкен қыйыншылықты басынан кеширип атырғанда, халықтың арасында байлар менен ҳәмелдарлардың ғоддаслап аўылда жүргени, оларға ҳешқандай жәрдем көрсетпегени былайынша көрсетиледи:

«Елди суў алып жатқанда,
Қара үй суўда қалыққанда,
Аралға қарап аққанда,
Болыс елде жатқан екен.

Байлаўға көрмей ҳәрекет,
Қолында бар қәрежет,

Болыс, ақсақал қара бет,
Биймәни сөз айтқан екен».

Шайырдың «Қыз кеткен», қосығы ҳақыйқат болған ўақыяға арналған. 1915—1916-жыллары қарақалпақлардың Россия патшалығына қараслы Шымбай уезди суўсызлықтан қатты тарығады. Елде күшли наразылық басланады. Сол ўақыттың ҳәкимлери халықтың улыўма қысқысы астында суў ҳақында бир илаж көриўге мәжбүр болады. Ол илаж Қатты ағарлық сағасы суўлық етпегеннен кейин, Қыз—Кеткенге жаңа сага алыў болып табылады.

Қосықта ең дәслеп сол ўақытларда ҳүким сүрген социаль теңсизлик әшкара етиледи. Мысалы: қазыўды жери көплер, жер ийеси болған феодаллар қазбай, болыс, ақсақалларға пара берип, қазыўдан қутылып қалады тек мийнеткеш халық қазады Мийнеткешлердиң онысыз да аўыр турмысы қазыў ақыбетинде тағы да аўырланады. Ҳәмелдарлар қазыўда пара алып пайдаланады. Шайыр бул аўҳалды төмендегише жырлайды:

«Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарын ашқа салды,
Қуўып айдап кембағалды.
Бийлер жүдә жаман болды.

Бий, болыс, бай, ийшан, хожа,
Сөйлесип алып оңаша,
Аш халыққа салып ақша,
Бийлер жүдә жаман болды.

Бермегенин талап алды,
Аш қасқырдай қамап алды,
Сол қыйт етсе аўыз салды,
Бир қыямет заман болды».

Болыс ҳәм ақсақаллардың пара алыўының нәтийжесинде қазыўға белдар жибериў тәртиби турпайы түрде бузылады, байлар белдардан қутқарылады. Қазыўдың барлық аўырманлығы тек мийнеткеш халықтың басына түседи. Бул реаль ҳақыйқатлықты шайыр халық позициясында турып көре биледи. Шайырдың бизге жақынлығы да усыдан анық көринеди. Сөзимизди тастыйықлаў ушын қосықтан тағы бир мысал келтирейик:

«Белдар салды тас өзекке,
Аш—жалаңаш өзи жекке,

Болыс, ақсақал жемекке,
Қазыў, сылтаў қолай болды».

Шайыр соның ушын да жарлы халықтың аш-әптада болыўын, байлардың орнына қазыўға жарлылардың барыўын, аўыр қазыўда көп мийнеткешлердиң тамақ таппай, аштан өлиўин сол ески заманның әдилсизлигиниң ақыбети деп түсинеди ҳәм қосықта да солай сүўретлейди:

Аўылда да жоқ ҳәм азық,
Жарлы болғанық деп жазық,
Кем қыйт етсе қақты қазық,
Басы байлы заман болды.

Күни-түни қазыў қазып,
Жейтуғын жоқ, жүрек сазып...
Қарны қабысып, қаны қашып,
Нешше адамлар өлди аштан».

деген ҳәм басқа қатарлары жоқарыдағы пикирлеримиздиң дәлийли бола алады.

«Қыз—кеткен» қосығы қарақалпақ халқының турақлы жер ийелеў ушын егис жерлерин суў менен тәмийнин етиўдеги гүрес тарийхында үлкен әҳмийетке ийе шығарма.

Шайырдың «Қыз кеткен» қосығы Қарақалпақстанда революцияға шекемги дәўирдеги социаль теңсизликти, жәмийетлик дүзимди әшкаралаўы, мийнеткешлердиң аянышлы турмысын көрсетиўи, реалистлик детальларға бай, турмыстың ең шешиўши мәселелериниң бири халықтың суў ушын гүресиниң көркем әдебиятта сәўлелендириліўи жағынан таңа әҳмийетли болып қалмай, ол соның менен бирге көркемлиги, халыққа түсиникли болыў жағынан да күтә баҳалы.

Ал шайырдың 1916-жылы жазылған «Мегзер» қосығы да әҳмийетли шығармалардан есапланады. «Мегзер» қосығында шайыр:

«Әне көрің алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма, ол кимге дәркар...»

деп, халықтың мәрдикарға кейпин аңлатады.

Шынында да мийнеткеш халықтың мәрдикарға қарсы болғаны мәлим. Шайыр усы қосықта мийнеткеш халықтың алдына мынадай ой таслайды:

Болыс, ақсақал қара бет,
Биймәни сөз айтқан екен».

Шайырдың «Қыз кеткен», қосығы ҳақыйқат болған ўақыяға арналған. 1915—1916-жыллары қарақалпақлардың Россия патшалығына қараслы Шымбай уезди суўсызлықтан қатты тарығады. Елде күшли наразылық басланады. Сол ўақыттың ҳәкимлери халықтың улыўма қысқысы астында суў ҳаққында бир илаж көриўге мәжбүр болады. Ол илаж Қатты ағарлық сағасы суўлық етпегеннен кейин, Қыз—Кеткенге жаңа сага алыў болып табылады.

Қосықта ең дәслеп сол ўақытларда ҳүким сүрген социаль теңсизлик әшкара етиледи. Мысалы: қазыўды жери көплер, жер ийеси болған феодаллар қазбай, болыс, ақсақалларға пара берип, қазыўдан қутылып қалады тек мийнеткеш халық қазады Мийнеткешлердин онысыз да аўыр турмысы қазыў ақыбетинде тағы да аўырланады. Ҳәмелдарлар қазыўда пара алып пайдаланады. Шайыр бул аўҳалды төмендегише жырлайды:

«Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарын ашқа салды,
Қуўып айдап кембағалды.
Бийлер жүдә жаман болды.

Бий, болыс, бай, ийшан, хожа,
Сөйлесип алып оңаша,
Аш халыққа салып ақша,
Бийлер жүдә жаман болды.

Бермегенин талап алды,
Аш қасқырдай қамап алды,
Сәл қыйт етсе аўыз салды,
Бир қыямет заман болды».

Болыс ҳәм ақсақаллардың пара алыўының нәтийжесинде қазыўға белдар жибериў тәртиби турпайы түрде бузылады, байлар белдардан қутқарылады. Қазыўдың барлық аўырманлығы тек мийнеткеш халықтың басына түседи. Бул реаль ҳақыйқатлықты шайыр халық позициясында турып көре биледи. Шайырдың бизге жақынлығы да усыдан анық көринеди. Сөзимизди тастыйықлаў ушын қосықтан тағы бир мысал келтирейик:

«Белдар салды тас өзекке,
Аш—жалаңаш өзи жекке,

Болыс, ақсақал жемекке,
Қазыў, сылтаў қолай болды».

Шайыр соның ушын да жарлы халықтың аш-әптада болыўын, байлардың орнына қазыўға жарлылардың барыўын, аўыр қазыўда көп мийнеткешлердиң тамақ таппай, аштан өлиўин сол ескі заманның әдилсизлигиниң ақыбети деп түсинеди ҳәм қосықта да солай сүўретлейди:

Аўылда да жоқ ҳәм азық,
Жарлы болғанын деп жазық,
Кем қыйт етсе қақты қазық,
Бәри байлы заман болды.

Күни-түни қазыў қазып,
Жейтуғын жоқ, жүрек сазып...
Қарны қабысып, қаны қашып,
Нешше адамлар өлди аштан».

деген ҳәм басқа қатарлары жоқарыдағы пикирлеримиздиң дәлийли бола алады.

«Қыз—кеткен» қосығы қарақалпақ халқының турақлы жер ийелеў ушын егис жерлерин суў менен тәмийин етиўдеги гүрес тарийхында үлкен әҳмийетке ийе шығарма.

Шайырдың «Қыз кеткен» қосығы Қарақалпақстанда революцияға шекемги дәўирдеги социаль теңсизликти, жәмийетлик дүзимди әшкаралаўы, мийнеткешлердиң аянышлы турмысын көрсетиўи, реалистлик детальларға бай, турмыстың ең шешиўши мәселелериниң бири халықтың суў ушын гүресиниң көркем әдебиятта сәўлелендирилиўи жағынан ғана әҳмийетли болып қалмай, ол соның менен бирге көркемлиги, халыққа түсиниклы болыў жағынан да күтә баҳалы.

Ал шайырдың 1916-жылы жазылған «Мегзер» қосығы да әҳмийетли шығармалардан есапланады. «Мегзер» қосығында шайыр:

«Оне көрип алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма, ол кимге дәркар...»

деп, халықтың мәрдикарға кейпин аңлатады.

Шынында да мийнеткеш халықтың мәрдикарға қарсы болғаны мәлим. Шайыр усы қосықта мийнеткеш халықтың алдына мынадай ой таслайды:

«Ҳәмелдарлар пухараны қыйнаса,
Жерди, суўды саған көзи қыймаса,
Қабы толы, сениң қабың толмаса,
Жыйған—тергениди қолыңнан алса,
Улыў, қызың қара пулға зар болса,
Киер кийим яне пана болмаса,
Ойлай елим булар қайсыға мегзер....

Шайырдың еле излеп табылмаған қосықлары көп болыўы мүмкин. Бирақта соны ескертип өтиў керек, шайырдың «Қатты ағардан жыққын кетти», «Қыз—кеткен», «Мегзер» қосықлары бизиң қолымызда ҳәзирше халық аўзынан жазып алынған түринде бар. Киши-гирим анализлерде усы вариант бойынша исленип отыр. Шайырдың қол жазбасы ямаса сол дәўирдеги көширмеси табылып қалар деген үмиттемиз.

Әбдиқәдирдиң мийнеткеш халықтың жырыпысы болғаның оның «Ол неге дәркар», «Жақсыды», «Болар», «Керек», ҳәм тағы басқа қосықлары да көрсетеди. Ол шығармаларында да халықты ҳадал мийнетке шақырыў, халық ушын хызмет етиў, әдил емес басшы менен елдеги бузықлардан қашыў, оларға қарсы гүрес алып барыў, адамгершиликтиң қәсийетлерине шақырыў ҳәм тағы басқа прогрессив идеялар бериледи.

Биз жоқарыда Әбдиқәдир Бекимбет улының өмирбаянына, революцияға дейинги шығармаларына қысқаша тоқтап өттик. Революцияға дейинги шығармаларында шайыр өз халқы ушын бахытлы заманды әрман етти. Революцияның жеңиси нәтийжесинен, Совет ҳүкиметиниң сиясатынан усы халық әрманының тилек үмитлериниң иске асқанын көрди.

Коммунистлик партиямыз, Совет ҳүкимети өзиниң дөреген дәўириниң дәслепки күнлеринен баслап-ақ халық ушын мәденият майданында хызмет етиўшилерди жоқары баҳалады, олардың совет платформасында турып, совет ҳақыйқатлығын көркем әдебиятта шынлық пенен сәўлелендириўине жәрдем етти. Мине, бул жағдайлар шайырдың Совет ҳақыйқатлығын жырлаўына, жаңа шығармалар дөретиўине бағдар береди.

Совет власты дәўиринде пайда болған жәмийетлик өзгерислер, халықтың турмыс жағдайлары шайыр творчествосында жаңа темаларды келтирип шығарады. Шайыр Октябрь революциясының жеңиси нәтийжесинде жаңа Совет ҳүкиметиниң пайда болыўы менен бирге мийнеткешлер ушын жаңа дәўирдиң, жаңа заманның

басланғанын сезеди. Бул идеяларды шайырдың «Көрдим» қосығынан аңлаўға болады:

Ой яранлар, тәўсип әйлей көргеним,
Жигирмаланшы жылды көрдим, шадландым,
Оң жағымнан атып таңым жалтырап,
Нурына бөленип, қайтадан туўдым.

. . . . . .

Ел басқарды жарлы-жалаңаяқлар,
Қол усласып ериў және ҳаяллар,
Душпанына найза урғанын көрдим.

Әбдиқәдир шайыр дәрьядай тасып,
Қартайып алпыстан асқанда жасы,
Алтыннан артық деп сөз билен басы,
Шайыр өз ырқыны тапқанын көрдим».

Усы үзиндиниң өзинен де революция халыққа азатлық бериў менен бирге, шайырдың да өз орнын тапқаны, оның ушын қуўанышлы ҳәм бахытлы екенин йош пенен жырлағаны аңланады.

Өз үстемлигинен айрылған класс душпанлары партиямыздың ҳәм совет ҳүкиметиниң сиясатына қарсы барлық ҳийлелер менен, соның ишинде дин ўәкиллерин де пайдаланып қарсы шығып көрди. Айырым жерлерде дин ўәкиллери халықтың артта қалған бөлегине тәсир де ете баслады. Шайыр дин ўәкиллериниң халыққа ислеген қыянетшилик ҳәрекетлерин революциядан бурын да әшкаралап шығарма жазса, енди совет ҳүкимети дәўиринде оларды бурынғыдан да бетер өткир сөзи менен түйрей баслайды. Буны шайырдың «Устазым», «Суўпы», «Бай менен жарлы айтысы» деген қосықларынан күтә анық көриўге болады.

Шайырдың әсиресе «Бай менен жарлы айтысы» ҳәм «Устазым» деген қосықлары дыққатқа турарлық. Бунда ол дин ўәкиллерин қатты әшкаралайды. Мысалы, «Устазым» қосығындағы ахунның минезинде, исинде болған барлық ипласлықларды ашып таслайды:

«Өлимге жүрсең тәбаррик оқып,
Тақыўа болып шарияттан сөз тоқып,
Өтиректи айтып ҳарамнан шоқып,
Өли емес, тири жедиң устазым...»

«Суўпы» қосығы өтирикши, бузықлық етиўши суўпыны әшкаралап, оны өткир сатира астына алады.

Әбдиқәдир ҳәм басқа да усы сыяқлы шайырлардың шығармалары еле толық жыйналып питкен жоқ. Буны анықлаў ҳәм жыйнаў тек илим изертлеў мәкемеси хызметкерлериниң ўазыйпасы ғана болып қалмай, пүткил халық бул ислерди қолға алса, оғада бай мәдений мийрасларымыз дыққат пенен жазылып алынса, жумыс жемисли болатуғыны сөзсиз.

Сөздиң кейнинде Әбдиқәдир Бекимбет улының өмирине ҳәм творчествосына байланыслы бир неше ескертиўлер берип өтиўди де мақул көрдик.

* * *

Әбдиқәдир Бекимбет улының усы топламға кирген қосықлары төмендеги жолдаслардан жазып алынды:

1. «Мегзер», «Екен», «Жақсыды», «Көрдим», «Жигирма бес», «Устазым», «Бай менен жарлы айтысы» қосықлары Төлеген Төремуратовтан жазып алынды ҳәм оның өзи бул қосықлардың бир қатарын билетуғын адамлардан жазып алып таныспрды.

2. «Ол неге ләркар», «Болар», «Қатты ағардан жыққын кетти», «Устазым», қосықлары Сайыпназар Бекназаровтың үй архивинен көширип алынды.

3. «Ийшанным», «Суўпы», «Керек», «Қазыўда», «Молла Асқар» қосықлары Халмурат Пирекеевтен жазып алынды.

Топламды баспаға таярлаў процессинде қолжазбаны оқып шыққан жолдаслардың усыныслары бойынша шайырдың бир қатар қосықлары топламнан алып таслынды, ал айырымлары қысқартылып жиберилди.

Жапақов Н.
Каримов А.

Әбдиқәдир шайыр Бекимбет улы. «Қарақалпақстан» баспасы: Н, 1966-жыл, 3—18-бетлер.

ҚЫЯС ЖЫРАЎ 70 ЖАСТА

Қарақалпақ халқының атақлы халық жыраўы Қыяс Қайраддинов 1903-жылы Шымбай районының ҳәзирги Усман Юсупов атындағы совхозы территориясында жарлы дийхан семьясында туўылады. Қыяс жас ўақ-

тында киси есигинде жумыс ислеп, мал бағыў менен күн кеширди. Жыраўшылық оған аңсатқа түспейди.

Болажақ жыраўдың жыраўшылық кәсиби Розым деген байдың есигинде дийхан болып жүрген күнлеринен басланды. Өйткени бул күнлери сол Розым байдың есигинде Досымбет деген сәзенде ҳәм хош ҳаўаз қосықшы адам хызмет ислейтуғын еди. Досымбеттиң қобызға қосып айтқан терме толғаў-жырлары Қыястың еркин толық бийлеп алады. Қыяс Досымбеттей қобыз шалып, халықтың қулағының қуршын қандырсам, халық алғысына ийе болсам» екен деп әрман етеди. Мине усы күнлери ол Досымбеттен Орманбет бийдиң толғаўы менен қарақалпақ халқының көрнекли шайыры Жиен жыраўдың «Посқан ел» поэмасын үйренип алады, оны «узын толғаў», «келте толғаў» деген намаларға салып қобызда жырлай баслайды.

Бирақ Розымбайдың қаталлығы себепли болажақ жыраў Досымбеттиң қасында көп болып, көбирек сөз ҳәм саз үйрениў мүмкиншилигинен айырылады. Буннан кейин Қыяс Шымбайдың арқа тәрепиндеги «Нөкер көл» деген жердеги аўылдың малын бағып, бул жерде 1918-1921 жылларға шекем болады. Қыяс Қайраддинов усы ўақытларда да қыстың қыраўлы күнлеринде ҳәм жаздың шыжғырған ыссысында болсын мийнеттиң аўыр азабын шекседе, саз даўысқа салып қосық айтып, сөз маржанларын теріў менен машқул болады. Оның бар әрманы жыраў болыў, өткендеги ата-бабадан мийрас болып қалған қара қобыздың қулағын таўлап, халық қаҳарманларының ерлигин жырлаў болады.

Қыяс қай жерде той мереке болса қулақ түрип жүрип сол жерди излеп кетиўге әдетлене баслады. Сол ўақыттағы белгили қарақалпақ жыраўлары Нурабылла, Палеке, Дилим, Сейпулла, Ерполат, Абдирасүўли жыраўлардың айтқан жырларын еситип жыраўшылықтың ҳәр түрли сырларын ийелей баслайды.

Ҳәр бир ҳөнер ийеси устазсыз болмайтуғынындай, жыраўшылық кәсиби де устаз тутыў қәсийетине ийе. Усы мақсетте жырлаўшылық кәсибин машқы еткен Қыяс Қайраддинов белгили қарақалпақ жыраўы Сейпулла жыраўға барып шәкирт болыў тилегин билдиреди. Сейпулла жыраў Қыясқа қобызын усынып қосық айттырып оның жыраў болыў талантының бар екенлигин байқап өзине шәкирт етип алады. Жас жыраў устазынан «Алпамыс»,

«Қоблан» ҳәм көп ғана терме-толғаўлар үйренип алады. Буннан кейин Сейпулла жыраў өзиниң қартайғанлығын айтып, Қыясты ең талантлы шәкирти Бекмурат жыраўға шәкирт болыўға кеңес береди.

Жыраў өнерди жанындай сүйген Қыяс Бекмурат жыраўға 18 ай шәкирт болып, бурынғы үйренген дәстанларын бираз толықтырып алады да, той-мерекелерде жеке жыраўшылық етиў дәрежесине жетеседи. Ол усы ўақытлары устазларынан үйренгенлери менен шекленип қалмастан ҳәмме ўақыт излениўде, үйреniўде болады.

Уллы Октябрь Социалистлик революциясының нурлы қуяшы жас талант иесине илҳам бағышлады. Қыяс Қайраддинов 1924-жылы «Батраклар союзы» деген шөлкемге ағза болып кирип араб имласында ескише саўат ашады. Жазыў-сызыўға ийе болған жыраў енди дәстан жырларды аўызша да, жазып та үйрениў өз репертуарларын кеңейтип отырады. Усы тийкарда 1925-жылы Еспанов деген ғарры жыраўдан «Шәрьяр», «Мәспатша», «Қараман Қатыл», «Бозуғлан», «Бужыр мерген», «Қыз палўан», деген дәстанларды жазып үйренип, арнап толы алтын гөўҳардай, жыраўшылық санатын ныгызлай түседи.

Ол 1926-жылы Мойнақ районына қараслы—«Бир қазанлы» деген жерде туратуғын, қарақалпақ халқының демократ шайыры Бердақты өз көзи менен көрген 94 жасар Әйтеш деген ғаррыдан Бердақтың «Ақмақ патша», «Шежире» ҳәм «Айдос бий» шығармаларын үйренип алып жырлап келеди.

1928—30-жыллары оның атқарыўшылық таланты және жоқары пәт пенен ҳәўиж ала баслады. Өйткени бул ўақытта әсирлер бойы халық аўызында айтылып киятырған халықтың аўызеки мәдений мийрасларын жыйнаўға ҳәм сақлаўға айрықша кеўил бөлинип атырған дәўир еди.

Қыяс Қайраддинов 1935—38-жыллары Шөмбай районлық колхоз театрында исленип мийнеткеш халықты өзиниң жырлаўшылық өнери менен мийнет майданына рухландырып отырады. 1935-жылы Төрткүлде өткерилген халық талантлыларының олимпиадасына қатнасып, ол ең алдыңғы атқарыўшылар қатарында болып, сол жылы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң «Хүрмет грамотасы» менен сыйлықланды. Ол 1938—52-жыллары Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети жанындағы радио еситтириў комитетинде хызмет атқарады.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында ел азаматлары қолларына қурал алып ўатанды қорғаўға атланғанда, Қыяс аға Қайратдинов қобызын қурал етип мийнет азаматларын батырлыққа, өз ўатанын сүйиўге рухландырып, Алпамыстай, Қобландай, Гүлайымдай аты шыққан ер жүрек батыр жигит-қызлар болыўға нәсийҳатлап отырады. Сол ушын да оның мийнетин баҳалап 1942-жылы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының указы менен «Қарақалпақ халық жыраўы» деген ҳүрметли атақ береди.

Ҳүрметли жыраўымыз Қыяс аға Қайратдиновтың репертуары, атқаратуғын дәстан жырлары оғада бай. Ол 20 ға жақын ири көлемдеги қаҳарманлық дәстанлар менен бир неше мыңлаған қатардан ибарат терме-толғаўларды ядқа айтатуғын қаты қулақ, асқан уқыплы жыраў. Оның репертуарында «Алпамыс», «Мәспатша», «Шәрьяр», «Бозуғлан», «Қараман» «Қатыл», «Аманбай батыр», «Гүлистан», «Қурбанбек», «Қырық қыз», «Қыз палўан», «Шалат батыр», «Бужыр мерген», «Айдос бий» ҳәм тағы басқа дәстанлар бар. Бул дәстанлардың барлығы дерлик жыраўдан жазып алынып, ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының илимий китапханасының қолжазба фондына тапсырылды. Булардан «Алпамыс», «Мәспатша, «Бозуғлан» дәстанлары бир неше мыңлаған тираждa баспадан шығып, китап оқыўшыларының алғысына ийе болып отыр. Ал қалған дәстанларын баспа жүзинде шығарыў ушын оның үстинде жумыслар алып барылмақта.

Қыяс жыраў ҳәр қыйлы ўақыяға дүзилген қаҳарманлық дәстанларды өзине ылайық намалар менен шебер атқарыўы жағынан да тыңлаўшысын силтидей тындыратуғын жыраў. Ол «Нама басы», «Жолшы», «Берме», «Жортыўлы», «Шолысқан», «Көз айдын», «Қанигүл», «Айға шап», «Шахмат», «Көсе Қосжан», «Келте зибан», «Дәркар», «Айға бар», «Ерманы толғаў», «Дүйсенбай толғаў», «Келте толғаў», «Узын толғаў» ҳәм тағы басқа 40 қа жақын қобыз намаларын сазына келтирип шебер атқарады.

Қыястың бир неше устаздың жыраўшылық творчестволық лабораториясында писип жетискенлиги жоқарыда айтылды. Ол өзи де устаз болып Төренияз, Тәжирберген, Әбдиқадир, Базарбай, Ешмурат, Кәрим ҳәм

Жақсылық усаған жыраўларды шәкирт етип таярлады.

Қыяс Қайратдинов тек ғана жыраў емес, ал импровизатор өз ядынан қосық шығаратуғын шайыр сыпатында да танылып киятыр. Жыраўдың бул талантлы өнери өзи атқаратуғын дәстанларының идеялық мазмуны менен көркемлилигининң күшли болыўына тәсир жасағанлығын байқаймыз. Ол усылар менен қатар тарийхый аңыз ҳәм әпсаналар дәстанда дөрете алатуғын уқыпқа ийе. Оның «Аманбай батыр» дәстаны усы пикиримизди толық тастыйықлайды. Сол ушын биз Қыяс жыраўдың «Аманбай батыр» дәстанын өзининң жеке творчестволық мийнети десек асыра айтқан болмас едик. Буны жыраўдың өзининң берген информациясы менен оның жеке творчестволық стили толық дәлиллейди.

Соның менен бирге, жыраўдың шайырлық талантының бар екенлигин оның қәлиплескен традициялық фольклорлық стилинен шебер пайдаланын философиялық, дидактикалық характерде өзи дөреткен термелолғаўлары, «Өмир баяным», «Қобызым» деген шығармалары китап оқыўшылар жәмийетине кеннен мәлим: 1966-жылы «Қарақалпақстан» баспасында «Қобыз термелери» деген ат менен китапша болып басылып шықты.

Қыяс Қайратдинов атақлы жыраў ҳәм шайыр болыў менен қатар әдебий мийрасларды жыйнаўшы ҳәм бизиң бүгинги дәўиримизге жеткериўши сыпатында да әҳмийетли орынды ийелейди. Ол көп санлы дәстан жырлаў менен бирге қарақалпақ халқының белгили классик шайырлары Жийен ҳәм Бердақ шығармаларын узақ жыллар даўамында ядында сақлап, қарақалпақ әдебияты тарийхының раўажланыўына өз үлесин қосып атыр. Әсиресе Қыяс жыраўдан алынған Жийен жыраўдың «Уллы таў» поэмасы Жийен жыраўдың творчествосын ҳәр тәреплеме изертлеўде баҳалы шығармалардан есапланады.

Қыяс Қайратдинов республикамызда, Ташкент ҳәм Москвада өткерилген олимпиада, декада ҳәм ҳәптеликлерге бир неше рет қатнасып, ең жақсы шебер атқарыўшылар қатарында танылып келди. Ол 1960-жылы Москвада өткерилген Шығысты изретлеўшилердиң пүткил дүнья жүзилик XXV конгресине қатнасып, басқа дүнья халықлары сыяқлы, қарақалпақ халқының да өз мәдений мийрасларына бай екенлигин уқыплылық пенен

көрсетти. Онда «Қырық қыз» дәстанынан үзиндилер айтып берип, конгресс қатнасыўшыларының алғысына ийе болып қайтты.

Қарақалпақ халық жыраўы Қыяс Қайратдиновтың халық алдындағы еткен хызметин баҳалап Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Президиумы 1948-жылы екинши рет «Ҳүрмет грамотасы» менен, ал быйылғы жылы жыраўдың туўылғанына 70 жыл толыў күнине ҳәм мийнеткеш халық алдында айрықша хызмет атқарғанын есапқа алып тағы да «Ҳүрмет грамотасы» менен сыйлықлап отыр.

Қыяс аға еле жигерли. Оның ярым әсирлик өмирлик жолдасы қобызының жыр булағы сарқылар емес. Ҳүрметли жыраўға беккем ден саўлық, жыраўшылық ҳәм шайырлық творчествосына тасқын йош тилеймиз.

Н. Жапақов
Филология илимлериниң доктору.

К. Мәмбетназаров.
Филология илимлериниң кандитаты.

ҚАРАҚАЛПАҚ КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТЫ

Қайсы халықтың болса да әдебиятын, әдебият тарийхын алсақ сол халықтың тарийхы менен байланыслы. Сондай-ақ қарақалпақ әдебияты да қарақалпақ халқының тарийхына, басынан өткерген ҳәлийселерине, турмысына байланыслы. Соның ушын қарақалпақ халқының әдебиятын сөз қылғанда қарақалпақ тарийхы менен байланыстырылмай сөз қылыў мүмкин емес.

Қарақалпақ халқының Октябрь революциясына шекемги әдебиятын айтқанда, оны тарийхқа байланыстырып тағы да еки дәўирге бөлип айтыўға туўра келеди. Бул дәўирлер мынадай:

Биринши дәўир—қарақалпақ халқының Хорезмге көшип келместен бурынғы дәўири. Анығырақ айтқанда, 1754-жылдан аржағындағы дәўир.

Екинши дәўир—қарақалпақ халқының Хорезмге көшип келгеннен кейинги, Октябрь революциясына шекемги дәўири, яғный 1754-жылдан 1917-жылға шекемги дәўир.

Биринши дәўирде, Хорезмге көшип келместен бурын,

яғный 1754-жыллардың аржағында ҳәзирги қолда бар мағлыўмат бойынша фольклордан басқа белгили авторлы шығармаға, я болмаса белгили жазыўшы, шайырға ийе емесбиз. Бирақ, бул сөзден олар болған жоқ деген мәни шықпайды. Олар болған. Бирақ бизиң дәўиримизге шекем келип жетпеген. Еле мәлим емес. Сонлықтан биринши дәўирдиң қарақалпақ әдебиятынан фольклорға ғана ийемиз. Қарақалпақ фольклорына мыналар жатады:

1. Ертек (фольклордың ең ертедеги түри).
2. Нақыл (усының ишинде жыраўлардың термелери де).
3. Жумбақ (гейде айтысқа да айналады).
4. Жаңылтпаш.
5. Жуўап (усының ишинде қыз бенен жигиттиң узақ айтыслары да)
6. Өтирик өлең (ертектиң бир түри).
7. Бет ашар.
8. Жоқлаў.
9. Толғаў (мысал ушын «Орманбет бий өлгенде» деген толғаў).
10. Бәдик, ғулапсан (ислам дининен бурынғы диннен қалған нәрсе).
11. Жайдары қосықлар.
12. Яр-яр.
13. Дәстанлар (ең ертедеги урыў дәўириндегилерден: «Едиге», «Шора», «Бозуғлан», «Қоблан», «Алпамыс», «Шарьяр» тағы басқа).

Буларға Хорезмге келгеннен кейинги қосылған фольклор түрлерин ҳәм әдебияттағы басқа да жаңалықларды қоспаймыз. Өйткени, оларды екиншi дәўирге тоқтағанда айтыўға болады.

Биз жоқарыда әдебиятымыз тарийх пенен байланысқан дедик. Қарақалпақ халқының тарийхын, тарийхтағы айырым жағдайларды көрсететуғын фольклорымызда жүдә бай фактлер бар.

Көп тарийхшылар қарақалпақ халқы бурынғы печенег халықларынан, ноғайлы да қалған печенег дегенди тастыйықлайды. Биз бул жерде печенег деген халық қайдан шықты, қайсы ўақта болады деген саўалларға тоқтап, бул халықтың тарийхын көз-

ден өткермесек те ноғайлыға тоқтаўымыз тийис ҳәм буны тастыйықлайтуғын әдебият материаллары да жетерли. Бизиң әдебиятымыздың тарийхын ноғайлы дәўиринен басласа да болады. Фольклорда печенег деген халық елеге шекем көзге түскен емес. Бирақ ноғайлы бизиң көп әдебиятымызда аталады.

Татар-монғол тарийхын жақсы тексерген атақлы тарийхшы Ховорс ҳәзирги қарақалпақ печенеглериниң ертедеги (Орта әсирдеги) урпақларынан шыққан ноғайлылар, қарақалпақлар Ноғайлылардың бир тараўы дейди. Бул пикирин кеңейтип тағы да төмендегини айтады. Шыңғыс ханның үлкен баласы Жошыхан өлгеннен кейин оның ханлығын бөлгенде бир баласы Тебаланың пайына бурын печенег деп аталған, аралас түрк урыўлары тийген. Тебала өлгеннен соң бул урыўларға оның баласы Ноғайхан хан болған. Ноғайханның қол астындағы урыўлар Ноғайлы деп аталған, мине ноғайлы деген ат усыннан қалған дегенди айтады.

1300-жылы Ноғай өлгеннен кейин оның ханлығын еки баласы бөлиседи. Бир баласы Тоқтахан өзине тийген ели менен Дунай дәрьясының жағасына, Темир қақра (дәрбент) деген жерге орналасады. Екиншi баласы Елбасар өзине тийген ели менен Жайық дәрьясының бойына орналасады.

1395-жылы Темирхан Алтын Орданың ханы Тоқтамысқа қарсы атланыс жасайды. Сонда ел екиге бөлинеди. Бир бөлеги Тоқтамысханның екиншi бөлеги Едигениң кейнине ереди. Едиге Ноғайлының мақтыт урыўынан болады. Едиге өлгеннен кейин 15—16-әсирлер бойына тап рус бағындырғанға шекем, ноғайларды Едигениң урпақлары бийлеп келген. Ҳәзирги қарақалпақ халқына белгили болған, Едиге дәстаны жоқарыда айтылған тарийхый ҳәдийседен алынған. Едиге дәстанында ўақыя Ноғайлыда болған. Едиге дәстаны тарийхый жақтан әҳмийетке ийе болыўы менен қатар күшли әдебий дәстан болыўы жағынан да зор. Ол қарақалпақ халқының сүйип тыңлар қәдирли, қаҳарманлық дәстаны.

15-әсирдиң ақырында ноғайлылар өзбек династиясының тийкарын салыўшы Муҳаммед Шайбаний менен бирликте Қазан ханлығына атланыс жасайды.

Қарақалпақ фольклорындағы:

Мен бараман-бараман,
Мен Қазанға бараман,
Мен қазанға барғанша,
Қар жаўмағай, нур жаўғай,
Мен қазанға барған соң,
Ат баўырынан қан жаўғай,

деп жырланатуғын белгили «Шора» дәстаны ноғайлылар менен бириккен урыўлардың 15-әсирде Қазан ханлығына қарсы жасаған атланыс ҳәдийсесине байланыслы дөреген Шора дәстаны да тарийхы жағынан баҳалы болыўы менен бирге көркемлиги күшли, халық сүйер қаҳарманлық дәстанның бири.

16-әсирдиң басларында ноғайлылар Қазан ханлығының әскерлери менен бирликте Макарияға (Нижний Новгородқа) атланыс жасайды.

1556-жылларда руслар алды менен Қазан ханлығын, оннан соң Астрахань ханлығын алады. Ноғайларды да тықсыра баслайды. Бул жағдайлар ноғайлылардың сиясий-хожалық турмысларын аўырлатады. Ноғайлар бўлинўге айланады. Ел екиге бөлинеди. Бири Москва жақлы болып, сол жаққа қарай кетеди. Екиншиси ноғайлылардың Исмайыл деген тарзасы басланып, 1557-жылы Жайықтан өтип кетпекши болады.

Әлбетте, ел ишинде оғ ўатаның таслап, жат елге кеткиси келмегенлер көп болған. Бундай тилекти жақлаўшылардың бири 16-әсирдиң басында өлген. Ноғайлылардың бир бийи Орманбет болыўы керек. Себеби бизиң фольклорымызда «Орманбет бийдиң толғаўы» деген толғаў бар. Бул толғаўдың жоқары күшли, лирикалық сезими терең. Бул толғаў:

Орманбет бий өлгенде,
Оңсан ноғай бўлгенде,
Орманбеттей бийлерден,
Ул қалмады, қыз қалды,
Үш қызының гөнжеси,
Алғыр қустың пөнжеси,
Сарыша ханым дер еди»

—деп басланады. Сөйтип, Орманбет бий өлгеннен кейин ноғайлылардың бўлингенин айтады.

«Ҳаў ноғайым, ноғайым,
Кетти сениң оңайың,
Тилде барын толғайын,

Тилегимди бермедиң,
Жаратқан тәғдир қудайым»—деди.

Орманбет бий өлгеннен кейин, 16-әсирдиң ақырларында ноғайлылар бөлинеди. Бир қатарлары Кубань, Азов, Терек бетке кетеди, бир қатары Едил бойындағы халықлар арасында қалып қояды. Бир бөлеги — Уллы ноғай атанғаны Жайықтың күн шығыс жағында болады ҳәм Орта Азияға қарап көшеди. Сол Орта Азияға қарап көшкенин қарақалпақлар деп шамалаўда дурыслыққа жатады. Ноғайлар аўқамына бириккен урыўлардың ишинде «Қарақалпақ» деген урыўда болыўға тийис. Мине, әдебияттың тарийх пенен тығыз байланысқанлығын усылардан көриўге болады. Енди биз, тарийхый жағдайларды бираз қоя турып, фольклордың жоқарыда айтылған түрлери менен танысыўымыз керек.

1. Ертек.

Ертектиң ертедеги түри көбинесе ҳайўанлар ҳаққында болады. Ел арасында түйе, жолбарыс, қасқыр, түлки, сағал, ешек сыяқлы ертектиң көплиги ҳәммеге мәлим. Ертеклердиң көбиси терең сиясий мәниге де ийе. Халық турмысының көпшилик көринислери, халықтың мақсети, тилеклери ертеклерден де анық көринип отырады. Мысал ушын мына ертекти алсақ болады.

Бурынғы өткен заманда түйе, жолбарыс, қасқыр, түлки, сағал, қағанақбас, жарықбас жолдас болыпты деген ертек бар. Булар кетип баратырып аш болады. Түлки ебин таўып алдап, барлығын да өлтирип жейди. Сөйтип жүрсе тазыға жолығады, қудайға батпан тары қудажолы айтып тазыдан зорға қутылады, артынан қудайдың өзи де «Ақмақ-аў, мениң тары қырманым шығып турма, тары беремен дегенге мени тазыдан қутқарды» деп қудайға күледи. Бул ертек жоқарыдағы тастыйықлайтуғындай, ертедеги ҳайўанлар ҳаққындағы ертек болыў менен қатар, терең мазмунға ийе екени де көринип тур. Халық бул ертек тийкарында бир жағынан түлкидей алдаўшылықты көрсетсе, екиншi жағынан динге қарсы өзиниң терең ой-пикирин жүзеге шығарған. Тағы да мынадай ертек бар: бир таз қырық аўыз өтирик айтып ханның қызын алады. Бундағы мазмун неде? Халық бул ертек тийкарын-

да ақсүйеклерден, ханлардан, беклерден басқа төменги халықтың да ойлы, ақыллы, болғанын, олардың қолынан ис келетуғынын, тилинен шешенлик сөз келетуғынын көрсетиў менен қатар, хандардың ақылсыз, халықты басқарыўға уқыпсыз түрлерин де көрсеткен. Бундай ертеклер халық арасында жүда көп. Усындай ертеклер менен халық өзининң турмыс ҳәдийселерин, мақсет, тилеклерин, жүзеге шығарын отырған.

2. **Нақыл.** Қарақалпақ халық әдебиятындағы сөз қурыўдың ең келисикли түри—нақыл деўге болады. Неше әсирлер бойына ең жақсылары таңланып алынып киятырған сайланды сөз. Нақылды халық дөретken: Узақ ойды қысқартып түсиндириўге әдебияттың ең қолайлы түри деўге де, болады. Халық өзининң тилегин, ойын билдириўге буны жүдә усталық менен келеп шығарған. Мине мына нақыллардың мысалға келтириўге болады:

Хан көп болса жаў көп болады,
Бий көп болса, дәў көп болады.

—демек ел шапаў болмай бирликли, бирлескен болыўы керек яки болмаса:

Бир бай менен бир бай қуда болса,
Араларында дөрба жүреди,
Бир жарлы менен бир жарлы қуда болса,
Араларында дөрба жүреди,
Бир бай менен бир жарлы қуда болса,
Қайдан қуда болдың деп зорға жүреди.

—Демек, мүликдарлық арасындағы парықты ҳәм мүликдарлық классқа жеркенишликти жүдә терең мазмун көркем сөзде ашық берген. Тағы да мынадай нақыллар бар:

Кең кийим тозбас,
Кеңесли ел азбас,
Жалғыз ағаш үй болмас
Жалғыз жигит бий болмас.
Қудай теңге шапты да, қармалағаның қалдыма.
Өлеңли жерде өгиз семиреди,
Өлимли жерде молла семиреди.
Ҳәрекетке берекет.

3. **Жумбақ.** Бул балалар әдебияты. Балалардың ойөрисин кеңейтиў ушын, оларды жақсылықтан әдебият-

қа үйретиў ушын халық тәрепинен иелеген ең қолайлы көркем әдбияттың бир түри: жумбақлар былай болып келеди: «Жер астында жездем аты киснейди» (бузаўбас). «Аспанға ушар қарайын, қарайып ушқан менен ғарға жер емес, жерге түсип ин қазар, ин қазған менен түлки емес, төрт көзи бар дәў емес» (қоңыз), «Қарны тоқ, саясы жоқ» (ура) тағы басқалар.

4. **Жаңылтпаш.** Бул да балалар әдебиятының бир түри. Жаңылтпаш былай болып келеди:

Айыр атаңды жүк қартайтар,
Семиз койды май қартайтар,
Үй қартайтар, буй қартайтар ҳәм тағы басқалар.

5. **Жуўап.** Буны салт әдебияты деўге болады. Қыз менен жигит бурында поэтикалық сөз менен айтысқан. Жуўап айтысыўдың көби сол жуўап айтысқан ўақтағы ўақыя менен байланыслы болған. Жуўап былай болып келеди:

Қыз— Қыс жақсыма жаз жақсыма
Сиз жақсыма биз жақсы.

Жигит— Қымтаныўға қыс жақсы.
Жайланыўға жаз жақсы.
Сыртан қарар биз жақсы,
Иштен қарар сиз жақсы.

Я болмаса: Жуўапқа жуўап, Бийжуўапқа не жуўап,
Бас басыңа жуўап жоқ,
Ҳәммеңизге бир жуўап,—

деген сыяқлы болып келе береди.

6. **Өтирик өлең.** Буны ертектиң бир түри дедик. Бирақ, бул поэзиялық түри. Өтирик өлең былай болып келеди:

«Мен өзим жас күнимде бақа бақтым,
Бақаның арығына жабыў жаптым,
Құрбақам Орынборға қашып кетип,
Бир бақа сүйинши айтып зордан таптым,
Қой қылып қумырысқамды қозы бақтым,
Қоңызды инген қылып мен бозлаттым,
Басында май төбениң шақмақ шақтым,
Жаратып кесирткени ҳайтқа шаптым,
Бизлерге өтирик сөз буйырмаған,
Бөденени тезек деп отқа жақтым.

7. **Бет ашар.** Бул да салт, дәстүр әдебияты. Қыз-келиншек болып түскенде келиншекти сол заманның тәртибине, үрип-әдетине үйретиў ушын әдебияттың усы түрин қолланған. Бет ашар айтыўшы көп ўақта таяр қосықтан пайдаланады, шайырлары болса ядтан шығарады. Бет ашар айтыў ўақтында аўылдағы сүтхорды, сақыйды, саранды айтады. Минез-қулықты айтып критикалайды. Жаман адамларға күледи. Адамлардың арығын, семизин, узынын, қысқасын, барлық мүше құрылысын да айтады. Бир беташарда басқа киеп табылмағанлықтан, белгили, халық шайыры Аяпберген Муўсаевқа бет аштырыўға келипти. Адамлар беташарды ийшаннан баслаў керек деген соң Аяпберген былай баслапты:

«Бир заманда ийшанды,
Бир заманда қыйқанды,
Ийшанман деп жүр өзи,
Халыққа жақпай минези,
Ақырет күни болғанда,
Кейинге ерген сүўпы жоқ,
Қаңғырып барар бир өзи,
Қосымбет ийшанға бир сәлем».

дептн. Халық «Хожалар қалды той» дегенде, Аяпберген тағы да:

Жақсы гәпте маза бар,
Жаман гәпте ыза бар,
Қайсы бирин айтайын,
Сыртымызда қырғалар,
Жүз тоқсан үйли хожа бар,
Барлығына бир сәлем»,—

дептн. Мине беташар усындай болып келе береди.

8. **Жоқлаў.** Бул да салт әдебиятына жатады. Бул биреў өлгенде соған арналып айтылған болады. Көп шебер шайыр ҳаяллар жоқлаў айтқанда тула-бойынды тўршиктиреди, титиретип жиберади Буған мысал ретинде, Бийбигүл деген бир қыздың сүйген жигити өлип қалғанда, соған айтқан жоқлаўын келтириўге болады.

Ашығым деп айтқан сөзиң,
Сарғайыпты жарқын жүзиң,
Жумылыпты еки көзиң,
Мен нәйлейин ашығым-ай.

Қыл шөлде қалды басың,
Көзден ағып қанлы жасың,
Ийманыңа болғай жолдасың,
Ярым неден болды гүнаң.
Паналаўға жоқты панаң,
Жылап қалды ата-анаң,
Мен нәйлейин ашығым-ай.
Қайтып дүньяға келгеймиз,
Қосылып дәўран сүргеймиз,
Ақыретте көрискеймиз,
Көргенше хош ашығым-ай...

тағы да басқалар.

9. **Толғаў.** Биз буның бир қатарын жоқарыда айтып өттик. Онда бир Орманбет бийдиң толғаўын көрсеттик.

10. **Бәдик, гүлапсан.** Бул да салт әдебияты. Ҳәзирги әдебиятымыз ушын керексиз болса да әдебиятымыздың тарийхын биліў ушын әҳмийетли. Бәдик ислам дининен бурын шыққан ырым. Бул ырымлар арқалы халқымыз қандай дәўирди басынан кеширгенин билемиз. Бәдик былай басланады:

Ҳәй Бәдик, көшер болсаң жүзгенге көш,
Қасын керип қабағын сүзгенге көш
Буннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Бул дүньядан гүдерин үзгенге көш.
Ҳаў, Бәдик көшер болсаң боянға көш,
Тоңырақ жалап тоймаған шаянға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын
Кишкенениң жүйреги қолында көш,—

леген сыяқлы болып келе береди.

11. **Яр-яр.** Бул ҳайтта, тойда, той басларда айтылған ески дәстүр әдебиятының бир түри. Яр-ярды той баслар деп те айтқан. Буның түри былай болады:

«Қой сүйеди баласын,
Қозым-аў деп яр-яр,
Ҳеш нәрсени көрмеген
Бозым-аў деп яр-яр.
Узатқанда қыз жылар,
Өксип-өксип яр-яр.
Қәне меним қыз ўағым,
Назым-аў деп яр-яр.
Торғай сүйер баласын,
Толғаным деп яр-яр.
Тобылғының басына,

Қонғаным деп яр-яр.
Узатқанда қыз жылар,
Өксип-өксип яр-яр.
Енди мениң қуўрайдай,
Солғаным деп яр-яр...

ҳәм тағы басқалар.

12. Жайдары қосықлар. Бул да қарақалпақ әдебиятында белгили әдебиятлық түрдиң бири. Бул қосық көбинесе мийнет үстинде жигитлердиң ҳәм қызлардың кеўил көтериўи ушын айтылады. Сонлықтан буны мийнет қосығы десе де болады. Буның түрлери көп. Биз төменде соның бир-еки түрин ғана мысалға аламыз.

«Қар жаўғанда келме ярым из болар,
Изди көрип ел арасы соз болар,
Абайсызда саған душпан гез болар,
Аяқты абайлап баса гор ярым.
Душпан корсе арамызды айырар,
Бийжай жерде қанатыңды қайырар,
Мени сеннен сени меннен айырар
Ғапылда душпанлар көрмесин ярым.
Әрманлықта бир-биреўди көре алмай
Азғана күн дәўран сүрип жүре алмай,
Душпанлардың қамаўынан шыға алмай,
Қайғыда бәнт болып турмайық ярым.
«Назлы яр көргели аппақ жүзиңди,
Периге усаттым мысал өзиңди,
Жаным дедим жалғыз аўыз сөзиңди,
Ендигисин өзиң ойлап биле гөй.
Периден кем дийип ким айтар сени,
Ай болып, күн болып балқыттың мени
Сен бир гүл жәҳанның жайнаған сәни,
Өз қатарың менен ойнап күле гөй».

ҳәм тағы басқалар.

13. Дәстанлар. Қарақалпақ халық әдебиятындағы ең көрнекли ҳәм көлемли әдебият—бул дәстанлар болып есапланады. Қарақалпақ халқына мәлим, оны жыраўлардан, бақсылардан сүйип тыңлайтуғын «Едиге», «Алпамыс», «Қобланд», «Шора», «Бозуғлан» тағы басқалар бизиң көз алдымызда жыйнақлы бир әдебият мийрасын елеслетип турады. Бул дәстанлардың «Едиге» ден басқасы тарийх пенен дәлма-дәл байланысқан ҳәдийсе болмаса да, терең сиясий мазмунға, қарақалпақ халқының гөзлеген мақсет-тилеклерине байланыслы. Алпамыс дәстанын алып қарайық. Бунда қарақалпақ халқының өз алдына ерикли мәмлекет болыўы қаҳарманлық пенен өз ўатанын қорғаў ҳәм миллетлер арасындағы дослық, туўысқанлық идеясы жоқары қойылған. Қалмақ Қаражан менен, қарақалпақ Алпамыстың дос болыўы—бул қарақалпақ мийнеткешлериниң миллетлер дослығы ушын гүрес идеясын көрсетеди. Соның менен қатар «Алпамыс» дәстаны муҳаббет ҳәм қаҳарманлық дәстаны.. Ҳақыйқатында Алпамыс деген исим тарийх жүзинде көринбейди. Сонлықтан бул дәстан ҳәм оның қаҳарманы Алпамыс—қарақалпақ халқының ең көркем фантазиясының бир жыйындысы. Сонлай-ақ, Қоблан, Шора, Бозуғлан деген адамлар да тарийхта белгили емес. Соның ушын буны да қарақалпақ халқының гуманистлик сулыў фантазиясы деймиз.



Сөйлесип атырғанлар Қурбанбай жыраў, Н. Жапақов.

Дәстанлар фантазия болыўына қарамастан, көп ўақытларда қарақалпақ халқының турмыс ҳәдийсеси менен, жайлаған жерлери менен байланысып отырады. Дәстанлардағы ең жақсы идея—бул жеңис идеясы. Бул дәстанлардағы сүўретленген қаҳарманлар, жеңимпаз, жеңилиў дегенди билмейтуғын қаҳарман ретинде көрсетиледи. Бул ҳақыйқат халық қаҳарманы. Халық сирә жеңилип көрмеген. Сонлықтан да ол өзиниң бо-

йындағы қәсийетти дәстанлардағы сүўретлер атадан балаға берилип, әсирлер бойы халық менен бирге жасап киятыр. Халық өзиниң дәстанын тыңлағанда, оның жеңисин жыраўлар, бақсылар ҳәўнжге минип айтқанда көтерилип қалады, жеңиске қуўанады. Мине, биринши дәўирдеги қарақалпақ әдебиятының улыўмалық жыйынтығы ҳәм түрлери усындай.

Енди екинши дәўирди алсақ, бул дәўирди биз қарақалпақ халқының Хорезмге көшип келгеннен кейинги дәўири деген еди. Бирақ, бул дәўирге туўрадан туўра түсип кетиўден бурын, қарақалпақ халқының Хорезмге келиўине қандай себеплер болды деген саўалға да тоқтаўымыз керек. Биз тағы да тарийхқа көз таслап көрейик. Тарийх китапларында ҳәм қарақалпақ халқының тарийхында бул ҳаққында төмендеги мағлыўматлар бар:

Тарийхшылардың көп уйғарыўларына қарағанда, қарақалпақ деп шын өз аты менен аталған документ 1598-жылға жатады. Бул документ, Бухара ханы Абдулла ханның Сығнақ қаласындағы Зияддин әўлийесиниң шыйығына берген жарлығы. Бул жарлықта қарақалпақ аты аталған. Бул ўақытлары қарақалпақлар Сырдәрьяның бойын, Түркстан дөгерегин жайлаған болса керек. Бирақ, ноғайлардың Орта Азияға көшиўи буннан ертерек, Орманбет өлгеннен кейин-ақ басланған.

1620-жыллары қалмақлар келип, Едил—Жайық бойын жаўлап алады. Ноғайлардың бир бөлеги қалмақларға бағынады. Бир қатары Қырымға, бир бөлеги Үргениш бетке көшеди. Сол ўақтан баслап ноғай деген атқа бириккен урыўлардың сиясий аўқамы еди.

Бухара тарийхшысы Юсиф Мушиниң жазыўына қарағанда Ийманқулы хан 1611-жылы Сырдәрьяның бойындағы қазақларды, қарақалпақларды шапқан. Бул қазақ, қарақалпақ XVI әсирдиң аяғына жақын, Орманбет өлгеннен кейин, Едил-Жайықтан көшкен ноғайлар болыўы мүмкин деп шамалаўға болады ҳәм усы ўақытлары қарақалпақлар Жайық дәрьяларының бойында болған болыўы керек.

Қарақалпақ тарийхын изертлеўге бир қанша мийнет сиңирген профессор П. П. Иванов жәмийетлик-сиясий турмысы сондай фактлер менен бай болып, олар қарақалпақ халқының тәғдирине әдеўир тәсир етти.

Бирақ барлық ўақыялардың ишинде өзлериниң оннан кейинги нәтийжеси жөнинде ең әҳмийетлиси еки жағдай болады: Биринши 1723-жыл шамасында Сырдәрья бойын жуңғарлардың алғаны ҳәм екинши, киши жүз Абылқайырдың 1743-жылы қарақалпақларды шапқаны. Егер де жуңғарлар бас соққыны дәслеп қазақларға қаратқан болса ҳәм қарақалпақ халқының тәғдирине бир қанша жумсатылған түрде тәсир еткен болса, Абылқайыр ханның шабыўы қарақалпақ халқының сиясий азатлығын биротала жоқ етти ҳәм оларды Хийўа қол астына берди.

Сырдәрьяның Түркистаннан жоқарғысын жайлаған «жоқарғы» қарақалпақлар, төменин жайлағаны «төменги» қарақалпақлар деп аталған. Төменги қарақалпақларды 1743-жылы Абылқайыр хан шапқан. Олар Хорезмге көшкен. Ал жоқарғылары 1762-жылы Түркстанға көшкен. («Қарақалпақ тарийхының очерки» 59, 69-бет).

Тарийх мағлыўматларында қарақалпақлардың Хорезмге биринши рет келиўи 1715-жылы деп аталады. Өйткени, 1715-жылы Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр жерининде сол ўақыттағы Хийўа ханы Шерғазы хан менен қарақалпақлардың урысқаны көрсетиледи. Қарақалпақлардың Хорезмге буннан бурын келиўи де мүмкин. Бирақ тарийх мағлыўматында, қарақалпақлар Хорезмде биринши рет 1715-жылы, Ядигар хан менен Шерғазы ханның тусында аталады. Демек, қарақалпақлар Хорезмге үш бөлинип, биринши рет 1715-жылы екинши рет, Түркстанның төменги жағындағы қарақалпақлар 1743-жылы ҳәм үшинши рет, Түркстандағы қарақалпақлар 1754-жылы, еки айырылып, бир бөлеги Бухараға, екинши бөлеги Хорезмге көшип келген.

Октябрь революциясына шекемги қарақалпақ әдебиятын сөз қылғанда екинши дәўирди қарақалпақлардың Хорезмге соңғы көшип келиўинен, яғный 1754-жылдан баслап айтыўға туўра келген жағдай, бурынғы көшип келиўлерде әдебияттағы өзгерислерди, жаңалықларды тарийх мағлыўматлары әдебияттың өзи көрсетпегени себепли болды. Әлбетте, буннан ол көшип келиўлерде әдебиятта ҳеш қандай жаңалық я болмаса из қалдырыў болмаған деген мәни шықпайды. Өйткени, ол көшип келиўлер қарақалпақлардың турмысына тәсир еткен, турмыс жағдайы өзгерген, турмыста

бир қанша ҳәдийселер болған. Әдебият турмыстан шығады, турмыс менен байланыслы болады, турмыстан тыс әдебият болмайды. Сонлықтан ол, турмыстың процесинде өзиниң изин қалдырады. Соның ушын бурынғы көшпи келиўлерде әдебиятта өзгерис, жаңалық болған жоқ деп қарамаймыз, сол болған нәрселер бизиң қолымызда жоқ, еле мәлим емес деп қараймыз.

Қарақалпақлардың 1754-жылы Хорезмге соңғы көшпи келиўинен баслап қарақалпақ әдебиятында айрықша көзге түсерлик өзгерислер, жаңалықлар болады. Демек, екинши дәўирди қарақалпақ әдебиятында айырықша көзге түсерлик дәўир деп атасақ, жаңылыспаймыз. Өйткени, бул дәўирде қарақалпақ халқының жоқарғы фольклорына жаңадан «Даўлетиярбек», «Мәспатша», «Фәрип-ашық», «Юсиф-Ахмет», «Ашық Хамира» усаған дәстанлар қосылыўы менен «Байит» тағы басқа халық творчествосының жаңа түрлери қосылады. Ең баслысы—қарақалпақ жазба әдебиятының тийкарын салыўшы, қарақалпақ халқының мақтанышы, қарақалпақ әдебиятының бизге мәлим классиклери—Жиййен Жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омарлар шықты. Екинши дәўирдеги қарақалпақ әдебиятына қосылған дәстан, қосық түрлерине тоқтамастан, жоқарыда айтылған классиклерге тоқтасақ та екинши дәўирдеги,—Октябрь революциясына шекемги қарақалпақ әдебиятын қанаатландырарлық түрде сүўретлеўге болады.

БЕРУНИЙ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ

Жер жүзине даңқы жайылған бабамыз Әбу Райхан Муҳаммед Ибн Ахмед аль—Берунийдиң туўылғанына 1000 жыл толған күнди байрамлаў ўақты жақынлап киятыр. Берунийдиң туўылғанына 1000 жыл толған күн—пүткил дүньяда үлкен салтанат менен, мәденият ҳәм илимниң байрамы иретинде өтеди. Бизде, Советлер елинде, соның ишинде Берунийдиң туўылған жери—Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик республикасында бул күн айырықша қуўаныш, мақтаныш менен өткериледи.

Әбу Райхан Муҳаммед Ибн Ахмед аль-Беруний 973-жылы 4-сентябрьде ҳәзирги Қарақалпақстандағы Беруний районында (бурынғы Қият қаласында) туўылған ҳәм 1048-жылы, 11-декабрьде Ғазна қаласында (ол қала ҳәзир Аўғанстан жеринде) өлген Берунийди Ғазна қаласында Махмуд Ғазнавийдиң 1017-жылы тутқын етип ериксиз алып кеткени мәлим. Бул жерде усы жыллар дүньяға әдебиятының көркин «Шах—Наме»ниң авторы Фирдаусийдиң де өмир сүргени мәлим. Әлбетте, Берунийдиң өмирбаяны ҳәм оның илимий, әдебий дөретпелерин дүньяға келтирген орталық бизиң сөз етпекши болып отырған темамызға жатпайды. Биз бул жерде оның өмириниң соңғы ўақтына байланыслы айырым мысалға ғана тоқтадық.

Берунийдей данышпан адамлар тосаттан шықпайтуғыны, ол узақ жыллардан үзликсиз киятырған мәденияттың, илим-билимниң жемиси екени мәлим.

Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да узақ жыллардан бери киятырған мәденияты, әўладтан әўладқа өтип, бизиң заманымызға шекем жеткен естеликлери бар. Орта әсирде дүньяға даңқы тараған аль-Фарабий, Ибн-Сина, Беруний ҳәм басқа да даналардың өткени мәлим. Егилмеген жерден ҳеш нәрсе шықпайтуғынындай илимде алға илгерилеў жоқары мәденият болмағанда, бундай данышпан адамлардың пайда болыўы мүмкин емес. Тарийх та, соңғы изертеўлер де буны тастыйықлап отыр.

Көрнекли совет илимпазы, белгили түрколог Н. И. Конрад Орта Азия ҳәм Қазақстанда аль-Фарабий, Ибн-Сина, Беруний ҳәм басқалардың шығыўын және басқа да мәденият естеликлерин нәзерде тутып, «Орта Азияда—Хорезм ҳәм Бактрияда биринши мәмлекет бизиң әсиримизге шекемги VII—VI әсирлерде пайда болған. Солай етип, дүньяның усы бөлегиндеги халықлардың итальянлықларға ҳәм греклерге тән улыўма «Әййемнийлик» (античность) болғанындай буларда да өзине тән «Әййемнийлик» болған деп есаплаўымыз керек»,—дейди. Бул пикирди атақлы илимпаз С. П. Толстовтың ҳәм басқалардың илимий изертлеў жумыслары қуўатлайды.

Бирақ, усы алға илгерилеўлер, үлкен мәденият сыртқы басып алыўшылар—араблар, моңғоллар, шахтемирлер тәрепинен ҳәм өз-ара феодаллық шабыўыллар нәтийжесинде бир қанша ирет қыйратылған. Со-

---

[1]. Н. И. Конрад. «Запад и Восток», М., 1966, стр. 243—244.

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

лай болса да, суўсыздықтан куўран қалған дәрақтың бир заманларда тамырына суў берсе, нутқынан қайта жалланып раўаж алғанындай, шөлистанның қайта жасарғанындай, мүмкиншилик пайда болған жағдайда алға илгерилеў ҳәм мәденият өзине тән өзгерген ҳалда қайта тиклене береди. Демек, бул жағдай мәдениятымыздың тамыры терең екенин көрсетеди. Бабамыз IX әсирдиң өзинде-ақ Орта Азияның айырым қалаларында, соның ишинде өзи туўылған Қыят қаласында да обсерваториялардың болғанын, онда жергиликли илимпазлардың ислегени ҳаққында мағлыўмат береди. Егер тамыры терең кетпеген мәденият, илим-билим излери болмағанда Беруний дәўиріндеги мәденияттың жалт етип бирден жүзеге шығыўы қыйын болар еди. Ол исеинимсиз де, турақсыз да болар еди.

X әсирдиң ақыры ҳәм XI әсирдиң басларында Хорезм қайта тиклениў өз алдына мәмлекет болып, сиясий-экономикалық ҳәм мәдений жақтан өз дәўирине ылайық гүллене баслайды. Дийханшылық, наўашылық, өнерментшилик, саўда ислери раўажланады. Басқа мәмлекетлер менен өз-ара қатнаслар, мәмлекеттиң ишки жумыслары, халықты басқарыў ислери бир қатар жөнленеди. Мәденийтқа, илим-билимге үлкен дыққат аўдарылады. «Ал, Мамун-Ибн-Мамун ўақтында (999—1017-жыллар) Үргенч экономикалық ҳәм сиясий жақтан үлкен орай болып қалмастан, соның менен бирге, ең үлкен мәденият орайы да болады. Бул жерге, XI әсирде Мамун сарайы айналасына сол дәўирдеги илимниң ең жақсы ўәкиллери жәмленген еди. Олардың ишинде энциклопедистлер Ибн-Сина ҳәм аль-Беруний, тарийхшы Ибн Мискавейх, тарийхшы ҳәм философ Абсахл Масихи, медицина илимпазы Абулхайр Хаммар, атақлы математик Абунаср Аррах ҳәм басқалар жыйналған еди».[1]

Соны да көрсетип өтиў керек, Ибн-Сина ҳәм Беруний тәбият илимлери менен бирге, өзлери сол дәўирдиң жақсы шайырлары болған. Беруний тек көрнекли шайыр болып қалмастан, әдебиятты ҳәм тилди кең түрде изертлеген, филология бойынша арнаўлы илимий мийнетлерин жақсы билетуғын С. П. Толстов: «Әбу Райхан

[1] Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1964, стр. 105.

Мухаммед Ибн Ахмед аль-Беруний—атақлы астроном, географ ҳәм геолог, тарийхшы ҳәм этнограф, философ ҳәм шайыр»—деп жазады. Ал көрнекли академик И. М. Мумінов өзиниң «Беруний илимиий тарийхшысы сыпатында» деген мақаласында: «Беруний өзиниң билим жолындағы методында тилди билиўдиң бириниң әҳмийетли екенине кеўил бөледи. Әбу-Райхан Беруний фарсы, араб, грек, ҳинд ҳәм басқа да бир қатар тиллерди еркин билиўин усыдан түсиниўге болады. Ол өз заманының ең жақсы филологы еди»[2] деп жазады.

Беруний әдебиятшы екенин оның жумысынан көриўге болады. Ол XI әсирдиң басында жазған «Өткен әўладлардың естеликлери» деген китабында 37 шайырдың қосықларынан үзинди алып, мысал келтиргенин көремиз. Мийнетте тек жазба әдебият емес, халықтың аўызеки әдебиятынан да көп үлгилер көринеди. Китапқа орынлы етип ертек, ақыз, нақыл-мақаллар көп енгизилмеген. Олар мийнеттиң мазмунын байытып, халықтың түсиникли болыўын арттырып тур. Беруний бул мийнетинде көп халықтың урып-әдетин, соларға байланыслы халық дөретпелериниң үлгилерин келтиреди. Беруний айлардың атларын арабша келтирип, ол айларға болған ўақыяларға байланыслы араб халқының да жүзеге келген мақалларды айтады: «Ҳәр қандай таңқаларлық нәрсе Жумада менен Раджан айының ортасында пайда болған нәрсе».[3]

Араблар Раджан айын қутлы ай деп түсиниген ҳәм қандай бәле, урыс-жаңжел болса, соған шекем болады. Раджап айы халыққа жайлы делинген. Сол себепли жоқарыдағы мақал келип шыққан. Беруний араб нақыл-мақалларын буннан басқа да көп орыларда келтиреди. Ол жолдасты, досты таңлаў ҳаққындағы пикирлерин ортаға қойып, адам менен адамның өз-ара қатнаста, жолдас болыўы тәбийғый нәрсе. Бирақ, мүмкиншилиги болғанша адамды таныў, билиў керек, жол-

[1] С. П. Толстов. «Беруний и его «памятники минувших поколений».. избр. произв. Беруний, 1-том, Ташкент, 1957 г. стр. 7.

[2] И. М. Муминов. «Беруний как истории науки», сбор. Беруний к 1000 летию со дня рождения, Ташкент, 1973, стр. 9.

[3] Беруний. «Памятники минувших поколений», избр. произв. том 1, Ташкент, 1957, стр. 77.

дасының ким екенин билмесең,—пәнт жейсең, өзиңе де басқаға да зыян келтиресең,—дейди. Усыған байланыслы «Жолдасы шайтан болғанның адамға достығы болмас»,—деген нақылды келтиреди. Бизин халқымызда да бул нақылдың түрлери бар. «Жаманға жантасма жаласы жуғады, қазанға жантасма қарасы жуғады». «Жақсы келсе қут келер, жаман келсе жут келер» ҳәм «Жаманның аяғы сегиз, бири тиймесе бири тийер».— деген нақыл-мақаллар бар. Булардың барлығының мазмуны, бережақ идеясы бир-бирине сәйкес екени көриниp тур.

Жергиликли халықлардың араб басып алыўшылығына, ислам динин зорлық менен сиңистириўге қарсы екенин Беруний өз көзи менен көреди. Бул ҳақыйқатлықтағы аңыз-ертеклерди, тарийхый ўақыяларды мийнетлериниде претин таўып пайдаланады. Мәселен, VIII әсирдиң екинши ярымында араблардың ҳәкимшилигине ҳәм үстемлигине қарсы көтерилистиң басшысы болған Муқанна ҳаққындағы гүрриңди өз мийнетинде келтиреди ҳәм олардың «ақ кийимлилер» аты менен түркелерге қосылып 14 жыл гүрескенин айтады, араб халифаты аль—Махдийдиң нөкерлерин женгенин мақтаныш етеди.

Беруний шығыс халықларының бир қатарында, әсиресе, Иран, Әзербайжан, Орта Азия халықларында наўрыз байрамының қалай пайда болыўы, қалай байрамланатуғыны ҳаққындағы көп әңгиме, аңыз, үрип-әдетлерди айтады. Бул айды бизде ҳәм қазақ халқында да жаңа жыл ретинде байрамлайтуғын болған. Бул күн шарўа есабы менен қыс тоқсанының шамамен 12-март-ларға туўра келеди. Иран ҳәм Әзербайжанда 22-март-күнлеринде ҳәзирде де белгиленип өтеди. Беруний усы Наўрыз айы жөнинде мынадай аңызды келтиреди: «Наўрыз айының алтыншы күни азанда ерте турып сөйлеспестен бурын кимде-ким қант менен майды жаласа, онда жыл бойына ҳәр қандай анат-бәледен аман болады».[1] Әлбетте, бундай жағдайлар илимий жақтан тийкарсыз болса да бир қатар адамлардың санасына сиңип, үрип-әдетке, аңызға айналып кеткени. Беруний сол халық арасына таралған аңызды айдың аты менен байланыслы болғаны ушын келтиргени мәлим.

[1] Беруний. «Памятники минувших поколений», избр. произв том 1, Ташкент, 1957 г. стр. 227.

Академик И. М. Муминов жоқарыдағы биз көрсетип өткен мақаласында Берунийдиң сөйлеў тили түрк тили болған деп уйғарды. Биз буған қосылмаймыз, себеби Беруний жасап, камалына келген ўақта Хорезм түркленсе-кен, тили түрк тилине айланған дәўир екени анық. Соның ушын да Беруний өзиниң «Өткен әўладлардың естеликлери» мийнетинде Хорезмлилердиң үрп-әдети, аңызлары ҳаққында көп орын берип, айырым бөлим ажыратып, көп нәрселерди көрсетеди.

Усы мийнетте хорезмлилердиң жаңа жыл, ай, күнлер, оларға байланыслы байрамлары ҳәм әңгиме-аңызларына кең түрде тоқтайды. Хорезмлилер бир айды «Р—И—М—Ж—Д» деп атаған, соның онбесиниши күнин «Минач Ахиб» деген ямаса «Мина түни» делинген. Бурынлары Хорезмде Мина атлы ҳаял болып, ол Хорезм патшасы болса керек, сол патша ҳаял бир күни мәс болып, жеңил жипек кийим менен өз сарайынан шығып кеткен. Бул бәҳәр ўақларының бир түни екен. Жолда жығылған. Сол жығылған жеринде уйықлап қалған. Түнде суўыққа тоңып өлген. Адамлар бәҳәрдиң бир түнинде усындай суўық болып, онда адамның өлип шыққанына қатты таңланып, ҳайран қалған. Соннан кейин, бул әдеттен тыс, тосаттан болған күн претинде оны жыл сайын белгилеп өтетуғын болған. Бул күнде түтин түтетип, тамақлар писирип, бул плажларды жинайтаннын, апат-бәлелерин кейин қайтарыў қуралы деп түсинген ҳәм солай деп байрамлаған.[1]

Беруний өзиниң XI әсирдиң биринши ярымында қалған «Ҳиндстан» атлы үлкен, өз заманы ушын теңи жоқ тарийхый мийнетинде де халықтың жазба ҳәм аўызеки көркем әдебиятын оғада кең пайдаланған. Ҳинд халқының тарийхын жаратыўда жазба дереклер менен бирге, халық аўызеки әдебиятының үлгилерин—тарийхқа байланыслы аңызларды, гүррең, ертек, нақыл-мақалларды, үрип-әдет дәстүрлерди орынлы қолланған.

Мийнетте ҳинд халқының поэзиясының қурылысын, буўын өлшемлерин, сес дүзилисин кең таллайтуғын айырым бөлим бар. Бунда да тек жазба әдебият ғана емес, халық аўызеки әдебиятының поэзия жанрының

[1] Беруний. «Памятники минувших поколений», Избр. произв. том I, Ташкент, 1957 г. стр. 257.

құрылысы да талланғаны сезиледи. Ол ҳинд халқының поэзиясы өзининг барлық тараўлары ҳәм ҳәр қыйлы түрлери менен көп сандағы өлшемлерге ие—деп жазады.

Бундай жумыстың әдебий теориялық әҳмийети бирнеше анық. Беруний қандай әдебият жөнинде жазса да, оны тек жай билиўши болмай, теориялық жақтырын да, тарийхын да жақсы билгени сезиледи.

Беруний өз жумысында көркем әдебиятты пайдаланғаны ҳаққында бир қанша конкрет мысаллар келтирейик: Беруний ҳиндлер жыланды, аңларды, қуслардың аўлайтуғынын, солай етип қолға түсирип үйретететуғынын ҳаққында көп анықларды келтиреди. Мысалы: «Дуўдақ қусын (ката) аўлаўшылар түни бойы бир даўыс, бир сазда мыс ыдысты қаға береди, соның нәтийжесинде дуўдақ (сеске үйренип не, басы айланып па) адамның қасына барғанын билмей қалып, оны қол менен услап алыўы мүмкин екен.[2]

Өткен заманларда ҳиндлердиң Рама деген патшасы болған. Оның дәўиринде адамлардың өмири узақ болып, турмысы жақсы болыпты. Оның заманында балалар, атасынан бурын (өлиўши) өлмеген екен. Бирақ, бир күнлери бир брахманның баласы өлип қалған жағдай болады. Баланың атасы өлген баланы патшаның сарайына апарып оған: «Мине, бул жаңалық сенің ҳүким сүрип турған күнлеринде болғанының себеби, жер үстинде сенің сорамында қыянетлик, жаманлық пайда бола баслады ҳәм үзириң жаман нәлерге жол қояды»—дейди. Соңнан кейин патша бул жағдайдың себебин излеп табады ҳәм қыянетшиге шара көреди. Буннан соң өлген бала тирилип кетеди».[3]

Бул аңыз ертектиң мазмунында қай жерде әдалатлық бузылса, қыянетлик жүз береди. Онда адамның өмири қысқа болады, адамлардың турмысына зыян келеди,—деген Уллы гуманистлик идея бар.

Келтирилген мысалдың биринши, ҳинд халқының үрип-әдетин, турмысын, күн-көрисин билиўге, таныўға

[1] Беруний. избр. произв. том II, Ташкент, 1963 г. стр. 155.
[2] Беруний. избр. произв. том II, Ташкент, 1963 г. стр. 196.
[3] Беруний. избр. произв. том II, «Индия» Ташкент, 1963 г. стр. 458.

жәрдемлеседи. Жыланды қолға үйретиў, түни менен уйықламай, даўысқа үйретип дуўдақты қол менен услап алыў—халық турмысының жеңиллигин көрсетпейди. Ал, екинши мысалда ҳинд халқының адамгершилик, адамды ардақлаған, оған жаны ашыған, адамның өмири ушын оған әдил заман керек деген гуманистлик идеясын аңлаймыз.

Көркем әдебиятты қолланыў, пайдаланыў—тосаттан болмайды. Көркем әдебиятты пайдаланыў ушын оны жақсы билиў керек. Беруний көркем әдебиятты жай биливди емес, өзи жетик әдебиятшы болған ҳәм оны қалай қай жерге пайдаланыўды жақсы билген. Соның ушын ол барлық илимий мийнетлеринде көркем әдебиятты әдебиятшы ретинде орынлы қолланған.

Беруний өзиниң «Геодезия» деген мийнетинде де көркем әдебиятты көп пайдаланған. Әсиресе елди, жерди, жолды, теңизди биливи ҳаққында көркем әдебияттан көп мысаллар келтирилген. Географияны биливи өнериниң керек екени көркем әдебият мысалларында жақсы берилген. Теңизде бағдарды билмей адасыўшылық, билген адамлардың желқомлы кемелерди, адамларды апаттан қутқарыўы ҳаққында қызық гүррицлер, аңызлар жүргизилген.

Берунийдиң өмирин ҳәм илимий мийнетлерин изертлеўши илимпаз П. Г. Булгаков өзиниң «Берунийдиң өмирі ҳәм мийнетлери» деген монографиясында Беруний[1]диң илиминиң ҳәр түрли тараўлары менен шуғылланғанын, баҳалы мийнетлер дөретклнин айта келип, оның үлкен ҳәм атақлы әдебиятшы болғанын да жазады. П. Г. Булгаков тарийхшылар (Иакут) Берунийдиң Әбу Тамманың қосықларына түсиник жазғанын ҳәм «поэзия менен фольклордың естеликлериниң антологиясын дүзгенин көрсетеди»[1]—дейди. «Беруний шебер әдебиятшы, сөз дүзиўдиң өнерин жақсы билген адам.[2] Берунийдиң филология бойынша мийнетлериниң бири «Сайланған қосықлар ҳаққында китап» деп аталған. Бирақ, бул мийнет бизиң заманымызға жетпеген. П. Г. Булгаков Беруний тек «Минералогия» атлы илимий мийнетинде

[1] Н. Г. Булгаков «Жизнь и труды Беруни», Ташкент, 1972 г. стр. 312.
[2] П. Г. Булгаков. «Жизнь и труды Беруни», Ташкент, 1972 г. стр. 327.

84 шайырдан мысал келтирген. «Беруний жазба әдебият фольклорды үйрениўде және жыйнауда оғада үлкен мийнет еткен адам»,[1]—дейди филология илимлериниң кандидаты, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Әбу Райхан Беруний атындағы Шығысты изертлеў институтының аға илимий хызметкери. Беруний мийрасларын изертлеўшилердиң бири Абдусалық Иргашов өзиниң Берунийдиң туўылғанына 998 жыл толған күнге арналған Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының илимий кеңесинде жасаған Орта Азия ҳәм Хиндистан халықларының үлескик (уқсаслық) аңлатпалары ҳаққында деген докладында. Берунийдиң «Хиндистан» китабына кирген аңызлар менен Азия халықларының аңызларының өз-ара байланыслы ҳәм тамырлас, сабалас екенин көп санлы мысалларға сүйене отырып дәлиллеген. сол дәўирлерде де Азия ҳәм Хиндистан халықлары ортасында өз-ара мәдений, әдебий байланыс болған деп жуўмақ шығарады.[2] Биз бул жуўмаққа толығы менен қосыламыз ҳәм А. Иргашовтың изертлеўлери менен салыстырыўларына сүйене отырып, Беруний «Хиндстан» мийнетинде қолланған әдеўир дәрежедеги көркем әдебият мысалларын өзи Орта Азия халқының әдиўли перзенти ретинде сол туўылған халқының әдебиятына байланыслы тәреплерин көбирек алған деп айта аламыз. Бул оның өз халқының ҳәм басқа да халықлардың әдебиятын ҳәм оның сабалары менен тамырларын жақсы билгенин тағы да бир рет көрсетеди. Булардың барлығы Әбу Райхан Берунийдиң атақлы әдебиятшы болып, көркем әдебиятты сүйип ҳәм оғада жақсы билип, оны илимниң ҳәмме тараўына орынлы, шебер пайдаланғанын, Орта Азия халықлары менен Шығыс халықлары әдебиятының раўажланыўына белгили үлес қосқанын, көркем әдебияттың илимди илгерилетиўде, жәмийетлик раўажланыўда адамлардың ой-санасын жоқары көтериўде тутқан орнын бийикке көтергенин көрсетеди.

Жоқарыда көрсетилгенлердиң бәри Беруний әдебияттаныў илиминде өрнекли ис ислеген алым екенин көрсетеди ҳәм усы илимди раўажландырыўға белгили

[1] Бул да сонда, 327-бет.
[2] А. Иргашов, «Идентические легенды народов Средней Азии и Индии», сбор. «Беруний и гуманитарные науки». Ташкент, 1972, стр. 60—64.

үлес қосқан. Соның менен бирге әдебияттаныў илиминиң Беруний дәўиринде де, оннан да бурын барын, ол ғәйемги илим тараўларының бири екенин де аңлатады.

Әбу Райхан Берунийдиң шын мәнисинде әдебиятшы екенин төмендеги тийкарғы белгилер менен жуўмақлаўға болады.

1. Әбу Райхан Беруний—әдебият ҳаққында арнаўлы илимий жумыс ислеген алым. «Сайланған қосықлар ҳаққында китап» ҳәм ҳинд халқының поэзиясының қурылысы, елшемлери және шайыр Әбу Таммамның қосықларына таллаў жасаўларды оның әдебияттаныў илиминиң жетик қәнигеси екенин билдиреди.

2. Әдебиятты системаластырыўда, оның үлгилерин оқыўшыларға қолайлы етип топлам—антология дүзиўде әдебияттаныў илиминиң бирине жатады. Беруний бул тараўда да жақсы ислеген. Ол «поэзия менен фольклордың естеликлериниң антологиясын» дүзген.

3. Әдебият үлгилерин жыйнаў ҳәм оны пухта үйрениў иси де әдебияттаныў илиминиң бир тараўы екенин мәлим. Бул жөнинде де Беруний өрнекли жумыслар ислеген. Ол жазба ҳәм аўызеки әдебият үлгилерин барынша жыйнаған ҳәм пухта үйренип таллаў жасаған. Солай етип, әдебият илиминиң алдына қойылған ўазыйпаны инабатлы орынлаған.

4. Әдебияттаныў илими—әдебиятты халықтың ийгилиги, жақсылық, адамгершилик, адам жәмийетиниң алға илгерилеўи ушын пайдалана, қоллана билиў иси де өз ишине алады. Әдебиятшы ҳәм әдебияттаныў илиминиң ўәкили иретинде де Беруний үлкен жумыс ислеген ҳәм көркем әдебияттан қалай пайдаланыўдың әжайып үлгисин көрсеткен. Буны биз жоқарыда көп санлы мысалларда көрсеттик. Мине усылардың барлығы Берунийдиң шын мәнисинде әдебиятшы екенин дәлиллейди.

Жоқарғы қәнигелик, әдебияттаныў илимине жетик алым болыў ушын шайыр яки жазыўшы болыў шәрт емес. Бирақ, әдебиятшы алымға оның үстине шайыр, жазыўшы болса—оған не жетсин. Ол ўақытта тәжирийбе менен теория биригип, байланысып, жумыстың нәтийжели, терең, ҳәр тәреплеме болатуғыны сөзсиз. Беруний усындай әдебиятшы болған. Ол өзи жақсы талантлы шайыр болған адам.

Берунийдиң көрнекли шайыр болғаны ҳәм көп шығармалары, өз ўақтында халық арасына кең тараллғаны ҳаққында әдеўир мағлыўматлар бар. П. Г. Булгаков Берунийдиң мийнетлериниң дизимин бергенде, оның айырым «Қосықлар топламы» деген китабының болғанын, буған шайырдың көп санлағы қосықларының киргенин айтады[1] Бул топлам еле табылмай атыр. Берунийдиң қосықлар топламы излениўде, бирақ Беруний қосықларының бир қатар үзиндилери оның шайыр екенин басқа да мәселелерди дәлиллеў ушын айырым китапларда берилип жүргени мәлим. Мысалы, Берунийдиң «Геодезия» китабының 10-бетинде П. Г. Булгаковтың «Берунийдиң өмири ҳәм мийнетлери» деген мийнетиниң 26-бетинде Беруний қосықларынан үзинди берилген.

Филология илимлериниң кандидаты, Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Әбу Райхан Беруний атындағы, Шығысты изертлеў институтының аға илимий хызметкери, араб тилин биліўши, Беруний мийрасларын изертлеўши А. Расулев Берунийдиң туўылғанына 998-жыл толған күнине арналған илимий кеңесинде «Беруний ҳәм оның қосықлары ҳаққында бир қатар пикирлер» деген баянламасында Берунийдиң өзи көрген, сөйлескен патшаларды сүўретлеп ҳәм Махмуд Ғазнавийдиң исенимли адамы, шайыр Абу-л-Фахта Бустийге арналған 17 бәйити (34 қатар), Абу-л-Хасан деген шайырға жазған 7 бәйити ҳәм басқа да бирқанша қосықларының барын айтып, олардың араб текстин, русша сөзбе-сөз аўдармасын береди.[2] Биз усы бәйит ҳәм қосықлардың бир қатарын русшадан қарақалпақ тилине өзимиз аўдардық. Усы қосықлар ҳаққында бир қатар пикирлер айтпақшыман.

Беруний өзи көрген патшалар ҳаққында жазған қосығын шәртли түрде «Естелик» деп алыўға болады. Бунда шайыр өзи билген, сөйлескен патшалар ҳаққында қысқаша естелик жазған. Соның менен бирге, шайыр өзиниң де өмири ҳаққында мағлыўмат береди. Беруний төмендегилерди жазады:

[1] П. Г. Булгаков. «Жизнь и труды Беруни», Ташкент, 1972, стр. 424.
[2] А. Расулев. Сбор. «Беруни и гуманитарные науки», Ташкент, 1972, стр. 54—57.

«...Отти күнлер, көп қыйыншылық көрмедим,
Ҳүрмет пенен жоқарыға өрледим,
Ираклар үй-ишик, баққа, сүт берип,
Мансур адам етти тәрбият қылып...»[1]

Бул жердеги шайырдың «Қыйынлық көрмедим, ҳүрмет пенен жоқары өрледим» сөзлери Ираклар семьясы менен Мансурға ҳүрмет, сыйласық претинде айтылған. Бул қосыққа ҳәм басқа да бир қатар мағлыўматларға қарағанда Берунийдиң ата-анасы жаслығында өлип қалса керек. Баланы ираклар семьясы өзиниң қараўына алып, тәрбияласа керек. Ирак деген киси Әбу Наср Мансурдың бабасы болып, ол өз заманында Хорезм патшасы болса керек, ал Беруний айтып отырған Әбу Наср Мансурдың өзи сол заманның атақлы математиги ҳәм астрономы болған. Ол Әбу Райхан Берунийди тәрбиялап, жақсы билимли адам болыўға жәрдем еткен. Беруний өз қосығында оларды ҳүрмет пенен тилге алып, үлкен миннетдарлық билдиреди.

Қосықта ушқан уяға, жасы үлкен адамларға ҳүрмет көрсетиў, билимди ардақлаў, адамгершилик сезимлери жақсы аңланады. Шайыр усы қосық үзиндисиниң өзинде де гуманистлик идеяны береди.

Берунийдиң биз атап өткен «Естелик» қосығында аталған Махмуд Ғазнавийдиң исенимли адамы ҳәм шайыр Абу-Л-Фахта Бустийди (оның шын аты—Али Ибн Мухаммед) атаўында мәни бар. Ол өзи патшаның жалпылдағы болған, жағымпазлық етпесе—күн көриў қыйын болса керек. Сол ушын Беруний оның аўҳалына күледи ҳәм күйинеди. Қосықта шайырдың аўҳалының ғәрезли екенин көрсетеди. Бул қосықта Махмуд Ғазнавий ҳаққында сырлы қатарлар бар.

Берунийдиң «Абу-Л-Хасанға» деген қосығы да күтә характерли шығарма. Бунда шайырдың өзине питкен минези, жалтақлаўды билмейтуғын тиклиги, әдиллигин, ҳақлықты сүйетуғыны көринеди. Бул қосық шайыртың Абу-Л-Хасанға жуўабы болса керек. Абу-Л-Хасан деген шайыр Берунийди ҳәм оның ата-анасын, ата тегин, тағы да басқа дәбдебели, бәлент пәрўаз сөзлерди қосып, мақтап қосық жазса керек. Беруний мақтаўды, әсиресе билмей мақтаўды сүймейтуғын адам, буған қат-

[1] Беруний. избр. произв. том III, «Геодезия», Ташкент, 1966 г.

ты наразы болған көрінеді. Соның үшін бул кісіни көлемдегі бәйіттің барлығын келтіреміз:

Абу—Л—Хасанға:
«Хайранман қосық жазыпсаң,
Ата-тегімди қазыпсаң,
Тегимди жақсы билмейсең,
Неге мақтайсаң, билмеймен,
Ал да ҳақы, қайт бул жолдан,
Сөзди жазба оңлы-солдан,
Әкемди билмеген адам,
Бабәмды биледи қайдан?
Абдулахаб—әкем менің,
Оннан хабарың жоқ сенің,
Хамалат аль—Хатаб—анам,
Отын тасып жүрген мудам,
Мақта, күл—ол маған бирдей,
Бәнтсиз жан екенсең сеңдей».[1]

Соны да көрсетип өтиў керек, бул қосықта Берунийдің менің әкем—Абулахаб, анам—Хамалат-аль-Хатаб,— деп атаўында бир қанша сыр болыўы итимал. Себеби, Абулахаб—қуранда Муҳаммед жолына қарсы ҳәрекет еткен, ислам динин қабыл етпеген адамға берилген ат, ал Хамалит-аль-Хатаб—Абдуллаҳабтың ҳаялы деп бериледи. Бул образлар арқалы Беруний өзиниң ата-анасының өз заманының еркинликти, әдилликти сүйиўши, зорлыққа қарсы шығыўшы адамы иретинде ҳәм өзинде сол идеяның тәрептары екенин көрсеткиси келген болыўы мүмкин.

Қосықтың тийкарғы идеясы—әдилликти, киширейпилликти сүйиў, өтирикке, жағымпазлыққа жол қоймаў, оны барынша әшкаралаў екени анланады.

Әбу Райхан Берунийдің қосықлары ишинде төмендеги қатарлар оғада әҳмийетке ийе. Бул қатарлардан автордың адамға, адамның мийнетине алдынғы көз-қарасын көремиз. Беруний—ҳадал мийнетти ардақлайды. «Адам өз мийнети менен табысқа, жетискенликке, үлкен мәртебеге ийе болыўы керек» дейди. Мийнетсиз, өз билимин, күшиң менен абырай, мәртебе таппай, жағымпазлық, ҳийле, биреўлердиң сүйиўи—қоллаўы менен

[1] Қосықтың русша тексти А. Расулевтың баянламасында жәрияланған. Сбор. «Беруни и гуманитарные науки», Ташкент, 1972, стр. 57.

жетискен табыс, мәртебени қаралайды. Бул жөнинде ол:

«Балентке ким шықса мийнетин шекпей,
Мийўасын жегендей дарағын екпей,
Ол адам жүрсе де сәнли кийинип,
Беденн жаланаш турар көринип»,[1]—

дейди.

Усы төрт қатар қосықтың өзи де Берунийдиң өз идеясын көркем, өткир етип бере биліўге шебер шайыр екенин көрсетеди. Төрт қатардың өзинде қаншама терең мәни, айтылажақ сырлы сөзлер жатыр. Адамның сыртқы көриниси емес, ишки дүньясы, шын мәни адамгершилиги, ҳадал мийнети есапқа алыныўы керек. Буны Беруний—өз дәўриниң алымлары, шайырларына қаратып, олардың илимиң өзи қәлеген тараўына терең үйлиўди, теренлеп барыўды, ҳадал мийнет етип, абройлы болыўды, шайырлардан көркем, халыққа сиңисетуғын шығармалар дөретиўди, жеңилге умтылыўды нәзерде тутып айтқан болыўы керек.

Ҳәзир Берунийдиң өзинди болса да қосықлары қурастырылып, 1973-жыл баспадан шығыў ушын таярлап, баспа орынларына берилген. Бул қосықларды арабшадан өзбекшеге аўдарып ҳәм түсиник сөзлерин жазып филология илимлериниң кандидаты Абдусадық Ирисов үлкен ис ислеген деп есаплаймыз. Берунийдиң қосықлары» деген китапты жақында алыўымыз мүмкин. Әлбетте, ҳәзирше Берунийдиң табылған қосықлары көп емес. Бирақ, усы табылған ҳәм қурастырылған қосықлар, соның ишинде бизиң жоқарыда көрсеткенлеримизде Берунийдиң шын мәнисинде көрнекли шайыр болғанын, оның көркем сөз шебери болып, халқына аянбай хызмет еткенин дәлиллейди.

Биз жоқарыда Берунийдиң көп халықтың тиллерин билетуғынын айтқан едик. Оның тилди көп биліўи— усы тиллерден көркем әдебият шығармаларын аўдарыўға мүмкиншилик берген. Беруний—өз заманының ең жақсы көркем әдебиятты аўдарыўшысы да болған. Академик И. Ю. Крачковский өзиниң «Гомер ҳәм аль-

[1] Қосықтың арабша. русша тексти А. Р. Расулевтың баянламасында жәрияланған. Сбор. «Беруни и гуманитарные науки», Ташкент, 1972 г. стр. 57.

Беруний» деген мақаласында Әбу Райхан Беруниййдиң грек халқының уллы шайыры Гомерди билетуғынын, өзиниң атақлы «Ҳиндстан» атлы тарийхый мийнетинде Гомердиң «Илиада» ҳәм «Одиссея» шығармаларынан үш мысал келтиргенин айтып, буны ол қалай билген деген саўалға тоқтап «Аль-Беруний Гомерди басқа да арабша жазатуғын авторлардан да жақсы билген, ол керек ўақтында грек тилинен пайдаланған ҳәм бул цитаталарды өзи тиккелей түп-нусқадан аўдарған»[1] дейди. Бул пикирдиң дурыслығын Беруниййдиң жас ўақларынан баслап грек тилин үйренгени ҳаққында өзиниң көрсетпелери де тастыйықлайды.

Бул факт Беруниййдиң грек тилин еркин билгени ҳәм оннан дүнья жүзине белгили көркем шығармаларды аўдарғанын билдиреди. Бундай жағдайды мақтаныш пенен көрсетип өтиўге болады. Өйткени, Гомердиң өлмес шығармаларын аўдарыў—ҳәммениң қолынан келе бермейтуғын ис.

Беруниййдиң өзи де әдебий аўдармашылық ислери жөнинде: бизинше «Калила ҳәм Димна» китабы ден белгили болған «Панча-тантра» деген китаптың имканият таўын аўдарсам деген әрманым бар, себеби, ол китап Абдуллах Ибн Мухаффа сыяқлы өзгертип жибермеўлерине шеннен болмайтуғын кислер тәрепинен ҳинд тилинен парсышаға, оннан кейин парсышадан арабшаға аўдарылып келди,[2]—деп жазған.

Бул билдириў, биринширден, Беруниййдиң әдебий аўдарма иси менен тиккелей шуғылланғанынан дерек берсе, екиншиден, ҳинд тилин жақсы билип, «Калила ҳәм Димна» сыяқлы жержүзилик әдебият естеликлерин парсы тилине дурыс аўдарылмағанын аңлатады. Бул жерде Беруниййдиң әдебий аўдарма мәселесине көз-қарасы, методы да сезиледи,—ол түп-нусқаны өзгертиўге қарсы, түп-нусқадағы мазмунды сақлаў тәрептары.

Булардың үстине жоқарыда көрсетип өткен илимий мийнетлеринде көркем әдебияттан пайдаланған көп санлы әдебий нусқаларды өзи аўдарып, китапқа киргизгенин есапқа алсақ, Беруниййдиң үлкен ҳәм шебер

[1] И. Ю. Крачковский. «Гомер и аль-Беруни». Избр. соч. том. II, М. Л., 1956 г. стр. 587.
[2] Беруни. избр. произв. том. II, «Индия», Ташкент, 1963 г. стр. 166.

әдебий аўдарыўшы болғанына ҳеш қандай гүман жоғы анық. Солай етип, Әбу-Райхан Беруний тек шайыр ғана емес, жақсы аўдармашы да болған.

«Беруний ҳәм әдебият» деген теманы Беруниййдиң көркем әдебиятқа көз-қарасы оны мийнетлеринде орынлы, дурыс пайдаланыўы, мәденият тараўының үлкен бөлеги ҳаққында таныўларын көрсетиў менен шекленсек те болар еди. Бирақ, булар менен шекленбей, оның уста әдебиятшы ҳәм шайыр, әдебий аўдармашы ретинде көркем әдебияттың раўажланыўына, адамзаттың көркем ой-өрисиниң өсиўине үлкен үлес қосыўшы искер екенин айтып, бул пикирлерди қуры сөз бенен емес, дәлиллер менен көрсеттик.

Жуўмақлап айтқанда Беруний XI әсирдиң биринши ярымындағы жазба ҳәм аўызеки әдебиятымыздың көрўан басысы болған. Ол әдебиятшы, шайыр ҳәм әдебий аўдармашы Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының узақтан киятырған мәдениятына, әдебиятына, үлкен үлес қосқан. Оның қалдырған әдебий мийраслары—көркем шығармалары бизиң жазба әдебиятымыздың сағалары ушын ҳәм жыйнаған, системаластырған халық аўызеки дөретпелериниң үлгилери фольклорымыздың тарийхы ушын теңи жоқ қымбат баҳалы ғәзийне болып есапланады.

ӨЗБЕК ХАЛҚЫНЫҢ УЛЛЫ ШАЙЫРЫ

Бүгин өзбек халқының данышпан шайыры ҳәм өз заманындағы ири мәмлекет хызметкери, алдыңғы қатар пикир ийеси Әлийшер Наўайының туўылғанына 500 жыл толды. Наўайы 1441-жылы 9-февральда Хират қаласында туўылды. Әлийшердиң семьясы Тимурийлардан Әбилқасым Бабыр ҳәм Хусайн Байқара семьясына жақын, туўысқан. Әлийшер семьясы патша семьясына жақын болғанлықтан, Әлийшер жас ўақтынан сарайда иранлы тәрбияшылар ҳәм муғаллимлер қолында тәрбияланды. Ол өзиниң уқыплы, зийрекилиги менен тезден-ақ өзбек, парсы ҳәм араб тиллерин жеткиликли үйренди. Искусство ҳәм әдебиятқа дыққат пенен кеўил қойды ҳәм оны сүйди. 5—6 жасларында парсы шайыры Қасым Әнўардың қосықларын ядлап, үйренип жүргенин Әлийшердиң өзи де естеликлеринде

айтады. Әлийшердиң әдебий таланты күнбе-күнге тән қаларлық түрде өсиўде еди.

Әлийшер Наўайы 1457-жылларда-ақ өзиниң әдебий таланты менен заманындағы ири шайырлардың ҳүрметли оқымыслылардың көзине түсе баслайды. Ол усы жыллардың өзинде-ақ әдебий таланты менен халықтың дәўқатын аўдарады. Ол халықтың сүйикли шайыры ретинде таныла баслайды. Оның жазған қосықлары турмыстың тастайлаўшы, ҳақыйқатты сүйиўши шығармалар болады. Наўайы өзиниң алдына ҳәм заманындағы пүткил шайырлар алдына «тилиң ҳақыйқатты айта алатуғын болғаннан кейин, оны алдаўшылық ислеси менен қалласаңмы» деген ўазыйпаны қояды. Ол өзиниң гүллеп өмиринде усы ҳақыйқатлықтың төрешлары болады.

Әлийшер Наўайы өлмес шайыр. Ол бизге ұмытылмайтуғын образларды жасап бериўи менен әдебиятта бирге жасап турады. «Фарҳад ҳәм Шийрин», «Лэйли ҳәм Мәжнүн», «Шардеўан», «Искендер Зелим», «Сәббай Сайёра», «Хайратул абрар», «Махбубул қулуб», «Наҳаммматул луғатайын» ҳәм басқалар Әлийшер жасаған өлмес образларды көз алдымызға елеслетиўши шығармалар.

Әлийшер адам баласын шын кеўилден сүйди ҳәм халыққа хызмет етиўди биринши ўазыйпа, оннан ҳүрметли ўазыйпа жоқ деп билди. Сонлықтан да ол өзиниң «Хайратул абрар» поэмасының бир жеринде:

«Адам болсаң адам деме,
Халықтың ғамын жемегенди»—дейди.

Бул, адамды сүйиўди ҳәм барлық адамның ўазыйпасы халыққа хызмет етиўден ибарат деген мәнини ашып көрсетеди. Тағы да ол ҳәкимлерге әдил болыўды, халық ушын қайғырыўды ўазыйпа етип қойды. Халықтың ғамын жемеген ҳәким журт басшысы емес деп көрсетти. Ол «Тухфатул Афкар» деген парсыша қосығында:

«Елди шад қылыўда залым менен өлим барабар емес,
Жерди сүриўде шошқа басқа, дийқан басқа, бир емес»—

дейди.

Наўайы гүллеп шығармаларында да дослық дурыслық ҳәм өзиниң мақсети ушын шыннан берилиўшилик—

адамның ең жақсы қәсийетлеринен деп көрсетеди. Наўайының пикиринше, доссыз адам, жалғыз адам қаншалық қаҳарман, билимли болса да, өзиниң гөзлеген мақсетине ерисе алмайды. Сонық ушын гүллән адамлар дослыққа умтылыўлары, бир-биреўин қорғаўлары керек дейди. Ол бир қосығында:

«Жүз адам бириксе өнерсиз олар,
Бир киси адам қатарына қосылған қайда бар»,—

дейди.

Наўайының гүллән шығармаларында пүткил халықты сүйиўшилик анық көринип турады. Ол диний түсиникти бөлип, жарып шықты. Дин айырмасына, урыў парқына қарамай, барлық халықларға тең көз бенен қарады. Қытай, армян, иран, грек, араб халықларының алдыңғы адамларына өз халқының уллы адамлары ретинде қарады. Оларды сүйди ҳәм бул сүйиўшиликти өзиниң халқына орналастырыўды тиледи. Бул образларды биз «Фархад ҳәм Шийрин», «Искендер дийўалы», «Лэйли ҳәм Мәжнүн» шығармаларынан күтә анық көре аламыз.

Наўайы халық мәпи ушын гүресте, халық жырын жырлаўда күтә көп қыйыншылықларға ушырасты. Ол Самарқанд, Астрабад қалаларында сүргинде де болды. Бирақ бундай қыйыншылықлар уллы данышпан шайырдың күшин кемитпеди, оның халық жырын жырлаў бетин қайтара алмады.

Наўайы өзбек классик әдебиятының баслаўшысы ҳәм өзбек әдебий тилиниң тийкарын салыўшы. Ол шығыстың белгили болған оқымыслыларын, жазыўшыларын ҳәм шайырларын тәрбиялап өсириўши адам. Белгили Шығыс тарийхшысы Мейрхонд ҳәм Хандемир, уллы музыкант-композиторлар: Хусайн Уддий ҳәм Қулмуҳаммат Най, талантлы художниклер: Вехзад ҳәм Шухмузаффар, белгили каллиграфистлер: Султан Алий, Мир Алий ҳәм басқа да Орта Шығыстың искусство усталары Әлийшер Наўайының тәрбиясынан шыққан ҳәм оның тәнҳа ғамхорлығы, көмеги менен сол замандағы Шығыс искусствосының жоқарғы басқышына жетисти.

Уллы Әлийшер Наўайы 1501-жылы 12-январьда дүньядан қайтты. Наўайыны жерлеўге қаланың пүткил

оқымыслылары, қала халқы қатнасты. Әлишердің заманласы, белгили Шығыс тарийхшысы Хандемир бул күнди былай сүўретлейди. «Күяш енди ғана ўясынан нурларын шаша баслағанда, бул аўыр қайғылы хабар қалаға жайылды. Пүткил халықтың қайғысына ол да себепши болды, аспанға дейин созылған бул қайғылы даўыслардың қайғыланған көк жүзи бұлларға бүркенип, жер жүзине топан суўы сыяқлы болған көз жасларын жаўдыра баслады».

Әлишер Наўайы өлмес шайыр. Ол Шығыстың уллы адамларының бири. Оның ҳүрметли аты тарийхқа уллы шайыр, жазыўшы ғана емес, ал мүтепекир ҳәм композитор, оқымыслыларды, шайырларды, жазыўшы ҳәм ҳүнершиклерди тәрбиялаўшы ретинде де киреди.

Әлишер Наўайының уллы шайырлық талантын тек өзбек халқы емес, соның менен бирге Орта Азияның пүткил халқы, азербайжанлар, осман түрклери, қазақ, татар, башқурт халықлары да баҳалайды. Усы елдердиң әдебиятына тәсир етти. XIX әсирде жасаған қарақалпақ шайырлары да (Әжинияз, Күнхожа, Бердақ ҳәм басқалар) Наўайыны билди, олар өз шығармалары менен Наўайының жоғалмас мийрасларын еске түсиреди.

Бердақ «Излер едим» деген қосығында мынадай дейди:

«Шар китаптан тура қаштым,
Наўайыдан сәўат аштым,
Физулыдан дүрлер шаштым,
Дилўарыны излер едим».

Демек, Орта Азияның барлық халықларына мәлим болғанындай-ақ Наўайы қарақалпақ халқына да мәлим. Қарақалпақ халқы Наўайының шығармасын сүйип оқып келди ҳәм оқыйды.

Наўайы творчесвосы қымбат баҳа ғәзийне есабында әсирлер бойы шайырдың өзи сүйген халқы тәрепинен сақланып келди. Әлишерди 500 жыллық заман бизден ажыратыўына қарамастан, ол ҳәзир де халқымызға тири.

Бизиң заманымызда Әлишер Наўайы қайта туўылды, оның пүткил шығармасы кең ўатанымыздағы гүллән халықлардың әдебий ғазийнесине айланды. Әлишер Наўайының 500 жыллық юбилейин өткерүге ўатанымыздағы барлық халықлар таярланып атыр. Олар данышпан шайырдың өлмес шығармаларын өз тилине аўдарып атыр. Ўатанымыздағы гүллән халықлар қатарында қарақалпақ халқы да Әлишер Наўайының қымбат баҳа шығармаларын өз ана тилинде оқыйды. Қарақалпақ шайырлары Әлишер Наўайының шығармаларынан «Фарҳад ҳәм Шийрин», «Ләйли ҳәм Мәжнүн» дәстанларын ҳәм «Шардеўан» нан бир қанша лирикалық қосықларын аўдарып, баспа орынларына тапсырды.

Данышпан шайырдың 500 жыллық юбилейи Ленин партиясының уллы рус халқының жәрдеми менен ўатанымыздағы пүткил халықтың ерискен уллы мәдений табысларының гөззал көрсеткиши болып өтеди.

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1941-жыл, №33.

«ФАРҲАД ҲӘМ ШИЙРИН» ПОЭМАСЫ ҲАҚҚЫНДА

Өзбек халқының уллы данышпан шайыры Әлишер Наўайының туўылғанына 500 жыл толыў күнин мерекелеў ушын пүткил елимиз таярланып атыр.

Наўайының мерекели күнине таярлық көриў менен бирге, оның гүллән шығармалары менен танысыў бизге керек. Оның бизге қалдырған ҳәр бир шығармасын таллап түсиниўимиз керек. Биз бул мақаланы оның «Фарҳад ҳәм Шийрин» поэмасы ҳаққында жазбақшымыз.

Ашықлық темасы, пүткил дүнья әдебиятының мәңгилик темасы болып киятыр. Ол ҳеш ўақытта өзиниң қызықлығын, тазалығын, жанлылығын жоғалтқан жоқ. Ҳәр бир шайыр усы темада жазды ҳәм оны жаңа мәнилер менен, жаңа бояўлар менен бергиси келди. Бирақ, тек шайырдың шайырлары ғана, ҳақыйқатлықты түсиниўшилер ғана, ашықлықтың шын ҳәм толық мәнисин көркем сөз бенен бере алды.

1

«Фарҳад ҳәм Шийрин» дәстаны Әлишер Наўайының белгили «Ҳамса»сына кирген бес дәстанның бири болып есапланады. Уллы шайырдың ең үлкен шығармаларынан саналған «Хайратул абрар», «Ләйли ҳәм Мәжнүн», «Сәббайи Сайяра», «Сәддийи Искендер» дәстанлары арасында «Фарҳад ҳәм Шийрин» айрықша

орын тутады. Ол Наўайы дөретиў қалдырған жақсы дәстанлардың ең үлкени болып есапланады.

Фарҳад ҳәм Шийрин ҳаққында ауыз әдебиятында жасап келмекте. Халықтың ең сулыў ақызына айналып кеткен бул әңгиме тарийхый фактлер тийкарында жүзеге шыққан. Ол көбинесе «Хысраў ҳәм Шийрин» аты менен таралған. Тарийх китапларында мынадай мағлыўматлар бар. Хысраў Иранның Сасаний ҳәкимлеринен болған белгили Наўшырўанның ақлығы болады. Хысраў VII әсирде Иран патшасы екен. Муҳаммед пайғамбар әскери күшлилерге хат жиберип, мусылманшылықты қабыл қылыўға шақырғанда, мине усы Хысраўға да хат жиберген екен. Тарийхшылар. Хысраў Паруез Муҳаммед пайғамбардың бул хатын жыртып таслаған еди, деп жазады. Хысраў ҳәм Шийрин ҳаққындағы дәстан, бул VIII—X әсирлер арасында Иран халқы ортасында жаратылған.

Хысраў ҳәм Шийрин ҳаққында биринши мәртебе дәстан жазған адам X әсирде жасаған уллы Иран шайыры Абулхасым Фирдаўсий болады. Бирақ дәстанның бизге белгили болған ең сүйикли қаҳарманы Қытай улы Фарҳад ҳаққында Фирдаўсий ҳеш нәрсе айтпайды. Иран патшасы Хысраў аўда жүрип Шийринди көрип қалады. Оны сүйеди ҳәм үйленбекши болады. Бирақ Шийрин патшалар нәсилинен емес болады. Соның ушын Хысраўдың айналасындағы адамлар патшаның оған үйлениўине қарсы турады. Хысраў халық кәтқудаларының жыйнағын шақырып, оларды көндиреди ҳәм Шийринге үйленеди. Хысраўдың дәслепки қатыны Мәрьямнан болған бала Шуруя өз атасы Хысраўды өлтирип, Иран патшалығын өз алдына алады ҳәм Шийринди өзине ҳаял қылып алмақшы болады. Шийрин Хысраў қәбиринде уў ишип өледи. Фирдаўсийдиң «Хысраў ҳәм Шийрин» атлы шығармасының мазмуны мине усындай. Онда Фарҳад болмағаны сыяқлы Шафур да болмайды.

Фирдаўсийден соң, оннан 200 жыл кейин, XII әсирде жасаған белгили Әзербайжан шайыры уллы Низамий, Хысраў ҳәм Шийрин ҳаққындағы әңгимени жаңадан излеп, парсы тилинде зор бир дәстан дөретеди.

«Хысраў ҳәм Шийрин» дәстаны Низамий «Хамса»сындағы дәстанлардың бири болады. Низамийдиң бул сулыў дәстанындағы қаҳарманлар және де Хысраў менен Шийрин Фарҳад образы екинши дәрежедеги бир орында турады. Шафур образы болса бир уста сүўретши ҳәм ҳийлекер гезеңде есабында болып, Хысраўдың мәслеҳәтшиси етип көрсетиледи.

Армяниның сулыў қызы Шийрин ҳаққындағы хабарды да Хысраўға Шафур жеткереди ҳәм мың түрли жоллар менен Шийринди Хысраўға кеўил қойдырады, Хысраў атасы менен урысып, Маданиядан[1] қашып Армянияға барады. Махинбануға келеди. Шийрин болса Маданиядағы Иран патшасына сыйынады. Шафур кеткен Шийринге Хысраўдың Армянияға кеткенин еситтиреди. Шийрин Арменияға қайтады. Хысраў тағы да атасының өлтирилгенлигин еситип Иранға қайтады ҳәм Маданияда тахтқа отырады. Хысраў менен Шийрин және ушыраса алмайды. Маданияда көтерилис шығады, Хысраў және жеңиледи, соңында Иранан шығып әўеле Әзербайжанға ҳәм оннан кейин Арменстанға Махинбану алдына келеди, Шийрин менен көриседи.

Шийрин жеңилген патшаны қәлемейди. Хысраў Румға[2] барып, онда Рум императорының қызы Мәриямға үйленеди. Көп әскер менен Румнан Иранға келеди. Өз душпаны болған Баҳрам Шабинди тахттан түсиреди, өзи патша болады. Шийрин Хысраў өз душпанын жеңгеннен соң, оған ҳаял болыўға ўәде береди.

Сол ўақлары Махинбану өледи, Арменияда Шийрин қалған болады. Армяннан шығып Маданияға келеди ҳәм өзиниң меншикли сарайына түседи. Хысраўдың ҳаялы Мәриям олардың қосылыўына қарсы болады. Буннан соң ғана ўақыяға Фарҳад араласады. —Қытай емес, Қытайға барып, Шафур менен оқып келген билимли, уста жигит болып сүўретленеди, ол Шийринге бир канал қазып береди. Буннан кейин Хысраў менен ушырасады. Хысраў Фарҳадтан қәўипсинеди. Хысраў: «Беситун» таўынан мениң әскерим өтетуғын бир жол қазып берсин, сонда «Шийринди аласаң» дейди. Фарҳад ислке кириседи ҳәм бул исте үлкен үлгилер көрсетеди. Фарҳадқа бундай қолдан келмейуғын исти тапсырып, оны әўере-сарсаң қылыўды гөзлеген Хысраў, оның жеңислерин көрип қәўипленеди, шыдамсызлыққа түседи

[1] Мадания—Африкадағы бир қаланың аты.
[2] Рума—ҳәзирги Италия.

ҳәм мәстан кемпирдиң ақылы менен Фарҳадты өлтиреди.

Фарҳадтың ўақыяға қатнасы усы жерде питеди. Дәстан даўам етеди, Хысраў Шакер деген бир қызды сүйеди ҳәм оған үйленеди, бунан соң Шийринди ҳаяллыққа алады. Фирдаусийде болғандай-ақ, Шируя өз атасы Хысраўды өлтиреди ҳәм Шийринге үйленбекши болады. Шийрин Хысраў өлиги үстинде өзин пышақлап өледи. Ўақыя усының менен тамам болады. Мине Низамийдиң «Хысраў ҳәм Шийрин» дәстанының мазмуны усындай.

Низамий дәстаны зор жетискенликке ийе болады. Бул дәстанға жүзлеген еликлеўшилер болды. Олар өз күшлерин сынап көрди, «Хысраў ҳәм Шийрин» жазды. Бирақ ҳеш қайсысы да парсыша қосық жазыўдың уллы устасы болған Низамийге жетисе алмады.

Низамийдан кейин «Хысраў ҳәм Шийрин» дәстанын жазып үлкен жетискенликке ийе болған шайыр XIV әсирде жасаған Әмир Хысраў Дихлауи болды. Әмир Хысраў өз дәстанында Низамий дәстанындағы ўақыяларды толық алған, сюжетин пүткиллей сақлаған ҳәм Низамийде әңгиме не менен басланып, не менен питсе ол да тап сондай қылған.

Әмир Хысраў Дихлауи да өз дәстанын парсы тилинде жазған. Хысраў, Шийрин ҳәм Фарҳад ҳаққындағы сулыў әңгимелер Күн Шығыстағы пүткил көркем өнер дөретиўшилердиң пикирлерин қозғаўдан сирә тоқтаған жоқ. Фирдаусийден бес әсир, Низамийден үш әсир, Әмир Хысраў Дихлауидан бир әсир кейин, бул сулыў тан қаларлық темаға бизиң уллы шайырымыз Әлийшер Наўайы да қайта түсти. Ол өзбек тилинде «Фарҳад ҳәм Шийрин» аты менен пүткиллей жаңа ҳәм өлмес бир шығарма дөретип қалдырды.

Наўайы бул «Фарҳад ҳәм Шийрин» дәстанын жазарда өзиниң алдында Низамий ҳәм Дихлауи сыяқлы уллы көркем өнер усталарының турғанын, олардың бул жөнинде шығармалар дөреткенин билди ҳәм оларға теңлесиў аңсат емес екенин толық аңлады:

Жеңил емес бул майдан ишинде турмақ,
Низамий бесиндей жаңадан бир бес қурмақ,
Шер алдында шер болмағым керек,
Егер шер болмасам шердей боп турмағым керек—

деп жазды. Наўайы—Низамий ҳәм Дихлауийдиң еликлеўшиси болып қалмады. Ол өз халқы ушын өз ана тилинде жаңа, өшпес үлкен шығарма дөретти.

Өзбектиң өз ана тилинде көркем шығарма жазып шығарыў мақсетин иске асырыў менен, Наўайы Низамий ҳәм Дихлауий жазып қалдырған әдебий байлықты жақсы баҳалап, оны критика көзинен өткерип, оған өз дүзетиўлерин киргизиўге мәжбүр болды. Низамий ҳәм Дихлауий да бас қаҳарман болған Хысраў екинши орынға түсирилди. Хысраў, Низамий ҳәм Дихлауийда жақсы адам образында еди. Наўайыда жаман, залым адам образына түсирилди. Наўайы Хысраўды жаман көрди. Хысраў ҳийле менен Фарҳадты өлтирген, гүнасыз бир адамды зулымлық менен онат еткен деп қарады. Хысраўды адамгершиликтен қол үзген бир патша, оның муҳаббетинде адамгершилик сезим жоқ деп тапты. Ол бүгин Мәриямға, ертең Шакерге ҳәм оннан кейин Шийринге ашық болады, оның муҳаббетинде турғылық ҳәм ҳақыйқатлық жоқ, деп билди. Хысраў ашықлық жолында ҳақыйқатлық ҳәм дурыслық орнына үстемлигинен пайдаланады, әдилликти қолланбайды деп қарады ҳәм сондай бир залым патшаны олар көкке көтерип, надурыс мақтады деп Наўайы, Низамий ҳәм Дихлауийди критика қылады:

Вино ишкен адамлар бул кеседен,
Хысраўға мақтаў айтты бир нешеден,

Мүлки аңдай, ҳәм әскери муңдай,
Деп тәрийпледи Хысраўдың күши қандай.. .

Гә «Шабдиз» атлы шапқыр атын,
Ҳәм мақтар гәзийнесин, ҳасыл затын,
Сөйледи, мәслик болған дәстурханнан.
Мақтады, Шапурдан дәстанлар тыңлағанын,
Вино ишип тыңлаўы ушын Барбак[1] саз қурғанын.

Бузург Умит ўәзир Хысраўдың дана ақылгөйи,
Тек дана ақылгөйи емес—деди ол қошаметгөйи

Хысраў базда Мәриям қушағында балқыды,
Шекер тилинен татты ҳәм шалқыды.

Базда патша Шийринге ашық болды,—деди.
Гәҳи Шийрин оның сүйгилиги, гә шорысы еди,—деди.

...Деп бир-еки дәстан айтып өтти.
Ҳәм Фарҳадтан да сөз қозғай кетти.

Мийтиндей бир тас қайданда пайда болады,
Шийрин ышқынан тақатсызлыққа ушырады.

Күндиз биреў Шийринге жолығыў ушын көп еңи
келеди,

Бирақ, оны тас арасында Хысраў өлтиреди.
Бирақ, ҳәр бир уста өзинше не қылады,
Бир қанша маржанды олар атады.
Соның ушын мен басқа иланда қурмадым,
Ҳәм халық жырлайды, оған жақын қыламан.
Мен бул маржанды қосықта келтиремен,
Ким оқыса, таўып алар, оны аныҡ биламен,—

деп жазады:

«Хысраў ҳәм Шийрин» дәстанының шайырлық искусствоға жетик болып, өткир сөзлер менен үлкен шығарма дөреткен болыўына қарамастан, Наўайы оны мағана жағынан терең түрде қайтадан ислеп шығыўға ҳәм оның мазмунына терең өзгерислер киргизиўге, патша Хысраў орнына мийнет сүйгиш Фарҳадты көтериўди керекли деп сезди ҳәм өзиниң бул уллы мийнетин дөретеди. Оның аты «Хысраў ҳәм Шийрин» емес, «Фарҳад ҳәм Шийрин» деп аталады. Залым, адам еркин аяққа басыўшы патша Хысраў өзиниң пүткил иси менен әдил, ер жүрекли ҳәм ҳақыйқатшыл Фарҳадқа қарсы қойылады.

Наўайы дәстанында бас қаҳарман Фарҳад болып, Хысраў екинши орынға түсирилип, ол бас қаҳарманға қарсы, жаман адам ретинде сүўретленип, дәстанның орталарында ўақыяға араласады. Фарҳад мәкәрлик пенен өлтирилгеннен соң Маҳинбану илажсыз Хысраўға бериледи. Шируя өз атасы Хысраўды өлтиреди ҳәм Шийринди өзине алмаққа урынады, бирақ Фарҳадқа ҳақыйқат берилген ҳақ кеўилли Шийрин шөлде өлген Фарҳадтың сүйегин таўып көмдиреди, өзи де оның қәбири үстинде жан береди. Бул қайғыдан Маҳинбану да өледи.

Қытайда Фарҳадтың атасы Ҳақан ҳәм анасы оннан узақ ўақыт хабар болмағаннан кейин интизар менен өлип кетеди.

Фарҳадтың досты, Шын (Қытай) ҳәкиминиң ўәзиринің улы Баҳрам әскер тартып, Фарҳадты излеп Арменстанға келеди ҳәм болған ўақыяны биледи Буннан

соң армян елин өз халқына тапсырып Иранға кетиўге мәжбүр болады. Баҳрам Арменстанда тынышлық ҳәм әдиллик орнатады.

Низамий өз достының айналасына Иран ҳәм Арменстанды киргизеди. Ал Наўайы ўақыяны Шын—Қытай, Юнан (Греция) ҳәм Арменстан топырағында етип көрсетеди.

Булардан Наўайының искусство усталарының уллы адамлары жаратқан шығарманы сюжет, дүзилиси жағынан өзгертип ғана қоймай, оны мазмун жағынан жүдә терең қылып өзгерткени ҳәм пүткиллей жаңадан дөретип уллы жетискенликке жетискени көрининип тур. Наўайдан соң, кейинги өткен 500 жыл ишинде жүзлеген шайырлар «Фарҳад ҳәм Шийрин» жазды, бирақ олардың ҳеш қайсысы да уллы Әлийшер жаратқан дәстан дәрежесине жетисе алмады. Уллы Әлийшер өзине дейин болған көркем әдебият мийрасларын терең ҳәм ҳәр тәреплеме үйренген, керек болған өзгерислерди киргизиў менен оны жаңадан пикирлер ҳәм көркем усталық жағынан жоқары көтере алған шайыр.

Уллы Әлийшер өзиниң бул өлмес дәстанында еки дүньяны жаратқан. Бул, жаманлық ҳәм жақсылық дүньясы, зулымлық ҳәм әдиллик дүньясы, жапа ҳәм ҳақыйқатлық дүньясы. Бул еки дүнья бир тәрептен Фарҳад, Шийрин, Шафур ҳәм Маҳинбану образында, екинши тәрептен Хысраў ҳәм оның улы Гируя, мәккар, ҳийлекер, залымлық исти ҳақыйқаттан қорықпай ислеўши шериклери образында берилген.

Наўайының дәстанын оқығанда, Фарҳад бизиң көз алдымызда дәслеп шын адам мәнисинде ҳәм уллы бир дөретиўши, мийнеткеш тарийхасында сүўретленеди. Қытай ҳәкиминиң улы болған Шаҳзада өзиниң ҳаслы ҳәм нәсилин умытады, әпиўайы бир адам түринде көринеди. Фарҳад—ҳақыйқат адам. Фарҳад ҳақыйқат пикирди қоллаўшы, дурыс инсаплы адамға, ол қайсы елден, қайсы урыўдан ҳәм қайсы миллеттен болыўына қарамастан оның менен бирге өмирлик муҳаббет ҳәм достлық байланысын етеди. Олар менен дос болады, олардың тәғдирине өз тәғдирин жолдас қылады. Олар ушын өлимге ҳәм жүримге басын байлайды. Олардың қайғысын өзиниң қайғысы, олардың басына келген апатты өз басына келген апат тарийхасында қабыл қылады.

Наўайы Фарҳад образында мийнет ҳәм дөретиўши-

ликтиң өшпес үлгисин жаратып қалдырған. Фарҳад жасынан мийнет ҳәм билимге ҳәўес етеди. Халқының турмысының ҳәр бир түри Фарҳад ушын жақын ҳәм өзиниқиндей болып көринеди. Ол ҳәр ске көз сала, сол истиң пүткил ишки-тысқы, жақсы ҳәм жаман жақларын дәрҳал сезип алады. Ол өнер үйренгиси келеди. Шы (Қытай) елинде өнердиң уллы устасы болған тастан нағыс ойғыш Карун өнерин үйренеди ҳәм оған шәкирт болады. Буннан кейин Фарҳад тек бул өнер менен қанаатланбай, сүўретши Манидан сүўрет салыўды үйренеди. Ол өз интасы менен барлық өнерге жетиледи. Сөйтип ол Шийрин тәрепинен:

Дүньяда оған таныс емес илим қалмады:
Оның оқымағаны изертлемегени болмады.

деп айтылған баҳаға өзиниң сәйкес өнери менен ийе болады. Фарҳад дөретиўши, излениўши ҳәм излеген нәрсениң түп-тийкарына жетпегенше тынышланбайтуғын адам сыпатында сүўретленеди.

Өз заманының ең алдыңғы пикир ийеси болған Наўайы өзиниң сүйикли қаҳарманының дыққатын сол ўақытта ең күшли ел деп танылған Юнанға қаратады ҳәм Фарҳадтың барлық қәсийетин, ығбалын қудай емес, Юнан елиниң атақлы философы Сухрат шешеди деп көрсетеди. Фарҳад көп қыйыншылық пенен, Ахраман дәўди, аждарҳаны өлтирип Юнанға барады ҳәм Искендер Румидиң тилсимин ашады, сөйтип Сухрат таўында қарақғы жырада жатқан уллы философ Сухратты табады. Фарҳад Сухраттан өз тәғдириниң китабын оқыйды. Сухрат Фарҳадтың келешегин айтып болып, оның алдында жан береди. Фарҳадтың оннан кейинги өмири Сухрат айтқанша болады.

Фарҳад халық ҳәм адамгершилик алдында үлкен әдеп сақлайды. Ол билим ҳәм дөретиўшиликте тапқан өз өнерин адамзат ушын ислетеди.

Ол Шийрин елине барып үлкен таўды тесип, аўыр мийнеттиң астында жеңилип турған мийнеткешлерди көреди, олардың үлкен иске бел байлағанлықларын, қаншама машақатлар ишинде қалғанлықларын аңлайды ҳәм оларға жаны ашыйды. Оларға жәрдем бериўге кириседи. Оның төмендеги сөзи өзиндеги барлық илимди халыққа бағышлағанын анық көрсетеди.

Өнеримди иште сақлап кетемен,
Бәри бир топыраққа алып кетемен.

Адамзатты гүллендириўге болған бундай исеним Фарҳад ҳаққында халық арасында үлкен аңызды жарыққа шығарады. Ол армянға барғанында ең әдеп оның мийнеткешлерине қосылады. Олардың мүшкилин аңсат қылады. Халық арасында үлкен сөз көтерилип, бул Махинбану, Шийринге жетеди. Шийрин ҳәм Махинбану бундай өнер ийеси көриўге ынтық болады. Махинбану Шийринге ең әдеп зор мийнеткеш туўрасында хабар береди, бул адам Фарҳад еди, бундай күшти Шийриниң көргиси келеди.

Махинбану менен Шийрин Фарҳадтың мийнетин көриўге келеди ҳәм сол жерде биринши мәртебе муҳаббат жалыны Шийриниң жүрегине түсип оны тутандырады. Еки жүректе де тең барабар, шын ашықлық, сүйиўшилик, муҳаббет пайда болады.

Фарҳад пенен Шийрин арасындағы ашықлық жүдә реаль мүнәсибет тийкарында биният болады. Бул ашықлық, Фарҳад ҳәм Шийриндеги ең жақсы қәсийетлер, адамгершиликке, адамзат жәмийетине муҳаббат пенен беккем байланған. Фарҳад пенен Шийриниң арасындағы бул ашықлық адамның камалға келиўине, оның адамгершилик жағынан пәкизе болып өсиўине, еркинлеўине хызмет қылады.

Шийринди сүйген Фарҳад оның сулыў ўатанын, халқын, оның жерин де сүйеди. Оның халқы тыныш ҳәм еркинликте ғәрезсиз болыўы ушын гүреседи. Оның журтын басып киятырған душпанға қарсы шығады ҳәм көкирек керип, өз өлимин мойынға алып оны қорғайды. Шийриниң ўатаны ҳәм халқы қыйланған күнлер, Фарҳад ушын ең азарлы ҳәм қайғылы күнлер болады. Соның ушын халық басына түсетуғын бәлеге ең дәслеп оның өзи қарсы турып, душпанды қайтарыўға ҳәрекет қылады.

Наўайының пикиринде Фарҳадтың тәғдири пүткил ўатан ҳәм халық тәғдири менен айрылмастай болып байланған. Сол халық тынышлық турмыс кеширген ҳәм Ўатанда тынышлық орнаған ўақытта ғана Фарҳадтың муҳаббаты ҳәм оның ийетлери иске асады. Бул Фарҳад образының ең күшли хәм әҳмийетли жери болады.

Фарҳад пенен Шийрин арасында болған мәңгилик дослықтың тийкары бул еки достың екеўинде бир пикир, бир сезимде, бир идеяда болыўында, адамгершилик қәсийетлерине тең ийе болыўда, батыр ҳәм мәртликте бара-бар болыўында, жақсылық қәлипке тең ийе болыўында, өз ўатаны ҳәм халқын бара-бара жақсы көриўлеринде болады. Егер Шийрин Фарҳадтан ақыл ҳәм адамгершилик сезими жағынан азғантай болса да кем болғанда, екеўи арасында ҳеш қандай гармония (байланыс) жүзеге келмеген болар еди ҳәм бундай өмирлик дослық дәстаны да дөретилмеген болар еди.

Фарҳадтағы ең жақсы қәсийетлер Шийринде де толық бар. Шийрин өзин толық маганадағы адам деп сезеди. Ол ең аўыр минутларда Фарҳадтың дәрдине дәрман болып, қайғысын жеңилтеди. Егер де Шийриндеги мәртлик ҳәм ҳақыйқатлық Фарҳад пенен тең болмағанда, Фарҳад та өзиниң сүйиўшилигинде бунчалық жоқары көтерилмеген болар еди. Фарҳадтың өмирин мазмун менен байытқан Шийрин болып есапланады.

Бул жағдай Шийриниң Фарҳадқа жазған хатында ашық көринеди. Наўайы дәстанының ең сулыў жериниң бири болған бул хат Шийринди ҳақыйқат ҳәм таза адам сыпатында көрсетеди. Шийриниң руўхы ең әўели Фарҳадқа тән, ең жақсы мийрибанлық, керек болса ол ушын жан берерлик етип көрсетиледи. Шийрин былай дейди:

Ярым жүрген көшелерди,
Сыпырайын шашым менен,
Шаңы шыққа суў себейин,
Көзимдеги жасым менен.

Буннан 500 жыл бурын жазылған, бирақ өзбек халқы арасында бүгинге дейин үлкен мақтаныш пенен айтылатуғын бул қосық пенен Шийрин Фарҳадқа үлкен ҳүрмет көрсетип, оның жүрегинде қуўат ендиреди.

Шийрин Фарҳадты айрықша жақсы адам есабында сүйеди, бул адам алдында өз миннетин толық анлайды. Хысраўдан жаўшылар келгенде Шийрин төмендеги жуўапты береди.

Талпынбайман, мен тек ашық, ярыма,
Жеткиликли маған, адам болыўда.

Шийриниң бул сөзинен биз оның пүткил турмыс мәнисин аңлаймыз, ол бул сөзлер менен өзине бир үлкен адамгерлик туўдырады. Наўайы бул сөзлер арқалы Шийрин образын пүткил дүнья әдебиятының ең сулыў ҳәм айрықша иелеген образлары қатарына қояды. Шийрин ҳәм Фарҳад адамзаттың ең жақсы дөретиўшилери—ўсталары тәрепинен жаратылып қалдырылған ең жақсы образларды еске түсирип турады.

Фарҳад пенен Шийриниң образы кеўилден ҳеш кетпейтуғыны сыяқлы, олардың (Фарҳад пенен Шийрин) досларының аты да өшпейди. Булар—Шаруф, Махинбану ҳәм Баҳрам. Бул Наўайының дәстанының ең халықшыл жерлериниң бири болып есапланады.

Дослық—халықлар менен адамлар арасындағы бурыннан соңғы тәбийғый нәрсе. Пикир ҳәм рухтағы бирлик, ийгет ҳәм ис жүзиндеги бирлик, ис ҳәм турмыстағы бирлик адамлар арасында дослық тамырын жайып келген. Халықлар ҳәм адамлар арасындағы эксплуататор класслар ғана дослықты бузыўға урынып келген ҳәм бир қанша жағдайларда бузып келген.

Шафур Фарҳадтың шын, өмирлик досты. Шафур тек Фарҳадтың емес, Шийриниң де өмирлик досты. Қытай улы Фарҳад, Армян қызы Шийрин ҳәм Иран улы Шафур арасында болып келген дослық—өлим дастығына шекем өзгермейтуғын ҳәм айнымайтуғын дослық. Бул дослық қыйын күнлерде, гүрес ҳәм машақатларда сыналған, ҳақыйқатлық ҳәм дурыслық тийкарында беккемленген дослық. Бундай дослықтың тийкары терең, күши жеңилместей берик болады. Оны ҳеш қандай күш жыға алмайды. Армян елин шет елдиң талаўшылары басып келген ўақытта бул дослық және беккемленип ашық көринеди.

Дослық бириниң исин бири даўам еттирип, аяқлап отырады. Фарҳад, Шийрин, Шафур ҳәм Баҳрам арасындағы дослық усындай дослық.

Қытай, армян ҳәм иран халықларының перзентлери арасындағы болған дослықларды көрсетиў менен уллы Наўайы гуманист есабында халықлар туўысқанлығын ҳәм интернационализм жырын жырлаўшы болып есапланады.

Хысраў, мәстан кемпир ҳәм Шеруя арқалы дәстанда адамлардың екинши группасын—жаманлық дүньясын көремиз.

Хысраў—залым, халық еркинлигинин реҳимсиз душпаны, өз қара басының мәплиги ушын қан төгиўге, журтты ойран қылыўға, халықлардың турмысын бузыўға таяр турған патша. Наўайы Хысраўда адамгершиликти көрмейди. Бирақ Хысраўдың өз адамлары, өз дослары бар. Бул досларының бири мәстан кемпир болып есапланады.

Мәстан кемпир Хысраўдың ең жақын адамы, досты, бирақ ол адам емес, онда адамгерлик тур жоқ, онда адамгерлик ҳеш қандай қәсийет жоқ. Ол өз өмиринде бир рет те рас сөйлемеген. Пүткил өмири ҳийле, мәккарлық ҳәм алдаўға қурылған. Оны Наўайы былай көрсетеди:

Бул мәстан кемпирдиң бүкленген бойы,
Жер, көкти силкинткен ҳийлеси ойы,
Бетине алдаўлық әжими түскен,
Рас сөз жоқ онда, сондай баў кескен.
Егер ол ислесе сумлық ҳийлесин,
Тасты мум етеди таўып жүйесин,
Егер ол көрсетсе өнер, пешесин,
Әкеге қыз, улға берер шешесин,
...Егер де бир исти терисине бурса,
Жүз үйди ол бузар жуўҳалық қылса,
...Наҳақ қан төгиўди тезден шешеди,
Бәлки өлтирип Фарҳад қанын ишеди.

Мине усындай ҳийлели мәстан кемпир Хысраўдың шын адамы. Ол Хысраў тапсырмасын орынлаў ушын былай дейди:

Егер Фарҳад полат таўдай болса да,
Бир демде саплайман, қорған турса да.

Хысраўдың пүткил өмири мине усындай мәккарлық ҳәм ҳийле тийкарына қурылған, ол тек соны ислеўге ғана мәжбүр, ол тек сол тийкарда ғана жасай алады. Наўайы жүдә қызық сүўретлер менен баян еткен бул кемпир—Хысраўдың қылышы. Ол Хысраў душпанларының басын кеседи. Хысраў мәккарлықты, ҳийлени, бундай исти ислеўши адамларды жақсы көреди.

Хысраўдың екинши досты оның өз улы Шируя болады. Шируяның адам болып қалған ең үлкен иси—ол өз атасын өлтиреди. Мәстан кемпир Фарҳадты өлтиреди. Шируя өз атасы Хысраўды өлтиргенде, оның зулымлығы, халыққа берген азабы, адамгерликтен қол үзгенлиги ушын емес, өзиниң ҳарам ойы—атасы Хысраўдың ҳаялы Шийринди алыў ушын өлтиреди. Мине Хысраў патшаның залымлық дүньясы усындай.

Хысраўдың образын дөретиўде Наўайы барлық инсанлыққа сүйенген ҳәм сол ўақтағы дүньяның залымлық сырын ашқан.

Фарҳад, Шийрин сыяқлы мазмунлы адамлар алдында Наўайы Хысраўларды мәгана жағынан пуш ҳәм оның өли жанлылығын сүўретлейди. Фарҳадты шын муҳаббет адамы ретинде сүўретлесе, Хысраўдың Шийринге ашықлығын мәгана жағынан еки аяқлы ҳайўан ретинде сүўретлейди.

Наўайы Хысраўды адамзат гүлистанында көгерген бир ҳарам шөп есабында сезеди ҳәм сондай қылып сүўретлейди. Хысраўдың залымлығынан Фарҳад өледи, Маҳинбану өледи, Армян ели ойран болады. Наўайының пикиринше Хысраў адамзаттың ҳарамы душпаны болып есапланады.

Хысраўдың муҳаббаты—шын, адамгершилик муҳаббет емес, Фарҳад бул муҳаббетке күлип қарайды. Фарҳад былай дейди:

Бул адам урыс майданына удайы ат айдар,
Бул иси менен ашықлық ҳаққында қалай мақтанар.
Әжайып, ис, әскерлери жарақланған сонындай,
Гүңгирт еткен жерди көкти көк булттай.
Бир елдиң мәмлекетинде адамларды өлтирип,
Тақы—тахтын алмақшысаң ол елди көндирип.
Ол елдиң ойран қылып мәмлекетин,
Шийринниң сындырып кеўлиниң гилтин.
Оның жеңилиўи ушын қура турып зулымлық,
Еситтим сеннен ашықлық жөнинде мылжыңлық.
Сениң ашық болып, әжайып болыўың булай,
Я ашықлық ҳәм дурыслық жагдайы бола ма солай?
Биреўге ашық болып созсаң қолың,
Аўҳалын ойламаймекен сирә оның?

Бул сөзлер Хысраўдағы муҳаббет—адамгершилик муҳаббет емес екенин анық көрсетип тур.

Шийрин де Хысраўды жаман көрди. Шийрин Хысраўды сүйген жоқ. Оны залым, қанхор деп атады. Наўайы Шийриниң Фарҳадқа жазған хатында төмендегини келтиреди:

Пәрўаз жөнинде де сөзлер көп еди.
Гәҳи залым, гәҳи қанхор деп еди.
Армян елин шаўып ойран қылғанын,
...Ашық болса Пәрўаздайын егер де,
Айтты, халқын талап ҳәм де қырғынын...
Ашық оты сөнген жақсы сол жерде.
Бундай ашықлықты көрмесин көзим,
Қудай сақласын, түспесин жўзим.

Шийрин Хысраўға ҳаял болыўды, оның патша деген зор инабатына қарамастан, шыдап болмайтуғын үлкен бир хорлық деп түсинеди.

Фарҳад ҳәм Шийрин гүресшең адамлар образы. Олар ең берик ҳәм ең жақсы қәсийетлерин өзлеринде берик услап өлгенинше өз идеялары ушын дүнпан болған Хысраўға қарсы гүреседи.

Бирақ Фарҳад ҳәм Шийрин жасаған жәмийетте Хысраў үстем еди. Соның ушын өмир бойы бахыт излеген Фарҳад удайы бахытсызлыққа түседи. Ерик излеген Шийрин өлимге жолығады. Хысраўдың қанлы қолы менен жақсылық ҳәм әдиллик жоқ қылынып, жаманлық ҳәм әдилсизлик үстем болады. Еки таза адам әдилсизлик дүньясында қурбан болады.

Фарҳад пенен Шийриниң өлимине жүрек-баўыры қан болған уллы Әлийшер, жақсылардың өлиминен жаманлардың рәҳәтлениўи ҳаққында сол заман ушын жүдә характерли болған мақал сөзлеринен дөретеди: «Гәўҳардың ең ҳасылы якут болады, бирақ заман оның баўырын тесип қан қылады. Күннен барлық нәрсе нур алады, бирақ түн оны қараңғы қылады. Көгерип турған теректи кесип жағыў бир от жаққыштың кеўлин тындырады, Фарҳад қанын аямай төгиўден Хысраў ғана мәслик қурады»—деген сөзлер Фарҳад пенен Шийриниң өлимине Наўайының қалай қарағанын ашық көрсетеди.

III

Фарҳад пенен Шийрин образына ашықлық руўхы, ўатанды сүйиўшилик, оны қорғаў идеясы, ҳақыйқатлық ҳәм әдиллик идеясы, өмир сүриў ҳәм батырлық идеясы, мийнет ҳәм дөретиўшиликке муҳаббет идеясы менен суўғарылған. Фарҳад пенен Шийрин тәғдири—Наўайы-ша жақын ҳәм бир заманлас халықлар тәғдири, оның ең жақсы, ең алдыңғы кисилериниң тәғдири болып есап-

ланады. Бул мүлк ҳәм әдилсизлик орнаған жәмийетте, өмир ҳәм еркинлик ушын гүрескен халықтың ең жақсы ул ҳәм қызларының тәғдири.

Халық Фарҳад пенен Шийрин образында өзиниң өткендеги қайғылы тарийхын көрип келген.

Революциядан бурын бизиң халқымыздың ул ҳәм қызларының басынан Фарҳад пенен Шийрин кеширген аўыр күнлер ҳәм қайғылар, турмыслар кеширилип келген. Бизиң халқымыз тек Октябрь революциясы, Лениниң партиясының басшылығы астында бахытқа жетисти. Фарҳад пенен Шийрин кеширген турмыс—халқымыздың өткендеги кеширген турмыс тарийхы ғана болып қалды.

Тек совет ҳүкимети тусында ғана халықтың ең жақсы перзентлериниң уллы өзбек шайыры Әлийшер Наўайының да өткен өмирлерде еткен тилеклери ҳәм үмитлери иске асты.

«Фарҳад ҳәм Шийрин» поэмасы қарақалпақ тилине аўдарылып атыр. Биз, буның менен қарақалпақ әдебиятына үлкен жаңалық ҳәм байлық қосамыз. «Фарҳад ҳәм Шийрин» поэмасы қарақалпақ халқына бурыннан да таныс, бирақ олар өз ана тилинде емес еди. Тек енди ғана қарақалпақ халқы өз ана тилине аўдарылған уллы шайырдың Фарҳад ҳәм Шийрин ҳаққындағы суўлыў поэмасына ийе болады.

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1940-жыл, №165.

ТАРАС ГРИГОРЬЕВИЧ ШЕВЧЕНКО

Украинаның уллы шайыры Тарас Григорьевич Шевченконың туўылғанына 1939-жылы 9-мартта 125 жыл толды. Тарастың ҳақыйқат халық шайыры екенлигин Алексей Максимович Горький бир неше мәртебе атап көрсеткен еди. Алексей Максимович Горький бир мақаласында Шевченконың творчествосын Пушкинниң творчествосы менен қатар қойып, сөз өнериниң бул еки үлкен күшин—«асқан көркемлик, оғада зор күш пенен халықтың қәсийетин бойында сақлай билген адамлар» деп атаў менен қатар «бул қуўанышлы көринис» деген еди. Шайырдың тири ўақтында, 1860-жылы ол туўралы Добролюбов та сол қусаған пикирди жазған еди: «Шев-

ченконың пүткил ой-әриси, сана-сезими халық шынлығы менен, қурылысы менен тығыз байланысты. Ол халық ортасынан шықты, халық пенен бирге өмир сүрди. Тек ой-пикири менен ғана емес, ол өзиниң өмир сүриў жағдайлары менен де халық пенен беккем байланысты. Жан-тәни менен араласып жүрди. Ол халықтың жырына да күтә жақын еди. Халық жырында, халықтың өткен заманлардағы тәғдири, Украина халқының пүткил характери сүўретленетуғынлығы белгили гәп.

Жыр және ой-пикир Украина халқының алтын ғәзийнеси, баҳалы даўлети болып табылады. Ол жырларда ўатанға деген муҳаббат жаланы шалқыйды. Өткен заманлардағы айта қалғандай ерликтиң толқынлары көринеди, ол жырларда ҳаяллардың сүйкимли таза муҳаббатының ,әсиресе ана муҳаббатының толқыны сезилип турады[1]...

Некрасовтың, шайырлың өлимине арнап жазған қосығындағы образлы сөзи менен айтқанда, Тарас Украинаның нағыз халық шайыры болыўы менен қатар, пүткил рус елиниң тамаша адамы еди.

Ол «залымлық дүньясын жайнаў ушын полат балта сайлап, оны өткирлеп қайраңлар» деп жар салды.

Өзиниң аз ғана өмириниң ишинде Тарас Григорьевичтиң басынан кеширген ислерин толық санап бериў аңсат емес.

Ана қушағында, бесикте жатқан ўақтында да оны өмир жыллы шырай менен қарсы алмады. Оның көзин ашқалы көргени: Енгелгардт деген поменциктиң қарамағындағы крепостной дийханның көп адамлы жүдеў әбигер семьясы «пәтигин түтининиң қара күйеси басқан жаман ылашық» еди. Тарас бурынғы Киев губерниясы, Звенигород уезди селосында 1814-жыл 8-март күни туўылды. Оның әкеси Григорий Иванович Шевченко, Тарас туўылған соң кешикпей Кириловқа аўылына қоныс аўдарып көшип барады. Ондағы ылашығының да бурынғы ылашығынан жақсы жери шамалы болады. Оның балалық ўақты, соңғы ылашығында өтеди, сонда өткизген аўыр турмысы ҳаққында шайыр өзиниң қосығында тамаша сүўретлейди:

---

[1] Добролюбов — «Кобзар» ҳаққындағы мақаласы. 1860-жыл.

Бейиш деп мен ҳеш айтпайман,
Ағаш ишиндеги ол үйди,
Мөлдир суўдың жағасында.
Аўылдың ең шетиндеги.
Көргекке орап, бесик жырын,
Айтып зарлы ән менен анам,
Ҳайлаған онда мени,
Өзиниң жас баласына,
Қуйған шерин жүректеги.
Сол ағаштың ишиндеги,
Кип-кишкене сол үйде нақ,
Бейиште мен көрдим дозақ...
Ериксизлик онда азап,
Аўыр жумыс, түнек түрьме,
Мүмкиншилик бермейди ҳеш,
Жалыныўға қудайға да.
Онда мениң мейримли анам,
Жасынан-ақ кемтарлықта,
Мийнет пенен кирди көрге.

1823-жыл. Тарас тоғыз жасқа аяқ басқанда, «Паншинаның ҳәдден тыс аўыр жумысының, семьядағы жети адамды асыраў ушын шеккен мийнетиниң зардабынан анасы мезгилсиз қайтыс болды. Қараўында бес баласы бар крепостной—гедей дийхан Григорий Шевченкоға қалай да «Үй жумысының хозяйкасын» алыўға туўра келеди. Бала-шағасы бар жесир ҳаял болмаса, оған ким тийе қояды... Ол илажсыздан бала-шағалы ҳаялға үйленеди. Оның бала-шағасы қосылған соң табақтың бетиндей ылашықтың ишинде урыс-қағыс пайда болады. Өгей анасының қорлығына жаны төзбей наразылық билдирген Тарасты ол мейлинше жек көрип, соңына түсе баслайды. «Өгей шешемди, жыйыңды балаларды ең болмаса алыстан көзи шалған адам» дейди. Тарас Шевченко айдаўда жүргенде[1] «оның нағыз жеркеншили мерекесинде көргенди». Бир мәҳәлде өгей шешеси, постойал солдатының үш «алтының» (45 тийин) урладымыс деп Тарасқа жала жабады. Сол ушын үш сутка бойына аяўсыз таяқтың астына алады, өзи менен туўысқан Ирина, ағасының таяқтан жығылып, есинен танып жатқанына шыдай алмай Тарасқа ақыл айтады. Оның ақылы бойынша Тарас, өзи сүттен ақ, суўдан таза бола турса да, урлағаным рас еди деп мойнына алады. Бирақ ақшаны қай жерге тығып қойғанын айта алмайды. Соннан кейин анаў жалоқорлар оны тағы соққыға ала баслайды. Өзлери әбден қалжыраганша урады да, есинен тандырып қараңғы жайға қамап таслайды. Ақша-

ны өгей шешесиниң баласы Степенко урлап алғанын түбине тығып қойғаны соңынан анықланды...

Усындай аўыр турмыста оған бирден-бир сүйеў, тәсирине қуўат болған өзиниң туўысқан анасы Катерина. Тарас өзиниң биринши үлкен поэмасын соның аты менен атаған. Катеринаны, қарындасы Иринаны ол өмир бойынша жақсы көрип, олардың тағдыр ойлап отырған, олар өзлериниң туўысқанлары менен бирге өле-өлгенше крепостнойлық турмыста қысым көрип өткенине ызаланған, қайғырған. Тарас өзиниң 1860-жыл «Народная чтение»ниң редакторына жазған автобиографиялық хатында «олар усы күнге шекем крепостнойлық турмыста» деп жазып еди.

Тарас илимге, әсиресе сүўрет өнерине қарыналайынан-ақ қумарланады... Тарастың бул қумарлығын сезген, және дөгерегиндеги журт саўатсыз болса да, илимниң пайдасын түсине билген әкеси, оны попқа оқыўға береди. Ол мәҳәлдеги мектеплерде, ол түўе қалалық рәсмий мектеплердиң өзинде де балаларды урып-соғыў, қорқытыў тәртиби болатуғын еди. Москўнем попың мектебиндеги тәртип те тап усындай еди. Шайырдың туўысқаны Ворфоломея Шевченконың айтыўына қарағанда, усы мектептиң оқыўшылары шемби сайын таяқтан жығылып ,денелери көк-ала қойдай болады екен. «Бизди аямай жийи-жийи уратуғын еди. Санаўлы балалар ғана урыўдан аман қалатуғын еди. Өйткени оларға жеткенде поп шаршап қалады да, дем алыў ушын жатып қалады» дейди ол. Әсиресе Тарастың көргән күни қыйын болады.. Попқа хызметкерликке берилген ол, ҳәм оқып, ҳәм оның суўын әкелип, отының майдалап жумысын иследи.

Тарастың екиниш муғаллими Бугорский де бурынғысынан кем болмады. Тарас оның қолында еки жылдай азап шегеди. Жоқарыда айтылған автобиографиялық хатында Тарас усы муғаллими туўралы былай деп жазады: «Өмиринде биринши рет ислес болған усы зулым бир адамның екиниш адамға иследиўғын қыянети ҳаққында мениң жүрегимде өмирде естен шықпайтуғын жеркенишли из қалдырды»—деди.

Шевченко өзиниң өмиринде биринши рет әшти сол муғаллимнен алады. «Бир күни ол есинен танып мәс болып жатыр екен. Өз қамшысы менен өзин урдым» деп жазады Шевченко. Шевченконың езиўшилерге қарсы өшпенлилиги усылайынша улғайып өсе береди. Өшпенлилик ақырында не бир зорлықты, социаллық теңсизликти, мийримсиз қыянетти күшейткен феодаллық—патриалық дүзимге қарсы саналы түрде аяўсыз гүреске айналды.

Ақыллы, зийрек Тарас оқыўды тез меңгерип алады. Сол мәҳәлдеги мектептиң ҳайўанлық методының салдарынан оқыўшылар 4—5 жылда зорға саўатын ашатуғын болса, Тарас не бары еки жылда саўат ашады. Сырғыя поптан қашып шығып кеткен Тарас, бала ўақтынан қумар болып жүрген сүўрет өнериниң муғаллимин тағыўға алыўға талапланады. Бирақ таўып алған муғаллимлериниң бирде-бири талантлы Тарасқа жарытып билим бере алмады. Соңлықтан да ол муғаллимлердиң биринен соң биринше алмаса береди. Жумыс ислеп үйренейин деген үмит пенен Тарас өзиниң туўысқан ағасы Никита менен бирге дийханшылық пенен айналыспақшы болады. Бирақ өзиниң кеўлине қонған сүўрет өнерине қумарлықтың салдарынан Хлебновка аўылындағы бир бояўшыға барады. Бирақ бояўшы қолында да гүўалық қағазы жоқ крепостной баланы өз қолына алыўдан бас тартады. Шевченко усы жерде турыўға ерк сорап, Олшанский именесиниң басқарыўшысы Димитренкоға арза береди. Димитренко оны Енгелгардт помещиктиң малайы етип қалдырады. Сол ўақытта 15 жасқа келген Тарас, дәсленки ўақларда асханада тамақ писириўши болып ислейди де, соннан кейин үй ишиндеги күтиўши бала хызметине алмастырылады. Сол жумыста ислеп жүргенде ол помещик пенен бирге, туўған аўылынан, Украинадан кетип шетте еки жыл жүреди.

Поляк помещиклериниң дәстүри болған «күтиўши баланың» миннети панларға хызмет ислеп, тырп етпей, солардың жумысында болып, жумған аўзын ашпай, не буйырса соны орынлап махорка шегетуғын трубка шырпысына дейин алдына тутып турыў болған. Бойында өнери бар Тар ас ушын бул аўыр азап, нағыз каторға сыяқлы еди. Бир күни Енгелгардт үйде жоқта Тарас түнде отырады да, 1818-жылы болған ўатан урысының геройларының бири Палатовтың портретин салады. Күтпеген жерден помещик келип қалып, үстинен шығады. «Ол мениң қулағымнан тартып жағыма шаппат берип жиберди. Келеси күни өзиниң ат бағыўшысы Сидоркаға

мынаны дүрреле деп буйрық берди. Оның буйрығы толық орынланды» дейди, Шевченко өзиниң автобиографиялық хатында.

Усы Вилнода жүргенде Шевченко поляк тилин үйренеди. Сөйтип поляк тилинде жазылған китапларды өз бети менен оқыйтуғын болады. Мицкевичтиң және басқа поляк жазыўшыларының шығармаларын, Лиевелттиң эстетикасын оқыйды.

Енгелгардт 1831-жылы Петербургқа көшеди, қолындағы басқа малайлары да, Тарас та бирге көшеди.

Қысқы суўық, жазғы турымғы ылайсаң, жыртық кийим саў жери жоқ жыртық гөне етик,—мине усындай ҳалда болған Тарастың аяғы түсип қала жазлайды, усы мийнетлердиң салдары шайырдың наўқаслы болыўына, мезгилсиз өлиўине себеп болады...

Петербургқа барғаннан кейин Шевченко помещикке жалынып жалбарынады. Ақырында 1832-жылы помещик оны Ширяев деген цех бояўшысына шәрт пенен күнликшиликке береди. Шайырдың айтыўына қарағанда Ширяев та нағыз мийримсиз, оңбаған адам екен. Ширяев қаншама қатты услап, мойын бурғызбаса да Тарас жаздың ашық түнлеринде жасырынып шығып, жазғы бақшаға шығып жүреди ҳәм сол күнлери Тарас Григорьевич қонысласы, художестволық академияның студенти Л. Сошенкоға ушырасады.

Иван Максимович Сошенко Тарастың талантына ҳайран қалады, турмысының аўыр екенин көрип жаны ашыйды. Ол Тарасты жазыўшы Евгений Гребенко менен таныстырады. Художестволық академияның секретары Григорьевич пенен және атақлы живопись профессоры Брюлов пенен таныстырады. Профессор Тарасқа сүўрет өнеринен ҳақысыз, пулсыз сабақ оқытпақшы болады. Өзи крепостной болғанлықтан, академияға кирип оқыўы мүмкин емес еди. Академияның студентлигине крепостнойлар алынбасын деген арнаўлы приказ жақын арада ғана дағазаланған еди. Өйткени академияда оқып жүрген студентлердиң көби помещиклердиң ҳайўанлық азабына төзе алмай, экзамен бере алмай, буўынып, суўға кетип уў ишип өлип ататуғын еди.

Жыл артынан жыллар өте берди. Шевченко живопись өнеринде көзге түседи. Сол мәҳәлдеги нағыз билимли қәўиминиң дөгерегинде жүрип, Тарас мүмкиншилигине қарай өнерди үйрене береди... Бирақ қуллықтан азат бола алмады. Оның түймедей кемшилигин түйдей қылып помещиклердиң гез келген қол шоқмарлары боқлап, урысып дүррелей береди. Бир күни Енгелгардтың үй қадағалаўшысы Тарасты «қуллардың арасында еркинлик ҳаққында, ҳуқық ҳаққында сөз сөйлеп тур екен» деп айыплап, ат қорағa апарып дүррелемекши болады. Бул жумысқа Иван Максимович Сошенко аралассын, помещикке жалынып Тарасты аман алып қалады.

Әлбетте, бундай аўыр турмыс, азатлықты көксеген жас адамның жанына қатты батады. Тарастың жан аўыр дослары оны аяп, ақша берип, қалай да болса оның басына азатлық әпермекши болады. Бай Енгелгардт (соңғы мәҳәлде «Колиев—көтерилисшилерине сыдя болған, 17 мың крепостнойларды иелеген, бир неше он мыңлаған десятина жерге хожа болған, Польша магнаты Баратинскийлердиң мийрасхоры болған) Шевченконың қунын 2500 сомға баҳалайды. Бул хабарды Репина деген ҳаял арқалы еситип, Тарас Григорьевич әбден ызаланады. Оған рус жазыўшысы В. А. Жуковский болысады. Ол Тарасқа шыдай тур деп хат жазады. Соннан кейин Жуковский өзиниң шайыр дослары менен бирге, Брюллов иелеген өзиниң портретин лотерея билетине тигип ойнайды да, соннан түскен 2500 сом ақшаға 1838-жылы 5-май күни Тарасты сатып алып азат етеди. Бул мәҳәлде Тарас Григорьевич 24 жаста еди.

Тарас «азатлық, азатлық» деп бақырыўы менен жүўырып, Сошенконың үйине барады да, қолындағы сүўретлерин ылақтырып таслап, достының мойнынан қушақлайды.

«Екеўимиз де баладаң еңиреп жыладық. Бул сахна усылай аяқланады», дейди Иван Максимович.

Азат боласаң деген хабарды еситкенде Тарас Григорьевич ғайратланып, мейлинише қуўанады. Азат болғаннан соң художестволық академияға кирген Тарас енди илимди үйреннўге жан-тәни менен кириседи. Бирақ ол сүўрет өнерин үйрететуғын пәнлер менен қатар, жалпы тарийх, теория, искусство тарийхы, дүнья жүзиниң, ески заманның, рустың әдебиятын оқыйды. Оның шығармаларында жазылған сөзлерине қарағанда, социал-экономикалық илимди де оқыған, утопиялық социализмниң ўәкиллери

Сен-Симон, Фурьелердиң илими менен танысқан, Адам Смит, Прудон, Годвин, Томсон және Англия менен Францияның басқа экономистлериниң китапларын оқыған деп айтыўға әбден болады.

Қуллықта жүрген мәҳәлиниң өзинде де, азат болғаннан көп ўақыт бурын Шевченко жасырын қосықлар жазған. Азатлық алғаннан кейин ол, шайырлық творчествосына жан-тәни менен кириседи. Сол 1838-жылы ол толып атырған қысқа қосықларының үстине «Катерина» деген поэма жазады.

Соннан кейин, 1840-жылы «Кобзар» шығады. Поэманың иллюстрациясын өзиниң досты художник Штеренберг жасайды. «Кобзар»ға кирген шығармалары романтизм тәсири менен жазылған. Ал 1842-жылы басылып шыққан «Гайдамаклар» деген поэмасында романтизмниң тәсириниң қалдығы бола турса да, нағыз реалистлик образлар береди. Дийхан, гедей Ларема Галайдаполяк панларына—магнатларына қарсы гүрескен ер жүрек көтерилисшиниң образы. 1843-жылы Петербургтан өзиниң туўған елине барып қайтқаннан кейин Шевченконың реализми оннан сайын өрислейди, патшаға қарсы «Түс» деген поэмасын реалистлик ызалы сатира менен жазады.

Басына азатлық алыўы менен өзиниң туўған елине қайтыўға ынтығады, өзиниң туўысқанларын көргиси келеди. Бул мақсети 1843-жылы орынланып, ол Крыловқа, Шигрин Лагоин және басқа аўылларға барады. Ер жетип ақылы, билими есейген Тарас, бул сапары көрген патас турмысқа, неше әлўан қыянетке ызаланады, жаны қыйналады. Бул сапарғыдан алған тәсирин, көзи менен көрген ҳәдийселерин «Түс» поэмасында сүўретлейди. Бул поэмада Шевченко, Украина жериниң сулыў жаратылысы менен крепостной дийханлардың аўыр турмысының арасындағы қарама-қарсылықты сүўретлейди. Сибирьге жер аўдарылған декабристлердиң шеккен азабын еске түсиреди. Николай патшаның зулымлығын, елди жудырық пенен, зорлық пенен бийлеп отырғанын, оның ярым ес ҳаялын ермеклейди.

Художестволық академияны 1845-жылы питкерип, Тарас Григорьевич биротала мәкан етип турыў ушын Украинаға кетеди. Украинаға келгеннен кейин ол көп қосық поэмалар менен қатар өзиниң «Қавказ» деген

атақлы поэмасын жазды. Тарас бул поэмасында да «Христиан дининиң жоқарғы мәденияты» бос сөздий дәлил қылып, бостанлықты сүйгиш Кавказ халықларын езип-жеснинен отырған Николай I ни масқаралап жазады. Сатира менен жазған усы еки поэмасы ушын патша көп кешикпей Тарасты қатты жазаға буйырады.

1846-жыллың аяғына таман Киев қаласында Крил—Мифодий қәўими деген жасырын шөлкем шөлкемлестириледи. Бул шөлкемниң бағыты революциялық емес, гилең утопиялық болған. Тарас Григорьевич бул шөлкемге ағза болып кирмеген—өйткени ол гилең революциялық бағыт услап, революциялық пикирде болған. Деген менен сол шөлкемниң ағзалары Костомаров, Кулиш, Сабиш және басқалар менен ушырасып, кеңесип жүрген. Петров деген студенттиң көрсетиўи бойынша шөлкемниң ағзалары тутқынға алынады. 1847-жылы 18-апрельде Чернигов губерниясына барған сапарынан қайтып келип университеттиң сүўрет сабағының муғаллими болып иске кирисейин деп турғанда Шевченко да тутқынға алынады. Шөлкемге ҳақыйқат қатнасқан адамларды аўыр жазаға буйырмаса да «Түс», «Қавказ» поэмалары ҳаққында Шевченкоға тисин қайрап жүрген Николай I оны аўыр жазаға буйырады. Шайыр Оренбург қаласына солдатлық хызметине өмирлик айдаўға жибериледи. Бунда офицерлер былай турсын, фельдфебел дәрежесиндегилердиң өзи де ҳеш бир иркинишсиз урып-соғыўға ықтыярлы болады. Шевченконы судлаған ҳүкимге патша өз қолы менен: «Шевченконың жазыўына, сүўрет салыўына биротала тыйым салынсын» деп жазады. Сөйтип шайыр өзиниң жаны сүйген, қайғысына демеў, жанына сая болған өнери менен шуғылланыў мүмкиншилигинен де айырылады.

Жандармлар Тарасты Оренбургқа шекем 8 сутка айдайды да, Орск (жаман қала) крепостының линиялық жолы бойындағы 5-инши Казак—рус батальонына апарады. Көп кешикпей шайыр жергиликли әскерий ҳәким капитан-лейтенант Бутковқа арза берип, Арал теңизине баратуғын экспедицияға жибериўди сорайды. Бул экспедицияда да турмыс жағдайы қанша аўыр болса да, крепосттағы турмыстан әдеўир тәўир сыяқлы болады. Өйткени шайыр бул экспедицияда жүргенде теңиз көринислериниң сүўретин салады, «Молния», «Сотник», «Шбашка», және басқа шығармаларды да жазады. Аз

ўақыт болса да мәскүнем офицердиң қысымынан қутылады. Экспедициядан қайтып келгеннен соң, қосық жазады, сүўрет салады деген көрсетиўлер бойынша жергиликли ҳәкимлер оны бир меңиреў тұнкирдеги Ново-Петровский крепостына жибереди.

Шевченко өзиниң досты артист С. С. Кулак Артемовскийге жазған хатында: «Қумлы-таслы қула-майдан, ең болмаса шөби де, ағашы да жоқ» дейди. (Артемовский атақлы «Запорожец за Дунаем» операсының авторы). Усы қула-майдан далада шайыр жети жыл турады. Оның сыртынан қатты бақлаў жүргизиледи. Қандай жазаға болса да белин беккем буўған Шевченко жазыўды тоқтатпайды. Л. С. Тургеневтиң айтыўына қарағанда. Тарас Шевченко өзиниң шығармаларынан китапша дүзип, оның сыртын тери менен тысласып, етигиниң қонышына салып жүреди екен. Ол өзиниң рус тилинде жазған повестьлериниң көбин усылай жасырып жүрип жазған. 1857-жылдың июнь айынан баслап күнделик жазыўға кирискен.

Буннан көп ўақыт бурын 1856-жылы Александр II тахта отырғанда сиясий қылмысларға кешириm (амнистия) болатуғын болып маған да кешириm болар деген үмит Тараста да болған еди. Бирақ Александр II Шевченкоға кешириm бериўден бас тартады. «Шешемди сөккен» Шевченкоға кешириm бермеймен,—дейди. Тарас Григорьевич өзиниң «Түс» деген поэмасында оның шешесин «ший аяқ көк қутан», «қуўран қалған замаррық» деп атаған еди.

Бирақ художестволық академияның Вице-президенти Г. П. Толстой баслаған алдыңғы қатарлы мәденият ғайраткерлери шайырға кешириm бериўди сораныўды тоқтатпайды. Ақырында 1857-жылы 15-май күни Тарас, өзиниң досты Михаил Матвеевич Лазаровскийден, босайтуғын болдың деген хабар алады. Босатыў ҳаққындағы расмий буйрық қолына тийгенше көп ўақыт өтеди.

Тарас өзиниң күнделик дәптерине 1857-жылы 2-июльде былай деп жазады: «күтә қыйын, айтып тил жеткизе алмастай қыйын. Усылай күтип жүргенде есимнен танатуғын болдым. Тутқынға ал деген буйрық сондай тез орынланып еди, ал енди босат деген буйрық усындай узақ ўақытта орынланады екен».

Шынында да шайырдың Петербургтан айдап кре-

постьқа апарғанда не бәри 8 сутка жүрип еди. Ал енди босатыў керек деген хабарды бир неше ай күтиўге туўра келди. Сөйтип ақырында шала-шарпы болса да босанып шықты. Комендант Усков буйрықты күтпей-ақ 15-август күни Тарасты крепостьтан босатып, Астрахань қаласына жиберди.

Тарас Астрахань қаласына барып, пароходқа мине-ди де, 3-октябрь күни бурынғы Нижний Новгород (ҳәзирги Горький) қаласына жетеди. Бул қалада ол үлкен сынға алынады. Барыўы менен Тарас полициядан усы қалада қаласаң деген буйрық алады.

Алты ай турғаннан кейин ол орталық қалаға барып турыўға рухсат алады. Бирақ шайыр өлгенге шекем оның сыртынан полиция қадағалаўы жүргизиле берди. Соның менен Шевченко өзиниң 47 жыл өмириниң ишинде не бәри 9 жыл азатлықта болады (1838-жылдан 1847-жылға шекем). 24-жыл өмирин крепостьта, 10 жыл өмирин штраф төлеп төмендеги әскер дәрежесине түсирилип Азия крепостьларында өткизеди. Ең ақырында 4 жыл өмирин полицияның қатты қадағалаўында өткизеди, сол ақырғы жыллардың өзинде де ол бир неше мәртебе тутқынға алынды.

Петербургқа келгеннен кейин Тарас Григорьевич жазыў жумысына жан-тәни менен киристи. Босқа өткен жыллардың есесин толтырыўға тырысады. Нижний-Новгород қаласында жүргенде «Неолитлер» деген поэма жазады. Ол поэманы өзиниң, 1842-жылдан берги досты, атақлы актер Щепкинге арнайды. Сол поэманы Тарас өзи менен аманласыўға Нижний Новгородқа Щепкин келген мәҳәлде соған естелик етип жазған. Петербургта ол «Мария», «Ожий XIV глава», «Мимлий Лийта», «Муза» және басқа поэмаларын жазады.

Аўыр турмыс, уўлы қайғы, қатты азаптың салдарынан нашарланған ден саўлығы кем-кемнен төменлей береди. Ақырында аўыр науқасқа шатылып 1861-жылы 10-март күни, былайынша айтқанда крепостной ҳуқықты жойыў ҳақкындағы манифест жарияланардан бир неше күн бурын Тарас қайтыс болды.

Шайырдың өлими Россияның сол мәҳәлдеги алдыңғы қатарлы пүткил қәўимлерин қатты дағдартты. Атақлы Беранженың аўдарыўшысы демократ Курошкин Петербургта шайырдың қәбириниң басында былай дейди: «Тағы да бир, жаңа қәбир пайда болды. Тағы да

бир ҳадал нийетлк, ашық жүзли адам арамыздан кетти; Ҳүрметли ҳасыл жанлардың бири болған, халықтың жырын жырлаған, халықтың әрманын, ойын ҳақыйқат және өлмейтуғын сезимин айтып берген ылайықлы адамның, гүреске исенимге, мийнетке толы өмирин үзилди»...

Шайырдың денесин Петербургтан Украинаға апарып жерлеўге патша ҳүкимети бир ярым айдан соң рухсат береди. Шайырдың ўәсияты бойынша оның денеси 1861-жылы 10-май күни Днепр дәрьясының жағасындағы Шериешше таўына жерленеди. Шайырды жерлеген журтты қадағалаўшы конвойлар қоршап турады. Ҳәзирги ўақытта шайырдың қәбирине кең пайтахт Советлер Союзының тум-тусынан топ-тобы менен адамлар келип-кетип атады.

Шевченконың творчестволық ҳасыл мийрасы Ленинлик әжайып заманымызда ғана толық баҳаланып отыр. Шевченко,— Добролюбов, Чернышевскийлердиң типиндеги демократ-революционер еди. В. И. Ленин Добролюбов пенен Чернышевскийди социалистлердиң алдыңғы буўыны есабында санаған.

Шевченконың творчествосы нағыз халықтың творчествосы деп берген баҳасын жоқарыда айттық. Тарас Григорьевич патшаға қарсы «балта қайраў керек» деген пикирин өзиниң 1859-жылы Герценге жазған хатында Чернышевскийге де айтқан еди. Өмиринің соңғы жылларында Шевченко, рустың революциялық пикириниң усы еки ўәкили менен (Добролюбов, Чернышевский) тығыз байланыслы болып, солардың изи менен жүрип, өзиниң жалынлы шығармалары арқалы патшалы Россияның пүткил халықларын көтерилиске, азатлық ушын, жақты турмыс ушын гүреске шақырды. Ол өзиниң шығармаларында, крепостной дийханлардың аўыр өмирин патшаның қол шоқмарларының, помещиклердиң зорлық-озмбылықларының қысыўметин сүўретлейди. феодаллық-патшалық тәртип халықтың өшпенлигин күшейтти. Сол дүзимди қулатыўға ынтықтырды. Өзиниң тарийхый поэмаларында, озалығы душпаны поляк панларына қарсы, Украина халқының қаҳарманлық тартысларын сүўретлеў менен, шайыр халықты езиўши панлар интервентлерине өз ўатаны ушын гүреске умтылдырды.

Тарас Григорьевич техниканың, индустрияның әҳ-

мийетине де түсинди, булар түбинде капиталға өлим екенин, мийнеткешлерге азатлық әперетуғынын да уқты. 1857-жылы 7-сентябрьде өзиниң күнделик дәптерине паровой машинаны ойлап тапқан фулғон менен Уаттқа ариап былай деп жазады: «Уллы фултон, Уатт, сизлердиң ҳәзир жас, деген менен күн сайын, саат сайын өсип киятырған балаларыңыз, қамшыңыз престолды, тахты қутқаратуғын болады»—дейди. Тарас Григорьевич өз заманының жағдайында патша Россиясындағы барлық халықлардың бахты, еркинлиги ушын гүрескен сналы революционер-демократ жаўынгерлердиң бири еди.

Бүржуазияшыл миллетшилер Шевченконың революциялық әҳмийетин жоймақшы болып, жалынлы революционер шайырды Украинаның миллет шайыры ғана деп көрсетпекши болып бақты, Тарастың уллы рус халқының таплаўлы ўәкиллери менен байланыслы болғанын бийкарға шығарыўға тырысты, халық душпанларының ойлағаны болмады. Шевченко Пушкинди арттырып отырған. Өзиниң алған бағыты жөнинде туўысқаны, рустың сатириги Салтыков-Щедриннің шығармаларын сүйсинип оқыды. Грибоедовтың, Тургеневтиң, А. Островскийдиң шығармаларын баҳалап отырды, эсиресе А. Островскийдиң «Свои люди, сочтемся» деген пьесасын артықша баҳалаған. Уллы композитор Глинканың музыкаларын күтә сүйсинип қәдирлеп, Даргомыжский музыкалық шығармаларын да күтә баҳалаған рустың демократ-революционерлери Добролюбов, Чернышевский, Курошкин тағы басқалар менен ол тығыў дос болып, олар менен бир бағытта, бир тилекте болған. Рус ғайраткерлери шайырға туўысқанлық жәрдем берип оны қуллықтан, қәпестен босатып алғаны жоқарыда айтылды. Шевченконың интернационалист шайыр екенин дәлиллеў ушын, оның украина халқы менен бирге рус халқын және басқа пүткил халықлардың азатлық ушын гүреске шақырған революциялық жалынлы шығармаларын айтсақ та болады. Шайырдың нағыз интернационализмин патша империализмине қарсы гүресте Кавказ халқына тилеклеслик билдириўи, көплеген қалмақлар менен, казаклар менен, польшаның сиясий тутқынлары менен, негрдиң атақлы тагиги Олридже менен дос болыўы, баспана ылашығы өртe-

нип кеткен еврейге жанын аямай жәрдемлесиўи толық дәлиллейди.

Сонлықтан бизиң Советлер Союзының азат халықлары жалынлы уллы шайырдың творчествосын үйренип оған көплеген естеликлер орнатыўда. Тарас Шевченкоға естелик орнатыў ҳаққында декретке 1918-жылы В. И. Ленин қол қойған еди. Патша заманында, полиция менен черносотенлердиң ирканнин болғанлығынан Тарасқа бир естелик те орнатылмаған еди. Бул ҳақында Ленин 1914-жылы былай деген еди: Шевченконы еске түсириў ушын көшеде топланын жүриўге тыйым салынғаны, ҳүкиметке қарсы агитация есабынан қаралғанда, излесе табылғысыз күтә қолайлы, пайдалы агитация болды (Ленин, XVII том, ВКП(б) баспасы, 1926-жыл, 334-бет).

Шевченконың туўылғанына жүз жыл толған күнди тойлатпай патшаның ладан ҳүкиметинин тыйым салыўы, халық пухарасының патша ҳүкиметине қарсы наразылығын мейлинше өсирди. Бизин заманымызда, Октябрь революциясының арқасында Советлер Союзының азат халықлары Украинаның революционер халық шайыры Тарас Шевченконың туўылғанына 125 жыл толған мерекесин шадлық пенен еркин байрамлап отыр. Тарастың халықлардың «азат семьясы» ҳаққында айтқан ўәлийлик сөзи бизиң заманымызда жүзеге асты. Ол «Уәсият» деген қосығында былай деген еди:

Өлген соң мени көмиңлер,
Саҳра бийик жерине,
Кең далалы сүйикли,
Украинадай елиме:
Өйткени бийик таўлары,
Көк Днепр ҳәм дала,
Көринсин ҳәм еситилсин,
Суў шаўқымы айнала,
Украинаның жеринен,
Душпан қаны жосылса,
Суў менен ағып аралас,
Көк теңизге қосылса,
Жер, таўды таслап көктеги,
Құдайға бас иймемен,
Тап сол ўаққа дейин мен,
Құдайыңды билмеймен.

Көмген соң мени көтерилиң,
Шынжырды теўип үзиңлер,
Жаўыз душпан қанына,
Азатлық ушын жүзиңлер.
Мени де азат ҳәм жаңа
Уллы семья ишинде,
Умытпай еске алыңлар,
Меҳирбанлық қылыңлар.

РУС ХАЛҚЫНЫҢ ДАНЫШПАН ШАЙЫРЫ

Бүгин уллы рус халқының данышпан шайыры Михаил Юрьевич Лермонтовтың өлгенине жүз жыл толды.

М. Ю. Лермонтов 1814-жылы туўылды. Бул жыллары Россияның Австрия, Пруссия менен аўқам жасаған армиясы Наполеонды жеңип, монархиялық мәмлекетлердиң күшин бириктириўге әкелген ўақыт еди. Патша Россиясы «Европа жандармына» айналған ўақыт еди, патшалыққа қарсы декабристлердиң революциялық қозғалысы жеңилген жыллар еди. Лермонтов усы қыйын жыллар ишинде туўылып, усы қыйын, реакциялық жыллар ишинде өзиниң әдебий жумысын баслады.

Шайыр жазыў исин 14 жасынан ақ баслады. 1828-жылдан 1841-жылға шекем ол 300 ге жақын қосық жазды. 15 поэма, 3 драма ҳәм «Вадим» атлы роман жазды. Бул шығармалардың ишинде «Измаил», «Демон» усаған ең күшли поэмалар менен «Дийўана», «Байрон емес, басқаман мен», «Желқом», атлы ең күшли қосықлар да бар.

Лермонтов биринши қосықларынан-ақ уллы талант ийеси екенин көрсете баслады. Сол ўақыттағы алдыңғы қатар әдебиятшылардың, мәденийатлы адамлардың кеўлин өзине аўдарды. Уллы рус халқының данышпан әдебият сыншысы Белинский шайырға уллы баҳа берип, оның ҳәрбир адымына сер салып, рус халқының Пушкиннен соңғы данышпан шайырының бири екенин көрсетип жазды. Бирақ Лермонтов ол дәўирде тийисли баҳаға ийе емес еди. Адамзат мәденийатының бирден бир илгерисхоры болған Ленин партиясының, Совет ҳүкиметиниң тусында ғана Лермонтов өзине ылайық тийисли баҳаға ийе болды.

Лермонтов уллы рус халқының қандай сүйикли шайыры болса соның менен қатар ол Пүткил Советлер Союзындағы халықлардың да сүйикли шайыры.

Лермонтов халықты сүйген, халықтың турмысын жырлаған данышпан шайыр. Оның әрбир қосығынан өзи жасаған заманының турмысы көринеди. Соның ушын да ол өз заманның айнасы.

Лермонтов рус әдебиятына Пушкиннің изин баслаўшы ҳәм мийрасхоры ретинде кирди. Өзи жасаған 26 жастың ишинде рус әдебиятын қымбатлы шығармалар менен байытты.

Лермонтов рус халқының турмысынан өсип шықты ҳәм сол турмысты, өз шығармаларында анық көрсетти. Ол өзи ҳаққында былай деди:

«Байрон емес, басқаман мен,
Танылмадым еле көпке,
Рус деген жаным менен,
Дәл соныңдай кеттим шетке»

М. Ю. Лермонтов өз ўатанын сүйген, өз ўатанын сүюди барлық адамлардан талап еткен, ўатанды, ар-намысын сақламаўшылықларды жек көриўин шайыр. Оның «Бородина», «Қашқын» деген шығармалары өз ўатанының ерки ушын гүреске шақырыўшы шығарма. Ол «Қашқын» деген шығармасында былай дейди:

«Кийиктей боп Гарун қашты,
Қояндайын бүркит қуған,
Гарун қашқан ол майданда,
Черкес қаны жерди жуўған.
Ерки ушын, намыс ушын,
Шейит болған салып күшин.
Еки ағасы ҳәм әкесин,
Таслап қашты алмай өшин,
Баслар жатыр шаңға батқан,
Душпанлардың аяқ асты,
Өлгенлердің арын алмай,
Гарун арсыз кейин қашты».

Бүгинги күн бизиң уллы халқымыз фашизм басқыншыларына қарсы қызғынлы гүрес жүргизип атырған ўақытта уллы рус халқының данышпан шайыры Лермонтовтың өлгенине жүз жыл толған күнин белгилеп өтиў менен қатар, оның ўатандарлық, ўатан сүюшиллик, ўатан ар-намысын жибермеў ҳаққындағы идеалларын жоқары баҳалайды ҳәм оның менен қуралланады.

Қарақалпақ халқы да Лермонтовтың өлген күнине арнап, соның шығармаларынан «Бизиң заманымыздың

қаҳарманы» деген повести менен лирикалық қосықларынан бир топлам шығарып отыр. Қарақалпақ халқы Лермонтовты сүйип оқыйды.

Н. Жапақов.

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1941-жыл,

Қайғырыўға турарлық деп ойлама,
Қайғылы болса да ҳәзирги сөзим,
Ол бийкар. Ҳәм барлық шеккен азабым,
Буннан бетер қара түнеклик сезим.
Мен жаспан, жүректе сеслер қайнаған,
Байронға жетиўди тилек қыламан
Екеўимизде азанта бир, жанда бир,
Ыгбалымда сондай болса жоқ арман...
Сондай болып еркинликти излеймен
Ҳәмде сондай қаным қайнаған жастан,
Күн батып таўларда, суўлар бурқысын,
Тилеймен жерде жел, уйтқысын аспан,
Мөзи сондай тынышлықты излеймен,
Ҳәмме жерден бир ой мени қуўады,
Алдыма қарасам—туўысқан жан жоқ,
Артқағымда—жаман аўҳал турады.

Аўдарған **Н. Жапақов.**

«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1941-жыл.

ХАЛЫҚТЫҢ МӘРТЛИГИ ҲӘМ АГАҲИЙДИН ЖЫРЛАРЫ

Хорезмли уллы шайыр ҳәм тарийхшы Мухамед Риза Ерниязбек улы Агаҳий 1809-жылы туўылып, 1874-жылы қайтыс болған.

Агаҳий тарийх ислерине, қосық жазыўға күтә жас ўақытларынан кириседи, 1829-жылы 20 жасында оны Аллақулихан өлген Мунистиң орнына хан алдындағы мийраблық хызметке таярлайды. Агаҳий қарақалпақлар ҳаққында көп тарийхый материалларды топлап, әдеўир көлемде мийнетлер дөреткен. Соның менен бирге, қарақалпақ халқының турмысында болған ўақыяларға шайыр ретинде де қатнасып, әдебий шығармалар жазған. Қарақалпақ халқының гейпара турмыс ўақыялары, әсиресе әдалатсызлыққа қарсы, ерлик гүреслери шайырға йош береди, асқан қаҳарманлықлар оны таң қалдырып, олар жөнинде көркем шығармалар дөретиўге силтейди. Пикиримизди дәлиллеў ушын мысал келтирейик.

1827-жылы Айдос бий басшылығында қарақалпақлардың Хийўа ханына, оның зулымлығына қарсы қураллы көтерилиси болады. Бирақ, бул көтерилис Хийўа ханының қатты зулымлығы, қарақалпақ бийлериниң әдеўир бөлегиниң сатқынлығы арқасында бастырылады. Агаҳий усы көтерилистиң ақыбети ҳаққында жазған қосығында былай дейди:

«Егер ушқын бир орынға жем болса,
Лаўлаған отларды пайда етеди,
Тамшылар жыйналып қосылып ақса,
Топан тасқынынан асып кетеди»

Бул рубаяттан басқа усы ўақыяға байланыслы бир қанша бәйитлер, мәснавийлер жазады. Шайыр өз шығармаларында қарақалпақ халқының зулымлыққа, әдалатсызлыққа қарсы гүресине үлкен баҳа береди. Ол бул гүреслерде шын қаҳарманлық, теңи жоқ мәртликлерди көреди. Шайыр буны төмендегише сүўретлейди:

«Қарақалпақ халқы соңындай қайнап,
Ҳүжим етти душпанға үркердей жайнап,
Ҳәр биреўи шердей болып алысты,
Шердей емес, дәўдей болып шалысты.
Ғөзеп болып ақырғанда душпанға,
Үнлеринен титиреди аспанда.
Ҳәммелери жуўырғанда қорғанға,
Дүнья жүзи толды шаң ҳәм тозанға.
Сондай шаўқымларды көтерди олар,
Жаҳанға тарады хабар...».

Соны да көрсетип өтиў керек, Агаҳий тарийхшы ретинде бул көтерилис ўақыяларына хан сарайының рухында жантасқан, оның тарийхый қол жазбаларынан усы сезиледи. Бул да тәбийий нәрсе, себеби, ол сол дәўирде Хийўа ханының тарийхшысы болып та хызмет ететуғын еди, сарайда жасайтуғын еди. Бирақ, өз заманының алдыңғы қатар шайыры ретинде турмысты, болған ўақыяны көзи менен көрип, жүреги менен сезгенин объектив, реалистлик түрде сүўретлей алмай да тура алмаған. Бундай қарама-қарсылық идея, ой-пикирлердиң келип шығыўы—Агаҳий ҳәм оның дәўири ушын таңланарлық нәрсе емес екени мәлим. Сонысы айқын Агаҳийдиң қарақалпақ халқына, оның әдалатсызлыққа қарсы қаҳарманлық гүреслерине бундай иззет-ҳүрмет менен қараўы қарақалпақ халқын, оның классик шайырларын сөзсиз рухландырған, күшине күш қосқан, үлкен тәсир етип, халық күшине исеним сезимин оятыўға алып келиўге себепши болған деп айтыў мүмкин. Қарақалпақ халқының турмысындағы, әдебиятындағы онан кейинги ўақыялар, көринислер, жәмийетлик раўажланыў жоллары буны тастыйықлайды.

Әдебияттағы тәсир етиў, өз-ара байыў ислериниң ең әҳмийетли көрсеткишлериниң бири өз-ара байланыс, өзара ықпал етиў нәтийжесинде әдебиятқа кирген жаңалық болып табылады. Усы көз қарастан қарағанда, Агаҳийдиң жоқарыдағы рубаяты үлкен социал-жәмийетлик идеяны ортаға қойып отыр. Бул әдалатсызлыққа қарсы гүресте халықлардың, урыўлардың биригиў идеясы бар. Буны ол қарақалпақ халқына қаратып айтып, халық күши жәмленбесе гүрес нәтийжесиз болады, жәмленсе—жеңиске жетиледи, дейди. Бул өз ўақты ушын үлкен жаңалық, қарақалпақ халқының жәмийетлик раўажланыўының баслы проблемаларының бири еди. Бирикпей турып, күшти жәмлемей турып ғәрезсизликке жетиў мүмкин емес, ал ғәрезсиз болмай, Хийўа ханына бағынышлы болып отырып қарақалпақ халқының жәмийетлик раўажланыўы халық талабына ылайық болмайтуғын еди. Рубаяттағы идея усындай болса, бәйиттеги идея буннан да күшли, қарақалпақ халқының өз душпанына қарсы қатты гүресиниң даңазасы пүткил жаҳанға жайылып, халықлардың зулымлыққа, әдалатсызлыққа қарсы гүрес сезимин оятады, мәртлердиң ерлиги соны көрсетеди, дейди. Объектив түрде пүткил адамзат әдалатлық тәрепинде демекши болады. Бул да үлкен жаңалық.

Жоқарыда көрсетилген Агаҳийдиң шығармаларындағы идеялар оның заманласлары Күнхожа менен Әжнияздың шығармаларында да көринеди. Шайырдың өмир баяны ҳәм шығармалары бул мағлыўматлардың шынлыққа сәйкес келетуғынын дәлиллейди. Күнхожа бир қосығында:

«Айдос бий кешти әлемнен,
Аллақули хана келдим,
Айрылдым шийрин пареңнен,
Күйе-күйе йана келдим»—дейди.

Аллақулы—1825-жылдан 1843-жылға шекем хан болып, қарақалпақлардың Айдос бий басшылығындағы

көтерилисин зулымлық пенен бастырған Хийўа ханы. Бул жерде Күнхожа тарийхый ўақыяны дурыс көрсетеди ҳәм қарақалпақ халқының көп ер жүрек қаҳарманлардан айрылғаны, оның ушын шайырдың да, халықтың да күйикли екени айтылады. Шайыр көтерилис жасаған халық тәрепинде болғанын билдиреди ҳәм бул қосық Агаҳий шығармасында көрсетилген қаҳарманлықларды тастыйықлайды.

Күнхожа Хийўа ханын әшкара ететуғын көп шығармалар жазады. Шайырдың «Түйе екенсең», «Умытпаспан», «Ел менен», «Неге керек», «Өлим» ҳәм басқа да көп қосықлары ханды әшкара етиўши шығармалар қатарына жатады. Шайырдың өмири ханға ҳәм ханлыққа қарсы жекке гүрес пенен өтеди. Бирақ, жекке гүреслердиң, халықтың ҳәм басшылардың толық биригиўсиз болған көтерилистиң нәтийжесиз болып шыққанын турмыстан да, өз көзи менен де көрген шайыр ғәрезсиз халық болыў ушын, бахыт—шадлық ушын пүткил халық болып жәмленип бирликте гүресиў, ҳүжим етиў керек екенин сезеди ҳәм усы үлкен идеяны өзиниң соңғы көп қосықларында бере баслайды. Мысалы, ол өзиниң «Ел менен» деген қосығында:

«Қараңғы түнектиң жарық болыўы,
Көкиреклердиң шадлықларға толыўы,
Талап етсе, ҳүжим етсе ел билән...»—дейди.

Қосықтың усы үзиндисиниң өзин де Агаҳий рубаятының тек изи менен барыў емес, оның кеңейгенин, идеяның ашық ҳәм терең берилиўин көрсетеди.

Әжинияз да өз өмири ишинде көп көтерилисти, халықтың әдалатлық ушын көп гүреслерин өз көзи менен көрген шайыр. Халық турмысының тәжирийбелерине сүйене отырып, пүткил халық жәм болып ҳәм бирлик, дослық пенен гүреске шығылса, халық өзине керегин жеңип алыўы мүмкин деген идеяны көп шығармаларының өзеги етип алған. Мысалы, шайыр өзиниң «Керекти» деген қосығында:

«...Адамлар ҳәр дайым көтерер басын,
Көзиниң сүртерге халық билән жасын,
Күш келтирер, ҳуш келтирер ықласын,
Ғалаба атланыс болса керекти...».

Демек жекке күш, ықлас, талап жеткиликсиз, көздиң жасын, қайғыны пүткил халық болып жеңиў керек. Ғалаба халық ғайраты, күши менен ғана әдалатлық жеңип алынады. Бунда да Агаҳий ортаға қойған идеяны тереңлетиў бар. Қосықта жеке адамның мәпи, тәғдири жәмийеттеги улыўма адамлардың мәпи, тәғдири менен байланыстырылады.

Булардың барлығы Агаҳий көтерген идеяның халықлық азатлығы ушын гүресте ҳәммениң жәмлениўи, биртың азатлығы ушын гүресте ҳәммениң жәмлениўи, бирлесип гүресиўи идеясының қарақалпақ әдебиятына сиңисип, ол өзиниң жаңа формасын, көркемлик сәўлелениўин тапқанын көрсетеди.

«Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 23-февраль 1968—жыл, № 38.

«ДЕВАНИЙ МАШРАБ» ЯҒНЫЙ МӘШИРАБ ТОПЛАМЫ

Бабарахим Моллавали улы Машраб 1657—1711 жыллары өмир сүрген адам. Ол өзбек әдебиятының усы дәўирдеги атақлы шайырларының бири. Демократиялық тенденцияда болып, көпшилик шығармаларын халық көз қарасынан дөреткен. Шығармаларында феодал ҳәкимлерди, реакцион руханийларды қатты критика еткен. Халықшыл, адамгершилик, инсаф, әдиллик ушын гүрескен бул шайыр ҳаққында оғада көп гүрриңлер ҳәм аңызлар пайда болған. Олардан көбинде Машраб халық қаҳарманы ретинде сүўретленеди.

Машрабтың шығармалары көпшилик халық арасына кең таралады. Оның әдеўир дөреткенлери мийнеткеш халықтың дыққатына, ядлап айтыўына, сүйиўине миясар болады. Бундай аўҳалға реакцияшыл феодал—клерикал топарлар жол бергиси келмей, оның шығармаларының көпшилик халық арасына кең тараўына түрли ҳийле менен қарсы шығады. Бирақ бул ҳийле ҳәм тосқынлықлар толық нәтийже бермейди. Соның ушын реакцияшыл феодал—клерикал руханий топарлар басқа жол излеп, Машрабтың өмири менен шығармаларын өзлериниң идеясына, мақсетине бейимлестирип, бурмалаўға көшеди. Олар Машрабты қудай ҳәм пайғамбар жолында дийўаналық қылып жүрген, бул дүньяның қызығы-

нан кешкен, дәрўиш—қәлендер шайыр ретинде көрсетиўге умтылады. Бундай жоллар бир қанша нәтийже береди. Усындай жағдайлар шайырдың шығармаларына ҳәр қыйлы түсиниклер менен көз-қарасларды пайда етеди. Тағыда соны көрсетип өтиў керек, шайыр жасаған жылларда баспаның оғада жеккелиги болып, тийкарғы қурал—шығармаларды қол жазба түринде таратыў болғаны—Машраб дөретпелерин, өмирбаянын бурмалаўшылардың мақсетин ҳәм исин жеңиллестиреди. Булардың үстине, шайыр жасаған дәўирде де, сон да Машраб лақабы менен шығармалар дөреткен әдеўир шайырлар болған. Тек совет дәўринде усындай жаңылыслар, бурмалаўлар объективлик пенен дүзетилип, ҳәр бир шайыр өзиниң халыққа иелеген хызмети, ким тәрепте екени анықланып, өз орнына ийе болды. Өзбек әдебиятшы—илимпазлары да өз әдебиятының тарийхын жаратты. Шайыр Машрабтың де өмир баяны, дөретиўшилик хызметлери анықланып, өзбек әдебияты тарийхынан белгили орын алды.[1]

Машраб лирик шайыр болған. Оның қосықлар топламы Октябрь социалистлик революциясына шекем «Деванай Машраб», «Ийшан Машраб», «Ийшан Шах Машраб», «Ийшан шах Машраби Деванаи Намангаий» яки «Ғазали Ийшан Шах Машраб», «Мухаммасы Шах Машраб», атлар менен аталып келген. Биз сөз етейин деп отырған қолжазба китапша «Шах Машраб» делинеди. Бирақ, қол—жазбалар дизими киргизилген документте «Деваний Машраб» деп аталған. Бул қолжазба Өзбекистан илимлер академиясының китапхана фондында ВР—5 деген шифр менен сақланыўда. Қолжазба Өзбекистан Шығыс қолжазбалары институтынан (ҳәзирги Өзбекистан илимлер академиясының Бируний атындағы Шығысты изертлеў институты) келип түскен. Қолжазбадағы белгилер усыны көрсетеди. Ол белгилердиң инвентарь № 4138, ал биринде № 190 делинген. Өзбекстақ ССР Илимлер академиясының 1954-жылы шыққан Шығыс қолжазбалары топламының екинши томының 304-бетинен 312-бетине шекем Шах Машрабтың аты менен аталып, Шығыс қолжазбалары институтында сақланып турған 30 дан артық қолжазбаны көрсетеди. Булардың ишинде жоқарыда биз көрсетип отырған сәнедеги қолжазба аталмайды. Соған қарағанда бул қолжазба топламға кирмей қалған көринеди.

[1] В. А. Абдуллаев. Өзбек әдебияты тарийхы «Оқытыўшы» баспасы, Ташкент, 1964—жыл, 61—79 бетлер.

Усы ВР—5 шифры менен сақланыўлы қолжазбаның жағдайы төмендегилерден ибарат: қолжазбаның ески Шығыс қолжазбаларына сәйкес еле оғада таза қоймаған муқабасы бар: муқабадан соңғы таза бетте Шығыс қолжазбалары институтының китапханасы деп латын әлиппеси менен жазылып, инвентарь № 4138 деп көрсетилген: жазыўы бар биринши бет диний сөзлерден қуралған; жазыўы бар екинши беттиң басында тағы да Шығыс қолжазбалары Институтының кишкене штампысы бар ҳәм онда 190 деген сәне тур; қолжазбаға бет салынбаған, биз бет деген сөзди бастан баслап жай санаў арқалы ғана айтып отырмыз.

Қолжазба араб әлиппесинде, өзбек тилинде, бирақ айырым жерлерде, қатарларда парсы, араб сөзлери ушырасады. Қолжазбаның узынлығы—бийиклиги 26 сантиметр, ени 15 сантиметр. Топламның ҳәзирги биринши бөлими жай санағанда 152 қағаз, яки 304 бет. Қолжазбаның усы биринши бөлими Машрабтың өмирине байланыслы бурмаланған сөзлер, шайыр шығармалары деген қосықлардан ибарат, қолжазбаның екинши бөлими,—яки бастан санағанда 152 қағаздан кейинги жағы Машрабқа тийисли емес. Бул ҳаққында төменде сөз етемиз.

Топлам бир тегис жазылған, бир адамның ғана жазыўы, бирақ дүзиўшиниң яки көшириўшиниң аты, қай жылы дүзгени белгисиз. Қол жазба тийкарынан қара қойыў сыя менен жазылып, тек қосықлардың аты қызыл сыя менен көрсетилип, бөлинген. Қолжазбаның Машрабқа тийисли биринши бөлими—мусыльман динин пропагандалаўға, Машрабтың өмирин ҳәм шығармаларын сол динге байланыстырыўға бейимленген. Дүзиўши ким болса да Машрабтың өмириндеги айырым фактлерди пайдаланып, оларды бурмалап, өз мақсетине бағындырады. Қолжазбаның биринши бетинен баслап дин ҳаққында сөз барады, ал 6-бетте Машрабтиң анасы бир жумыс пенен базарға барса, жүзим сатып отырған баққалдың жерге түсип атырған еки дана жүзимин алып жесе қарнында жатқан жети айлық бала (болажак Мажраб) кисиниң ҳақысын жедиң,

егер бақ-қалды разы етпесең, қарыңнан шығып тайып боламан деген сес берди деп жазады. Бундағы мақсет— еле дүньяға шықпаған, туўылмаған Машрабты әўлийе етип көрсетип, оның болажақ тағдирин динге байланыстырыў болып табылады. Машрабтың өмиринде дәслепки оқыған мектебинде мектеп молласы менен мәселе таласқаны бар. Тарийхта бул тасласыўды Машрабтың жас ўақтынан зийрек, оқыўға ықласлы екенин көрсетсе, топламда бул аўҳалды динге байланыстырады. Топламды дүзиўши Машрабты туўылмастан бурын әўлийе етип көрсетиўге урынса, усы мақсетин ақлаў ушын, оны туўылғаннан көзи ашық қәлендер етип көрсетиўге тырысады. Мысалы, Машрабтың анасы кийимлер тигип берсе, оны басқаларға берип, өзи кийимсиз жүреди. Буны көрген анасы неге кийимсиз жүрсең десе, ол мен туўылғанда кийимим бар ма еди, дүньяға кийимсиз келдим, кийимсиз кетемен, деп жуўап қайтарған дегенди жазады (13-бет). Машраб 15 жасларына келеди, балағатқа жетеди, бирақ топламда жазылыўы бойынша ол кийимсиз, етегин ашып, жалаңаш жүреди (14-бет).

Машрабтың өмир баянына дәслепки мектептен шығарып алғаннан кейин оны Наманғандағы Молла Базар Ахун деген ийшанға берилгени жазылған. Усы фактлер де динге байланыстырылған. Молла базар 25 жасларға жақынлап қалған Машрабты Қашқардағы Молла Афак Хожа ийшанға мурийд қылып жибереди. Бул фактлер де дин мақсетине бейимлестириледи. Афак Хожа есигинде аўыр мийнет астында жүрип, Хожаның бир шорысына көз таслағаны ушын ол жерден қуўылған, Машраб топламда үлкен дәрўиш, әўлийе ретинде сүўретленип, суўпы ҳәм мурийдлер арасында ол жалаңаш жүретуғын еди, дейди. Соның менен бирге, рухыныйлар үстинен Машрабтың күлип шығарған, аңызға айланып кеткен бир қатар сөзлерин топламды дүзиўши илажсыз келтиреди. Топламдағы қара сөзлердиң барлығы дерлик ислам динин пропагандалаўға, Машрабтың өмирин соған байланыстырыўға қаратылған. Шайырдың өмирбаянын бундай етип бурмалаған топламды дүзиўши оның шығармаларын да бурмалаўы яки тек динди пропагандалаўға қолайлы шығармаларды ғана алыўы мүмкин деп ойлаймыз. Буны биз шайырдың 1958-жылы Ташкентте Өзбекстан көркем әдебият бас-

ласынан басылып шыққан «Тангланған асарлар» топламы ҳәм басқа да қолда бар топламлары менен салыстырып, тексерип көрмедик. Бундай етиў—өзбек әдебиятын изертлеўшилердиң өз алдына илимий жумысы болып есапланады. Себеби бул ўазыйпаны конкрет топламға қысқаша илимий аннотацияның ишине сыйғызыў мүмкин болмады.

Топламның шайыр Машрабқа тийисли жағын сөз етип, оны аяқлай келгенимизде соны айтыў керек, Машраб шайыр ретинде қарақалпақ халқына да көптен мәлим. Оның шығармалары революциядан бурын да қыссаханлар, айырым саўатлы адамлар тәрепинен көп оқылған. Қарақалпақ халқының мәдениятына, әдебиятына өз тәсирин тийгизген.

Топламның екиниши бөлими бар. Бул тексериў ўақтында анықланды. Шығыс қолжазбалары жазылған документте ҳәм бизден бурын оқып көрип, ВР—5 шифры менен сақланыўлы қолжазбаны тек «Деваний Машраб» яки «Машраб» деп келиўлери жаңылыс екени анық. Биз жоқарыда көрсеткенимиздей Машрабқа тийисли жағы қолжазбаның биринши бетинен 304-бетине шекем болып есапланады. Ал, 304-беттен яки жай санағанда 152 қағаздан кейин тағы да Өзбекстан илимлер Академиясының Шығыс қолжазбалары институтының штампасы қойылып, онда 190 деген белги шығады, мине кейинги бетлер «Баҳрам ҳәм Гүландам» шығармасы. Буның авторы Машраб емес, Сайхалий деген шайыр.

Қолжазбадағы «Баҳрам ҳәм Гүландам» дәстанын алып көрсек, бул 1960-жылы Өзбекстан илимлер академиясының баспасынан шыққан. А. С. Пушкин атындағы өзбек тили ҳәм әдебияты институтының илимий хызметкери Р. Әлиев баспаға таярлаған «Баҳрам ҳәм Гүландам» дәстанының текстине туўра келеди. Бирақ, биздеги қолжазбаның кейинги жағында 20 бетке жақыны түсип, жоқ болып кеткен. Жоқарыда көрсетилген баспада шыққан «Баҳрам ҳәм Гүландам» дәстанына бас сөз жазылып, онда шығармаға қысқаша анализ исленген ҳәм өзбек әдебиятының тарийхындағы орны көрсетилген. Соның ушын биз бул жерде ол ҳаққында пикир айтып отырыўды артық деп есаплаймыз.

Қолжазбада «Баҳрам ҳәм Гүландам» дәстаны жай санағанда 87 қағаз, яки 174 бет. Көлем жағынан усы

турысы да баспада шыққан «Баҳрам ҳәм Гуландам» менен ушласып барады. Қолжазбаның биринши бөлиминен буның айырмасы бастан аяқ болып, қара сөз араласпаған, бир сыя менен, тек қойыў қара сыя менен жазылған.

Қолжазбаның екі бөлими де бир адамның жазыўы, қолы көринеди. Қол—жазба XIX әсирдиң екинши жартысында жазылған деп шамалаймыз. Қолжазба жылтырақ, сары түсли бухара қағазына жазылған.

Қолжазбаны оқып үйреніўге Алаўатдинов Уанс жәрдем берди, оған үлкен рахмет айтаман.

(Н. Жапақов).

23—март, 1971-жыл.

БЕРДАҚ—ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ХОРЕЗМ ХАЛЫҚЛАРЫНЫҢ ДОСЛЫҒЫН ЖЫРЛАДЫ.

Қарақалпақ халқының классик шайыры Бердақ халықлар дослығы идеясын өз шығармаларының өзеги етти. Бул идеяны қарақалпақ ҳәм Хорезм халықларының дослығын сүўретлейтуғын дөретпелеринен де көриўге болады. Шайыр Хийўа ханларына қас, маўасасыз болса да өзбек мийнеткешлерине, Хорезм халқына достық, бир жан, бир тәнлик рухта қарады. Бул пикирди дәлиллеў ушын шайырдың «Айдос бий» поэмасына қысқаша таллаў жүргизиўдиң өзи де жеткиликли болады. «Айдос бий» поэмасында қарақалпақ халқының 1827-жылғы Хийўа ханына қарсы көтерилис ўақыясы сүўретленеди. Поэмадағы унамлы қаҳарманлар—қарақалпақ халқы ҳәм өзбек дослары, шайырдың өзи. Унамсыз образлар—Хийўа ханы, феодаллар, қарақалпақ бийлери. Хийўа ханы—қарақалпақ халқының атайы душпаны ретинде сүўретленеди. Буны шайыр поэмада оғада шебер, исенимли етип көрсетеди. Турмыста ушырасатуғын жағдайлар менен байланыстырып береди. Бунда Хийўа ханының мәккарлық ҳийлеси, аңқаў Айдосты қурғақ ўәделер менен алдап, батыр еки иниси—Мыржық пенен Бегисти өлтириўге ийтермелегенин көрсетеди.

Шайыр поэманың бул бөлиминде Хийўа ханының ишки, сыртқы сиясатын реаль сүўретлейди. Ханның

ишки сиясаты—урыў басшыларының күшин бөлип, аўызын бириктирмеў, олар арасында ала-аўызлық, бирин-бирине қарсы қойыў менен өзиниң ҳүкимин күшейтиў екени анық. Хийўа ханының қарақалпақ урыў басшыларының ала-аўызлығын күшейтиў ғана емес, беделли адамларды өлтириў арқалы ағайинли адамлар арасында да ала-аўызлықты күшейтиў, солай етип халықтың күшин бөлип, күшсизлендирип шексиз бийлеў, талаў сиясаты жақсы бериледи. Тарийхый дереклерде Хийўа ханы қарақалпақ халқының Бегис, Мыржық ҳәм басқа да халық мәпине берилген ҳадал, қаҳарман улларын өз ишинен шыққан сатқынларға, мансапхор, ҳийлекер, дүньяпаразларға өлтириў сиясатын халықлық мәмлекетлик сиясат ретинде жүргизгенин көрсетеди.

Поэмада Айдос бий мансапхор, ҳийлепараз ретинде сүўретленеди. Усы минез қулық—халық көтерилисин басқарыўға кесент береди. Ол ҳәмел ҳәм мансап ушын еки ининсин өлтирип, Хийўа ханының алдына барса хан оның ақмақ екенин ҳәм өзиниң мақсетине жеткенин түсинип, Айдосты бурынғыдай сыйламайды. Себеби, енди Айдос та, басқа қарақалпақ бийлери де қәўипли емес, ортаға ала-аўызлық кирип, күш бөлинди. Мине, поэманың усы ҳәм басқа да жерлеринде берилген идеялар, образлардың характерлери Агахий, Күнхожа, Әжинияздың ортаға қойған идеясы—ғәрезсизлик, әдалатлық ушын гүресте, көтерислерде халық бирлигиниң керек екени менен ушлас, сабақласлығын билдиреди. Әлбетте, поэмада бул идеялар жаңа формада, образ, адам характери арқалы берилген.

Поэмадағы тағы бир деталь характерли. Айдостың Хийўа ханы сарайында еки досты болады. Булардың бири қусбеги, бири метер ҳәмелинде екени айтылады. Аты Ережеп ҳәм Мәдирейим деп көрсетиледи. Булар ханның Айдосқа жазған алдаў хатынан хабардар болады. Айдос алдаў хатқа ынанып бир бәле ислемесе болар еди, қарақалпақ ели бөлинбесе жарар еди деп қәўипленип Айдостың келер жолына қараўыллап жүреди. Ҳақыйқатында да Айдостың еки инисине қыянет етип, ханның алдаў сөзине, өтирик ўәдесине исенип киятырғанын көреди. Айдосқа сырды айтады. Оның қәте ислегенин билдиреди. «Ханның хаты бастан-аяқ алдаў, өзиңде хор боласаң, елиңе қайт» дейди.

«..Қайтсаң бойма, жан достым,
Саған қайда, хан достым.
Ханның алдаў тилине,
Шын кеўилди бердиң бе?.....
Еки ининг айбатың,
Жаўға шапсаң ғайратың,
Алдыңда турса иниллериң,
Хан болмағанда өлдиң бе?[1].....

деп ашынады. Бирақ феодал, мәнсапхор Айдос дослары-ның сөзине ишанбайды, ол ханның ҳийле дузағына илингенин сезбейди. Дослары тағы да қайта-қайта кеңес береди. Жасырын сырды бизиң саған айтқаны-мызды хан сезсе өлим жазасына буйырылатуғынымыз анық, усыны мойынға алып турып, дослықты бәржай келтириў ушын шынлықты—билдирип турмыз. «...берип-сең абырайыңды өзиң қолдан, шығыпсаң қәнелимде туўры жолдан[2] дейди. Айдос өзиниң адасқанын ханның алдаўлығына түскенин, ханның ҳәм оның ҳәмелдар-ларының жолығысқандағы көз-қарасларынан түсинеди. Ислеген ислерине өкинеди. Әлбетте кеш болады. Хан Айдостың өзин өлтириўдиң планын жасайды. Ережеп пенен Мәдирейим түнде жасырынып барып, бул план-ды Айдосқа билдиреди, тезден қонақ жайдан шығып кетиўди, азанға қалса дарға асылатуғынын айтады. Бул ретте Айдос досларына ишанады, олардың шын дос екенин биледи, кеңесине қулақ салып, досларына өткен истиң барлығын өкиниш пенен айтып береди. Дослары қатты қыйналып ҳәм ашытып көп сөзлер айтып, енди бул жерде иркилиўдиң қәжетсиз екенин түсиндирип, оны хан менен гүреске шақырады. Бул гүресте халыққа сүйениў кереклигин аңлатады. «... Жалғызбан деп тарықпа[3] ... деп, оны ғайратландырады. Бул сөзде үлкен мәни бар. Хийўа ханына қарсы, әде-латлық ушын гүресте егер өзиң дурыс басшы болсаң қарақалпақ халқы ғана емес, Хорезм, бизлер де сенің тәрепиңде боламыз, деген идея келип шығады.

Бундай дослықты шайыр асқан йош пенен мақтаныш етеди:

«...Дос болсаң сондай бол,
Геўдеде шийрин жандай бол...[1]

— дейди. Образлар арқалы берилген бул дослықты кеңирек түсиниў—тек Айдос, Ережеп, Мәдирейимлер арасындағы ғана емес, соның менен бирге, қарақалпақ ҳәм өзбек халқының дослығы деп түсиниў керек. Өз-лерин өлимге қыйып, достын өлимнен қутқарыўдан артық дослық болыўы қыйын.

Бул сүўретлеўлерден тағы бир мәни аңланады: Ережеп ҳәм Мәдирейим Айдос пенен оның байлығы ушын емес, қарақалпақ халқының басшысы, сол халық-тың ўәкили ҳәм мәпин жақлаўшысы ретинде дос болып жүргени сезиледи. Буны олардың қарақалпақ хал-қының беделли, қаҳарман перзентлериниң өлтириліўине қатты қыйналыўларынан, Айдосты айыплап, аўызбир-шиликти сақлап «хан болмай турғанда өлдиң бе» деген аянышлы ҳәм өткир сөзлеринен, соның менен бирге, Айдосты гүреске шақырып, бул гүресте «жалғызбан деп тарықпа» деген кеңеслеринен анық аңлаў мүмкин. Бундай дослықты тек жеке адамлар арасындағы дослық ғана емес, қарақалпақ ҳәм өзбек халқының дослығы деўимиздиң мәниси усында.

Демек, Бердақ қарақалпақ классик әдебиятында биринши болып әдебиятта өзбек халқы ўәкиллериниң образын жаратады. Бул образлар ҳәм олар арқалы берилген идеяларда өзбек халқы «Қырық қыз» дәста-нында Арыслан образы арқалы қарақалпақ халқына сыртқы басып алыўшыларға ғана емес, ишки душпанға қарақалпақ халқын қорлаўшы Хийўа ханына—өз ха-нына қарсы гүресте де жәрдем бергенин көрсетеди. Оның үстине, Бердақ шын, тарийхый ўақыя ҳаққында поэма жазып, тарийхта, ҳақыйқат болған көп адам-лардың атын, атқарған хызмет орнын сол турысында атап отыр. Поэмада көрсетилген өзбек халқы ўәкил-леринің рас аты Ережеп, Мәдирейим болмаса да сондай дослардың болғаны шынлыққа сәйкес келеди. Бул образлардың ең әҳмийетли жериниң бири—дослық қыйынлықта, басқа ис түскенде сыналыўы керек екени билинип, шешиўши ўақытта, дослардың өмири қәўип астында қалғанда жарқ етип жүзге шығады.

---

1. Бердақ, таңлаўлы шығармаларының толық жыйнағы, Нөкис, 1950-жыл, 262-бет.
2. Бердақ, танламалы шығармаларының толық жый-нағы, Нөкис, 1950 жыл. 264-бет.
3. Бул да сонда, 174-бет.

1. Бердақ, таңлаўлы шығармаларының толық жыйнағы, Нөкис, 1950-жыл, 169-бет.



Отырғанлар: Н. Жапақов, И. Сағитов, Х. Шалекенов.
Турғанлар: Ж. Базарбаев, К. Аметов, Зейтуна Насурлаева.

Усы жағдайларға байланыслы бир пикир келип туўады: Агаҳий хан сарайында усы ўақыялар ўақтында үлкен хызметте—мираблық орында болған ханға исенимли адам болып, бул хызметте 23 жылдан көбирек ислеген. Бирақ, қарақалпақ халқының Хийўа ханының зулымлығына қарсы, әдалатлық ушын көтерилисинде реалист шайыр ретинде хан тәрепинде емес, көтерилисши халық тәрепинде болып, рубаят ҳәм көп бәйитлерди жазған. Соған қарағанда Бердақ поэмасында Айдостың дослары болып көрсетилген Ережеп ҳәм Мәдирейим Агаҳийдиң прототипи емес пе, деген ой туўады. Оның үстине Айдос Хийўада көп болып, медреседе көп оқыған. Ол Мунис ҳәм Агаҳийлер менен бурыннан таныс, дос болыўы итимал. Әлбетте, булар еле болжаў (гипотеза) болып табылады. Бундай жағдай болмағанда да жоқарыдағы образлардың баҳасы, әҳмийетлилиги кемимейди.

Поэмада Айдос бас болған көтерилис жеңиле-

туғыны, қарақалпақ халқының трагедиялық аўҳалға түскени сүўретленеди. Көтерилисте жеңилиўдиң себеби тек Хийўа ханының күшиниң басым болғаны ғана емес, тийкарғы себептиң бири—қарақалпақ уруў басшылары, бийлери арасындағы сатқыншылық болады. Сатқыншылықты әшкаралаў поэманың орайлық идеяларының бири. Сатқыншылықты сапластырмай, оған пүткил халық болып нәлет тамғасын баспай ҳәм оған қарсы барлық адамның жек көриўшилигин туўдырмай халықтың күшин бириктириў, әдалатсызлыққа қарсы гүреste жеңиске жетиў қыйын екени көрсетиледи. Сатқыншылық халықтың ар-намысын төгеди. Усы идеяларды көрсемликке айландырып, шеберлик пенен беріледи.

Поэманың ақыры қарақалпақ халқының көтерилисте көрсеткен қаҳарманлықларын сүўретлеў ҳәм оптимистлик идеялар менен аяқланады. Көтерилисши халықтың қаҳарманлары жаўға,—Хийўа ханына берилгеннен гөре, дәрьяға таслап суўға кетип өлгенин артық көреди ҳәм солай ислейди. Бул тарийхты бурмалаў емес, халық қаҳарманларының трагедиялық образы. Халық қаҳарманларының тирилей жаўға берилмеўи—халық идеалы. Бердақ усы идеалды көркем етип бере билген. Поэманың бул жерлери Агаҳий бәйитлери менен пүткиллей бирлесип, бирин-бири толықтырыўшы болып келеди.

Н. Жапақов.

ОКТЯБРЬ ҲАҚҚЫНДА ШЫҒАРМАЛАР

Даңқлы 50 жыллық мереке жақынласып келиўде. Пүткил совет халқы, соның ишинде Қарақалпақстан мийнеткешлери де салтанатлы тарийхый тойды инабатлы ҳәм үлкен жеңислер менен кутып алыўға зор таярлықлар көрмекте. Басып өтилген тарийхый жоллар көзден кеширилмекте.

Уллы Октябрь менен бирге жаңа дүнья жарыққа шығып, адамзат жәмийетилик раўажланыўдың бирден—бир саррас жолын көрди. Революция сиясатта, экономикада, идеологияда, мәденияттa, турмыста, адамлардың қарым-қатнасында терең аўдарыспақ жасап, уллы

өзгерислер киргизди. Усы өзгерис қарақалпақ халқының турмысында да, әдебиятында да болды.

Қарақалпақ совет әдебияты Октябрьден қайта туўылып, бурын көрилмеген раўажланыў, гүллениў жолына түсти. Қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардан Аяпберген Муўсаев, Сейфулғабит Мәжитов, Аббаз Дабылов революцияның дәслепки күнлеринен баслап, оны йош пенен жырлай баслады. Октябрь революциясы ҳаққындағы ең дәслепки революциялық қосықты биз С. Мәжитов шығармасынан көремиз. Оның «Еркинлик таңы» деген қосығы усындай шығарма болып есапланады.

Шайыр бул қосығында Октябрьдиң уллы өзгерислерин, халыққа берген азатлығын қуўанып қарсы алады ҳәм жаңа идеаны—Октябрь жеңисин жырлайды. Шайыр сол күнлердеги халқымыздың Бас ҳәм шешиўши арзыў-әрманларын қосыққа енгизе алған. Октябрь революциясының әсирлер бойы қаплаған қараңғылықты серпип, жарық нур сепкениндей қосықтың да ҳәр бир қатары бәлент йош, азатлық таңын шын кеўилден сүйиўшилик рухы менен жазылған.

Ағарып таң атты ол ерк таңы,
Умтылды мийнеткеш келди деп шағы...
Бул таңға сәлем бер, тур қарақалпақ,
Нурына аралас, жүр, қарақалпақ.

Қосықта атқан таңның тек бизиң елимизде ғана емес, пүткил дүньяны нурға бөлеўи, яғный Октябрь революциясының жер жүзилик әҳмийети бар екенлиги, ески зулымлық астында қуўраған пүткил жансыз жанға жан енип, жасарып жайнай баслаўы, рабочий—дийханлардың бахытсызлықтан қутылып, шын адамгершилик қатарына қосылыўы тарийхый шынлық пенен сәўлеленеди. Бул революциялық шынлық өзинен-өзи келип шықпай, мийнеткеш халықтың конкрет санасезиминен, гүрес тәжирийбесинен келип шыққаны мәлим.

С. Мәжитовтың бул «Еркинлик таңы» шығармасы қарақалпақ совет поэзиясында шын мәнисинде революция ҳаққында революциялық қосық болып, Орта Азия халықларының усы дәўирдеги революциялық маршлары ҳәм қосықлары менен үнлеседи. Буның мысалын Ҳамза Ҳәкимзаданың 1918-жылы жазған

«Яша Шора», Сәкен Сейфуллиниң 1919-жылы жазған «Жас қазақ марсельезасы» шығармаларынан көриўге болады.

Октябрь революциясы ҳаққында дәслепки шығармаларды сөз еткенде гражданлар урысы ҳаққындағы шығармаларды да айтып өтиў орынлы болады. Себеби бул шығармалардың көпшилиги жас Совет ҳүкиметин беккемлеўге, революцияны қорғаў идеясын беріўге бағышланған. Соның менен бирге, бул шығармалар Хорезм ойпатындағы буржуазияшыл реакцияшыл күшлердиң шоқмары болған Жүнайтхан бандаларын әшкаралаўға қаратылған. Бундай шығармалар қатарына А. Муўсаевтың «Көлге қаш» ҳәм «Көлге қаш, Қалжан», «Яўмыттың келиўи», Ә. Бекимбет улының «Яранлар», «Хамийтжан», К. Хожанияз улының «Екен». «Болды», «Сағал жағысында» ҳәм «Чимбайда» қосықларын жатқарыўға болады.

Әбдиқәдир Бекимбет улының «Көрдим» атлы қосығы да С. Мәжийтовтың «Еркинлик таңы» шығармасының изин ала дөреген Октябрь революциясы ҳаққындағы шығармалардың бири болып есапланады. Бунда шайыр айланадағы үлкен өзгерислерди көреди ҳәм жаңа адамның туўылыўын көргенде ески заманның күшин қалай болса солай жығылыўға таяр турған сыпатында емес, ал коммунистлик партия, рабочий класс баслаған қәҳәрли халықтың «Аспанды тиреген асқар таўларды, алтын тақлы мыңсан ханларды» жексен етип, жеңиске жеткенин көреди. Шайыр бул жерде Октябрь жеңисиниң, жаңа заман, жаңа турмыстың аңсатқа түспегенин көрсетиў менен бирге, қәҳәрли халық күшин революциялық раўажланыў жолы менен сүўретлейди. Усы 1917—1920-жыллары жазылып Октябрь революциясының өзин, оның жеңислерин көрсете баслаған шығармалар барған сайын раўажланып өсип, совет ҳақыйқатлығын әдебиятта сәўлелендириў кеңейе береди. 1920-жыллардың орталарындағы қарақалпақ совет әдебиятына нәзер тасласақ, бунда Октябрь темасы орайлық темаға айланғанын көремиз. Бул да тәбийий нәрсе. Буны С. Мәжийтовтың «25—октябрь», «Ысық», А. Муўсаевтың «Бола баслады», А. Дабыловтың «Жолдаслар», «Өткен заман» қосықларынан ҳәм тағы басқаларынан көриўге болады.

С. Мәжитовтың «25-октябрь» қосығының идеясы

менен көркемлиги жупласып, Октябрьдин характерли жақлары үлкен шеберлик пенен көрсетиледи. Ал, шайыр «Ысық» қосығында Октябрьдиң жеңислерин қарақалпақ халқының өз турмысларынан алып, конкрет турмыс фактлары арқалы революцияның уллы идеясын береди. Октябрь революциясын мийнеткеш халықты бирлестириўши, активлестирип, сана-сезимин жоқары көтерип, халық мәпи ушын гүреске тартыўшы сыпатында сүўретлейди. Қарақалпақ халқындай аз муғдардағы, езилген халықларды революцияның жарыққа шығарып, басқа туўысқан халықлар қатарына қосып, халықлар теңлиги сиясатын иске асырғаны айрықша атап көрсетиледи. Қосықтың ең әҳмийетли жақларының бири—Октябрь революциясының ҳәр бир халыққа азатлық, теңлик сүренин жәриялап ғана қоймай, оны ис жүзинде жеңип алыў исин үйреткени, сулыў көркем етип беріледи.

Октябрь социалистлик революциясын усындай сүўретлеў тек қарақалпақ халқының турмыс ҳақыйқатлығы ғана емес, басқа да туўысқан халықлар турмысының ҳақыйқатлығы болып табылады. Соның менен бирге бул ҳақыйқатлық ҳәзирги дәўирдеги Азия, Африка ҳәм Латын Америкасы халықларының миллий азатлық гүреслеринен де көринеди. Октябрь—барлық халықлар ушын устазлық етип, азатлық ушын гүрестиң үлгисин берди.

Октябрь революциясы ҳаққындағы дәслепки шығармалардағы характерли жағдайдың бири—революцияның терең идеясы, ҳәр тәреплеме жақсы көрсетилиўи, халыққа толық түсиндирилиўи менен бирге революцияға басшылық еткен Коммунистлик партияның В. И. Ленининиң роли асқан йош, шын көркемлик пенен берилиўи болып табылады. Басқа шығармаларды мысалға алмай ақ С. Мәжитовтың «Қарақалпақ» қосығынан бир үзинди алсақта жоқарғы пикирдиң дәлили екенин көремиз:

Қара күниң батты сениң,
Абырайыңды жапты сениң,
Коммунистлер тапты сениң,
Дәртиңе дәрман қарақалпақ.

Булардың үстине 1925-жылы жазылған А. Муўсаевтың «Ленин», С. Мәжитовтың «Ленинге бағышлап»,

«Ильяның улы», А. Дабыловтың «Өткен заман», К. Ермановтың «Ленин өлген кешеси» қосықларындағы Ленининиң өлмес образын Октябрь революциясы менен байланыстырыўларды қоссақ, жоқарыдағы айтылған пикир тағы да толығырақ дәлийлли болыўы мүмкин.

Солай етип, Октябрь революциясы ҳаққындағы жоқарыда көрсетилген дәслепки шығармалар қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўында үлкен орын тутыў менен бирге, ол халқымызды коммунистлик рухта тәрбиялаўда да, Октябрь жеңислерин беккемлеўде де, социалистлик қурылыс ислерин табыслы жүргизиўде де үлкен орын ийеледи. Бул шығармалар халқымызды жигерлендирип, оның ҳәзирги өскен, раўажланған, бирликли совет халықлары семьясындағы дүньяға танылыўы қәддине жетиўге де өз тәсирин тийгизген ҳәм үлесин қосқан деп есаплаймыз.

Октябрь—өмирлик жыр, өшпес нур, ол өзин жырлаўшыға таўысылмас жаңа, жас ғайрат бериўши үлкен күш. Буны ҳәзирги қарақалпақ әдебиятынан ҳәм оның ўәкиллериниң шығармаларынан анық көриўге болады.

Н. Жапақов

филология илимлериниң кандидаты.

«Совет қарақалпақстаны» газетасы, 14—май 1967-жыл, № 95

ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ МӘДЕНИЙ МИЙРАСЫНА ПУХТА ҚАРАЙЫҚ

Пүткил дүнья мийнеткешлери В. И. Ленининиң туўылғанына 100 жыл толыў байрамына таярлық көриўде. В. И. Ленининиң өлмес, сарқылмас идеясының салтанатлы жеңислерин тағы бир рет көзден өткериўде. Уллы Ленин халықтың мәдений мийрасларына, рухый байлықлары менен естеликлерине қырағы қарап, оларға үлкен әҳмийет берип, баҳалыларын пухта сақлаўды ҳәм социалистлик мәдениятты дүзиўде совет халқының рухый байлығын раўажландырыўда олардан пайдаланыўды нәсийҳат еткен еди. Ол: «...Марксизм буржуазиялық дәўирдиң баҳалы жетискенликлерин ылақтырып таслаған жоқ, ал, керисинше, адамзаттың, еки мың жылдан артық ой-өрисиниң ҳәм мәдениятының

раўажланыўындағы барлық баҳалыларды үйренди, қайта ислеп шықты...»—дейди. (В. И. Ленин, 31-том, 292—бет).

Қарақалпақ халқы әйемги халықлардың бири. Оның әсирлер бойы сақланып киятырған мәденият, әдебият ҳәм басқа рухый байлықлары бар.

Қарақалпақ халқының мәдений мийрасларын бекем ҳәм пухта сақлаўшы ең дәслеп қарақалпақ халқының өзи ҳәм соның менен бирге, сол халықтың ишинен шыққан алдыңғы қатар саўатлы, мәдениятлы адамлары екени мәлим. Әсиресе, миллий мәдениятты дүзиўшилердиң өзлери мәдений мийрасты әўладтан әўладқа жеткериўшилер болған. Мысалы Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм басқалар өзинен бурынғы дәстан, қосықларды үйренип, оларды өз заманына айтып ҳәм жазып таратып қоймастан, кейинги әўладқа да жеткериўшилер болған. Қарақалпақ халқының революцияға шекемги мәдений мийрасының сақланыў ҳәм жыйналыў, аз да болса изертлениў ислеринде туўысқан халықлар ўәкиллериниң үлеси де аз емес. Октябрь революциясына дейинги жағдайды алғанда

Турғанлар А. Есемуратов, Н. Дауқараев, А. Нурманов. Отырғанлар А. Нурымбетов, Н. Жапақов, Ефанов, К. Школин.

биринши нәўбетте рус халқының ўәкиллери болған П. Рычковтың, И. Беляевтың, А. Диваевтың атларын атаўға болады.

Бирақ, халқымыздың мәдений мийрасын, оны тәртипке салыў, олар бойынша илимий ислер жүргизиў, баҳалыларын халық мәпине пайдаланыў ислери шын мәнисинде Октябрь революциясынан кейин, совет дәўиринде басланды. Совет власты жыллары ишинде мәдений мийрасларға қатнас ҳаққында Ленинлик принциптиң иске асыўы нәтийжесинде қарақалпақ халқының бай мәдений мийрасы өз баҳасын тапты, қайта тиклеңди. Олар жоқ болып кетиў қәўпинен қутқарылып, халық мәпине жумсалыўда. Коммунистлик партияның ғамқорлығында туўысқан халықлардың, биринши ретуллы рус халқының жәрдеми менен тек совет дәўиринде халқымыздың мәдений мийрасларын изертлеў кең көлемде жүргизилди. 1926-жылы Н. А. Баскаковтың илимий-этнографиялық экспедициясы ислесе, 1929-жылы А. Л. Мельковтың, 1930-жылы С. Е. Маловтың, Н. А. Баскаковтың, 1933-жыллары А. А. Соколовтың илимий экспедициялары ислейди. Бул экспедицияларға көплеп жергиликли жаслар қатнасып, илим исине араласады. Ҳәзирги филология илимлериниң докторы Қалли Айымбетов 1929-жылы А. Л. Мельковтың экспедициясына қатнасып, мәдений мийрастың әдеўир нусқаларын жыйнаған. Н. А. Баскаковтың экспедициясына ҳәзирги қарақалпақ пединститутының доценти Турдымурат Бекимбетов, С. Е. Малов экспедициясына бурынғы газет хызметкери Т. Сафиев ҳәм басқалар қатнасқан. Бундай ийгиликли истен қарақалпақ совет жазыўшыларының ағзалары да сыртта қалмаған. Хожамет Ахметев, Асан Бегимов., Нәжим Даўқараев, Орынбек Қожуров, Сайыпназар ҳәм басқалар активлик пенен ис алып барған. Ал, жас шайырлар Сәдирбай Мәўленов, Шамшет Хожаниязовлар 1930-жылдың екинши ярымында ҳәзирги қолда бар қарақалпақ классик әдебиятының көпшилик нусқаларын халық арасынан жазып алып ҳәм қолжазбалардан көширип, жыйнап, топлап, китапханаға тапсырған.

Халқымыздың мәдений мийрасы деген сөздиң мәниси кең, уғымы терең екени мәлим. Бул уғымға көп нәрсе киреди. Биз бул жерде сол уғымға киретуғынлардың тек бир қатарлары, конкрет айтқанда көркем

әдебият ҳәм айырым тарийхый документлер ҳаққында ғана сөз етип отырмыз.

Соңғы жыллары қарақалпақ аўызеки әдебиятының бай творчествосының ҳәм классик әдебияттың айырым проблемалары ҳаққында кандидатлық, докторлық диссертациялар жақланды. Булардың мысалы етип Н. Дәўқараевтың, И. Сағытовтың, Қ. Айымбетовтың, Қ. Мақсетовтың докторлық, А. Каримовтың, Қ. Мәмбетназаровтың, А. Муртазаевтың кандидатлық диссертацияларын көрсетиў мүмкин. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапханасындағы материаллар усы илимий диссертациялардың тийкарын қурады. Булардың үстине, Ҳ. Ҳәмидов «XVIII—XIX—XX әсирлердиң юридикалық документлериниң тили ҳәм оның ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилине байланысы» деген темада кандидатлық диссертация жақлады. Диссертацияға қарақалпақлардың Россия қарамағына ерикли өтиў ҳаққындағы 1742—1743-жыллары жазылған антлары, 1855—1859-жыллары Хийўа ханына қарсы қарақалпақлардың халық-азатлық көтерилислери ўақтында Оренбургтағы рус шегара комиссиясының баслықларына жазылған документлер ҳәм 300 ге жақын ҳәр қыйлы қолжазба-документлер тийкар болған. Ҳәзирги күнде жолдас Х. Ҳәмидов қарақалпақлардың әййемги ҳәм орта әсирдеги жазыўсызыў естеликлериниң, оның түркий тиллес халықлар тиллери менен байланысы тийкарында «Қарақалпақ тили тарийхының очерки» деген үлкен илимий мийнет үстинде ислеп атыр.

Жоқарыда көрсетилгенлерден халқымыздың мәдений мийрасының үлкен бир тараўы болған әдебият, тил ҳәм тарийх жөнинде әдеўир материаллардың жыйналғанын, оның бир қатарының илимий жақтан исленгенин, исленип атырғанын көриўге болады. Бирақ, алда турған ўазыйпа көп ҳәм үлкен. 1967-жылдың ақырында Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстанның басшы партия, совет шөлкемлериниң сораўларына жуўап берип, Академияның, оның Қарақалпақстандағы филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтында жаңадан Шығыс қолжазбаларының секторын дүзди. Солай етип, мәдений мийрасты буннан кейин де жыйнаўға, топлағанларын илимий жақтан излеўге ҳәм тәртипке салыўға тағы да мүмкиншилик артты. Сек-

тордың тийкарғы мақсетлериниң бири—қарақалпақ халқының тарийхына, мәденийатына ҳәм әдебиятына, тилине, искусствосы менен этнографиясына байланыслы әдебият (баспа ҳәм литографиядан шыққан китаплар) ҳәм документ, тағы басқа Шығыс қолжазбаларын үйрениў, жыйнаў, есапқа алыў, үйренилген, тексерилген баҳалы қолжазбаларды баспаға таярлап, жәмийетшилик алдына тартыў болып есапланады.

Сектор мәдений мийрасты жыйнаў, үйрениўди еки бағдарда—архив және халық арасынан қарап, изертлеўди шөлкемлестиреди.

Сектор араб графикасы тийкарында басылған китапларды, жазылған қолжазбаларды оқый ҳәм түсине алатуғын, араб, парсы тиллерди билетуғын жас кадрларды таярлаўы керек. Ҳәзир китапханамызда 300 томға жақын китап ҳәм араб графикасы тийкарында жазылған қолжазба—топламлар, көп санлы ҳәр қыйлы майда документлер, қолжазбалар бар. Бул үлкен байлық, зор ғәзийне. Оның ишинде Фердаўсийдиң, Жәмийдиң, Саадийдиң, Ҳафыздың, Фзулийдиң, Бедилдиң, Наўайының, Мақтумқулының өлмес шығармалары, Мунис ҳәм Агаҳийдиң қарақалпақлар ҳаққында жазған тарийхый китаплары бар. Бирақ, өкинишли жери, усы үлкен байлық, зор ғәзийнениң сақланыўы, тәртипке келтирилиўи ҳәм илимий жақтан ислениўи де тилекке муўапық емес.

Бар материалларды тәртипке салыў, оның сақланыўын жақсылаў—сектордың, болмаса китапхананың ишки жумысы ғана емес, ал, халықлық мәдений әҳмийетли ис. Мысалы, ҳәзирги орта мектеплердиң IX классына арналған әдебий хрестоматиялық китапларға кирип жүрген революциядан бурынғы қарақалпақ әдебиятының нусқалары менен китапханадағы қолжазба нусқаларды салыстырып қарағанда әдеўир айырмашылықлар бар. Шайыр Сыдық Тоқпан улының «Пирман байдың дийқанына» деген қосығының хрестоматияда жиберилгенинде:

«Қурыды адам дәрманы,
Бәҳәр айдадың арбаны,
Өмирде бермейди сорпаны,
Я бир балық қарма менен.
Тисице жемис тиймейди,
Ерик, жийде, алма менен,
Не арттырды жалғыз басың,
Жазылмады бир қулашың...

делинген (1961-жыл, 131-бет). Ал қолжазба нусқада усы қатарлар төмендегише жазылған:

«...Бәҳәр айдадың арбаны,
Қурыды адамның дәрманы,
Өмирде көрмедің сорпаны,
Я бир балық қарма менен,
Ерик жемей алма менен,
Қазыў қаздың салма менен,
Жаталмадың ойнап-күлип,
Бели нәзик талма менен...»

(фонд—1097, 54-бет). Бунда қанша көп айырма барын мысалдың өзи көрсетип тур. Бундай айырмашылықлар басқа шайырлардың қосықларында да бар. Гүлмурат шайырдың «Қайда бараман» қосығының басылып жүргени 116 қатар болса, қолжазбада 288 қатар. Ең жақсы көркем қатарлары усы ўаққа шекем баспа сөзде шықпаған. Бундай аўҳалды Бердақ, Өтеш ҳәм Аннақулдың шығармаларынан да көриўге болады. Демек, бар материалларды тәртипке салыў менен сабақлықларды жақсылаў, революцияға шекемги шайырларымыздың шығармаларын тағы да толықтырыўға, жәмийетшилик алдына тартып жүрген әдебий ғәзийнемизди тағы да байытыўға ерисемиз.

Жыйналған материалды тәртипке салыў, үйрениў, жәмийетшиликке таныстырыў ислерин системалы жүргизиў менен бирге, мәдений мийрасты жыйнаў ислерин тез алып барыў керек. Бул жөнинде институт хызметкерлеринен басқа сырттан шын кеўилден жәрдем берип отырған азаматлар бар. Булардың қатарына Төрткул районынан Бекчан Бабажанов, Әбдирейм Сабуров, Шымбай қаласынан Сайыпназар Бекназаров, Тахтакупырден Дәўлетияр Қасымов, Қурбанияз Жәнеметов, Кегейлиден Мамутжан Әбдужамилов ҳәм басқалар жатады.

Халқымыздың тарийхына, үрип-әдетине, тилине, әдебиятына байланыслы китаплар, қолжазбалар еле айырым адамларда бар екени мәлим. Буның дурыслығын 1968-жылы районларға шыққанда көрдик.

Сектордың старший лаборанты Жамал Шамшетов пенен 1968-жылдың 20—26-июльлеринде Тахта көпир районында болдық. Бир қатар адамлар менен ушырасқанда қарақалпақ халқының мәдений мийрасларының ески нусқалары—жазыў сызыўлары, әдебияттың қолжазбалары, қоңсылас халықлар әдебиятының литографиялық, баспадан шыққан нусқалары, көширме қолжазбалары бар екени анықланды. Ең көзге түсетуғыны Фирдоусийдиң «Шахнамасының», «Рустами дәстан», деп аталатуғын китабы түрки тилде прозалық түрде көп таралыўы, оның айырым қолжазба көширмесиниң елеге шекем айырым адамларда сақланыўы болып табылады.

Насриддин Рабгузидиң «Қыссасуль анбия» китабының Қазан баспасында шыққан нусқасы да әдеўир ушырасады. Бир қатар илимпазлардың пикиринше бул китап туркитиллес халықлардың орта әсирдеги прозалық әдебий китабы болғаны мәлим. Бунда әдеўир дәрежеде диний түсиниклер, пайғамбарлардың тарийхый тәриплеў болса да, сулыў, көркем гүрриңлер де бар. Булар менен қатар Наўайының, Бедилдиң, Фзулиниң, Мақтымқулы ҳәм басқа да шығыс классик әдебиятының шығармалары ески китап түринде де, көширме қолжазба түринде де көп ушырасады.

Дыққат қоярлық жағдайдың бири—1920-жыллары көширилген қарақалпақ классик әдебиятының табылған бир қатар нусқаларында китабий тилдиң көбирек орын алыўы болып табылады. Бул шынлыққа сәйкес келеди. Бундай көширме қолжазбалар еле әдеўир табылыўы мүмкин. Мысалы «Тахтакөпир» совхозының 4-бөлиминиң 5-бригадасында турыўшы Аманша Матов деген 80 жаслардағы ғаррының қолында көлеми 15 баспатабақтай көширме қолжазба бар. Буның ишинде Мақтымқулының, Әжинияздың, Бердақтың қосықлары бар екен. Бердақтың қосығы көширип алынды. Бул көширме қолжазба Мәмбеткәрим кәтип деген жақсы саўатлы ҳәм хатты сулыў жазатуғын адам тәрепинен 1925-жылы жазылған. Усы адам тәрепинен көп қысса, қосықлар көширилген көринеди. «Ленин» совхозында турыўшы пенсионер Қурбанияз Жәнеметов усы киси көширген Мақтымқулы қосықларының 14 бет қолжазбасын китапханаға берди. Усы совхозда турыўшы пенсионер (бурын усы жердеги пахта таярлаў пунктиниң баслығы) Зулпиқар деген кисиде де Мәмбеткарим кәтип көширген Мақтымқулы шығармаларының үлкен бир китап көширмеси бар екен. Зулпиқар ағада «Қыссасуль анбия» китабының баспасын ушыраттық.

Ал, 13—20-августа Төрткүлде болғанда жоқарыда аты аталған шығармалардың бул жерде де кең тара-

лыў менен бирге, елеге шекем отырыспаларда қыссалардың—дәстанлардың оқылатуғыны, ҳаял қыссаханлардың да барлығы мәлим болды. Сол дәстанлардың бири—«Едиге» дәстанының 1909-жылы жазылған қолжазба көширмесин көрдик. Қолжазбаның жыраўлардан жазып алынған вариантының өзгерислери бар. «Қырық қыз» колхозында аўыл советтиң председателиЭ. Сабуровта «Хорезмниң тарийхы» атлы қолжазба ҳәм намаға салып айтатуғын қосықлардың топламын көрдик. Орны келгенде соны айтып өтиў керек—қолжазбаларды, халқымыздың мәдений мийрасының нусқаларын сақлаў—үлкен ҳүрметли ис. Бундай адамлардың атларын жоқарыда ҳүрмет бенен тилге алдық ҳәм ондайлар менен орынлы мақтана аламыз. Енди уазыйпа—баҳалы мәдений мийрасты жәмийетликке жеткериў, оларды халық мәпине айналдырыў болып табылады.

Бул келтирилген мысаллардан қарақалпақ халқының мәдений мийрасы бай екени ҳәм оның қоңсылас республикалардың мәдений мийраслары менен тығыз байланыслығы тағыда анық көринеди. Соның менен бирге, жазыў-сызыўдың, мәдений раўажланыўдың картасының мәлим дәрежеде кеңлигин билдиреди.

Баҳалы мәдений мийраслардың әдеўириниң гөнерип, ҳәр қыйлы себеплер менен кемип баратырғаны жасырын сыр емес. Оларды қаншелли тез ҳәм пухта жыйнасақ соншелли пайдалы. Бул пүткилхалықлық үлкен әҳмийетли ўазыйпаны тез иске асырыўға тек илимий хызметкерлердиң күши азлық етеди ҳәм үлгере алыўы қыйын болады. Буған пүткил жәмийетшилик жәрдемге шығыўы күтиледи. Ең дәслеп, ески саўатлы адамлар, пенсионерлер, билимлендириў, мәдений мекеме хызметкерлери, муғаллимлер, клуб, китапхана искерлери жәрдем бериўлери зәрүр. Биз усындай жәрдемге мүтәжбиз.

Баҳалы мәдений мийрас дәстан, қысса, шежире, тағы басқа китап ҳәм қолжазбалардың айырым адамларда сақланып, аз адамлардың пайдаланыўында болыўынан гөре көпшилик, жәмийетлик пайдаланыўда болғаны артықмаш екени ҳәр бир саналы адамға түсиникли болыўы тийис. Улыўмалық мәпти гөзлеў—әдиўли ҳәм ҳүрметли ис. Бул баҳалы мәдений мийраслар

Н. Жапаков, А. Нурымбетов, Сабыр Өтенязов.

бизиң китапхана қорымызға көбирек ҳәм тезирек жыйналса,—илимниң, мәденияттың тағы да раўажланыўы, бар мәдений мийрасымыздың тағы да толығыўы ушын қосымша материал болады. Ҳәзирги жас ҳәм келешек әўлад халық мәпи ушын бундай ғәзийнеден табыслы пайдаланып, шын кеўилден жәрдем берип, ийне менен қудық қазғандай биримлеп терип жыйнаўшының ҳәр бирин ҳүрмет пенен еске алады. Олардың халық алдындағы әдиўли хызмети тарийхта мәңги қалады.

Биз республикамыздың ҳәрбир азаматының коммунистлик партиямыздың Ленинлик сүренин иске асыра отырып, ҳәмме биреў ушын, биреў ҳәмме ушын ислеп, бул ийгиликли исте қолма—қол жәрдем бериўлерине сөзсиз исенемиз.

Н. Жапақов.

1969-жыл, 6-март, Нөкис.

XI—XV—ӘСИРЛЕРДЕГИ ФОЛЬКЛОР

Бул әсирлердеги фольклордың тарийхына тоқтағанда тек Орта Азиядағы түркий тиллес халықларға, соның

ишинде қарақалпақ халқына да орталық болған фольклор тарийхына тоқтаймыз. Белгили илимпаз, филология илимлериниң докторы А. Каюмов жазғандай «Әйемги Орта Азия еллеринде не-не халықлар, не-не мәдениятларды жүзеге келтирмеди дейсиз. Бул мәдениятлар пайда болып, раўажланып, қыйралып кеткени мәлим. Бирақ, ҳәр бири халық тарийхында өзиниң мәлим излерин қалдырды, келешек алға илгерилеўге азба-көппе тийкар таярлап кетти»[1]. Соның менен бирге, төмендеги қәдени де есте сақлаўымыз керек: «Қандай да болмасын халықтың тили менен әдебиятының тарийхы қысқа мезгилдиң аясына сыймайды... ҳеш бир халықтың, оның миллетлик тилиниң бир әсирде, бир кезеңде пайда болғанлығын тарийх расламайды»[2]. Демек, мәдений, әдебий раўажланыў—узақ процесс екени мәлим. Бул диалектикалық нызам болып есапланады.

Ҳәзирги қарақалпақ халқы түркий тиллес халықлар составында көп әсирлер болып, мәденятты, әдебиятты бирге жасасқан халықтың бири. Басқа халықлардай, социаль-экономикалық ҳәм сиясий жағдайларға байланыслы бир орыннан екинши орынға көшиўге мәжбүр болған. Көп ўақыяларды басынан өткерген. Тарийх, археология илимлериниң ҳәзирги табысларына қарағанда Әмиўдәрья менен Сырдәрьяның төменгиндеги кең пайтах жерлерде қарақалпақлардың әйемги ата-бабалары сақ—массагетлердиң ерте әйемгилигин (античности) көрсететуғын (бизиң әсиримизге шекемги VII—II—әсирлерде) естеликлер табылғаны мәлим. Оннан кейинги дәўирлерде (бизиң әсиримизге шекемги IV-II—әсирлерде) Арал бойларын, әсиресе, Жаңа дәрья жағаларын жайлаған апасиақлардың қалдырған естеликлери де қызығыў туўдырады. Бул да қарақалпақлардың түпки ата-бабаларын көрсететуғын қәўим. Буннан кейинги тарийхый дәўир—ерте Орта әсирдеги (бизиң эрамызға шекемги V—VIII—әсирлер) Арал бойларындағы жергиликли гүнно Түрк қәўимлериниң қалдырған

---

[1]. А. Каюмов. «Қадимият обидалари», Ташкент, 1972-жыл. 3-бет.

[2]. «Ертедеги әдебият нусқалары» Алматы, 1967-жыл, 3—4 бет.

бир қатар қалаларының естеликлери де—қарақалпақлардың әйемги ата-бабаларының естелигине жатады. Ең кейинде, соңғы дәўирде, бизиң жыл санаўымыздың VIII—XI—әсирлериндеги оғузлардың естеликлери (Жанкент) Қарақалпақлардың әйемги ата-бабасына байланыслы[1]. Усы ҳәм басқада тарийхый дәреклер бизиң халқымыздың тамыры терең екенин көрсетеди. Археологиялық изертлеўлердиң көрсетиўи бойынша ҳәзирги Төрткүл районында жаңадан ашылып пахта майданына айналып атырған Жанбас қала жерлери буннан 5—6 мың жыллар (бизиң эрамызға шекемги IV—III—әсирлер) бурын егислик жер болып, каналлар қурылып, өз дәўиринде ылайық мәденятқа ийе болғаны көрсетилиўде.

Булардың барлығы ҳәзирги қарақалпақ халқының жәмийетлик раўажланыўы бир тегис барды, ала сапыран ўақытлар болмады дегенди көрсетпейди. Басқа туўысқан халықлардай қарақалпақ халқы да жәмийетлик раўажланыўдың бир қанша басқышынан өткени мәлим. Тарийхый дәреклердиң көрсетиўи бойынша «түркий урыў—тайпалары, шама менен айтқанда, IX әсирге шекем жәмийетлик раўажланыўдың урыўлық-қәўимлик дәрежесинде болды. Соған ылайық олардың жәмийетлик турмысы, экономикасы, тили, мәденияты, әдебияты болды»[2]. Буны тарийхый жақтан Л. Н. Гүмилевтиң «Древние тюрки[3]» («Әйемги түрклер») ҳәм әдебий жақтан И. В. Стеблеваның «Поэзия тюрков». VI—VIII веков.[4] (Түрклердиң VI—VIII—әсирлердеги поэзиясы») деген мийнетлери тағы да анық дәлиллейди.

Түркий қәўимлер IX әсирге шекем урыўлық—қәўимлик дүзимде жасаса, X—әсирден баслап феодаллық дүзимге өтеди. Әсиресе, Хорезмде XIII—әсирдиң басында-ақ толық қәлиплескен феодаллық дүзим пайда

---

[1]. Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1967 г. стр. 128.

[2]. Ертедеги әдебият нусқалары», Алматы, 1967-жыл, 6—бет.

[3]. Л. Н. Гумилев. «Древние тюрки», М. 1967 г.

[4]. И. В. Стеблева «Поэзия тюрков». VI—VIII веков. М. 1965.

болады.[1] С. П. Толстов басшылығындағы археология изертлеўлери Хорезмдеги феодаллық естеликлердиң бири ҳәзирги Төрткүл районындағы Қават қала екенин анықлады.[2] Бул дәўирде қалалардың, саўданың, өнерментликтиң, аўыл хожалығының өскенлиги көрсетиледи. Тарийхшы Ал—Мақдиси X әсирдиң 80—жылларында Хорезмде 32 ден артық ири қала болғанын айтады.[3] Соның ишинде Ургенч, Хазарасп, Хива, Шорахан қалаларының еле сол ўақыттан бери өзгериссиз аталып киятырғаны анық. Бул дәўирде Ургенч Хорезмде мәденият ҳәм илимниң орайы болған. Демек, дәўирге сәйкес мәденияттың болғаны гүмансыз. Феодаллық дәўирде урыўлық—қәўимлик дәўирге қарағанда мәденияттың, әдебияттың бир қатар илгерилениўи де сөзсиз. Әдебиятшы илимпаз И. Р. Стеблева, жоқарыдағы мийнетинде ҳәр бир халықтың поэзиясы болғанындай әйемги түрклердиң поэзиясы болғанын ҳәм Орхон—енисей түрклериниң тил қурылысы ҳәзирги түрки тиллес халықлардың тилине, әсиресе, аўызеки әдебият тилине жақын екенин айтады,[4] ҳәм филология илимлериниң докторы Э. Н. Наджип те әйемги түркитиллес халықлардың жазба ҳәм аўыз еки әдебиятын қәлиплестириўде бүгинги Қыпшақ—оғуз группасы тиллерине киретуғын түрки тиллес халықлардың ат салысқаны мәлим дейди.[5] Усы ҳәм басқада дереклерге тийкарлана отырып, әйемги түрки тиллес халықлардың жазба ҳәм аўыз-еки әдебияты ерте заманларда болған ҳәм биз сөз етип отырған дәўирде ол әдебияттың түрли жанрлары болып, ол жанрларда қәлиплескен деген жуўмаққа келемиз.

Кириспўде көрсеткенимиздей, XI—XV әсирлердеги фольклор тарийхын еки бөлимнен ибарат етип, биринши бөлимде усы дәўирдеги майда жанрлар ҳаққында сөз

---

1. Очерки истории Каракалпакской АССР, Ташкент, 1964 г. стр. 107.
2. Булда сонда, 107—бет.
3. Булда сонда, 83—бет.
4. И. В. Стеблева—«Поэзия тюрков». VI—VIII—веков. М. 1965. стр. 12.
5. Э. Н. Наджип. Кипчакского—огузский литературный язык мамлюкского Египта XIV века (автореферат докторский диссертации) М. 1965 г.

етпекшимиз. Тағы да ескертип өтетуғын нәрсе—алып отырған дәўиримизде ҳәзирги түркий тиллес халықлардың көпшилиги усы күнги аты менен ол ўақытларда аталмаған. Соның ушын биз барлық түрки тиллес халықларға ортақ болған әдебият мысалларын алыўға мәжбүр боламыз. Әдебият мысалларына сүйенгенде дус келген мысалға сүйене бермей, бурын орталық болса да, ҳәзирги қарақалпақ халқында бар, оған сиңискен, көп ўақыт өмир сүрген мысалларға сүйенемиз. Бундай тарийхты жаратыўда ҳәзирше буннан басқа жол табыў қыйын болып отыр.

Соның менен бирге, бизиң сөз етейин деп отырған дәўиримиз түркий тиллес халықлардың феодаллық дүзимде жасаған дәўири екени мәлим. Бул дәўирде жәмийет классқа бөлинип, ҳәр класстың өз мәпи, қызығыўы бар екени анық. Мийнет адамлары мийнет пенен күн көреди. Мийнет ҳәм олардың турмыс жағдайлары тәжирийбесин молайтады, дүньяны таныў, тәбият қубылысын түсиниў көзқарасын кеңейтеди. Соның нәтийжесинде халықтың исениими, әдет-үрип, салт-санасы, даналығы, өнери өсе баслайды. Рухый талабы күшейип, оны қанаатландырыў ушын мәденият, әдебияттың қулашы кеңейеди. Бирақ, «фольклористика-социаллық илим[1]» болғаны ушын марксистлик—ленинлик тәлиймат қа сүйенип, өзиниң диалектика—материалистлик бағдарын ашық нәзерде тутады ҳәм фольклорды турмыс шынлығын халық көпшилигиниң санасы көз-қарасынан сәўлелендиреди деп қарайды. Буны «фольклорлық дөретпелердиң мазмунынан түсиниў»[2] керек деп үйретеди. Соның ушын қай дәўирдиң фольклоры болса да оған тарийхый, диалектик, материалистлик көз-қарастан қараўымыз керек. Биз усыны нәзерде тутамыз.

Биз жоқарыда ең дәслепки дәўирдеги майда жанрларға тоқтаймыз деген едик. Сол ушын жанрға тоқтамастан бурын усы атамаға қысқаша түсиник берип кетиў мақул көринеди. Рус фольклористикасында фольклордың жанрын классификациялаған В. Я. Пропп ҳәм

---

1. Л. М. Замлянова. Современная амдшканская фольклористика. Теоретические направления и тенденции. Автореферат докторской диссертации М. 1973. стр. 28
2. Ленинское наследие и изучение фольклора, Л. 1970 г. стр. 49.

В. Е. Гусев, қазақ фольклорын классификацияларан М. Әўезов ҳәм қарақалпақ фольклорында Н. А. Баскаков, Н. Дәўқараев, Қ. Айымбетов, Қ. Мақсетовлардың[1] ликирлерин нәзерде тутып, фольклорлық шығармаларда жазба әдебиятқа қарағанда өзине тән өзгешеликлер болса да жанр ҳаққында әдебият таныўдағы атаманы қолланыў мақул көринип, сол атаманың түсинигин бергимиз келеди.

Жанр (француз тилинен алынып)—көркем шығарманың белгили саласы; ҳәр түрли жанр бар, олар шығармалардың мазмунларына ҳәм баянлаў усылына қарай бөлинеди; тийкарғы жанрлар: а) әдебиятта—эпикалық (роман, повесть, гүрриңлер ҳәм тағы басқалар), лирикалық (лирика сөзин қараң), драмалық (трагедия, комедия, өзиплик драма ҳәм тағы басқалар[2]. «Әдебий жанр дегенимиз—екиниң сөз бенен айтқанда әдебий шығармалардың теги болып есапланады. Сонлықтан әдебий жанрда әдебий шығарманың теклери (роды литературы) сыяқлы өз ишинде эпос, лирика, драма және лиро—эпос болып бөлинеди. Базы ўақта сөз арасында да, жазыўда да әдебияттың салалары (виды литературы) жанр деп те атала береди, ал дурысында жанр деген уғымды әдебияттың теги мәнисинде қолланған жөн»[3]

Булардан басқа «Қысқаша әдебият энциклопедиясында» жанрға кең түсиник берилип, айырым дәўирлер ушын жанр теориясының еле жеткиликли исленбегени, барлық әдебий шығармалар көплеген принциплер тийкарында жанрға бөлинетуғыны көрсетиледи. Жанр әдебияттың қандай салаға бөлиниўин көрсетиў менен бирге, оның эстетикалық сапасында белгилеўи керек. Жанр—әдебий шығарманың улыўма құрылысына қарай көлем мәселесинде нәзерде тутады. Түсиникте жанрдың тарийхый раўажланыў проблемасының қыйын екенинде айтады. Дәўирге қарай жаңа жанрдың пайда болыўы, бир қатар жанрдың жоқ болып кететуғыны көрсетиледи. Әсиресе, XX-әсирде көркем әдебиятта жаңа жанрлардың пайда болғанын көп санлы мысаллар менен көрсетеди.[1] Усы қатарлар жанр атамасын қысқаша түсиниўге жеткиликли болар деймиз. Соның менен биз жанр мәселесине усы жоқарыдағы көрсетилген теориялық ҳәм практикалық көз қарастан қарайтуғын болдық. Түркий тиллес халықлардың фольклорында, соның ишинде қарақалпақ фольклорында да ең дәслеп салт—әдет—үрип жанры қәлиплескен. Бул басқа халықларда да усындай. Салт—әдет—үрип жанрына киретуғын дәретпелер ишинде ең гөнеси жоқлаў,—айтым қосықлары болып көринеди.

Жоқлаў—айтым қосықлары—ески, әййемги заманнан қалып киятырған салт—үрип—әдет дәретпелериниң бири. Мысалы: профессор Ю. М. Соколов рус халқының аўыз еки халық дәретпелериниң ишинде жерлеў ҳәм жоқлаў үрип—әдет—айтым—қосықларына тоқтап, «...өлгенди жерлеў әдетлериниң және оған қосыла жылаўлар менен қосықлардың (жоқлаў қосықларының) тийкары еле урыўлық жәмийетине шекемги есте жоқ ўақытлардан бери сақланып киятырған даўсыз нәрсе...»[2] дейди. Ал, қазақ совет әдебиятының тийкарын салыўшылардың бири С. Сейфуллин «Жоқлаў жырлары қазақ ескилигинде узақ дәўирлерде көп шыққан деп көрсетеди. Бул әййемги греклерде де болған. Гомердиң белгили «Илиада» ҳәм «Одиссея» шығармаларының айырым бөлимлеринде жоқлаў қосықлары берилген. Мы-

---

[1]. В. Я. Пропп. Принципы классификации фольклорных жанров. Журнал «Советская этнография». 1964 г. № 4. стр. 147, 154, его же. Жанрный состав русского фольклора. «Русская литература» 1964 г. № 1, стр. 58—76, б) В. Е. Гусев. Эстетика фольклора Л. 1962. стр. 98—163,
в) Мухтар Әўезов. Ўақыт және әдебият, Алматы, 1962 ж, 36-бет.

[2]. Н. А. Баскаков. Каракалпакский язык. М. 1951. 7—бет; д (Н. Дәўқараев. Очерки по истории дореволюционной Каракалпакской литературы. Ташкент. 1959 г. 16—75—б. е) Қ. Айымбетов. Халық даналығы. Нөкис. 1968-ж. 13—65—беттер. ж) Қ. Мақсетов. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. Нөкис, 1971-жыл, 42—64-бетлер.

[3]. Словарь иностранных слов, М. 1959 г. стр. 250.

[4]. Ғали Әбетов. Әдебиет—таныў терминлериниң қысқаша қазақша сөзлиги. Алма-Ата, 1962, 49-бет.

[1] Краткая литературная энциклопедия. том. 2, М. 1962 г. стр. 914—917.

[2] Ю. М. Соколов. «Русский фольклор», М, 1941 г. Учпедгиз, стр. 173.

[3] Сәкен Сейфуллин. «Шығармалары» алтыншы том, Алматы, 1964-жыл, 142-бет.

салы, «Илиаданың» XXIV бабында Гектордың өлими үстинде жоқлаў қосығы айтылғаны бериледи.[1]

Биз жыл санаўымыздан 3000—4000 жыллар бурын ески Мысырда фараонлар (патшалар) өлгенде көпшилик хор болып айтылатуғын жоқлаў—жылаў қосықлары жекке адамлар, әсиресе өлген патшаның ҳаялы тәрепинен де айтылған. Буның бир қатар үлгилерин рус тилине шайыр А. Ахматова ҳәм В. Потаповалар аўдарған.

Жоқлаў—айтым қосықлары тек халық аўызеки дөретпелеринде ғана емес, жазыў естеликлеринде де өзиниң изин қалдырған. Шығыс Африка еллери менен европа халықларының жазба естеликлерин көрсетпей, тек түркий тиллес халықлардың жазба естеликлеринен бул жөнинде көп мысаллар келтириўге болады. Мәселен, түркий тиллес халықлардың орталық жазба естелиги V—VIII әсирлердеги Орхон—Енисей жазбаларында тарийхый ҳәм мәдений дереклер менен бирге, жоқлаў—айтым қосықларының излери көринеди. Орхон жазыўларындағы Күлтегин (үлкен жазыў) естелигинен бир мысал келтирейик:

«Күлтегин йоқ ерсер,
Коп елтечи ертигиз,
Иним Күлтегин кергек болту,
Өзим сақынтым...
Корур көзим көрмез тег,
Билир билигим билмез тег болту..?[2]

Бул сөзлердиң ҳәзирги қарақалпақшасы төмендегидей болып шығады:

Күлтегин жоқ болса,
Бәриң (де) өлимши едиңлер.
Иним Күлтегин қаза тапты,
Өзим қайғырдым.
Көрер көзим көрместей,
Билгир ақылым билместей болды.

Усындай жоқлаў қосықларының излерин XI әсирдиң жазба естелиги болған Махмуд Кашғарийдиң «Девану Лугатит түрк» мийнетине кирген қосықлардың ишинен де көриў мүмкин.

Мысалы:

«Алп ер Тона олдими,
Есиз ажук қалдымы,
Аэлек ошин алдымы,
Енди жүрек жыртылур»[1]

Бул сөзлердиң ҳәзирги қарақалпақ тилиндегиси төмендегише болып шығады:

Алп ер Тона (Афраснаб) өлдиме,
Жарамас дүнья қалдыма,
Дүнья оннан өшин алдыма,
Енди жүреклер оның ушын жараланбақта.

Жоқарыда көрсетилген жазба естеликлердеги «көрер көзим көрмес болды», «Жүрек жараланды» сөзлери жоқлаў қосықлары ишинде удайына ушырасып отырады. Демек, бул көрсетилгенлердиң барлығы жоқлаў—айтым қосықларының халық аўыз еки дөретпелери ишинде ең ески, есте жоқ заманлардан бери сақланып киятырған салт—әдет қосықларының бири екенин дәлиллейди ҳәм жанр иретинде тек салт—үрип—әдет қосықларына жататуғынын көрсетеди.

Жоқлаў—айтым қосықларының айтылыў жағдайлары ҳәм халықта ҳәр түрли болыўы да тәбийий нәрсе. Бул халықлардың миллий дәстүр, үрип—әдетлерине байланыслы екени мәлим. Қарақалпақ халқының дәстүр, үрип—әдети бойынша қайтыс болған адамның денеси жатқан жерге ер адамлар қайғырыўды билдириў ушын сырттан даўыс шығарып келеди. Ал ҳаялқызлар үйге кире даўыс шығарып жылайды. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин марҳумның жақынларынан бири жоқлаў айта баслайды. Жоқлаў—айтым қосығын марҳумның анасы, ҳаялы яки қарындасы, апасы айтады. Буннан жоқлаўды еркеклер айтпай, тек ҳаялқызлар айтатуғыны көринип тур.

Соны да көрсетип өтиў керек, орта жастағы бай, бий, кәтқуда абырайлы адамлар, урыў басшылары, батырлар, ҳәмелдарлар қайтыс болғанда жоқлаў менен

[1] Античная литература. М. 1973 г. стр. 28.
[2] Бул цитата «Ертедеги әдебият нусқалары» китабынан алынды. Алматы, 1967-жыл, 44-бет.

[1] Махмуд Кашкарий. «Девану Лугатит түрк». Ташкент, 1960 жыл, 77—бет.

бирге, көбинесе жас адамлар қайтыс болғанда жыл бойына аза тутылып, әсиресе жетисин, қырқын, жүзин, жылын бергенде жоқлаў айтылып туратуғын болған. Аўылдың азамат жигити өлсе, пүткил аўыл аза тутып, жыл бойына сол аўылда той берилмей, бақсы-жыраў айттырылмайтуғын болып, азаматтың жақынларынан үйлениў, күйеўге шығыў ислери де бир жылға тоқтатылған. Ал, 90—100 жасқа шыққан, оннан да асып жасаған ғаррылар өлсе оларға жоқлаў айтылмаған ҳәм бир қатар жерлерде марҳумды жерлеў—қайғыға—азаға емес, мерекеге айналдырылған.

Жоқлаў—айтым қосықларын шайырлар да жазған ҳәм марҳумның жақынлары да өз жанынан айта берген. Бар материалларға қарағанда шайырлар жоқлаў қосықларын жазып берген менен өзлери жоқлаў айтпаған көрингеди ҳәм көбинше жоқлаў қосықларын марҳумның ағайин-туўғанлары өз бетинше шығарып айтқан. Соның менен бирге, жоқлаў қосығын айтып үрдис етип жүриўши айырым ҳаяллар—кемпирлер болған. Бир қатар жерлерде соларды шақырып, оларға қайтыс болған адамды жоқлаў айттырған. Бирақ, бундай жағдайлар қарақалпақ халқының турмысында, салт-әдет үрпинде оғада аз ушырасатуғын аўҳалдың бири екени анық.

Тағы бир әҳмийетли мәселеге тоқтаў керек болады. Бир қатар әдебиятшылар жоқлаў қосықларында дин тәсири ҳәм бағдары бар, «бул әдет-үрплер феодаллық—урыўлық қатнасықтың қалдықлары...[1] деп көрсетеди. Бундай пикирлерде белгили дәрежеде шынлықтың нышаны бар екени рас. Себеби, жоқлаў—айтым қосықлары дәслеп дөреген ўақтында көбинесе сол урыў, қәўим басшылары, феодалларды, батырларды жоқлаўға арналғаны мәлим. Бирақ жоқлаў қосықларына жоқарыдағы көз-қарастан жантасыў ҳақыйқатлыққа сәйкес келмейди деп ойлаймыз. Себеби, жоқлаў қосықларында диниий айрым тәсири болған менен көпшилик жағдайда сөзлер ҳәм идея адам басына түскен қайғы, ананың баладан айырылыўы, ҳаялдың жесир қалыўы, қыздың сүйгенин жоқ етиўи, балалардың жетим болыўы ҳақ-

[1] Н. Дәўқараев. «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери». Нөкис, 1961-жыл, 50-бет.

қында барады, усындай улыўма адам тәғдирине ортақ жағдайлар сүўретленеди. Соның ушын биз, жоқлаў қосықлары ҳаққындағы жоқарыдағы бир жақлы пикирлерге қосылмаймыз ҳәм «үй ишиниң қайғы—шерин билдиретуғын қосықтан «жоқлаў» гейде улыўма адам баласына ортақ темаларды қозғайтуғын, терең ҳәм үбегейли ой тербейтуғын қосыққа айналады... мейлинше көркем болғанлықтан олар халық арасына кең тарылып, сап ҳасыл шығармалар иретинде бизиң заманымызға жетти...[1] — деген пикирге қосыламыз.

Қарақалпақ халқының салт—әдет қосықларының, соның ишинде жоқлаў қосықларының нусқаларын дәслепки жыйнаўшылардың бири ҳәзирги атақлы илимпаз Н. А. Баскаков болып есапланады. Ол 1920-жыллардың орталары менен 1930-жыллар ишинде қарақалпақ халық дөретпелеринен көп материаллар жыйнаған. Олардың бир қатарын 1951-жылы Москвада СССР Илимлер Академиясының баспасында шыққан өзиниң белгили илимий мийнети «Каракалпакский язык» китабының биринши томына жиберген. Усы материаллар ишинде әдеўир санда жоқлаў қосықлары да бар. Оның бир қатарына «ески жоқлаў» деп арнаўлы белги қойған ҳәм бул жоқлаў қосықларын Қоңырат районының 12-Соркол аўылында жасаўшы сол жыллары 62 жастағы Бийби—Айша деген кемпирден жазып алғанын ескерткен. Буған қарағанда кемпирдиң жоқлаў қосықларын үрдис етип айтыўшы ҳәм жақсы биліўши екени сөзсиз. Соның менен бирге Бийби—Айша кемпирдиң айтып жүрген жоқлаў қосықларын қарақалпақ ҳәм түркий тиллес халықлардың гөне жоқлаў салт—әдет қосықларының нусқаларына сәйкес келеди деп қараўымыз мүмкин. Себеби қосықлардың құрылысы менен мазмуны стили бизиң бул пикиримизди тастыйықлайды.

Усы жоқлаў қосықларынан бирқанша мысаллар келтирейик:

Медрим атлы беглерим,
Қалаға сарай салдырған,
Текшеге гүлин қойдырған,
Алтыннан қапы ойдырған...
Хан шақырса қасқарған,

[1] М. Әўезов. «Уақыт және әдебият», Алматы, 1962-жыл, 47-бет.

Хансыз бир елди басқарған,
Айўанға суңқар түнеткен,
Суңқарын беглер түлеткен...
Алтыннан тиккен қылыш баў,
Үзилип түсип белимнен,
Түбгүт тулпар арғымақ,
Медрим үйден кеткен соң,
Босанып кетти—аў белимнен.[1]

Бул қатарларда урыў баслығын жоқлаў, соның дақын көтериў сезиледи. Бундай жоқлаўлар қазақ, қырғыз ҳәм басқа түркий тиллес халықларда бар. Мысалы, қазақ халқының жоқлаўындағы мына қатарлар жоқарыдағы жоқлаў—айтым қосығына үлес келеди. Бирақ, бундай жоқлаў қатарлары менен бирге, адам басына

Ақ суңқар ушты уядан,
Қол жетпейтин қиядан...[2]

түскен қайғы-муңды ортақласыў ушын жыйналған адамларға налыш етип, қайғы-муң образлы етип берилип, халықты өлген адам ушын жаны ашыўға шақыратуғын қатарлар да аз емес. Бундай қатарлардан халықтың күшли тәсир алатуғыны, адамның адамға жаны ашып, оның қайғысына да, ўақты хошлығына да ортақласыўдай үлкен адамгершилик минез-қулықты күшейтиўге өз тәсирин тийгизетуғыны сөзсиз. Бул пикирди дәлиллеў ушын бир мысал келтирейик:

«Қулақ бир салың сөзиме,
Жыйылып келген халайық,
Нәсийҳат бериң өзиме,
Айтқаның менен болайық...
Туўысқанның ишинде,
Ушқан бир ақша қуў еди,
Өз үйимниң ишинде,
Үзилмес алтын туў еди...[3]

---

[1]. Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», 1-том, М. 1951 г. Изд. АН СССР, стр. 221—222.
[2]. Мухтар Әўезов. Ўақыт және әдебият. Алматы. 1962—жыл. 46—б.
[3] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», 1—том, м. 1951, стр. 224.

Бул келтирилген мысалдан адам менен адамның адамгершилик қатнасы, көпшилик халықтың, адамның тәғдириниң бир екенлиги, ҳәр кимниң өз үйине, ағайинди-туўғанына қәдирли екени ҳаққындағы реалистлик сезимлер ашланады. Бул жоқлаў қосығының характерли жағы сонда, қайтыс болған адамның үй-ишине қандай аўыр аўҳал болып турса да халық пенен кеңескенди, халықтың мәсләҳәтин алып, соның силтеўи менен ис еткиси келеди. Қыйын ҳәм аўыр жағдайда халыққа сүйенеди. Бундай жоқлаў қосықларында урыўлық—феодаллық қатнасықтың емес, адамгершилик қатнасықтың мотивлери басым екени көринип тур.

Жоқарыда аталған жоқлаў қосығында адам арасындағы қатнас, адам баласына ортақ қайғы-муң сезимлери менен бирге, заман ўақыт ағымы менен тәсири де белгили дәрежеде орын алған. «Жазылған буйрық адамға, жазылған буйрық гез келсе, қалама аман заманда, қудайым салды мен көндим...»[1] деген ҳәм басқа да усы сыяқлы сөзлер әдеўир ушырасады. Демек, жоқлаў—айтым қосықларында сөз стили турақлы болып, узақ дәўирлерден бузылмай киятырғаны сезиледи. Усы сөз қатарлар биз көрсетип отырған дәўирде де, бәлки оннан да бурын усы турысында айтылыўы мүмкин.

Қандай дәретпе болса да өз заманына, өз ўақтына сәйкес болыў—турмыс шынлығын көрсетеди. Усы турмыс шынлығында тек үстем класс ўәкиллериниң емес, улыўма адамзатқа орталық сезимлерде бар екени мәлим. Жоқарыдағы жоқлаў—айтым қосығында усындай улыўма адамға орталық сезимлер де берилген. Мысалы:

«...Келмеске кетти кәрўаным,
Кәрўаным жолы кесилип,
Азалы болды аз күним,
Қыямет болды жаз күним.»[1]

Жүрек шери қатты ҳәм аянышлы шығып, хожалықты асырап, сақлап отырған адамның қайтыс болыўы қан-

---

[1] Булда сонда. 1951. стр. 226.
[1]. Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык. 1—том, М. 1951. стр. 226.

шама қайғылы екени, оның ақыбети шынлық менен айтылады.

Панасынан айрылған, қанатынан қайрылған жетим менен жесирдиң аянышлы аўҳалы төмендеги жоқлаў үзиндисинде тағы анығырақ бериледи:

«Жети бир қабат жол жүресем,
Жесир бир атым қалар ма?
Жети бир қабат тон кийсем,
Жетим бир атым қалар ма...?[1]

Биз жоқарыда жоқлаў қосықлары салт—әдет қосықларының ең ески, әййемги түрлериниң бири екенине, оның бир қатар айтылыў жағдайларына, жоқлаў қосықларын баҳалаўдағы айырым пикирлерге тоқтадық. Биз енди жоқлаў қосықларының түрлерине тоқтағымыз келеди.

Жоқлаў қосықларының түри көп. Түрлерине қарай айтылыў жағдайлары да өзгереди. Бул жоқлаў қосықларының характерли жағын ҳәм өзине тән айырмашылығын да көрсетеди. Жоқлаўдың улыўма түри болып, ол марҳум жерленгенге шекем айтылатуғын болған. Жоқлаўдың бул улыўма түринде көбинесе марҳумның жақсы қәсийетлерин, елине, үйине қәдирли екени, сыпаты, байлығы, адамгершилиги, мәртлиги, шешенлиги—қулласы, адам баласына питкен бийик сапалардың әдеўир бөлеги терип айтылып, олар әдебиятта қоллануылатуғын көркемлеў қураллары арқалы да, жай эпиўайы етип те бериледи. Мәселен:

Бул елимниң дәртинен,
Сергиздан, себил болдым мен.
Ал қызылдан алжасып,
Айқошлап қарап қалдым мен.
Жаўлы бир күн жарағым,
Жаманлық күни керегим,
Жапырақлы терегим...
Узында мылтық турбатлым,
Сырты бир сулыў сымбатлым...
Тартылмай атар билеклим,
Тартынбай сөйлер жүреклим...
Жаўрынымдағы қара шаш
Ағарғанша жоқлайын,
Аўызымдағы отыз тис,
Сарғайғанша жоқлайын...[1]

[1] Өзбекстан Илимлер Академиясының қарақалпақ филиалының китапханасы. қоры инв. 34660.

Улыўма жоқлаўдың буннан басқа да түрлери бар. Мысалы:

«Мен жоқшыман, жоқшыман,
Жоқшыларға қошшыман
Туғрыда турған суңқар жоқ,
Суўытып қойған тулпар жоқ,
Устамдағы балғам жоқ,
Суўдан бир шыққан суўындай,
Суўытып қойған қулындай,
Айтқан бир сөзин ойласам,
Пайғамбардан қалғандай,
Бийпатпадан туўғандай...[2]».

Улыўма жоқлаўдың түрлери бул мысаллар менен шекленбейди. Бирақ, улыўма жоқлаўдың ҳәмме түрине тән нәрсе, марҳумның минез-қулқын, исин, адамлар ортасында тутқан орнын мисиз етип көрсетип, жыйналған халықтың нәзерин аўдарып, оларда қайғы-аяныш сезимлерин күшейтиў болып табылады. Солай етип, улыўма жоқлаўды қуйылдырып айтыўшы қайтыс болған адамға өзиниң ҳүрмет-иззетин көрсетиў ўазыйпасын орынлап ғана қоймай, адамларда терең ой туўдырып, олардың марҳумға қайғысын, ҳүрмет-иззетин арттырады, ҳәр бир адамның жер бетинен кетиўи—қайғылы ўақыяға айналады. Жоқлаў қосықларының тәсир етиўши күши усында.

Жоқлаўдың бул түри узын ҳәм көп те, ықшамлы да болыўы мүмкин. Соның ушын жасы үлкен адамлар жоқлаўды тоқтатыўды өтинеди ҳәм жоқлаў тоқтағаннан кейин жоқлаўшыға тәселле берип, марҳумның басқа да жақын-жуўықларына кеўил айтылады. Буннан кейин тағы жоқлаў басланады. Жоқлаўдың бундай түрлери де әдеўир бар. Оларда марҳумды жоқлаў бир қатар конкрет болып, қаза түскен үйдеги аўҳал аянышлы түрде бериледи. Жоқлаўдың ким тәрептен айтылыўына

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык». М. 1951. стр. 226—229.

[2] Өзбекстан Илимлер Академиясы қарақалпақ филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтының фольклор сектонының қоры, инв. 49. Т. Нийетуллаев қолжазбасы, екинши дәптер, 1967-жыл, 10—22-бетлер.

байланыслы характери өзгереди. Жоқлаў ким тәрепинен айтылса да конкрет қайғылы ўақыя шебер ҳәм усталық пенен сүўретленип ҳәр бир тыңлаўшының санасына жеткерилип, көз алдына жесир қалған ҳаялды, жетим қалған баланы, хожалығы бузылып, ойран болған үйди, қартайғанда жер менен жексен болған ананы келтиреди. Жоқлаўдың бундай түрлеринен бир қатар мысаллар келтирейик:

«... Қатарымның ишинде,
Қара кийип зар қақтым,
Бул ислерди досларым,
Не пейлимнен мен таптым...?
Жаманлық күни керегим,
Жапырақлы терегим,
Отыз улым болса да,
Орны да басқа шырағым...[1]

Булардан басқа, марҳумды жерлеп келгеннен кейин сүйекшилер менен қосылып даўыс шығарғанда айтылатуғын жоқлаў түрлери де болады. Жоқлаўдың бундай түрлеринде қайғы-муң тағы да күшли ҳәм тәсирли сүўретленип, марҳумның қайтып келмес жолға кеткени образлы сөзлер арқалы бериледи. Жоқлаўлардың бул түрлерине қарай мазмуны да бир қатар өзгереди. Қайтыс болғанды, оның қайтып келмейтуғынын мойынлаў, жатқан жериниң жайлы болыўын тилеў ҳәм басқа да усыған қусаған сөзлер айтылады. Мысалы:

«Қиямет болған қусайды,
Қызыл гүл солған қусайды,
Минген бир бедеў бос келди,
Веглерим қалған қусайды...[2]»

Қарақалпақ халқының әдет-үрпинде марҳум жерленген соң көп узамай пийшемби күни өлиниң басына барып қайтқанда үйге келип тағы даўыс шығарып, еске түсириў дәстүри болған. Усы жағдайда да, марҳумның жылына шекем де айтыла беретуғын жоқлаў қосықларының түрлери бар. Оларда көбинесе марҳумның үй-ишиниң, ағайин-туўғанының әрманлары, оны жақлап сағыныўлары, онысыз күнлерине тәўекеллери жырланады. Әлбетте, бундай жағдай қарапайым адамның турмысынан келип шыққан. Себеби, турмыс «өлгенниң изинен өлмек жоқ» екенин үйреткен ҳәм тири адамға жасаў ушын талапланыўы керек. Усы турмыс ҳақыйқатлығы жоқлаў қосықларының бул түрлерине өз тәсирин ислеп, қайғы-муң менен бирге, көпшилик халық қатарына кирип, солардың турмыс тиришилигине араласып, басқа түскен аўырманлықты көтерип, оны жеңиўге бел байлағанын сүўретлейди. Жоқлаўдың бул көрсетилген түрлеринен тағы бир мысал келтирейик:

«Атлыда бардық әрман жоқ,
Пияда бардық дәрман жоқ,
Жети бир қабат жер асты,
Шығып бир қарар дәрман жоқ,
Сағынған менен көрмеспен,
Сарғайған менен өлмеспен...
Жылай бир сықлай көнейин,
Ҳәр муҳамға дөнейин
Көпшилик пенен көрейин...[1]

Адамның қайтыс болғанынан жерлениўине дейин, онан кейин жылын бергенше айтылатуғын жоқлаў қосықларының ҳәдийсеге байланыслы ҳәр түри болыўы—басқа туўысқан халықлардың әдет-үриплеринде онша ушыраса бермейди. Бул қарақалпақ халқының өзине тән миллий үрип-әдетлериниң тийкарында келип шыққан нәрсе екени анық ҳәм бул жағдай халқымыздың көп аўырманлықларды көргенин билдириў менен бирге, оның поэтикалық уқыбы кең, ол ҳәр қандай жағдайда да кемимегенин көрсетеди.

Жоқлаў қосықларының жоқарыда көрсетилген тийкарғы түрлеринен басқа атадан жекке жигит өлгенде, үйленбеген жигит қайтыс болғанда, бийперзент адам өлгенде ҳәм камалға келген қызлардың сүйген жигитлери талап ислеп жүрип елден тыс жерлерде өлгенде айтылатуғын жоқлаў, еситтириў қосықларының түрлери де болады. Бундай жағдайларда жоқлаў ҳәм еситтириў қосықларының ашық ҳәм тымсал мененде айтылатуғын түрлерин көремиз.

---

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», I—том, 1951 г. стр. 227.

[2] Жоқарыда көрсетилген деректе. Т. Нийетуллаев қолжазбасы.

[1] Жоқарыда көрсетилген деректе. Т. Нийетуллаев қолжазбасы.

Жоқлаўдың бул түрлери оғада өткир, аянышлы, адамның жан-жүйесине өтип, үлкен ой тербетип, адамлар арасындағы өз ара қатнастағы, адам өмиринде гі көп нәрселерди ортаға салады.

Халық тәрепинен дөретилген жоқлаў қосықларының идеясы менен мазмунына қарағанымызда оларда халықтың еки түрли аң-сезими, уғым-түсиниги, көз қарасы бар екени аңланады. Биринширден, бул жоқлаў қосықларында адам өмиринің аўыр, азап-ақырети, қыйсыўметлери, турмыстың адам айтқысыз мусаллатын көтерген жарлының ҳал-жағдайы, онысызда сәтсиз үйдиң ойран, «көрер көздиң көрмес», билер жөнин билмес болыўы сүўретленсе, екиншн жағынан, дин түсиниги—алланың ҳәмири, «жазылған буйрық адамға, жазылған буйрық гез келсе, қалама адам заманда» деп айтылады. Бундай еки түрли аң-сезим, түсиник, көз қарастың болыўы да турмыстан тыс нәрсе емес. Себеби, бурын үстем класс топары ислам динин өзиниң рәсмий идеологиясы етип пайдаланады. Дин халық арасында өзиниң тәсирин күшейтиўге, өз түсинигин, халықтың аң-сезимине сиңдириўге илажды көрди. Соған қарамастан, көпшилик жоқлаў қосықларында турмыс шынлығының реалистлик пенен сәўлелениўи—халық дөретпелериниң прогрессивлик, демократиялық бағдарын көрсетеди. Бир қанша мысаллар келтирейик:

«...Қайырға питкен қара тал,
Қайрылмас бекен деп едим,
Атасынан баласы,
Айрылмас бекен деп едим...
Өлими түссин өрт екен,
Өзекке түскен қурт екен...
Жесирлик келди бизлерге
Жетимлик келди бизлерге...[1]»

Бунда өлимниң ақыбетлери ҳаққында халық өзиниң көз қарасын, турмыс шынлығын ҳешқандай жасырмастан, асыра дәбдебели етпестен шебер ҳәм көркем етип дурыс берген. Тағы бир мысалды келтириўге болады:

«... Ақ көйлегим кир басты,
Жүрегим болды жер асты...

[1] Жоқарыдағы деректе. М. Низаматдинов қолжазбасы.

Ол дүнья қайда биз қайда,
Көретуғында күн қайда...
Әўлийе деген қор екен,
Айналасы тар екен,
Барған бир бенде қайтпастай,
Барымта қуўған жер екен...[1]

Жоқарыдағы келтирилген ҳәр бир қатарға үңилип қарасақ, оннан терең мәнини аңлаймыз. Халықтың оғада реалист екени, оның турмыс шынлығын көре билетуғыны ҳәм турмыстың силтеўин, үйретиўи бойынша дурыс жуўмақ шығара алатуғыны көринип тур. Халық турмыс тәжирийбесинен өли менен тириниң арасы алыс екенин, қайтыс болған, қара жер қушағына кирген адамның кейин қайтпайтуғынын биледи. Бирақ, жоқарыда көрсеткенимиздей, усы көз қарас, аң-сезимге қарама-қарсы келетуғын, диниң тәсири менен пайда болған жоқлаў қосықларын, қосықлардың ишиндеги шуўмақ, қатарларды да көреміз. Мысалы:

«...Өтпей дүнья турар ма,
Алмай тәңирим қояр ма...
Келмес жерин ойлады,
Кең сарайын сайлады...
Алланың қылған исине,
Қайыллар болып турыппан...
Өзи де берип өзи алды...[2]

ҳәм басқалар. Бул қатар түсиндириўди талап етпесе керек. Усындай қарама-қарсылықларға қарамастан, жоқлаў қосықларының басым көпшилиги турмыс шынлығын, халқымыздың адам қайтыс болғанда қайғы сезимлерин, адамға адамның мийрибанлығын көрсететуғын ҳақыйқат халықлық дөретпелери ҳәм халқымыздың көркем ой туўындысы болып есапланады.

Булардың барлығынан келип орынлы бир саўал туўады. Олда болса жоқарыда айтылған пикирлер ҳәм келтирилген мысаллар сөз етип отырған дәўирлерге сәйкес келеме, оған дәлийллер барма деген нызамлы саўал болып есапланады. Буған биз айтылған пикирлерге дәлийллер бар ҳәм келтирилген мысаллар усы турысында сол дәўирлерде айтылмаған болса да, сол ўа-

[1] Бул да сонда. Ә. Әлимов қолжазбасы.
[2] Жоқарыдағы деректе, Ә. Әлимов қолжазбасы.

қытлары естеликлерде изи түсип қалған жоқлаўлардың мазмунын береди деп жуўан бере аламыз. Бунын ушын төмендеги мысалларды келтиремиз:

1. Орхон—Енисей естелигиндеги Күлтегин (үлкен жазыў) жазыўындағы «Көрер көзим көрмес, билер ақылым билмес» болды деген жоқлаў излери усы мәнидэ барлық жоқлаўларда тәкирарланады. Махмуд Қашқарийдың «Девану Лугатит түрк» мийнетиндеги «Жарамас дүньяның қалыўы, жүректиң жараланыўы» ҳаққындағы жоқлаў қосығының идеясы да ҳомме жоқлаўларда қайта-қайта айтылады. Сөзлердиң турақлы болыўы даўам етиледи. Қарақалпақ халқы ҳәм басқа түркий тиллес халықлар арасындағы:

«...Арқадан ескен ақ боран,
Солдырды қызыл гүлимди,
Аш бүйримнен оқ атып,
Сындырып кетти-аў белимди...[1]

деген жоқлаў қатарлары жоқарыда көрсетилген дерексердеги жоқлаўлардың мазмунына, идеясына сәйкес келеди.

2. Орхон—Енисей естеликлеринде, әсиресе Күлтегин, Тоныкук ҳәм Билка Каган қәбиринде тасқа жазылған жазыўларда жоқлаў излери болса да, көбинесе түрк халқы ҳәм мәмлекетиниң тарийхында әҳмийетли орын алған ўақыялар баян етилген. Соның менен бирге, Үигин питик тасы, Сужидағы питик тас ҳәм басқада естеликлердеги жазыўларда муң-шер, матам, қайғы, жоқлаўлар тийкарынан орын алған. Сужидағы (Монголия) питик тас естелигинде:

«... Бай едим,
Мениң он мал қорам, сансыз малым бар еди.
Иним жети, улым үш, қызым үш еди.
Улымды үйлендирдим.
Қызымды қалыңсыз бердим
. . . . . .
Жийенлер, неверелер көрдим,
Енди өзим өлдим»[2]—дейди.

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», I—том, 1951, стр. 223.
[2] С. Е. Малов. Памятники древнетюркской письменности. Тексты и исследования. М. Л. 1951 г. стр. 77.

Бунда көркем сүўретлеўлер жоқ. Адам дүньяға келген, жасаған, мал тапқан, бала-шағалы болған ҳәм дүньядан өткен. Солай болған менен адамның қайғысы, зары, жасаў үмити, оның иске аспағаны көринип тур. Таластағы тасқа жазылған естеликте: «Сизлерден, отыз оғланлардан, дүньяның жемис-пайызынан ол айрылды (ягный өлди) Сизлерге, исенимли азаматлар, Оғлан—Чур, мийраслы қалдырды. Оның ҳаялы жесир қалды[1]»—деп жазылған. Бул естеликте жазылған сөзлер басқаша екени көринип тур. Бунда улларынан, дүньяның қызығынан айрылған атаның зары, күйеўинен айырылып жесир қалған ҳаялдың шер-муңы берилген. Соның менен бирге, бул естеликлерде жазылған сөзлер пәленше пәлен ўақта туўылып, пәлен ўақта қайтыс болды, пәлен урыўдан деген әпиўайы естеликтен ибарат емес, әййемги түркий халықлардың урыў басшыларына, бай ағайинлерине солардың атынан өз ўақтының стили менен жазылған матам, қайғы, жоқлаў естеликлери болып есапланады .Демек, биз сөз етип отырған дәўирдеги жоқлаў—айтым—қосықларының тийкары усы естеликлерге барып тақалады.

3. Сөз етип отырған дәўирлер менен сағалас «Алпамыс» ҳәм «Қоблан» дәстанларында да жоқлаў—айтым қосықларының излери, бир қатар орынларда жоқлаўдың өз аты менен берилгенлери де бар. Мысалы Есемурат жыраў Нурабуллаевтан Р. Хожамбергенов жазып алған, Қ. Мақсетов, Қ. Мәмбетназаров баспаға таярлап 1960-жылы басылып шыққан «Алпамыс» дәстанында Алпамыстың қарын—Қарлығаштың тилинен қотарылған сықта (233-бет) ҳәм Қултай бабаның түйелерди бағыўға күши жетпей өткен зарларында (299—303 бетлер), Алпамыстың баласы Жәдигержанның жылап айтқан муңлы қосықларында (317-бет) жоқлаў—айтым қосықларының излери болса, Ултанханның тойына хызметте жүрген Қаныў қассап ашыў менен кемпирин теўип жибергенде ол өлип қалады, оннан кейин ол «... қос бүйирин таянып, ўай-ўай салып, зар-зар жылап, кемпирин жоқлап бир сөз деди:

[1] Бул да сонда, 75-бет.
[2] Оғлан—ул, бала олардың жолдаслары мәнисинде.

—Қанатымнан қайрылдым.
Туяғымнан майрылдым.
Атаңа нәлет Ултан хан.
. . . . . .
Кемпиримнен айрылдым...
Айралық жәбири өттиме.
Басымнан дәўлет кетти ме...[1]

деп, жоқлаў—айтым қосығын айтады. Бул жоқлаў—айтым қосықларының излери ғана емес, жоқлаў—айтым қосықларының дәстанға кирген анықтан-анық өзи болып есапланады.

«Қоблан» дәстанында Қобланның жаў шаўып кеткен журтына келип, бүлгиншиликке ушыраған, ойран болған елин аңлап, өткен өмирин, туўын өскен жерининң усындай ҳалға келгенине өкинип, излеп келгенде «... мунда халқын көрмеди, жоқлап Қоблан еңиреди»[2] деген қатарлар ҳәм журтта қалған ғаррылардың:

«...Мен Қобланды нетейин,
Боз қозым деп жылайман,
Ким айрылған қатардан,
Қаңғырғанға жылайман,
Ким айрылған қосластан...
Бүлген ел деп жылайман...[3]»

—деген қатарлар менен жаў қолына түсип бенде болып кеткен Қобланның әкеси Қыдырбай, анасы Боз кемпир, қарындасы Қансулыў, зайыбы Қуртқаның зарларында жоқлаў—айтым қосықларының излери бары сөзсиз.

Соны да көрсетип өтиў керек, жоқарыдағы биз мысалға алып отырған қатарларда ғаррылардың жекке басындағы қайғы-ғамнан елдиң бүлингенин, улыўма халықтың мәпин жоқары қойыўы Орхон—Енисей естеликлериндеги Күлтегин жазыўындағы жоқлаў излерине сәйкес келеди ҳәм улыўма ел ғамы биринши орынға қойылады. Жылаў ҳәм жоқлаўдың мазмуны бирбирине сәйкес келеди деп алсақ, онда жоқарыдағы қатарлар жоқлаў-айтым қосықларының дәстанға кирген улыўма халықлық түри болып есапланады.

[1] «Алпамыс», Нөкис, 1960-жыл, 334—335-бетлер.
[2] «Қоблан», Төрткүл, 1941-жыл, 167-бет.
[3] Бүлда сонда 169-бет.

Жоқарыда көрсетилген тек «Алпамыс» ҳәм «Қоблан» дәстанларында ғана емес, басқа дәстанларда да жоқлаў-айтым қосықларының излери бар. Мысалы «Қырық қыз» дәстанындағы Саркоп елин жаў шаўып кетип, Гүлайым қаза тапқан әкесиниң басына келип айтқан қосығынан үзинди алып көрейик:

«...Күйик пенен бетке шығып жалының,
Әрман менен үзилипти жулының,
Өлгениңди өз көзинен көре алмай,
Зар қақсап тур мен сыяқлы қулының...[1]».

Буны жоқлаў—айтым қосықларының изи емес, дәл өзи деўге болады. Себеби, бунда әрманлы қыздың ата өлимине аяныслы зары, қайғы-күйиги ашықтан-ашық берилип отыр. Қыздың әкесин жоқлаўы нызамлы ҳәм дәстүр екени мәлим. Тағы дыққат қоярлық жағдайдың бири,—усы «Қырық қыз» дәстанында үлкен саўаштан кейин қаза тапқан қызларды жерлеў ҳаққында Гүлайымның буйрығы бойынша:

«... Жойылмастай мәңгиге,
Тастан белгини ойғызды,
Кешеги болған урысты,
Бул тасларға жаздырды,
Сәрбиназдай билимпаз,
Жақсылап жазды хатларын,
Алтын менен бина етти,
Өлгенлердиң хатларын...[2]»

деген қатарлар бар.

Орхон—Енисей естеликлериндеги тасқа жазылған Күлтегин, Коньюкук жазыўларында да болған урыслар, батырлықлар, сонда қаза тапқан адамлардың аты жазылғаны мәлим. Жоқарыдағы қатарлардың усы естеликлер менен үнлес екени, тасқа ойып жазып естелик қалдырыў әййемги заманлардан әдет—үрип болып қалғанын көрсетеди.

Белгили илимпаз, атақлы жазыўшы Мухтар Әўезов «Халықтың сүйикли уланына, батырына, солардың қазасына арналған, олардың өмири менен ис-ҳәрекетин, ерлигин баян ететуғын дәслепки гөне гейпара «Жоқлаў»

[1] «Қырық қыз», Нөкис, 1956-жыл, 237-бет.
[2] «Қырық қыз», Нөкис. 1956-жыл, 235-бет.

шын мәнисиндеги дәстанға айналған. Сөз жоқ, қазақ эпосының батырлық жырларын шығарғанда шайырлар сондай» «Жоқлаўлардың» қайсы биреўлерин тийкаргы сюжетлик бағдар ретинде пайдаланғаны гүмансыз[1]»—дейди. Бул пикирдиң дурыслығын жоқарыдағы қарақалпақ дәстанларының мысаллары да тастыйықлайды.

Усы келтирилген мысаллардың барлығы түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқында да жоқлаў—айтым қосықларының әййемги заманлардан барлығын ҳәм сөз етип отырған дәўирде де кең түрде болғанын дәлиллеўге жетерлик болар деп ойлаймыз.

Салт—әдет жанрына үйлениў, қыз узатыў салты менен пайда болған дөретпелер де киреди. Бул тәриздеги дөретпелердиң тамыры тереңнен басланады. Мысалы Гомердиң «Илиада» шығармасының XVIII бабы қыздың күйеўге шығыў, жигиттиң үйлениў тойына—мерекесине арналған.[2] Рус халқының салтында да үйлениў, қыз узатыў әдети болып, ол жәмийеттиң раўажланыўына қарай ҳәр қыйлы жағдайда болған ҳәм соған сәйкес поэзия дөреген. Бундай поэзия әййемги заманларда пайда болса да, дереклерде XV әсирлерде уллы князь, патша, боярлардың үйлениў той-мереке бергенлери жазылып қалған.[3] Усы салт—әдеттиң әййемги түркий халықларда да болғаны мәлим. Буның мысалын Орхон—Енисей естеликлеринен, Суджи естелигиндеги «... мен улымды үйлендирдим...[4]»—деген тасқа жазылған жазыўдан көриўге болады. Әлбетте, марҳумның атынан жазылған естелик тасқа өмириндеги баслы ўақыялардың сыйғызыў ушын қысқа жазыў керек болған. Усы қысқа «улымды үйлендирдим» дегеннен биз аталық парыздың орынланыўы ғана емес, улын үйлендириў, мүнәсийбети менен үлкен той-мерекениң болғанын да, бунда халық салтына байланыслы түрли қосықлардың да айтылғанын түсинемиз.

Биз сөз етип отырған дәўирде түркий тиллес халық-

---

[1] Мухтар Әўезов. Ўақыт және әдебиет. Алматы, 1962-ж. 48-бет.

[2] Античная литература. М. 1973. стр. 28.

[3] Русское народное поэтическое творчество. М. 1971 г. стр. 54—55.

[4] С. Е. Малов. Памятники древнетюркской письменности. М. Л. 1951 г. стр. 77.

лардың, соның ишинде қарақалпақ халқының улы ержетсе үйлендириў, қызы ержетсе күйеўге бериў салтында қуда түсиў, қыз узатыўдың әдеўир түрлери болғаны тарийхый дереклерден, фольклорлық материаллардан мәлим. Ақлай қуда болыў үрип-әдети болып, бунда перзент болмастан бурын айтысып, ўәделесип қойылған. Буны «Алпамыс», «Шийрин-Шәкер» дәстанларынан көриўге болады.

Улы ержеткен ҳәр адам жәмийетте өзиниң тутқан орнына қарай қыз айттырып, қуда түсиў салты болған. Бундай жағдайда қыз тәрепи қалың мал сорап, оның мөлшери ҳәр қыйлы болған. Бирақ, жақсы көрген адамға, күйеўге қалың малсыз қыз бериў жағдайларының болғаны байқалады. Жоқарыдағы Суджи естелигинде «...Мен қызымды қалың малсыз бердим[1]»—деген сөз бар. Бул дерек марҳумның жақсы адам болғанын ғана емес, сол дәўирде қызға қалың мал бериў бар екенин билдиреди.

Биз үйлениў ҳәм қыз узатыў салтының этнографиялық тәреплерине көп тоқтамадық. Үйлениў ҳәм қыз узатыў бойынша дөреген поэзиялық шығармалардың дәслепкиси **той баслар** деп аталған. Той баслар қызды узатыўда ең дәслеп айтылатуғын қосық. Соны да көрсетип өтиў керек, қыздың узатыў тойында үлкен жастағы адамлар қонақ үйлеринде болған менен жас қыз-жигитлер топары той басларды кешени қыздырыўдың алдыңғы көриниси, тамаша-қызықтың басланыўы ретинде де пайдаланған. Той баслар қосығын көбинесе шайырлар айтқан. Мысалы 84 жастағы ғарры жыраў Ийимбетов Өтенияз аға өзиниң естелигинде төмендегилерди көрсетеди: «Мениң бабам Зерполат деген киси шайыр болған екен. Ол бир аўылда той баслар айтқан. Сол киси айтқан той баслардан ядымда қалғаны мынолар:

Саўыр етиктиң сабағы санда болур.
Ақылы қырық жигиттиң ханда болур,
Жылай берме, Арзыгүл қарындасым,
Әкең қалса қәйин атаң анда болур..[2]»

---

[1] С. Е. Малов. Памятник древнетюркской письменности. М. Л. 1951. стр. 77.

[2] Өтенияз жыраўдың сөзи. Автордың дала қолжазбалары. 1971. декабрь.

Той баслаў қосығының басқа да түри болған. Мәселен:

Қыдырып көрип жүрмиз тойдан тойды,
Той баслап алып жүрмиз гунан, қойды...
Биз келдик усы тойды баслайық деп...[1]
Қызығын мерекеге таслайық деп...[1]

Усы келтирилген еки мысалда еки түрли мәни, идея бары көринип тур. Биринширде, қызға кеңес берип, елиннен, үйиңнен, ата-ананнан айрылдым деме, оның орнына басқа ел, үй, қәйин атаң, кәйин енең бар, олар сени күтип отыр, деп жубатса, екиншиде, той баслар қосығын айтатуғын шайырдың қәде алатуғыны, оның тойды-мерекени қыздырыўға келгени билдириледи. Екеўи де тәбийий ҳәм турмыс шынлығы болып көзге түсиўи менен бирге, той баслар қосығының характерин, неге бағдарланатуғының көрсетеди.

Тойда бирнеше шайыр ушырасып қалса, той баслар қосығы айтысқа айналып кеткен жерлерде болған. Бундай жағдайда той ийеси шайырлардың жеңгени ҳәм жеңилген жағына да сыйлық берген.

Той баслар қосығын қарақалпақ салтында еки жыныстың айта бериўине жол қойылған. Бул жерде тилдиң жүйриклиги менен өткирлиги, сөзди иркилмей таўып айтыў—тапқырлық, ақпа шайырлық талант көп нәрсени шешкен ҳәм сол жағдай үлкен орын алған. Той баслар қосығының көркемлиги, сөзлериниң өткирлиги, мерекени ҳәм той ийесиниң дыққатын өзине аўдарып қаратып алыўы—ҳәр шайырдың уқыбына, шеберлигине байланыслы болған. Қалай деген менен той баслар қосығы белгили дәстүрден, қойылған мақсет шегинен асып кете алмаған ҳәм оған жағдай да болмаған. Буның мысалын төмендеги той баслар қосығынан көриўге болады:

«Той деген қуўаныштың басы болар,
Той десе қуўрап қалған бас жумалар,
Бул тойды қосық пенен баслайын мен,
Сыйлықты төге бериң жан ағалар.

Тойыңыз қутлы болсын деймен тағы,
Үкемниң жайнай берсин бахыт-бағы,

[1] Тахтакөпир, Калинин атындағы совхоздың Жданов бөлиминде турыўшы Хожамет Хожамбергеновтың сөзи (70 жаста)—жазып алған муғаллим—У. Өтеев.

Жигитлер қыздырыңлар мерекени,
Саз шертип, қосық айтар келди ўағы,

Той берсе аўылымның даңқы шығар,
Тойға деп бала-шаға сеңдей ығар,
Той қәдесин сорасам тойханадан,
Бермеймен деп қәдени кими буғар.

Той—дәўлет, дәрья киби таса берсин,
Дәўлетиң жылдан жылға аса берсин,
Тойыңды шалқып өткер Есен ағa,
Сақый деп атың шықсын, елиң билсин...[1]

Соны да көрсетип өтиў керек, той баслар қосықлары бизиң китапхана қорымызда ҳәм экспедиция материалларында онша көп емес. Соған қарағанда той баслар қосығы барлық тойда, ҳәмме жерде айтыла бермегени, ол дәслепки дәўирлерде салт ретинде жийи болса да, соңғы дәўирлерде сийрек болғаны сезиледи. Халық арасында оның «Ҳәўжар» ҳәм «Бет ашар» қосықларындай көп сақланбағаны буның дәлили бола алады. Бундай жағдайға себеп болған аўҳал—биринширден, шайырлардың ҳәр тойға жетип бара бериўи қыйын болса, екиншиден, той қәдени көтере бериў, оны ҳәр тәреплеме төлеў ҳәмменің қолынан келмеген ҳәм үшинши, тойдың аты той болмаса, көпшилик жерлерде қыз узатыў—қуўаныштың орнына қайғыны көбейтип, қыздың қайғылы муңы, заманның теңсизлиги, мийнеткеш адамның зорлыққа ушыраўы—мерекениң руўхын бузған, сәтсизликке түсирген. Усындай турмыс қыйыншылықларына қарамастан той баслар қосығы сақланып келген. Бул дәретпелер халқымыздың үрип-әдетин, салтын, тарийхын үйренийде, изертлеўде әҳмийетли материал болып есапланады.

Той баслар қосықлары тек қарақалпақ халқының салтында ғана емес, орта Азия халықларының бир қатарында ушырасады. Әсиресе қазақ, қырғыз халықларында той баслар қосықлары әдеўир дәрежеде бар. Булардың барлығы халықлар турмысындағы, салтындағы үнлесликти көрсетеди. Бул үнлесликлердиң әҳми-

[1] Тахтакөпир районы, Калинин атындағы совхоздың Жданов бөлиминде турыўшы (70 жаста) Хожамет Хожамбергеновтың сөзи, муғаллим У. Өтеевтың қолжазбасы, 1972-жыл, январь, 9-бет.

йети тек үрип-әдет, салтты билиўде ғана емес, Орта Азия халықларының жәмийетлик раўажланыў басқышларын үйрениўде де үлкен орны бары мәлим.

Сөз етип отырған дәўирге Өтенияз жыраўдан келтирилген мысал сәйкес келеди. Бунда ханның данқын көтериў, феодаллық тәртип бойынша келин болып түскен үйге мойынсыныў ашық айтылған. Той баслар қосықларының излери «Алпамыс» ҳәм «Қоблан» дәстанларында да бар.

Жуўмақлап айтқанда той баслар қосығы—дәслеп шайырлар тәрепинен шығарылған менен кейин ала халық дөретпелерине айналып, оған өзгерислер қосып, қайта жасалған салт-әдет қосықларының бири. Ол өзиниң көркемлиги, ықшамлығы бойынша басқа да салт-әдет қосықларынан кем емес. Бунда ҳүким сүрип турған заманға қарай үрип-әдеттиң, салттың бағдары, уғымлы басым болса да, турмыс шынлығы, адамлар арасындағы қатнасықтағы айырмашылықлар, заман ақыбетлери ашық көринип турады. Халық үни, идеясының нышанлары сезиледи.

«Ҳәўжар» қыздың узатылар алдында айтылатуғын салт қосықларының бири. Бул қазақ, қырғыз, өзбек, ноғай ҳәм басқа халықларда да бар. Биринде «Ҳәўжар» делинсе, екиншi биреўинде «Жар-жар», тағы биринде «яр-яр» деп аталады. Қарақалпақ халық дөретпелеринде «Ҳәўжар» ҳәм «Яр-яр» деп те айтыла береди.

«Ҳәўжар» қосығы хор ҳәм қыз бенен жигит жекке дәспе-дәс ретинде де айтылады. Бирақ, соны көрсетип өтиў керек, «Ҳәўжар» айтатуғын жигит күйеў тәрепинен, қыз узатылатуғын қыз тәрепинен болады.

«Ҳәўжар» қосықларының бағдары, идеясы «Той баслар» қосығынан басқаша болып көринеди. Егер «Той баслар» қосығында мереке леби, той жағдайы көбирек сүўретленип, социаль қарама-қарсылықлар ашық айтылмаса «Ҳәўжар» қосығында қыздың басындағы қайғы, оның ериксизлиги, заман теңсизлиги, ата-ананың заман жағдайына көнип өз перзентин қәлемеген адамға сатыўы, ҳаял-қызлардың қорланыўы ашық көрине баслайды.

Түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқының салтында қуда түсиўде, қыз айттырыўда феодаллық дүзимде тийкарынан қыз бенен жигиттиң бирин-бири қәлеў, қәлемеўи есапқа алынбағаны мәлим

Оның үстине әсиресе үстем класс ўәкиллери тәрепинен көп қатын алыў, әменгершилик әдетин иске асырыў күшли болғаны анық. Маллы—дүньялы ғарры бай, нйшанлар жас қызларды қатын үстине, яки қатыны өлсе ҳеш қандай ҳүждан райына қарамай, адамгершиликти аяқ-қа басып ала беретуғын болған. Қызлардың ата-анасы заман жағдайына көнип, өз перзентлерин сатыўға мәжбүр болған, ал қарсылық еткенлери—қайғылы аўҳалға түскен. «Ҳәўжар» қосығында усы жағдайлар сүўретленеди. Соның менен бирге «Ҳәўжар» қосығы қызға күйеўге шығыўдың енди хабарын жеткерип, оның басына түскен аўырманлыққа көниўи керек екенин, өз алдына үйли-жайлы болыўға таярланыўы лазымлығында билдириўши, кеңес бериўши сыпатында да хызмет еткен. Себеби, көпшилик қызлар кимниң айттырғанын, кимге сатылғанын той күнине шекем билмеген ҳәм оларға билдирмеген, билгенлери ондай болмас деген үмитте болып, арқайын болған. Қыз бийшара қудыққа түскен қулындай торға түскенин бир ақ билип, толқынланып туўлаған, күшиниң барынша талпынған, торды үзиўге ҳәрекет еткен, құрдаслары бундай жүрек сезимине, қызыл гүлдиң сабағында солыўына аяныш пенен қараған. Усы нәзик сезимлерде «Ҳәўжар»да өз сәўлелениўин тапқан. Соның ушында:

«...Бала ғаздай балпаңлап,
Жүрисиң қалды ҳәўжар,
Шағаладай шаңқылдап,
Күлисиң қалды ҳәўжар...[1]»—

—делинген.

Соны да көрсетип өтиў керек, күйеў тәрепинен «Ҳәўжар» айтыўшы жигит аўҳалдың қандай болыўына қарамастан қыздың кеўлин алыў, оны жубатыў, күйеўди, оның ели-журтын, ата-анасын мақтап, бахытлы болсаң, бүгин күйинсең, ертең сүйинесең, келешегиң «Ҳәўжар» айтыўшы шынлықты, ҳаял-қызлардың басындағы қайғы-ғамды, заман ақыбетин, қыздың қапа екенин, сүймегенине илажсыз барыўға мәжбүр болып отырғанын қалдырмай айтады. Бунда турмыс социаль қара-

[1] Фольклор секторының фонды. Ә. Алимов қолжазбасы, 1963-жыл.

ма-қарсылықлар анық көринеди. Бул да тәбийий екени анық, егер жигитте дәстүрлик салттан, өз аўылының адамлары жүклеген ўазыйпадан шығып кете алмаўшылық болса, қыз шынлықты айтыўға мәжбүр болады. Узатылайын деп атырған қыздың көз жасы, удайы болып киятырған теңсизлик ҳаял-қызлардың шыдамын эсте-ақырын жоғалтыўына алып келеди. Төмендеги «Ҳәўжар» қосығының қыз бенен жигит дәспе-дәс айтатуғын түрин келтирсек, жоқарыдағы пикирлерди толықтырыўы мүмкин:

«Қыз: Апам мениң қайғылы, ойы ойран, яр-яр,
Тез болғанға тойына өзи ҳәйран, яр-яр,
Киси ели дейди апам жылап-жылап, яр-яр.
Өз үйимдей ол болар енди қайдан, яр-яр.
Жигит: Апаңа айт қарындас, жылама: деп яр-яр,
Көздиң жасын көл қылып булама, деп яр-яр.
Кәйинатаның елиде өз елиндей, яр-яр,
Кетпеймен деп зар жылап туўлама, деп яр-яр.
Қыз: Наз бенен жас биригип жүремекен, яр-яр,
Муңын айтып жыласа күлемекен, яр-яр.
Қыздың муңын ким билер басқа түспей, яр-яр,
Муңсыз адам муңлыны билемекен, яр-яр.
Жигит: Апаңа айт қудаша, муңы кетер, яр-яр,
Күйеўи де жақсы адам, күлип өтер, яр-яр.
Ата менен енесин қәдирлесе, яр-яр.
Қыз: Бахыт қонып басына сүрип өтер, яр-яр.
Хош бол апа, жылама, ҳарын талма, яр-яр.
Буннан басқа бизлерде илаж барма, яр-яр.
Қыздың қуны мал екен, заман солай, яр-яр,
Мал бергенге кетпеген қызлар барма, яр-яр...[1]

Үлкен байлар, бий, аталықлар, ийшанлар қызларын ғарры адамға сатпаған ҳәм жоқарыда көрсетилгендей өз қатарлары менен қуда түсип, қызлары ушын 100—80 туўар мал алған. Соның ушын зорлыққа ушыраў, ғарры, көп қатын үстине сатылыў—мийнеткеш халықтың қызларының үлеси болған. Бундай жағдайда стихиялық болса да ҳаял-қызлардың өзлериниң езилиўшиликке, социаллық теңсизликке қарсы бас көтериўи, сол сезимниң ояна баслаўы, олардың тилинен заман ақыбетлерине, ҳүким сүрип турған жәмийетлик дүзимге наразылықтың шығыўы—характерли ҳәм әҳмийетли болып сезиледи. Жоқарыдағы қыз айтқан «Ҳәўжар» қосығынан усыны аңлаў мүмкин ҳәм бул жағдай демократиялық бағдардағы идеялардың сепкен тухымының көпшилик халық санасында көгере баслағанынан дәрек береди.

«Ҳәўжар» қосықларында қызлардың заман ақыбетине наразылығы менен бирге, өзиниң ата-анасына гийнеси, өз перзентиниң тәғдирине олардың бийпәрўа қараўы, улыўма ағымға, зорлыққа көниўи қараланады. Булда шыдамның таўсылғанынан келип шыққан ашшы ҳақыйқатлық екени көринип тур. Буның мысалын төмендеги қатарлардан көриўге болады:

«...Қара мылтық, ақ мылтық,
Атқан әкем яр-яр,
Малға қызып өз қызын
Сатқан әкем ҳәўжар...[1]

Ана перзенттиң ҳәмме ўақыттада ғамхоры, Ол өз қызына, оның тәғдирине жаны ашымайды деў қыйын, бирақ, илажсыз болыўы мүмкин. Усы илажсызлықларға да «Ҳәўжар» қосығында мин тағыў бар, ананың иштен күйип, оны сыртқа шығарып айта алмай жүргенине гүналаў көринеди.

Демек, «Ҳәўжар» қосықлары салт-әдет қосықларының бири болған менен бунда тек салт-әдет жағдайлары ғана емес, социал теңсизлик көринислери, жәмийетлик дүзимниң әдалатсызлығы, заман ақыбетлери де сөз етиледи. Заманның барлық адамға бирдей емес екени көрсетиледи. Жаңы күйген қызлар тек заманды ғана емес, өз туўған-туўысқанларын айыплаўға барып жетиседи. Бундай көринислер ««Ҳәўжар» қосығының халықлық гуманистлик идеясының күшли екенин билдиреди.

«Ҳәўжар» қосықларында қарақалпақ халқының өзине тән миллий салт-әдет өзгешеликлерин билдиретуғын қатарларда көп ушырасады. Қәдеде бир-еки күн той берилип, қыз аўыл-елиң, ағайин-туўғаны, құрбы-құрдаслары менен хошласқаннан кейин, еки арба жетилип (ар-

[1] Тахтакөпир районы, Калинин атындағы совхоздың Алғабас бөлиминде турыўшы Т. Өтегеновтың (77 жаста) естелиги, муғаллим У. Утеевтың қолжазбасы. 10-бет.

[1] Қарақалпақ поэзиясының антологиясы. Нөкис, 1956-жыл. 8-бет.

ба көп болыўы да мүмкин) бирине қыз ҳәм жеңгесин, басқада қызды узатып барыўшылар минип, бир арбаға қызға берилген үй-үскенелер тийелип жиберилген. Арбаға көкмарда салынып жиберилип, күйеўдиң аўылына барғанша еки тәреп болып (қыз ҳәм күйеў тәрепиниң жигитлери) ылақ ойнап барған. Бул салт «Қоблан» дәстанында да көрсетиледи. Қоблан Қуртқаны алып киятырғанда алдына шыққан «...жигитлер ылақ ойнап, қыз-келиншектиң дөгерегин айналып»...[1]—жүреди. Соның менен бирге, қызды жеңгелериниң бир қатары узатып баратырғаны «Ҳәўжар» қосықларында ашық көрсетилген:

«...Қазандағы қатлама,
Қатланады яр-яр,
Қызды алып жеңгелер
Атланады ҳәўжар...[2]»

«Ҳәўжар» қосықлары қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстанларынан да белгили орын алған. Дәстанлар ишинде қыз узатыў ўақыялары гезлессе, онда «Ҳәўжар» айтылған жағдайларды көрсетеди. Буның мысалын «Алпамыс» дәстанындағы «Ҳәўжар» қосығынан көриўге болады. Буған қарағанда «Ҳәўжар» қосығы халықтың өмиринe сиңискен, халқымыздың үлкен эпикалық дөретпелерине де қосылыўға миясар болғанын аңлатады.

Тағы да бул мысал «Ҳәўжар» қосығының руўхый күши менен халықлық тәрепин айқын көрсетеди.

Соның менен бирге «Ҳәўжар» қосықларында адамның ишки жан сезими үлкен шеберлик пенен берилип, сулыў, көркем сүўретлеўлер жасалған. Терең мәнили, образлы сөзлер, қатарлар әдеўир дәрежеде табылады. Көркемлик жақтан халықтың басқада дөретпелеринен кем емес. Соның ушында ол халық ядында әсирлер бойы беккем сақланып, сөз маржанларының бири ретинде қәстерленип, халқымыздың мәдений илгерлеўине хызмет етип келген. Халқымыз бул қосықлардан өзиниң бир қатар мәдений азығын тапқан, көркемликтиң об-

[1] «Қоблан», Төрткүл, 1941-жыл, 42-бет.
[2] Қарақалпақ поэзиясының антологиясы, 1956-жыл. Нөкис, 6-бет.

разлы сөз қурылысының үлгиси ретинде бир мысал келтирейик:

«...Сылдыр-сылдыр қамысқа сырғам түсти, ҳәўжар
Сырласпаған жат журтқа апам түсти, ҳәўжар,
Апам ушын қабырғам қайысады, ҳәўжар,
Қолымдағы қос жүзик майысады, ҳәўжар...[1]

Жуўмақлап айтқанда «Ҳәўжар» қосықлары—халық турмысының ҳәм талабының ағымына қарай ҳәр дәўирде айырым өзгериске ушырасады, салт-әдет дөретпелериниң кең таралған, әсирлер бойы халық пенен бирге жасап киятырған ҳәм көркем түриниң бири.

«Сыңсыў»—узатылатуғын қыздың ата-ана, туўғантуўысқаны, ел-журты, қурбы-қурдаслары менен хошласыўды сүўретлейтуғын салт-әдет қосықларының бири болып есапланады. Сыңсыў-жылаў. Қыз өзиниң жат елге кетип баратырғанын, үйреншикли үйинен, ел журтынан, қурбы-қурдасынан айрылғанын сезип әдеп-икрамлық пенен сыңсыйды, жылайды. Түркий тиллес халықлар қызларының көпшилигиниң күйеўге өз ерки ҳәм қәлеп шықпағаны мәлим. Сол ушын сыңсыў қосықлары қызлардың қайғылы жағдайларын, басларына түскен аўырманлықларды сүўретлейди.

Сыңсыў қоосықларының кимниң, қандай жағдайда айтылыўына қарай мазмуны да түрли болып келеди. Узатылатуғын қызлардың ел-журты ҳәм қурбы-қурдаслары менен хошласқан сыңсыў қосықлары тек жай, әпиўайы хошласыў болмай, үлкен ҳәм терең социал жәмийетлик мәпти қозғайды. Буларда узатылатуғын қызлар өз басындағы теңсизлик, әдалатсызлықлар арқалы сол замандағы пүткил мийнеткеш халық қызларына ортақ болған социал теңсизлик, заманның ақыбетинде ҳаял-қызлардың хорланыўы ҳаққындағы мәселени қозғайды. Көп қосықларда узатылатуғын қызлар қәлемеген адамға ериксиз, илажсыз кетип баратырғанын, оған қосылып тири болып, жер жүзинде жүргенен өлип кеткенин артық деп налынады, заманға, қурбы-қурдасларына шағынады.

Әлбетте, «Сыңсыў» қосықларының ең дәслепки пай-

[1] Фольклор секторының фонды, Т. Нийетуллаев қолжазбасы, Т. Төреханова сөзи, 1965-жыл, Шымбай районы.

да болған ўақтындағы нусқаларында қыздың ел-журтты, ағайин-туўысқанлары ҳәм қурбы-қурдаслары менен жай әпиўайы хошласыўы, тек лирикалық ишки сезим және көширмелерин берген болыўы мүмкин. Теңсизликке наразылықлары ашық берилмеўи де итимал. «Сыңсыў» қосықларындағы социал-жәмийетлик мотивлер кейин көбирек пайда болған деп ойлаймыз.

Қарақалпақ халқының салтында узатылатуғын қыз жеңгесиниң басшылығы астында қурбы-қурдаслары менен бирге узатылар алдында ағайин-туўғанларының үйлерине хошласыў ушын апарылады. Қыз қара сөз бенен де, өз сөзиң қосыққа айландырып та хошласыўы мүмкин. Қарақалпақ халқының шайыр, терең ойлы қызлардың болғанында гүман жоқ. Усындай қызлардың жүрегинен қан менен аралас шыққан «сыңсыў» қосықларының биринен мысал келтирейик:

«Улжан апа, дәртимди айтсам ақ урып,
Дәртим зыят болса, жыламайын ба?
Ким қәўендер болар деймен телмирип,
Кетип баратырман, жыламайын ба?
Мереке мәжилисте болдым Арыўхан,
Атаның дәўиринде мен сүрдим дәўран,
Ҳәзир көрмегендей ҳәммеси ялған,
Кейни келиспесе, жыламайын ба?..[1]».

Қыз Улжан апасына ериксиз сүймеген адамына кетип баратырғанын, әкеси өлген соң ағайин-туўғанына, елжуртының адамларына (басшыларына) «Қәўендер болар деп телмирип қарасада» ол үмитиниң ақланбағанын айтып налынады. Қыз тек өзиниң тәғдирине ғана емес, усындай теңсизликти көрип турып соған қарсы шықпаған, заманның әдалатсыз қәдесине көнген ағаларына да, елиниң басшы адамларына да өкпе-гийне, наразылық пенен қарайды. Солай етип, хошласыўдың кейининде:

«...Улжан апа, енди хош бол көргенше,
Өлген жақсы бүйтип хор боп жүргенше...[2]».

---

[1] Қарақалпақ поэзиясының антологиясы. Нөкис, 1956-жыл. 17-бет.

[2] Булда сонда. 18-бет.

деп, теңсизликке, әдалатсызлыққа қатты қарсылық билдиреди. Соны да көрсетип өтиў керек, бул «Сыңсыў» қосығында конкрет жағдай айтылып, Арыўхан өзиниң басындағы қайғыны билдирсе де, ол басқада Арыўханлар ушын орталық қайғы ҳәсирет болып сезилиўде, көриниўде, типлик—жәмлестирилген шынлыққа сәйкес келеди.

Бир қатар—«Сыңсыў» қосықларынан қыздың сүймеген адамға әрманлы кетип баратырғаны менен бирге, оның сана-сезиминиң жоқары көтерилип, өзиниң қәдирин билип, адам деген уллы атты хорлаўшыларға қарсы шыға баслағанын көремиз. Буны «Кеттик әрманлы» атлы «Сыңсыў» қосығының төмендеги қатарларынан аңлаў мүмкин.

«... Қой емеспен, қассапларға сатпаға,
Қус емеспен, мерген гөзлеп атпаға...[1]».

Демек, қыз адамгершиликти, адамға адамша қараўды, адамды қәдирлеўди талап етеди. Бундай талап ол заманда орынланбаса да үлкен әҳмийетке ийе, жоқары алдыңғы идея еди. Бундай идея мийнеткеш халықтың, соның ишинде ҳаял-қызлардың сана-сезимин оятыўға, класслық айырмашылықларды аңғарыўға себепши болады.

«Сыңсыў» қосықларында туўылып өскен, киндиктен қан тамған әдиўли үй, ата-ана, қурбы-қурдаслар менен хошласыў көп орын алады. Мысалы:

«...Шалқайып өскен шаңлағым,
Буралып өскен босағам,
Туўысқан-туўған, қурбылар,
Хош болыңлар көргенше,
Ели-журтым, өз ағам...[2]».

Көп қосықларда қыз өзиниң өскен елине, халқына үлкен ҳүрмет пенен қарайды ҳәм туўған елден, халықтан айра түсиўди бахытсызлық деп санайды, туўған халқын ата-анасындай сүйеў көреди. Соның ушында ол:

---

[1] Қарақалпақ халық қосықлары, Нөкис, 1965, 225-бет.

[2] Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қоры. Р—98. инв. 41533. Д. Қасымов. қолжазбасы.

«...Туўған елден айрылып,
Тайғаннан соң табаным,
Айналайын ел-халқым,
Не болар екен аўҳалым,
Еситилер дейсең бе,
Қандай боп жүрген хабарым?...[1]

деп жырлайды.

Ал, тағы бир «Сыңсыў» қосығында:

«...Айналайын жеңгежан,
Төрге бир бийдай шашайын,
Төрлеп бир гилем басайын,
Айырмаң мени халқымнан,
Айырар болсаң халқымнан,
Жылап бир маўқым басайын...[2]».

деп қыз жылайды.

Егер биз түркий тиллес халықлардың, соның ишинде қарақалпақ қызларының күйеўге жаслай берилиў жағдайларын көз алдымызға келтирсек, жоқарыдағы қосықлар қызлардың шын сыры, жүрек муңы екенин тағы жақсы түсинемиз. Бул қосықлардан қызлар ата-ананы, туўған-туўысқанды, қурбы-қурдасты, ел-халықты тек моральлық жақтан ғана сүйеў көрмей, соның менен бирге, киси есигинде буўыны қатып, үй хызметиниң барлық сырына түсинип кеткенше, жат адамның азабын, ақыретин еситпей, өзиниң түсинбегенин кесип, билисип турыўды керек еткени де аңланады.

«Сыңсыў» қосықларын дөретиўши қызлар ҳәммеси бирдей жоқары талантлы бола бермегени мәлим. Тек Арыўхандай жақсы талантлы қызлардың «Жыламайын ба?» атлы «Сыңсыў» қосықлары халық мүлкине айналып, елден елге, қызлардан қызларға берилип ядланып, халық дөретпелериниң көркем ғәзийнесиниң бири болып келген. «Сыңсыў» қосықлары тек терең идеяға, социаллық жәмийетлик мотивлерди қозғайтуғын бай мазмунға ғана емес, соның менен бирге, жақсы көркемликке де ийе екенин жоқарыда келтирилген мысаллардан,

[1] Қарақалпақ әдебияты, VIII-класс ушын сабақлық. Нөкис, 1961 ж. 37-бет.

[2] Фольклор секторының қоры. Т. Нийетуллаев қолжазбасы. 1965 ж.

басқа қосықлардан да көриўге болады. «Сыңсыў» қосықларынан сөз маржанлары, сулыў кестелер менен нақыллар, көз тартарлық бояўлар, орынлы теңеўлер көплеп табылады. Усындай көркемлиги, руўхый ләззетлиги ушын бул қосықлар тек салт, әдет-үрип дөретпеси ғана болып қалмай, көркем шығармалар ретинде де халқымыз менен бирге әсирлер бойы жасап келген.

Булардың барлығынан шығатуғын жуўмақ, «Сыңсыў» салт-әдет қосықлары ишинде қызлардың ишки сезимлерин, жүректен шыққан муң-шерлерин айқын беретуғын, олардың өз заманының қәделерине, тәртиплерине белгили дәрежеде наразылығын, ерксизликке, адамды қорлаўшылыққа шыдамының таўсыла баслағанын көрсететуғын өткир, реалистлик көринислерге толы дөретпениң бири екенин көремиз. Көп қосықлардан үстем класс ўәкиллери, аўыл кәтқудалары ислам динининң жолын, халықтың салт-әдет үрпин бетке перде етип тултып, ҳаял-қызларды ериксиз сатыў, сатып алыў буйымы ретинде көргени сезиледи. Бирақ, соның менен бирге, бир қатар қосықлардан бундай әдет-үрипти тозыўы жеткени, қызлардың адамгершилик ушын бас көтере баслағаны, адам деген бийик атты қорлап, ериксиз қулдай өмир сүргеннен, сүймеген адамға таза денени кирлеткеннен өлип кеткенди жақсы көриўшилик, сезимлери аңланады. Өлип кетиўшилик—өмирден үмитсизлик емес, әдалатсызлыққа наразылықтың соңғы шеги ретинде көрсетилмекте. Бундай мотивлердиң класслық гүрес сезими менен ушласқаны мәлим. Соның ушын да бул үлкен әҳмийетке ийе. Көп қосықлар қарақалпақ ҳаял-қызларының басынан қаншама аўырманлықлар, бахытсызлықлар өткенин сәўлелендиреди. Булардың барлығы «Сыңсыў» қосықлары халқымыздың салт, әдет-үрпин ғана емес, ал турмысын, тарийхын биliўге, үйрениўге материал беретуғын дөретпелер деўге де болады.

«Бет-ашар»—үйлениў, қыз узатыў салт әдет-үрипларине байланыслы жүзеге келген халық дөретпелериниң жуўмақлаў, ең кейинги қосықлары болып көринеди. Бул қосық қызлардың күйеўи елине араласып, болашақ үйине кирместен бурын келининиң бетин ашыў менен тамланады. Қарақалпақ салтында бет ашар төмендегише болған:келиншектиң көшеден үйге киргенше айтылатуғын бет ашар»; «Шымылдықтан шығарып, ха-

лыққа таныстырарда айтылатуғын бет ашар». Демек, бет ашар қосығы еки бөлимнен ибарат болып, биринши бөлиминде келиннің келиўи қутлықланып, кейин ата-енесин, ол елдиң дәстүрин, жасы үлкени менен жасы кишисин, жаңа босағаны ҳүрметлеўи айтылып, оған ақыл-нәсият берилсе, екинши бөлимде келинди қәйин журтының адамлары менен конкрет таныстырады, бунда да ақыл-нәсият болады ҳәм бир қатар юмор, сатира араласады.

«Бет ашар» қосықларының ең дәслеп дөрегенде тутқан мақсети, гөзлеген нышанасы—тийкарынан патриархаллық семьяны беккемлеўде, шәрият бойынша ҳаял-қызлардың ериксизлигин мойынлатып, соған көниўди, оларды сол үйдиң басы байлы адамы етип тәрбиялауға қаратылған. Соның менен бирге, «Бет ашар» қосықларында патриархаллық семьяны күшейтиў мақсетлери менен бирге, әдеўир дәрежеде улыўма адамгершилик, әдеп-икрамлық, ҳақ-ҳадал болыў, жағдайларыда көплеп көринеди.

Жоқарыда көрсеткенимиздей, «Бет ашар» қосықларының биринши бөлими келиннің келиўин қутлықлап:

«Келин келди көриңиз,
Көримлигин бериңиз,
Ала-ғула демеңиз,
Атын айтып қоймаңыз...[1]»

—деп басланып, аўылға, үйге жаңадан қосылған адамға мәлим—дәрежеде қуўаныш, ҳүрмет-иззет билдирилип, қарсы алынады. Бунда жаңа түскен келинди тек қутлықлаў, кеўилине шын жүректен қуўаныш билдириў ғана емес, соның менен бирге, келин түсирип атырған үйдиң басшысына, аўыл адамларына семьяның, қәўимниң жаңа ағзасын өзлериндей көриў, оны алаламаў, жатқа санамаў, араға сицистириў сыяқлы адамгершилик қәсийетти иске асырыў ҳаққындағы умтылыўларда көринеди.

Сөз етип отырған дәўирлерге жататуғын «Алпамыс» ҳәм «Қоблан» дәстанларындағы «Бет ашар» қосықларына қарағанда жоқарыда көрсетилген мысалдағыдай

[1] Өзбекстан Илимлер Академиясының қарақалпақ филиалының китапхана қоры. инв. № 34660. А. Жамалов қолжазбасы.

келин ушын көримликти тек келин түсириўши елдиң ири баслы адамлары ғана емес, келиннің өзинде жүзин көрсетиў ушын көримлик сорағаны аңланады. Мысалы «Қоблан» дәстанында Қуртқа сулыў өзин елдиң ең алды менен келип көрген Қуралай қайнағасына:

«...Жақын келши қайнағам,
Көримлигиң сол болар,
Жуўсап турған кер бийе,
Арысыма байласаң,
Қайнаға билдим өзиңди,
Тыңла мениң созимди,
Алып келсең бийени,
Көрсетейин жүзимди...[1]»

—дейди.

Қуртқаның көримликке алған кер бийесинен Қобланға жарасар қол-қанаты ҳәм жолдасы болған торытай болып, ол батырдың биринши жәрдемшиси болғаны мәлим. Ал, «Алпамыс» дәстанында:

«Ҳәзирети Бийбипатманы,
Әлий ҳайдар алған екен,
Ҳақ пайғамбар Расулиге,
Әлий күйеў болған екен,
Келиншек болып Бийбипатма,
Бетине ақ салған екен,
Қыз күйеўге тийгеннен соң,
Келиншектиң бетин ашыў,
Бурынғыдан қалған екен...[2]»

—деп келтиреди.

Бунда «Бет ашардың» дәстүр екенин тастыйықлаў менен қатар, оның әййемги ўақытлардан бар екенин айтады.

Соның менен бирге, бул бөлимдеги қосық қатарларынан жаңа түскен келиннен елге ҳүрмет етиўди, үлкен-кишини сыйлаўды талап еткени де көринеди. Бундай жағдай орынлы ҳәм нызамлы турмыс қәдеси, адамлар арасындағы өз ара қатнасықтың белгиси. Бул «Бет ашар» қосығының тийкарғы бағдарының бири болып есапланады.

[1] «Қоблан», Төрткүл, 1941 жыл, 40-бет.
[2] «Алпамыс», Нөкис, 1960 жыл. 172-бет.

таяғынан...» мақалын шығарып, ырым еткен. Бундай жағдайлар бет ашар қосықларында сүўретленген. Мысалы:

«...Шымылдығың жел жаққа,
Пана болар келиншек,
Қызларың сениң балларға,
Ана болар келиншек...[1]»—

Бул жерде бүгинги келининиң ертеңги келбети, мийўели дарақтай мийўесиниң мол болыўы көркем етип берилип отыр, Солай етип, бет ашар қосықлары өзиниң тийкарғы мақсети—үйлениў, қыз узатыў салт-әдетлерин қамтый отырып, адамзаттың өсип-өниў мәселесин де қозғайды. Бул мәселени өзиниң тийкарғы темасы менен байланыстырады.

«Бет ашар» қосықларының унамлы, халықлық жақларының бири—келиниге адамларды таныў, жақсы-жаманды айыра билиўди нәсиятат етеди. Қосықтың бундай тәреплери конкрет түрде келиниге қарап айтылсада, ҳәмме адамға, әсиресе жасларға қарап айтылғандай көринеди. Адамды таныў, үйрениў, соған қарай өзара қатнасық жасаў—үлкен ҳәм қыйын ўазыйпалардың бири.

«Ҳайўанаттың белгиси,
Пил болады келиншек,
Бир белгисин жақсының,
Мен айтайын сизлерге,
Тастан аўыр қара таў,
Зил болады келиншек,
Ҳайўанаттың белгиси,
Арқар болар келиншек,
Бир белгисин жаманның
Мен айтайын сизлерге,
Суўға салған қабақтай,
Қалқар болар келиншек...[2]».

Тек усы салыстырыўдың өзинде жақсы адамның белгиси салмақлы, аўыр, исинде де, сөзинде де турақлылық болады, жаманның исинде де, сөзинде де, өзинде де турақ жоқ. «Суўға салған қабақтай» қалқып жүреди,

[1] Н. А. Баскаков. Каракалпакский язык, том I, Москва. 1951 г. стр. 82.
[2] Бул да сонда. стр. 83.

деп сүўретлейди. Бундай салыстырыўларды, минезлеме берийўлерди, жақсының-жаманның улыўма адамзатқа белгили болған жақларын—парқын сәўлелендирген қатарларды көплеп келтириўге болады. Бирақ, усы мысаллардың өзинде жоқарыда айтылған пикирди тастыйықлаўға, бет ашар қосықларының эстетикалық баҳалағын аңлаўға мүмкинлик береди деп ойлаймыз.

«Бет ашарды» ким болса сол айта бермеген. Мүмкин болғанша шайырлар айтқан. Бирақ, «Бет ашар» қосығының көп сөзлери, образ теңеўлери турақлы ядболып қалған. Сол ушын шын мәнисинде шайыр болмай ақ сулыў сөз дүзиўге, көркем сөзди қурастырыўға уқыбы бар адамлар да «Бет ашарды» айтқан. «Бет ашар» киминиң қандай жағдайда айтылыўына байланысты онда юмор, сатираның да бар екени сезиледи.

«Бет ашар» қосықларындағы юмор ҳәм сатирада мәлим дәрежеде социаллық-жәмийетлик мотивлерде бар. Мысалы:

«...Шийдиң түбин қайыған,
Есап пенен байыған...[1]
Тоқпақ жилик кемирген,
Уўайымсыз семирген,
. . . қайнаған,
Буған да бер бир сәлем...[2]».

«Бет ашардың» бундай қатарынан айтыўшының ким екенин аңлатыў менен бирге, ҳарам-тамақ, мийнеткешлердиң есабынан байып, тоқпақ жилиқты кемирип атырғанлар халық алдында әшкараланады, оларға өткир сатираның ушы қаратылып, барынша түйрелгенин көриўге болады.

Сатиралық қатарларда тек социал-жәмийетлик мотивлер ғана емес, айырым адамлардағы унамсыз жағдайлар сынға алынып, олар қатты қараланады. Мысалы:

«...Халықты бәрҳә алдаған,
Шийрин жанын қыйнаған..,
Сөйлеп кетсе сөз бермес,

[1] Қарақалпақ халық творчествосы. Төрткүл, 1940-жыл, 210-бет.
[2] Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының китапхана қоры инв. 1077.

Кисиге үйинен дуз бермес...
Аягын ғаз-ғаз басқан,
Сумлығы басынан асқан...
Көк шапанын бүркенген,
Келинлерине сүйкенген,
... қайнағаң,
Оған да бериң бир сәлем...[1]

Бул жерде халықты алдаўшы, көп сөзли, сықмар, сумлықлы, келинлерге сүйкениўден тартынбаған уятсыз, адамгершилиги төмен қайнағалар сөз етиледи. «Бет ашарда» конкрет адам айтылған менен бундай жарамсыз адамлардың бар екени анық. Айтылған сөзлер, сынап-минеўлер соларға да тийистей көринеди. «Бет ашарды» айтыўшының да мақсети конкрет кемшилик, унамсыз жағдайды көрсетиў, әшкаралаў, критикалаў арқалы улыўма шөлкемлестирилген кемшиликти, минди айтқысы келген. Бундай унамсызлықты әшкаралап, халықты, адамларды буған қарсы гүреске шақырған.

Орынлы күлиў, усы өткир күлки арқалы адамларда болған гейпара надурыс минез-қулықты аңлаўға, оларды мүмкин болғанша саплаўға жәрдемлесиў—юморлық дөретпелердиң, қатарлардың ўазыйпасы болып табылады. «Бет ашар» қосықларында юморлық қатарлар да аз емес. «Бет ашар» қосықларына юмор ҳәм сатираны араластырыў—оның тәсирли, халыққа унамлы ҳәм қызықлы болыўына да себепши жағдайлардың бири деп билемиз.

«... Арық қойдай тырысқан...
Көринген менен урысқан,
Қызыл ийти бар қабаған,
Қатынын жүндей сабаған...
... деген қайнағаң,
Оған бериң бир сәлем...[2]».

Демек, булардың барлығынан «Бет ашар» қосықлары салт әдет-үрипти көрсете отырып, оған байланыслы көп нәрсени қозғалынып, оларды көркем, тәсирли етип бере

[1] Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қоры инв. № 1077. Г. Есемуратов қолжазбасы.

[2] Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қоры инв. № 34657. К. Мақсетов қолжазбасы.

билгенин көремиз. «Бет ашар» қосықлары—халық дөретпелериниң ең қәдирли, қызықлы ҳасыл маржанларының бири болып келген.

ДИНИЙ ТҮСИНИКЛЕРГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ САЛТ-ӘДЕТ АЙТЫМЛАРЫ

Түркий тиллес халықлардың көпшилиги кең далаларды жайлаған, көшип-қоныўда көп болған, бир жағы отырықшылық—дийқаншылық кәсип етсе, бир жағы шарўашылықты кәсип еткен халықлар болып есапланады. Ол әййемги ески халықлардың бири ретинде бир неше динди басынан өткерген. Усы дин түсиниклерине байланыслы айырым ырымлар, айтымлар пайда болған.

Өткен узақ заманларда түркий тиллес халықлар, соның ишинде қарақалпақ халқы да тәбият қубылысының сырына түсинбей, оған табынған, оннан өзлерин ғәрезли сезген. Тәбият қубылысларына сыйыныў арқалы адам менен мал басының аманлығын сақлаймыз деп түсинген. Усы түсиниклердиң бир тәрепи ҳаққында белгили илимпаз Шоқан Уәлийханов: «Айды, мүмкин тәңири деп түсинген болар, Қырғыз халқы жаңа айды көргенде жерге маңлайын тийгизип, бас ийеди. Жаз болса, сол маңлайын тийгизген жердиң шөбин алып, үйине әкелип, отқа таслайды»[1]—деп, жазады. Бундай әдет-үрип басқашалаў түринде қарақалпақ халқында да болған. Қарақалпақлар жаңа айды көрсе, оған сәлем берип, «буған жеткенде бар, жетпеген де бар» деп, пәтия қылған. Буның үстине халқымызда бир адамда ўақтыхошлық, бахытлы, жақсы жағдай болғанда «айың оңынан туўыпты» деген сөз бар. Бул сөздиң де жоқарыдағы әдет-үриплер менен сөзсиз байланысы бар. Бирақ, қарақалпақ халқының турмысынан көрсетилип отырған мысаллар реалистликке жақын, халықлық екени сезилиўде. Соған қарағанда ески түсиниклердиң орнына жаңа, өзгериске ушырамаған, көбинесе халық турмысынан, адам өмириниң тәжирийбесинен келип шыққан түсиниклер сақланып қалғаны көринеди.

Тек айға емес, күн, от, суўға ҳәм тәбийғаттың басқа

[1] Ч. Ч. Валиханов. Сочинения. СПб. 1904, стр. 19.

да күшли қубылысларына сыйыныў болғаны, олардың халық аўызеки әдебиятында из қалдырғаны анық. Буны порханшылық, аўырыўды ушықлаў, оттан атлатыў, «көшириў» ҳәм басқада бир қатар қалдықлардан көриўге болады. Ал ислам динининң кириўи менен булардың үстине «Ярамазан» айтымлары,[1] тағы басқалар келип қосылады. Соныда көрсетип өтиў керек, бул айтымлар түркий тиллес, соның ишинде қарақалпақ халық дөретпелериниң ишинде әҳмийетли үлкен орын алмайды ҳәм көркемлик жағынан да айтарлықтай баҳалы емес. Солай болса да, диний түсиниклерге, салт әдет-үриплерге байланыслы дөреген айтымлар ретинде бир қатарына тоқтап өткен дурыс болады. Сол ушын тек «Бәдик» ҳәм «Ярамазанға» тоқтаймыз.

«Бәдик» айтымы ески дәўирлерден қалған. Белгили илимпаз Н. А. Баскаков «Бәдик» ямаса «Гүлапсан» емлеўге байланыслы ескиден киятырған айтымлар Бәдик ямаса «Гүлапсан» аўырыўы деп қызылша, қурөзек ҳәм басқа да етке шығатуғын кеселликлерге айтылған[2] —дейди. Буны соңғы жыллары жүргизилген экспедиция материаллары да тастыйықлайды. «Бәдик—қамшылаў қусаған бир жараның аты болған...».[3] Диний түсиниклердиң ақыбетинде надан, қараңғы халықтың көпшилиги бундай аўырыўларды айтымлар менен емлеўге исенип, бул айтымлардың маргиялық тәсири бар деп билген.

Қарақалпақ халқында бар, айтылып жүрген «Бәдик» айтымларын көзден өткергенимизде оның турақлы, ядланды сөзлерден, текстиниң (айтым сөзлериниң) өзгере бермейтуғынын көремиз. Соған қарағанда бир ўақлары шығарылған айтымлар ядланып алынып, узақ дәўир бойынша айтылып келген ҳәм белгили аўырыўды емлеўге байланыслы болғаны ушын өзгермеген көринеди. Бирақ, айтыўшыға байланыслы бир қатар сөз-

---

[1]. К. Мақсетов. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы, Нөкис, 1971 жыл, 56-бет. Бизде усы «Айтым» атамасын дурыс деймиз.

[2]. Н. А. Баскаков. Каракалпакский язык. М., 1951 г. стр. 7.

[3]. Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақ филиалының китапхана қоры. Р—54, инв. № 50409, Кәраматдин Әметов сөзи, Б. Ҳөкимниязов қолжазбасы.

лерде байларды жек көриўшилик, усы кеселдиң оларға барып жабысыўын тилеўшилик, жаўгершиликти, жаўларды қаралаўшылық сезимлери бар. Бир қанша мысаллар келтирейик:

«...Көш, көш бәдик, көш бәдик, таўларға көш,
Таў ишинде қызыл гүл баўларға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Төрге төсек салдырған байларға көш...[1].

Усы қатарлардан «Бәдик» тиң ески дәўирлерден киятырғаны анық көринеди. Себеби, ески заманларда адамлар аўырыў көшип жүреди, оны усындай айтымлар менен көшириў мүмкин деп уғынған. Соның ушында «Бәдик» айтымы ең дәслеп «көш-көш» деген сөзден басланып, ақыры «Көш» сөзи менен тамам болған.

Биз жоқарыда «Бәдик» айтымлары турақлы, ядланды тексттен ибарат деген едик. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қорындағы қол жазба ҳәм экспедиция материаллары ишиндеги 20 дан аслам «Бәдик» айтымларын көрдик. Соның барлығында:

«...Бәдик қургыр,
Қай жеринде турады қәдик қургыр,
Отырайын дегенде омма тургыр,
Жуўырғанда жағылып мойны сыңғыр...[2]»

деген сөзлер қайталана береди. Усындай сөзбе-сөз тәкирар етилетуғын қатарлар, шуўмақлар ҳәр бир «бәдикте», ҳәр бир айтым айтыўшының текстинде көплеп ушырасады.

Бирақ, усы турақлы текстке соңғы дәўирлерде халық өзиниң бирқатар жаңа сезимлерин, ой-пикирлерин қосып, «бәдик» айтымларының айырым қатарларына өзгерис киргизип, оны диний түсиниклердиң шегинен шығарып, адамлар арасындағы қатнасықларды, класслық айырмаларды көрсетиўге қаратқан. Мысалы:

«...Көш, көш бәдик, көш бәдик сайларға көш,
Көл жағалап отырған байларға көш...

---

[1] Бул да сонда. Р—141, № 50417, А. Жайылғановтан жазып алынған. О. Ерполатов қолжазбасы.

[2] Өзбекстан Илимлер, академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қоры Р—45, инв. № 50409.

Үй айнала тутылған шийлерге көш,
Ел үстинде жүрген бийлерге көш...
Ҳаў, бәдик көшер болсаң таўларға көш,
Таўдың артын жайлаған жаўларға көш...[1]

Деген менен бундай қатарлар «бәдиктиң» тийкарғы бағдары, диний түсиниклерге, уғымларға байланыслы дөреген түп нусқасын өзгерте алмайды. «Бәдик» аўырыўын емлеўдиң илажы оны «көшириў», ол ушын «бәдик» айтымларын айтыў керек деген ески диний инаным қала береди.

Жуўмақлап келгенде, «бәдик» айтымлары халық аўызеки әдебиятының, мәдений раўажланыўдың тарийхында үлкен орын тутпаса да, халқымыздың қандай турмыс, қараңғылық өткеллеринен өткенин биліўдиң гүўасы ретинде кереклиги анық.

«Ярамазан»—мусылман динининиң тәсири менен пайда болған салт—әдет айтымларының бири. Ярамазан айтыў мусылманлардың ораза айына, ораза тутыўы ҳәм ораза ҳайтына бағышланған.

Ярамазан айтымлары еки бөлимнен ибарат болады. Ярамазанның биринши бөлиминде ярамазан айтымы айтылса, екинши бөлимде ярамазанның пәтиясы айтылады. Еки бөлимде де айтылатуғын айтымлар барлық бағдарын, идеясын ислам динин, оның жолын, режелерин қуўатлаўға қаратқан.

Ярамазан айтымлары—мусылман динин халыққа сиңистирип оның тәсирин күшейтиў ушын хызмет еткен. Бунда пайғамбарлар менен олардың жақынларының атлары аталып, олардың жолы мақталады ҳәм ҳүрметине бир нәрсе атап, сыйлық бериў соралады.

Ярамазан айтымларының көп қатарлары мусылман болыўдың режелерин әдеўир түрде тәкирарлайды. Бундай жағдайлар көпшиликти дин жүўенинен шығармай, олардың шынлыққа умтылыўларына бөгет болыў, турмыс ҳақыйқатлығын бүркеўге, барлық ис «қудайдың ҳәмири менен» деген идеяға көндириўге урыныўшылық болып табылады. Бир мысал келтирейик. Бундай дин

«... Пайғамбардың мингени жийрен дейди,
Бес ўақлы бес намазды үйрен дейди...

[1] Бул да сонда Р—141, инв. № 50417.

режелерин нәсиятлайтуғын қатарлар көплеп табылады. Ҳеш бир дин ҳәм дин түсиниклерин нәсияҳатлаўшы китап, айтымлар мийнеткеш халықтың жырын жырлап, муңын муңлаған емес. Дин түсиниклерине байланыслы пайда болған ярамазан айтымларынан да халық сезимлерин, мийнеткеш халықтың ой-пикирлерин сәўлелендириўди күтиў қыйын. Бирақ, бундай айтымлар дин ийелериниң дин жолын күшейтиў, оның тәсирин арттырыў ушын түрли формадан пайдаланғанын, халықты дин жолы менен тәрбиялаўға, оның өз күшине, шынлыққа исенимин, бахыт жөнindеги үмит-арманларын кемитиў ушын барлық күшин салыўларын бизиң үйрениўимизге материаллар береди.

XI—XV—ӘСИРЛЕРДИҢ СИЯСИЙ—ЭКОНОМИКАЛЫҚ ЖАҒДАЙЛАРЫ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ.

Қарақалпақ халқы—Орта Азиядағы әйемги халықлардың бири. Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да узақ жыллардан бери киятырған мәденияты әўладтан әўладқа өтип, оның гейпара естеликлери бизиң заманымызға шекем жеткен. Түби тереңге кеткен, қаншама аўдарыспақлардың, турмыс өткеллериниң болыўына қарамастан даўам еткен мәдениятымыздың нәтийжесинде орта әсирде дүньяға даңқы тараған аль Фарабий, Ибн Сина, Беруни ҳәм усыған усаған басқада даналардың болғаны мәлим. Егилмеген жерден ҳеш нәрсе шықпайтуғынындай, алға илгерилеў, өз ўақтына ылайық жоқары мәденият болмағанда, бундай данышпан адамлардың тосаттан, изсиз, қуры жерде пайда болыўы мүмкин емес. Тарийх та, соңғы изертлеўлер де буны тастыйықлап отыр.

Көрнекли совет илимпазы, белгили түрколог Н. И. Конрад Орта Азия ҳәм Қазақстанда аль Фарабий, Ибн Сина, Беруни ҳәм басқалардың шығыўына және басқа да мәденият естеликлерин нәзерде тутып, «Орта Азияда Хорезм ҳәм Бактрияда биринши мәмлекет бизиң әсиримизге шекемги VII—VI әсирлерде пайда болған. Солай етип, дүньяның усы бөлегиндеги халықлардың Италияңлықларға ҳәм греклерге тән улыўма «әйемнийлик («античность») болғанындай, буларда да улыўма өзине тән

«әйемийлик» болған деп есаплаўымыз керек»[1],—дейди. Бул пикирди атақлы илимпаз С. П. Толстовтың ҳәм басқалардың илимий изертлеў жумыслары қуўатлайды.

Бирақ, усы алға илгерилеўлер, үлкен мәденият сыртқы басып алыўшылар—араблар, монголлар, Шахтемирлер тәрепинен ҳәм өз ара феодаллық шабыўыллар нәтийжесинде бир қанша рет қыйратылады. Солай болсада, суўсызлықтан қуўрап қалған дарақтың бир заманларда тамырына суў барса путақлап қайта жанланып раўаж алғанындай, шөлистанның қайта жасарғанындай, мүмкиншилик пайда болған жағдайда алға илгерилеў ҳәм мәденият өзине тән өзгерген ҳалда қайта тиклене береди. Демек, бул жағдай мәдениятымыздың тамыры терең екенин көрсетеди. Бабамыз Беруни IX әсирдиң өзинде ақ Орта Азияның айырым қалаларында, соның ишинде өзи туўылған Қыят қаласында да обсерваториялардың болғанын, онда жергиликли илимпазлардың ислегени ҳаққында мағлыўмат береди. Егер тамыры тереңге кетпеген мәденият, илим-билим излери болмағанда Беруни дәўириндеги мәденияттың жалт етип бирден жүзеге шығыўы қыйын болар еди. Ол исенимсиз де, турақсыз да болар еди.

Жоқарыда айтылған пикирлер сөз етейин деп отырған дәўирлеримиздиң сиясий ҳәм экономикалық жағдайларына қысқаша конкрет тоқтағанымызда тағыда дәлилли көриниўи мүмкин.

X әсирдиң ақыры ҳәм XI әсирдиң басларында Хорезм қайта тикленип, өз алдына мәмлекет болып, сиясий-экономикалық ҳәм мәдений жақтан өз дәўирине ылайық гүллене баслайды. Дийқаншылық, шарўашылық, өнерментлик, саўда ислери раўажланады. Басқа мәмлекетлер менен өз ара қатнаслар, мәмлекеттиң ишки жумыслары, халықты басқарыў ислери бир қатар жөнленеди. Мәдениятқа, илим-билимге үлкен дыққат аўдарылады. «Ал, Мамун Ибн Мамун ўақтында (999—1017-жыллар) Ургенч экономикалық ҳәм сиясий жақтан үлкен орай болып қалмастан, соның менен бирге, ең үлкен мәденият орайы да болады. Бул жерге, XI әсирде Мамун сарайы айналасына сол дәўирдиң илиминиң ең жақсы ўәкиллери жәмленген еди: данышпан энциклопедистлер Ибн

[1] Н. И. Конрад. «Запад и Восток. ИМ. 1966 г. стр. 249—244.

Сина ҳәм аль - Бируний, тарийхшы Ибн Мискавейх, тарийхшы ҳәм философ Абсахл Масиҳи, медицина илимпазы Абулхайр Хаммар, атақлы математик Абунаср Аррах ҳәм басқалар жыйналған еди»[1].

Соны да көрсетип өтиў керек, Ибн Сина ҳәм Беруни тәбият илимлери менен бирге, өзлери сол дәўирдиң жақсы шайырлары болған. Беруни тек көрнекли шайыр болып қалмастан, әдебиятты ҳәм тилди кең түрде изертлеген, филология бойынша арнаўлы илимий жумыс дөреткен алым. Соның ушын да Берунийдиң өмирин ҳәм илимий мийнетлерин жақсы билетуғын С. П. Толстов: «Абурайхан Мухаммед Ибн Ахмед аль—Бируни—атақлы астроном, географ ҳәм геолог, тарийхшы ҳәм этнограф, философ ҳәм шайыр»[2]—деп жазады.

Берунийдиң үлкен әдебиятшы екенин оның барлық жумысынан көриўге болады. Ол XI әсирдиң басында жазған ең үлкен ҳәм баҳалы тарийхый мийнетлериниң бири «Өткен әўладлардың естеликлери» деген китабында 37 шайырдың қосықларынан үзинди алып, мысал келтиргенин көремиз. Мийнетте тек жазба әдебият емес, халықтың аўыз еки әдебиятында көп үлгилер көринеди. Қитапқа орынлы етип, ертек, аңыз, нақыл—мақаллар көп енгизилген. Олар мийнеттиң мазмунын байытып, халыққа түсиниклилигин арттырып тур. Беруни бул мийнетинде көп халықтың үрип-әдетин, соларға байланыслы халық дөретпелериниң үлгилерин келтиреди. Беруни айлардың атларын арабша келтирип, ол айларда болған ўақыяларға байланыслы араб халқында жүзеге келген мақалларды айтады: «Ҳәр қандай тап қарлық нәрсе болса—Жумаза менен Раджаб айының ортасында пайда болған...»[3]. Араблар Раджаб айын қутлы ай деп түсинген ҳәм қандай бәле - урыс—жәнжел болса—соған шекем болады. Раджаб айы—халыққа жайлы делинген. Сол себепли жоқарыдағы мақал келип шыққан. Бизде де усыған сәйкес келетуғын сөзлер бар. Мысалы: «барлық бәле ала танадан басланды» делинеди. Буның мәниси—бир аўыл жойылған ала тананы

[1] Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1964 г. стр. 105.

[2] С. П. Толстов. «Беруни и его памятники минувших поколений», изб. произв. Беруни. I—том, Ташкент, 1957, стр. VII.

[3] Булда сонда., 1957 г. стр. 77,

қоңсы аўылынан гуманланған ҳәм соның себебинен жәнжел шыққан.

Беруний Саманийлер менен ҳинд халқының биринши Будда ҳәм Будда ҳаққындағы әжайып аңызларының мазмунын береди. Бул аңызлардың бир қатарында адамның жаны ҳәм адам ардақланады.

Усы мийнетте Хорезмлилердиң жаңа жыл, ай, күнлери, оларға байланыслы байрамлары ҳәм әҳмийетлерине кең түрде тоқтайды. Хорезмлилер бир айды «Р—И М—Ж—Д» деп атаған, Соның онбесинши күнин «Минач Ахиб» деген ямаса «Мина түни» делинген. Бурынлары Хорезмде Мина атлы ҳаял болып, ол Хорезм патшасы болса керек, Сол патша ҳаял бир күни мәс болып, жеңил жипек кийим менен өз сарайынан шығып кеткен. Бул бәҳәр ўақларының бир түни екен. Жолда жығылған. Сол жығылған жеринде уйықлап қалған. Түнде суўыққа қатқан ҳәм өлген. Адамлардың бәҳәрдиң бир түнинде усындай суўық болып, онда адамның өлип шыққанына қатты таңланып, ҳайран қалған. Соннан кейин, бул әдеттен тыс, тосаттан болған күн иретинде оны жыл сайын белгилеп өтетуғын болған. Бул күнде түтин түтип, тамақлар писирип, бул илажларды жинлайтанның апат—бәлелерин кейин қайтарыў қуралы деп түсинген ҳәм солай деп байрамлаған.[1]

Беруни өзиниң XI әсирдиң биринши ярымындағы жазған «Индия» атлы үлкен, өз заманы ушын теңи жоқ тарийхый мийнетлерде де жазба ҳәм халықтың аўыз еки көркем әдебиятын оғада кең пайдаланған. Ҳинд халқының тарийхын жаратыўда жазба дереклер менен бирге, халық аўыз еки әдебиятының үлгилерин—тарийхқа байланыслы аңызларды, гүрриң, ертек, нақыл-мақалларды, үрип-әдет, дәстүрлерди, халық түсиниклерин орынлы, жақсы қолланған.

Мийнетте ҳинд халқының поэзия қурылысын көзден өткерип, оның буўын, өлшемлерин, сес дүзилисин кең таллайтуғын айырым бөлим бар. Бунда да тек жазба әдебият ғана емес, халық аўыз еки әдебиятының поэзия жанрының қурылысы да талланғаны сезиледи. Ол «Ҳинд халқының поэзиясы өзиниң барлық тараўлары

[1] Беруни. «Памятники минувших поколений», избр. произв. том I Ташкент, 1957 г. стр. 257.

ҳәм ҳәр қыйлы түрлери менен оғада көп сандағы өлшемлерге ийе»[1]—деп жазады.

Беруний өзиниң «Геодезия» деген мийнетинде де жоқарғы қәделерди сақлап, көркем әдебиятты бунда да көп пайдаланған. Әсиресе елди, жерди, жолды, теңизди билиў ҳаққында көркем әдебияттан көп мысаллар келтирилген. Географияны билиў өнериниң керек екени көркем әдебият мысалларында жақсы берилген. Теңизде бағдарды билмей адасыўшылық, билген адамлардың желқомлы кемелерди, адамларды апаттан қутқарыўы ҳаққында қызық гүрриңлер, аңызлар киргизилген.

Бирунийдиң өмирин ҳәм илимий мийнетлерин изертлеўши илимпаз П. Г. Булгаков өзиниң «Бируниййдиң өмири ҳәм мийнетлери» деген монографиясында Бируниййдиң илимниң ҳәр түрли тараўлары менен шуғылланғанын, баҳалы мийнетлер дөреткенин айта келип, оның үлкен ҳәм атақлы әдебиятшы болғанын да жазады. П. Г. Булгаков тарийхшылар (Йакут) Бируниййдиң Абу Тамманың қосықларына түсиник жазғанын ҳәм «поэзия менен фольклордың естеликлериниң антологиясын дүзгенин көрсетеди.[2]»—дейди. «Беруни шебер әдебиятшы, сөз дүзиўдиң өнерин жақсы билген адам[3]. Бируниййдиң филология бойынша мийнетлериниң бири «Сайланған қосықлар ҳаққында китап» деп аталған. Бирақ, бул мийнет бизиң заманымызға жетпеген. П. Г. Булгаков Беруни тек «Минерология» атлы илимий мийнетинде 34 шайырдан мысал келтирген ҳәм «Беруни жазба әдебият пенен фольклорды үйрениўде және жыйнаўда оғада үлкен мийнет еткен адам[4]»—дейди.

Булардың барлығы Абу Райхан Бируниййдиң атақлы әдебиятшы болып, көркем әдебиятты сүйип ҳәм оғада жақсы билип, оны илимниң ҳәмме тараўына орынлы, шебер пайдаланғанын, Орта Азия халықлары менен Шығыс халықлары әдебиятының раўажланыўына белгили үлес қосқанын, көркем әдебияттың илимди илгерилетиўде, түсиндириўде, жәмийетлик раўажланыўда,

[1] Беруни. Избр. произв. том. П. «Индия», Ташкент, 1963 г. стр. 155.

[2] П. Г. Булгаков. «Жизнь и труды Беруни. «Ташкент, 1972 г. стр. 312.

[3] Булда сонда. 327-бет.

[4] Булда сонда. 327-бет.

адамлардың ой—санасын жоқары көтериўде тутқан орнын бийикке көтергенин көрсетеди.

Соның менен бирге, Берунийдиң өзи атақлы шайыр болғаны ҳаққында көп мағлыўматлар бары мәлим. П. Г. Булгаков Берунийдиң мийнетлериниң дизимин бергенде, оның «Қосықлар топламы» деген китабының болғаныи, буған шайырдың көп сандағы жақсы қосықларының киргенин айтады[1]. Ал, «Геодезия» мийнетиниң 10-бетинде «Берунийдиң өмири ҳәм мийнетлери» деген китаптың 26-бетинде Берунийдиң өз қосықларынан үзинди берилген. Буннан басқада мысалларды келтириў мүмкин.

Мәселен, филология илимлериниң кандидаты А. Расулов «Беруни ҳәм оның қосықлары ҳаққында бир қатар пикирлер» деген баянламасында Берунийдиң өзи көрген, сөйлескен патшаларды сүўретлеп ҳәм Махмуд Ғазнавийдиң исенимли адамы, шайыр Абу—Л—Фатха Бустийға арналған 17 бәйити (34 қатар), Абу—Л Хасан деген шайыр жазған 7 бәйити ҳәм басқада бирқанша қосықларының барын айтып, олардың арабша текстин, русша сөзбе—сөз аўдармасын береди.[2]

Булардың үстине Беруни өз заманының ең жақсы көркем әдебиятты аўдарыўшысы да болған. Ол көп тиллерди жақсы билген. Ҳинд халқының көп өлмес шығармаларын аўдарған. «Индия» атлы үлкен атақлы тарийхый илимий мийнетине грек халқының уллы шайыры Гомердиң «Илиада» ҳәм «Одиссия» шығармаларынан үш мысал алып, аўдарып жиберген. Буны академик И. Ю. Крачковский «Цитатты тиккелей түп нусқадан, болмаса Сирия тилинен аўдарған[3]»,—дейди.

Жуўмақлап айтқанда Беруни XI әсирдиң биринши ярымындағы жазба ҳәм аўыз еки әдебиятымыздың көрўан басы болған. Ол әдебиятшы, шайыр ҳәм әдебий аўдармашы иретинде Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да узақтан киятырған мәдениятына, әдебиятына үлкен үлес қосқан. Оның қалдырған әдебий мийраслары—көркем шығармалары бизиң жазба әдебиятымыздың сағалары ушын ҳәм жыйнаған, системаластырған халық аўыз еки дөретпелериниң үлгилери фольклорымыздың тарийхы ушын теңи жоқ қымбат баҳалы ғәзийне болып есапланады.

Хроникалық тәртип бир қатар бузылсада усы жерде мәдениятымыздың, әдебиятымыздың XI әсирдеги тағы да еки естелигине тоқтап өткен мақул болар деймиз. Булар Юсуф Хас Ҳәжибтиң «Кутадғу билик» дәстаны менен Махмуд Қашқарийдиң «Девону Луғатит түрк» мийнети болып есапланады.

Юсуф Хас Ҳәжиб 1019 жылы Баласағун қаласында туўылған. Дәстан 1069—1070 жыллары жазылып, тамамланған. «Кутадғу билик» сөзи бахытқа, шадлыққа жоллаўшы билим деген мәнини аңлатады.

Бул дәстан Орта Азиядағы түркий тиллес туўысқан халықлардың XI әсирде дөреп, бизиң заманымызға шекем жетип келген бирден-бир ең гөне, үлкен әдебий естеликлеринен болып есапланады. Дәстан дөреген жер ол заманда Қарақанийлар мәмлекети деп аталған. Бул дәўир Қарақанийлар мәмлекетиниң салтанаты раўаж алып, ол төменги қытайдан баслап Қәспий теңизине шекемги жерлерге ҳүким жүргизеди. Түркестан, Сырдәрьяның жоқары ҳәм төменги жақлары усы Қарақанийлар сорамағына киргени мәлим. Бул жерлерде сол дәўирде ҳәзирги қарақалпақ халқының да әдеўир бөлеги жасағаны анық. «Соның ушында бул дәстан Орта Азиядағы түркий тиллес халықлардың орталық естелиги болыў менен бирге, қарақалпақ халқының да мәденият әдебият естелиги болып есапланады.[1]

Соны да көрсетип өтиў керек, Шығыс әдебиятын изертлеўшилер ишинде бул дәстанды тек уйғыр әдебиятының естелигине жатқарып жүргенлер де бар. Бундай пикирдиң дурыс емес екенин көрсетип, атақлы илимпаз С. Е. Малов былай дейди: «Уйғыр жазыўы естеликлери тараўында бурыннан тюркологлар қолында бир қанша естелик бар... Қатаңырақ айтқанда, олар уйғыр тилинде жазылған емес. Олар тек уйғыр ҳәриплери менен жазылған Орта Азия Чағатай тили естеликлери есапла-

---

[1] П. Г. Булгаков. «Жизнь и труды Беруни. Ташкент. 1971 г. стр. 424 б.

[2] А. Расулев. «Беруни и гуманитарные наука», Ташкент, 1972 г. стр. 54—57.

[3] И. Ю. Крачковский «Гомер и аль—Бируни» избр. соч. том. II, М. Л. 1956 г. стр. 587.

[1] Н. Жапақов. «Кутадғу билик»—үлкен мәдений естелик», «Совет Қарақалпақстаны», газетасы, 1973 жыл, 30-апрель.

нады. Буған... Турк—мусылман әдебиятының ең гөне естелиги «Кутадғу билик»те киреди.[1]

«Кутадғу билик» дәстаны өз заманының көз қарасынан жазылған. Бунда дин түсиниклери, қәде—режелери кең орын алған. Соған қарамастан әдиллик, адамгершилик, таза минез-құлық, билим ҳәм адам ғамы ҳақ қында усы күнге шекем баҳасын жоғалтпаған көркем сөз кестелерин көплеп көриўге болады.

Дәстан—Шығыс әдебиятының дидактикалық усылында жазылған. Өзи де дидактикалық шығарма болып есапланады. Буннан халқымыздың әййемги ҳәм орта әсирдеги жазба және аўыз еки әдебиятының үлгисин қанша излесең соншелли көриў мүмкин.

Дәстан өз ўақтында Орта Азияның барлық жерлерине, соның менен бирге көп Шығыс еллерине де тарал ған болыўы керек. Буннан шайырлардың көп әўладлары пайдаланған, үлги алған болыўы итимал.

Дәстанға Орта Азиядағы түрки тиллес халықлар менен бирге қарақалпақ халқының да XI әсирдеги ең үлкен ҳәм баҳалы естеликлериниң бири деп қарап, қарақалпақ әдебиятына жақынлық жақларын нәзерде тутқанымызды, оның бизиң жазба әдебиятымыз бенен халық аўыз еки дөретпелериниң бир сағасы иретинде көзге түсетуғыны анық. Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың шығармаларындағы бир қатар дидактикалық мотивтиң сағаларын усы дәстаннан көриўге болады. Бир мысал келтирейик: Дәстанда:

«Йуры уд атанма кишилик қыл—э,
Кишига киши бол, кишилик бил—э[2].

деген қатар бар. Буның қарақалпақшасы:

«Мал деген ат алма, адамгершиликли бол,
Адамға адам бол, адамгершилик сол». Әжинияда:
Оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы...[3]

деген қосық қатары бар. Екеўиниң де мазмунлас, идеясы, ойлаған ойы бир екени көринип тур. Бундай мысалларды көплеп келтириўге болады.

---

[1] С. Е. Малов. «Памятники древнетюркской письменности М. Л. 1951 г. стр. 96—97.
[2] «Кутадғу билик, Ташкент, 1971 жыл, 226—бет.
[3] Әжинияз. Нөкис, 1965 жыл. 83-бет.

«Кутадғу билик» дәстанының бизге баҳалы тәрепиниң бири—тарийхый дерек иретинде, қарақалпақ фольклорының көп жанрының сағаларын аңлаў мүмкин. Ҳәзир қолда бар қарақалпақ халқының аўыз еки дөретпелериниң қайсы дәўирде дөрегени, қай дәўир менен сабақлас екенин салыстырып көриў арқалы билиў, уйғарыў ушын да «Кутадғу билик» дәстанының әҳмийети оғада үлкен деп ойлаймыз. Бир-еки мысал келтирейик:

«Қамуғ пәңе ҳийла этич чара бар,
Мапар бул олумкә өлум ҳийласыз...

делинген бәйит қатарлары бар. Буның қарақалпақшасы:

«Барлық затқа ҳийле, илаж бар,
Өлимге шара жоқ, оған ҳийле тар...»

Қарақалпақ халқының өзинде «барлық заттың бар илажы, шум өлимниң илажы жоқ» деп айтылатуғын халық қосығы бар. Демек, жоқарыдағы бәйит пенен қосықтың сағалас, қосықтың дөреў дереги дәстан ўақты менен бәлки оннан да бурын болыўы итимал екени сезиледи.

«Кутадғу билик» дәстанында:

«Уруб бәркә башы бутәр, тәрк сонар,
Тилин сөксә бутмәс ачығы йылын...[2]

деген қатарлар бар. Оның қарақалпақшасы:

«Таяқ жарасы питеди, естен кетеди,
Сөз жарасы питпейди, зәҳри өтеди...».

Қарақалпақ халқында «таяқ еттен, сөз сүйектен өтеди» деген мақал бары мәлим. Булардың да сағалас екени, бул мақалдың дөреў дереклери узақтан басланатуғыны көринип тур.

«Кутадғу билик» дәстанында халқымыздың аўыз еки дөретпелериниң тек майда жанрларының ғана емес, ири, эпикалық жанрларының да излерин, сағаларын көриў мүмкин.

«Оғулсуз өлурдә өкүнди тилин,
Айа кән кәлигли оғул қыз қылын.

---

[1] «Кутадғу билик, Ташкент, 1971 жыл. 226-бет.
[2] «Кутудғу билик», Ташкент, 1971 жыл. 416-бет.

Кимниң оғлы қалса атадан қәдин,
Атама аны сән тиригдә адын.
Огулсуз киши өлсә кәсти уруғ,
Ажунда аты йитти орны қуруғ...[1] Қарақалпақшасы:
«Перзентсиз өкинер өлер алдында,
Айтар, қалыўшыға үл—қызсыз болма.
Кимниң улы қалса атадан кейин,
Оны өлди демең, тири деп билиң,
Перзентсизлер өлсе зўрьяды қалмас,
Дүньядан аты өшип, орыны болмас»

Усы көрсетилген бәйит қатарларын мысалға келтирип, атақлы илимпаз Е. Э. Бертельс «бул Жақын Шығыста ең әйемги ўақытлардан ҳәм ҳәр қыйлы естеликлерде үзликсиз тәкирарланып киятырған әдеттеги көз қарас болып есапланады» ҳәм автор дәстанды жазарда оның қолында халық аўыз еки әдебиятының түрли жанрлары болыўы мүмкин»[2]—дейди.

Перзент ҳаққында сулыў сүўретлемелер, терең ойлар, сүйинишли ҳәм күйинишли ўақыялар дизбеги қарақалпақ халқының аўыз еки әдебиятының барлық жанрларынан табылады.

«Жаратсаң жаратқыл бесленди жарат,
Бири өлсе төрти келер қасына,
Жалғызды жаратқанша тасларды жарат,
Жалғыз өлсе ким келеди басына»

деген толғаўлардан баслап, усы дәстан дәўири менен сағалас «Қоблан» ҳәм «Алпамыс» дәстанларындағы перзент ҳаққындағы көринислер, қызықлы сюжет қурылыслар, ўақыялар «Кутадғу билик» дәстаны менен бизиң дәстанларымыздың дәстүр, сюжет, идея жақларынан оғада жақын екени сезиледи.

Булардың барлығын жай уқсаслық деў қыйын. Бул барлығынан бурын тамырласлықты, сағаласлықты, дәстанның С. Е. Малов айтқандай Орта Азиядағы түркий тиллес халықларға, соның ишинде қарақалпақ халқына да орталық естелик екенин көрсетеди.

Махмуд Қашқарийдиң «Девону луғатит түрк» мийнети түркий тиллес халықлардың оғада баҳалы естеликлериниң бири. «Бул китап 1072—1074 жыллары жазылған. Китапқа сол ўақтағы түрк қәўимлериниң көп фольклорлық шығармалары киргизилген. Китапта 300 ге жақын төртлик халық қосықлары менен сол көлемде нақыл—мақаллар бар.». Солай етип, Махмуд Қашқарий түрк тилиниң үлкен қәнигеси, илимпазы болыўы менен бирге, өз заманының жақсы әдебиятшысы да болған адам. Оның халық аўыз еки әдебиятын жыйнаўшы ҳәм системаластырыўшы екенин аңлаймыз. «Демек, «Девону луғатит түрк» мийнетиниң усы тәрепи бизди күтә қызықтырады ҳәм соның ушын бул мийнетке түркий тиллес халықлардың тил мәденияты естелиги ғана емес, аўыз еки әдебиятының да оғада баҳалы ҳәм әҳмийетли естелиги деп қараймыз[2]».

Қарақалпақ халқы мәдений жақтан Орта Азия, Қазақстан, Урал, Едил бойлары ҳәм Арқа Кавказ халықлары менен байланыста болып, сол халықлардың мәдениятынан, әдебиятынан белгили дәрежеде тәсир алыў менен бирге, өзиде сол халықлардың мәдениятына, әдебиятына тәсир еткен, өзине ылайық үлес қосқанын табыслы дереклер тастыйықлайды. Солай етип, түркий тиллес көп қәўимлер, урыўлар халық болып қәлиплескенше өзлериниң мәдениятын, әдебиятын бирлесип жаратқаны, соның ушын әйемги заман ҳәм Орта әсирлердеги көп жазба және аўыз еки халық дөретпелери болған тил, әдебият естеликлери усы халықлардың барлығына орталық екени сөзсиз. Әлбетте, бул пикир ҳәр халықтың өзине тән айырым мәдений, әдебий естеликлериниң де болыўын бийкарламайды.

«Девону луғатит түрк» мийнетиндеги мақаллардың қарақалпақ халқының ҳәзирги турмысында бар нақыл-мақаллар менен байланысы, гейпараларының өзгерissиз айтылып, қолланылыўы дыққатқа миясар жағдайдың бири болып көзге түседи. «Киши аласы иштин, йылқы аласы таштин»[3] деген мақал ҳәзирги қарақалпақ тилине аўдарылмасада түсиниқли екени сөзсиз. Буны бизиң халқымызда ҳәзир «адам аласы ишинде, мал аласы

---

[2] Бул да сонда. 524-бет.

[2] Е. Э. Бертельс. (Суфизм и суфийская литературы», М., 1965 г. стр. 181—187.

[1] История казахской литературы. В трех томах, том I, 1968, стр. 64—65.

[2] Н. Жапақов. «Махмуд Қашқарийдиң «Девону луғатит түрк мийнетиндеги мақаллар қарақалпақ нақыл—мақалларының байланыс мәселесине», «Әмиўдәрья» журналы, 1973 жыл. № 5.

[3] Махмуд Қашқарий. «Девану луғатит турк», I—том, Ташкент, 1960 117-бет.

сыртында» деп жүргизеди. Сөздиң құрылысында, мазмун ҳәм идеяда ҳеш қандай өзгерис жоқ, екеўинде бир мәнини аңлатып, сөз өзгериссиз берилип отыр.

Нақыл-мақаллардың өзгериссиз бир-бирине сәйкес келиўи жөнинде тағы бир қанша мысаллар келтирейик:

1. «Бэш эранак түз емэс[1].
   Бес бармақ бирдей емес.
2. «Қарға ғаз откүнса бути синур[2]»
   Қарғаның ғаз боламан деп шаты айырылар.
3. «Қурук қашуқ ағузқа ярамас,
   Қуруғ сөз қулаққа яқмас[3]»
   Қуры қасық аўызға жақпас,
   Қуры сөз қулаққа жақпас.
4. «Күзаку үзүн болса элиг күймас[4]»
   Көсеўиң узын болса қолың күймес.

Булардан басқа да усындай мысалларды көп келтириўге болады. Бундай жағдайды тек жай өз ара байланыс нәтийжеси деп түсиндириў қыйын. Буны жоқарыда көрсетилгендей, түркий тиллес қәўимлер—урыўлар халық болып қәлиплескенше мәлим дәрежеде мәдений, рухый байлықты бирге топлап келгенине тағы бир дәлил деп айтыўға болады. Соның менен бирге, түркий тиллес қәўимлер, урыўлар өзиниң жәмийетлик раўажланыў жолында бир қанша басқышлардан өтип, халық болып қәлиплескеннен кейин улыўмалық, орталық нақыл-мақаллардың, сондай ақ басқада мәдений, әдебий естеликлердиң ой-өрисине, турмысына қатты сиңисип, өзинен ажыралмастай болып, мораллық, этикалық талапларына жуўап берерлигин сақлап қалған деп уйғарыўымыз мүмкин.

Махмуд Қашқарийдың «Девону - Лугатит түрк» мийнетиндеги көп нақыл— мақаллардың қарақалпақ халқында тоғыз жүз жыл бойына өзгериссиз айтылып ҳәм сақланып келиўи—халқымыздың тарийхы ҳәм аўыз еки әдебияты ушын оғада әҳмийетли дереклердиң бири екени сөзсиз. Демек, ҳәзирги әдеўир сандағы қарақалпақ нақыл-мақаллары сол XI әсирде, бәлким оннан да бурын айтылып жүргени аңланады. Солай етип, «Девану луғатит түрк» мийнети қарақалпақ аўыз еки әдебиятының тарийхы ушын күтә баҳалы ҳәм көп материаллар береди, өзи де мәдениятымыздың, әдебиятымыздың өлмес естелиги иретинде тарийхымыздан ҳүрметли орын алады.

[1] Махмуд Қашқарий. «Девану—луғатит түрк», I—том, Ташкент, 1960. 143-бет.
[2] Булда сонда. 255-бет.
[3] Булда сонда, 364-бет.
[4] Булда сонда. 418-бет.

Биз XI әсирдиң әдебий жағдайына нәзер таслағанымызда Абу Райхан Беруни, Юсуф Хас Ҳажиб ҳәм Махмуд Қашқарийдиң мийрасларына, олардың әдебиятымыздың тарийхында орынларына көбирек тоқтадық. Себеби, булар сол дәўирде белгилеўши ҳәм кейинги дәўирлердеги мәдений, әдебиятқа тәсир етиўши үлкен тулғалар болып есапланады. Олар XI әсирдиң мәденият ҳәм әдебият бойынша дәўирнамасы екени анық. Қарақалпақ аўыз еки әдебиятының тарийхын конкрет сөз еткенде бул мийрасларға тағы да қайта-қайта терең үңилип қарайтуғынымыз мәлим. Олар әдебиятымыздың тарийхы ушын көп материаллар береди ҳәм биринши дереклерден болады.

Сөз етип отырған XI әсирде Орта Азияда, соның ишинде Хорезмде сиясий-экономикалық жағдайлар бир тегис барды, алға илгерилеўин үзликсиз даўам етти деп айта алмаймыз. Феодаллық дүзимде жийи болып турататуғын шабыўыллар бул дәўирде де сезиледи. Бундай жағдайлар елдиң бүлиниўине, мәденияттың кейинлеп қалыўына себепши болғаны анық. Мысалы 1017-жылы Хорезмди Махмуд Ғазнавий өзиниң мәмлекетине қосып алып, ғәрезсизликтен айырады ҳәм Ургенчтеги оқымыслылар ҳәр жаққа тарап кетеди, Берунийди тутқын етип Газнаға алып барады. Хорезм 1017 жылдан 1032—жылға шекем Махмуд Газнавийдиң сорамағында болады, 1034 жылы Газнадан ғәрезсиз болып, өз алдына мәмлекет болса да 1041 жылдан баслап қоңсылас ҳәр мәмлекетке ғәрезли болып, тек XII әсирдиң орталарында Хорезм тағы өз алдына ғәрезсиз мәмлекет болып, Атсыздың улы Иль—Арыслан ўақтында (1156—1172-жыллар) Хорезм өзиниң мәмлекетин кеңейтиўге ериседи. Әсиресе, Хорезм XIII әсирдиң басларында оғада үлкен мәмлекет болып, күтә кеңейеди. 1219-жылы Хорезмге саяхат етип, бунда болған араб саяхатшысы Якут «дүньяның қай жеринде болса да Хорезмнен кең

жерли (үлкен) мәмлекет жоқ шығар деп ойлайман»[1] — деп жазады. Бул жерде Хорезм феодаллық қатнасықлар ҳәўижлесип, экономика, әсиресе, аўыл хожалығы жоқары көтериледи. 1221-жылы Хорезмди Монголлар басып алады. Ел тағы да бүлинеди. Мине усы сыясий ҳәм экономикалық жағдайлар мәденийятта, әдебиятта өз излерин қалдырады. Әлбетте, көп жазба көркем шығармалардың, халық аўыз еки дөретпелериниң бизиң дәўиримизге шекем жеткени мәлим. Солай болған менен бир қатар мәлим болған көркем дөретпелер ҳаққында қысқаша сөз етиў мүмкин.

Әсиресе монгол басқыншылары, оның басшысы Шыңғыс хан ҳаққында жазба ҳәм аўыз еки халық дөретпелеринде әдеўир излер бар. Атақлы Бердақ шайыр «Шынғыс елди алып, қарап етти» деп, оған нәлет таңбасын басса, сол ўақыяның изи менен дөреген «Гүлдирсин» аңызы бар. Бул аңыз жәмийетшилигимизге көптен белгили ҳәм С. П. Толстов мийнетлеринде жақсы айтылады. Бунда өз мәпи, қара басының ғамы, ҳәзлиги ушын мәртлик пенен жаўға қарсы гүресин атырған ата-ана, ел-журт ўатанын сатып, душпанға сырды ашып бериўши қыз ҳәм оның қайғылы өлими сөз етиледи. Аңыз оғада үлкен социаллық мәниге ийе. Соның менен бирге, бул аңыздың адамды, әсиресе, жасларды тәрбиялаўда әҳмийети күшли.

Булардан басқа Шыңғысхан ҳаққында ертеклер бар. Олардың бир қатары Шыңғысты мақтаса, бир қатары оның адамды аяўды билмейтуғын зулым, тыныш елди бүлдириўши екенин сүўретлейди. Бундай ертеклерде де халықтың ҳәр қатламы өзиниң идеясын, көз-қарасын берген.

Соны да көрсетип өтиў керек, Орта Азияда мәденияттың, әдебияттың феодаллық шабыўыллар ақыбетинде бир қанша кейинлеп қалғаны болса да, тоқтап қалмағанын жоқарыдағылардан басқа дереклерде көрсетеди. Мысалы XII әсирдиң екинши ярымында түркий тиллес халықлар әдебиятында Ахмед Югнакийдиң «Хибат—ул ҳақиқ» шығармасы пайда болады. Бул шығарма ҳаққында белгили илимпазлар С. Е. Малов, Е. Э. Бертельс ҳәм басқалар да пикир айтып, таллаў жүргизгени мәлим. Шайырдың бул «Хибат—ул ҳақиқ» («Ҳақыйқатлар сыйлығы») шығармасы дидактикалық дөретпе болып, халық аўыз еки әдебиятының ҳәр қыйлы жанрларына өз тәсирин тийгизеди.

Шығарма тийкарынан өз заманының көз-қарасын, идеясын береди. Соның менен бирге, адамларды, әсиресе жасларды билимге, өнерли болыўға шақырады. Өмирде жақсылық из қалдырып, жәмийеттиң, адамлардың алға илгерилеўи ушын хызмет етиўди үгитлейди. Сондай-ақ, шығармада әдеп-икрамлық, адамлар арасындағы дослық, минез-қулық ҳаққында да көп ойлар, пикирлер бар. Адамлар арасындағы қатнасықлар, әсиресе, сөзди таўып сөйлеп, тилди орынлы жумсаў жөнинде әҳмийетли ой кестелери көплеп табылады.

Шығарманың әдеўир сөзлери нақыл-мақалға айналып, бул жанрдың раўажланыўына үлес қосқан болса, өзи де халық аўыз еки дөретпелериниң усы жанрынан жақсы пайдаланғаны сезиледи. Пикиримиздиң дәлийли болыўы ушын бир қанша мысал келтирейик:

«Биликлик биреўге биликсиздиң мыңы,
Тең келе алады биликке билими тени...[1]».

Усы сөздиң тийкарында болса керек, бизде «билимли мыңды жығады, билимсиз бирди жығады» деген нақыл бар. Булардың екеўи де бир мәнини аңлатады. Буннан басқа шығармада «ким саған жапа қылса, оған опа қыл» деген нәсиҳат та бар. Бул бизиң халқымызда бар «биреў сени тас пенен урса, сен ас пенен ур» деген нақылға сәйкес келеди.

«Тилди беккем тутқын тисиң сынбасын,
Егер шықса сыртқа тисиңди сындырар...[2]».

Бул сөзде де оғада көп мәни бар. Тилди барынша жиберип, аңламай сөйлей бериўге болмайды. Өйткени, аңлаўсыз халық дөретпелеринде көрсетилгендей, «басты жарады, я тасты жарады». «Аңламай сөйлеген аўырмай өледи» дегенде нақыл бар. Демек, байқаўсыз, аңғысын

---

[1] Цитата. «Очерки истории Каракалпакской АССР» деген мийнеттен алынды. Ташкент, 1964-жыл. 106-бет.

[1] «Ертедеги әдебиет нусқалары», Алма-Ата, 1967 жыл. 90-бет.
[2] Бул да сонда, 90-бет.

анламай мәнисине ой жибермей сөйленген сөз—адамды өлимге де алып келиўи мүмкин. Соның ушын халқымыз «адам тилинен, мал шақынан байланады» деп, даналық пенен айтқан. Булардан басқада мысалларды келтириўге болады. Бирақ, усының өзи де жетерли болар деймиз.

Булардың ҳәммесинен Ахмед Югнакийдиң «Хибат—ул—хаким» шығармасының Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының орталық әдебий естелиги болыў менен бирге, қарақалпақ халқының да әдебий естелиги болып, қарақалпақ жазба ҳәм аўыз еки әдебиятының тарийхы және дереклери ушын әҳмийетли екени көринип тур.

«Кодекс—Куманикус» («Қыпшақ сөзлиги») XIII әсирдеги Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының тек жазба мәдениятының естелиги ғана емес, соның менен усы халықлардың, соның ишинде қарақалпақ халқының да аўыз еки халық дөретпелериниң әҳмийетли естелиги болып табылады. Сөзликте әдеўир дәрежедеги сөзлер халық аўыз еки әдебияты, әсиресе жумбақлар тийкарында берилген.

«Кодекс—Куманикус» сөзлигиниң тили қыпшақлар қарақалпақ миллетиниң тийкаргы бөлегин қураганы ушынба, ҳәзирги қарақалпақ тилине оғада жақын екени анық. Узақ жыллардың өтиўине байланыслы ҳәзир гейпара сөзлердиң айтылыўында, еситилиўинде ҳәм жазылыўында азлап айырма бар. Мысалы:« «Йазыда» «Йаўлы» сөзлери ҳәзир «жазында», «жайыўлы» болып айтылады ҳәм жазылады. Бирақ, сөздиң қурылысында, мәнисинде айырма жоқ.

«Кодекс—Куманикус»—халқымыздың аўыз еки көркемлик шығармалар дөретпелеринде жумбақ жанрының қәлиплесиўи ҳәм системаласыўы бойынша оғада үлкен дереклердиң бири болып көзге түседи. Сөзликке кирген жумбақлардың ҳәзирги қарақалпақ халқының турмысында бар ҳәм айтылып жүрген жумбақлар менен өзгериссиз сәйкес келиўи - дыққатқа миясар жағдайдың бири деп ойлаймыз.

Соны да көрсетип өтиў керек, бул сөзлик XIII әсирде дүзилип иске асса да тек 1880-жылы Будапештте Гота ҳәриби менен басылып шығып, соннан кейин дүньяға таралып, мәлим болады, 1886-жыллары немец тилине аўдарылады. Октябрь революциясынан көп бурын бул сөзлик түркий тиллес халықлардың мәдениятын изертлеўши атақлы рус илимпазы В. Радлов және басқа

да оқымыслылардың дыққатын өзине аўдарған. Орта Азия ҳәм Қазақстандағы түркий тиллес халықлар буны орталық мәденият естелиги иретинде көптен қолланып киятыр. Тек бизде буған соңғы ўақытқа шекем жетерли әҳмийет берилмей келгени анық. Биз бул кемшилик, олқылықты дүзетиўимиз керек.

Жумбақ—халық аўыз еки дөретпелери жанрының ишинде ең әййемги түрлериниң бири екени мәлим. Ол адам өмири менен бирге жасап, адамларда, әсиресе балаларда тапқырлықты, сезимпазлықты пайда етиўде, тәрбиялаўда, балалардың ой өрисин кеңейтиў, раўажландырыўда оғада үлкен орын тутады. Усы жанрдың XIII әсирдиң дүньяға белгили естелигинен орын алыўы ҳәм сөзликти қураўға материал болып кириўи - оның көркем, халық кеўилинен умытылмастай жай алған —әдебият тараўында әҳмийетли хызмет атқарғанын және атқаратуғынын көрсетеди. Соның менен бирге, сол орта әсирдиң өзинде-ақ халқымыз жумбақларды көп дөретккени, оның халық арасында ҳүрметке миясар сүйип айтылатуғын болғаны аңланады. Себеби, бундай дөретпелер егер көпшилик халықтың ҳүрметлеўине ылайық болмаса сөзликке киргизилмес еди.

Биз жоқарыда «Кодекс—Куманикус» сөзлигине кирген жумбақлар менен ҳәзирги күнде қарақалпақ халқында бар, айтылып жүрген жумбақлар сәйкес келеди, араларында айтарлықтай айырма жоқ деген едик. Сол ушын бир қанша мысаллар келтирейик:

«Ичер, йер, ишине кирер[1]».
Ишер, жер, ишине кирер.
(Шешиўи: қынлы пышақ).

«Бу барды, изи йоқ»[2].
Әне баратыр, изи жоқ.

(Шешиўи: кеме).

«Ауун ачсаң өкпеси көринур[3]»
Аўзын ашса өкпеси көринеди.

(Шешиўи: есик ашылғанда көринген үй ортасындағы от)

---

[1] Ертедеги әдебиет нусқалары», Алма-Ата, 1967 жыл. 67-бет.
[2] Булда сонда, 68-бет.
[3] Булда сонда. 67-бет.

«Ақ ой, манна, абзу йоқ[1]».
Ақ үй—аўзы, мурны жоқ

(Шешиўи: — Мәйек).

«Пазыда йаулы тоқмақ йатыр[2]».
Жазда жабыўлы тоқпақ жатыр.
«Шешиўи: кирпиткен).

(Пазыда йаўлы қайт йатыр[3].
Жазда жайыўлы қайыс жатыр.

(Шешиўи: жылан).

Булардың барлығы, тәкирарлап тағы айтамыз, ҳәзирги күнде қарақалпақ халқында өзгериссиз айтылады. Демек, «Кодекс Куманикус» («Қыпшақ сөзлиги»)—жумбақ жанрының қәлиплесиўи, дереклери ҳаққында материаллар береди, өзи де тийкарғы дереклердиң бири иретинде күтә баҳалы естелик болып есапланады.

Усы дәўирдеги Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының орталық әдебий естеликлериниң бири—Рабғузийдиң «Хисас—ул—Эмбия» шығармасы болып есапланады. Бул шығарма Орта Азия халықларының сол мәҳәлдеги орталық әдебий тили—Шағатай тилинде жазылған. Тили Орта Азиядағы түркий тиллес халықлардың барлығына түсиникли болған. Бул қыссалар—гүрриңлер топламында көп қарама-қарсылықлар менен дин уғымлары, пайғамбарларды тәриплеўлер бар. Соған қарамастан халық ишине таралған әдеўир дәрежедеги ертек—аңызларды да өз ишине алған. Солардан биз екеўине қысқаша тоқтап өткимиз келеди.

Биринши ден, усы қыссалар, топламына кирген «Юсуф ҳәм Зулайха» ҳаққындағы әңгиме қарақалпақ халқына көп тарап, ол жөнинде халқымызда ҳәр қыйлы қызық, көркем қылып айтылатуғын ертек—аңызлар әдеўир дәрежеде бар. Булар бизиң Өзбекстан илимлер академиясының Қарақалпақ филиалының китапхана қорында сақлаўлы. Тек ертек—аңызлар емес, халық қосықлары да көплеп ушырасады. Бул дөретпелердиң бир қатары тиккелей «Хисасс—ул—Эмбия» китабынан алынған болса, бир қатары сол қысса—әңгимелер тийкарында халық тәрепинен қайта дөретилген. Соның менен бирге, ең жақсы қарақалпақ қызларын Зулайқаға мегзетиў халық қосықларына да, революциядан бурынғы қарақалпақ шайырларына да дәстүр болып кеткени мәлим. Булардың конкрет мысалларын ҳәм салыстырыўларды аўыз еки әдебиятымыздың тарийхына тоқтағанда көрсеткимиз келеди. Бул жерде биз «Хисасс—ул—Эмбия» ның қарақалпақ аўыз еки әдебиятының бир қатар дөретпелери менен сағалас екенин улыўма сөз етип отырмыз.

Екиншиден, бизиң көрсеткимиз келген қыссаның тағы бир тараўы—топан суўы, Ну пайғамбар ҳаққындағы көп таралған аңыз ертек, қосықлар ҳаққында болып табылады. Әдебиятшы Қ. Мәмбетов, «Әмиўдәрья» журналының 1973-жылы 3-санындағы «Әййемги түрк тиллес халықлардың жазба естеликлери ҳәм оның қарақалпақ әдебиятын қәлиплестириўде тутқан орны» деген мақаласында «Хисасс - ул—Эмбия» шығармасында тоқтап, оның ҳәр түрли қыссаларының бизге көп таралғанын айтып, соның бир мысалы иретинде қарақалпақ мәмлекетлик педагогика институтының студентлери тәрепинен 1965-жылы экспедиция ўақтында жазылып алынған төмендеги әңгимени келтиреди:

«Ну пайғамбар минип киятырған кемени тышқан тесип суўға толтырған. Бир жылан үш бүкленип кемеге тығын болған ҳәм бул еткен жақсылығы ушын жылан дүньядағы ең мазалы гөш пенен аўқатланыўы тийис екен. Суўдан аман қалған Ну дүньядағы ең мазалы гөшти табыў ушын пешшени жибереди, пешше дүньядағы ең мазалы гөш—адамның гөши деп қарлығашқа хабар береди. Қарлығаш сол мазалы гөштен татқан тилинди көрейин,— деп, пешшениң тилин қырқып алған. Соннан баслап пешше тилсиз болып, тек дызылдай береди екен[1]». Аңыз оғада әпиўайыластырылып, оғада келте ҳәм бир қатар мәнили, қызықлы жерлери қалдырылып жазып алынған. Бул аңыздың буннан толығы ҳәм мәнили, қызықлы түрлери бизде бар. Буны мысалға баспада жарияланғаны ушын ғана алып отырмыз. Топан суўы ҳаққында тек аңыз-ертеклери емес, көп халық қосықларында ушыратыўға болады. Мысалы, биз жас күнимизде қарақалпақ бақсыларынан еситкен төмендеги қосық қатарлары еле ядымда:

---

[1] Булда сонда, 67-бет.
[2] Ертедеги әдебиет нусқалары», Алма-Ата, 1967 жыл. 69-бет.
[3] Бул да сонда, 69-бет.

[1] «Әмиўдәрья» журналы. 1973 жыл. Нөкис, № 3, 121-бет.

Ибраҳим пайғамбар, Сулайман калил,
Мекке, Мадинаны салғанда барды.
Абыл, Қабыл әжесиниң қарнында,
Олар ҳәм дүньяға келгенде барды,
Қудайым сақласын топан суўынан,
Нуўдың кемесине минғенде барды.

Демек, булардың барлығы «Хисасс—ул—Эмбия» шығармасы халық аўыз еки әдебиятына араласқан, оның ертек, аңыз жанрларының кеңейиўине мәлим дәрежеде үлес қосқан ҳәм өзи де усы жанрдан нәр алған есте-ликлердиң бири екенин көрсетеди. Аўыз еки халық дөретпелериниң тарийхын жаратыўда буған дыққат аўдарыўымыз керек және пайдаланыўымыз тийис. Усы дәўирлердиң тағы бир естелиги «Муҳаббат наме» болып есапланады. Булда Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының орталық естелиги екени мәлим. Бул шығармада орталық әдебий тил шағатай тилинде жазылған. Шығарма Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да жазба ҳәм аўыз еки әдебиятының тарийхынан белгили орын алады. Әдебиятымыздың, әсиресе, аўыз еки халық дөретпелериниң дереклери жөнинде үлкен әҳмийетке ийе.

«Оғуз наме» ҳәм« «Муҳаббат наме» шығармаларының түрки тиллес халықлардың әдебияты тарийхында орнын белгилеп, көрнекли илимпаз А. М. Щербак: булардың алдыңғысы IX әсирге, уйғыр дәўирине, екиншиси XIII әсирге, араб, монгол бийлеген ўақытқа жатады. Бирақ, екеўиниң тили, әдебиятлық тийкары бир. Екеўи бир әдебий дәстүрдиң еки дәўирин сыпатлайды деген-ди айтады.[1] Демек, усы дәўирдеги әдебият нусқаларымыз араб ҳәрипинде жазылып, оған араб тилиниң бир қатары ықпалы сиңседе, өзиниң дәстүрлик жолын сақлағанын, қәдимги әдебияттың жалғасы болып даўам еткенин билдиреди. Бул жағдай аўыз-еки халық дөретпелериниң мысалында оғада айқын көринеди.

«Муҳаббат наме:—халық аўыз еки әдебиятында ышқы, сүйиншилик, муҳаббат ҳаққында сулыў лирикалық халық қосықлары менен соңғы дәўирлерде дөреген лиро—эпикалық дәстанлардың сағаларының ҳәм дереклери-

[1] А. М. Щербак.—«Оғуз наме». «Муҳаббат наме», М. 1959 г. стр. 5.

ниң бири болып та көзге түседи. «Муҳаббат наме» ден бир қатар үзинди келтирейик:

«...Жаҳанда сен кебин жанан йоқ, ай жан,
Сенің дартынға ҳеш дарман йоқ, ай жан...
Пети ықлым ичинде жан йоқ, ай жан,

Сенингдег бир тақы султан йоқ, ай жан.
Сени жанымдын артуқрақ севемен,
Бул сөзде ҳақ бинур, йалған йоқ, ай жан.
Сенің ышқында сайрайур Хорезми,
Анындег бүлбулы бустан йоқ, ай жан...'.

Усы газел қатарларын ҳәзирги қарақалпақ тилине аўдармасақта жақсы түсиникли екени мәлим. Әжинияз, Бердақ ҳәм басқада көп шайырлар өзлериниң көп қосықларын усы тилде жазған.

Жоқарыда келтирилген «Муҳаббат наме» ден үзиндиге ҳәм оның басқа қатарларына сәйкес, мазмунлас келетуғын қарақалпақ халық қосықларынан көп мысалдар келтириўге болады. Пикиримиздиң дәлили ушын ядымызда бар тек бир мысалды келтирейик:

Яр жамалы бизди беҳуш етип тур,
Ярды көрип дәрман қалмай кетип тур,
Көзи көзден, жүзи жүзден өтип тур,
Жанына садақа болайын жанан...

Усындай халық қосықларының бир қатары «Муҳаббат наме» менен тамырлас екени, солай етип, бул дәстанның ышқы муҳаббат ҳаққындағы лирикалық халық қосықларының дереклерин биллиўде материал беретуғынын көремиз.

Соныда көрсетип өтиў керек, тарийхшыларымыз (С. П. Толстов, П. П. Иванов, Т. А. Жданко, М. А. Итина, Е. Е. Неразик, Н. Н. Бактурская, Б. В. Андрианов, С. Камалов, Р. Қосбергенов, ҳәм басқалар) 1220—жыллардан баслап Хорезмди монголлар жаўлап алғаный, кейин арқа Хорезм жерлери, Арал ҳәм Сырдәрья бойлары Алтын Ордаға—Жучи улысына қарағанын, XIV әсирдиң екинши ярымынан баслап Алтын Орда ыдырай баслап, енди Хорезмди 1388-жылы Темир шабады, Хорезмниң орайы—Ургенчти қыйратады, бул ша-

[2] «Ертедеги әдебият нусқалары» Алма—Ата, 1967 жыл. 83—84-бетлер.

быўыл, жаўлап алыў - монголлар шабыўылынан да жаман болғанын көрсетеди. Бул шабыўыл, жаўлап басып алыўшылықларда басқа халықлардай қарақалпақ халқында бүлгиншиликке, аўыр жағдайларға салғаны мәлим. «Арал бойларына жәмленген қарақалпақ урыўлары да монголлар тәрепинен жаўлап алынып, Орта Азия ҳәм Шығыс Европа, соның ишинде рус жерлеринде отырған өзлериниң қаналас туўысқанлары—«Черный клобуклар» («қарақалпақлылар») — менен тәғдирлес болды[1]». Бундай сиясий— экономикалық жағдайлар мәдениятымыздың, әдебиятымыздың кейин қалыўына сөзсиз тәсир еткени анық. Солай болған менен мәденият, әдебият—халқымыздың өзи көрген қыйыншылықлардай аўыр ҳәм қыйыншылық көрип, бойын тиклей береди, халыққа рухый азық болып хызмет етеди.

Тарийхшыларымыз қарақалпақ халқының шығысы, тийкарғы пайда болыў дереклерине де нәзер аўдарып, оның ең әййемги сағалары бизиң әсиримизге шекемги VII II—әсирлердеги Сақ—Массагат, бизиң әсиримизден бурынғы IV—II—әсирлерде Жаңадәрья бойларында жасаған апасиақ ҳәм бизиң жыл санаўымыздан бурынғы V—VIII—әсирлердеги Арал бойларындағы гунно—түрк урыўларынан келип шыққанын көрсетеди.[1] Демек биз ҳәзирги отырған жеримизге бир жақтан көшип келген қонақ емес, түпкиликли халықпыз. Қарақалпақ халқы Орта Азия ҳәм Қазақстанның халықларындай ҳәзирги жыл санаўымыздың,—бизиң әсиримиздиң XIV—XV әсирлеринде ноғай ханлығының қоластында болған. Қарақалпақ халқының түпки шығыс дереклерин изертлеўшилер фольклорлық материалларға әсиресе қарақалпақ аўыз еки әдебиятындағы қарақалпақ урыўларының келип шығыўы жөниндеги аңыз-әпсанелер менен қосық, уранлардың тарийхый дереклерге сәйкес келиўине нәзер аўдарады. Демек, халқымыздың аўыз еки дәретпелериниң қарақалпақ халқының өмири, тарийхы, турмысы, басып өткен өткеллери менен байланыслы екенин сеземіз.

Қарақалпақ халқының XIV—XV әсирдеги әдебияты-

[1] Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1964 г. стр. 123.

[1] Очерки Истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1964 г. стр. 128.

ның тарийхы — ноғай ханлығы қол астында жасаған дәўири менен байланыслы. Сөз етип атырған дәўирлер, соның ишинде ноғайлы дәўири ҳаққында Н. Дәўқараев, И. Сағитов, Қ. Айымбетов ҳәм Қ. Мақсетовлар өзлериниң изертлеў жумысларында бир қатар пикирлер билдирген менен усы күнге шекем ашық қалынып, әдебиятымыздың ҳеш тараўында айырым изертлеў жумысы апарылмағаны мәлим. Бизиң ислеп отырғанымыз бул жөнинде биринши адым болады.

Туўысқан қазақ халқының әдебиятшылары бул дәўирдиң әдебий жағдайын төмендегише характеристикалайды: «XIII әсирдиң дәслепки шерегинде Орта Азия менен Қазақстан жери монғол басқыншыларының қолында қалды да, түркий тиллериндеги әдебият орталығы Алтын Ордаға аўысады. Солай етип, XIV әсирден баслап сол мәҳәл әдебият тарийхында жаңа дәўир—бир жағынан, Алтын Орда Египет (Мысыр), екинши жағынан, Алтын Орда—Хорезм дәўири—туўады. Бул дәўирдеги естеликлердиң көпшилиги аралас тилде дөреп, аралас тилде раўажланады. Бирақ, соның бәринде де қыпшақ тилиниң тәсири байқалады.[1]». Биз бул пикирлерге қосыламыз. Буның көп мысалларын жоқарыда көрсеттик.

Ноғайлы дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳаққында сөз болғанда ең дәслеп бизиң көз алдымызда Соппаслы Сыпыра жыраў ҳәм Асан қайғы турады. Соппаслы Сыпыра жыраўдың аты менен байланыслы қосықлы Сыпыра жыраўдың, аңыз-әпсиналар қарақалпақ халқында әдеттолғаўлар, аңыз-әпсимелер

болыў менен бирге, халық аўызеки әдебиятының үлкен тулғасы деп есаплаймыз. Халық дөретпелериниң үлкен тулғасы екенин оның «жыраў» деген атының өзи де көрсетип тур. Соның менен бирге, ол қарақалпақ халқының аўызеки әдебиятының раўажланыўына, оның мол ғәзийне иретинде әўладтан әўладқа берилип, сақланып қалыўына да үлкен үлес қосқан.

Асан қайғы ҳаққындағы қарақалпақ халқында көп әңгиме-аңызлар, Асан қайғы айтты деген терме-толғаўлар, төртлик қосықлар бар. Булардың бир қатарынан мысаллар келтирейик: Асан қайғы Жәнибек ханға мынадай бир төртлик қосық пенен саўал қойған:

«Қыйлы-қыйлы заман болар,
Қарағай басын шортан шалар,
Қуладин қус лашынды алар,
Соны ханым билермисең.[1]

Буның үстине, қазақ әдебият тарийхында жәрияланып жүрген:

«Қуйрығы жоқ, жалы жоқ,
Қулан қәйтип күн көрер,
Аяғы жоқ, қолы жоқ,
Жылан қәйтип күн көрер...[2]

—деген қатарлар қарақалпақ аўылларының барлық жерлеринде айтылады, десек те болады. Бул қатарлар бизиң фольклорлық экспедиция материалларында қайта-қайта жазылған.

Әдебиятшы К. Мәмбетов «Және де әдебиятымыздың төркини ҳаққында» деген «Әмиўдәрья» журналының 1972-жылы 9-санында шыққан мақаласында Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтының студентлери тәрепинен экспедиция ўағында жазып алынған. Соппаслы Сыпыра жыраў менен Асан қайғының бурын белгисиз бир қатар қосықларын жариялаған.[3]

Булардан басқа 1971-жылы илимий фольклорлық экспедиция ўағында Кегейли районының Қуйбышев

[1] Автордың дала дәптеринен, 1960-жыл, Садық Еримбетовтан жазып алынған, Төрткүл районы, Дмитрев атындағы колхоз.
[2] Ертедеги әдебият нусқалары Алма—Ата—1967-жыл, 105-бет.
[3] Қ. Мәмбетов. «Әмиўдәрья» журналы, 1972-жыл, № 9, 120-126-бетлер.

атындағы совхоздың Киров бөлиминде турыўшы пенсионер Турдымәмбет Арзымбетов, Дәўлетияр Жүгинисов Асан қайғы жөнинде қызық аңызлар айтып берип, қарақалпақ тарийхы ҳаққында шежиреде Асан қайғы жөнинде айырым бөлим барын, оны өзлери оқып көргенин, Асан қайғының әўладының кейини Шымбай районының мәнжиўли аўылындағы Айымбет ийшанға келип таялатуғынын айтып берди. Бул айтылған шежире еле қолымызға түскен жоқ. Бирақ, бул билдириўлерден келип шығатуғын жуўмақ, қарақалпақ халқында Асан қайғы ҳаққында естеликлер, әңгиме-аңызлар еле усы күнге шекем изи үзилмей күшли даўам етип, ол халықтың турмысына сиңисип кеткенин аңлатады. Соның ушын биз Асан қайғыны әдебиятымыздың сол дәўирдеги үлкен ўәкиллериниң бири деп есаплаймыз ҳәм оның халық аўызеки әдебиятына айналып кеткен дөретпелерин және ол ҳаққындағы аңыз-әңгимелерди қарақалпақ халқының аўызеки халық дөретпелериниң тарийхынан белгили орын алыўы тийис деп ойлаймыз.

Соны да айтып өтиўимиз керек, қазақ әдебиятшылары Соппаслы Сыпыра жыраў менен Асан қайғыны қазақ әдебиятының ўәкили деп әдебият тарийхына киргизип жүр. Биз буны надурыс деп ойлаймыз. Өйткени, ҳәзирги қазақ халқын қурайтуғын көп қәўим ҳәм урыўлар сол дәўирде Ноғай ханлығында болғаны мәлим. Оның үстине, қазақлар халық иретинде XV—XVI әсирлерде қәлиплескен тарийхтан мәлим. Бул ўақлары мәдений, әдебий байлықты бирге жасаў үзилип қалған жоқ еди. Сонлықтан биз Соппаслы Сыпыра жыраў ҳәм Асан қайғыны қазақ пенен қарақалпақ халқының орталық әдебий естелиги деп алыўымыз керек. Орталық белгили дөретпелерди тең пайдаланыў менен қатар, ҳәр халықта бар өзгешеликлерди, айырмалықларды аша биліўимиз тийис.

Биз жоқарыда XI—XV әсирлердиң мәдений, әдебий естеликлерин сөз еттик. Бирақ, барлық естелик, әдебий мийрасларды ала бермедик. Тек ең керекли, ири, атлап өтиўге болмайтуғын естеликлер ҳаққында бир қатар пикир жүргиздик ҳәм биз буларға дәўирлердиң әдебий характеристикасы менен көбирек фольклорлық көз-қарастан жантастық. Жүргизилген пикирлер фольклордың майда жанрлары ҳаққында болды. Бул дәўирлерде Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларында, соның ишинде

қарақалпақ халқында да халық аўызеки әдебиятының ири, эпикалық жанрлары да пайда болғаны мәлим.

Көрнекли көп совет илимпазлары түркий тиллес халықлардың әдеўирinde ҳәр қыйлы версияларда тарал-ған—«Алпамыс» («Алпамыш, «Алып-Манаш», «Алпамша», «Алпамыш Барсынхылуў») дәстанының әйемги дөреў дәўири VI—VIII әсирлерге, ал қәлиплесиў дәўири XII—XV әсирлер деп ҳәм «Қоблан», «Ерзийўар», «Мәспатша», «Құрбанбек» дәстанларын ноғайлы дәўирине жатқарып жүр. Мысалы: А. К. Боровков «... Алпамыш ҳаққындағы дәстанның, әлбетте, оның «Қыпшақ—түрк» редакциясының «Дешти—Қыпшақ» жерлеринде пайда болыў ҳәм таралыўларын XII—XIV әсирлер деўге болады. Өзиниң характери бойынша терең халықлық Алпамыш ҳаққындағы қаҳарманлық дәстан Орта Азия халықларының ең жақсы поэтикалық халық аўызеки дөретпелериниң үлгилерине жатады»[1]—дейди.

В. М. Жирмунский дәстанның әйемги негизи—алтай халықларының «Алып-Манаш» (VI—VIII—әсирлер) дәстаны менен ушласады, кейин Қыпшақ версиясы XI—XIII әсирлерде Қазақстан, башқурт жерлеринде пайда болған ҳәм таралған[2]—дегенди көрсетеди. Ал, Н. С. Смирнова «Алпамыс»—әйемги заманда дөреген дәстан»[3]—дейди. Булардан басқа Х. Зарипов, М. Габдуллин ҳәм басқалар усы пикирлерди бир қатар кеңейтип, өз көз-қараслары менен толықтырады. Биз бул пикирлерге алдағы ўақта тағы кең тоқтаймыз ҳәм ҳәр бир дәстан ҳаққында таллаў жүргиземиз.

Булардың барлығынан Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да ири, эпикалық халық аўыз еки дөретпелериниң тийкары әйемги VI—VIII әсирлерден басланса да, қәлиплесиўи XII—XV әсирлерге ҳәм оннан кейинги дәўирлерге жататуғыны аңланады. Солай етип, XII әсирлерден баслап Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да аўызеки

[1] А. К. Боровков. «Героическая поэма об Алпамыша», 1956 жылы Ташкентте болған «Алпамыш» дәстаны бойынша регионаллық кеңесте исленген доклад. 7-бет.
[2] В. М. Жирмунский. «Героическая поэма об «Алпамыша», 1956-жылы Ташкентте болған «Алпамыш» дәстаны бойынша регионаллық кеңесте исленген доклад. 16-бет.
[3] Бул да сонда, 37-бет.

ҳалық дөретпелериниң жоқарғы басқышқа—эпикалық қаҳарманлық, лиро-эпикалық дәстанлар дөретиў басқышына көтерилгенин көремиз. Әлбетте, бул жағдай қәўим-урыўлардың халық болып қәлиплесе баслаўы ҳәм қәлиплесиўи, сиясий-экономикалық, халықлардың рухый талапларына байланыслы да екени мәлим.

Биз XI—XV әсирлердеги қарақалпақ аўызеки халық дөретпелериниң тарийхын жаратыўда жоқарыдағы көрсетилген әдебият естеликлерин ҳәм басқа да қосымша дереклерди пайдаланамыз. Түркий тиллес халықлардың әдебий естеликлерин өзимизде бар дөретпелер менен салыстырып көремиз. Соның менен бирге, усы аталған дәўирлердиң халық аўызеки әдебиятының тарийхын еки бөлимнен ибарат етип дүзиўди мақул көремиз. Биринши бөлимде фольклордың майда жанрлары (қосықлары, соның ишинде салт-әдет қосықлары да, нақыл-мақаллар, жумбақ, жаңылтпаш, ертек, аңыз ҳәм басқалар, екинши бөлим—ири, эпикалық дәстанлар, усындай етип үлкен еки бөлим болады.

Мине, кириспеде қысқаша айтажақ пикирлеримиз ҳәм XI—XV әсирлердеги баслы сиясий-экономикалық жағдайлар менен дәўирдиң әдебий характеристикасы усылардан ибарат.

АФОРИЗМ

«Афоризм (грек сөзи) аяқланған пикирди қысқа, өткир түрде бериў деген мәнини аңлатады. Афоризм—өз алдына жанр болып ушырасады...[1]. Буннан басқа да, афоризм сөзине берилген төмендеги түсиник бар: «Афоризм—қандай да болса жәмленген ой-пикирди беретуғын терең мәнили тужырымлы сөз, афоризм ушын берилежақ ой-пикирдиң дәл аяқланған, формасының ысылған болыўы шәрт...[2]. Афоризм—адамзат тарийхының оғада алыс, әйемги дәўирлеринде пайда болған. Мысалы, бизиң әсиримизден үш мың жыл бурын әйемги Мысырда «ҳәмме истиң қыйыны—ақыллы сөз[3]»

[1] Краткая литературная энциклопедия», М. 1962, стр. 366.
[2] Словарь иностранных слов, М. 1954, стр. 87.
[3] Поэзия и проза древнего Востока, М. 1963, стр. 25.

деген ҳәм басқа да афоризмлердиң келип шыққаны мәлим. Көрнекли илимпаз И. Брагинский «муҳаббат болмаған жерде минез-қулық жетиспейди[1]» деген афоризмниң Согдий тилинде бизиң заманымызға жетип келгенин жазады. Әййемги грек әдебиятында, Геродоттан баслап «қулақ пенен еситкенге қарағанда көз бенен көрген шынлыққа жатады[2]» деген афоризм болған. Бизде «еситкен өтирик, көрген шын»,—дейди. XI—XV әсирлерде рус халқында «Сказано—серебро, не сказано—золото»[3]—деген афоризмниң барлығы айтылады. Булардан басқа да мысалларды келтириў мүмкин. Бирақ, усы мысаллардың өзи де афоризмниң әййемги заманларда пайда болғанын, түсиниўге, исениўге дәлил болар деп ойлаймыз.

Барлық халықларда болғанындай ақ, әййемги түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқында да афоризмлер болған. Ол әййемги естеликлерде из қалдырған. Буның мысалын Орхон—Енисей жазыўларынан, Махмуд Қашқарийдиң «Девону Луғатит түрк» мийнети менен Юсуф Хас Ҳәжибтиң «Кутадғу билик» дәстанынан көриўге болады. Соның менен бирге, биз сөз етип отырған дәўирлерге сәйкес келетуғын халқымыздың өлмес әдебий ғәзийнеси «Алпамыс», «Қоблан» ҳәм басқа да дәстанларда афоризмлердиң көплеп болыўлары да тосаттан емес. Дәстанларға енгизилген афоризмлер тек соңғы жыраўлардың үлеси емес, олар мүмкин өз заманына, талантына қарай бир қатар сөзлер, әдебияттағы афоризмлердиң сайландыларынан азлап алып қосыўы нызамлы жағдай, бирақ, тийкарынан дәстандағы афоризмлер әййемнен қәлиплесип, ысылып, әўладтан әўладқа терилип өткерилип, орынлы орнына ядтан шықпастай етип қойылғаны сезиледи. Усы айтылғанлар ҳәм келтирилген мысаллардың барлығы—түркий тиллес халықлардың аўызеки көркем дөретпелеринде, соның ишинде қарақалпақ халқының да фольклорында афоризмлер әййемги дәўирлерден қәлиплескен жанрдың бири екенин көрсетеди.

Бирақ, соны да көрсетип өтиў керек, бизде афоризм-

[1] Бул да сонда, 502-бет.
[2] История жанров в русской литературе X—XVII вв. Л. 1972, стр. 31.
[3] Бул да сонда, 33-бет.

лер кем жыйналып, кем системаластырылған. Бундай жағдай—афоризмди дөретиўшилердиң айыбы емес, сиясий-экономикалық ҳәм басқа да түрли себеплерден келип шыққан болыўы керек. Бизде бийлер, шешенлер, алымлар айтты деген ҳикметли, тужырымлы терең мәнили сөзлер көп. Олар уйқасықлы ҳәм уйқасықсыз да болып келеди. Афоризм деген атама соңғы ўақта қолланылып жүр. Бурын, әййемги ҳәм Орта әсирлерде бул тәриздеги сөзлер «бийлер», «шешенлер» айтқан сөз, яки «ҳикметли» сөзлер деп те жүргизилиўи итимал.

Бизде афоризмлердиң көпшилиги нақыл-мақалларға айналып кеткени де сезиледи. Соған қарамастан бир қатар афоризмлер сол турысында сақланып қалғаны да бар. Бир қатар орыларда афоризм менен нақылмақалды ажыратыўда қыйын болып қалады. Соның ушын биз жоқарыда бул атаманың түсинигин бердик ҳәм енди афоризмлерди көрсетип, олар ҳаққында пикир жүргизгимиз келеди.

Атақлы илимпаз ҳәм шайыр бабамыз Әбу Райхан Беруний өзиниң илимий мийнетлеринде көркем әдебиятты көп пайдаланыў менен бирге, өзи де әдебият саласында әдеўир дөретпелер қалдырған. Берунийдиң бир қатар афоризмлери бизиң заманымызға шекем келип жеткен. Берунийдиң афоризмлерин ҳәм қосықларын жыйнап, системаластырып өз алдына китап етип шығарыўшы филология илимлериниң кандидаты А. Ирисов усылардан бир қатарын газета-журнал бетлеринде жәриялады. Усы афоризмлерден бир қатар мысал келтирейик: «Жетик ҳәм уллы кисилерге жеңиллик жараспайды»; «Адамлар үйренген, әдетленген ҳәм көпшиликке мақул болған нәрсеге қарсылық көрсетпе»; «Кисидеги жақсы минез-қулық—ондағы жақсылықтың нышаны»; «Жақсы киси де мал-дүнья болмаўы ар саналмайды, бирақ, онда жақсылыққа умтылыў тамам болса —бул уят саналады»; «Ертелеп шайын ишип, кешқурын тағы аўқатын жеп жүргенди батыр—мәрт дей алмаймыз. Батыр—мәрт сондай адам болады, азанлы—кеш душпанға зыян, досқа пайда келтириўи керек»[1] Әбу Райхан Берунийден булардан басқа да афоризмлерди көплеп келтириў мүмкин. Тек Беруний емес, биз сөз етип отырған дәўирлерде жасаған Юсуф Хас Ҳәжиб,

[1] «Ленин ушқыны» газетасы, 1973-жыл, 17-апрель, № 31.

Әлийшер Наўайы ҳәм тағы басқа шайыр, алымлардың шығармаларында да афоризмлер көп екени мәлим. Тағы бир-еки мысал келтирейик: «Юсуф Хас Ҳажиб өзиниң «Кутадғу билик» дәстанында:

«...Көзи тоқ аш болса ас ишсе тояды,
Көзи аш-ашлығын тек өлгенде қояды...[2]—дейди.

Әлийшер Наўайыдан еки мысал келтирейик:

«Өмирди зая етпе, мийнет қыл,
Мийнетти бахыттың гилти бил...
Адамды адам деп есаплап сонда,—
Халық ғамы болса мудам ойында»...[1].

Бизиң мақсетимиз авторы бар афоризмлерди келтирип, соларды таллаў емес. Биз бул мысаллар менен биринширен, афоризмлердиң дәслеп авторлары болғаный, кейин ала көпшилик халыққа сиңисип, бирқатар қайта исленип, коллективлик дөретпеге, халық аўызеки дөретпелерине айналғанын аңлатпақшы болсақ, екиншиден, жоқарыда көрсеткенимиздей афоризмлер уйқаслы ҳәм уйқасықсыз да келе беретуғынына дәлил болар дедик.

Урыўлық—қәўимлик, феодаллық дәўирде көп афоризмлер өз дәўириниң, үстем класс мәплериниң идеясын бериў ҳәм соларды беккемлеў ушын шығарылып жүргизилгени, халықты сол рухта тәрбиялаўға умтылғаны мәлим. Соның менен бирге, бийлер, шешенлер, алдыңғы қатар адамлар ҳәм халықтың өзи тәрепинен афоризмлер әдалатлық, адамгершилик, көпшилик халықтың мәни де бериледи. Көпшилик халық бийлерди, шешенлерди әдалатлы, ақыллы адамлар деп түсинген. Солай етип, сөз етип отырған дәўирлердеги афоризмлерде қарама-қарсы еки класстың мәплери менен идеологиясы көринеди. Мийнеткеш халық өз мәпин, идеясын беретуғын афоризмлерди көбирек сақлап, оларды әўладтан әўладқа жеткерип отырған. Деген менен үстем класс идеясын беретуғын—патша, хан, байларды мақтап, оларды көкке көтеретуғын, ислам динини

[1] «Кутадғу билик», Ташкент, 1971-жыл, 338-бет.
[2] М. М. Маллаев. «Өзбек әдебияты тарийхы». Ташкент, 1965-жыл, 424—480-бетлер.

идеясын халыққа сиңистириўди нәзерде тутқан әдеўир дәрежедеги афоризмлер де сақланып қалған. Бул да тәбийий жағдай ҳәм жәмийетлик раўажланыўдағы, адамзаттың ой-өрисиндеги нызамлылықтың бир көриниси болып табылады. Сол дәўирдеги үстем класс идеясын беретуғын афоризмлерден мысал келтирейик:

«Хан— халықтың атасы» деген афоризм бар. Бунда мәни толық берилип, қандай идеяны нәзерлегени тужырымлы айтылған. Ал «Алпамыс» дәстанында Байсары бай тилинен Тайшаханға айтылған:

«..Ел үстине ел келсе,
Бул да елдиң дәўлети,
Хан үстине хан келсе,
Бул да ханның мийнети,
Жетим менен жесир де,
Ғәрип пенен қәсер де,
Ақсақ, майып, соқыр да,
Бәри ханның перзенти...[1]

— деген афоризм бар. Бул жоқарыда хан ҳаққындағы айтылған афоризмди конкретлестиреди ҳәм тастыйықлайды. Усы афоризмлерде ханның әдалатсыз, тек үстем класс топарының ғамхоршысы, мийнет адамларына зулым екенин бүркеп, оны халықтың ғамхоршысы етип көрсетиў, сол идеяда, халықты ханға берилиў, сыйлаў рухында тәрбиялаў бар екени көринип тур. Бирақ, ханның әдил болмағанын, халықтың ғамхоршысы емес, жәллаты, шексиз езиўшиси болғанын халық турмыстан көрген. Соның ушын халық «хан көп болса—жаў көп болады» афоризмин шығарып, ханлардың көбейиўи—халыққа мүшкиллик артады деп түсинген. Тағы бир мысал келтирейик: «Ҳәмирсиз тикен кирмейди, әжелсиз адам өлмейди[2]—деген афоризм бар. Бунда да мазмуны, идея қысқа, тужырымлы етип берилген. Барлық нәрсе қудайдың ҳәмири менен болады деп, динди пропагандалаў нәзерде тутылған. Бундай мысалларды тағы да келтириў мүмкин. Бирақ, бундайлар афоризм жанрының тийкарын қурамайды, афоризм жанрының тийкарын көпшилик халықтың мақсет-муратларын, мәпин, идеясын бере билетуғын афоризмлер қурайды.

[1] «Алпамыс» дәстаны, Нөкис, 1960-жыл, 30-бет.
[2] «Қоблан», дәстаны, Нөкис, 1959-жыл, 128-бет.

Халық дөретпелери болған афоризмлер бабамыз Беруний афоризмлериндей ең дәслеп адам, адамның уллы қәсийетлери, адамды адам ушын хызмет етиўге бағышланған. Олар адамды арлақлайды, халықты жақсы минез-қулықта тәрбиялаўға қаратылған. Мысалы:

«...Жақсы адам белгиси,
Әстелик пенен сөйлейди,
Кишиликти ойлайды,
Жаман адам белгиси,
Уллы сөзди сөйлейди,
Тәкаббырлық әйлейди...[1],

«Жақсыдан шарапат, жаманнан кәсапат», «Жақсыны жети жерге сатқанда да саўалы болмайды[2]» – деген афоризмлер бар. Бунда жақсы адамның сабырлы, кишипейил болыўы, адамға пайдасы тийиўи, жаман адамның тек өзине емес, жаманлығы менен басқаларға да зыяны тийетуғыны тужырымлы, дәл айтылған. Беруний батыр адам, өз үйинен кирип—шығып жүре бермей, халыққа пайдасы тийиўи керек деп көрсетсе, халық афоризмлеринде бул идея «Бай болсаң халыққа пайдаң тийсин, батыр болсаң душпанға найзаң тийсин» деп, оған миннет артса, орны келгенде батырды көтермелеп, «батырлар айтпас, айтқанынан қайтпас...[3], адам екенин тәриплейди. Ал, Соппаслы Сыпыра жыраў батырдың туўылыўы елдиң ырысы екенин түсиндиреди ҳәм «..Елдиң нурлы болғаны, батырының туўғаны...[4]» деп, қысқа, терең мәнили етип береди. Бул афоризмлерде өз дәўиринің үлкен проблемасы, соны сәўлелендириўде бар. Ол дәўирлерде елди сыртқы душпаннан қорғаў, тыныш, парахат сақлаў—елдиң батырларына байланыслы болған. Сол ушын ҳақыйқат батырдың пайда болыўы, туўылыўы—сол елдиң бахты екени сөзсиз.

Адам ҳаққында халықтың ойлары, моральлик режелери афоризмниң толғаў—терме түри менен де берилген. Буны туўысқан қазақ халқында «Шешендик толғаў

[1] «Қобланд», дәстаны, 1959-жыл, Нөкис. 118-бет.
[2] Бул да сонда, 107-бет.
[3] «Алпамыс», дәстаны, 1960-жыл, Нөкис, 72-бет.
[4] Соппаслы Сыпыра жыраў. Қ. Мақсетов жыйнаған, «Әмиўдәрья», журналы, 1971-жыл, № 9, 116-бет.

сөздер[1]» деп атаған. Бул толғаўлардың бир қатар сөзлери бизде бар нусқа менен дәлме-дәл келеди. Түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ ҳәм қазақ халқында мәдений, әдебий естеликлердиң орталық болыўының себеплерин жумысымыздың дәслепки жақларында айтқанымыз ушын бул жерде оны тәкирарлаўдың ҳәжети болмас деймиз. Бундай жағдай афоризмниң толғаў-терме түринде де берилгенин тастыйықлайды. Мысалы, «Соппаслы Сыпыра жыраў[2]» айтты деген толғаў—афоризмнен бир үзинди келтирейик:

«Бир дегенде не жаман,
Билимсиз өскен ул жаман,
Екиленши не жаман,
Елеўсиз өскен қыз жаман,
Үш дегенде не жаман,
Үшкүлсиз пишкен тон жаман.
Төре дегенде не жаман,
Төрелесип барғанда,
Төресин бузған бий жаман.
Бес дегенде не жаман,
Белес, белес таўларда,
Бал майрылса — сол жаман,
Атлан-атлан дегенде,
Атланарға аты жоқ,
Үстине кийер заты жоқ.
Өз теңиниң ишинде,
Пияда қалған сол жаман,
Жетиленши не жаман,
Жаңа жеттим дегенде,
Жеткиншектен айрылып,
Жез қанаттан қайрылып,
Жер таянған—сол жаман.
Сегизиншн не жаман,
Сергизданлық—сол жаман.
Тоғызыншы не жаман,
Толып тасып төгилип,
Шайпатылсан — сол жаман,
Он дегенде не жаман,
Өтирик айтып бәрҳама,
Шерменде болған—сол жаман...[3].

Бул үзинди әдеўир дәрежеде узақ болып, көринсе де афоризмлердиң қысқа болыў шәртин бузбайды, өйт-

[1] Шешендик сөздер. Алматы, 1967 жыл, 65—88-бет.
[2] Қ. Мәмбетов. «Және де әдебиятымыздың төркини ҳақында», «Әмиўдәрья» журналы, 1972-жыл, № 2, 122-бет.
[3] Қарақалпақ фольклоры. (4-том, қолжазба). Т. Нийетуллаев жыйнаған, 332—333-бетлер.

кени, он саўалға он жуўап оғада терең мәнили, қысқа, тужырымлы етип берилген. Екиншиден, Соппаслы Сыпыра жыраў айтты деген халық арасына сиңисии, халық дөретпеси болып, бир қанша вариантларға ийе болып кеткен. Үшиншиден, бул афоризмлерде халықтың тең болыўы, әдалатлық, толысы шайпалып төгилмеў, ул-қызының жақсы болыў әрманлары ҳәм адамға жаманлықтың жолықпаўы, әсиресе, өтирик сөйлемеў идеялары айтылған. Усы рухта халықты тәрбиялаў нәзерде тутылған.

Халық афоризмлеринде гейпара адамлардағы ең жаман минез-қулықтың бири—өтирик сөйлеў, адамды алдаў деп келтиреди. Халықты, адамларды шынлыққа шақырады. Жийренше шешен айтты деген афоризмлердиң биринде: «Көз бенен көрген шын, қулақ пенен еситкен өтирик» ҳәм «достыңа өтирик айтсаң исенимиң кетеди»[1] — дейди. Адамлар арасындағы ҳақыйқатлық, шынлық — адамгершиликтиң үлкен қәсийетлериниң бири. Афоризмлер усыны нәзерде тутады.

Афоризмлердеги үлкен теманың, шын мәнисиндеги халықлық идеяның бири — «ел намысы — ер намысы», патриотизм, елди сүйиўшилик темасы, идеясы болып табылады. Асан қайғы толғаўларындағы үлкен философиялық афоризмлер де усыны көрсетеди. Ол:

«Әдил болса елиң бар,
Елиң болса жериң бар,
Ел бар жерде үйиң бар,
Ел бар жерде күйиң бар,
Салтың болса халқың бар,
Халқың болса — данқың бар...[2]».

Усы алты қатарда көп терең мәнили идеялар берилген. Бунда елди сүйиў ҳәм қәдирлей билиў, тутас ел болсаң, өзиңе тән ат-атағың болып, басқа жерлерге исиң де, өзиң де белгили болатуғының, халықлық өзгешелигиң болса, халықлығыңды дурыс тута билсең, данқың жайылатуғыны ҳәм тағы басқалар айтылған.

Үлкен идеяның бири — афоризмлерде көпшилик халықты ардақлаў, көпшиликтиң күшине исениў ҳәм оған бас ийиў көринислери оғада көп ушырасады. Мысалы: «Көп қорқытады, терең батырады...[1]». «Көпти жаманлаған — көмиўсиз қалар» деген ҳәм тағы басқа афоризмлер жоқарыдағы пикирдиң дәлили бола алады.

Халықтың аўызбиршилик мақсетке, елдиң ғамы ушын жәмлениў идеялары «Алпамыс», «Қоблан» дәстанларында ҳәм халық афоризмлеринде күшли берилген. Мысалы:

«Атасы алтаў туўғанның,
Аты жолда қалар ма?
Төрттиң аўзы бир болса,
Төрени қолдан берерме...[2]».

Булардан басқа нақылға айналып кеткен «Төрт аўыз түўел болса төбедегини түсиреди, алты аўыз ала болса — аўызындағысын алдырады» деген данышпанлық сөз бар. Булардың барлығы халық турмысынан, адамзат раўажланыў тәжирийбесинен келип шыққаны, халық сол турмыс тәжирийбесинен философиялық ой түйининн жасағаны анық. Халықтың ғамы, елдиң бирлиги ушын халқымыздың дана адамлары хан алдында дурыс сөзди айтыўдан қайтпаған. Буның мысалын Соппаслы Сыпыра жыраўдың Тоқтамысханға қаратып, оның ҳәмелдарлары менен төрелериниң елди бүлдиргенин, елдиң аўызбиршилигин қашырыўға себепши болғанын әшкаралап, «Жан алсаң да қолыңнан жан бемеклик келмейди...[3]»—дегенинен көриўге болады. Бул терең ҳақыйқатлық, ханлардың қолынан зулымлық етип адамның жанын алып, оны жоқ етиў келсе де, адамға жан бериў келмегени анық.

Асан қайғының Жәнибек ханға айтқан толғаўларындағы афоризмлерде халықтың бирлиги ханнан, зулымлықтан өш, кек алыў күшине айналатуғыны көрсетилип:

«...Хан менен байлар қысқанда,
Халық қәйтип күн көрер?
Онда халық түнерер,

---

[1] Қарақалпақ фольклоры, (4-том, қолжазба), жыйнаған Т. Нийетуллаев, 34-бет.
[2] Асан қайғы толғаўлары, жыйнаған, К. Мәмбетов. «Әмиўдәрья», журналы, 1972-жыл, №9, 123-бет.

[1] «Қоблан», дәстаны, Нөкис, 1959-жыл, 132-бет.
[2] Бул да сонда. 139-бет.
[3] Соппаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған Қ. Мақсетов, «Әмиўдәрья», журналы, 1971-жыл, № 9, 121-бет.

Халыққа қысым күш берер,
Халықтың кеги күшке енер...[1]»

— дейди. Жоқарыдағы афоризмлердиң авторлары көрсетилген менен олар ҳәр қыйлы вариантларда халық ишинде айтылып, халық аўызеки дөретпелерине айналып кеткен. Биз бул жерде оларды автор менен көрсетип отырғанымыздың мәниси — афоризмлердиң биз сөз етип отырған дәўирлерде дөрегениң исенимли дәлиллеў ушын ғана көрсетип отырмыз.

Халқымыз жаўгершиликти, феодаллық шабыўылшылықты көп көрген. Соның ушын тийкарғы душпаннан сақланыў, қырағы болыў, душпанның ҳийлесине исенип берилмеў, батырлардың пайдасыз ақ көкирек, анқылдақ бола бермеўи ҳаққында көп афоризмлер дөретken. Усы тәриздеги афоризмлерден де бир қатар мысал келтирейик:

«Жаўға жаныңды берсең де, сырыңды берме», «душпан күлдирип, дос жылатып айтады», «досың мың болса да — аз, душпаның бир болса да — көп...[2]», «батыр анқаў, ер гөдек», «Өзелги душпан ел болмас, етекти кесип жең болмас...[3]». Булардан басқа да мысаллар келтириўге болады. Бирақ, усылардың өзи де дос пенен душпанды айыра билиў ҳаққында дана афоризмлериниң көп екенин көрсетеди.

Афоризмлердиң халықлық идеяны беретуғын көринислериниң бири — езилиўшилик, теңсизлик, жаўлап алыў, адамларды қорлаў ислерине қарсы шығып, бундай ҳәрекетлерди қаралаўда көриниди. Мәселен, «Қобланлан» дәстанында Алшағырхан Қобланның парахат отырған елин жазықсыз шаўып, адамларын бенде етип зорлық пенен алып кетеди ҳәм оларды қорлайды. Қуртқа ханның алдына барып, халық атынан Алшағырға қаратып төмендеги халық афоризмлерин айтады:

«...Бүгин айдың он беси,
Он беси болар қараңғы,
Он беси болар жарық,
Қараңғының басымнан,

[1] Асан қайғы. «Ертедеги әдебият нусқалары, Алматы, 1967-жыл, 105-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, Т. Нийетуллаев жыйнаған, 236—240-бетлер.
[3] «Қоблан» дәстаны. 1959-жыл. Нөкис, 75—103-бетлер.

Кетпесине Алшағыр,
Жетемекен көзиниз?...
Есиктиң алды ақ дәрья,
Түске дейин пал ағар,
Түстен кейин қан ағар,
Мудам палдың ағарына,
Жетемекен көзиниз?...[1]».

Бул толғаў түринде айтылған афоризмлерде сәл узын болыўына қарамастан ҳәр қатарында терең мәни бар. Бунда тек Алшағырханға емес, барлық ханларға, адамды қорлаўшыларға үлкен ескертиў ҳәм теңсизлик адам баласының мәнлайына жазылған нәрсе емес деген халықлық идея берилгени сезиледи.

Бир қатар афоризмлерде дин тәсири болып, оның идеясы берилсе де, әдеўир дәрежедеги афоризмлер халық турмысына сүйенип, динди ҳәм дин ўәкиллериниң жарамас ислерин, минез-қулқын шынлық пенен көрсетеди. Мысалы, «Молланың айтқанын қыл да, қылғанын қылма», «Аңқаў елге ҳарамзада молла», «Өленди жерде өгиз семиреди, өлимли жерде молла семиреди»[2]. Бул афоризмлердиң әййемги ўақытлардан бери айтылып киятырғаны қазақ әдебиятында да көрсетиледи.[3]

Дидактикалық — нәсийҳат тәризиндеги афоризмлер де көп ушырасады. Булар да терең мәнили болып, адам турмысындағы, минез-қулқындағы ҳәр қыйлы жағдайларға бағышланған. Жийренше шешен айтты деген аңыз, афоризм, нақыл-мақаллардың әдеўир бөлеги биз сөз етип отырған дәўирлерде дөрегени мәлим. Бул афоризмлер әсиресе қазақ ҳәм қарақалпақ арасында тең айтылып киятыр. Дидактикалық афоризмлер бойынша усылардан бир қанша мысал келтирейик:

«Өзиң билмес исиңди,
Билгенлерден сорап ал,
Өлип жатсаң наданнан,
Қәбириңди жырақ сал...[4]».

Усыған сәйкес халық афоризмлеринде «билмесең билгениң тилин ал» деп жүритеди. Бундай афоризмлер

[1] «Қоблан», дәстаны, Нөкис, 1959-жыл, 196-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-бет, Қолжазба, Т. Нийетуллаев жыйнаған. 287—288-бетлер.
[3] Шешендик сөздер. Алматы. 1967-жыл. 53-бет.
[4] Жийренше сезлери, «Шешендик сөзлер». Алматы, 1967-жыл. 25-бет.

басқа дереклерде де гезлеседи. «Қоблан» дәстанында «кемликке кемал, менменге заўал» бар деп, адамларды кишипейил болыўға шақырады ҳәм «Сабыр түби сары алтын сарғайған жетер муратқа»[1] — дейди.

Булардан басқа «қайтып кирер есикти қатты жаппа», «тасыма—төгилерсен», «Аўырыўдың алдын ал...[2]» деген ҳәм «биреўдиң есигин қолың менен қақсаң, өз есигиңди биреў аяғы менен тебер...[3]» деп ескертиў билдирген афоризмлер әдеўир дәрежеде бар. Булар адамның жүрегинен терең жай табатуғын, ойландыратуғын, турмыс ҳақыйқатлығынан дәреген ҳәм адамлар арасындағы қарым-қатнаслар өзинен-өзи болмай, оны ҳәр ким пухта жүргизе билсе — жақсы болатуғынын билдириўши афоризмлер болып есапланады.

Жуўмақлап айтқанда, афоризмлердиң халық турмысынан қамтыған темасы кең екени, оның әйемги уақытлардан бери жанр болып қәлиплесип, көп дәўирлер ишинде халыққа руўхый жақтан хызмет етип киятырғаны, жоқарыдағы мысаллардан анық көринеди деп ойлаймыз. Жоқарыда көрсеткенимиздей, афоризмлердиң әдеўир бөлеги нақыл-мақалларға айланып, қосылып кеткени анық. Буны ажыратыў да қыйын. Биз бул жерде афоризмлерди бир қатар айырып талқылағанымызда, биринширден, әдебиятымыздың жанрлық кеңлигине пайдалы болар, екиншиден, турмыста, әдебиятымызда бар жанрды буннан кейин айырым, өз алдына сөз етиўге ҳәм изертлеўге жол ашар деп ойладық.

НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАР

Нақыл-мақаллар бир дәўирде дөремеген. Ол узақ дәўирлердиң жемиси. Адамзат пенен бирге жасап, бирге өмир сүрип киятырған өлмес халық дөретписи. «Нақыл-мақаллар адамзат тарийхының оғада алыс, әйемги дәўирлеринде пайда болған. Барлық фольклористлер дерлик усы пикирди дурыс деп отыр[4]». Буның мысалын басқа дереклерден де келтириўге болады. Мәселен,

---

[1] «Қоблан», дәстаны. Нөкис. 1959-жыл. 21—178-бетлер.
[2] «Алпамыс», дәстаны. Нөкис. 1960-жыл. 28-бет.
[3] Жийренше сөзлери, «Шешендик сөздер», Алматы, 1967-жыл, 22-бет.
[4] Русское народное поэтическое творчество. М. 1971 г. стр. 76.

әйемги Шумер ҳәм Вавилон әдебияты ҳаққында пикир айтыўшы илимпаз В. Афанасьевна «...шама менен биздиң эрамызға шекемги әдебиятта нақыл-мақаллардың жазылып қалғанын көремиз...[1]»—дейди. Бизиң әсиримизден еки-үш мың жыл бурынғы Ҳинд халқының әдебиятында «...ғаррылықтан артық дәрт жоқ...[2]» деген мақал бары мәлим.

Бундай нақыл-мақаллар түркий тиллес халықлардың әйемги естеликлеринде де жийи ушырасады. Мысалы Орхон—Енисей естеликлериндеги нақыл-мақаллар буны тастыйықлайды. Усы естеликлердиң поэзиялық жоқларын жақсы изертлеўшилердиң бири И. В. Стеблева өзиниң «Түрклердиң VI—VIII әсирлердеги поэзиясы» деген мийнетинде «...Жиңишкени — үзиў жеңил, әжизди жеңиў — жеңил» ҳәм «билмегенди тыңлап билип ал», «ишпеге асы, киймеге тоны жоқ, жарлының кеўли қурт күсер[3]» деген нақыл-мақалларды келтиреди. Халқымыздың XI әсирдеги пүткил Орта Азия халықлары менен орталық мәденият естелиги болған Махмуд Қашқарийдиң «Девану луғатит түрк» мийнетинде «еки жүз тоқсан бир нақыл-мақаллар бары[4]» мәлим.

Бизиң сөз етип отырған дәўирлеримиздеги әдебият естеликлериниң бири оғузлардың «Қорқыт ата» атлы қаҳарманлық дәстанында нақыл-мақаллар көп. Мысалы, «Ески пахта бөз болмас, ески душпан дос болмас[5]» — деген нақылды көремиз. Бизде «әзелги душпан ел болмас, етекти кесип жең болмас» — дейди. Рус халқының XIII әсирдеги нақыл-мақалларында «Сперва подумай—потом говори[6]»—делинсе, бизде «ойламай сөйлеген аўырмай өледи» деп айтады.

Булардың барлығы нақыл-мақаллар адамзат тарийхының оғада алыс, әйемги дәўирлеринде пайда болғанын, биз сөз етип отырған XI—XV әсирлерде халық аўыз әдебиятында қәлиплескен жанр екенин көрсетеди.

---

[1] Поэзия и проза древнего востока. М. 1973 г. стр. 120.
[2] Бул да сонда. М. 1973 г. стр. 444.
[3] И. В. Стеблева «Поэзия тюрков» VI—VIII-веков. М. 1965 г. стр. 14—45.
[4] Ертедеги әдебият нусқалары. Алматы. 1967-жыл. 14-бет.
[5] Книга моего деда Коркута. М. Л. 1962 г. стр. 146.
[6] История жанров в русской литературе X—XVII-в. в. Л. 1972 г. стр. 32.

Нақыл-мақалларда адамзат ойы менен тәжирийбесиниң оғада асқан, таўсылмас ғәзийнеси болған даналық маржанлары берилген. Булар қысқа, терең мәнили өткир сөз бенен халықтың тарийхы, жәмийетлик дүзими, турмысы, дүнья таныўына байланыслы болып келеди. XI—XV әсирлерде жәмийеттиң ҳәр қатламы өз мәпи ушын сапалы түрде ис жүргизгени мәлим. Үстем класс топарлары экономикада, сиясатта, идеологияда өз үстемшилиги ушын гүрес алып барғаны, мийнеткеш халық та өз мәпин қорғап, өз идеясын бериўге умтылғаны анық. Усы қарама-қарсылықлар нақыл-мақалларда сөзсиз из қалдырған.

Дин уғымларына сүйене отырып, халықты феодаллық дүзимниң тәртиплерине көндириў ушын үстем класс топарлары көп нақыл-мақаллар ислеп шыққаны, оларды халық көпшилигине сиңистириўде ҳәмме илажларды қолланғаны сезиледи. Бул мақсетте бир қатар шайыр ҳәм жыраўларды пайдаланып, олардың тийкарғы дөретпелери, айтатуғын жырлары халықлық болса да, өз заманының үстем класс идеологиясын азлап қамтыўға мәжбүр еткени көринеди. Мысалы:

«...Бай баласы байға усар,
Байлаўда турған тайға усар,
Бий баласы бийге усар,
Бийик-бийик шыңға усар...[1]».

Бунда «бай—байға, сай—сайға қуяды» дегендей, байдан, байлық, бийден бийлик кетпей, олар әўладтан-әўладқа бара береди, «Қудай усылай жаратқан» деген диний феодаллық идея берилген. Соның менен бирге, бир қатар нақыл-мақалларда үстем класс топарларына қарсы бас көтермеў, пухараның арзы тыңланып, иси питпеседе, олардың ислери бириниши нәўбетте исленииўи керек екенин көрсететуғын нақыл-мақаллар да бар. Мәселен:

«Күшлилер менен урыспа,
Беглерге қарсы тырыспа...[2]».

[1] Соппаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған Қ. Мақсетов, «Әмиўдәрья», журналы 1971-жыл № 9, 121-бет.
[2] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960-ж. 192-бет.

Ханның иси турғанда
Қатынның иси қалады...[1]».

Бир қатар орыларда жарлы адамларды кемситип, «...айт—атлыники, тай—тонлыники..»[2] деген нақылды да көремиз. «Алтының болса — азбайсаң, бақырға қолың созбайсаң[3]» дегендей мақтаншақлық, байлықты мақтап, оған бас ийиў тәризли мақалларды да ушыратыў мүмкин.

Феодаллық дүзим дәўирлеринде ҳаял-қызларды адам есабына алмай, оларды қорлағаны, бундай нәрсени ислам дини жолы менен ақлағаны мәлим. «Қатынның шашы узын, ақылы келте», «Қыз тәңириси мал», «Қатын бийлеген шаңарақ қарақ қалады...[4]» деген ҳәм басқа да усылар сыяқлы нақыл-мақаллар жоқарыдағы идеяны береди. Бундай мысалларды тағы да көплеп келтирсе болады. Булар сол дәўирлер ушын тәбийий нәрсе.

Бирақ, үстем класс топарлары халық көпшилигине бундай идеяларды сиңистириўге қанша урынса да, олар ўақыттың өтиўи менен сырын жоғалта берген, өшпес дегени өшкиш болып, халық мәпине керексиз болғаны ушын көпшилиги қлланыўдан түсип қалған. Халық көпшилигиниң жан азығына керек болған, халықтың руўхый талабына жуўап берерлик нақыл-мақаллар әсирлер бойы сақланып қалған. Халықтың усындай нақыл-мақаллары ҳаққында атақлы совет жазыўшысы, М. Шолохов өзиниң «Халық даналығының ғәзийнеси» деген мақаласында: «Халықтың миллий тарийхына, жәмийетлик дүзимге, турмысқа, дүнья — таныўға жүритken ақыл-ойы халық дөретпелериниң нақыл-мақаллардан басқа ҳеш бир түринде сондай күшли, ҳәр тәреплеме етип жәмлестирилип берилген емес десек болады[5]» — дейди. Халықтың өзи де бундай нақыл-мақалларды күтә жақсы қәдирлеп, көзиниң қарашығындай сақлап

[1] Бул да сонда. 388-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба. Жыйнаған Т. Нийетуллаев, 67-бет.
[3] Бул да сонда. 87-бет.
[4] Шешенлик сөзлер, Алматы, 1967-жыл, 37-бет.
[5] М. Шолохов. «Сокровищица народной мудрости», пословицы русского народа, М. 1957 г. стр. 111.

әўладтан-әўладқа жеткерип отырған. Бул ҳаққында халық дөретпелеринде:

«...Ойланып билип бабалар,
Сөзди дүрге теңгерген,
Ойланып айтқан ҳәр сөзди,
Ойлама кем деп гәўҳардан...[1]»

— деген даналық нақылды айтып қалдырған.

Халықлардың нақыл-мақалларын жыйнаўшы ҳәм системаластырып, оны изертлеўшилердиң барлығы дерлик нақыл-мақалларды темаларға бөлип көрсетеди. Соның ишинде рус халқының нақыл-мақалларын табыслы жыйнап системаластырған В. Даль де усылай ислеген. Биз бул усылды дурыс деп есаплаймыз. Фольклоршы Т. Нийетуллаев ҳәзир қарақалпақ нақыл-мақалларынан көп материаллар жыйнап, оны системаластырған. Бул материаллар «Қарақалпақ фольклоры» атлы көп томлықтың төртинши томын қурайды. Буған көп дәўирлердиң нақыл-мақаллары кирген ҳәм темаға бөлип системаластырған. Биз усылардан XI—XV әсирлерге жатады дегенди темаға бөлип көрсетпекшимиз. Сөз етип отырған дәўирге жатады деп белгилегенде бизин сүйенер дерегимиз жумыстың дәслепки жағында көрсеткенимиздей усы дәўирлердеги түркий тиллес халықлардың орталық естеликлериндеги нақыл-мақаллардың бизиң нақыл-мақаллардың дәлме-дәл ҳәм мазмунлас келиўи болып саналады.

Адамды адам еткен мийнет. Соның ушын адам оны бәрҳама ардақлап келмекте. Адамзат тарийхының раўажланыў процесинде мийнеттиң жемисин иелеў ҳәр түрли болғаны мәлим. Биз бул мәселеге тоқтамаймыз. Себеби ол айырым изертлениўи керек. Мийнет — көп тараўлы, ол жай тек қара күш жумсап ислеўден басқа ақыл, илим, техника тийкарында исленетуғын мийнетти де қамтыйды. Бирақ, принцип жағынан мийнет етиў — тек адамның өзиниң ғана емес, жәмийетлик раўажланыўдың экономикалық, материаллық ҳәм руўхый дереги деп есапланады. Мийнет етиўдиң ҳәмме тараўынан бурын мийнет етиў принципи ҳаққындағы нақыл-мақалларға тоқтап өткимиз келеди.

Махмуд Қашқарийдың «Девану Луғатит түрк» мийнетинде «мийнет тубы — рәҳәт[1]» деген мақал бар. Усы мақал түркий тиллес халықлардың көпшилигинде, соның ишинде қарақалпақ халқында да усы күнге шекем өзгериссиз айтылады. Мәселен бизде «...Мийнет тубы — рәҳәт», «Еңбек етсең емерсең...[2]»—дейди. Мийнет— ҳәмме заттың биринши дереги. Ол адамды көркейтиў, жетилистириўдиң тийкары. Мийнет барлық заттың нажы, онысыз ҳеш нәрсе кемалға келмейди. Соның ушын «...хызмет тасты жарады, тас басты жарады[3]» деп бир нақылда көрсетилсе, бир нақылда «...мийнет пенен ер көгерер, жаңбыр менен жер көгерер», «...ҳәрекетте бәрекет бар», «Мийнеттиң наны мазалы, мийнетсиз пал да ызалы...[4]» деп көрсетиледи. Усы ҳәм басқа да нақыл-мақалларда мийнет етиў принципи ардақланып, жоқары баҳаланып, адамға ҳаўа, суў қандай керек болса мийнет те сондай керек, деп бериледи. Соның менен бирге, мийнетсизлик қатты қараланады. Нақыл-мақалларда мийнетсизлик тек адамның минез-қулқындағы жаман әдеттиң бири ғана емес, жәмийет тәниндеги жараның бири екени айтылады. Соның ушын мийнет етпей, бирөўдиң мийнетинен пайдаланып күн көрген адамды ҳарам тамақ, жермен деп есаплаған ҳәм халық алдында айыпланған. Соның нәтийжесинде мийнетсизликке жәмийет болып қара таңба басып, ол ҳаққында өткир, терең мәнили нақыл-мақаллар дөреген. Мысал келтирейик. «Жалқаўға бултың саясы да жүк болады[5]». Қандай образлы айтылған. Жердеги адамға аспандағы бултың саясы жүк болып, бойын зилдей қылып, ҳеш нәрсеге қолын апарыўға шамасын келтирмесе — жалқаўды, мийнетсизди аз сөз бенен терең мәниде буннан артық сүўретлеў бола ма? Бул мақалада өткир күлки менен өкиниш, қайғы бар. Жалқаўлық үстинен күлип, әшкаралап, оны жаны, ар-намысы болса қозғалып, мийнет

---

[1] Қарақалпақ фольклоры. 4-том. Жыйнаған Т. Нийетуллаев. 100-бет.

[1] Махмуд Қашқарий, «Девану Луғатит түрк». Ташкент, 1960-жыл, I-том, 134-бет.

[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 19—67-бетлер.

[3] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1963-жыл, III-том, 66-бет.

[4] Қарақалпақ фольклоры. 4-том, қолжазба, «жыйнаған Т. Нийетуллаев. 19—25-бетлер.

[5] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк». Ташкент, 1960-жыл, I-том, 156-бет.

етиўге шақырса, адамның усындай болыўы өкинишли екени көрсетиледи.

Түркий тиллес халықларға орталық болып, XI әсирде хат жүзинде жазылып қалған жоқарыдағы мақал халықлардың арасына ҳәр вариантта сиңисип, әўладтан әўладқа өтип отырған. Қарақалпақ халқында да жоқарыдағы мақалға мазмунлас көп нақыл-мақаллар бар. Мысалы, «Жалқаў — қарап отырып шаршайды», «Мийнетсиз өмир — қара көмир», «Жатып ишер жалқаў болады, хош жақпас мылқаў болады», «Жалқаў өз үйине өзи қонақ», «Жақсы — жумыс басында, жалқаў үйдиң қасында[1]». Булардан басқа да көп мысалларды келтириў мүмкин. «Жалқаўға бултттың саўсы да жүк болады» мақалы менен «Жалқаў — қарап отырып шаршайды» мақалында берилежақ идеяның бирдей екени, екеўинде де өткир күлки, өкиниш бары сезиледи.

Демек, бул нақыл-мақаллардың барлығы мийнет етиўдиң конкрет тараўы емес, улыўма мийнет етиў принципи ҳаққында пикирлер жүргизип, мийнет — адам өмириниң гүлленіў дереги екенин көрсетеди. Мийнет — адамның бийик сапарларының бири. Адамның алға илгерилиўи, жәмийеттиң раўажланыўында мийнетке байланыслы. Соның ушын жоқарыдағы нақыл-мақалларда халық турмысының тәжирийбеси жуўмақланып, олар қысқа, тужырымлы етип, философиялық түйинге түйинлип, жәмлеп берилген. Көрсетилген нақыл-мақаллардың тәсири, күши ҳәм жоқары идеялығы, халықлығы тек мийнетти ардақлаў, мийнет етиў принципин бийик көтерилиўде ғана емес, соның менен бирге, адамның ойөрисиниң реаль турмыс пенен байланысып, дүнья таныўының кеңейе баслаўында да көринеди. Усы көз-қарастан көрсетилген нақыл-мақаллардың халықты тәрбиялаўдағы орны айрықша үлкен ҳәм әҳмийетли деп есаплаймыз. Адамларды мийнет етиў рухында тәрбиялаў ҳәмме ўақытта да әҳмийетин жоғалтпайды. Мийнет — жәмийеттиң материаллық базасын дүзиў дереги болып келди ҳәм келе береди.

Биз сөз етип отырған дәўирлерде пайда болған нақыл-мақалларда мийнет етиўдиң улыўма принципи ғана емес, конкрет тараўлары да жақсы берилген. Бизиң

[1] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, Қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 18—25-бетлер.

халқымыздың көпшилиги әййемнен отырықшы екени мәлим. Бул ҳаққында бизиң халқымыздың тарийхында көп мағлыўматлар бар. Мәселен, бизиң ҳәзирги жеримизде әййемги мәденияттың излери Топырақ-қала, Қой қырылған қала, Жанбас қала ҳәм басқалардың, Орта әсирдиң естеликлери—Қыят (Кят), Үргенч қалаларының болыўы — отырықшылық дереклериниң көрсеткиши болып есапланады. «Хорезмде суўғарылып егин егиў кәсиби оғада ертеде пайда болған...[1]». Суўғарып егин егиў ушын жаплар, каналлар дүзетип, дәрьядан саға алыўды биліў керек. Белгили тәжирийбе, мәденият болмаса буларды ислеў қыйын екени анық. Буларды ислеген халықтың белгили тәжирийбеси, билими, мәденияты болғаны сөзсиз. Буларда отырықшылықтың белгиси болып табылады. Усыларға байланыслы дийқаншылық кәсиби, мийнети ҳаққында көп нақыл-мақаллар бар. Мысалы «...пухта айдалып, пухта сүрилген жер,

Қырманда өкиниш болмай, ҳасыл берер...[2].
...Егилмегенше—өнбес,
Тилемесең — бермес...[3]».

Қарақалпақ халқының нақыл-мақалларында жоқарыдағы мақалларға мазмунлас көп мақаллар ушырасады. Мысалы:

«Ексең жерди қандырып,
Аласаң өним жандырып...
Жер айдасаң гүз айда,
Гүз айдамасаң жүз айда...
Берсең — аларсаң,
Ексең—орарсаң...[4]»

Түркий тиллес халықларға орталық нақыл-мақаллардың болыўы менен бирге, ҳәр халықтың турмысының өзгешелигинне сәйкес нақыл-мақаллардың да пайда болыўы тәбийий қубылыс екени мәлим. Бизде суў, оны басқарыў ҳәм бөлистирип бериў ҳаққында көп нақыл-

[1] История Каракалпакской АССР. Ташкент, 1974 г. стр. 27.
[2] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк». Ташкент. 1960-жыл, I-том, 382-бет.
[3] Махмуд Қашқарий. II-том, «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1961. 28-бет.
[4] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 28-бет.

мақаллар бар. Мәселен «әкең мурап болғанша, жериң ой болсын», «Сағадағы суў ишеди, аяқтағы уў ишеди...[1]» деген нақылды алып көрейик. Атаманың өзи «Мурап» емес, «мираб» болыўы керек. Бул араб сөзинен кирген. «Мир —Ҳәким, аб-суў» сонда суўды басқарыўшы ҳәким болады. Бабабыз Әбу Райхан Беруний дин билдириўине қарағанда VII әсирдиң басында араб сәркардасы Құтейба ибн Мүслим Хорезмди жаўлап алып, көп мәденият естеликлерин өртеп, араб мәдениятын зорлық пенен синистире баслайды. Хорезмшилердиң бурынғы жазыў-сызыўы жоқ қылынып, араб жазыў-сызыўы орнатылады. Жоқарыдағы атаманың усылардан кейин келип шыққаны, орта әсирлерден баслап халық арасына сиңискени сезиледи.

Тарийхый дереклерде феодал, байлар жаптың, каналдың өринде, суўға қолайлы жағында, қазыўдың барлық мийнетин шеккен мийнеткеш жарлы дийханлар төменинде болып, жер суўғарыўдың адам айтқысыз машақатын көргени жоқарыдағы бизиң халқымызда дөреген нақыл-мақаллар биз сөз етип отырған дәўирлерде пайда болғаны ҳәм тужырымлы ойып айтылған қысқа сөздиң ишине терең мәнидеги тарийхый турмыс аўҳалын сыйдыра билгени көринеди. Бул халық даналығын ҳәм сөз зергерлигин көрсетеди.

Бизиң халқымыздың турмысында мал шаруўашылық кәсиби де үлкен орын тутқан. «Дийқаншылық бири бес, шаруўашылық оған ес» деп бийкар айтылмаған. Биз сөз етип отырған дәўирлерде Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының турмысында шаруўашылықтың жылы өсириў саласы үлкен әҳмийетке ийе болған. Жылқы дийханшылық ушын көш-көлик болса, ети тамақ, териси кийим ҳәм ел қорғаў исине керекли қуралдың бири екени мәлим. «Алпамыс», «Қоблан», «Мәспатша», «Шәрьяр» ҳәм басқа да қаҳарманлық дәстанларда ат батырдың ең жақсы жолдасы және досты екени көринеди. Махмуд Қашқарийдиң жыйнаған мақалларында «Қус қанаты менен, ер аты менен...[2]» деген мақал бар. Көп халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқында да усы мақал усындай өзгериссиз айтылады.

[1] Бул да сонда, 28-бет.
[2] Ертедеги әдебият нусқалары, Алматы, 1967-жыл, 66-бет.

«Андыз болса—ат өлмес[1]»—мақалы да жылқының өсиўине, оның ушын оны от-жем менен тәмийин етиўге, дыққат етиўге шақырады. Атты бағыў әдиўли ис екени, ең болмаса андыз болса да аттың өлмейтуғыны ескертиледи. Бул халықтың турмыс тәжирийбесинен дөреген. Атқа дыққаттың ҳәм оның әҳмийетиниң оғада үлкен екенин атты батыр-ерлер менен тең қойыўдан көриўге болады. Мысалы, «Ерди қор қылма, атты жаўыр қылма...[2]» деген мақал биз айтқан мәнини береди. Биз сөз етип отырған дәўирлерде жаўгершилик, феодаллық шабыўыллардың көп болғаны, гүрестиң нәтийжеси күшли адамлар (батырлар) менен күшли, сайланды атларға байланыслы екени сөзсиз. Халық турмысының усындай реаль жағдайлары «тулпар» ҳаққындағы аңызларда етип, оларда қысқа, терең мәнили сөз бенен халқымыздың даналық гәзийнеси берилген.

Малдың өсиўи ушын күтиў, пухта бағыў керек. Бул жеңил мийнет емес. Бизде «отты шапқанға жақтыр, малды тапқанға бақтыр» дейди. Малды табыў ҳәм өсириў ушын көп мийнет етиў керек. Мийнет еткен адам оның жемисин баҳалай биледи. «Бос малдың ийеси болмас[3]» деген мақал бар. Буның мәниси—ийесиз, қаңғырып жүрген мал тез бәлеге ушырайтуғыны айтылады. Өзинен күшли жабайы ҳәйўан жесе де, батпаққа батса да, биреў сойып алса да, қулласы жоқ болады. Бизде усыған мазмунлас «қарамағанның қатыны кетеди, бақпағанның малы кетеди...[4]» деген мақал бар. Еки мақалдың да мазмуны, бережақ кеңеси, турмыс тәжирийбесинен келип шыққан жуўмағы бир екени көринип тур.

Шаруўашылық кәсиби қыйын, көп мийнет етиўди талап ететуғын, ал оның жемиси тез көзге көрине қойлайтуғын кәсиптиң бири. Үлкен мийнет пенен ғана мал өседи, көбейеди, мал биримлеп жыйналады. Соның ушын «...биримлеп жыйналып мың болады, тама-тама

[1] Махмуд Қашқарий, «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 130-бет.
[2] Бул да сонда. 157-бет.
[3] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 318-бет.
[4] Қарақалпақ нақыллары менен мақаллары, баспаға таярлаған Қ. Айымбетов. 1950-жыл, Нөкис, 25-бет.

көл болады...[1]» деген мақал бар. Бул мақаллар буннан көп әсирлер бурын дөреген менен бизиң халқымызда ҳәзирге шекем айтылып, өз хызметин атқарып киятыр.

Орта Азия халықлары, соның ишинде қарақалпақ халқы да оғада қонақшыл, қонағынан ҳеш нәрсени аямайтуғыны мәлим. Малды, соның ишинде қойды өсириў қанша қыйын, аўыр мийнет болса да келген қонаққа қой сойыў — узақ әсирлерден бери дәстүр болған. Бул дәстүр бардың — байдың бир қойын сойдырса, таппаған—жарлының еки қойын сойыўға алып келген. Мысалы, Жийренше шешен айтты деген бир мақалды келтирейик. Онда «тапқан қонаққа бирин сояды, таппаған екеўин сояды...[2]» дейди. Бунда қонаққа барымды берип күтемен деп жүрип, жарлы ақ кеўил адамның буўаз қойын сойғанын түсиндириўдиң ҳәжети болмас. Мақалдың турмыс айнасы екени көринип тур. Мақалда қонақшылық дәстүр жақсы көрсетилсе де, мийнеттиң мийўасына пухта қараў керек екени ҳаққында ескертиўде сезиледи.

Түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқында да «...Алп анадан, ат бийеден...[3]» деген нақыл бар. Бул узақ дәўирлерде пайда болғаны сезиледи. Себеби, Орхон—Енисей жазыўларында, Махмуд Қашқарийдың «Девану Луғатит түрк» мийнетиндеги нақыл-мақалларда усы «алп» деген атама көп ушырасады. «Алп» — батыр, ер, күшли адам мәнисинде бериледи. Бул жерде батыр, ер жигит жақсы анадан, жақсы ат, — жақсы ҳасыл бийеден туўылатуғыны айтылады.

Бирақ, мақалдағы тийкарғы мазмун, — батырдың, ердиң, елдиң ар-намысын қорғайтуғын адамның туўылыўына қаратылса да, халық оны өз турмысындағы, күнде көрип, билип отырған тәбият көриниси — жақсы, ҳасыл бийеден жақсы аттың пайда болыўы менен салыстырып берген. «Инген ыңыранса, бота бозлайды...[4]» деген де мақал бар. Буның да мәниси—үйдиң, аўылдың, елдиң басшысы қыйналса, басқалары оннан да бе-

[1] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1963-жыл. III-том, 372-бет.
[2] Шешенлик сөзлер, Алматы, 1967-жыл, 19-бет.
[3] Қарақалпақ нақыллары менен мақаллары, баспаға таярлаған Қ. Айымбетов. 1950-жыл, 25-бет.
[4] Махмуд Қашқарий, «Девану Луғатит түрк». Ташкент, 1960-жыл, I-том, 142-бет.

тер қыйналады, жылайды дегенди аңлатады. Буны да халық өз турмысындағы реаль көринис пенен образлы, сырлы, мәнили етип бере билген. Бул мақаллардың тийкарғы мазмуны—мал шаруашылығының өсиўине, раўажланыўына, кәсибине тиккелей арналмаса да, мал шаруашылық кәсиби халықтың турмысына сиңисип, өмири менен қатты байланысып кеткенинен дерек береди.

Биз сөз етип отырған дәўирлерде бир аўылдың малын бир аўылдың алып кетиўи, мал урлығы көп болғаны мәлим. Мал даўы, жесир даўы деген атамалар соннан қалған. Бундай даў-жәжелди парахатшылық пенен шешиўдиң бир жолы — сөзди таўып айтыў, сөзден утыў, шешенлик етиў болған. Усыған байланыслы «сөз жүйесин тапса, мал жүйесин табады...[1]» деген мақал дөреген. Бул мақалдың малды қорғаў, өсириў жөнинде ғана емес, адамлар, ел арасында тынышлықты сақлаўда да әҳмийетли екени анық.

Солай етип, жоқарыда көрсетилген нақыл-мақаллар халқымыздың мал шаруашылығы жөнindеги ой-пикирлериниң түйини болыў менен бирге, тарийхый өткелleриниң де белгиси екени сезиледи.

Ақыл, ой менен исленетуғын мийнетте жеңил емес. Биз сөз етип отырған дәўирлерде ҳәм оннан бурында ақыл, ой менен исленетуғын мийнетлер ҳаққында көп нақыл-мақаллар дөреген. Усындай нақыл-мақаллардың пайда болыўына сол дәўирлерде тийкар, үлги бар ма еди деген саўалға келетуғын болсақ, биз буған бар еди деп жуўап беремиз. Бизиң жерлесимиз, энциклопедиялық алымлар Фарабий, Беруний ҳәм басқа да көп шайырлар, илимпазлардың болыўы сондай нақыл-мақалға тийкар, үлги бола алады. Халықтың нақыл-мақаллары терең реалистлик болып олар ҳақыйқат турмыс тәжирийбеси тийкарында пайда болған. Жийренше шешен айтты деген мақалдың биринде: «...Жақсының аты өлмейди, алымның хаты өлмейди...[2]» деген бар. Усы халық мақалын жазба дереклерде де көремиз. Мысалы, «Қутадғу билик» те «Өлмейтуғын данышпан, билимлар адам...[3]» десе, Ахмет Югнаки» «...билимли ер өлсе де — аты өлмейди, билимсиз екенсең — атың өле-

[1] «Қоблан» дәстаны, Нөкис, 1959-жыл. 198-бет.
[2] Шешенлик сөзлер, Алматы, 1967-жыл, 28-бет.

ди...[1]»—дейди. Усыған мазмунлас нақыл-мақаллар қарақалпақ халқында да ушырасады. Мысалы:

«...Билекли бирди жығады,
Билимли мыңды жығады...
...Халыққа ис көрсеткен мәрт өлмес,
Тарийхта жазылып қалған хат өлмес...
...Билим—ақылдың шырағы...[2]»

Булардан басқа биз сөз етип отырған дәўирлер менен сәйкес халқымыздың «Жәҳанша» ҳәм «Илимхан» дәстанлары да билим, өнер ҳаққында сөз жүргизип, дәстанның бас қаҳарманлары илим, өнер арқалы өзлериниң гөзлеген мақсетлерине жетеди. Илим менен өнерди ийелеў — қаҳарманлардың табысқа жетиўиниң тийкары болады. «Илим ҳәм өнер адамның бойында үлкен адамгершиликти қәлиплестиреди. Адамды адамға ҳадал дос болыўға, елди, туўып өскен жерди шын кеўилден сүйиўге тәрбиялайды...[3]». Илим-билимниң бир қатар излери «Алпамыс» ҳәм «Қоблан» дәстанларында да бар. Бирақ, бул дәстанларда илим мәселеси «Жайтас», «дуўа», «тилсиман» ҳәм тағы да басқа атамаларда морфологиялық тәризде бериледи.

Булардың барлығы илим-билимниң пайдасын, күшин, қудиретин халқымыздың көп ўақытлардан бери билетуғынын, ол заманына қарай гейде аз, гейде әдеўир түрде турмысқа сиңискен ақыл мийнетиниң саласы екенин, жоқарыдағы нақыл-мақаллар тосаттан емес, реаль турмыс жағдайында дөрегенин көрсетеди.

Ойлаған мақсетти орынлаў ушын тек қара күш жеткиликсиз екени анық. Оны орынлаўға ақыл жүритиў, түрли усыл қолланыў керек. Душпан менен гүресте де, палўанлық гүресте де көп ҳийле керек. Ҳийле етиўде ақыллықты, тапқыр, сезгирликти билдиреди. Душпанның да күши, өзин жақсылап билип алыў лазым, оны меңсинбеў ақылсызлық болып, апатқа ушыратады. Өнерди, ҳийлени өзиң билсең — досларыңа, халқыңа үйретип, билмесең үйрениўиң керек. Соның ушын да

[1] Ертедеги әдебият нусқалары, Алматы, 1967-жыл, 70-бет.
[2] Бул да сонда, 90-бет.
[3] Қарақалпақ фольклоры 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 189—191-бетлер.
[4] Н. Жапақов. Жәрияланбаған дәстанлар ҳаққында. «Әмиўдәрья», журналы, 1974 жыл, № 8, 111-бет.

халқымызда «...ҳийле менен арыслан тутылады, қуры күш пенен ойыншықты да тута алмайсаң...[1]», «Жаўды меңсинбесең төбеңе шығады...[2]» ҳәм «Өнер билсең — өлмейсең...», «Өнерли жас — аш болмас...[3]» деген нақыл-мақаллар бар.

Өзиң билмесең көпшилик пенен кеңесип жөн табыўдың өзи де ақыллылық болып табылады. Халқымыз кеңесли иске оғада көп дыққат аўдарып, әҳмийет берген. Соның ушын «...Кеңесли ис озар, кеңессиз ис тозар...[4]» — деп нәсият еткен. Бул мақалдың идеясы, мазмуны оғада кең. Бунда халыққа исениў, көпшиликтиң кеңесин, ақылын пайдаланыў, олардың қуўатлаўына сүйениў, мәселени пүткил халық болып шешкенде нәтийжели болатуғынын мойынлаў, халықтың демократизм идеясын бериў бар. Халық өзиниң идеясын ықшам, өлмес, өшпес етип бере билген.

Тил — оғада үлкен ҳәм өткир қуралдың бири. Тилди орынлы қолланыў, сөзди таўып сөйлей билиў — ақыллылыққа, шешенликке, үлкен өнерге жатады. Тарийхта қурал, күш арқалы жеңе алмаған жаўды дипломатия, тил менен жеңген жағдайлар болған. Соның ушын әййемги Мысыр халқының мақалында «тилден күшли қурал жоқ» делинген. Бизде де «...тил — қылыштан кескир», «туўры тил — тас жарады...[5]» деген мақаллар бар. Соның менен бирге, тил адамгершилик, мәдениятлылық, әдеплилик, адамлар арасындағы өз-ара қатнасықтың да үлкен қуралы. Тил — адамды дүзеўи, жаңылысса дурыс жолға салыўы да, бузыўы да, оны дурыс жолға салыўы да мүмкин. Сонлықтан «таўды тасты жел бузар, адамзатты сөз бузар» деген мақал бийкарға айтылмаған. Усыған қарама-қарсы «жақсы сөз—жан азығы...[6]» деген де мақал бар. Жақсы сөзден жан лөззет, күш-қуўат алады.

[1] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 105-бет.
[2] Бул да сонда, 297-бет.
[3] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған, Т. Нийетуллаев. 189-бет.
[4] Махмуд Қашқарий. «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 235-бет.
[5] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев.
[6] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 323-бет.

Жаман сөздиң жарасы аўыр болып, ол өмир бойы адамның есинен шықпаса керек. Сол себепли:

«Сөз сүйектен өтеди,
Таяқ еттен өтеди...[1]»

— дейди. Усыған мазмунлас «оқ жарасы питеди, сөз жарасы питпес...», «сүйдиретуғын да — тил, күйдиретуғында тил..[2]» деген мақаллар бар. Булардың барлығы мазмунлас екени көринип тур. Соның ушын сөзди абайлап, таўып сөйлеў керек екени көп нақыл-мақаллар да көрсетиледи. Мысалы «анламай сөйлеген аўырмай өлер...», «Жыллы-жыллы сөйлесең жылан инине киреди...[3]» ҳәм басқа да усындай мақалларды көплеп көрсетиў мүмкин.

«Өнер алды қызыл тил[4]» болған соң оған күтә пухта қарап, сөйлеген сөз қысқа, ықшам ҳәм мазмунлы, адамға тәсир етип, оның ақылына ақыл, ойына ой қосатуғын болыўы тийис. Халық сөз өнеринен усыны талап етип, «Қуры сөз қулаққа жақпас..[5]» деп, ҳүким шығарған.

Көркем әдебияттың орайында адам ҳәм адамның тәғдири турғандай, қандай темаға бөлинсе де көпшилик нақыл-мақаллардың орайында адам ҳәм оның тәғдири мәселеси турғанын көремиз. Халық дөретпелериниң ҳақарғы мақсети де адамның қәлиплесиўи, жетилисиўи сыл маржанларының бири — нақыл-мақаллардың тийушын хызмет етиў, болып табылады. Адам менен адам бирге жасап, өз-ара қатнас қылады, адамның күни адам менен болады. Бул тәбийий қубылыс екени мәлим. «Таў-таўға қосылмаса да, адам адамға қосылады...[6]» деген мақал бар. Бизде «адам адамға дус болар, ағаш басына қус қонар», «адам сөйлескенше, мал маңырасқанша[1]» деп айтады. Булардың барлығы бир жырды, бир сырды, — бир идея, бир мәнини береди. Адам адамға қосылады, адам—адам менен жасай билиў керек.

Бирақ, барлық адам бирдей емес. «...Бес бармақ бирдей емес, «адам аласы ишинде, жылқы аласы тысында...[2]». Демек адам ҳәм оның қурылысы—оғада қыйын механизм. Ол сырттан қарап шамалаўға, қол менен услап көрип биле бериўге келе бермейди. Адам исте, қыйыншылықта, дослықта, бир сөзли, бир жүзли болыўда, адамгершиликте ҳәм басқа да жақсы нәрселерде сыналады. Адамды адамның өзи сынап, өзи билип алады. Соның ушын «сынаспаса — алданады, ойланбаса—өкинеди[3]» делинеди. Усылардың барлығынан адамды тәрбиялаў, оны қәлиплестирип, шын мәнисинде жетилистириў — оғада қыйын ҳәм әдиўли проблеманың бири екени көринип тур. Көп нақыл-мақаллар усы проблемаға бағышланған.

Бул тәриздеги нақыл-мақалларда ең дәслеп, тәрбияланған, қәлиплескен, жетилискен адамлардағы айырым белгилер — туўылған жери, ели ушын аянбай хызмет етиў, бийик адамгершилик, досқа, сөзге опалық, бир сөзли, бир жүзли болыў, кишипейиллик, жасы үлкенлерди, ата-ананы сыйлаў, адамлар менен қатнас — қолға қосылады, адам—адам менен жасай билиў керек.

«Ер жигит ел ушын туўады, ел ушын өледи...[4]», «...Ер бир сөзли болады...[5]» деп, ел ушын хызмет қылатуғын адамзаттың характери көрсетилсе, «суў бермегенге, сүт бер...[6]». «Бермегенди берип уялт» деп, адамдағы кеңлик, сақыйлық тәрипленеди.

Биз сөз етип отырған заманларда, дәўирлерде ба-

[1] Сопиаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған Қ. Мақсетов. «Әмиўдәрья», журналы Нөкис, 1971-жыл, №9, 122-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 194—200 бетлер.
[3] Бул да сонда. 194-бет.
[4] Бул да сонда. 200-бет.
[5] Махмуд Қашқарий. «Девану луғатит түрк», Ташкент 1960-жыл, I-том, 364-бет.
[6] Махмуд Қашқарий. «Девану луғатит түрк». Ташкент, 1961-жыл, II том, 113-бет.

[1] «Қарақалпақ фольклоры», 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев 156-бет.
1960 жыл, 117-бет.
[2] Бул да сонда. 244-бет.
[3] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент.
[4] Қарақалпақ фольклоры. 4-том, қолжазба жыйнаған Т. Нийетуллаев, 256-бет.
[5] Махмуд Қашқарий. «Девану луғатит түрк». Ташкент, 1961, II-том. 327-бет.
[6] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том. 224-бет.

тырлардың ерлердің бир-бири менен досласыўында қызық жағдайлар болғаны сезиледи. Мысалы «Алпамыс» дәстанында Алпамыс менен Қаражан — күш сынасып көргеннен кейин өмирлик дос болады. «Қоблан» дәстанында Айыллы Орақ баба менен Қоблан душпанға қарсы қатты гүресте сынасып дос болады. Усындай ҳәм басқа да турмыс жағдайларынан «...шекиниспеген-ше—бекиниспес...[1]» деп ҳәм «ер шекиниспей бекиниспейди...[2]»—деген мақаллар пайда болған.Көп қыйыншылықлардан, душпанға қарсы гүреслерде сынаўлардан өткен дослықтың мийтиндей беккем болатуғынын халық тәжирийбеси көрсеткен. Усындай дослық нақыл-мақалларда үлги иретинде көрсетилген, адамлар усындай дослықтан үлги алыўға шақырылған.

Елге берилип, хызмет етиўши, көпшилик халыққа пайдасы тийген жақсы адамларды турмыста бир қатар көре алмаўшылық жағдайлары да ушырасатуғынын сезиледи. Соның ушын ондай адамларды жақсы да, жаман да сөз етиўшилер болса керек. Халық өз қаҳарманын, жақсылық еткен адамын ҳүрметлеп «...жақсы адамға сөз ереди...[3]» деген мақалды дөреткен. Бизде де усы мақал өзгерисиз айтылады ҳәм «жақсыға сөз ереди, жаманға шөп ереди...[4]»—дейди. Халықтың жақсы адамға болған муҳаббаты оғада образлы берилген.

Көп нақы-мақаллар адамға нәсийҳат етиўди нәзерде тутады. Бул нәсият тәриздеги нақыл-мақалларда да адамның қәлиплесиўи, тәрбияланыўы, жақсы адамды ҳүрметлеў, басқалардың оннан өрнек алыўлары көрсетиледи. «Жақсы менен алыссаң да, жаман менен тарыспа», «алыссаң теңиң менен алыс, кемиң менен алыспа...[5]». Бизде де «Жаманнан қаш, жақсыға жантас..[6]» — дейди. Қандай таўып айтылған ақылғойлик. Бул даналық сөзлерде қанша әсирдеги халық тәжирийбеси

[1] Бул да сонда. 1961-жыл, II-том, 74-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, II-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 256-бет.
[3] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 309-бет.
[4] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 95-бет.
[5] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том, 226—392 бетлер.
[6] Қарақалпақ фольклоры. 4-том, қолжазба, жыйнаған Т Нийетуллаев, 197-бет.

жуўмақланған екен деп ойлайсаң. Бул нақыл-мақаллар узақ дәўирлерде дөреген менен барлық әсирлер бойынша да адамға хызмет етиўи мүмкин. Өйткени, ҳәмме ўақытта да адамды тәрбиялаў биринши ўазыйпа болып саналады.

Жасы үлкен адамларды ҳүрмет етиў ҳәмме халықтың дәстүринде бар. Жасы үлкен адамлар көп турмыс өткеллеринен өткени, тәжирийбели, ол тәжирийбелер адамларды, әсиресе жасларды тәрбиялаўда әҳмийетли екени мәлим. Соның менен бирге, жасы үлкенди сыйлаў, ҳүрметлеў — оның жасын ғана емес, көп жасаған жыллары ишинде қандай хызмет, мийнет етсе де, сол хызметти де баҳалаў, адамзаттың алға илгерилеўи ушын өткен мийнетине басийиўде болып есапланады. Усы темада да нақыл-мақаллар көп ушырасады. Мысалы: «Жасы үлкенди сыйлағанның өзи сыйлы болады...[1]». Бул бизде «атаңа не қылсаң алдыңа сол келеди» дейди ҳәм төмендеги варианты да бар:

«...Үй ишинде жасаған қарт болса,
Жазыўлы турған хаттай болар,
Ата-ананың тилин алған баланың,
Мәртебеси ҳәр жерде оттай жанар...

Жасы үлкенди сыйласаң,
Алғыс жаўар басыңа,
Жасы үлкенди қорласаң,
Қарғыс жаўар басыңа...[2]»

Адам — өз ҳалын, аўҳалын жақсы билиўи керек. Кимде—ким өз ҳалын өзи билмесе—наданлық ҳәм ақылсызлық болады. Бизде «өз ҳалын билмеген ҳайўан емеспе» деп соның ушын айтады. Тек ҳал-аўҳалын ғана емес, турмыс жағдайын, мүмкиншиликлерин де ҳәр ким өзи жақсы билиўи тийис. Бирақ, усы шынлықты аңламайтуғын бир қатар адамлар болса керек. Усындайларға қаратып, бир жағынан нәсият берип, екинши жағынан, өткир күлки астына алып, «ҳалын билмеген ҳәлек» ҳәм «Ғарғаның ғаз боламан деп шаты айры-

[1] Махмуд Қашқарий. «Девану луғатит түрк», Ташкент 1960, I-том, 297-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры. 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 144—367-бетлер.

ар...[1]», «Көрпеңе қарай аяғыңды соз[2]» деген мақаллар дөреген. Бизде де бул мақаллар усы күнге шекем ҳеш қандай өзгериссиз айтылады. Мақаллар күтә тәсирли ҳәм әҳмийети күшли, барлық дәўирлерге хызмет етип, адамдағы бир қатар жаман минез-қулықты, кемшиликти сапластырыўға жәрдеми тийеди.

Көп нақыл-мақаллардағы характерли жағдайдың бири — адамды адам кемситпеў керек екени нәсият етиледи. Биз сөз етип отырған дәўирлерде адамның баҳасы дүнья-мал менен өлшенетуғын болған. Соған қарамастан мийеткеш халық көпшилиги келешекке оптимистлик көз қараста болып, бахытлы күнниң келиўинен үмит үзбеген, асып-тасып жүргенлер ҳаққында ойпикир жүргизип, «Қырқ жыл ҳаслан байлық жоқ, қырқ жыл жарлылық жоқ[3]» деген мақалды дөреткен. Бул мақал Махмуд Қашқарийдың «Девону луғатит түрк» мийнетиниң биринши томының 333-бетинде жоқарғы айтылған түринде өзгериссиз берилген. Соған қарағанда бул мақал узақ дәўирлерде пайда болып, Октябрь Социалистлик революциясына шекем бизиң халқымызға хызмет еткен. Бул мақал тек қарақалпақ халқында ғана емес, басқада түркий тиллес халықларда бар.

Биз сөз етип отырған дәўирлерде тийкарғы жол — қатнаслар жаяў, ат-арбалы, түйе-көрўанлар арқалы болғаны мәлим. Биз бул жерде теңиз, дәрья жолларын алмай отырмыз. Бундай жол қатнасықлары жағдайында түнде жүриў қәўипли болған. Буның себеплери көп. Соның ушын ата-бабаларымыз «атар таңға жүрсең де, батар күнге жүрме...[4]» деп, мақал дөретип, нәсият еткен. Бул мақалдан халқымыздың өткен турмысының, күн көрислериниң тарийхый шынлығын көремиз.

Жас жигитлердиң үйлениўи, кимге қосылыўы ҳаққында да кеңес иретинде дөреген нақыл-мақаллар бар. Мысалы, Жийренше шешен айтты деген «Қызлай алмай қатын болмас, есик көрген мақул болмас...[5]» деген нақылды алайық. Бизде усыған тиккелей мазмунлас «есик көргенди алма, бесик көргенди ал» деген нақыл

[1] Махмуд Қашқарий, «Девану Луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том, 255-бет.
[2] Бул да сонда. II-том, 1961-жыл, 158-бет.
[3] «Қоблан» дәстаны, Нөкис. 1959-жыл, 197-бет.
[4] Бул да сонда, 188-бет.
[5] Шешенлик сөзлер. Алматы, 1967-жыл, 27-бет.

бар. Адамның турмысында ҳәр қыйлы жағдайлар болып, бул кеңеслер толық иске аспаса да, өз дәўири ушын белгили қәде, әҳмийетли, халықтың әдет-үрпиниң тарийхына байланыслы көринислердиң бири екени сезиледи.

Бир қатар мақалларда тириликтиң артықмашлығы оғада жақсы берилген. «Өли арысланнан тири тышқан артық...[1]» делинеди. Бул материаллық-философиялық пикир-ой жыйынтығы болып есапланады. Биз сөз етип отырған дәўирлерде Орта Азия ҳәм Қазақстан жерлеринде ислам дини қатты беккемлесип, оның тәрбиялары, қәделери рәсмий түрде иске асқаны мәлим. Ислам динининң ўәкиллери «бул дүньяда қызық, рәҳәт жоқ, барлық рәҳәт ол дүньяда» деп пропагандалағаны анық. Соған қарамастан, халық көпшилиги өмирге, дүньяға реаль турмыс көз қарасынан қарап, жоқарыдағыдай мақалды дөреткен ҳәм адамлар өз турмысында усы қәдени қолланыўды нәсият еткен. Бул халқымыздың басып өткен тарийхый излеринен, ислам дини қанша шырмасада дүньяға, турмысқа материаллық, халықлық көз қарастың болғанынан дерек береди.

Көп нақыл- мақаллар адам турмысының ҳәрқыйлы жағдайларына арналған. Ол заманларда елдиң басшысы—бийлердиң, батырдың биргүнә айыпланыўы, басқа елге қолға түсиўи қыйын болмаған. Бундай жағдайда қайғырып, ашыныўда, өзин билмеген адамлар тәрепинен күлиў, қорлаў ҳәрекети, ислери де болған. Бундай жағдайды көрген халық «...қулан қудыққа жығылса, қулағына қурбақа уя салады...»[2] деген мақалды дөреткен .Мақалдың терең мәнили, образлы ҳәм оғада тәсирли екени көринип тур. Соның менен бунда жеңил минезли адамларға қатты ескертиў бар. Усы мақал бизде де өзгериссиз айтылып, сақланып келген. Демек, мақал халық жүрегинен жай таўып, өмир — жан азығының бири иретинде өзи менен бирге жасаған. Мақалда ашық айтылмаған астарлы мәнилердиң барлығы адамды тәрбиялаўға қаратылған.

Тек дәўлет, байлық емес, адамның досты, ағайинтуўғаны көп болса — қолы узын болған. Ол силтеген,

[1] «Қоблан» дәстаны, Нөкис, «1959-жыл, 240-бет.
[2] Махмуд Қашқарий, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1963-жыл, III-том, 137-бет.

созған жерге жеткен, ойлағанын иске асырған. Себеби, сүйеншиси, таянышы күшли ҳәм беккем болып, оған күш-қуўат берген. Соның ушын «көсеўиң узын болса қолың күймес[1]» деп жүриткен. Бизде де бул мақал өзгериссиз айтылып «көсеўиң узын болса қолың күймейди, ағайиниң көп болса — адам тиймейди»[2] — деп келтиреди. Бул мақалда өз заманының, дәўиринің шынлық жағдайын сәўлелендиреди. «Жалғыз аттың шаңы шықпас», дегендей, сүйеншиси болмаған адамлардың аўҳалы қыйын, заман зордики болғаны мәлим. Сол себепли адамға таяныш ағайин-туўғанның, дос-яраның оғада кереклиги турмыстан келип шыққан.

Қандай жағдайда болсада үйге қонақ келиўи адамлардың өз-ара қатнасын күшейтип, дослық — татыўлықты арттырыўдың белгиси болыў менен бирге, адамгершиликтиң, халқымыздың жақсы үрип-әдетлериниң бири болған. Сонлықтан үйге қонақ келиўдиң әҳмийетин жоқары баҳалап, бир қатар нақыл-мақаллар да «қонақ келсе — қут келер...[3]» — делинсе, бир қатарында «қонағын сыйлаған бай болады», «жақсы адам белгиси келген қонағына тақ турады...[4]» дейди.

Шексиз бийлеўшилик, әдалатсызлық—ол заманларда халық басындағы аўыр көринислердиң бири екени анық. Елди басқарыўдағы бундай көринислерге халық зорлық пенен көниўге мәжбүр болса да, буның үстине зулымлықтың болыўы — халықтың қанын қайнатып, оған нәлет тамғасын басыўға әкелген. Бул дәўирлерде халықтың қарап жатпағанын, әдалатсызлыққа, зулымлыққа қарсы бас көтергенин тарийхый дереклер тастыйықлайды. Деген менен үстем класс топарын жеңиўге, жәмийетлик дүзимди өзгертиўге күши жетпеген. Зулымлыққа қарсы халық ҳәрекетиниң тийкарында демократиялық идеяны беретуғын, зулымлыққа қарсы көпшилик халықтың ой-пикирин аңлататуғын көп нақыл-мақаллар бар. Мысалы, «Зулымлық есиктен кирсе

[1] Махмуд Қашқарый. «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960-жыл, I-том, 418-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 248-бет.
[3] Махмуд Қашқарый. «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том. 118-бет.
[4] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 182—187-бетлер.

— инсап тұңлиқтен шығады[1]». Демек зулымлық пенен инсап—адамгершилик, әдалатлық маўаса емес. Зулымлық болған жерде адамгершилик болмайды. Бизде де «хан иелеген зулымды жан ислемес өмирде», «патша алым болса — журты озады, патша залым болса — журты тозады»[2] — деген нақыл-мақаллар бар. Булардың барлығы бир мазмунды, бир идеяны аңлатады.

Биз жазып отырған дәўирлерде жәмийетлик дүзимниң тәниндеги жазылмас жараның бири — парахорлық еди. Буны турмыста көрип, ис жүзинде сезген халық пара алыўшыларды әшкаралап, көп нақыл-мақаллар дөретеди. «Қара бултты жел ашар, бег есигин пара ашар...[3]» — дейди. Бизде «уятсыздың ҳәммеси парахор», «мал жыйнасаң — қой жыйна, қолың кетпес шарадан, бәдҳасылдан бий болса — қолы кетпес парадан...[4]» деген нақыл-мақаллар бар. Бул екеўинде идеясы, мазмуны бир. Бул нақыл-мақаллар сол замандағы ел басқарыў исиндеги парахоршылықты әшкаралаў, жаман минезли адамларды халықтың тезине салыў жағынан әҳмийетли болып қалмай, өткен тарийхый жағдайларды билиў жағынан да белгили орын алады. Халық — ҳақ истиң, әдәлатлықтың сатылмаўын талап еткен. Халықтың күшинен, қәҳәринен артық ҳеш нәрсе жоқ. Бундай нақыл-мақаллардың адамларға тәсири болған.

Нақыл-мақаллардағы үлкен теманың бири — адамның өзиниң тәбийғый раўажланыў қубылысын қамтый билиў болып есапланады. Қанша қыйыншылықларға, урыс, апатларға қарамастан дүнья, адам өзиниң өсиўин, раўажланыўын даўам еткен. Бул диалектикалық нызам. Усы нызамды халық турмыста ҳәм тәжирийбеде көрген «Тай ержетсе—ат тынар, ул ержетсе—ата тынар...[5]» деп орынлы айтылған. Бизде «атаның орнын ул жоймас, енениң зарын қыз қыймас», «атаны көрип ул өсер,

[1] Махмуд Қашқарый, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1961-жыл, II-том, 25-бет.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 275—289-бетлер.
[3] Махмуд Қашқарый. «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том, 336-бет.
[4] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 284—345-бетлер.
[5] Махмуд Қашқарый. «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1960 жыл, I-том, 214-бет.

ешени көрип қыз өсер», «атаң өлсе тайлақ бар, жүгин жолда қалдырмастай, ата өлсе, улы бар, мүлки ойран болмастай...»[1] деп айтылады. Усы эпиўайы, жәй айтылған нақыл-мақалларда оғада терең мәни — дүньяның, адам урпағының мудамы, үзликсиз даўам ететуғыны бериледи. Аз сөзге көп философиялық мәни сыйдырылған. Адамзаттың өсип, раўажланыўының — ул туўылып, ата жолын қуўалап, ески сөнип, жаңа өнип барыўының — өзине адамның өзи гүўа болған.

Булардың барлығы нақыл-мақаллар халық — турмысының көп тараўларын қамтып, түрли темаларды ой-пикир жүриткенин көрсетеди. Жоқарғы мысаллардан басқада көп материалларды келтирсе болады. Бирақ, усы келтирилген мысаллардың өзи де биз сөз етип отырған XI—XV әсирлерде дөреген нақыл-мақаллар халық турмысының барлық саласының тәжирийбесинен келип шыққанын дәлийллейди. Бул нақыл-мақаллар халықтың көркем дөретпесиниң ең қысқа, өткир, тужырымлы, терең мәнили тараўы иретинде өз дәўиринің талабын инабатлы орынлаған. Тек сол әсирлердің ғана емес, көп нақыл-мақаллар өзиниң терең мәнили ҳәм турмыслық, алдыңғы қатар ой-пикирди, адамды жетилистириў жағынан әҳмийетлилиги менен өзинен соңғы көп әсирлер ушында хызмет еткен және хызмет етип киятыр.

Нақыл-мақаллар алған темасының кенлиги, түсиниклилиги, турмыстың нақ өзинен алынып, оның менен бирге писип, бирге қайнаған ушын халық көпшилигине кең тарап, оның жүрегинен шықпастай жай алып, өшпес, өлмес болып сақланған. Халық ең қәдирли, қымбатлы ҳасыл заты, топлаған ақыл-ойының жыйынтығы иретинде бул нақыл-мақалларды өзи пайдаланыў менен бирге, әўладтан әўладқа өткерип отырған.

Бул нақыл-мақаллар мәденият, әдебият мийраслары мызды ң үлкен естелик ғәзийнелери болып есапланады. Соның менен бирге, халқымыздың басып өткен тарийхый өткелериниң айнасы болып, оларда үрип-әдет, турмыс жағдайлары жақсы берилген. Халықтың рухый байлығы, даналық топламы екени сөзсиз.

Жоқарыда келтирилген нақыл-мақаллардың мысал-

[1] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев. 66—150—356-бетлер.

лары бир дәўирде қәлипке қуйылғандай болып шыққан емес, ол узақ дәўирлерде қәлиплескенликти көрсетеди. Соның менен бирге, қарақалпақ халқы Орта Азиядағы әййемги халықлардың бири иретинде түркий тиллес халықларға орталық болған әдебият естеликлерин, соның ишинде нақыл-мақалларды да бирге жасасқанын дәлиллейди.

Соны да көрсетип өтиў керек, сол XI әсирде жазылып қалған нақыл-мақаллардың тил құрылысында өзгерис жоқпа, бизиң ҳәзирги күнде сөйлеп жүрген тилимиздей жазылып қалған ба, деген саўал қойылыўы мүмкин. Биз бул саўалға тил құрылысында болмаса да сөзде бир қатар өзгерислер бар, бирақ, ҳәзирги сөйлеў, жазыў тилине аўдармай ақ түсиниўге болады, деп жуўап беремиз. Мысал келтирейик: «киши аласы иштин, йылқы аласы таштын», «адам аласы ишинде, жылқы аласы тысында», «андуз болса — ат өлмес» (андыз болса—ат әдмес), «бәш әраўақ туз әрмақ» (бес бармақ бирдей емес), «кузаку үзүн болса әлик күймес» (көсеўиң узын болса—қолың күймес), «тағ тағқа қамушмас, киши кишиге қамушар», «таў таўға қосылмас, адам адамға қосылады) ҳәм басқа да мысаллар келтириўге болады. «Девану луғатит түрк» мийнети 1072—1074-жыллары жазылған. Арадан 900 жылдан артық уақыт ишинде тилде бундай өзгерислердиң болыўы тәбийғый нәрсе.

Қайсы дәўирде, әсирде болса да нақыл-мақаллардың сөзи халықтың сөйлеў тилине жақын болған. Тилдиң жеңил ҳәм түсиниклы болыўы — нақыл-мақаллардың айрықша көркемлик белгилериниң бири. Ҳәр бир нақыл-мақал мыстан мүсин ислегендей ҳәм қызлар кийимининң кестесиндей жарасып шыққан. Сол себепли тек өз дәўиринің талабын орынлап қоймай, алдағы дәўирлер ушында хызмет еткен. Бул жағдай ҳақыйқат көркем дөретпениң сапасын, баҳасын, қунын белгилейди.

Уллы рус халқының фольклоршылары халықтың турмыс жағдайларын, үрип-әдетин, тәжирийбеде көрген-билгенин тиккелей бир сөз бенен бир мәниде аңлатуғын ҳәм бир неше сөз бенен көп мәнили етип беретуғын нақыл-мақаллар бар. Тиккелей бир сөз бенен бир мәнини аңлатыў ертедеги — әййемги заманларда болса, бир мақалда көп мәнилик ҳәм образлылық жанр қәлиплескеннен кейин, сөз өнери менен қосыла пайда болды,

дейди[1]. Биз бул пикирди дурыс деп мақуллаймыз ҳәм түркий тиллес халықлардың, соның ишинде қарақалпақ халқының да нақыл-мақалларының жанр претинде қәлиплесиўинде усы процессти өткен деп ойлаймыз. Буның излерин нақыл-мақаллардың өзлеринен көриўге болады. Мысалы: «андыз болса — ат өлмес» деген мақалда тиккелей тек бир мәни — аттың отына байланыслы турмыстың дәл көриниси берилсе, «еки қошқар басы бир қазанда пишмас[2]» (еки қошқардың басы бир қазанға сыймайды) деген мақалда көп мәни бар, астарлы, қашырымлы, образлы етип берилген. Бунда еки қошқардың басы тиккелей мәнисинде айтылып отырған жоқ, сол мысалда бир елдиң еки басшысы татыў болмаса, сол елге биреўи сыймайды деген мәнини астарлы берип отыр. Буннан басқа мәнини де анлаў мүмкин. Қалай деген менен көп мәнили, астарлы сөз өнери көринип тур. Нақыл-мақаллардағы көп мәнилик, астарлы, образлы етип бериўшилик, сөз өнерин иелетиў — халықтың ақыл- ойының, тәжирийбесиниң, сөзде шеберлигиниң илгерилегенинен дерек береди.

Нақыл-мақаллар поэтикалық жақтан да айрықша көзге түседи. Буларда образ дүзиўде өзине тән өзгешеликлерге ийе. Нақыл-мақаллар турмыс қубылысын кең, раўажланған түрде сүўретлемей ақ, оны оғада қысқа, бир гәптиң өзи менен ақ терең мәнили, образлы етип бере алады. Нақыл-мақалларды дөретиўшилер бундай усылды иске асырыў ушын астарлы, қашырымлы сөз дүзиўдиң ҳәр қыйлы түрлерин қолланыўы мүмкин. Мысалы, Жийренше шешенниң ақыллы ҳаялының ханға айтты деген сораў претиндеги нақылын алайық. Бунда:

«...Май айныса дуз салады,
Дуз айныса не қылады?..

— дейди. Бундай нақыл бизде де бар. Жазыўшы С. Мәжитов өзиниң «Гүлим — Тайман» пьесасында усы нақылды қолланып, Гүлимниң тилинен сол ўақтағы үстем класс топарларының әдалатсызлығын сүўретлеў ушын берип,

[1] Русское народное поэтическое творчество. М. 1971 г. стр. 78.
[2] Шешендик сөздер, Алматы, 1967-жыл, 23-бет.

«Май айныса туз саларман,
Туз айныса не қыларман..[1]»

— дейди. Жийренше шешенниң ҳаялының атынан айтылған бул сөз оғада астарлы берилмекте. Ўәзирлердиң айнытыўы менен хан Жийреншениң сулыў ҳаялына қол салмақшы болады. Бирақ, ҳаял ақыллылық ислеп ханды уялтып қорлаўдан, зорлаўдан қутылады. Бул жерде «туз» сөзи менен хан образы берилип отыр. Демек нақылда көркем сүўретлеўдиң, образ дүзиўдиң синекдоха усылын қолланған. Бул усыл метонимияның бир түри сыпатында болып келеди.

Образлылық — нақыл-мақаллардың адамларға ықпал ҳәм тәсир етиўин күшейтеди. Нақыл-мақаллардың образлылығы ҳаққында тағы бир мысал келтирейик: «Кутсуз кузднкка кир, кум яғар...[2]» (қутсыз қудыққа кирседе үстине қум жаўар), бизде «бийдәўлеттиң түйе үстинде ийт қабар» дейди. Бул мақалда көркем сүўретлеўдиң сатирик усылы қолланылған. Сатира жай ғана сынаў, ямаса адамның кемшилигин күлкиге алыў емес, ал қайнаған ғәзептиң өткир найзасы, кемшиликке қаратылған, шақмақ оты болыўы керек. Оның тийкарында қуўанышлы ҳәм әпиўайы сезим жатпастан, ең терең юмор жатыўы керек. Мақалда усы қәде иске асырылып, сөз өнери шебер иелетилген.

Нақыл-мақаллардың көркемлигин, образлылығын күшейтиўде көркем сүўретлеўдиң тенеў усылын қолланыўда үлкен орын тутады. Мысалы, жумыстың жоқары бетлеринде көрсетилген «бай баласы байға усар, байлаўда турған тайға усар», «Үйинде көп жасаған қарт болса, жазыўлы турған хаттай болар» деген мақалларда тенеўлер орынлы иелетилип, мақалдың көркемлигине, образлығына өз тәсирин ислеп, оны күшейтип тур.

Поэтикалық сүўретлеўдиң антитеза усылында нақыл-мақаллардың көркемлигин, образлығын арттырыўда қолланылғанын көремиз. Мысалы, Соппаслы Сыпыра жыраўдың толғаныўында «...бир сөзимниң палы бар, бир

[1] С. Мәжийтов. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының китапхана қоры, Р—240, қолжазба, 63-бет.
[2] Махмуд Қашқарый, «Девану лугатит түрк», Ташкент, I-том, 426-бет.

сөзимниң зәҳәри бар...[1]» делинсе, нақылда «жақсыға сөз ереди, жаманға шөп ереди» деп, жақсы ҳәм жаман адамға характерли жағдай қарама-қарсы қойылады.

«Қорқмиш кишига қой басшы қош корунар[2]», (Қорыққан адамға қойдың басы қос көринер) бизде де «қорыққанға қос көринеди» деген бар. Булардан басқа, усы мақалға мазмунлас «темирши тағаға жарымайды, етикши шегеге жарымайды», «көтере алмаған қосып арқалайды[3]» деген мақаллар бар. Бундай мақаллар зилсиз күлки, бундай ислеген адамларды халық алдында ҳәзил-шыны аралас азлап ермеклеп, мазақ етип, ондай кемшиликти болдырмаўға шақырады. Демек, мақалларда көркемлеўдиң, образ дүзиўдиң ирония усылы қолланылған. Көркемлеў қуралы орынлы исленилсе, — дөретпениң күшин, тәсирин арттырыўға болатуғынын көринип тур.

Жоқарыда көрсетилгенлерден басқа көркемлик сүўретлеў қуралларынан эпитет, метафора, тавтология ҳәм тағы басқаларда нақыл-мақалларда кең пайдаланылған. Мысалы, Соппаслы Сыпыра жыраўдың нақыл иретиндеги толғаўларынан бир үзинди келтирейик:

«...Едилдиң қара суўлары,
Көзиң бир күн қарығар,
Қара нар келмей халқына,
Қаралы кеўлим жай болмас...[4]».

Усыған қусаған тағы басқа нақыллар бар. Мысалы:

«Ақша қарда көп жүрсең,
Көзиң бир күн қарығар,
Ағайининен шет жүрсең,
Кеўлиң бир күн тарығар...[5]».

Бул жердеги «қара», «қаралы», «ақша» сөзлерин эпитет иретинде жақсы ислетип, мазмунға, көркемликке тәсир

[1] Соппаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған Қ. Мақсетов, «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1971-жыл, №9, 122-бет.
[2] Махмуд Қашқарый, «Девану луғатит түрк», Ташкент, 1963-жыл, III-том, 139-бет.
[3] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба жыйнаған Т. Нийетуллаев, 191—211-бетлер.
[4] Соппаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған, Қ. Мәмбетов. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1972-жыл, №9, 122-бет.
[5] Қарақалпақ фольклоры, 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 146-бет.

тийгизген. Булар халық дөретпелеринде турақлы эпитетлер болып есапланады. «Ата менен бала, гүл менен лала», «уўайым түби теңиз, батасаң да кетесең, тәўекел деген қайық, минесең де өтесең»[1] деген нақыллардағы «гүл, лала» ҳәм «теңиз, қайық» сөзлери метафора болып, ол орынлы ислетилген. Ал,

«Жақсы менен жолдас болсаң,
Жақсы-жақсы не көрерсең,
Жаман менен жолдас болсаң,
Жаман-жаман түс көрерсең...[2]»

деген нақылдағы «жақсы-жақсы» ҳәм «жаман-жаман» сөзлери көркем сүўретлеўдиң қайталаў усылы болады. Бундай мысалларды тағы да көплеп келтириў мүмкин.

Жуўмақлап айтқанда, көркем сүўретлеў қуралының барлығы дерлик нақыл-мақалларда бар екени даўсыз. Булардың барлығы нақыл-мақаллардың халықтың көркем дөретпелериниң бири ҳәм жанр иретинде қәлиплескениниң гүўасы болса, соның менен бирге, олардың бораслылығы—көркем нағысы десек, көркем сүўретлеў қуралларының орынлы орын табыўын — сол нағыстың кестелик жипек жиби деймиз.

ЖУМБАҚЛАР

«Жумбақ—әййемги жанр[3]». Бул пикирдиң даўсыз екенин ҳәмме фольклоршылар менен халықлардың жумбақ дөретпелериниң өзлери де тастыйықлайды. Белгили илимпаз ҳәм жазыўшы Мухтар Әўезов «Жумбақ — халық шығармаларының ишиндеги ең ески түриниң бири және барлық журттың фольклорына ортақ тур...[4]»—дейди.

Халықтың көркем дөретпелериниң ишинде жумбақтың белгили орын алатуғыны да ҳәм оның әййемги заманларда ақ жанр иретинде қәлиплескени ҳаққында бир қатар тарийхый дереклерди көрсетип өтиўге бола-

[1] Қарақалпақ фольклоры. 4-том, қолжазба, жыйнаған Т. Нийетуллаев, 148—220-бет.
[2] Бул да сонда. 106-бет.
[3] Русское народное поэтическое творчество, М., 1971 г. стр. 95.
[4] Мухтар Әўезов. Қазақтың халық жумбақлары, Алматы, 1959-жыл, 3-бет

ды. Әййемги Шығыс халықларының әдебиятында, әсиресе халық дөретпелеринде жумбақ бизиң әсиримизден бир қанша әсирлер бурын пайда болған ҳәм қәлиплескен. Мысалы, Ҳинди халқының әдебиятында, халық дөретпелеринде бизиң әсиримизден 1000 жыллар бурын жумбақтың қәлиплескени ҳаққында тарийхый дерек бар. Сол жумбақлардан үзинди келтирейик:

«...Ҳәр ай сайын жаңадан не туўады?»

(Шешими: Ай).

«...Суўыққа қарсы қандай дәри бар...[1]»

(Шешими: От).

Бундай мысалларды әййемги Мысыр, Вавилон, Шумер, Иран әдебиятларынан, халық дөретпелеринен де келтириўге болады. Фольклоршы Г. С. Дестуне «Жумбақлар греклердиң әййемги қәўимлериниң арасында 3 мыңнан аслам жыллар даўамында жасап келеди[2]» дейди. Ал XIII әсирде шыққан «Кодекс-куманикус[3]» («Қыпчақ сөзлиги») мийнетинде түркий тиллес халықлардың 50 ден артық жумбақлары көркем сөздиң үлгиси иретинде берилген. Буған қарағанда түркий тиллес халықларда, соның ишинде қарақалпақ халқында да жумбақлар оғада ерте дәўирлерде пайда болып, жанр иретинде қәлиплескен. Жанр иретинде қәлиплесип, халықтың көркем дөретпелериниң бири иретинде халыққа кеңнен таралып, адамлардың ой өрисиниң кеңейиўине белгили тәсир етпегенде илимий мийнет болған сөзликте көркем сөздиң жупкер айтылған терең мәнили, ықшам түри, үлгиси есабында жумбақларға тийисли орын берилмеген болар еди.

Демек, булардың барлығы жумбақлар — халық дөретпелериниң ең әййемгилериниң бири екенин ҳәм биз сөз етип отырған XI—XV әсирлерде жанр иретинде көптен қәлиплескенин тастыйықлайды.

---

[1] Поэзия и проза древнего Востока. М. 1973 г. стр. 423.

[2] Г. С. Дестуне, очерки греческой загадки с древних времен до новых, журнал министерства народного образования, часть С. С. XX, с. Петербург, 1890. Цитата Әсен Алимовтың «Қарақалпақ халық жумбақлары» деген «Қарақалпақ фольклорының», 3-томына жазған мақаласынан алынды.

[3] Codex cumanicus 3, Budopestini, 1880.

Жумбақлар қай дәўирде дөресе сол дәўирдеги адамлардың дүнья таныўына, оны сезип, ой елегинен өткериўине байланыслы болған. Себеби, жумбақтан адамның дүнья таныўдағы ой өрисиниң, қыялының қәддин сезиўге болады. Биз сөз етип отырған XI—XV әсирлерде пайда болған жумбақларда адам тек өз айналасындағы тәбият қубылысын, реаль турмыс жағдайларын жақсы бергенин көремиз. Гейпара орынлы ҳәм шекленген қыяллар болса да адам өзиниң көрген-билгенинен асып кете алмаған.

Жумбақлардың темасы кең. Олар халық турмысының барлық тараўын өз ишине алады. Әсиресе, мийнет, адамның өзиниң тәғдири, ой-санасының раўажланыўы биринши нәзерде турады. Жумбақлар көбинесе балаларға арналса да, адамды тәрбиялаў, оның ой өрисин өсириўде үлкен көркем қурал болып есапланады.

Халық дөретпелериниң ишинде жумбақ жанры өзине тән өзгешеликлерине ийе. Олар шебер дүзилип, «сөз образының гилти есабында[1]» көзге түседи. Жумбақлар астарлы, қашырымлы мәнили сөзлер менен қурылады. Бул жумбақларда халық даналығының көп сырлы, әлўан бояўлы маржанлары болып, оларды шешиў жақсы ақылды, тапқырлықты, терең ойлап көриўди талап етеди. Перделенген сөзлердиң шешими аңсатлық пенен табылмайды. Жумбақлар бир неше түрге бөлинеди. Биз булардың барлығына жумыстың барысында айырым тоқтап өтемиз.

Бизде басқа туўысқан халықлардай жумбақлар көп болса да, олар системаластырылып, өз алдына илимий жақтан изертлеў жумысы исленбегени мәлим. Тек соңғы жылларда бул жумыс қолға алынып, белгили дәрежеде илимий жумыслар жүргизиле баслады. Нәтийжеде, қарақалпақ халық жумбақлары бойынша Әсен Әлимов филология илимлериниң кандидаты дәрежесин алыў ушын диссертация жумыс жазып, оны табыслы жақлады ҳәм 1963—1970-жыллары еки ирет жумбақларды киши китапша етип шығарды және ҳәзир «қарақалпақ фольклоры» деген ат пенен «қарақалпақ халық жумбақлары» ның үшинши томын таярлады. Баспаға таярланған «Қарақалпақ фольклорының»

---

[1] Мухтар Әўезов. «Қазақтың халық жумбақлары» Алматы, 1959 жыл. 4-бет.

«үшиншн томы тек жумбақлар болып, олар көп темаларға бөлинип, мүмкин болғанша системаластырылған.

«XI—XV әсирлердин жумбақлары» дегенде бизин сүйенетуғын тийкарғы дерегимиз «Кодекс—куманикус» теги түркий тиллес халықлар жумбағы менен бизин жумбақларымыздың сәйкес келиўлери болып есапланады. Соның менен бирге, Жийренше Шешеннің жумбақ сөзлерди шешиўши ҳәм «Қарақалпақ фольклорының» үшинши томына кирген және басқа да 1920—1930-жыллары жыйналған жумбақлардың мазмуи жағынан биз сөз етип отырған дәўирлерге туўры келетуғынлары нәзерде тутылады. Айтылып отырған дәўирлерде жумбақлар ҳаққында жазылып қалған дереклердин аз болыўы—жумбақларды темаларға бөлип, оның тарийхый ҳәм жанрлық, көркемлик жақларын терең изертлеўге бир қатар қыйынлық туўдыратуғыны мәлим.

Халық жумбақларының үлкен темаларының бири—адамның өзи болып есапланады. Адам ҳаққындағы жумбақтың гейпараларында адамның пүткил өмири перделеп берилип, алдыңа саўал иретинде қайырылады ҳәм соны ақыл-ойды ислетип шешиў талап етиледи. Мысалы:

«Азанда төрт аяқлап,
Түсте еки аяқлап,
Кеште үш аяқлап жүреди[1]».

(Шешими: адамның еңбеклеў, жаслық, ғаррылық ўақыт).

Усы жумбақ рус, қазақ халықларының ишинде де усылай өзгериссиз айтылады. Мысалы: русша:

«Утром—на четырех ногах,
В полдень—на двух,
Вечером—на трех[2]».

[1] Қарақалпақ фольклоры.. 3-том, қолжазба, жыйнаған Ә. Әлимов. 52-бет.

[2] Новосибирск, «Загадка отгадай», 1972 г. стр. 11.

Қазақша төмендегидей:

«Таңертең төрт аяқтан,
Түсте еки аяқ пен,
Кешке үш аяқпен жүреди[1]».

Бул жумбақ бизин әсиримизге шекем бир неше әсирлер бурын әййемги грек жумбақларының ишинде де бар екени мәлим. Усыларға қарап буны аўдарма деп есаплаўға болама? Болмайды. Ҳәр халық адамның өмир тарийхын, тәжирийбеге қарап өзи дөреткен ҳәм өз жумбағы иретинде пайдаланып келген. Жумбақ—ерте заманларда дөрегеннен дерек береди. Жумбақтың астарлы сөзинде адам өмиринің диалектикалық нызамы—нәрестелик, ер жетиў ҳәм ғаррылық—бастан өтип турған өмир жолы екени айтылып отыр.

Бул жумбақтың әҳмийети, мәнилиги тағы сонда, жаңаның пайда болып, гөненің арадан кетиўи—үзликсиз процесс екени көрсетиледи. Бундай философиялық ой түйини—өмир тәжирийбесинен келип шыққаны сезиледи. Буның тәрбиялықта үлкен әҳмийети бар. Нәрестени жетилистириўдің қыйыншылығы ҳәм парызлығы, ғаррыларға ҳүрмет, ержеткен ўақтың қәдирин билип, оны орынлы, адам ушын пайдалы етип өткериў, ислетиў көз-қараслары көринеди.

Адамның мүшелери, денеси, қурылысы да жумбақ етилген. Бир қатар жумбақларда адамның тек бир мүшеси перделеп беріледи. Мысалы, төмендеги жумбақты алайық:

«Жол, жол—жол жатыр,
Жол үстинде пул жатыр,
Ақ қаланың ишинде,
Алпамыс, султан қол жатыр[2]»
(Шешими: адамның тили, тиси, аўзы).

Бул жумбақтың бир қанша вариантлары бар. Жумбақ 1920-жыллардың ақырында Т. С. Сафиев тәрепинен жыйналған. Ески жумбақтың бири деп қараймыз.

[1] Қазақтың халық жумбақлары, Алматы, 1959-жыл, 9-бет.

[2] Т. С. Сафиев жыйнаған, Өзбекстан Илимлер Академиясының қарақалпақ филиалының китапхана қоры, Р—22 — қолжазба, 503.

«Бир таўды мәкан еткен отыз бөри,
Отызының он жигит хызметкери...[1]».

(Шешими: адамның басы, отыз тиси, он бармағы).

«Белбеўде бес ат байлаўлы тур...[2]».

(«Шешими: адамның бес бармағы).

«Бес баслы елши келур[3]».
Бес баслы елши киятыр.

(Шешими: адамның бес бармағы).

Булардан басқа мысалларды келтирсе де болады. Көп жумбақларда адамның көзи, қасы, кирпиги, қулағы, мурны ҳәм басқа мүшелери де айтылады. Адамға арналған жумбақлардың барлығы дерлик әлепли, көркем етип берилген. Бул жумбақлардан адам өзин ҳәм қурылысын үйреніўге қанша дыққат аўдарғаны, мүшелериниң хызметин көркем сөз бенен шебер сүўретлей билиўи көринип тур. Адамға, оның қурылысына арналған жумбақларды адамның көркемлик анатомиясы десе болады. Бундай жумбақлар балаларды тәрбиялаўда да үлкен орын тутады. Оларға денеси, айырым мүшелериниң хызмети, оның атамаларын биліўи—ана тилин жастан үйреніўи жағынан жақсы сабақ болады.

Үй ҳайўанлары, оның өними, пайдасы ҳаққында көп жумбақлар дөретилген. Түйе, жылқы, сыйыр, қой—ешки, таўық, ийт, пышық жөнинде көп жумбақлар бар. Бул жумбақларда олардың белгилери—аттың жүйриклиги, түйениң бийиклиги, сыйырдың сүти, мүйизи, туяғы, ийттиң сақшылығы, пышықтың тамаққа тойып буйығып жатыўы ҳәм тағы басқалар сулыў сөз бенен тәрипленип, астарлы, қашырымлы, қупыя етип бериледи. Мысалы: «Кодекс—куманикус» (Қыпшақ сөзлигинде) мынадай жумбақлар бар:

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», I-том, 1951 г. стр. 35.
[2] Бул да сонда. 149-бет.
[3] Codex cumanicus. Budapestini 1880 г. стр. 144.

«Аққой маңа абзу йоқ...[1]
Ақ үй—абзы жоқ

(Шешими: тайықтың мәйеги).

Бизде усы жумбақ—дәл усылай айтылады ҳәм оның көп вариантлары бар. Мысалы:

«Ақ үйдиң абзы пүтин есиги жоқ,
Күн түсер төбесинде тесиги жоқ...
Есиги де жоқ, тесиги де жоқ,
Ақ отаў...[1]».

Бундай жумбақларды шешиў—адамның, әсиресе балалардың ой-өрисин кеңейтиўге белгили тәсир етиў менен бирге, оларды көркем сөзге үйретиўи ушын да әҳмийетли болып есапланады.

Көп жумбақларда ҳайўанлардың ишки ҳәм сыртқы белгилери ғана емес, олардың бузаў болыўынан туўыў мүддетине шекемги ўақыттың өзи де жақсы берилген. Сондай жумбақлардан бир мысал келтирейик:

«...Он еки түйе, он жылқы,
Тоғыз сыйыр, бес ешки,
Еки ярым қоян, үш түлки...[2]».

Демек, түйе онеки айда, жылқы—он айда, сыйыр—тоғыз айда, ешки-қой—бес айда, қоян—түлки—еки ярым, үш айда туўады.

Пышық—үйге үйренген, адамға үйир болып, оның менен бирге жасап киятырған үй ҳайўаны екени мәлим. Пышықтың адамға дослығы ҳаққында көп аңызлар бар. Пышықсыз үй жоқ деўге болады. Әсиресе жас балалар пышықты оғада жақсы көреди. Соның ушын пышық ҳаққында көп жумбақлардың болыўы, тосаттан емес, тәбийий болып көринеди. Адам өзи жақсы билген, күнделикте көрген, турмысына сиңискен

[1] , 1880 г. стр. 143.
[1] «Қарақалпақ фольклоры» 3-том, қолжазба жыйнаған Ә. Әлимов. 93—94-бетлер.
[2] Н. Баскаков. «Каракалпакский язык». I—том, М. 1951 г. стр. 184.

нәрсениң, заттың көркем сүўретин, мүсинин жақсы сала билген. Пышық ҳаққындағы жумбақтан бир мысал келтирейик:

«Мурты бар, сақалы жоқ,
Тоны бар, шапаны жоқ,
Отырып от басында пайда ойлайды,
Алысқа баратуғын сапары жоқ...[1]».

Пышықты сүўретлеў жақсы поэзияға айналған. Усының өзин ғана ҳәр бала ядлағанда да бир қосықты билген болады. Демек, жумбақлар халық педагогикасының бир шақабы екени сөзсиз.

Көп жумбақлар адамның керек-жарақ тутыныў ўәжлерине бағышланған. Адам өзине керек заттың сырын түсинип ҳәм оны көркемлеп сүўретлеп, мазмунын қупыялап, тымсал менен бериўи—оның ой-өрисиниң илгерилегенинен дерек береди. Пышық адамға керек ҳайўанлардың бири.

«Ичер, йер, ишке кирер[2]».
Ишер, жер, ишке кирер.

(Шешими: пышық).

Бул қарақалпақ халқында да усылай жумбақ етип, өзгериссиз айтылады. Мысалы:

«Ишеди, жейди,
Қайтып ишке киреди[3]».

Түркий тиллес халықлардың, соның ишинде қарақалпақ халқының да әдеўир бөлеги көшпели болғаны, соның ушын олар көбинесе қара үйди пайдаланғаны мәлим. Қара үй ҳәм оның үскенелери жақсы перденилип, көркемликке айналдырылып, жумбақ етилген. Мысалы:

---

[1] Бул да сонда, I—том. М. 1951 г. стр. 154.

[2] , 1880 г. стр. 145

[3] Өзбекстан Илимлер академиясының қарақалпақ филиалының китапхана қоры, Р—22 х. қолжазба, Т. Сафиев жыйнаған. 505 бет.

«Тап арты да қари[1]».
Ерте турдым, алып урдым.

(Шешими: қара үйдиң есиги).

Усы жумбақ бизде де өзгериссиз айтылады. Мысалы:

«Азанда турдым, алып урдым...[2]».

Булардың барлығынан жумбақ—дерекке, өмирде бар затқа сүйенип, материаллық база арқалы пайда болатуғыны, соның ушын белгили заттың яки нәрсениң түрли тәрепине нәзер аўдарып, сол тымсалға алынатуғыны көринеди.

Биз сөз етип отырған дәўирлерде от жағыў, оның пүткил хожалық ушын әҳмийети күшли болған. От—аўқат писириў, шай қайнатыў, адамның өзиниң жылыныўы ушын да керек екени мәлим. Әсиресе қыста отынсыз, от жақпай күн көриў қыйын. Сонлықтан от ҳаққында жумбақлар дөрелип, олар ҳәр қыйлы тымсалларда, түрли қупыя, перденелеўлер менен берилип—таң қаларлық нәрсе емес. Бул жумбақлар реаль турмыстың өзинен алынып, ол көркем етип берилген. Усындай жумбақлардан бир-еки мысал келтирейик:

«Абзу ашса өркени көрунар[3]».
Аўзын ашса өкмени көринеди.

(Шешими: есик ашылғанда үй ортасында көринген от).

Бизде усыған мазмунлас жумбақлар көп. Мысалы:

«Тақыяда жалт-жалт етер жулдызлар,
«Кирсең, шықсаң ҳәр тәрепке қозғалар...[4]».

(Шешими: ошақтағы от, ашылса шарпыўы).

---

[1] , 1880 г. стр. 147.

[2] Қарақалпақ фольклоры. 3-том қолжазба жыйнаған Ә. Әлимов. 149-бет.

[3] , 1880 г. стр. 147.

[4] Өзбекстан Илимлер академиясының қарақалпақ филиалының китапхана қоры, Т. Сафиев. жыйнаған. Р—22 х, 499-бет.

XI—XV әсирлерде суў қатнасының үлкен қуралы—кеме болғаны мәлим. Кеме—халық хожалығында жақсы орын тутқан. Көп жүклер теңизден, дәрьядан аржақ-бержаққа кеме менен алып өтилген. Халқымызда еки атама—кеме ҳәм қайық деген бар. Кеменің қайықтан үлкен екени сезиледи. Кеме атамасы көбирек айтылады. Соған қарағанда суў арқалы тийкарғы байланыс ҳәм халық хожалығына керекли әҳмийетли жүклер кеме менен жүргизилгени сезиледи. Қайық ҳаққында жумбақлар жоқ дерлик. Кеме ҳаққында жумбақлар әдеўир бар. Демек, халық турмыстың әҳмийетли тараўын, оған баслы керекли, тийкарғы нәрсени жумбақ етип, оны көркем сөзге айналдырып, халықтың дыққатына усынған. Усы тәризде ги жумбақлардан мысаллар келтирейик:

«Бу барды, изи йоқ[1]».
Мине баратыр, изи жоқ

(Шешими: кеме).

Усы жумбақ пенен мазмунлас, яки болмаса усының өзиндей өзгериссиз айтылатуғын жумбақлар бизде де көп ушырасады. Мысалы:

«Жүрсе изи жоқ.
Баўызласа қаны жоқ...[2]».
«Тап,—тап, тап басқа,
Табаны жалпақ сур қасқа
Үйирге қосеам киснемес,
Шөптиң басын тислемес...[3]».

Жумбақлар оғада астарлы, сырлы берилген. Өзи жүретуғын болып, оның изи болмаса, сойса қаны жоқ болса, бундай жумбақ—кимди болса да көп ойландырады, ақыл жүритип, турмыстың, айналадағы қубылыстың барлығына нәзер салыўды талап етеди.

Дүз мақлуқлары ишинде адамға зыянсыз, ушып-қонып тыным таппай жүретуғын мақлуқтың бири—гүбелек болып есапланады. Ол азарсыз мақлуқ болсада даланың бир сәни. Балалар оны жақсы көрип, услаў ушын изинен қуўып жүреди. Ебин билмеген услай алмайды, қанатынан еплеп усламасаң унталып ундай болып кетеди. Соның ушын мақлуқ, тәбиятын билиў керек. Бирақ түнде жарыққа урынып, отқа түсип күйип кетиўи—аянышлы. Адам—гүбелектиң барлық қурылысын, тәбиятын жақсы билген. Сол ушын гүбелек жөнинде көп жумбақлар дөреткен. Мысалы:

«Тап, тап тамузық,
Тамадирган тамузық,
Қологасел қойдирган тамузық».

Тап—тап тамызық,
Таматуғын тамызық,
Көлеңкеден келип,
Күйстуғын тамызық.

(Шешими: көбелек).

Усыған сәйкес жумбақ бизде де бар. Түркий тиллес халықларда бундай улыўмалық болыўы—тәбийий екени мәлим. Мысал келтирейик:

«Бар екен дүньяда сонындай бир жан,
Өз басын аямай отларға урған,
Услаўға бармайды, унталады ол,
Жүргени тыным жоқ ҳеш жерде оған[1]».

Кирпитикен де дүз мақлуқларының ишинде адамға зыянсыздың бири. Ол адамға пайда келтиреди. Жыланды услап алып жеп, адамды, әсиресе балаларды жыланның шағыўынан сақлаўға жәрдем береди. Кирпитикен бар жерде жылан болмайды. Балалар кирпитикен менен көп ойнайды. Дүзде болса да адамға пайдалы болғаны ушын кирпитикен ҳаққында жумбақлар көп ушырасады. Бизде оны «кирпи» ҳәм «Кирпитикен» деп те атайды. Бул жөниндеги жумбақлардан бир қатар мысаллар алып көрейик:

---

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», М. 1951 г. стр. 116.

[2] 1880 г., стр. 146.

[3] «Қарақалпақ фольклоры». 3-том, қолжазба, Ә. Әлимов жыйнаған. 154-бет.

[1] Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қоры, жыйнаған Т. Сафиев. Р—22 х. 511-бет.

«Язда яўлы тоқмақ ятыр.[1]».
Жазда жабыўлы тоқпақ жатыр.

(Шешими: Кирпи).

Усы жумбақ бизде де өзгериссиз айтылады ҳәм бир неше вариантлары да бар. Мысалы:

«Текшелеп тебен тиктим тамашаға,
Тырбанлап адым атлар оңашада...
Бир жанды көрдим аласа,
Әжайып өзи тамаша,
Ҳеш бир нәрсе бата алмас,
Қасқыр, айыў, жолбарыс,
Жыйналып, келип қалмаса[2]».

(Шешими: Кирпи—кирпитикен).

Дүздеги ҳайўанлар, жанлы мақлуқлар ишинен жылан атаўлысын адамлар жақсы көрмейди. Ески аңыз ҳәм әдет-үриплер жыланды адамға душпан деп түсиндиреди. Соның ушын «жыланды көрсең өлтирип кет, ең болмаса изинен кесек ат» деп нәсият етеди. Соған қарамастан жылан жөнинде жумбақлардың көп екени мәлим. Мысалы:

«Язда яўлы қаус ятыр[3]».
Жазда жайыўлы қайыс жатыр.

(Шешими: жылан).

Дәл усы мазмундағы ҳәм басқа да тымсаллар берилген жумбақлар бизде де көп. Мәселен:

«Жол үстинде майлы қайыс жатыр...
«Узын-узын из киятыр,
Узын бойлы қыз киятыр,
Қасқанасы қалтырап,
Көзганасы жалтырап...[4]».

---

[1] Codex Cumanikus, Budapest 1880 г. 145.
[2] «Қарақалпақ фольклоры». Ә. Әлимов, 88-бет. 3—том, қолжазба, жыйнаған
[3] Codex Cumanikus, Budapest, 1880 г. стр. 145.
[4] «Қарақалпақ фольклоры». Ә. Әлимов. 89-б. 3-том, қолжазба, жыйнаған

Буған қарағанда адам жыланды қанша жаман көрсе, айналасындағы тәбият қубылысына, жанлы мақлуқлар дүньясына нәзер салмай, дыққат аўдармай тура алмаған. Сонлықтан жылан ҳаққында да жумбақлар дөреткен. Демек, бул да тәбийий қубылыс болып есапланады.

Соны да көрсетип өтиў керек, биз жоқарыда келтирген мысалларымызда үй ҳәм дүз ҳайўанлары, мақлуқлары жөниндеги көпшилик жумбақларға тоқтаған жоқпыз. Буның себеби, биз мысалларды XI—XV әсирлердеги дереклерден ҳәм соған мазмунлас жумбақлардан келтирдик. Төрт түлик маллар, дүздеги барлық ҳайўанлар, мақлуқлар, аспан, жер, жулдыз, бағ, мийўа ҳәм басқалар ҳаққында жумбақлар оғада көп. Бирақ, биз сөз етип отырған дәўирлерде пайда болған жумбақлар ҳаққында дереклер аз, сол ушын биз оларды пайдалана алмағанымызды тағы көрсетип өткимиз келеди.

Жумбақлар—жанлы, жансыз көнкрет нәрселерди тымсал етип, олардың мәнисин қупыялап, перделеп бериў менен бирге, саўал-жуўап арқалы да, болғаны сезиледи. Буның мысалын Соппаслы Сыпыра жыраўдың Тоқтамысханның өмирине, ҳәмелдарларының ҳәрекетине байланыслы берген сораўларына оның толғаў менен берген жуўабынан көриўге болады. Жыраў «Аўыз айғақ, тил тайғақ» ҳәм «Ғаррыңман»[1] толғаўларында ханның жумбақлы сораўларына тартынбай ашық жуўап береди. Ал «Жатыр едим ғәплетте» толғаўында Тоқтамысханның келешегин айтып, егер Нуратдинди алдап өлтирмесең тахтан айрыласаң, екн қызыңды ол ҳаяллыққа алады, дейди. Бул толғаўларда даналық болжаўлар, әдалатсызлықты әшкаралаўлар ғана емес, астарлы, сораў жумбақларды шешиў излери де бар .

Жумбақтың саўал-жуўап түрлери ҳаққында көп мысаллар келтирсе болады. Бир ақыллы жигит үйленеди. Жолда киятырып қызды сынаў ушын саўал жумбақ айтады:

---

[1] Соппаслы Сыпыра жыраў, жыйнаған Қ. Мақсетов. «Әмиўдәрья» журналы, 1971-жыл, Нөкис, № 9, 121—124-бетлер. бетлер.

Жигит:

Қыс жақсыма, жаз жақсы,
Сиз жақсыма, биз жақсы?

Қыз:

Қаланыўға қыс жақсы,
Жайланыўға жаз жақсы,
Сырттан қалар сиз жақсы,
Иштен қурар биз жақсы...[1]

Жәнибекханның алпыс бийи болыпты, хан оларға «дүньяда не өлмейди?»—деген саўал-жуўап берген. Олар бир аўыздан:

«Ағын суў өлмейди,
Асқар таў өлмейди,
Аспанда ай менен күн өлмейди,
Әлемде қара жер өлмейди»,—

деп жуўап беріпти.

Жийреншеше шешен буларға қарсы шығып, төмендеги жуўапты берген екен, дейди:

«Ағын суўдың өлгени,
Алты ай қыста жатқаны,
Асқар таўдың өлгени,
Басын бултың жапқаны,
Ай менен күнниң өлгени,
Еңкейип барып батқаны,
Қара жердиң өлгени,
Қар астында жатқаны,
Ажал деген атқан оқ,
Бир алланың қақпаны,
Дүньяда не өлмейди? —
Жақсының аты өлмейди,
Алымның хаты өлмейди»,

Жийреншениң жумбақ-саўалды бундай шешиўинде үлкен мәни бар—өз дәўиріндеги ханларды, адамларды жақсылыққа,—халық ғамын ойлап, әдил болыўға, илимли болып, алдағыны көриўге, өнер үйреніўге шақырыў сезиледи.

Жумбақтың саўал-жуўап түрлериниң тек уйқасықлы ғана емес, уйқасықсыз келетуғынлары да бар. Н. А. Баскаковтың 1920-жыллардың орталарында шайыр

[1] Н. Жапақов. «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси». Нөкис, 1972-жыл, 15-бет.
[2] Шешендик сөзлер. Алматы, 1967-жыл, 21—28-бетлер.

Аяпберген Муўсаевтан жазып алған Жийреншениң саўал-жумбақларды шешиўинен бир-еки мысал келтиремиз. Жәнибекхан жел менен ушып баратырған қаңбақты көрип, «Жийренше Қаңбақ қайда баратыр, сөйлес»—дейди. Жийренше қаңбаққа барып сөйлескен болып қайтып келеди. Хан «Қаңбақ пенен сөйлестиңбе, қайда барады екен» дейди. Жийренше: «Сөйлестим, қаңбақ былай деп жуўап берди,—бизиң көшеримизди жел биледи, қонарымызды сай биледи, оны сорап жүрген сен тентек, соратып жүрген хан тентек»,—дейди. Тағы да, Жәнибекхан жол үстинде гөне тамда отырған еки байыўлыны көрип, олар «не сөйлесип отыр?»—соны шешип, билип бер деп Жийреншеге саўал қояды. Жийренше еки байыўлы қуда түсип отыр екен, бири менің қызым ушын усындай жүз қарабақана жай тауып берсең десе, екиншиси жүдә көп айттың, дейди. сонда қызы бары «Жәнибекхан саў болса жүз емес мың қарабақана табылады» деп қудасын жубатып отыр, дейди». Жийреншениң бул шешимлеринде қанша астарлы мәни жатыр. Өз саўалына жаўап беріп, зулымлығын бетине басып отыр.

Жумбақтың айтыс түрлери де бар. Соның менен бирге, белгили шайырлар, алымлар тәбияттың айырым қубылысын яки тутас жанлы, жансыз затты алып жумбақ етип қосық пенен тымсаллап бериў түрлери де бар.

Булардың барлығы жумбақ түрлерге бай екенин көрсетеди. Түрлердиң көплиги ҳәм оған байлық—көркем жанрдың қәлиплескенинен халықтың сүйикли көркем дөретпелериниң бири болып, халық жүрегинен белгили орын алғанынан дерек береди.

Жумбақлар көркемлик жақтан халық аўызеки әдебиятының ҳеш бир түринен кем емес. Бунда көркемлик—узақ сүўретлеўлер: монолог, эпилог, шегиниў ҳәм тағы басқалар менен берилмейди. Сыпатланатуғын заттың ең тийкарғы ҳәм турақлы белгилери ғана қысқа, тужырымлы, астарлы, қашырымлы етип беріледи. Жумбақларда көбинесе метафоралық жол басым болады, көп жумбақлар метафора арқалы дүзиледи. Көп жағдайларда жумбақтың шешиліўи—сол заттың—

[1] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык». М. 1951 г. стр. 232—233.

нәрсениң өзи яки ҳәрекети, ал жумбақтың өзи—оны метафоралық сәўлелендириў болып табылады. Аристотельдиң белгилеўи бойынша «жумбақ жақсы дүзилген метафора болып есапланады...[1]». Буның мысалын төмендеги жумбақтан көриўге болады:

«Бир таўдың басында еки лашын,
Көрмейди қанша ушса таўдың басын...[2]».

(«Шешими: адамның еки көзи, басы).

Тек метафора емес, жумбақларды дүзиўде эпитетлер де көп ушырасады.

«Он бүркит, отыз ақ қуў көлде жатқан,
Ол ақ қуў ҳәр нәрсениң дәмин татқан[3]».

(Шешими: он бармақ, отыз тис).

Жумбақларда көркемлеў қуралының тек бул түрлери ғана емес, басқа түрлери де жетерлик түрде қолланылады. Жумбақ дүзиўде көркемлеўдиң теңеў қуралы да жақсы ислетилгенин, пайдаланылғанын көремиз. Мәселен:

«Жас күнинде орақтай,
Орта жаста шөректей...[4]».

(Шешими: Ай).

Жумбақларды дүзиўде ислетилген көркемлеў қуралары тек жоқарыда көрсетилгенлер менен шекленбейди. Жумбақлардың көркемлик тәсирин күшейтип, адамның ой-өрисин кеңейтиўге ғана емес, эстетикалық талабын қанаатландырыў ушын да сөзди шебер, ядта қаларлық етип дүзиўде ирония, гипербола, юмор ҳәм тағы басқа да көркемлеў қуралары жақсы пайда-

[1] Русское народное поэтическое творчество. М. 1971 г. стр. 91.
[2] Қарақалпақ фольклоры, 3-том, қолжазба, жыйнаған Ә. Әлимов. 56.
[3] Н. А. Баскаков. «Каракалпакский язык», М. 1951 г. стр. 192.
[4] «Қарақалпақ фольклоры.» 3-том, қолжазба, жыйнаған Ә. Әлимов. 39-бет.

ланылған. Булардың барлығынан мысаллар келтириўдиң кереги болмас деймиз.

Көп жумбақлар шын мәнисинде қосық түринде дөретилген. Булардың көп мысалын жоқарыда келтирилген үзиндилерден анық көриўге болады. Жумбақлар тек уйқасықлы сөз қурылысы жағынан ғана емес, поэтикалық күши, сапасы, қәсийети жағынан да дыққатқа миясар. Бир қатар қосық-жумбақтың тек бир шүўмағында үлкен әҳмийетке ийе терең мәни аңлататуғын жағдайды көремиз. Бундай қосық-жумбақлар поэзияның жақсы үлгиси иретинде көзге түседи. Бир мысал келтирейик:

«Кең жағырынлы дөңгеленген бир киси,
Қыймылдайды, оның жарқылдар тиси,
Етлерине тырнап жара салсаң да,
Оның менен сирә болмайды иси...[1]».

(Шешими: Жер).

Булардың барлығы жумбақлардың жақсы көркемлигинен, халқымыздың ойлаў, пикир жүргизиў уқыбының кең ҳәм тереңлигинен дерек береди. Сөзден көркем нағыс ойыў, оны кеўилге қонарлы, астарлы ҳәм қашырымлы етип дөретиў аңсат емес, бул үлкен талантқа байланыслы. Халқымыздың талантлы халықлардың бири екени ушын орынлы мақтанамыз.

Жуўмақлап айтқанда, жумбақлар халқымыздың рухый байлықларының ҳәм көркем сөз маржанларының бири, ол ерте заманларда жанр иретинде қәлиплесип, әсирлер бойы раўажланған және халыққа табыслы хызмет еткен.

ЖӘРИЯЛАНБАҒАН ДӘСТАНЛАР

Қарақалпақ халқы—аўызеки әдебияттың мәйда жанрлары ғана емес, ири эпикалық жанрларына да бай халықтың бири. Усы байлықтың бир қаншасы баспаға басылып, жәмийетшилик алдына тартылып, совет халықларының мәденият, әдебият ғәзийнесиниң сыйлы қатарынан орын алды. Буның мысалын «Қырық қыз», «Шә-

[1] Бул да сонда, 41-бет.

рьяр» ҳәм басқа дәстанлардан көриўге болады. Бирақ, соның менен бирге, буннан 35 жыл бурын жазып алынған дәстанлар усы күнге шекем жәмийетшиликтиң дыққатына жеткерилмей, китап оқыўшылардың алдына тартылмай, архивти ақтарған аз санлы адамлардың көзине илинип, үсти ашылмай атырған дәстанлар да көп екенин көрип жүрмиз.

Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қорында ҳәзир ҳәр жыраўдан, бақсыдан жазып алынған вариантларын санамағанның өзинде де 50 ден аслам бир-биринен айырылып турағын дәстанлар бар. Бул оғада үлкен мәдений байлық. Өкинишли жери сонда, қолжазбаларды сақлаўда қатты тәртиптиң болмағаныннан, жойылса орны толмайтуғын ғәзийнеге жуўапкерсиз қараўдың салдарынан бир қатар қолжазба дәстанлар ҳәзир ушты-күйди табылмай атырса, бир қатарының атлары басқа китапхана қорларында көринеди. Ҳәзир бундай аўҳалға жол қоймаўдың барлық илажлары исленип атыр.

Үлкен илаждың бири—Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының қарақалпақ фольклоры секторының илимий хызмекерлери басқа да әдебиятшылардың қатнасы менен халқымыздың аўызеки әдебий дөретпелериниң үлгилеринен 20 том қурастырып, соны баспада шығарып, жәмийетшилик алдына тартыўға киристи. Усыдан ҳәзир 8 том баспаға таяр болды. Енди «Қарақалпақстан» мәмлекет баспасы планға киргизиўден, қағаз ҳәм сөзден иске көшсе, үлкен ис болажағы, оқыўшыларға халқымыздың алтыннан зыят ғәзийнеси алдына тартылажағы көринип тур.

Жәрияланбаған дәстанлар басылып шыққан «Алпамыс», «Қоблан» ҳәм «Қырқ қыз» дәстанларына қарағанда көлеми жағынан кишилеў, бирақ, мәселе шығарманың үлкен ямаса кишисинде емес екени мәлим. Бул дәстанлар мазмуны, идеясы ҳәм халқымыздың тарийхы, мәденият, әдебият тарийхы ушын жәрияланған дәстанлардан кем емес екени көринеди. Бул дәстанлар халқымыздың тарийхын, мәдениятын ҳәм әдебият тарийхын толықтырыўда үлкен әҳмийетке ийе деп ойлаймыз.

Баспасөз жүзинде жәриялап, өз алдына китап етип шығарыў әрманымыз иске асқанша, бирқанша ўақыт өтетуғыны анық. Сол ушын журнал оқыўшыларын, ол арқалы жәмийетшиликти жәрияланбаған дәстанлар менен қысқаша таныстырып турыў мақсетин нәзерде тутып отырмыз. Бул мақалада «Жаскелен», «Жәҳанша» ҳәм «Шийрин-шекер» дәстанлары ҳаққында сөз еткимиз келеди. Бул үш дәстан да атақлы жыраўымыз Қурбанбай Тәжибаевтан жазып алынған. «Жас келен» ҳәм «Шийрин-шекер» дәстанларын 1939-жылы Сәдирбай Мәўленов ҳәм Шәмшет Хожаниязов жазып алса, «Жәҳанша» дәстанын шайыр Мәтен Сейтниязов 1956-жылы жазып алған. «Жаскелен» дәстанының қысқаша ўақыя дизбеги төмендегилерден ибарат: өткен он сан ноғай елинде Бабаханның журтында Балтакей деген батыр болады. Ол ел тиреги болып, елин сыртқы жаўдан қорғайды. Балтакей ҳәм оның жолдасы Аққозы анда жүргенде қалмақтың ханы Қарахан көп ләшкер менен буларға топылыс жасайды. Батырлар ғайрат етип урыс жүргизеди, бирақ жаў нәмәртлик етип Балтакей менен Аққозыны буққыда жатып атып, Аққозыны өлтиреди, аўыр жарадар Балтакейди минген аты урыс майданынан алып шығып таўдың жырасына таслап, үйине барады. Балтакейдиң ҳаялы Балакей аўҳалға түсинип, жас қызы—Шаўралай ҳәм улы Жаскелен менен хошласып күйеўиниң сүйегин излеп шығады, оны табады, аўыр жараны таңып атырғанда душпанлар қоршап алады, бул да батырлық көрсетип көп жаўды қырады, мәртлик айқаста Балакейдиң жеңилмейтуғынын билген Қарахан буған да сумлық етип, қырық мергенге буққы таслап жатып аттырады, аўыр жарадар етип қолға түсирип, Балтакей менен Балакейдиң басын кесип алады.

Батырлар өлгеннен кейин ноғайлының ханы Бабахан қарсылық етпей Қараханға беріледи. Ноғайлының ели душпан тәрепинен шабылып ойран болады, мал-мүлик таланып, мийнеткеш халықтың қашып қутылмағаны тутқын етип айдап алып кетиледи. Қарахан зулымлық етип басын кесип алынған ата ҳәм ананың геўдеси артылған түйениң үстине еки жас баласы мингизип, Шаўралай менен Жаскеленди де алып кетеди. Бирақ айдалып баратырған ноғайлылар балаларды ебин таўып бир тоғайлықта қашырады, соған

қарамастан, Жаскелен балалық етип тоғайдан шығып жолда ойнап жүргенде Қараханның адамлары ұслап алады. Тағы да ноғайлылар баланы өлди деп өтирік сылтаў таўып, жолындағы бир сайыз көлге атын таслап кетеди, буны Шаўралай таўып алады. ата-анасының да душпанлар тәрепинен таслап кеткен өлигин екеўи жерлеп, қайғы-ҳәсиреттиң түпсиз теңизине түсип, тоғайдан басының аўған жағына кетип баратырса ғайыптан ябы минген бир баба жолығып, ол баба буларды көзди ашып-жумғанша Түркстан елине, перзентсиз бай ғарры Курбай дегенге әкелип тапсырады. Балалар ғаррыға бири қызы, бири улы болып өсе береди.

Жаскелен ең дәслеп өз күшин аўыл балалары арасында, кейин Түркстан ҳәм Бухара аралығын пәтенге келтирип, журтты зар жылатып жүрген қырық қарақшы менен гүресте сынап көреди, қырық қарақшының баслығы баланың пәнжесинен атаңның досты едим, сени излеп жүрип едим, Ур төбе таўына ат-жарақ алып бар, мен жигитлерди жыйнап қояман, соннан кейин Қараханға қарсы атланып, ата-анаңның кегин аламыз деп, алдап зордан қутылады. Жаскелен буған исенеди. Апасын ортаға салып, өгей атасынан ат-жарақ сорап алып, ўәделескен жерине барса, қырық қарақшының баслығының алдағанын биледи, оларды қуўып жүрип, дәўдей жигитке жолығады. Бул жигит ҳақыйқат дос, Жаскеленди излеп жүрген, әкеси менен әкеси дос, елди жаў шапқанда басқа елде жүрген, қайтып келсе ноғайлы елиниң бүлингенин билген, елди қураўға Жаскелен менен биригип Қараханға қарсы гүреске келген Жанадил батыр екен. Екеўи усы жерде танысып, қалмақ ханы Қараханға қарсы гүреске атланып кетеди. Қарахан да сезикленеди. Түс көреди, түсинде жаман ис көреди. Түсти жорыған хан ўәзирлери де Қараханға жақсылық болар деп айтпайды. Ноғайлының тыныш елин бүлдирген едиң, соның кесирине ушырамасақ болар еди дейди. Бул ўақытларда Жанадил менен Жаскелен де Қараханның елиниң шетине келип жеткен болады.

Бурынғы тәртип бойынша өши кеткен өш алыў ушын гүрес гезеги өшпенлиги бериледи екен. Сол бойынша Қараханға қарсы гүрести еле буўыны қатып жетилмесе де, Жаскелен алады, Қарахан көп жерде балаға басым келеди. Жаскеленди аттан аўдарып тақымға басып алып кетип баратырғанда бала соңғы күшин жумсап, белиндеги қанжар менен ханды жарып өлтиреди. Хан өлген соң қалмақлар бериледи... Жанадилдиң кеңеси менен қалмақ жаў иретинде шабылмайды ҳәм зорлық пенен тутқын етилмейди, ноғайлының бүлингени ушын, Балтакей, Балакей, Аққозының өлими ушын, қалмақ халқы емес, Қарахан ҳәм оның ўәзирлери айыплы деген түсиникти береди. Ноғайлы елинен тутқын болып айдалып келгенлер мал-мүлки менен қайтарылады, қалмақ халқының қәлеўи бойынша хан емес, бийлер таңлап қойылады. Жаскелен өгей атасынан рухсат ҳәм ақ пәтиясын алып қайтыў ушын бир жүз нарға жүк салып, соның қырқына зер, алтын артып жолға шығады. Жанадил өзиниң садағынан бир оқ береди, егер жаманлық болса ушынан қан ағып белги береди, сол ўақта сен де, мен де табысқаймыз дейди.

Жаскелен жолда баяғы қырық қарақшының үстинен шығады. Олар ҳийле қурып тағы буны алдайды, түнде жатқан үйиниң есигине алмас қылыш байлап қойып, өтириктен «жаў келди» деп шаўқым салады. Жаскелен тез жуўырып шығаман деп бир аяқтан айырылады. Усы жағдайдан пайдаланып қарақшылар нарлар менен дүньяларды алып кетпекши болып атырғанда Жаскелен мениң атымды да алып кетиң, жолда апама берип кетиң деп өтиниш етеди, олар кетеди ҳәм Шаўралай атты танып, аўҳалға түсинип, инисин излеп табады, аяғы сынған кийиктиң шөп пенен емленип кеткенин көрип, бул да соның менен инисиниң аяғын емлеп жазады, сол мәҳәллерде Жанадил келеди ҳәм үшеўи қарақшыларды излеп таўып, олардың басшыларын жазалап, нарлар менен зерлерди алып, өгей атасы Курбайдың үйине барады, жаўларын жеңип аман-есен қайтып той бериледи, бул тойдың кейни Жанадил менен Шаўралайдың бас қосқан тойына айналады, арадан бираз ўақыт өткен соң Жанадилдиң кеңеси менен Жаскеленди ноғайлы елине қайтарыў уйғарылады, ол көп мал-дүнья, жигитлер менен өзиниң туўылған жери—ноғайлы елине келеди, ели қуўаныш пенен қарсы алады, жетим менен жесирге мал-дүньяны бөлип береди, өзи туўған елиниң ардақлы ба-

тыры, қорған-тиреги болып, батыр да, ели де шадлық дәўран сүреди.

Усы ўақыялардың барлығы терме-толғаў, төрт қатарлы қосық пенен баян етиледи. Дәстанның көлеми 6 баспа табақтан аслам, 4000 қатардан артық қосықтан ибарат. Бул дәстан қарақалпақ халқының улыўма тарийхы ушын да белгили әҳмийетке ийе деп ойлаймыз. Дәстан IV—XV әсирлерде дөреген болыўы керек деп шамалаймыз. Себеби, дәстандағы тийкарғы мақсет ноғайлылар аўқамын сыртқы жаўдан қорғаўға ҳәм беккемлеўге қаратылған. Басқа дәстанларда ноғайлы халқы бир қатар жағдайларға байланыслы аталады. Бирақ бул дәстанда бастан-ақырына шекем ноғайлы халқының тәғдирин жырлап бул аўқамды беккемлеў идеясын сәўлелендиретуғын дәстанлар кем ушырасады. Оның үстине сол дәўирлерде тарийхта болған адамлардың (Жәнибек ҳан ҳәм тағы басқалар) атлары да ўақыяға араласып орын алады. Булардың барлығы дәстан, реаль турмыс, болған ўақыялар тийкарында дөреген деўге мүмкиншилик береди.

Қурбанбай жыраўдың дәстанларына тән характерли нәрсениң бири дәстандағы ўақыялардың, оның қаҳарманларының ислерин де, минез-қулқын да реалистлик басым болып келиўи екени анық. Жыраўдың дәстанларындағы қаҳарманлар басқа бир қатар дәстанлардағыдай атса оқ өтпейтуғын, шапса қылыш кеспейтуғын болып келмей, басқа қыйыншылық түскенде «ғайыптан» емес, дослардан, халықтан таяныш табатуғын болып келеди. Бул дәстандағы унамлы қаҳарманлар да усылай сүўретленеди. Мысалы, Балтакей ауыр жарадар болғанда батыр ҳаялы Балакей, булардың балалары қыйыншылыққа түскенде халқы, Жаскелен қыйын жағдайда қалғанда апасы Шаўралай ҳәм досты Жанадил жәрдем береди. Шаўралай менен Жаскелен тоғайда жылап жүргенде ябы минген бабаның жолығып, көзди ашып жумғанша балаларды Түркстан жерине келип таслаған көринистен басқа дәстандағы барлық ўақыялар реалистлик пенен сүўретленген деўге болады. Дәстанда ноғайлы халқының сыртқы душпаны—қалмақ ханы Қарахан ҳийлекер, күшли етип сүўретленеди. Соның ушын оның менен гүрес, оны жеңиў ислери де аңсат болмайды. Бул да реалистлик болып табылады.

Дәстанда халықтың сыртқы душпанларына, жаўлап алыўшыларға қарсы гүрес пенен бирге ишки душпанларға—қарақшылар, бузақы, ҳарам-тамақларға қарсы гүресиў де берилген. Бул да характерли жағдай. Өйткени, халықты тек сыртқы жаўдан емес, ишки душпанлардан сақлаў, халықтың тынышлығын тәмийин етиў, ол ушын гүрес жүргизиў үлкен идея болып есапланады. Мәселениң усындай қойылыўы ҳәм бул жағдайлардың көркем сүўретлениўи—дәстанның бәҳалылығын ҳәм халықлығын аңлатады.

Дәстанның баҳалы тәреплериниң бири—адамды сүйиўшилик идеяларының жақсы берилиўинде. Гуманизм—дәстандағы тийкарғы бағдардың бири болып оның халықлық сапасын жоқары көтерип тур деп есаплаймыз. Буны дәстандағы бийкарға қан төкпеў: халықтың парахат турмысын бузбаў идеяларының берилиўинен ҳәм Жаскеленниң қалмақ ханы Қараханның үстинен жеңис тапқаны қалмақ халқын бўлдирмей, шаўып алыўға жол бермей, әсир етпей, тек залым басшыларын жазалап, әдил бийлерин тайынлап кетиўинен көриўге болады.

Бул идеялар ол дәўирлер ушын тек халықтың әрманы болса да, усының әсирлер даўамында берилип келиниўи ҳәм халықты усы гуманизм руўхында тәрбиялаў, бир халықтың екинши халыққа өшпенлик, жек көриўшилик емес, дослық қатнасын пропагандалаў—дәстанның халықлық әҳмийетин тағы жоқары көтереди.

«Жаскелен» дәстаны көркемликтен де қуры қол емес. Тек ўақыялардың байланысы, шийеленисип, қызықлы болып келиўи менен ғана емес, көркем сөз көрсетпелери менен де дәстан тыңлаўшыларын, оқыўшыларын өзине сөзсиз тартады. Мысалы Жаскеленниң минген атын сүўретлеген жеринен үзинди алып көрейик. Онда мынадай сулыў сүўретлер бар:

«Астындағы Бадамкөк»
Бели жайдай бүгилип,
Көзи көкке тигилип,
Жер танабын қуўырып,
Жерден торпақ суўырып...»

деп, жүйрик аттың сүўретин көз алдына келтиреди. Бундай мысалларды тағы көплеп келтирсе болады.

Дәстан хаққында ҳәзирше усы қысқа пикирлер ме-

нен шекленсек те, бир жағдайды көрсетип өтиў керек. «Жаскелен» ди жазып алыўшылар жыраўдың тилинен бул дөретпени классик шайырымыз Жийен Аманлық улыники деген сөз қалдырған. Бул пикирге биз ҳәзир қосыла алмаймыз. Буны жақсы изертлеп анықлаў керек.

Бирақ, Қурбанбай жыраўдың билген ҳәм жазып алынған көп дәстанларының ишинде «Қырық қыз» бенен буны Жийеннің аты менен байланыстырыўдың себеплерине терең үңилип, сырын анықлаўымыз керек. Қурбанбай Тәжибаев көп жыраўлардың бул дәстанды әўладтан-әўладқа жеткергенин ҳәм өзиниң белгили Халмурат жыраўдан үйренгенин билдиреди. Усы тийкарда дәстанды ески қарақалпақ дәстаны деп қараймыз.

«Шийрин-Шекер» дәстанының сюжетлик қурылысы ҳәм ўақыялардың берилиўи «Жаскелен» дәстанынан пүткиллей басқаша болып келеди. Дәстанның өзеги көп дәстанларда болғанындай перзент излеў ўақыясы менен байланыслы. Бурынғы өткен заманда Ират деген қалада оның Уәлийхан патшасы, Қараман деген ўәзири болып, олар перзентсиз болады. Саҳраға шығып патша менен ўәзир дәртлесип отырса бир баба пайда болып, екеўине еки алма берип, екеўин де перзентли боласыз, атларын Шийрин ҳәм Шекер қойың деп, көзден ғайып болады. Патша алманы үлкен ҳаялы Ақбилек айымға береди, ол патшаның киши ҳаялы Инжайым менен бөлисин жемекши болса, патша алманы бөлмей пүтин жеўге хүким етеди, ўәзир де алманы ҳаялына береди, арадан тийисли ўақыт өткен соң патша менен ўәзирдиң ҳаяллары ул туўады, ўәзирдиң ҳаялы баланы туўып болғаннан соң өлип кетеди, ўәзир бул дәртке шыдамай баланы қундақлап сарайға таслап басын алып кетип қалады. Патша баланы алып, киши, баласыз ҳаялы Инжайымға апарса— ол алмайды, киси баласы перзентлик етпейди дейди. Патша баланы Ақбилек айымға береди, ол еки баланы емизип асырай береди. Балаларға Шийрин ҳәм Шекер деп ат қойылады. Балалар камалға келеди. Аңға шығады. Ҳаялдан узамай еки ғазды көреди, Шийриниң биреўдиң асыранды ғазы шығар, атпа деген ине қарамай Шекер ғазды атып жарадар етеди, ғазлар ушып Инжайымның сарайына келеди, бала-

лар ғазды бер десе ҳаял урыс шығарады, ҳаялдан зорлық етип ғазды алады, бирақ, қызыспа ўақтында ҳаял билдирмей балалардың шапанының шалғайынан кесип нусқа алып қалады. Балалар ғазды патшаға апарып оның ўақтын хошлайды. Ҳаял да сарайға келип, көпшилик алдында балаларын туўмағанлық етип маған зорлық иследи, дәлилим мына кесип алынған шапан, шалғайының қыйындысы дейди. Патша гүнасыз балаларды жала менен дарға асыўды буйырады. Баяғы алма берген баба балаларды дар астынан билдирмей алып шығып, қаладан шетке шығарып, жети жолдың қосылған жерине таслап кетеди.

Шекер узақтан көринген таўға қарай кетип, ол пана излеп келмекши болғанда Ақпан деген залым байға тап болып, зорлық пенен оның шопанына айналады. Шийринди жолдан өтип баратырған Абдулла саўдагер алып кетип, Қараәдил ханға береди. Ол қул ретинде емес, мийман ретинде қарап, Қулғынай деген қызын берип, күйеў бала перзент етип алады. Қой бағып жүрген Шекердиң ийнине Шайыбоссам деген патшаның қусы қонып, ол патша келгенше ушпай отырады. Патша келип, баланы шопанлыққа ылайық көрмей, өзи менен бирге алып кетеди ҳәм арада жала, өтирик-өсек сөзлер, адамды бузыўшылардың, күншиллердиң болыўына қарамастан бул да қызы Гүлхадыйшаны Шекерге берип, күйеў бала етип алады. Арадан бир қанша ўақыт өтеди. Шекер ел-журтын, ата-анасын ҳәм инниси Шийринди сағынады, буларды Гүлхадыйшаға айтып шағынады, иштиң хәўирин басыў ушын тулпар минип саҳраға шыққа баяғы дар астынан алып шыққан баба жолығып, инниси Шийриниң яры Қулғынайдан айырылып қалғанын, оны Қарахан дегенниң алып қашқанын айтады, буннан Шекердиң тез жәрдемге барғысы келеди ҳәм Гүлхатыйша да бирге жасырын түрде кетиўге таярланады. Екеўи еки тулпарға минип түнде жүрип кетеди. Көп шөлистанды өтип неше күнлерде бир бағқа жетеди. Бунда Қарахан дәў Шийриниң ҳаялы Қулғынайды қәпеске салып қойған екен. Булар өзлериниң атларын айтқанда ол бири қайнағасы, бири абысыны екенин аңлайды ҳәм Қарахан дәўдиң қолында зая болмай, бул жерден тез кетиўин сорайды. Шекер излеген душпанынан қорқып қашыўды намыс көреди, не болса да дәўди оятып ашық жаўла-

сыўға бел байлайды. Өзиниң күши ҳәм баяғы бабасының жәрдеми менен дәўди ашық жаўласыўда атып өлтиреди. Шекер дәўди өлтиргенин көрген соң келини—Қулғынайдың кеўли жаманлыққа кетеди. Шийринди өлди деп ҳәм абысыны Гүлхадыйшаны жаманлап буған тийип алыўды ниет етеди. Бирақ, Шекер оның мәккар ҳарамлық сөзлерине берилмей, адамгершилиги пәс екенин билип, оны да урып өлтиреди.

Ҳаялы екеўи жол жүрип кетеди, жолда атлары дәў тәрепинен зәҳәрленген булақтан суў ишип өлип қалады, ийнда көп жерлерден жүрип өтеди, жолда баратырып айы-күни толып ҳаялы еки ул туўады. Оларға Хасан—Үсен деп ат қояды. Жолда баяғы Абдулла көрўан басыға жолығады, ол өтириктен қыяметлик дос болайық деп ҳарамылық етеди. Ҳаялының кецесин тыңламай көрўан басының дузағына түсип, оның шарапқа қосып берген уўының зардабынан Шекер өлим ҳалына келеди ҳәм ҳаялынан Шийринди таўып алып, сәлемин жеткериўди, болған аўҳалды айтыўды өтинеди. Көрўан басы буны өлди деп таслап кетеди ҳәм ҳаялдың еки баласын да сол жерге таслап, өзин зорлап түйеге мингизип, өзине ҳаял етиў жолын ойлайды.

Көрўан жүрип кеткен соң шопанлар Шекердиң ҳәм еки баланың үстинен шығады. Шекердиң жаны бар екенин сезип, қатық берип жазады. Шекер балаларын алып көрўанның изинен кетеди. Балалары аш болғанда кийик жолығып, соған емизип алады. Қарўан басының сыры ашылып қашады. Сурмергенди Гүлхадыйша урып өлтиреди, ол қәйниси Шийринге жәрдем береди. Буларға балаларын қолына алып киятырған Шекер де қосылады.

Абдулла көрўан басы өзиниң ҳарамылық ислерин жасырып бажы алыўшы Шийрин зорлық етип көрўанды талады, мал-дүньяны тартып алды деп Қараәдилханға жылап барады, егер мал-дүньясын қайтарып алып бермесе ҳәм Шийринди жазаламаса өз елиниң патшасына шағым ететуғынын айтады. Шийринди көре алмай жүрген ханның күншил ўәзири де бул отқа май қуйып ханға пәт береди. Хан Шийриниң үстине ләшкер тартады. Абдулланың ҳарамлылығынан наҳақ қанлар төгиледи. Ҳақыйқатлық жүзеге шығып, Абдулла жазаланады. Шийрин ҳәм Шекер елине қайтып Ақпан бай да жазаланып, өсекши, жалақор ҳаял Инжиниң салдарынан ата-анасынан айырылып, көп қыйыншылықларға ушыраған балалар шынлық жеңис таўып ата-анасына қосылады.

Дәстанның қысқаша мазмуны усылардан ибарат.

«Шийрин-Шекер» дәстанының дәслепки дөрелиў ўақты бизди узақ дәўирлерге силтейтуғыны сезиледи. Өйткени дәстан «Алпамыс», «Қоблан» дәстанлары менен сабақлас көринеди. «Қоблан» дәстанындағы Қыдырбай ғаррының перзент тилеп әўлийелерге түнеўи, әўлийелердиң «шарапаты» менен Қобланның пайда болыўы—«Шийрин-Шекер» дәстанындағы Ўәлийхан менен Қараман ўәзирдиң перзент тилеп сахрада муңласыўы ҳәм ғайыптан пайда болған бабаның екеўине екі алма берип, перзентли боласыз деўинде, солай етип Шийрин ҳәм Шекер, Қобланның дүньяға келиўинде уқсаслық бары көринип тур. Қоблан батырға да қысынған жерде «пийри» жәрдем берсе, Шекерге де қыйыншылыққа түскенде сол баяғы бабасы келип жәрдем береди.

Еки дәстанда да («Қоблан» ҳәм «Шийрин-Шекер») мифологиялық көринислер ушырасады. Ҳәр қыйлы жағдайда болса да дәўлер менен гүреслер, оларды зор күш ҳәм «пийир бабаның» жәрдеми арқасында жеңилиўлер бар. Шекердиң перилер мектебинде оқыйтуғын Гүлхадыйшаға үйлениўи, Шекердиң уллары—Хасан, Үсенди кийиктиң емизиўи, кийикке адамдай тил питиўи, Инжайымның еки ғазды бала орнына асыраўы—булардың барлығы мифлик элементлер, көринислер екени анық.

Булардың үстине, Шийрин менен Шекердиң бала ўақларындағы көп қыйыншылықлар—өсек ҳәм жала, дарға асыўға буйырылыўы, шопанлықта жүриўи, бундай азаптан бабаның жәрдеми нәтийжесинде қутылыўы «Шәрьяр» дәстанындағы Шәрьяр ҳәм оның қарындасы Әнжимниң балалық ўақтындағы көрген азаплары, олардың өмир ушын гүресиўлери ол пәк, таза нәрестелерди сақлаған ғайбана күш және ҳикметлерге үнлес келеди.

«Шийрин-Шекер» дәстанында диний түсиниклер, кәраматлар «пийир»—бабаның жәрдеми әдеўир аралласады. Ал, Қурбанбай жыраўдың буннан басқа көпшилик дәстанлары дин түсинигине бериле бермей, Шийрин-Шекердеги жоқарыдағы жағдайда белгили

себепке байланыслы болыўы мүмкин. Ол себеп—бизди дәстан орта әсирлерде, ислам динининң күшке минип, тәсирин көркем әдебиятқа сиңире билген ўақларда пайда болған деген ойға алып келеди.

Дәстанда белгили бир халықтың аты аталмай, тек патша ханларының аты бар. Ҳиндистан менен саўда байланысының бары сезиледи. «Ират» деген журт аталады. Дәстандағы бул жағдайда тосаттан болмаўы керек. Құрбанбай жыраўдың көп дәстанларында—«Қырық қыз», «Құрбанбек», «Жаскелең», «Жәҳанша» хәм басқаларда белгили халықлардың халық болып қәлиплескени мәлим.

Соның ушын сол дәўирде дөреген дәстанларда ҳәзирги белгили бирде халықтың аты аталмаўы итимал.

Биз жоқарыда көрсетилгенлерге тийкарланып, «Шийрин-Шекер» дәстанының дәслепки дөреў ўақты —орта әсирлерде деп шамалаймыз. Әлбетте, биз бул пикирлеримизди үзил-кесил, ақырғы шешим деп ойлаўдан аўлақпыз. Биз өз ойымызды ортаға салып отырмыз.

Әдеўир дәрежедеги диний уғым, түсиниклердиң болыўына қарамастан «Шийрин-Шекер», дәстаны бизиң мәденийатымыздың, әдебиятымыздың тарийхы ушын белгили әҳмийетке ийе. Соның менен бирге дәстанда бийик адамгершилик ушын гүрес идеаллары сулыў бериледи. Буны Шекердиң өз ярына опалық көз-қарасларынан, Гүлхадыйшаның сүйгени ушын ҳәр қандай қыйыншылықларға шыдаўларын көриўге болады.

«Шийрин-Шекер» дәстанында адамлардың өз-ара қатнасында әдалатлық пенен зулымлық арасындағы гүреслер жақсы сүўретленип, әдалатлықтың жолы аўыр, қыйын болса да ақыры жеңил табатуғыны көркем ҳәм исенимли бериледи. Бундай жағдайды Шийрин өгей анасы Инжайымның оларға жапқан жаласы әшкараланып, ҳақыйқат ҳәм әдалатлықтың жүзеге шыққанынан жақсы аңлаймыз. Бирақ, жаланың жалыны да күшли болатуғыны, өз ўақтында оның алдын алмаса көп нәрсени күйдиретуғыны да дәстанда жақсы сүўретленген. Жала, оның жалынына түсип кетиў өткен дәўирлерде үлкен апаттың бири болған. Дәстан адамларды усы апаттан сақланыўға шақырып,

оған қарсы гүрес руўхында тәрбиялаўды нәзерде тутқан. Дәстанның ең баҳалы тәреплериниң бири усында.

Дәстанда адамлар арасындағы жақсылық ҳәм жаманлық ислери, жаман адамды көре алмаўы, күншил адамлардың образлары шеберлик пенен берилип, тайға тамға басқандай етип көрсетилгендей. Қараәдил ҳәм Шайыбоссам деген ханлар Шийрин менен Шекерди жақсы көрип, қызларына күйеў етип алса, ал ханның ўәзирлери буларды шеттен келген саяқ деп күнлеўшилик жолына түседи. Әсиресе Қараәдилханның Байыр атлы ўәзири Шийринге жаманлық етип, оны күнлеп, ханды надурыс жолға салыўының салдарынан наҳақтан көп хан төгиледи. Солай етип, жаманлық әшкараланады, жақсылық ислериниң даңқы жоқары көтериледи. Дәстан—адамлардың бир-биреўине жақсылық ислеўин, күншиллик адам минезиндеги жаман әдет екенин көрсетип, адамлардың пейлиниң кең болыўын нәсийҳатлайды.

Унамсыз образлардың бири Абдулла кәрўан басы —саўдагерлердиң образы. Абдулла бойына, минез-құлқына адамға жаманлық етиўден көплеген пәслик түрлери жыйналған. Ол адамды, жетим-жесирди аяўды, оған мийрим-шәпәҳат етиўди билмейтуғын зулым. Ол Шийринди жолда көрип алдап алып кетип, қул иретинде сатып жибереди. Оған адам баҳалы емес, тек ақша баҳалы. Ол Шийринге өтириктен малдуньямды талады деп жала-жабыўшы, қуранды, нанды, жарақты ортаға қойып, Шекер менен дос болғанда өзиниң нәпси ушын, Шекердиң сулыў ҳаялын өзине алыў мақсетинде дос болады. Ол қуранды, нанды, адамгершилик лебизди ылақтырып таслап Шекерге уў берип, өлди деп балаларын шөлге зыңғытып кетеди. Жаман адамда дин де, сөз де болмайды. Оның динди перде еткенине, берген ўәде, сөзине исенбеў кедерек. Бирақ, Абдулла өзиниң ойлаған ҳарамылық нийетлерине жете алмай жазаланады. Зулымлықтың әшкараланыўы ҳәм жеңилиўи—бийик адамгершилик ушын гүрес болып табылады. Дәстан усы идеяны нәзерде тутқан.

Дәстан—патриотизм идеясының жақсы берилиўи менен де баҳалы. Қараәдилхан Шекерге биреўиң орнына хан болың, биреўиң ўәзир болың дегенде жигитлер «басқа елде султан болғаннан өз елинде ултан

болғанды «жақсы көрип, туўған елине қайтыўды тилейди. Туўған жерин ханлық салтанатқа алмастырмайды. Дәстандағы бул идеяда туўған елге хызмет етиў, оны шын мәнисинде сүйиў сезими тур. Бундай идеяның үлкен тәрбиялық әҳмийети бар.

Дәстанның көркемлик жағы да жаман емес. Адамға ләззет берерлик көп нағышлы сөз кестелерин ушыратыўға болады. Буны Уәлийханның перзентсизлик жөниндеги толғаныўларынан, Гүлхадышаның сулыўлығын сүўретлеўлерден көриў мүмкин. Усылардың барлығы дәстанның баҳалы екенинен дерек береди.

«Жәҳанша» дәстаны мазмуны ҳәм сюжет қурылысы жағынан қызық дәстанлардың бири. Дәстанның тийкарғы мазмуны адамның, әсиресе жаслардың илим, өнер ийелеўи болып табылады. Ура төбе елинде қарақалпақтың қайшылы урыўынан Сәнкибай ҳәм Қарабай деген еки ағайинли адам қартаяр алдында перзентли болып, Сәнкибайдың улының атын Жәҳанша, Қарабайдың қызының атын Шийринжан қояды. Жәханша ер жетеди. Қонсылас аўылда Алымбай деген бай перзентли болып той береди. Жәҳаншаның Ералы деген досты оған тойға барайық, ылақ ойнайық, Назым қызға ылақ таслайық, орамал алайық, ол саған интизар дейди. «Жалғыз аттың шаңы шықпас» деген, биз тойдан абырой ала алмаспыз, деп Жәҳанша ескертсе де Ералы қоймай тойға алып кетеди. Тойда Жәханша ылақты ҳешкимге бермей, жасы үлкенлердиң, оннан кейин қызлардың алдына апарып таслай береди. Буған бай балаларының намысы келип, биригип Жәҳаншаға топылады. Ералы қашып кетеди. Жәханша абайсызда дәслеп бир-еки қамшы жесе де атының жүйриклигинен ҳәм өзиниң ғайратынан пайдаланып топылыўшылардың ҳәр жерге биреўин аттан урып жығып, басы қан болып үйине аман-саў келеди. Буннан кейин жарлының теңи салтанат емес екенин мойынлап, атын атасына тапсырып, «Илим қайтарады келген баланы» деп, илим ҳәм өнердиң изине түседи.

Жәханша мектепте оқып илим алыўды даўам еттирип атырғанда иниси Қарабайдың тилине ерип Сәнкибай баланы оқыўдан қалдырып, оны саўдагерлик жолына салмақ ушын бар дүньясын, мың тилла берип, Қарабайға қосып Шынмашын (Қытай) елине жибереди. Оқыўдан қалғанына қыйналса да атаның нәзе-

рин қайтармай Жәҳанша Шын елине кетеди. Сумлықтың Қарабайдан болғанын аңлайды. Шынмашын қаласында Жәҳанша «мың тилла төлесең он еки ай он күнде саўатхан билимли болып қайтасаң» деген дағазаны көрип қолындағы мың тилласын берип, Қарабайдан жасырынып қалып қояды. Ол елине әдеўир билимли болып қайтады. Елинде жүрип тағы да Қытай елине кетип илим, өнер үйрениўди әрман етеди. Атасынан рухсат алып, оқыўға ақша жыйнап келсе, көшеде бир жайдың есигинде «ким мың тилла төлесе он еки ай, он күнде сазенделик, палўанлық, батырлық өнерин үйренеди»деген дағазаны көрип, мың тилласын берип, усы өнерлерди үйрениўге кириседи. Көп өнерди үйренип елине келсе атасы искусство өнериниң мәнисине түсинбей ҳәм оны менсинбей, бундай өнерди өзине және баласына намыс көрип, Жәҳаншаны уйықлап атырғанда ҳаялына айтып, саз асбапларын отқа жағып жибереди. Кейининен түсинип, Жәханшаны тағы өнер, илим үйрениўге атландырады. Жәханша Қытай елине келип тағы жетпис түрли өнер, илимди үйрениўге үлкен күш, жақсы ықлас пенен кирисип, барлық қыйыншылыққа көнип, аянбай мийнет етеди. Бул сапары илим, өнердиң жолына берилгенлиги сонша, сол елдеги атақлы Асқарбайдың қызы Гүлҳәселханның жигитке болған ышқы муҳаббатына да берилмейди. Үлкен шыдамлылық пенен искусство, урыс ҳәм палўанлық, тағы басқа илим, өнерлерди үйренип, илим, билимли, өнерли болып, Омман деген устазынан пәтия алып елине қайтады.

Бирақ Жәҳаншаның әкеси оны қуўанып қарсы алса да шуғыл иниси Қарабайдың сөзине ерип, мал-дүньяны пайдалы өнерге емес, саз-саўбетке жоқ еткен екенсең деп, оның искусство асбапларын, урыс қуралларын далаға шығарып таслайды ҳәм мени халыққа масқара еттиң, үйден шығып кет, сендей бала керек емес деп қуўып шығады. Жәханша анасы менен хошласып кетиўге мәжбүр болады. Елден шығып кетип Үсенбек деген кәрўан басыға жолығады. Кәрўан басы буның батыр жигит екенин билип жақсы қүтип алады ҳәм өз мәпин қорғаўға жумсайды. Шыны—татар елине кәрўан тартқан Үсенбек көп жерлерди өтип, жолдың бир дәрбентине келгенде қысыныспаға түседи. Үш түрли жол: бири қысқа болса да қәўипли, барса кел-

мес болады.

Бул жолдан жүрип, Арыслан Туй алып деген дәўди әскери менен жеңип Жәҳанша үлкен батырлық көрсетеди. Бирақ, буның менен қәўип тамам болмайды Кәрўан басы мына қудықтың суўы жақсы, ишинде лалы маржан, гәўхар—алтыны да көп, бирақ, қудықтың асты жай, онда үш ағайинли дәў бар, оларға атқан оқ өтпейди, шапсаң қылыш кеспейди, қашып қутыла алмайсаң, Абкар деген ағасы онкүнлик жолды бир күнде алады, олар уйқыда болса өтемиз, ояў болса өлип кетемиз, қудыққа байқап шығыў тек сениң қолыңнан келеди, балам Жәҳанша дейди. Жәҳанша буған да тәўекел қылады. Лалы—маржан, алтын, гәўҳарларды алып, арқанды кесип; мени қудыққа таслап кетпең дейди. Үсенбек ант ишеди. Саўдагерлердиң анты болмай, бир шелек алтын, гәўҳарды алған соң Жәҳәншаны қудыққа таслап кетеди.

Жәҳанша қудықтан қалай шығыўдың илажын табалмай урынып жүрип бир жайда еки дәўдиң отырғанының үстинен шығады. Биреўиниң дизесинде қурбақа, биреўиниң дизесинде перийзат бир қыз болады. Дәўлер сен бул жерге аңламай түсип қалған көринесең, бизиң қайсысымыздың диземиздеги сулыў екенин шешип берсең қутыласаң, болмаса тутыласаң деп Жәҳәншаға саўал қояды. Жәҳәнша билимлик етип «Қурбақаның көзи сулыў, перийзаттың жүзи сулыў» деп, екеўин де мақтайды. Сол ўақта дәўлер «меники дурыс, меники дурыс» деп айтысып өлип кетеди, қурбақа, суўға түсип, перийзат та жөнине кетеди. Жәҳанша тағы бир жайда қайғылы наманы дурыс шерте алмай отырған ғарры дәўге тап болады, сазын сорап, оған шерте алмай отырған, намасын жақсылап шертип берип, оның кеўлин еритеди, бул наманы дәўдиң баласы шертеди екен, ол өз баласын көргендей болады.

Жәҳанша буннан басқа да дәўдиң баласының көп ойынларын ойнап, оның кеўлин алады, ол Жәҳәншаны бала етип алады. Далаға шығарып, узап кеткен кәрўанға жеткереди, дос, ата болады.

Дәўди ҳәм оның арасында киятырған Жәҳаншаны көрип Үсенбек жанын қоярға жер таппайды. Саўдагерди тағы сынап көриў ушын Жәҳанша сыр ашпайды. Дәў ғарры сени бул кәрўан басы неге қудыққа таслап кетти дегенде өзим қалдым деп жуўап береди.

Дәў ғаррыны сыйлап, сарпай жаўып қайтарады. Усы ўақыялар ишинде Жәҳаншаның жетпис елдиң тилин билетуғыны да сезиледи. Үсенбек ҳәр түрли жоллар менен Жәҳәншаны алдайды, гүнамды кешир, мал-дүньям сеники. Гүлнаҳар деген қызым бар, күйеў балам бол, мен атаң болайын дейди. Жәҳанша бул сөзлерге исенген болып Үсенбекти сынаўға алады. Үсенбек ҳаялы ҳәм қызына хат жазып, ҳарамылық етип, Жәҳәншаны қайнап турған қазанға жығып, сабын етип жиберип, мени бул бәледен қутқарың дейди. Хатты аңлап қаўлық қылып ашпас деп Жәҳаншадан берип жибереди. Жәҳанша бул хатты жолда ашып оқып, өз қолыңдай етип басқа мазмунда хат жазып қояды. Жолда кетип баратырып татар елиниң қумарпаз ханының адамлардың мал-мүлкин талап, көплерин қул етип мал бақтырып қойғанының үстинен шығады.

Жәҳанша Үсенбектиң үйине келип ҳаялына «қызым усы жигитке күйеўге шықсын ҳәм тойды бере бериң» деген хатын береди. Қыз ырза болады, той иси ленип, неке қыйылады. Арадан аз күн өткен соң Жәханша қойнына еки гәўҳарды салып, татар елиниң мийнеткешлерге зулымлық ислеп, көрингенди зар жылатып отырған залым ханы Асқархан менен шатыраш (Шахмат) ойынға кетпекши болады. Үсенбектиң қызы ханға барма, ол сени утып алады ҳәм қул етеди деп зар жылайды. Жәҳанша буны тыңламай ханға барады ҳәм ханды ойында мал-дүньясын, қулға айналдырған адамларын да утады. Хан буған шыдамай урыс шығарады ҳәм өлип кетеди. Қулларды ҳәм басқа адамларды азат етеди. Жәҳанша елдиң басшысы болады. Үсенбекти қамаўға алып, халық алдында оның ислеген барлық қастыянлықларын, соның ишинде қатынына Жәҳаншаны қайнап турған қазанға таслап өлтириң, деген хатын да бетине басады. Усы ўақлары түрли жолға салған мени атадан айырған деп Асқар ханның қызы Заўрия Үсенбекти ҳәм оның қызын шаўып таслайды. Халықтан атасының ҳәм өзиниң гүнасын өтеўди сорайды. Ханның қызы болса да халық тәрепинде болады. Бул жағдай оны Жәҳанша менен жақын етип, оған қосылады. Арадан әдеўир ўақыт өтеди, Жәҳанша ата-анасын сағынады, оларды қор болған жеринен таўып алып, бул елге көширип келеди. Шынында да ол ел Татар (ноғай) елинен бөлинген

ел болады. Еки ел қосылып, мақсет-мурадына жетеди. Дәстанның мазмуны усылардан ибарат.

Дәстан өзиниң алдында еки мақсетти қояды. Бир жағынан адамды, жасларды билим алыўға, өнерли болыўға шақырса, екиншн жағынан, татар (ноғайлылар) аўқамын беккемлеп, соның халқының абат отырыўын, бөлинген, шетке шыққанды жыйнап бирликли, күшли ел болыўын арман етеди. Усыған қарағанда дәстанның дөреў дәўири XI әсир болыўы итимал. Өйткени, XI әсирдиң екиншн ярымынан баслап ноғайлылар аўқамының ыдырай баслағаны, оны қайта тиклеў ушын усы аўқамның басшыларының ҳәр қыйлы жоллар менен күш салғанын тарийхый дәреклер көрсетеди. Дәстанда Ура төбедеги Жәҳаншаның ели менен татар (ноғай) елиниң бурында бир ел, бир мәкан екенин ашықтан ашық айтылады. Бул жағдайды жыраўлар ядтан шығарған болмаўы керек. Ал, дәстандағы «Қарақалпақ, қайшылы урыўы» ҳәм «татар» деген атамалар соң қосылған болыўы керек. Буннан дәстанның қарақалпақ халқының аўызеки бай көркем дөретпелериниң бири екени бийкарланбайды, себеби, сол дәўирде ҳәзирги қарақалпақ халқы ноғайлылар аўқамындағы халықтың бири екени мәлим.

Илим ҳәм өнер адамның бойында үлкен адамгершиликти қәлиплестириў, ҳалал дос болыўы, мийирбанлық, елди, туўып өскен жерди шын сүйиўшилик сезимин оятып, оны жетилистирди. Биз дәстанның бас қаҳарманы Жәҳаншаның бойында адамның усы уллы қәсийетлерин көремиз. Ол асқан илимпаз, урыс өнерине қанық, батыр палўан, искусство өнерине жетик, жетпис елдиң тилин биліўши тилши болыўы менен бирге, қарапайым халық көпшилигине мийирбан, ғамхор иретинде сүўретленеди. Ол усы қәсийетин ис жүзинде көрсетеди.

Халқымызда, «мийўалы ағаштың шақасы ийилгиш келеди» деген дана нақыл бар. Билимли, илимли, өнерли адамның кишипейил, әдеп-икрамлы болыўы жағынан да дәстан характерли екени, көзге түседи. Жәҳаншаның оғада кишипейил, ата-анасы, халық, әсиресе, жасы үлкен адамлар арасында әдепли екени көрсетиледи.

Бул дәстанның барлық ўақыяларында, Жәҳаншаким менен қатнас жасаса да көринип турады. Ҳәттеки, ол өзиниң сүйген яры Заўрияның жанына да хәлықтан ыйба сақлап той тарқағаннан, адамлар кеткен соң ғана барады.

Көркем дөретпелердиң қандай түри болса да өзиниң эстетикалық күшли болыўы менен баҳалы екени мәлим. Көркем әдебияттағы адам концепциясы ҳәм адамның қәлиплесиўи, жетилисиўи де эстетикалық пробleманың қандай қойылып, қандай шешилгенине байланыслы болатуғыны анық. Усы көз қарастан «Жаҳанша» дәстаны эстетикалық жақтан оғада баҳалы **дәстан.**

Дәстанның өзгешелиги—бас қаҳарманның батырлығына искусство өнериниң қосылып, ол өнер оның қыйыншылықтан қутылыўына жәрдем берип, жениске жетиўдиң үлкен дереги сыпатында хызмет етеди. Жаҳанша көп ақырет-азапларға, түсинбейтуғын адамлардың мазағына, шуғыллардың мың түрли қыйлесиўине, ўақыт ҳәм дүнья-малдың көплеп сарп етилиўине қарамастан үлкен шыдам менен неше түрли нама, саз үйреніп, искусствоның бир неше әсбапларын меңгерип, оған жан берип сөйлете алатуғын болады. Бул өнер оның адам, қаҳарман иретинде жетилисиўи ғана емес, қатыўланған жаўдың жүрегин ерітип, оны душпан емес, дос етиўдиң керекли қуралы болады. Буны Жаҳаншаның Абкер дәў менен ушырасқан ўақыялырынан анық көриў мүмкин.

Жәҳанша дәрўаз ойынын, шахматты жақсы билип, булардың устасы екени көринеди. Батырдың халық ғамы ушын гүресине, көп қулларды азат етип, оларды өз дәўириниң ҳуқықлы адамлары етиўге бул өнерде жәрдем береди. Буны дәстанда Асқархан менен Жаҳаншаның шатыраш (шахмат) ойнағанынан сүўретлениўинен анық көре аламыз. Булда дәстандағы үлкен өзгешеликтиң бири. Бул жағдайлар дәстанға тосаттан, турмыста жоқ нәрседен, қыялдан алып киргизилген емес, қарақалпақ халқының руўхый ҳәм турмыс талабынан келип шыққан. Искусство өнерлерин ийелеў, алдыңғы қатар адамзаттың мәденият жетискенликлериниң бири—шатыраш (шахмат) ойынының устасы болыў—қарақалпақ халқының да әсирлер бойы арманы болған.

Мәденіятлы, билимли, адамның образы—дәстанда Жаҳаншаның минез қулқы, адамлар менен қатна-

сыў көринислери арқалы оғада ашық, жақсы бериледи. Жәҳанша күтә салмақлы болады, оның минезинде жеңиллик сезилмейди. Ол асығыслық пенен ҳәм дәлилсиз бир исти шешпейди, адамды жазаламайды. Ол қыйыншылықта саспайды, жеңиске жеткенде таспайды. Көп дәстанлардағы қаҳарманлардай «батыр аңқаў, ер гөдек емес», ол силтеген қыйыншылыққа барғанда оны сынаў ушын барып, қыйыншылықты жеңип қайтыўдың жолын алдын ала ойлайды. Солай етип, ол өз душпанының сырын анлайды. Бул жағынан да дәстанның басқа дәстанлардан өзгешелиги бары көринип тур.

Дәстанда устазлар образы жақсы берилген. Олар өз шәкиртлерине жақсы қарап, өзинде бар барлық билим, өнерди үйрениў, ийелеў жақтан ғана емес, эстетикалық жақтан да жетилистиреди. Әсиресе Жәҳаншаның соңғы устазы илимпаз, өнер устасы Омман ғаррының образы ядта қаларлықтай етип берилип, оның устаз ғана емес, шәкиртке ата да екени сүўретленеди. Жәҳанша да өз устазларына үлкен хүрмет пенен қарайды. Жәҳанша устазларының нәсийхатын орынлап, өмир бойы китаптан қол үзбейди, алған билимин, үйренген өнерин тәжирийбе менен байытыўға еринбейди.

Дәстандағы шуғыл Қарабай, ҳарамы саўдагер көрўан басы Үсенбек, залым Асқархан образлары арқалы дәстан өз дәўиридеги бузақылық, ҳарамылық, пәслик ҳәм зулымлық ислерин әшкаралайды, оған халық тәрепинен нәлет таңбасын басады. Бул дәстанның шын мәнисинде халықлығын көрсетеди.

«Жәҳанша» дәстаны көркемлик жақтан да жақсы. Дәстандағы барлық ўақыялар көркем сүўретленеди. Дәстан ўақыялардың байланысын, шийеленисип келиўи, оның халық тили менен сулыў етип берилиўи жағынан тыңлаўшысын, оқыўшысын жалықтырмайды. Дәстанның көркемлиги бәлент.

Дәстан жанрлық жақтан қаҳарманлық дәстанлар қатарына жатса да, қаҳарманлық пенен илим, өнердиң қосылысып жеңиске ерисиўи—дәстанның тийкарғы мазмунын, идеясын қурайды. Дәстанда илим, өнер проблемасы дыққат орайында турып, барлық ўақыялар усы проблеманың шешилиўи көз-қарасы менен илим ҳәм өнердиң адамзаттың көзин ашып, оны ийгилигине жумсаўы сәўлеленеди. Бул мазмундағы көркем дәстанлар қарақалпақ халқының ғана емес, басқа туўысқан халықлардың аўызеки халық дөретпелеринде сийрек ушырайды.

* * *

Үш дәстан бир жыраўдан жазылып алыныўына қарамастан мазмунның ҳәр қыйлы екени көринип тур. Бул қарақалпақ халқының дөретиўшилик, рухый күшиниң, сарқылмас булақтай ҳәм бай екенининң көрсеткиши болып табылады. Бундай жәрияланбай атырған дәстанлар көп. Усыларды ана тилимизде басып шығарыўды тезлетсек ҳәм соның менен бирге, рус тилине аўдарсақ, көп миллетли совет мәдениятына, әдебиятына қосатуғын үлесимизди тағы да сезсиз көбейткен болар едик.

Жәрияланбаған дәстанлар ҳаққында, «Әмиўдәрья» журналы, 1974-ж. № 8.

«ҚОБЛАН» ДӘСТАНЫНЫҢ ВАРИАНТЛАРЫ. ЖӘНИБЕК ЖЫРАЎ ВАРИАНТЫ

«Қоблан»—жыраў Жәнибек Асқаровтан Қ. Мақсетов, Қ. Мәмбетназаров, Ж. Әбдикаримовлар 1960-жылы жазып алған. Жыраў Тахта-көпир районының «Тахта-көпир» совхозында турады. Дәстанның жазып алынған нусқасы Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының китапхана қорында Р—92 сәнеси менен сақланыўда. Қолжазбаның көлеми—51 беттен ибарат.

Жәнибек жыраў айтқан «Қоблан дәстанының қысқаша мазмуны төмендегише: бурынғы өткен заманда, қарақалпақ халқында Қыдырбай деген бир киси бийпезент болып, жасы жетпис беске келгенде, кемпириниң жасы алпыс беске шыққанда пезентли болады. Баланың атын жети адам жыйналып Қоблан қояды. Бала арыслардай болып өседи ҳәм ол өскен сайын Ақшаханның халықтан алатуғын алғырт-салғыртлары қысқартыла баслайды. Қоблан 12 жасына келеди. Бул ўақлары оның елине Сейдим елинен кәрўан келеди.

Көрўан үш айлық шөли бар, үш айлық көли бар жерлерден келип, ҳарып-шаршағанын шығарып, 45 күн болады, әкелген затларын сатады. Көрўаншыларға Қоблан көп хызмет қылады. Көрўан басы балаға ықласы кетип, оның үйленген-үйленбегенин сорайды.

Қоблан теңин таппай үйленбей жүргенин айтады. Сизиң елде жақсы қыз жоқ па деп сорайды. Көрўаншылар келген жерининң оғада узақ екенин, бирақ сондай сулыў ҳәм атақлы Қуртқа деген қыздың бар екенин билдиреди. Қуртқаның сулыўлығын сүўретлейди:

...Нәр буўрадай керилген,
Тәңири берген еки аяқ,
Бир басыўға ерингей.
Аўзынан ишкен шайлары,
Тамағынан көрингей,
Ашық болған жигиттиң,
Ақыл-ҳуўшы билингей,
Аўзы оның оймақтай,
Ләблери бар қаймақтай,
Шийрин сөзли,
Қумар көзли,
Тотыға мегзес,
Таранып сылаңып,
Салланып турған,
Перийзаттың дәл өзи...
Өзи он бес жасында
Қырық қызы бар қасында...

Бул хабар ҳәм сүўретлер Қобланның жүрегине ғайбана ашықлық отын салады. Қуртқаны излеп кетермен болады. Елдеги жасы үлкен бир ғарры Қобланға жол силтейди. Ол жол Қоблан атланардан отыз жыл бурын Сейдим батырдың елине Ақшаханның бир баласы Алшағырдың жүрген жолы болады. Сол жолға салып, Қобланға ақ пәтия берип қалады. Жолда Алшағырдың Ақша тулпарының излери билинип жатқан болады. Алты ай жол жүрип мәрт Қоблан ноғайлы елине келеди. Батыр аш болады, ат шаршайды. Жолда булақ қа жети қулан келеди, еки оқта төрт қуланды атып алып, жаўбүйрек етип жеп, тамақланып алады, аты да отлап, шаршағаны шығады, Қоблан кетейин деп турғанда ғайыптан бир баба жолығып, пәтия берип қалады. Қоблан бир қанша жол жүрип, Едил дәрьясынан өтеди. Бир елатқа келсе көп адамды көреди. Қуртқаның

анасы Көклен кемпир буны көрип алып келиўди буйырады. Жиберилген жасаўыллардың Қобланды зорлық пенен алып келиўге күши жетпейди. Оннан кейин Көклен кемпирдиң өзи барады, баланың батыр, палўан, мәрт екенин көреди, биледи. Оннан жол болсын сорайды. Қоблан узақ жолдан Қуртқаны излеп келгенин айтады. Кемпир қызға жолығыўдың ҳәм алыўдың шәртин билдиреди. Жети жылдан бери неше палўанлар, дәўлер келип, бир қаншасы өлип, арша ағашты қулатып, алтын қабақты атып түсире алмай, ҳалек болғанын, сен де усының бири боларсаң, нәсиятымды ал, елиңе қайт, деп ескертеди. Бирақ, Қоблан бул шәрттен қорықпайды. Арша ағаштың жанына келип, алтын қабақты атып түсиреди. Шәртти орынлап, Қуртқаны жеңип алады.

Бирақ, арша ағашты қулатып, сексен дәўди жылатып, алтын қабақты атып түсирип, Қуртқаны алып қайтса да, дәўлердиң қарсылығы Қобланға душпанлығы тамам болмайды. Олар Қобланның алдынан шығып, дәслеп сөз бенен, оннан соң ат үстинде, кейин жерге түсип беллесип, таласқа, урысқа кириседи. Усылардың бири Бөке дәў Қоблан менен алысады. Дәўдиң абайсынан, айбатынан Қоблан қорықпайды. Қыйын урыслардан кейин ерлер де жәрдемлесип дәўди жеңеди. Қуртқа буны көрип батырды мақтайды. Бөке дәўди өлтиргеннен кейин басқа дәўлерге қарсы урыс ашады. Олардың қырық бесин өлтиргеннен соң басқасы тәжжал қайдан келеди деп қашады. Душпанларын қыйратып, батыр Қуртқа сулыўды елине алып қайтады, төрт гүллеп ошақ ойдырып, мал семизин сойдырып, хожа менен төреге алдына бас қойдырып, үлкен той береди, көкбар ойнатылады.

Булардан кейин сөз Қазанханға атланыс ҳәм ол атланыстың қалай болып, қалай тамамланғаны ҳаққында болады. Қобланның қырық жигити Қазан қаласына ҳәм Қазанханға атланыс жасаў ҳаққында кеңес етеди. (Усы ўақытқа шекем Қобланның қырық жигити бары дәстанда аталмайды). Қоблан өзиниң яры Қуртқа менен ойласып бул кеңеске бармайды ҳәм Қазанға атланысты Қуртқа мақул көрмейди, дейди. Буны Сейдим улы Қараман еситип, биз Қоблансыз да күн көргенбиз деп қырық жигитти баслап кетеди. Қоблан биринши рет бул атланысқа бармай қалса да, кейин

буны өзине намыс көрип, жигитлердиң изинен барыўды ойлайды ҳәм Қуртқадан жуўап сорайды. Қуртқа батырдың анық кетермен болғанын билип, тайбурылдың бағылыўының 43 күн кемлиги барын, ғарры ата-ананды, қарындасың Қарлығашты (буған шекем ол сөз етилмейди) ҳәм мени қалай, қайда таслап, кимге исенип тапсырып кетесең, дейди. Қоблан бул саўалларға сизлер төртеў, мен жалғыз, мени кимге тапсырдыңыз деп жуўап береди.

Қоблан жигитлердиң изинен кетеди. Қазанға жете алмай көп азап көреди. Тайбурылды мақтап, мени тез жеткер дейди, атқа тил питип батыр менен сөйлеседи, еренлер яр болып ҳәм мәдет берип, Қазанға келип жетеди. 9 күн айқасып, Қазан қаласының патшасы Қазан дәўди жығады. Усының менен дәстан тамам болады. Бул жерде де Қобланның жигитлерине, Қараманға қосылғаны-қосылмағаны көрсетилмейди.

Бирақ, дәстанды жазып алыўшылар жыраў «Қоблан» дәстанын толық биледи, биз экспедиция ўақты питип, жазып ала алмадық деп ескертиў берген. Бул ескертиўге жыраўдың кеўлин қалдырмаў ушын айтылған деп қараймыз. Себеби, жыраў «Қоблан» дәстанын тағы усы айтылған көлемде жырлағанда да Есемурат жыраў айтқан «Қоблан» дәстанынан 4—5 есе көп болады. Оның үстине айтылған дәстан ўақыяларында адам атларында избе-излик бузылады. Ўақыялардың пайда болыўы жақсы сүўретленбейди. Бир мысал келтирейик: дәстанда Қобланның туўылған жери Ақшаханның қол асты екени айтылады ҳәм бир орында Ақшаханды қалмақ ханы дейди. Егер Қоблан қалмақ ханның қол астында болса, дәстанда көрсетилген қырық жигити болып, қытай қыпшақ елиниң мәни ушын басқа елге өз еркн менен атланыс жасай ала ма? Дәстан көркемлик жақтан да мақтағандай емес.

Булардың барлығына қарамастан, мәденнятымыздың тарийхы ушын усындай нусқаның да болғаны әҳмийетли. Соның менен бирге нусқаларға қарағанда бир қатар өзгешеликлер де бар. Бул «Қоблан» дәстанының ҳәр жыраўда ҳәр түрли болып айтылғанынан, тийкарғы сюжет бир болса да, айырым ўақыяда өзгерис пайда болғанынан дерек береди.

КӘРАМ ЖЫРАУ ВАРИАНТЫ

Кегейли районының Халқабад поселкасында турыўшы Кәрам жыраў Нағымов өзи айтып жүрген «Қоблан» дәстанын жазып ҳәм машинкаға бастырып 1959-жылы Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының китапхана қорына тапсырған. Ҳәзир бул нусқа Р—92 цифры, 37400 саплы инвентар сәнеси менен усы китапхана қорында сақланыўда. Дәстанның көлеми—507 машинкаланған беттен, 14 мың қатардай қосықтан ибарат. Дәстанның басқа нусқалардан өзгешелигиниң бири, бастан-аяқ насырсыз қосық пенен жырланған. Дәстанның қысқаша мазмуны төмендеги түрде: бурынғы өткен заманда Самарқанд сайқалында, Ақшаханның журтында, қара қыпшақ урыўында, Сәдирбай улы Қыдырбай деген бай болады, ол жасы алпысқа келгенше перзентсиз болып, ел-журтына садақа берип, әўлийелерге түнеп перзент тилек етеди. Оның көз жасын қудай көрип, Алтыншаш бәйбишеси ашыўлы жолбарыстың ҳәм қутырған қасқырдың жүрегине жерик болады. Қыдырбай елиндеги мергенлерди ертип әкетип жолбарыс пенен қутырған қасқырды таўып алып жүрегин ҳаялына әкелип береди. Алтыншаш жүкли болады, айы күни толысып толғақ тутады, 9 күн қыйналып босаналмай жатқанда қус салып жүрген Ақшахан дус келип, шалғайы менен қағады, ҳаял босанады, баланы ханның етегине салады, атын Қоблан қояды, бала батыр болсын деп хан баланың киндигин алтын саплы қанжар менен кеседи.

Қыдырбай перзентли болып үлкен той береди. Бала өсе баслайды. Қоблан мектепке бериледи. Ол онсегиз жасына келип, күшине толысып ат минип, қус салыўға шығады. Ақшаханның бузықлығы қозып, қырық ҳаялының үстине тағы қырық қыз алыўды ойлап елинен сулыў қыз излетип таба алмайды. Палшыларға пал, қоррандозларға қорра таслатады. Бир қоррандоз оғада узақ елде, Сейдимханның қызы Қуртқа бар, оған сулыў жетпейди, оннан пери өтпейди, бирақ оны алыўдың шәрти бар, кимде-ким арша ағашты қулатып, алтын қабақты атып түсирсе, сол алады, дейди. Ақшахан буны еситип, өз ҳәмелдарларын жыйнап, оларға өтирик сөйлеп, бизди Сейдимханның улы батыр Қараман шақырыпты, ел көрейик, қарындасы Қуртқа сулыўға бар-

райық, оған мен ашық болдым, оны аңлағойсам сизлерди көп затлар менен сыйлықлайман деп ўәде береди. Хан атқа минеди, басқалары ереди. Бирақ узақ жолдан азап шегип келиўине қарамастан, буларды Қараманның елинде ҳеш ким сыйлап қарсы алмайды, көзге илмейди. Ақшахан адамларын жиберип хабарласса, тек Қараманның еки ҳаялы Нурпери ҳәм Айпери шығып сөйлесип, шәртти айтады, атып түсирсең қыз сеники, атып түсире алмасаң өлим жайына бара бересең, дейди. Бул хабарды Ақшаханға айтады ҳәм аманлықта кейин қайтқан жан болар деп кеңес береди. Ақшахан шәртти орынлаўға жүрек ете алмай, кейин қайтыўға мәжбүр болады. Бирақ, елине келген соң Ақшахан ҳәр түрли сөзге шыдамай, қырық жигитти алып, тағы Қуртқаға қарай атланады. Қасындағы жигитлери еркин баратырғаны ушын кеңесип, Қобланның үстинен жүрейик, сол бизди қәўипли ҳәм машақатлы сапардан қутқарар деп үмит етеди ҳәм Ақшаханға Қоблан балаңыз ержеткен, күтә мерген, соны жолда ала кетейик, дейди. Ханға бул кеңес мақул түседи.

Анда жүрген Қоблан ханды көреди, аттан түсип ата деп сәлем береди ҳәм Ақшаханнан жол болсын сорайды. Хан сырын жасырмай айтады. Қоблан ханның сапарын өзине сорайды ҳәм баласы ержеткенде атасының қыз излеўи қолайсыз болады деп уялтады. Ақшахан сөзден утылып, ат-жарағын, пәтиясын берип қалыўға мәжбүр болады. Қоблан ҳеш кимге хабарласпай, сол анда жүрген жеринен Сейдимхан елине атланып кетеди.

Узақ жолларды жүрип, көп азапларды көрип, Қоблан Қуртқаның елине жетеди. Буны қыздың анасы Көклен кемпир түсинде көреди, келинлери Нурпери менен Айпериге түсин жорытып атырғанда сырттан Қоблан келип жол сорайды, келинлери сасып қалады, батырға кемпирдиң өзи хабарласады. Қоблан кемпирди шырамытып, батыр Қараманның анасы сиз бе деп сәлем береди. Кемпирдиң батырға кеўли толып жол болсын сорайды. Қоблан қайсы елден, қандай мақсет менен киятырғанын айтады. Кемпир жас бала екенсең, қызды алыўдың үлкен шәрти бар,—ғаррымыздан қалған, 180 жасар байшынарды бир оқта атып қулатасаң, сонда аласаң, бахтыңды сынап көреғой дейди. Қоблан буннан кейин шәртти орынлаўға кириседи

ҳәм айтылған байшынарды бир оқта атып түсирип қулатады. Ата алмай, атса да байшынарды қулата алмай әрманда болып атырған сексең мерген палўанды жылатады.

Айтылған шәрт орынланып, Қоблан, тоқсан қабат үйге киргизиў ушын қыздың жеңгелерин жиберди. Олар Қобланды шақырып қайтады ҳәм қызды көр, қәлесең күйеў боласаң деп қуўанышлы хабарды айтады. Қобланды тағы сынаў ушын күйеўге көп қызлар келеди, соның ишинен Қуртқаны танысаң аласаң дейди. Айтылғанындай елдиң атқа шыққан, сөзге шешен көп қызлары күйеўди көриўге келеди. Қуртқа бул қызларға қосылып келмейди. Қоблан келген қызлардың ҳеш қайсысын қәлемейди, қыздың жеңгелерин шақыртып, келген қызлардың ишинде Қуртқажан жоқ, қызды көрсетпесеңлер мен кетемен деп ашыўланады. Буннан кейин қыздың жеңгелери қәйин енесине, Қуртқаға келип Қобланның сөзлерин айтады ҳәм қәлесеңиз жигитти барып көриң, қәлемесеңиз жуўабын берейик, дейди. Қыз батырдың даңқын еситип ишинен жақсы көрсе де сыр бермей, Қобланды барып көриўге жеңгелерине ырзалық бермейди, тек анасы бар, көр, деген соң, барып көриўге қайыл болады ҳәм жанына қырық қыз алып, ҳасыл кийимлерин кийинип, үлкен салтанат менен күйеў жатқан үйге жүрис қылады. Қоблан көп қызлардың ишинен Қуртқаны танып билегинен услайды, қызлар ҳайран қалады ҳәм жеңгелери менен қызлар Қуртқаны қутлықлайды. Қуртқа батырды көрип иштен сүйсинсе де, жеңгелерине «бала екен, теңим емес» деген сөзди айтады, бирақ, жеңгелери бийкешиниң бул сөзин дурысқа санамайды, буған дәлкекти қой дейди. Қыз Қобланға күйеўге шығыўға қайыл болады, ели-халқын жыйнап қырық күн той береди. Арадан күнлер өтеди. Қоблан елине қайтыўды ойлайды, буны Қуртқа менен кенеседи. Қуртқа буннан кетейик, турақлы елге жетейик дейди. Бирақ, анама бар, кетиўге рухсат сора, қыйналып рухсат берер, тилегениңди ал дер, сен ҳеш қандай дүньяға қызықпа, атаңнан қалған жайтас бар, енши берсе, соны сорап ал, онда үлкен кәрамат бар дейди. Қоблан қәйин енеси—Көклен кемпирдиң турған жерине барып боз үйиниң оң жағынан кирип, иймлип сәлем берип, елине қайтыўға рухсат сорайды, еншиге мал-дүньяң

керек емес, жайтасынды берш деп өтинш етеди. Кемпир бул истиқ Қуртқадан болғанын биледи, жалғыз улы Қараманға бермесе де Қобланға беруўге мәжбүр болады. Батырға елине қайтыўға рухсатты ҳәм еншиге жайтасты берсе де, Қараман келгенше ыркиле турыўды Қобланнан сорайды. Қоблан буған көнеди. Қараман елден сыртта жүрсе де Қобланның байлынардыатып түсирип қулатқанын, елинде үлкен той берилгенин елден сыртта жүрсе де Қараман билетуғын еди. Барсам, узатылған ўақта Қуртқа жылар, мен оны аяп қызып кетермен, сол ушын бармай-ақ қояйын деп Қараман келмейди.

Арадан бир ай өтип, Қараман келмеген соң Қоблан қәйин енесинен тағы рухсат сорайды, ол қызына сары ала сандал деген тулпарды миндирип, жайтасты күйеўине инам етип, ақ пәтиясын берип, рухсат етеди, жайтастың сырын айтып, сен де перзентимсең, келип тур, деп хошласып қалады.

Еки ашық қосылып, тулпарларды жарыстырып, күш сынасып, қас қағысып көп жолларды басып өтеди, қызлардың ала таўына жетеди. Усы жерден өтер, әжели жетер деп буларды Алып дәў аңлып жатқан болады. Алып дәў өзиниң күшли екенин билдирип, жан керек болса Қуртқаны бизге таслап жөнице кет дейди, Қоблан бул абайдан қорықпайды, оның менен гүреске түседи ҳәм көп қыйыншылық пенен перилери жәрдем берип жығып өлтиреди. Буннан кейин аман-есен қарақыпшақ елине жетеди. Қыдырбай байдың көп малының үстинен шығады. Жылқыларға келгенде Қуртқа енши алмай Қобланның үйине баралмайтуғының айтады. Аўылға келиншек келди деп ғалаўыт түсип, үлкени-кишиси келип Қуртқаға көп сөзлерди айтып үйине жүриўди өтинсе де бармайды. Қәйин атасының келип енши бериўин күтеди. Қыдырбай буған дәслеп ашыўланса да кейининде жигитлердиң айтқанына көнип, Қуртқаның қәлеп турған кербийениң қулыны торы тайды еншиге береди. Келин аўылға келип, шымылдыққа киреди. Үлкен той береди.

Ақшахан тойға шақырылмағанын сылтаў етип Қобланнан Қуртқаны басып алыўға ҳәм ол ушын қарақыпшақ елин шабыўды ойлайды. Бирақ, кеңесшилери Қоблан сексен дәўди жеңип Қуртқаны алып кел-

ген, ол күшли, сол ушын басқа илаж қолланыў керек, дейди. Ханның бир кеңесшиси қырық күнлик той берип, «қырық күнлик жолға ат жибериў керек, ол ушын Қобландағы ханның Ақша атын алдырып, қырық күн көрсетпей, қырық күн күнди көрсетип бағыў лазым, оған ат тең келмейди, озып келеди, Қобланның аты қалады, намысы келеди, бул да оның өлгени болады деп айтады. Бул Ақшаханға мақул түседи. Полат барып той хабарын Қыдырбай елине айтады ҳәм тойына ханды шақырмаған өкпесин айтып, ханның Қоблан минип кеткен Ақша атын алып қайтады. Үәдели күнде ханның тойы басланады. Ақшахан сумлық етип Қобланды киндик баламсаң, тойды сен басқарасаң деп қояды. Ат шабылар ўақта Қобланның елинен ат шықпай қалады. Қоблан елине қайта барып, басқа ат таба алмай, Қуртқаның бағып отырған торы тайына зорлық қылады. Тайдың бағыўының алты айы кем, той сумлық пенен берилип отыр, ханның қасты менде, екеўимизди айра түсирмекши, бул тойға барма, ат излеме деген Қуртқаның сөзине де Қоблан тоқтамайды. Тайды минип тойханаға қайта келип, торы тайды есаптан өткереди. Оны шабатуғын бала таппай, қуў бала Көкаманның торы тайы озып келеди, мен түс көрдим, өзиң шап деген кеңеси мақул көрип, Қобланның өзи ат шабар болып кетеди. Ақшахан Полатқа барлық ҳийлени, Қобланды қалай алдаўды үйретеди, өзи де ат жиберер жердиң ар жағынан тоқсан үйли хожа бар, соларға тойдан мүйешлерин өз қолың менен берип қайт, деп алдайды.

Қоблан хожаларға ханның тойынан мүше алып кеткенде сен келгенше тоқтаймыз деген Полат бас болып байраққа шабатуғын атлардың барлығы пәтия алып кетип қалады. Хожалар Қобланды бир күн қондырып, Алып дәў, Бөкедәў, Көбикли дәў, Алшағыр дәў, Шарықлы дәў, Алалай менен Булалайдың қандары деп каса шарап иширип, атлар сени алдап кетсе де озып барасаң, ат байрақты алырсаң деп пәтия берип қалады. Қоблан кеткен атлардың изинен он бес күнде жетеди, отыз бес күн толғанда Полат миниген ханның Ақша атынан озып, тойханаға үш күн бурын барады. Ақшахан атларға бәле қылып келген шығар деп ат байрақты бергизбей турса, Полат келип барлық ўақыяны айтып, торы тайдың мийнетин күйдир-

ме, ол шын тулпар екен, байрақты бермесең тойың урысқа айланады, дейди. Хан илажсыз ат байраққа он бес ғашыр зерди Қобланға береди ҳәм Қобланды Бөкедәўи менен гүрестириўдиң жолын излейди.

Гүреске шығыўға Қобланнан он жигит рухсат алса да Бөкедәўди көрип, сыныққа сылтаў таўып, көз өткен, суўық тийген болып, ортадан шығып, гүрести қойып, аманлықта елге қайтқанды мақул көреди, батырға да усы кенести береди. Тәўекел етип ортаға Қобланның өзи шығыўға мәжбүр болады: Дәў қолында батыр қысылады, Қобланның бир қатар жигитлери аўылға қашып барып Қыдырбайға хабар береди, ол келип Ақшаханнан дәў қолындағы баламды босатыр десе, хан оны адамларына урғызып азапта турған Қобланға тағы азап береди. Батырдың пирлери жәрдемге келип Бөкедәўди жығады, оны өлтиреди. Ханнан ғырық ғашыр зер байрағын алады. Қыдырбай баласының аман-есен тойдан жеңис таўып қайтқаны ушын той береди. Тойға ханды шақыртса бармайды. Сонда да хан елдиң ийеси, той пайын апарып бер, ҳәр ким жаманлық етсе өзине етеди, ханды сыйла балам деп Қыдырбай Қобланды көндирип, тойдан мол етип пайын бердирип Ақшаханның алдына жибереди. Ақшахан той пайын алып, сырты жылтырап, ишки қалтырап, Қобланға тағы өлим илажын ойлайды. Алып дәў ушын өш аламыз, Қобланның аяқ-қолын байлап бизге жеткерип, болмаса өзимиз барамыз деп Көбикли дәўден хат келип тур, душпан келсе, ел ойран болады, оннан да өзиң барғаның, жаўдың өз елинде гүрескениң жақсы деп алдайды.

«Батыр аңқаў, ер гөдек» болып бул алдаў сөзге исенип, елине келип, жигит жыйнап, Көбикли елине кетиў ушын ата-анасынан жуўап сорайды. Ата-анасы батырға жуўап бермейди, ханның сөзине исенбе, ол саған душпан, сен кеткен соң елинди шаўып ойран қылады, биз қартайдық дейди. Дәслеп Қуртқа да жуўап бермейди. Оған сениң күшиң, батырлығың ҳеш кимнен кем емес, елди саған тапсырдым дегеннен кейин жуўап береди ҳәм ата-анаңа хабарласпай кете бер, көз жасы жолыңа кесир болар, оларды өзим жубатаман деп кеңес береди. Қоблан қырық жигит пенен қалмақ елине атланып кетеди. Көбикли дәўдиң жолда киятырған кәрўанын ушыратады, оны қырық жигит

басып алайық десе, Қоблан тийгизбейди. Үш ай жол жүрген соң алдынан Аштархан теңизи шығады, қудиретли жайтасты таслап суўды муз етеди. Қырық жигиттиң тағасыз атлары муздан жүре алмай қырылып, өзлери жаяў қалады. Атлы жаяў жүрип, көп азап көрип бир үлкен қалаға келеди. Бул қалай жай тастың кәраматы менен дүньяға келип, шаршаған жигитлерге пери қызлар хызмет етеди. Жигитлер ҳәзлик жайдан кеткиси келмесе де, Қоблан қырық күн дем алыңды деп зорлап алып кетеди. Қырық жигитке пери қызлар ат таўып береди. Дем алыс, пери қызлардың хызмети, ат миндириўлеринен жигитлер есерленип кетеди, Қоблан ат шабысыўға түседи. Қоблан озып кетип, дуўа менен басқа түске енип жигитлерин сынап көреди. Булар басқа түске енген Қобланнан қорқып қашады ҳәм Қоблан айналып келип, өз түсине енип аўҳалды сораса өтирик сөйлеп, Көбиклиниң қаласына барып, аманлықта елге қайтайық деп жалынады. Қоблан жигитлерин зорлап алып кетеди. Азаўлының ханы Көбикли дәў Қобланның киятырғанынан хабарлы болады, буған Ақшахан елине барған кәрўан арқалы хабар берген. Жолға көп әскер қойып, қаланы бекемлеп қамал еткен, өзи жолына көп қараўыл қойып таўға барып жатады.

Қоблан қалмақ әскерлерин жеңип қалаға киреди ҳәм урыс қылып оны бағындырады. Соңында Көбикли жақтан таўға барып, дәслеп батырдың қырық жигити, оннан өзи оның менен ушырасады. Қоблан Көбикли дәў менен гүреске түседи. Көбикли дәў ағасы Алып дәўдиң, инши Бөке дәўдиң қаны ушын Қобланнан ешин алыўға барлық күшин салады. Қоблан қыйын аўҳалда қалады. Қырық жигиттиң жәрдеми де батырдың аўҳалын дүзете алмайды. Батырдың торы аты қайнағасы Қараманнан жәрдем излеп кетеди. Ат дәслеп Қараманның ҳаяллары Нурпери ҳәм Айпериге келеди, олар қәйин енеси Көклен кемпирге хабар береди, атты келип көрип бир бәленің болғанын биледи, Қараманға хабар бериң, атлансын, Қобланды, Қуртқаны жаўдан қутқарып алсын, дейди. Қараман ҳаялларының айтқанын тыңламайды. Кемпирдиң өзи келип барыўын, жәрдем бериўин керек десе, Қараман өкпесин айтып, мен келгенше турмады, жасы үлкен деп оннан кейин де шақырмады, соның ушын Қобланның

жүзин қалай көремен деп жәнжел шығарады. Кемпир зорлап Қараманды атландырады. Қараман келип, Қобланнан рухсат алып, Көбикли менен гүресип жығып береди. Қоблан басын кеседи. Қоблан уятлы екенин айтып Қараманнан кеширим сорайды. Душпан жеңилди. Қараман ҳәм Қобланлар жеңис пенен еллерине қайтады.

Қоблан батыр Көбикли дәў менен гүресте жүргенде Ақшахан тағы ҳийле ойлап Алшағыр деген ханға хат жазады ҳәм Қобланды күшли батыр. Алып дәўди, Бөке дәўди өлтирген соң инин елине атланыс жасайды, халықты қырып, өзинди өлтиреди, соның ушын ел келместен бурын оның Қара қыпшақ елин шаўып Қуртқаны басып алыў керек, мен де буған жәрдемлесемен деп Алшағыр ханның кәрўан басшысы Қарабий арқалы хат жибереди. Алшағыр хан бул алдаў хатқа ишанып оны мың ләшкер менен Қобланның парахатшылықта отырған елине шабыўыл жасайды. Жаў Қобланның елин шаўып, қарсылық еткенди өлтирип, оның ата-анасын, қарындасын ҳәм Қуртқаны бенде етип айдап кетеди. Қуртқа есабын таўып Қобланға хат жазып қалдырады. Хатта Қоблан кеткели жети жылға жақын ўақыт болғаны, душпанның шабыўыл жасап елди бүлдиргенин, торы тайды асығып минип кеткенин ҳәм енди асықпай алты атты бағып, гүреске таярланыўы керек екенин, аты менен өзине жеткендей азықты қаланың арқа шетинде медресенің түбине қарым қазылып соған көмилип кеткени айтылады. Қоблан буны сезип қуўады. Изинен жетеди. Еки батыр дәслеп ат үстинде алысып, соңынан жерге түсип гүресип, бирин-бири жыға алмай күплер өтеди, Қобланға шири мәдет берип. Алшағырды жығады ҳәм өлтиреди. Оннан кейин қалмақ елин Қобланға бағынады. Қоблан қалмақ елин бенде етип айдап қайтпайды, зулымларын өлтирип, халықтың өз еркин менен биймер сайланып, өз елин биймлетеди, тек Сарышаханым менен оның он бир баласын бенде етип, қарақыпшақ елин алып қайтады.

Жаў алдында айдалып кеткен ел туўып-өскен ўатанына келеди. Орынласып болған соң елдиң адамлары аман-есен ата мәканымызға қуўысқанымыз ушын той берейик, тойға Ақшаханды шақырып өлтирип, жиберейик деп Қобланға кеңес береди. Бул ўақлары Көбикли елинен көп дүнья менен қайтқан жигитлер

де елге жетеди. Полатқа Қансулыў күйеўге бериледи. Үш бәйге қосылып үлкен той беріледи. Тойға Ақшахан келип, мен саған душпан емеспен, душпан болғанымда киндигиңди кескенде өлтирип, таслағанымда менің менен ким даўласар еди, өсек сөзге исенбе, менің етегиңе салған баламсаң, деп Қобланға көп сөзлер айтады ҳәм Алшағыр елинди шапқанда қартайғаным ушын жаўға қарсы шыға алмадым, тахтың да, елдиң де ийеси өзиңсең, бирақ, ел жаңа орныққанда тағы жаман хабар шығып тур—Шарықлы дәў усы елди шабыўға келетуғын көриниди деп жуўҳалық етеди.

Қоблан бул сөзге исенеди, Ақшаханды өзине дос деп биледи. Киятырған душпанның алдынан шығайын деп ата-анасынан ақ пәтия алып қырық жигитин ертип жолға рәўана болады, бир қанша күн жол жүрип ҳеш кимди ушырата алмайды. Алдынан ғайбана дос болып жүрген Айыллы Орақ деген батыр шығып Қоблан менен танысып, ол Шарықлы елине батыр баслап алып кетеди. Бул хабарды Шарықлы ҳәм оның дәўкемпир анасы еситеди. Дәўкемпир баласына кеңес береди: Қоблан күшли, тағы оның қолында кәраматлы жайтас бар, көп нөкерди жолына шығарып урыстырып, өзиң шетке барып жата бер, ўақыт болса жайтастың дуўасын жаздырып саған өзим жәрдем етермен, дейди. Қобланлар Шарықлы елине келеди, көп нөкерди көреди, олар тез жыйналған, урыс өнерин билмейтуғынлар болып қырылады. Шарықлыға барып аўҳалды айтады, бир ай урыстық, бул келген жаўға бизиң күшимиз жетпейди, өзиң шықпасаң—ел қолдан кетеди, деп Шарықлы адамлары ырза етеди. Шарықлы алажсыз Қобланға қарсы гүреске шығады. Үлкен гүресте жеңиледи. Жеңиске жетиўге Қобланға қырық жигити де айыплы. Орақ батыр да жақсы жәрдем береди, Шарықлы өлтириледи.

Дәўкемпир дуўаны оқый алмайды. Қобланның өзиниң ҳәм жайтасының күши қайтпайды, Шарықлының өлип кеткенин билип, баласы Алалайға хат жазады, тез нөкер жыйнап келип Қоблан менен гүресең пүткил ел қолдан кетеди, сениң де күниң питеди, өзи дуўаны даўам етиў ушын жер астынан жай салдырып, соған кирип кетеди. Алалай тезлик пенсн Қобланға қарсы атланысқа шығады. Бундай күшли душпанды енди ким бар дегенде Қобланға Орақ ба-

нен гүрес басланады. Буған Орақ батыр шыққа, күшин тағы дуўа менен қайтарады. Ерсайым әкесинин атын минип қылышын урып шығып, сол оны өлтиреди. Буннан кейин қалмақ елинде булар менен гүрескендей батыр қалмай, ел бағынады. Үлкен жеңис менен батырлар елине қайтады. Қоблан өзинин Орақ батыр дәстаны қарақыпшақ елине бирге барыўға мирәт қылады. Ол буған қайыл болады. Узақ жоллар, көп қыйыншылықлардан өтип, Қоблан екн баласы, Орақ досты менен елине жетеди. Батыр халқына ата-анасына, Қуртқаға қосылады.

Бир қатар қорлық, екн көзден айрылса да үлкен жеңис менен елге аман-есен келгени ушын Қоблан той бергиси келеди. Полатты шақырып алып оған барлық өкпесин, көп ўақыт Ақшаханның тәрепинде болып батырға қыянет еткенин, күйеў болса да изинен излеп бармағанын айтып, тойды таярла, Қараманға ат жиберип алдыр, дейди. Ол тойды таярлайды ҳәм Ақшаханның атын еркзиз алып Караман батырға шақыртыўшы адамға мингизип жибереди. Ол ноғайлы елиндеги Қараманға бир айда жетип, Қобланның тойы барын, өзиниң сағап шақырыўшы екенин айтады. Қараман жүз жигит менен тойға келеди. Оған үлкен ҳүрмет етнледи. Қобланның тойына Ақшахан келмейди, ол зорлық менен алдырылады. Гунасын мойнына қойып өлтириледи. Тойда Ерсайым Ақшаханның орнына, Мырзасайым қарақыпшақ елине хан етип қойылады. Қараман ҳәм Орақ батырлар көп мал, үлкен ҳүрмет менен елине қайтарылады. Қобланның балалары хан болған еллер абадан, жетим жесир жыламай күн көрип, батырдың өзи хан болып өмири өтеди. Дәстан усы ўақыялар менен тамам болады.

Булардан кейин дәстанды Нағым жыраў атақлы Турымбет жыраўдан үйренип отыз жыл айтқанын, әкесинен өзиниң үйренгенин айтады.

АРЗЫМБЕТ ЖЫРАУ ВАРИАНТЫ

Бул дәстанды 1959-жылы июль айында Қоңырат районының (ҳәзирги Ленинабад районы) Свердлов атындағы совхоздың Энгельс бөлиминде турыўшы Арзымбет жыраўдан фольклорлық экспедиция ўақтында жазып алған Қ. Мақсетов.

Көлеми қолжазбада 311 бет, 5900 қатар қосықтан ибарат. Түп-нусқасы ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының илимий китапханасының қолжазбалар фондында. Р—92, № 34639.

Дәстан былай басланады:

Қоблан бала ер еди,
Есаплы ердиң бири еди,
Ақшаханның халқында,
Шалқып Қоблан жүр еди:
Қатаған ноғай халқында
Қараманның журтында,
Қуртқа деген сулыўдан
Қобланға хабар келеди.

Бул ўақытта Қуртқаның шешеси алтын қабақ арттырып, кимде-ким атып түсирсе, соған Қуртқаны бермекке шәрт етken болады. Қоблан алтын қабақты атып түсиреди,

Аршаны атып түсирди,
Қыдырбай шалдың баласы. (5-бет).

Қуртқаның атасы (әкеси) Сейдан ноғай алыс сапарда қайтыс болады да, оны баласы Қараман излеп кетеди. Қоблан Қуртқаны Қараманның келиўине қарамай елине алып кетпекши болады.Қуртқа шешесинен Қобланға жайбултты (жайтас) сорап ал дейди. Қуртқаның шешеси жайбулт тасты Қобланға берип турып:

— Бир сөзим мәрт Қоблан,
Азаўдың аўыр шәҳәринен,
Көбиклиниң елинен,
Алаңғасар Алып дәў,
Келип атыр шырағым,
Есите ғойса ол залым,
Кейнинен қуўып бармасын (15-бет).

Жолда қара қыпшақ Қоблан алаңғасар Алып дәў менен жекпе-жек урысады. Дәўди сарыжай менен атып өлтиреди. Қоблан елине Қуртқаны әкелип, үлкен той береди. Бирақ тойына Ақшаханды шақырмайды, көлдеги Ақшаханның малын қуўып жиберип, өз малын жаяды.

Ақшахандай патшаның
Қаршыға атлы бир қулын,
Наҳақтан Қоблан өлтирди. (25-бет).

Ақшаханның Қартхожа деген ўәзири ханға Қобланның елин шабыўға түртки береди. Ақшахан Қобланның елин шабыўға атланады. Жолда Ақшаханға Қобланның «бабасы» ушырасады. Ол Ақшаханға алыў ушын үш шәртти исленўин керек дейди. 1) Той ислеп тойға Қобланды шақыр да, тиккели орын берме, 2) Ақмешит деген жерден ат жибер, сонда Қобланның аты қалар, усылардан арсының өлер, болмаса, 3) Азаўдың аўыз шәҳәриндеги Көбикли дәўдиң иниси Бөке дәўди алдырып, соған қарсы қойсаң соннан өлер дейди. Егер булардан аман қалса

Қоблан атлы баланың,
Ақлығы менен шаўлығы,
Етти ықлымға султаным,
Патша болар деп еди (33-бет)—дейди.

Ақшахан той берип Қобланды шақырады. Еки ретине бармай үшиншисинде келеди. Хан тойдан орын берме деп тапсырын қояды. Булар да орын бермейди. Қоблан 40 жигитин қалдырып, өзи Ақшаханның устине киреди. Хан ушын турып орнын береди: Ат шаўып киятырғанда жолда Қобланның бабасы ушырасып, Қобланға 7 кесе қан ишкизеди. Буны ишсең жети патшаның қанын ишесең дейди. Ат байрақтан Қоблан озып келеди.

Екиншi шәрт Бөке дәў менен гүреседи. Бөке дәўди өлтирип, басын Ақшаханға апарып береди. Күртқаны елине алып келеди. Ақшаханның қызы Ақбилекти Полат достына алып береди. Ақшахан Полатты Қобланға жиберип алдырады. Қобланды Көбикли дәўди шаўып келиўге жумсайды.

Аштарханның музы ерте қатыпты,
Көбикли хан Аштарханнан өтипти
Көбикли дәў бул қалаға келмесин,
Қалаға шаўқым салмасын (120-бет) дейди,—патша.

Азаўдың аўыр шәҳәрине
Қоблан кетпек болады (123-бет).

Қоблан Аштархан теңизинен өтип 40 перинiң елине ушырап пери қызлардың жеңгеси Гүлханыштан Көбикли дәўдиң елин сорайды. Қырық перийзат, буларға 40 ат миндирип Көбиклиниң елине шығарып салады.

Қоблан жолда 40 жигитиниң алдынан дүшпан болып шығып сынап көреди. 40 жигити кейин қашады.

Жолда Көбиклиниң кәрўанын ушыратады. Көбикли дәў Қобланның келетуғынын, өзлерине қорғаныс тутып атырған хабарын еситеди. Қоблан Көбиклиниң қорғанына кире алмай атына қошамет айтады:

Кире алмадым қалмақ салған қалаға,
Ырғыйсаңба көзгенеңнен жөнийар? (165-бет).

Қоблан қорғанға кирип қалмақты қырғынға ушыратады. Аман қалғанлары Ерик деген қалаға тығылады. Қоблан Көбикли менен жекпе-жек урысқа шығады. Көбиклиниң портретин:

80 қойдың териси,
Бир қолына жең болған (176-бет).
Жети қулаш ала атқа
Барып ерин салыпты (177-бет).

Көбикли менен Қоблан бирнеше күн алысады, бириндi бири алалмайды. Жәрдемге Қобланның «бабасы» келеди.

Шолдеги ғәрип бабасы,
Ғайыптан ҳәзир болады,
Қолында бар шарабы
Мәрт Қобланға беripти.
Ҳаслы қалмақ болса да
Мынаў турған пирлердиң
Келгенлигин көрипти. (193-бет).

Қоблан минген торы ат Көбиклиниң жети қулаш ақ атын шайнап өлтиреди. Көбиклини қосаяқлап тебеди, бунда да дәў өлмейди. Торы ат Қобланның дәў қолында қалатуғынын билип, Қараманның үйине келеди. Қараманның кемпири аттың жәрдем сорап келгенин билип Қараманға изинен бар дейди. Қараман қарындасы Күртқаны Қобланның өзи жоқта алып кеткенине ҳәм алғалы қайнағам демегенине өкпелеп Қобланға барғысы келмейди. Күртқаның анасы Қараманды зорлайды, Қараман бармақшы болып, Торы атты алдына салып Қобланға барады...

Қараман Көбикли дәў менен алысып, ақырында дәўди өлтиреди. Қоблан Қараманды Көбиклиниң елине патша сайлап тақка отырғызады. Қоблан Қараманнан

рухсат алып, 40 жигити менен елине қайтады. Аштарқан теңизинен саў-саламат өтип, жатқанда түсине бабасы енип, елин Алшағырдың шаўып кеткенин айтады.

Қоблан көрген түсин қасындағы 40 жигитине айтады, түсин жорытады. Қоблан елин Алшағырдың шапқанын билип келсе, тек аўылдың журты қалған. Ол Алшағырдың елине атланады. Алдында 40 қуў гелленің жатқанын көреди. 40 гелле қыпшақтың шейит өлген 40 баласының басы екенин биледи.

Алшағырдың ҳаялы Сарыша түс көреди. Түсин Куртқаға жорытады. Қуртқа елин Қобланның шаўын келип алатуғынын тайсалмай айтады. Қоблан Алшағырдың ордасына келип:

— Шық далаға, Алшағыр,
Қара қасқа атың минип шық,
Қарыңа найзаңды илип шық,
Әрманда ғапыл болмай шық.
Журт ийесиз деппедиң,
Халық ийесиз деппедиң,
Олжа қылған журтыңның,
Ийеси келди изиңнен,
Буны қалмақ билип шық,
Қандарың Қоблан мен деди
Алшағыр көпир сен деди.

Қоблан Алшағыр менен жекпе-жек урысқа шығып Алшағырды найза менен түйреп өлтиреди.

Усы ўақытта Көбиклиниң Нарқызыл деген баласы Алшағырдың елинен қыз алмаға келип атырған еди. Қоблан Нарқызылды көрип, қасындағы Ерсайым достын Нарқызыл дәў менен урысыўға жибереди. Усы ўақытта Алшағырдың отыз улы Нарқызыл менен биригип Ерсайымға қарсы турады. Ерсайым Нарқызылды өлтиреди. Алшағырдың отыз улын қырғынға ушыратады. Қуртқа Алшағырдың екн қатының услап алып, оны да өлтиреди.

Қоблан досты Ерсайымды Алшағырдың орнына тахтқа миндиреди де, өзи бенде болып келген халқын жыйнап, елине алып қайтады. Қыйрап қалған Қорғанша қаласын қайтадан салып тикейтеди.

Ақшахан Қобланның барлық душпанын жеңип Қорғаншаны қайтадан салып тиклеткен хабарын еситип келеди. Қоблан өзиниң алдаўлыққа түскенин Ақшаханның бетине айтады:

Келсем енди елиме,
Баяғы қалған елим жоқ,
Қалың қыпшақ елим жоқ,
Залым патша болмасаң,
Алшағырдай гөўирге.

Қоблан Қараманды Көбиклиниң елине патша сайлап, тахқа отырғызып, 40 жигити менен өз елине қайтады. Арадан алты ай өткен соң бизлерди излеп бар, оған шекем ата-анаңды хор етпеспен деп Қуртқа батырға қайта-қайта нәсият етеди.

Батыр елине киятырып түс көреди, түсинде болған аўҳалды сезеди ҳәм түсин қырық жигитиниң бирине жорытады. Ол дәслеп түсти Қобланның райына қарап жақсылыққа жорыса да, кейиннен елдиң бүлингенин түсте дурыс көрингенин айтады. Қоблан азыўлы елинде шабылған, бүлинген, өлген адамлардың ханы, бүлиниўи елиме, ата-анама кесирин тийгизген болыўы керек деп өкинеди ҳәм алып киятырған мал-дүньясын, айдалып киятырған бенделерди қырық жигитине тапсырады, бенделерде өзлериңиздей адам, оларға азап-ақырет бермең деп нәсият етеди ҳәм өзи елине бармақ ушын асығып жүрип кетеди.

Көп күнлер жол жүрип елине келеди, ўайран болған елди, жерди танымай атты айдап, бас-көзине қарамай урып кетпекши болғанда пирлердиң жәрдеми менен торы атқа тил питеди. Торы ат Қобланға қарап болған истиң барлығын баян етеди ҳәм әсиресе Ақшаханның душпанлық ҳийле менен жүрген ислерин Қоблановың сезбегенин баянлайды. Бул сениң туўылған, менің өскен, Қорғаншадай қаланың салынған жери, буннан кетпеймен, тақ атқан соң аўҳалды өзиң-ақ түсинерсең деп аттың тили байланады. Қоблан бул ҳәдийсеге қатты ойланады. Сарғайып таң атады. Батыр ҳәр жерде жатырған адам өликлерин, ўайран болған елди көреди. Ата-анасынан, қарындасы менен Қуртқадан ели-халқынан айрылғанын биледи. Кеўлине қапалық, көзине жас толып, жан-жаққа қарап турса көл беттен бир түтин шыққанын көреди, атын минип соған қарай барады, барса көшке ере алмай қалған онтөрт кемпир, жети ғарры екенин биледи. Булар көлдиң шабағы менен күн көрип отырған болады. Олар Қобланды шырамытады ҳәм Қуртқа жазып таслап кеткен хатты береди. Қоблан хатты оқыйды, аўҳалға анық

түсинеди. Ғаррылар менен бирге Қуртқа азық көмип кеткен жерге келеди. Азық ҳақыйқатында да мол болып шығады, тек Қоблан менен атқа емес, кемпир менен ғаррылардың алты ай емес, алты жыл жеўине жетерлик азық-аўқат табылады. Қоблан атын қырық күн бағады, өзи де дем алады. Бирақ ҳәр түрли дәмли тамаққа тойынған кемпирлердиң өсек сөзлерин қулағы шалады. Олар елин шаўып кеткенде ата-анасы, қарындасы ҳәм яры Қуртқа жаў қолында бенде болып жүргенде буның бул жерде атын бағып, басын паналап отырғаны қалай деп сөз жүргизеди. Қоблан бул сөзге шыдамай түнде атланады. Оның қулағына гүнасыз өлген ғаррылар менен балалардың сести келеди ҳәм атар таңға жүрсең де, батар күнге жүрме, душпаннан бизлердиң өшимизди ал деген сөзлери еситиледи. Ол таның атыўы менен атланып кетеди. Қырық күн бағылған торы ат қырық күн шапқаннан кейин болдырып қумда қалады. Бул ўақытлары арадан бес ай өткен болады. Күнде пал ашып отқа жаўырын салып, Қуртқа соларға қарап, Қобланның аўҳалын билип отырады. Қуртқа қуў жаўырынды отқа салып, соған қарап Қобланның аўҳалын билип, бир күледи, бир жылайды. Буны Қуртқаның қәйин енеси Алтыншаш сезип келиннен күлиў ҳәм жылаўының мәнисин сорайды. Ол палдың мәнисин енесине айтып Қобланның ақылсызлық еткенин, бўлинген журтқа келип, жазылған хатты алса да ондағы нәсиятты тыңламай, өсек сөзге ерип, атты алты ай бақпай, қырық күн бағып, жетиўге сегиз күнлик жол қалғанда аты болдырып, жолда қалғаны, ол аттың қашан дүзелип, жолға шығыўы еле мәлимсиз екенин, түби аманлық болатуғынын билдиреди ҳәм бир күлип, бир жылағанымның мәниси усы дейди. Қобланның ата-анасы баласының тири екенин билип қуўанып қалады. Қуртқа Хансулыўға хабар айтып сүйинши алады.

Алшағыр хан Қобланның бенде етип айдап киятырған елин тағы сегиз күн жол жүргизип, қаласының бир шетинен орын берип буған да Жаңашағәўир деген ат қойып қорған салдырады. Қобланның халқы жаўланып алынған халық иретинде көринип, малында, басында ерк болмайды. Халықтың ўәкиллери Қуртқаға келип ханға аўҳалды айтып арзы етип, болмаса бизлер өлер ҳалға келдик дейди. Қуртқаға бул кеңес мақул түсе-

ди. Қуртқа Алшағыр ханға арзаға барса, өзиң нашарсаң, оның үстине ханға алып киятырған сыйлығың жоқ деп, жасаўыллар оны қуўып шығарады.

Қуртқа ханға арзын айталмай, кейин қайтып муңайып турса, алдынан еки қәлпе шығып сарайдың шығыс бетинде қырық тисли зәңги бар, соған шығып ханға арыз айтсаң болады, бирақ арзыңды ханға тыңлата алмасаң, ханның адамы сени атып түсиреди, оның шәрти солай, дейди. Қуртқа тәўекел етип зәңгиге шыға баслайды, отыз тисине шыққанда сулыўдың ханға сәўлеси түседи, хан оны жасаўыл жиберип алдырып жазысын тыңлайды. Қуртқа елдиң аўҳалын айтып, жетимлигинен жесирдиң хан атасы болады, ел үстине ел келсе, елге дәўлет қонады, келген дәўлетти баҳаламаса, жетим менен жесирди қорғамаса онан қандай хан болады деп Алшағыр ханды уялтады ҳәм ханнан алты айға шекем бул елдиң адамларына ҳешким тиймесин, есигин тек жел ашып, жел жапсын деген мөр басылған буйрық алады. Елдың сораўы бойынша Қуртқада кеңеси тек усы болады.

Алшағырдың Сарышаханым атлы күншил ҳаялы болады, ол он бир ул туўады. Ортадағы бузақы адамлар Қуртқаның ханға арзаға келгенинен пайдаланып хан бузылды, сениң үстиңе бенде болып келген сулыў Қуртқаны алмақшы деп от салады. Сарышаханым ханның алдына барып оны он бир улдың күши менен ҳаўлықтырып, Қуртқаның тәғдирин маған бер, мен есимде жумсайман дейди. Хан ўәдесине опалық етпей, буйрығын бузып Қуртқаның тәғдирин Сарышаханға береди, Сарышаханым Қуртқаны қул етип жумсайды. Изине еки шорыны салып, отырса да ур, турсада ур, деп тапсырма береди, олар солай ислейди. Ақыретке шыдамаған Қуртқа бир күнлери еки шорыны урып өлтиреди, кейнинен аўҳалының қыйын болатуғынын сезип «сүт берген торы тайым батырға жеткермесең аўҳалымыз қыйынға айналады» деп зарланады. Төрт ат буны сезгендей уйқылап атырған Қобланды оятып, үш күнде Алшағырдың елине жеткереди. Қуртқаны табалмай елди көп айналып жүреди, ақырсында бир шөлде оның тезек терип жүрген жеринде жолығысады. Қуртқа жара болған жүзин көрсетсе батырдың кеўли қалар деп тезек терип жүрген қабын бүркенип турады, ақыры жүзин көрсетип ҳал-аўҳал айтысыўға мәжбүр болады.

Батырға ата-анасының, қарындасының, халқының азап көрсе де аманлығын айтады. Сен узақта жатабер, мен елге хабар айтайын, оларды гүреске таярлан дейин деп Қуртқа изине қайтады. Қуртқа бенде болып келген, елге келип, балтаң болса сапла, қылышың болса тапла, батырың келди, он төрт күн мәўлет берди деп сүрен салады.

Сарышахан жаман түс көреди. Түсинде арқадан аш бөри келип сексен серкесин, он бир қозысын ҳәм ай мүйизли ақ қошқарын тамақлап басларын жулып алып кетеди. Буны Қуртқаға жорытыў ушын оны жасаўыл жиберип алдырады. Оған жасырмай дурысын жоры дейди. Қуртқа түсти жорып, сизлерден дәўран өткен, зулымлық басына жеткен, сексен ҳәмелдарың, он бир балаң, күйеўиң Алшағыр Қоблан қолында жаза табады деп түсиндиреди. Буған Сарышаханның қәҳәри келип, Қуртқаны дарға асыўға буйырады. Қуртқа дар астына алып келинеди. Кәраматлы жайтастың құдireти менен дар қасында қатты даўыл пайда болады, торы ат Қобланды да усы жерге жеткереди: батыр ярын дар астынан босатып алып, жәллатларды жазалайды. Батыр Қуртқаны алып бенде болып айдалып келген халқына, ата-анасына барады, олардың қыйын аўҳалға түсиўине себепши болғаны ушын кеширим сорайды.

Қоблан елин аралап жүргенде Алшағырдың мың атлы ләшкери топылыс жасайды. Әжеллиси өлип, бир қатары қашып Алшағырханға барып хабар берди. Қобланды тәрийплейди. Алшағырдан хабарды еситип халқына дабыл қағады, көп ләшкер жыйнайды, кимде-ким Қобланды услап берсе мың тилла сыйлық берермен болады. Гейпара есерлер сыйлыққа қызығып Қобланға қарсы урысыўға шығады. Бара-бара көп ләшкер Қобланды ортаға алады. Қоблан талмай қылыш урып, жақын келгенин қырып, үлкен мәртлик, теңи жоқ батырлық қылады. Ақырында ләшкерлер ҳәм халық Алшағыр салған қалаға тығылады, қала қамал болады. Алшағыр батырдың көзине көринбейди. Аласапыран болып атырғанда Алшағыр қаладан шығып кетеди.

Ат жоллап хатты салдырдың,
Менің халқымды алдырдың. (209-бет.)
Үш ай болды Ақшахан,
Бул халқыма келгели,

Меннен хабар алмадың,
Бул гүнаңды билдиңбе?
Қоблан атлы жалгызды,
Және узақ сапарға,
Жумсайын деп келдиңбе?
Тахт үстинде Ақшахан,
Айтқаныңды қылмайман,
Жумсаған жерге бармайман,
Ақшахан буны бил деди. (310-бет).

Қоблан Ақшаханның өзине еткен ҳарамлығын мойына қойып, сол жерде Ақшаханды өлтирип Мурат-мақсетине жетеди.

АСҚАР ЖЫРАЎ БЕКЕЕВ ВАРИАНТЫ

Асқар Бекеев 1905-жылы Тахтакөпир районының Калинин атындағы совхозының Жданов бөлиминде туўылған. Ҳәзирги күни Нөкис қаласында турады. Асқар жыраўдың устазы белгили қарақалпақ жыраўы Пиреке улы Изимбет жыраў. Изимбеттиң устазы Әбдирасули (лақабы кәл бала) жыраў болған.

Асқар жыраў устазынан «Қоблан» дәстанын 25 жасларында үйренип, усы дәстанды өмириниң ақырына шекем жырлап келген. Ол «Едиге» дәстанын да биледи. Оның жыраўшылық еткен жерлери Шымбай, Тахтакөпир, Шаббаз, Ургенич елатлары болған.

Асқар жыраў айтқан «Қоблан»ның қысқаша мазмуны төмендегише:

Ақшахан қартайғаннан кейин орынына Қобланды патша сайлап, тахқа отырғызады. Бир күни Ақшахан Көбиклиниң атынан хат жазып, хатта Қоблан журтын бизге берсин делинген болады.

Қоблан 40 жигити менен Көбиклиниң елине атланады. Жолда 40 жигити атынан айрылып, Аштархан теңизинен зорға өтеди. Олар 40 перийзаттың қаласына барады. Қырық перийзат Ақбилек деген жеңгесин Қобланды күтип алыўға жибереди. Қырық перийзат Қобланның жигитлерине бир-бир ат миндирип жибереди. Қобланлар Көбикли дәўге атланады.

Қоблан жолда өзин басқа адам етип, 40 жигитин сынайды, қырық жигити буннан зәрреси қалмай қорқады. Солай етип Қоблан 40 жигити менен киятырып, Көбиклиниң сәўдегерине ушырасып, Көбиклиниң келе-

туғының билип таярлық көрип атырған хабарын еситеди.

Қоблан Көбиклиниң сан мың лашкери менен урысады. Қалмақларды қырғын қылады Ақ Ордада жатқан Көбикли дәўге барады. Көбикли дәў Қобланды баласының, жөнли жуўап бермейди. Дәў Қобланнан жол болсын сорайды. Қоблан:

Самарқан сайқалында.
Қозылы гүзәр, қой гүзәр,
Жылан өткен дағында.
Нурдың қара таўында...
Урыўы қара қыпшақтан
Қыдырбайдың улыман (45-бет) дейди.

Ақшахан той берип, тойында атын оздырған ҳәм гүресте Бөке дәўдей ағанды жығып өлтирген Қоблан деген мен боламан,—дейди.

Көбикли жекпе-жек урысқа шығады.

Қоблан менен үш күн гүреседи. Қобланның дәўге күши келмейди. Сары хожа кәмбил пирине сыйынады. Қобыланның ҳалынан хабардар торы аты дәўдиң ала атын шайнап өлтиреди. Бунан кейин торы ат

Қобланның қайнағасы,
Сейдим баширдың перзенти,
Қараманның журтына
Кетермен болды ол ҳайўан (53-бет).

Торы ат Қараманның ордасына барады. Қараман бул аттың кимдики екенин билмей, еки ҳаялын да кемпирине жибереди. Қараманның шешеси келип, аттың мойнына байлаған тумардағыны оқып көрип, Қобланның аты екенин биледи. Кемпир Қараманды Қобланға жәрдемге барыўға жумсайды.

Қараман өзи жоқта қарындасы Қуртқаны алып кеткенине өкпелеп бармайтуғынын айтады. Бирақ кемпириниң зорына ушырап ақырында Қобланға кетпекши болады.

Булт атын минип Қараман,
Торыша аты алдында,
Мамадан алып жуўапты,
Ол қаладан шығады. (66-бет).

Қараман Көбиклиге барып, оның менен гүреседи. Көбиклини өлтирип, Қобланнан Көбиклиниң журтын басқарыўға саўғаға сорайды. Қоблан Қараманды Көбикқарыўға саўғаға сорайды. Қоблан Қараманды Көбиклиниң елине патша сайлап, тахтқа отырғызып, 40 жигити менен өз елине қайтады.

Қоблан жолда Ақсуўат деген жерге келип дем алады. Түнде түс көреди. Түсин Сайым деген 40 жигитиниң биреўине жорытады. Елиң жаў шаўып кеткенин биледи. Қоблан елине келсе «30 кемпир, сексен шал, жаў алған көшке ере алмай, журтта отырғанын көреди. Кемпир-ғаррылардан сексен баланың Алшағыр қалмаққа қарсы турып шетинен өлгенин еситип, Қобланның қатты қәҳәри келеди. Алшағырдың елине атланады.

Бул ўақытта Алшағыр Қобланның атасы менен енесине қой бақтырып, қарындасы Қансулыўды қырық жигитине шылым салғыш, ал Қуртқаны үлкен ҳаялы Сарышаның хызметшиси етип қояды.

Бир күни Қуртқа Алшағырдың алдына барып бенде болып келген қыпшақтың халқын үш ай бостанлыққа шығарыўды сорайды. Патша рухсат етеди. Бул ҳабарды еситкен Алшағырдың үлкен қатыны Қуртқаны таптырып алып, «жүзине жара салады, басына қара салады» (10-бет).

Қобланның қарындасы Қансулыў жеңгеси Қуртқаның азап шегип жүргенин көрип, жеңгесин изине ертип, аўлағырақ жерге барып жыласып, бийт қарасып отырғанда Қансулыў уйқылап қалады. Қуртқа Қобланның аманлық хабарын жайтаста жазылғанын оқып билип, Алшағырдың қаласына келеди. Усы ўақытта Алшағырдың ҳаялы Сарыша түс көрип, түсин Қуртқаға жорытады. Қуртқа Қобланның келип, Алшағырдың елин шабатуғынын айтады.

Қоблан 40 жигити ҳәм досты Полат пенен келип, бенде болған халқына қосылып ҳәммеси Алшағырдың қаласын шабады, Алшағырды ҳәм оның жети улын өлтиреди.

Қуртқа Сарышаны таўып алып сүйреп өлтиреди. Алшағырдың елине Полатты патша етип сайлап, Қоблан мақсетине жетеди.

ДӘЎЛЕТМУРАТ ЖЫРАЎ ВАРИАНТЫ

«Қоблан» дәстанының бул вариантын Шымбай районы «Кеңес» совхозының Куйбышев бөлиминде ту-

рыўшы Дәўлетмурат жыраўдан 1960-жылы фольклорлық экспедиция ўақтында жазып алған Қ. Мақсетов пенен Қ. Мәмбетназаров. Түп нусқасы ӨзССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстан Филиалының китапханасының қолжазбалар фондында Р—92 №34662. Көлеми қолжазбада 105 бет, 2415 қатар қосықтан ибарат.

Дәстанның мазмуны төмендегише ҳәм дәстан былай басланады:

Әййем өткен заманда,
Динниң абат ўақтында
Ақшахан патша менен
Қоблан бала душпан болып,
Бир-бирине қас болып,
Ақмешит деген жерге
Ат айдады Ақшахан.

Ақшахан 490 атты ат байраққа жибереди. Қоблан да торы атын байраққа қосып, ат шабар бала таўып келиўге Шамай дегенди жумсайды. Шамай «көк шыбын менен урысқан, қабақлары тырысқан, ол баланың басы кәл, таяғының ушы кәл, шапанының пеши кәл, аўыз аймағы менен, бота тайлағы менен бәри кәл бир баланы алып келеди.» Бирақ бала ат шабалмайтуғынын айтады. Қобланның өзи кетеди. Ат айдаўшысы Полат болады.

Қоблан Ақмешит деген жерден ат қашырады. Ол 490 аттан бир күн соң шығады. Қоблан жолда ат шаўып киятырып жети гүмбездиң үстинен шығып, бирим-бирим аралайды. Жетиниши гүмбезде үш қалендер «баба» басы» таяр болады. Бабасы Қобланға тилегинди тиле дейди. Қоблан:

Урғанда таяқ өтпесин,
Шапқанда қылыш кеспесин,
Мусылманў, кәпирдиң,
Ҳәргиз дады жетпесин —деп тилейди.

Қобланның Қәлендер бабасы бақ-дәўлет, перзент тилемедиң, буларға кешигип жетерсең дейди. Бабасы Қобланға ҳақ жол тилеп жолға салып жибереди. Қобланның торы аты ат байрақтан озып келеди. Ат байрағына қырық ғашыр зер алады. Зерди Қырымнан келип атырған ағайинлерине әкелип береди. Қырымнан келгенлер Қобланға Ақшахан зорлық етип атыр деген

хабар менен Қобланға көмек беремиз деп келип атырған еди. Қоблан ата-анасынан хабар алыўға елине кетеди. Бул хабарды еситкен Ақшахан Қобланның кейнинен еки нөкерин жиберип, Бөке дәў менен гүресиўге шақырады. Қобланды Шамай менен Дуқтар тойға қатнасыўға зорлап кейин қайтады. Ақшаханның тойына келеди. Тойда отырған Бөке дәўди көреди.

Қоблан Бөке дәўге:

Самарханд сайқалында,
Нурдың қара таўында
Жупардың қорығында
Қозы гүзәр, қой гүзәр,
Қой гүзәрдиң бойында,
Жылан өткен дағында
Атамның атын сорасаң
Қыдырбай шалдың баласы...
Мениң атым сорасаң
Батыр туўған мәрт Қоблан (36-бет),

—деп өзин таныстырады.

Бөке дәў менен Қоблан гүреске түседи.

Бир неше күн гүресип Қоблан әзизлик етеди. Усы ўақытта Қобланның атасы Қыдырбай келип, Ақшаханнан Қобыланды босатыўды сорайды. Ақшахан Қыдырбайдың сөзин тыңламай қуўып жибереди. Қоблан дәў қолында турғанда

Ақсары бас қуў болып,
Қанаты силпи суў болып,
Төбесинде турады.
Пирлери Қобланның
Қанаты менен моҳминди,
Жаўырнына үш мәрте урады. (42-бет).

Қоблан Бөке дәўди гүресте жығып, геллесин кесип алып Ақшаханға апарып береди. Ақшахан сораған журтының жартысын Қобланға береди.

Арадан жети жыл өтеди. Бир күни Ақшахан Қобланды шақырып алып, мениң жасым алпысқа келди Азаўлының аўыр шаҳәриндеги патша Буўраханның баласы Көбикли жети жылдан бери маған төлеп турату-ғын тутин пулын бермей кетти. Жети жылғы салықты алып қайтсаң, егер бермесе, елин шаўып елге ел қосып қайтсаң дейди. «Батыр аңқаў, ер гөдек» деген Қоблан буған келисим береди.

Қоблан қырық жигитин ертип Азаўдың аўыр шәҳәрине атланады. Аштархан теңизине жетип оннан өте алмайды. Қоблан теңизге Жай бултын таслайды. Теңиз муз болып қатады. Қобланның 40 жигитиниң атлары музға тайып жығылып аяқлары сынып пияда қалады. Қобланның пир бабасы булардың қыйналып киятырғанын билип, 40 перийзатты сарайы менен Аштарханның аргы жүзине көширип әкеледи. Қоблан қырқ жигити менен перийзатлардың қаласына келеди. Пери қызлар қырқына қырқ бедеў береди. Қырқ перийзаттың жеңгеси Қобланның жигитлерине келип, неше күнде келетуғынын сорайды.

Қобланның Шамай, Алағайым тақылдақ деген жигитлери тири болсақ алты айда ямаса алты жылда келемиз деп ўәде берип, жолға түседи.

Қоблан Бозбулақ деген жерге жетип изинде киятырған қырық жигитлерин сынап көреди. Жигитлери Қобланнан душпан деп қорқады. Қоблан қырқ жигитин ертип алып, Азаўдың аўыр шәҳәрине жетип, қалмақлар менен қырғын урыс қылады. Қаланың ишиндеги тигиўли турған ақ ордаға барса, «кереге билән тең болған алпыс қуланның териси қолына жең болған, латманаттан ерки бар, сексен қойдың терисин басына кийген бөрки бар. Мурынлары Нуратаның дицициндей, мурынларының тесиги көгершиниң ининдей, аўызлары таўдан аққан жырадай, ҳәр көзиниң қанасы алпыс батпан буўдай урадай, буны көрди қырық жигит» (66-бет). Қырық жигит буның түр-түсинен қорқып қашады. Қоблан қалады. Жигитлерин излеп киятырса алдынан Көбикли дәў шығады. Булар жекпе-жек гүреске түседи.

Қарет буўрадай қатасты,
Теке киби тирести,
Қошқар киби дүгисти,
Қораз киби жулысты,
Айғыр киби шайнасты (72-бет).

Қоблан менен жети күн гүреседи, бирин-бири жығалмайды. Көбикли Қобланға басым келеди. Қобланның торы аты ийесине болысып шар жығылып атырған дәўдиң басына қос аяқлап тебеди, еки қолын шайнайды, сонда да дәў Қобланды жаздырмайды.

Қобланның торы аты Көбиклиниң басым екенин билип, Караманға билдириўге кетеди. Торы ат Қараманның сарайының дәрўазасын тебеди. Қараман атты көрип, еки ҳаялын 360 жасындағы Көклен шешесин шақырып келиўге жибереди. Көклен кемпир келип, аттың мойнындағы тумарды ашып қараса ишиндеги хатта Қобланның атын көреди. Кемпир улы Қараманға Қобланға жәрдемге барыўды айтады. Қараман Қобланға өкпесин айтады. Ақырсында кемпириниң сөзин қыймай, ақ булт атын минип Қобланға атланады, Қараман Қобланға келип Көбикли дәўди саўғаға сорайды. Қоблан Көбиклини гүресиўге Қараманға береди. Қараман Көбиклини өлтирип, өтин алып жараланған Қобланға ишкизеди.

Қоблан Азаўдың аўыр шәҳәрин басқарыўды Қараманға береди. Қараман менен Қоблан қосылып Қобланның 40 жигитин излеп шәҳәрге шығады. Қобланның 40 жигити қалаға қырқ мешит салдырып, адамларын мусылман динине ендирип, «дин билместиң журтына, мектеп молла болыпты». Қоблан қырқ жигитин ертип, Караманнан рухсат алып елине қайтады. Баяғы перилердиң шәҳәрине келсе ҳеш ким жоқ, берген ўәделеринен бир жыл өтип кеткенин биледи. Қоблан Аштархан теңизинен саў-саламат өтип дем алады. Қоблан түс көрип, түсин Алағайым тақылдақ жорыйды. «Қоблан» дәстанының бул варианты усының менен тамам болады.

МЫРЗАҒАЛИЙ ДӘРИБАЕВТЫҢ ТВОРЧЕСТВОСЫ ҲАҚҚЫНДА

Бүгин биз қарақалпақ совет шайырларының, драматургларының бири—Дәрибаев Мырзағалийдиң творчествосына арналған кешени өткерейик деп отырмыз. Демек,—бул кешени өткериў менен қарақалпақ совет әдебиятының көрнекли дөретиўшилериниң биреўи ҳаққында сөз қыламыз.

Мырзағалий Дәрибаев қарақалпақ совет әдебиятының көрнекли талантларының бири. Ол қарақалпақ халқының миллий формалы, социалистлик мазмунлы мәдениятының көрнекли ўәкиллериниң бири.

Буны Қарақалпақстандағы революциядан кейинги мәденияттың—искусство, әдебияттың раўажланыўы толық тастыйықлайды.

Буржуазиялық дүзилис—адам баласындағы жақсы

қәсийетти, талантты, туншықтырыўшы, оны өрбитпей кейин тартыўшы, оның алға басқан адымына кисен салыўшы оны уўлаўшы ҳәм қыйнаўшы дүзилис. Буны Бердақ тили менен айтқанда:

Қарағай емес, сөкит болдым,
Қартаң емес, жигит болдым,
Таўдан ушқан бүркит болдым,
Қонар жерим болған емес.
Сыбызғы болдым, саз болдым,
Үним шықпады, аз болдым,
Палапан емес, ғаз болдым,
Қонарға көл болған емес.
Узын емес, ырғай болдым,
Барлық сөзди шырғай болдым,
Дән жоқ жерге торғай болдым,
Оны ҳеш ким билген емес.
Мурыным жоқ пушық болдым,
Маңызым жоқ ушық болдым,
Қырғыйдан қашқан шымшық болдым,
Қашарға жер болған емес.
Селсиз күни жаўын болдым,
Сансыз ескен даўыл болдым,
Түйнек салған қаўын болдым,
Шошқасыз күн болған емес.
Жарып мениң жүрегимди,
Барҳа түйип түйнегимди,
Оркенди жайлаған емес.

Бирақ халықтың сүйикли, қудиретли перзентлери усы туншықтырыўды жарып шығып халықтың халықлық мәдениятын, әдебиятын дүзиў ушын гүрескен. Олар халықтың турмысын, муңын көрсеткен өзлериниң өлмес шығармаларын жазды. Бул әдебият халық пенен жасап келди. Қарақалпақ халқының соңғы белгили болған шайырлары,— Жиен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар ҳәм басқалар тусаўды үзип шығып халық турмысын, муңын-зарын жырлаған, жазған шайырлар екенин билемиз. Соның ушын да булардың атларын, жазған шығармаларын қарақалпақ халқы мақтаныш пенен айтып келди ҳәм айтады. Олардың атын ҳәм өлтирмейди. Биз олардың шығармаларынан қарақалпақ халқының өткендеги турмысын көремиз. Сонлықтанда бул шығармалар өз заманының жарық айнасы. Демек шын мәнисинде халықлық әдебият ушын гүрестиң узақ жыллардан бери даўам еткенин көремиз.

Бул гүрестиң түйинин тек Ленин партиясы баслаған уллы Октябрь Социалистлик революциясы ғана шешти.

Совет ҳүкимети менен Ленин партиясы ғана адамзат бойындағы талантты еркин шығарыўға, оны өркенлетиўге кең жол ашты. Октябрь революциясынан кейин елимиздеги гүллан халықлар қатарында қарақалпақ халқының мәденияты—искусствосы, әдебияты ғаўлап өсе баслады. Мәденият—искусство, әдебиятты дөретиўши талант ийелери де өсип шықты. Искусствода, Өтепов Абдираман ҳәм оның соңын ала қарақалпақ халқына аты мақтаныш пенен жайылған Айымхан, Жапақ бақсы, Тоқта, Ибрайым, Юлдаш Шарипов. Зайыт Зариповлар шықты, әдебиятта Айтбай Матякубов, Хожамет Ахметов, Асан, Жолмурза, Тажи—Ахмет, Қарабай, Нажим, Мырзағалий, Дали, Артық, Амет, Сарсенлер шықты. Буларды Октябрь революциясы ғана жаратты. Бизиң елимизде кимде қандай, уқып, талант бар балса, оны еркин шығара алады, ҳәр ким еткен хызмети менен баҳалы.

Бизиң елде талант ийелери күн сайын, саат сайын ғаўлап өсип шығып атыр. Социализм—халық бойындағы талантты булақтай атылып шыққан, ен жайып ағып атқан кәни екенин турмыс көрсетти. Бул, дәрьядай тасып толқынлап шығып атырған талантты көрсеткен хызметин көзден өткерип, оның жетискенлик ҳәм кемшилик жақларын көрсетип, еткен истен жуўмақ шығарып, келешегине жол сызып бериў—ол талантты кешекте халық ушын тағы табыслы жумыс ислеўине көмек береди. Мине усы мақсет менен биз Мырзағалий Дәрибаевтың творчествосына арналған кешени өткерип, оның жетискенлик, кемшиликлерин көзден өткерейик деп отырмыз.

Мырзағалий Дәрибаевты Октябрь революциясы ғана жаратты. Ол жаңа әўладтың—социализм әўладының шайыры. Оның творчествосы ҳәм өмири усы жаңа заман менен ажыралмастай болып беккем байланған. Оның творчествосы усы жаңа заманның гүлленген өмири, соның жыры, соның сүўрети.

Биз жолдас Дарибаевты оның жүрекке жыллы тийген лирикалық қосықлары ҳәм поэмалары, қарақалпақ театрларының совет сахнасында ойнап көрсетип жүрген пьесалары арқалы да жақсы билемиз.

Биз жолдас Дарибаевтың творчествосына тоқтағанда оның қосықлары менен пьесаларына тоқтаймыз. Өйткени, басқа жолдаслардай-ақ Дарибаев та прозада еле

көзге көринерлик, тилегимизге дәл келетуғын шығарма бере алған жоқ. Мен Дәрибаевтың көп пьесаларына да көп тоқтағым келмейди. Өйткени ол пьесалардың барлығына обзор жасаўдың өзи де узаққа созылады. Солай да болса, «Көклен батыр», «Әрман», «Жаңа адамлар» пьесасына қарағанда «Ғәрип ашық» пьесасының пьесалық дүзилис жағынан да, сөз дүзилиси, образ, типлерди жаратыўда ҳәм олардың өзлерине ылайықлы орын, сөз берилиўинде Дәрибаев пьесалары ишиндеги жақсысы екенин сизлерге айтып өтиўге тийислимен. Мен Дәрибаев Мырзағалийдиң тийкарғы творчестволық жүзин оның қосықлары менен көрсетким келеди.

К. Худайбергенов, Н. Жапаков, Б. Тәжиев, Х. Сейитов

Биз әдебиятты идеологияның бир формасы, турмысты көрсетиўдиң, сүўретлеўдиң айырым бир бөлеги ҳәм соның менен қатар турмысқа баҳа берилиўдиң улыўма принциплерин ислеп шығарыўшы деп белгилеймиз. Совет әдебияты прогрессивли идеялы болыўы менен жоқары дәрежели ҳәм ең алдыңғы қатарлы әдебият. Өйткени бизиң әдебиятымызда адамзаттың алға басқан идеясы, пүткил халық идеясы берилген ҳәм соның менен суўғарылған. Искусствоның пүткил халықтики болыўы, халықшыл болыўы—оның көркемлигиниң жоқарғы көрсеткиши, себеби, бундай дәрежеге жазыўшы қалың халық тилегине жуўап бериўлик турмысты ҳақыйқат көрсете билиў тийкарында ғана жетиседи. Бул, жазыўшының, шайырдың тийкарғы сапасын көрсететуғын нәрсе. Мине усы тәрептен де алып қарағанда, шайыр Дәрибаевтың қосықларында азлап кемшилик болған менен жат идеяны көрмеймиз. Қайта дурыс идеялы, турмыс ҳақыйқатын көрсеткен қосықларды көремиз. Сөзимизди дәлиллеў ушын шайырдың өзине сөз берейик «Простой совет адамы» деген лирикалық қосығында ол былай дейди:

Жаҳанда бар еки күн,
Жақты жайған өмирге.
Төменнен көрип биреўин,
Тоқ санадық кеўилге
Жымың қағып көкте күн,
Соўле шашып турады.
Бетин бүркеп болса түн,
Көзден ғайып болады.
Миллион жыллар өтседе,
Оның сол күлип турысы.
Биреўге қорлық жетсе де,
Ол менен жоқ жумысы.
Ол күнди деймиз «ғарры күн»,
Өмир сүрген көп заман,
Жақтыртып оның жарығын,
Күн шықты және жаңадан.
Жаңа күним жайнаған,
Көп пенен бир тилеги.
Құрдастай күлип ойнаған,
Көп пенен бирге жүреди.
Жаңа күн берди халыққа,
Гилтин шадлы заманының.
Асырды ескe тарийхта,
Ойлаған ойын адамның.
Жасайды узақ жаңа күн,
Халықлардың ишинде.
Әмиринше көрген қорлық,
Узақ ўақыт ел бийлеген,
Ҳәкимлерден таппай теңлик,
Аш-жалаңаш жүрген халық,
Көрген күни болып кемлик.
Кең бахытқа кирди енди,
Өмир сүрди өмир дерлик,
Халыққа ҳәм ўатанына,
Ис қылады етип ерлик.
Әўезмурат ҳәм де өзим,
Бирге бахыт бағына ендик,
Жақты, жайлы, нағысланған,
Үйим мине алты бөлме,
Жарма қапы, қос әйнектен,

Қойдым салып ҳәр бөлмеге,
Ақ гүмбезли, гүмис рең.
Сым кровать қойдым төрге,
Жуп самовар, кесе-чайник,
Столда тур бәри бирге,
Минекей тур радио,
Бүлбил киби сайрап күнде.
Москвадан, Алма-атадан,
Жыр төгеди түрли тилде.
Еки сыйыр бүйен емшек.
Жаңа саўдым қорамда тур,
Он бес ешки өртекедей.
Жарға ойнап өристе жүр.
Московский велосипед,
Қәйним минип шапқылап жүр,
Айтшы шайыр Мырзағалий,
Бундай турмыс емес пе нур?
Бул турмысқа ийе болған,
Бул колхозда мен емес бир,
Колхозшының көпшилиги.
Мендей болып шад жасап тур.
Күшейттикте сезгирликти,
Белимизди беккем буўдық,
Аямастан күндиз түни,
Жаўға бөрҳа қарсы турдық.
Жасырынып орналасқан,
Ишимизден жаўды қуўдық.
Партияның жолы менен,
Бәрҳа алға адым урдық.
Колхозды биз большевиклик,
Колхозшыны қурғын қылдық,
Қысқасында узын сөздиң,
Биз усындай өмир сүрдик,—

Дәрибаевтың тағы да көлемли ири шығармасының бири «Шегарада». Бул поэма арқалы шайыр социалистлик ўатанды сүйиў ҳәм оны қорғаў идеясын берген. Мақсеттиң анықлығы, мақсетке жетиў ушын турақлылық, дурыс, сап минезли болыў, көринген қыйыншылықлардың барлығын жеңиў—мине бул жаңа совет адамының, бизиң заманымыздың қаҳарманының мине-зи ҳәм қәсийети. Усы қәсийетти Дәрибаев «Шегарада» поэмасындағы Бийгус, Виниватин, Мария образларында бере билген. Шайыр былай дейди:

Қылыш, мылтық, дүрмийин бар қолында,
Тайсалмаған ўатан қорғаў жолында,
Ер жүрекли Рүстемдей күши бар,
Ер Бигустиң дослары бар жанында.
Барлығы да мерген ҳәм де қырағы,
Тапжылтпастан гөзлегенин урады,

Уллы ўатанның, партияның иси ушын,
Бул батырлар таппа-таяр турады.

Шайыр поэмада муҳаббетке де орын береди. Бирақ бул муҳаббет ўатанды сүйиўден, оны қорғаў ўазыйпасынан шетте емес, соның менен беккем байланысқан муҳаббет. Шайыр Бигустың ашық яры Мария тилинен мынандай сөзди береди:

Ўатан қорғаў гражданның,
Ең даңқлы ўазыйпасы,
Ўатан ушын бәри таяр,
Бизиң елдиң гарры жасы,
Көптиң сондай күши менен,
Бәнт ўатанның шегарасы,
Егер де жаў шапса бизге,
Бериледи сыбағасы.
Ўатан қорғап жүрген сен де,
Темир қоллы совет жасы,
Ҳәмме ўақыт, сақ таяр бол,
Ашық ярым шегарасы!

Шайыр бул образ арқалы турмыстың Ленинлик ҳақыйқатлығын көрсетип, қандай етип жасаў керек ҳәм қалай, қандай ис ислеў керек деген сораўға жуўап береди.

Шайыр турмыстағы ҳақыйқатлықты көркем етип жазып бериў менен қатар күнделикли турмысқа өзи де актив қатнасады. Егер ол күнделикли турмыстан кейин қалса, турмыс ҳақыйқатлығын дурыс бериўге күши жетпейди. Биз шайыр Дәрибаевтың күнделикли турмысқа қатнасып отырғанын көремиз. Оның «Бизиң қоңсы» деген қосығында ҳәзирги ўақыттағы әҳмийетли болған мийнет тәртибин беккемлеў ушын гүрес иси әдебият арқалы бере билгенин аңлаймыз. Ол бул қосығы арқалы жалқаўларды, мийнет тәртибин бузыўшыларды түйреп шаншып, адамларды ҳадал мийнет етиўге, мийнет етиў руўхында тәрбиялаўды көрсетеди. Ол былай дейди:

Тоғыз минут қоңсыларды қыдырыў,
Тоғыз минут сабын менен жуўыныў,
Тоғыз минут тамақ жеўге шай ишип,
Тоғыз минут иске қарап жуўырыў.
Бул планнан тағы пайда болмады,
Кеш келдиң деп директоры қыйнады,
Басын қасып сасқалақлап екеўи,

Қутылыўға және ақыл ойлады.
Қол усласып больницаға барысты,
Барысты да докторға да жабысты:
«Күнде азанда кеш қаламыз жумыстан,
Қандай ем бар қабырғамыз қайысты.
Көз әйнегин кийип доктор көзине,
Қарап турып келгенлерге өзине,
— Алды менен тилиңизди көрейин,
Аўзыңызды ашыңызлар—деди де.
Қарай берди келгенлердиң тиллерин,
— Қорықпаңыз сап-саў екен денлериң,
Деди доктор—кеселиңиз сол ғана —
Шамадан тыс узын екен тиллериң.
Бәрине де тиллериңиз ғуналы,
Ҳәр ўақыт сизге зыян қылады.
Аз қыдырып, аз сөйлеңиз көпирмей,
Кеселиңиз сондай тәўир болады».
Доктор айтқан еми дурыс болыпты,
Азан менен иске барып жүрипти,
Көп сөйлеўдиң пайдасы жоқ екен,
Бизиң қоңсы енди жақсы билипти.

Бизиң елимиздиң тарийхында күтә ири ҳәдийселердиң бири қоңсы отырған бир нешше капиталистлик елде совет ҳүкимети орнап, бизиң кең, уллы ўатанымыздың бир семьясы болып қатарға кирди. Усы елдиң ерк алған мийнеткешлерин қутлықлап советлер союзындағы гүллән халықлар өзиниң туўысқанлық нийетин билдирди. Шайыр Дәрибаев бул ҳәдийседен де кейин қалмады. Ол қарақалпақ халқының атынан жаңа күн сәўлеси түскен эстон мийнеткешлерине төмендегини жазды:

Уллы совет халқының,
Ажыралмас өмирде,
Қарақалпақ атынан,
Сәлем хатым мениң де.
Сәлем эстон елине,
Жақын достан жанажан,
Сәлем эстон жерине,
Нөкистей жаңа қаладан.
Бузыўға ханның қыспағын,
Тулпар минипте алған,
Қойдай қуўса душпанын,
Досы күлип қуўанған.
Ерназардай ер өскен,
Кең қайнаўлы даладан,
Азат болған гүрестен,
Сәлем сайлы саладан,
Азатлықты сағынып,
Дуўтар алып қолына,

Тасыған селдей ағылып,
Жырлаған елдиң ғамына.
Бердақ шайыр жасаған,
Арал, Әмиў бойынан.
Сәлем досқа жанажан,
Шыңған турмыс торынан.
Жақында қайта туўылған,
Қарақалпақ елинен,
Атластай болып қубылған,
Көркейген көркем жериңен.
Көркем сөздиң дарғасы,
Шайырлардың тилинен.
Көз айдын эстон елине,
Қутылдық қуллық күнинен.

Мырзагалий Дәрибаевтың қарақалпақ шайырлары ишиндеги лирикалық қосық жазыўға уста шайырдың бири екенин де көрсетиўимиз керек. Оның «Жаңа канал» деген лирикалық қосығынан жоқарғы сөзимизди тастыйықлаўға жақсы мысал таба аламыз. Мәселен:

Қуў далада жасарып гүлистан болып,
Жайнаған гүлине бүлбиллер қонып.
Оркестрдей сайрар жаңа сес берип,
Бүлбил де гүлине сүйенер канал.
Күн сайын көбейип жағанда елиң,
Және де үлкейип узыныңы, ениң.
Мрамордан тикленип рашың сениң.
Айнадай жалтырар суўларың канал.
Ҳәр жағыңа зордан жетер пияда,
Салынып жағаңа жаңадан қала,
Бир белгили орын болып дүньяда,
Жаңа қоныс болар бойларың канал.
Қалада қол менен жағылып жулдыз,
Қара түн жақтырар болғандай күндиз,
Таңланып көктеги ай менен жулдыз,
Узақтан сәниңе сүйенер канал.
Түсыңнан бир заман поездлар жүрип,
Жанға жайлы жумсақ вагонға минип,
Москва, Киевтен қонақлар келип,
Тулғана көз салып сүйсинер канал.

Дәрибаевтың поэзиясындағы жетискенликлерине оның Наўайыдан, Низамийден, Пушкиннен, Шевченкодан, Лермонтовтан аўдарып қарақалпақ поэзиясына қосқан аўдармаларын да қосыў керек. Шайыр қаяқтан болса да өзиниң «Жаңа адам» деген қосығындағы өзиниң алдына қойған мақсетине жеткиси келеди. Шайыр ол қосықта былай дейди:

Атакалап алға басқан,
Дәрьядай шалқып тасқан,
Хей ер класс! исиң ушын,
Бар күшимди бердим жастан.
Ўатан ушын, халқым ушын,
Саат сайын таяр күшим,
Ленин типли искер болып,
Бузып жаўдың отыз тисин.
Қалғанынша қасық қаным,
Атқараман ўатан исин.

Бул жетискенликлердиң барлығы Дәрибаев творчествосында кемшилик жоқ деген мәнини аңлатпайды. Биз шайырдың тек ғана жетискенлигин көрип, кемшилигин көрсетпей бүркеп өтсек, онда шайырдың өсиўине қыянет жасаған боламыз. Соның ушын биз жетискенликти көриў менен қатар кемшиликке де тоқтаўымыз керек.

Дәрибаев қосықларындағы, поэмаларындағы баслы кемшиликтиң бири—ол шығарманың басланыўы қалай болса, аяғында басланғанындай етип, ягный алған теманы дурыс аяқлап шығыў жөнинде кемшилик болады. Бир қанша қосықлар менен поэмалардың аяғы шөлтық болып питпей турғандай көринеди. Бул жоқарыда айтқанымыздай алған теманы дурыс аяқлап шыға алмағанлықтың кесиринен болатуғын ис. Бундай аўҳалды «Қалжан» поэмасынан да көре аламыз.

Көркем әдебиятта тил үлкен роль ойнайды. Хәр бир сөзди орнына қойыў—бул шығарманың баҳасын арттырады. Көринген сөзди қулағынан тартып әкелип жабыстырыў, бул шығарманың баҳасын кемитеди. Тил жағынан да алып қарағанда Дәрибаевта үлкен кемшилик барын көремиз. «Айпара» поэмасында:

Қимиң бар булманда исенип сенер.... деген сөз бар. Исенип сенер деген сөз қабатласып айтылмайды. Соңғы сөздеги «с» ның алдындағы «н» ни алып таслаған менен еки түрли сөз болып шықпайды. Болмаса:

Сөйттик те екеўимиз айырылып кеттик,
Әстелеп аяқты ақырын басып... дейди.

«Әстелеп аяқты ақырын басып»—деп шайыр түўе сөйлеў тилин жақсы билмейтуғынлар да аз. Мырзағалий бундай мәниси бир, турпаты басқа сөзлерди еки орынға еки түрли етип қолланса да журт оны «Әсте ақырын» деп бир сөз бенен-ақ айтып қояды. Тағы да: «Жолы

жоқ изи жоқ жоллардан жүрип»—дейди. Жолы жоқ, изи жоқ жерлер болыўы мүмкин, ал жолы жоқ, изи жоқ та жол бола ма екен. Шайыр жолдың не екенин, жердиң не екенин билетуғын болса да жорта айтып отырған қусайды. Болмаса жолы жоқ жол деп ким сөйлейди деймиз. Тағы да сол поэмада:

Ғаңқылдасып келип кетип турдылар,
Хәр мәўсимниң үйрек, тырна, ғазы да

—дейди шайыр. Сыртқы формасы бойынша бул жери жүдә көркем, ал ишки мазмунында надурыслық бар. «Ғаңқылдасып» деген сөз үйрек, тырна, ғаз үшеўине ортақ болып айтылып тур. Бирақ ғаздан басқасына ғаңқылдасып деген сөз айтылмайтуғын еди. Оннан хәр мәўсимниң өзине арналған үйрек, тырна, ғазы болмайтуғынын, хәр мәўсимниң қусы бар екенин автордың ядына салыў керек.

Қосықтың көркем болғаны ушын, өзиниң жанлы тәсирли сөзлери менен жүрекке жыллы тийгени ушын қосық болатуғыны шайырдың, өзи жақсы биледи. Сөйте отырып мынандай жүдә көлеми жоқ қосықларды жазғанын билмей қалады. «Айпара» поэмасында:

Терең ойдың ең түбинде турдым да,
Дурыс деднм ойлап бир жол билдим де,
Өлиў дурыс, өлейин мен дедим де,
Ушып турдым өзимше шәрт қылдым да.

Я болмаса «Ленин» деген қосығындағы:

Гүллендирип жаңа және жумысты,
Пәтлендирип пахта басқа құрылысты,

—деген қатарлардың көркем емес, тек жан қыйнамай қойыла салған, буўыны тең сөз екенин шайырдың өзи де мойынлар.

«Асқар жыры» деген қосығы да күтә кемшиликке толы. Темасына қарағанда образға ийе көрнекли бир дәстан шығар деп ойлайсан. Темаға қарағанда Асқардың жыры берилиўи керек. Бирақ Асқардың дуўтар шерткеннен басқа жыры көринбейди. Мысал ушын екинши бөлиминде:

Қара жорға ҳәм торғай деген сазы,
Сүйиндирип жағады гүллән жанға,
Бираз сазды усындай шерткен соң,
Кириседи жырына Асқар сонда—десе,

үшинши бөлиминде: «Жырлап еди бир күни шалқып Асқар» деп, дуўтарға қосылып шайырдың өзи жырлап кетеди. Бул жерде шайыр теманың Асқар екенин умытса керек.

Шығарманы ойланбай, шалағайлық пенен жазыў—оның баҳасын төменлетеди ҳәм ол турмыстан шетлейди: турмыстан шет шығарма—шығарма емес. Бул жағынан да жолдас Дәрибаевта кемшиликлер бар. Мысалға оның «Қосықшы» деген бир қосығын алайық. Бул қосықта шайыр шаңқай түсте бир жаққа кетип баратырған болады ҳәм қулағына биреўдиң қосық айтқан ҳаўазы келеди:

«Тәбийғаттың сонындай түрин көрип,
Ҳәр бирине селардың роҳәтленип,
Баратырып тағы да болдым шад-мәс,
Қулағыма қуйқылжып нама келип,
Қара қаслы, бота көз, жуқа ерин,
Алма бетли, жипек шаш, қырлы мурын,
Қыз ба яки басқа ма қосық айтқан,
Биле алмадым айырып усы жерин»,—дейди.

Кимниң қосық айтқанын шайыр билмеди деп түсинсек, оның қара қасын, бота көзин, алма бетин, жипек шашын, «қырлы» емес, қыр мурын екенин қайдан билген? я түс көрген бе?

Тағы да «Тоғайда» деген қосығында:

«Жанға жайлы, палдай болған мазалы,
«Жағымталлы ноябрьдиң шамалы».

— дейди. Ноябрьдиң шуўақ шамалы шайырға жақпаса, басқаға жақпас деймен.

Мине, усындай кемшиликлер Дәрибаев Мырзағалийдиң қосықларында әдеўир-ақ ушырасады.

НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ТВОРЧЕСТВОСЫ

Шайыр, журналист, аўдармашы, алым, жәмийетлик ҳәм партиялық ғайраткер Наўрыз Жапақовтың өмири

ҳәм творчестволық жолы совет дәўиринде қәлиплести ҳәм раўажланды. Ҳәзирги ўақытта республикамыздың жәмийетшилиги Наўрыз Жапақовтың туўылған күнинің 75 жыллық сәнесин белгилеп атыр. Советлик дәўирдеги бизиң басып өткен тарийхый жолымызда Наўрыз Жапақовтың да өзине ылайық үлеси болды. Ол өзиниң газета хызметкери сыпатында баслаған журналистлик жолы менен республикамызға белгили шайыр, аўдармашы, киносценарист, үлкен алым, жәмийетлик ҳәм партиялық ғайраткер дәрежесине дейин өсип жетисти. Н. Жапақов 1914-жылы ҳәзирги Қараөзек районының «Мәденият» совхозының территориясында туўылады. Он жасына дейин ата-анасынан айырылып жетим қалған баланың бундай дәрежеге жетиўине оның ата-анасы да, тәрбиялаған мектеби де, оқытқан муғаллими де совет ҳүкиметиниң ғамхорлығы болды. Совет ҳүкиметиниң жетим балаларға деген, адамға деген аталарша кеўил бөлиўин, оны адам қатарына қосыўын, ол ер жетип шайыр, алым, жәмийетлик ғайраткер болғанында да, ҳеш бир есинен шығарған емес ҳәм «Жетим едим китап берди қолыма, жетеледи уллы баҳыт жолына» деп өмир бойы айтып жүрди.

Наўрыз Жапақовтың өмири ҳәм творчестволық жолы дәслеп республика жәмийетшилигине шайыр ҳәм жәмийетлик искер сыпатында танылды. Н. Жапақов әдебиятымызға отызыншы жыллары келди. Оның биринши қосығы «Оқыўда балалар» 1933-жылы шықты. Усы дәўирде ол қәлемлес дослары Ж. Аймурзаев, М. Дәрибаев, Н. Дәўқараев, Д. Назбергенов, Әмет Шамуратов, С. Қурбаниязов, Артық Шамуратовлар менен бир сапта турып жаңа социалистлик өмир туўралы қосықларын жазды. Жас шайырдың дәслепки қосықлары сол ўақытлары бизиң турмысымыз ушын әҳмийетли болған саўатсызлықты сапластырыўға, билим алыўға, ҳаял-қызлар теңлигин сүўретлеўге, адам мийнетин тәрийплеўге, ўатанды сүйиўге бағышланды. Усы темаларды жырлаў, сол ўақыттың актуаль проблемасы болды.

Н. Жапақовтың отызыншы жыллары жазған «Ўатан қосығы», «Мийнет—баҳыт», «Мийўалы бағ», «Совет қызы», «Жаслар қосығы», «Гүл», «Москва жолында» ҳәм т. б. шығармалары үлкен поэзияға келиўинде творчестволық бет ашары болды. Усы жыллары ақ Н. Жапақов аўдарма иси менен де шуғыллана басла-

Н. Жапақов пахтакешлердиң қуралтайында сөйлеп тур. 1958-жыл.

ды. Рус, украин, өзбек әдебиятының классиклери А. С. Пушкиниың, М. Ю. Лермонтовтың, Т. Г. Шевченконың, А. Наўайының, Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдиң қосықларын ҳәм поэмаларын қарақалпақ тилине аўдарып басып шығарды. Бул жумысты кейин тағы да раўажландырды. Бул жас шайырдың шеберлигин жетилистириўине, көркем шығарманың сырын үйреніўине жәрдем етти. Соның ушында отызыншы жыллардың аяғына таман дөреген «Күн», «Қара теңиз», қосықлары сол дәўирдиң ең жақсы қосықлары болды. Ол өз елин сүйип жасады, оны мақтаныш етти, оның көркем поэтикалық сулыў образын дөретти.

Айдын ашық, кең салалы бизиң ел,
Жерлери бай, тоғай шалқар гүмис көл,
Адам еркин, ықтыярлы жасайды,
Бул турмысты ҳеш көрген жоқ басқа ел.

Қырқыншы жылларға келгенде шайыр поэзиясы идеялық жақтан да, көркемлик ҳәм формалық жақтан да байый баслады. Жазыў шеберлиги жетилисти. Бул жыллары Н. Жапақовтың халық ишине кең тарап кеткен ең жақсы лирикалық шығармалары «Мийнетим», «Буденный жаўға атланды», «Алма», «Муҳаббат қосығы», «Москва», «Палўаның келер», «Фашистлер тарт қолынды» дөреди. Соны да айтып өтиўимиз керек, Наўрыз Жапақовтың оң бестен аслам қосықларына нама жазылды, олар артистлеримиздиң репертуарына кирип, радио менен телевидениеден берилип ҳәм концерт залларында атқарылып атыр. Қосық жанры әдебияттың ең қыйын жанры болса да Н. Жапақов буған да салмақлы үлесин қосты. Оның урыс жыллары жазылған «Буденный жаўға атланды» қосығына сценировка жазылып театрымызда қойылып, тамашагөйлерге көрсетилди. Душпан Москваға жақынлап қалғанда, Ўатанымыздың басына аўыр ис түскенде қуўанышлы, қайғылы сезим менен оптимистлик «Москва» қосығын жазды. Бул ўақытта ҳәр бир совет адамы Москваның тағдирин ойлады. Усы ўақытлары Н. Жапақов үлкен исеним менен, жүрегинен шыққан жыллы сезими менен Москваны былай сүўретлеген еди.

Көзлеримниң қарашығы Москва,
Ўатанымның жүреги сен Москва,
Сениң турқың—жаўға айбат, досқа нур,
Саған душпан кире алмайды Москва.

Урыстағы жеңис—тылдағы мийнет жеңиси менен тиккелей байланыслы екени мәлим. Соның ушын Н. Жапақов бул жыллары урыстағы жаўынгерлердиң мәртлигин сүўретлеў менен қатар тылдағы мийнет адамының қаҳарманлығын да сүўретледи. Әсиресе бул оның «Палўаның келер» қосығында айрықша көзге тасланады. Бул қосыққа шайыр тылдағы ҳәр бир адамның ойқыялын айтып турғандай тәсийр қалдырады.

Әй, келиншек, жолға неге қарайсаң,
Не күтесең, кимди кимнен сорайсаң,
Ердей исле, егер ерге яр болсаң,
Жеңисти тезлетсең палўаның келер.

Н. Жапақовтың ең өнимли ислеген дәўири урыстан кейинги парахатшылық жыллары болды. Урысқа дейин



Н. Жапақов Қарақалпақ жаслары арасында.

оның 1940-жылы «Күн» деген қосықлар топламы шыққан болса, ал урыстан кейин қарақалпақ тилинде «Бахытлы заман» (1946), «Уллы рус халқына», (1954), «Бәҳәр» (1955), «Дослық ҳаққында қосықлар» (1956), «Дослық дәстаны» (1960), «Ойланып табықлар» (1961), «Шаллық илҳамы» (1969), өзбек тилинде «Әмиў бойларында» (Ташкент, 1956), «Тирилер менен бирге» (Ташкент, 1962), рус тилин де «В родном ауле» (1956), «Молодое сердце» (1958), «На берегах Аму» (1960), қосықлар ҳәм поэмалар топламлары шықса, автордың өзи қайтыс болғаннан кейин 1978-жылы бир томлық қосықлар, поэмалар топламы ҳәм 1985-жылы қосықлар ҳәм аўдармалар топламы басылды.

Урыстан кейинги жыллары кем-кемнен шайырдың тематикасы кеңейип барды. Ленинге, Партияға, Ватанға, туўылған жерге, халықлар дослығына көп қосықлар арнады. Балладалар, тымсаллар, юмор-сатиралық балалар қосықларын жазды ҳәм мазмунлы поэмалар дөретти. Халық аралық жағдайда болып атырған ўақыяларды тек сырттан бақлаўшы болып қалмай, оған өзиниң сиясий, патриотлық темаларда жазылған қосықлары менен қатнасып отырды. Солай етип 50-60 жыллары Н. Жапақов творчествосында халықлар арасындағы дослық, парахатшылық кең сәўлелениўин тапты. Оны шайырдың «Уллы рус халқына», «Ағама», «Москва», «Осетин достыма», «Пушкин естелигин көргенде», «Қарақалпақ өзбек бирге туўысқан», «Жоқлама мени», «Қубла Вьетнам қызына», «Кремльде» қосықларынан сезиў қыйын емес.

Ҳәзирги поэзиямыз формалық жақтан байып атыр, бунда да Н. Жапақовтың үлеси бар. Ол 30-жыллардың өзинде ақ қосықты жаңа форма, еркин үйқас пенен жазыўға қызықсынды ҳәм оны 40—50-жыллары да даўам етип өз мақсетине еристи де. Еркин үйқаста қосық жазыў шайырға пикирди избе-из раўажландырыўға бай мүмкиншилик береди. Соннан болыў керек, ҳәзирги ўақытта көпшилик шайырлар усы еркин үйқаста қосық жазыўға өтип атыр. Поэзиядағы Н. Жапақов дәстүрин даўамлап атыр.

Поэзия ой менен сезимниң дүньясы. Сезимине бир нәрсе тәсир етпесе поэзия дөремейди. Турмыстағы объектив ҳақыйқатлық, субъектив сезимге тәсир еткенде ғана көркем шығарма, әсиресе лирика жазылады.

Жақсылық пенен жаманлық, адамгершилик, муҳаббат, тәбият поэзияның әзелден темасы болды, еле де болып қала береди. Себеби адамгершиликли жақсы сезимди кимниң жырлағысы келмейди. Н. Жапақов қосықларында да адамға тән адамгершиликли сезимди, ҳәрекетти ҳүрмет етеди.

Күшиң менен темирлерди ийсең де,
Арысланды аттай ертлеп минсең де,
Айды арқалап, күнге қарап жүрсең де,
Тек адам болмасаң ол неге дәркар.

Н. Жапақов бир неше поэмалардың да авторы. Оның поэмалары тек өз ўақты ушын ғана емес, ҳәзир де актуаллығы менен баҳалы.

Әдебият турмыстың айнасы. Әсиресе, бул реалистлик әдебиятта айрықша көзге тасланады. Турмыстағы қаҳарманлар—көркем әдебияттың да қаҳарманлары Усындай турмыстан алынған реаль қаҳарманлар образы Н. Жапақовтың «Суўшы», «Дослық дәстаны», «Узақтағы жайлаўда», «Шайыр сөзи», «Бахытлылар» поэмаларында исенимли сүўретленген. Шайырдың «Суўшы» поэмасы белгили өзбек шайыры Тураб Туланың аўдармасында өзбек тилинде өз алдына китап болып басылып шықты.

Н. Жапақовтың поэмалары сөз болғанда оның «Дослық дәстаны» поэмасының әҳмийетин айрықша айтыўымыз керек. Бул поэма халықлар дослығының сүўретлегени ушын ғана емес, онда образдың даралаңыўы, поэманың көркемлиги, шайырдың шеберлиги айрықша көзге тасланады.

Дослық—бул ҳәзир ҳәр бир адамның жүрек сөзине айналды. Ҳәмме оның қәдир қымбатын түсине баслады. Себеби, бизиң бүгинги шыққан бийиклигимиз ҳәм айдын келешегимиз, дослықтың, бирге жасаўдың нәтийжеси болып табылады. Н. Жапақов «Дослық дәстаны» поэмасында Қарақалпақстанда совет властын беккемлеўдеги отлы гүреслерде туўылған рус, венгр ҳәм қарақалпақ халықларының арасындағы дослық қатнасықлар, «етиги менен суў кешип, аўызлығы менен суў ишип» турғандағы қыйын жағдайлар Михайл, Пирман, Янош образлары арқалы сүўретленген. Ал, бүгин де бул дослықтың сабағы үзилмеген. Оны биз поэмадағы Пирманның баласы Арыслан, Яноштың қызы образларын да көремиз. Совет халқына болған сүйиўшилик сезим поэмада венгер Янош образы арқалы тәсирли шешимин тапты. Ол былай дейди:

Тилек бир,
Жүрек бир,
Мақсет те бир, ойда бир,
Жыр да бир,
Сыр да бир,
Муң да, күлки, той да бир.

Өмир ағысы шынында усындай. Халықлар дослығы сондай тамырласты. Қайғыны да, қуўаныш ты да тең-дей бөлисип атырмыз. Әсиресе, бул өз елимизде де, социалистлик еллер арасында да өз жемисин бермекте. Бул шығарма интернациональлық дослықтың туўын тағы да жоқары көтериўи менен ядында қалады.

Заманагөй шайыр Н. Жапақов лирикалық қосықларында, балладаларында, одаларында, поэмаларында заманласларымыздың образларын дөретип совет-лик поэмамыздың раўажланыўына салмақлы үлесин қосты.

30—40 жыллардағы шайыр – жазыўшылар көркем әдебий критика менен де шуғылланды. Себеби, бул жыллары профессиональ критиклер жоқ еди. Соның ушын әдебиятымыздың критика жанры да шайыр-жазыўшылардың пайына тийди. Усы дәўирдиң саўатлы адамлары да солар еди. Жасыратуғыны жоқ, жақын-ға дейин көркем шығарманы баҳалаўдағы тийкарғы критерий оның көркемлилиги емес, ал идеялық бағдары болды. Көркем шығарманың басқа компонетлерине итибар аз бөлинди. Әсиресе, бул 30 — 40 — 50-жыллары көркем әдебий критикадағы, әдебият таныў илиминдеги бас бағдар болды. Бундай көркем әдебиятқа бир тәреплеме қарап баҳалаўшылық 30—40—50-жыллары көп ғана жазыўшы-шайырлардың жазықсыз жәбир шегиўине, ҳәттеки өлимине себеп болды. Көркем әдебияттың өриси тарылды, оның раўажланыўына дузақ болды. Ҳәттеки халық дөретпелери болған фольклорлық шығармалардан да «идеялық» қәте изленди. Н. Жапақов та усындай қыйын дәўирде жасады ҳәм өзиниң әдебий критикалық мақалалары, рецензиялары менен 30-жыллардан баспа сөзде көринди.

30-жылларда Н. Жапақов актив критиклердиң бири

болды. Соның менен қатар бул жыллары Н. Жапақов халық дөретпелери болған ертеклерди, фольклорлық шығармаларды жыйнаўшы да болды. Ҳәзирги дүнья жүзине мәлим болған қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Қырық қыз« да атақлы жыраў Қурбанбай жыраўдан жазып алыўда ҳәм басып шығарыўда көп хызмет еткен Н. Жапақов еди. Соның менен қатар белгили жыраў Есемурат Нурабуллаевтан «Қоблан», дәстанын 1939-жылы жазып алды ҳәм 1941-жылы бастырып шығарды. Бул еки дәстан да рус тилине аўдарылып Москвадан басылып шықты. Н. Жапақовтың жыйнаған материаллары 1941-жылы «Халық ертеклери ҳәм қосықлары» деген атамада басылып шықты. Солай етип Н. Жапақов фольклорлық шығармаларды жыйнаўға ертеден ақ араласты, буның әҳмийетин дурыс түсинди.

Н. Жапақов әдебий критикалық мақалалардың, рецензиялардың көркем әдебиятымызды раўажландырыўдағы тәсирин ертеден түсинген адам. Ол тек өз дәўириндеги қарақалпақ шайыр-жазыўшыларының шығармалары ҳаққында жазып қоймастан, рус халқының ҳәм басқа да туўысқан халықлардың классик шайырларының шығармалары туўралы да мақалалар жазды. 30-жыллардың өзинде бундай кең диапозонда мақалалар жазыўы Н. Жапақовтың өз дәўиринің ең саўатлы адамы болғанлығын танытады.

Бул жыллары Н. Жапақовтың «Өзбек халқының уллы шайыры», «Фарҳад ҳәм Шийрин» поэмасы ҳаққында», «Мырзағалий Дәрибаевтың творчествосы ҳаққында», «Идеализмниң реальный қәўпи ямаса «Түс кесели», «Ардақлы шайырымыз Асанға», «Таррас Григориевич Шевченко», «Рус халқының данышпан шайыры», «Қарақалпақ көркем әдебияты», «Шанбастың терис пикирлерине қарсы», «Қарабайдың қосығы ҳаққында» ҳәм т. б. мақалалары, рецензиялары басылды.

Н. Жапақовтың илимпаз сыпатында ең өнимли ислеген дәўири 1959—1975-жыллар болды. Ол халық айтқандай, илимниң жолына жалаң-аяқланып түсти. Бул жыллары Н. Жапақав өзиниң дәслепки илимий жумысын қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшылардың бири Аяпберген Муўсаев туўралы газета-журналларда бир қанша изертлеў мақалаларын шығарды, оның қосықларын жыйнады. Қашан шыққаны туўралы жыл-

ларын анықлады. А. Муўсаевтың қосықларын китап етип шығарды ҳәм Н. Жапақовтың 1964-жылы «Аяпберген шайырдың өмири ҳәм творчествосы» деген монографиялық изертлеўи жарық көрди.

Н. Жапақов қарақалпақ совет әдебиятын изертлеўде көп мийнет сиңирди. Әсиресе, ол 30-жыллары репрессияға ушыраған шайыр-жазыўшылардың шығармаларын жыйнаўда, оны баспаға таярлаўда, бастырып шығарыўда, изертлеўде, олардың атына мектеплер, совхозлар қойыўда көп мийнет етти. Буны айрықша атап өтиўимиз керек. Оның бундай қалыс хызмети ҳәр бир патриот адам ушын үлги бола алады.

Н. Жапақовтың Қасым Әўезов творчествосына арналған «Өшпес жулдыз», Сейфулғабит Мәжитовқа арналған «Сейфулғабийт Мәжийтов», Избасар Фазыловқа арналған «Жаңа заманның жаңа шайыры», Нәжим Дәўқараевқа арналған «Жазыўшы ҳәм илимпаз» изертлеўлеринде олардың творчествосы пүткиллей жаңаша сөз болады. Н. Жапақовқа шекем олардың творчествосы туўралы жазыўға онша итибар берилмесе, ол батыллық етти, өзиниң изертлеў объекти етип алды ҳәм бул әдебият таныў илиминиң де жетискенлиги болды. Булардан басқа да, олар ҳаққында Н. Жапақов «Ойласыққа қойылған орталық пикир ҳаққында», «Жалаға жол жоқ», «Өсектиң жолы қысқа өмири жоқ» ҳәм т. б. мақалалар жазды. Жоқарыдағы аты аталған ҳәм т. б. изертлеў мақалалары 1974-жылы «Әдебиятымыз ҳаққында ойлар» деген темада китап болып баспадан шықты.

Н. Жапақов тынымсыз иследи. Оның «Қарақалпақ әдебиятындағы социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» деген докторлық диссертациясы қарақалпақ әдебият таныў илиминде фундаменталлық мийнет болды. Бул мийнеттиң айрықшалығы соннан ибарат, Н. Жапақов бизиң әдебиятымызда белгисиз болып келген көп ғана шайырларды Худайберген Жебеген улы, Әбдиқадир шайыр ҳәм т. б. таўып, олардың шығармаларын жыйнап, айырымларын китап етип шығарып, изертлеп олардың творчествосын биринши рет илимий айналысқа қосты.

Н. Жапақовтың «Қарақалпақ әдебиятындағы Социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» илимий мийнети еки китап болып «Социалистлик реа-

лизм жолында» (1967-жыл), ҳәм «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси» (1972-жыл) басылып шықты. Қарақалпақ әдебият таныў илиминде революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятындағы реализм мәселеси ҳәм қарақалпақ совет әдебиятындағы социалистлик реализм мәселеси кең планда биринши мәртебе изертленди. Әдебияттағы реализм, социалистлик реализм проблемалары усы ўақытқа шекем өз шешимин таппаған даўлы ҳәм қыйын мәселелерден есапланады. Бирақ, усыған қарамастан Н. Жапақов қарақалпақ әдебиятының тийкарында усы мәселелерди шешиўге умтылды ҳәм оны табыслы шешип берди. Усы мийнети ушын ол филология илимлериниң докторы болды. Соны да айтыўымыз керек. Н. Жапақов жети жылдың ишинде илим кандидаты, илим докторы болды.

Н. Жапақов диапозоны кең, парасатлы изертлеўши еди. Ол әдебиятлар байланысын, сондай ақ туўысқан халықлар әдебиятының, илиминиң ири ўәкиллериниң товрчествосын изертлеўге де көп кеўил аўдарды. Оның бир мысал өз ўақтында баспа сөзде жарияланған «Рус—қарақалпақ әдебиятының өз-ара байланыс мәселесине», «Махмуд Қашқарийдиң «Девану Луғатит түрк» мийнетиндеги мақаллар менен қарақалпақ нақыл-мақалаларының байланыс мәселесине», «Кутадгу билик – үлкен мәдений естелик», «Ҳамза ҳәм Аяпберген», «Тарас Шевченко—Украина халқының уллы шайыры», «Ҳамза жаўынгер жазыўшы», «Ҳамза Қарақалпақстанда қашан болған?», «Беруний ҳәм әдебият», «Халықтың мәртлиги ҳәм Агаҳийдиң жырлары», «Девваний Машраб», яғный «Машираб топламы», «Бердақ—қарақалпақ ҳәм Хорезм халықларының дослығын жырлады», илимий-изертлеў мақалалары болып есапланады.

Өмириниң соңғы жыллары Н. Жапақов Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының фольклор бөлимин басқарды. Н. Жапақов шөлкемлестириўшилик уқыбын бул жерде де көрсете алды. Ол қарақалпақ фольклорының көп томлығын шығарыўдың тек ғана инициаторы болып қалған жоқ, оны шөлкемлестириўши, басшылық етиўши болды. Н. Жапақов өзи планластырған усы көп томлықтың тириснде биринши томын ғана шығарып үлгерди. Ҳәзирги ўақытта қарақалпақ фольклорының жигирма томлығы жарық көрди. Бул халқымыздың үлкен ғәзийнеси еди. Н. Жапақовтың алдын болжаўшылық уқыбының күшлилиги, келешекти көре алыўшылығы соннан ибарат, басқа Союзлық республикалардың илимпазлары өз халқының фольклорын көп томлық етип шығарыўды жақында баслады ҳәм бир-еки томын шығарып үлгерди Н. Жапақовтың халықтың руўхый байлығы болған әсирлер бойы ата-бабасынан мийрас болып қалған халық даналығы фольклорды халыққа тутас ҳалында көп топламлық етип жеткериўин пүткил совет халқы алдында мақтаныш етиўге арзыйды.

Усы ўақытқа шекем революцияға дейинги қарақалпақ классик әдебиятын ҳәм қарақалпақ совет әдебиятын изертлеп келген Н. Жапақов фольклор бөлимине келгеннен кейин, «XI—XV әсирлердеги фольклор» деген үлкен илимий монографиялық жумыс питкерди. Сондай ақ «Жарияланбаған дәстанлар», «Қоблан» дәстанының вариантлары», «Даңқлы 50 жыл ҳәм қарақалпақ фольклористикасы», «Излесең табасаң» мақалаларын жариялады.

Илим ийне менен қудық қазғанға барабар. Н. Жапақов оның машқатлы жолынан барды. Н. Жапақов қарақалпақ классик әдебиятын, совет әдебиятын ҳәм қарақалпақ фольклорын тынымсыз изертледи ҳәм изинде өлмес мийрас қалдырды. Оның творчествосы өз ўақтында Н. Дәўқараев, И. Сағыйтов, М. Нурмухамедов, Қ. Мақсетов ҳәм т. б. илимпазлар тәрепинен жақсы баҳаланды ҳәм еле де баҳаланып киятыр.

Үлкен талант ийеси болған Н. Жапақов шайыр ҳәм илимпаз сыпатында ғана емес, ал мәмлекетлик гайраткер сыпатында да белгили болды. Ол жаслайынан республикалық масштабтағы басшы жумысларға аралласты.

1932-жылдан «Жеткеншек» газетасының жуўапты секретары ҳәм редакторы, 1933-жылдан «Жас Ленинши» газетасының жуўапты секретары, 1939-жылдан «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журналының жуўапты секретары, 1941-жылдан «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының бөлим баслығы, 1942-жылдан Қарақалпақстан Областьлық комсомол комитетиниң биринши секретары, 1943-жылдан Қарақалпақстан Областьлық партия комитетиниң пропоганда ҳәм

агитация бойынша секретары, 1947-жылдан Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Председатели, 1952-жылдан ВКП(б) Орайлық комитети жанындағы Жоқарғы партия мектебиниң тыңлаўшысы, 1955-жылдан Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президумының Председатели, 1956-жылдан 1959-жыллың март айына шекем Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Председатели лаўазымларында хызмет иследи.

Халқымыздың тарийхый басып өткен жолын еске түсирсек Н. Жапақовтың комсомол, партия, совет жумысларында басшы хызметте ислеген ўақты халқымыздың ең бир аўыр турмысты басынан кеширип атырған ўақтына туўра келеди. Ол Уллы Ўатандарлық урыс ҳәм урыстан кейинги аўыр жылларда иследи. Бул жыллары бир жағынан халықтың күн-көриси төмен еди, екинши жақтан ҳәзиргидей техникаласпаған еди. Ол ўақыттағы өндирис қуралының көпшилиги бел менен кетпен, өгиз қос пенен ат арба еди. Мине, усы жағдайда да мәмлекетлик планды орынлаўға туўра келди.

Үлкен каналларды қазыў қол күши менен исленетуғын еди. Әмиўдәрьяда ҳәзиргидей тарнаўлар жоқ еди. Қыста сең қысып, бәҳәрде суў тасқыны болып, қалаларды, аўылларды, егисликлерди суў басып кететуғын еди. Мине усындай қыйын жағдайда Н. Жапақов республика Министрлер Советине басшылық етти. Соның ушында ол Қарақалпақстанды индустрияластырыўдың, Әмиўдәрьяға көпир салыў ҳәм тарнаў қурыўдың, Бас Түркмен каналын Қарақалпақстанның территориясынан қазыўдың, темир жол алып келиўдиң биринши инициаторы болды. Қарақалпақстанға Чаржаў-Қоңырат темир жолын алып келиўде өзи басшылық етип жумыс иследи.

Аўыл хожалығындағы, халықлар турмысындағы ҳәр бир жетискенлик Н. Жапақов ушын да қуўанышлы ўақыя болды. Ол 1957-жылы «Азат халықлардың үлкеси» деген мақаласында «Социалистлик аўыл хожалығы бурын көрилмеген дәрежеде қызғын пәт пенен раўажланып, аўыл хожалығының ең алдыңғы адамлары өсип шықты. Өткен жылдың өзинде ғана бизиң республикамыздың алдыңғы қатардағы он пахтакешине «Социалистлик Мийнет қаҳарманы» деген ҳүрметли атақ берилди» деп жазған еди.

Н. Жапақов халқының мәпин көзиниң қарашығындай

Бесинши шақырық, СССР Жоқарғы Советиниң алтыншы сессиясы, Декабрь, 1960. Москва.

қорғады. Ол шығып сөйлеген сөзлерине, ислеген докладларына усы халықтың келешек турмысының раўажланыўы ушын күш салды. Ол ҳәр бир шығып сөйлеген сөзинде турмысымыздағы жетпесинликти батыл ортаға қойды. 1958-жылы 18—21-февраль аралығында Москвада пахтакешлердиң Пүткил Союзлық совещаниеси болды. Н. Жапақов онда да шығып сөйлеп, «Әмиўдәрьяның жоқарғы жағында пахта майданын кеңейтиў менен бирге Әмиўдәрьяның төменги жағында ирригациялық қурылысларды ҳәм бәринен де бурын Тахиаташ плотинасын салыў мәселесин шешетуғын ўақыт жетти. Бул плотина суўды ўақтында жеткерип турыўды гарантиялайды. Плотинаның салыныўы менен дәрьяның оң жағындағы районларды сол жақта орналасқан районлар менен ҳәм транспорт байланысы—темир жол менен байланыстырыў ўазыйпасы шешиледи. Республиканың дәрьяның оң жағындағы районларының тәбийғый байлықларын өзлестириў ушын жағдай дүзиледи, ҳәзирги ўақытта Әмиўдәрья арқалы өтиў ушын жумсалып атырған миллионлаған манат үнемленеди», – деген еди.

Жақынға дейин советлердиң жумысына дыққатсызлық пенен қаралғанлығы, барлық басшылықты партия өз қолына алғанлығы мәлим. Буның жақсы нәтийже бермегенлигин турмыс ҳақыйқатлығы тастыйықлап атыр. Бул тубалаў дәўириниң үлкен кәсапаты болды. Н. Жапақов өзи ислеп турған дәўирде районлық, қалалық, поселкалық, аўыллық советлердиң жумысларын жақсылаўға, олардың масса менен бирлигин беккемлеўге, сол арқалы алға қойылған ўазыйпаларды шешиўге умтылды. Советлерге жаны ашыған Н. Жапақов «Қарақалпақстан АССР Жергиликли Советлериниң жаңа жағдайларындағы ўазыйпалары» деген мақаласында: «Аўыллық советлердиң роли жете баҳаланбайтуғынын айтыў керек. Гейпара Республикалық хызметкерлер, жийи ўақытта районлық хызметкерлер де колхозлардың басқармаларында, бригадаларда, фермаларда болады, бирақ олар аўыллық Советке бармайды, аўыллық советтиң председателлери менен, секретарьлары менен, депутатлары менен гүрриңлеспейди, оның жумысы менен, оның аўыл хожалық өндирисин раўажландырыўға қалай қатнасып атырғаны менен қызықпайды, оларға өз жумысын жолға қойыўда жәрдем етпейди. Бул надурыс нәрсе қаншелли тез сапластырылса, соншелли жақсы болады»,—деп жазды. Ҳәзирги ўақытлары партия советлердиң жумысына тек кеўил бөлиў емес, ал пүткил социал-экономикалық реформаны әмелге асырыўды Советлерге тапсырып атыр. Буны Н. Жапақов 50-жыллары ақ айтқан еди. Қандай жумыс ислесе де Н. Жапақов оған жуўапкершилик пенен қарады ҳәм не ислеў керек екенин түсинип иследи.

Ким халық ушын хызмет етсе ол баҳаланады. Партиямыз бенен ҳүкиметимиз Н. Жапақовтың мийнетлерин жоқары баҳалады. Ол он алты жыл СССР Жоқарғы Советиниң, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң депутаты болды. Коммунист жазыўшы, көрнекли илимпаз, жәмийетлик ғайраткер Н. Жапақов еки ирет Ленин ордени, еки ирет «Ҳүрмет белгиси ордени, бир ирет «Қызыл жулдыз» ордени менен наградланды. Аўыл хожалығы тараўында жетистирген табыслары ушын Пүткилсоюзлық халық хожалық жетискенликлериниң көргизбеси Бас Комитетиниң үлкен ҳәм киши алтын медальлары менен, сондай-ақ Өзбекстан ССР Жоқары Совети Президу-

мының бир неше ирет Ҳүрмет грамотасы менен сыйлықланды. Илим тараўындағы хызметлери ушын оған «Өзбекстанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атақлары берилди.

Н. Жапақовтың өмири ҳәм творчестволық жолы қуўанышлы да, қайғылы да болды. Ол өз халқы ушын бир адам не ислеўи керек болса, соны иследи. Ол — журналист, ол—шайыр, ол—киносценарист, ол—аўдармашы, ол—илимпаз, ол—жәмийетлик ҳәм партиялық ғайраткер болды. Бундай уқыплылық бир адамның бойынан табыла бериўи тәбиятта сийрек ушырасады. Бундай уқыплылыққа ериспў ушын тек талант емес, ал патриотизм де керек. Халқымыздың патриот перзенти болған Н. Жапақов бул жолда өз өмирин аямай жумсады. Адамның данқы қанша шыққан сайын, абыройы көтерилген сайын, оның душпаны да аз болмайды.

Басқа да шайыр жазыўшылардай Н. Жапақовта 1838-жылы репрессияға ушырады. Ол өзин ашлыққа таслады. Бул ден саўлығына тәсир жасады. Ҳақ ҳақлығына барды. Қанша азапласа да шыдады. Тоғыз ай тьюрмада отырып шықты.

Тубалаў дәўири де Н. Жапақов ушын аўыр болды. Бул жыллары да оның бойын кең жазып еркин ислеўине, алға қойған мақсетлерин орынлаўына мүмкиншилик болмады. Оның үстинен арзалар шөлкемлестирилди. Оның мәмлекетлик жумысларынан қылмыс таба алмағанлықтан, оның әдебий көркем шығармаларынан «қара дақ» излестирди. Оның алған гонорарларын есаплап көрди. Оған қарсы группалар дүзилди. Буннан да нәрсе шығара алмағаннан кейин оның илимий жумысларына асылды. Оннанда ҳеш нәрсе таба алмағаннан кейин оны туўылған жеринен Ташкентке кетиўге мәжбүрледи. Ол он жылға шамалас Ташкентте жасады. Бирақ, Н. Жапақов усылардың бәрине де шыдам берди, усыншама қысыўметке қарамастан илим кандидаты, илим докторы болды. Бирақ, бул азаплы жол оған тегинге түспеди, оның өмирин қысқартты. Н. Жапақов 1975-жылы 13-март күни жумысына кетип баратырып жолда 61 жасында қайтыс болды.

Жуўмақлап айтқанда Наўрыз Жапақов қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысының, мәденияты-

ның, әдебиятының, илиминиң раўажланыўына салмақ-

лы үлесин қосты. Бизиң халқымыз оның азаматлық ислерин ҳеш қашан умытпайды ҳәм халқымыздың тарийхынан өз орнын алады.

Ҳәзирги шығып атырған Н. Жапақовтың шығармалар жыйнағына оның газета — журналларда шыққан мақалалары, машинопись ҳалында қалған изертлеўлери хатлары ҳәм оны қутлықлап жиберилген телеграммалар, еске түсириўлер жиберилди.

Т. Мәмбетниязов

Филология илимлериниң кандидаты,
Бериний атындағы Өзбекстан ССР Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Қарақалпақстан АССР ына Мийнети сиңген мәденият хызметкери.

ӨМИР БАЯНЫМ

Октябрь социалистлик революциясынан бурын халқымыздың бахытсызлықта жасағаны мәлим. Усы бахытсызлыққа, қайғы ҳәсиретке меним де ата-анам шерик болған. Мен 1914-жылы бурынғы Түркистан үлкесиниң Сырдәрья областы Әмиўдәрья бөлиминиң Көкөзек волостында гедей дийхан семьясында туўылғанман.

Меним әкем Жапақ Ырсым улы төрт ағайынлы болған. Әкемниң өзинен үлкен апасы Арысқан, инилери — Әбдижаббар, Әбдиғаппар болып, олар революциядан бурын өлип кеткен. Арысқанның ақлық-шаўлықлары ҳәзир Тахта көпир районы «Москва» совхозында тураты. Анамыз—Айжамал Султамурат қызы мен бир жасыма келгенде-ақ қазаланған. Анамның инилери бар, олар да «Москва» совхозында турады.

Революциядан бурынғы жийи болып туратуғын ашлықлар кимлерди қанбақтай қылып өрден-ыққа айдамады дейсиз. Соның бири бизиң әкем болған. Ол соңғы алған ҳаялы ҳәм бизлерди алып, бурынғы Шаббаз волостының Саят деген жеринде талап ислеп жүрген иниси Әбдижаппардың жанына барады. Бизлер барған соң көп узамай Әбдижаппар аўырып өледи. Бул 1916-жылдың ақыры еди. Буннан кейин әкем усы волостлықтың «Шерим жап» бойындағы Ҳайтбай торсық деген байдың дийханы болып жалланып ислейди. Бунда еки жылдай батрак болып ислеп, өлмес аўқат күн көреди, оннан кейин Сарыбай волостының Әмирабад деген жерине көшип барып, ҳәр кимниң дийқаны болып, 1920-жылға шекем иследи. Буннан кейин Шаббаз тоғайына көшип, сол жерде арқалап отын апарып сатып, 1924-жылға шекем күнелтеди. 1924-жылы әкем қайтыс болды. Мен өгей анам менен Жәнибек Айтым улы деген ағайинимиздиң қолында қалдым. Жәнибек бизлерди өзи батрак болып ислеп жүрген Сарыбай волысты Әмирабад аўылындағы Нурман дегенниң қолына әкелди, өзи оның дийқаны болса, биз малын бағыўшы болдық. Солай етип, бир жасымда туўған анамнан айрылсам, 9—10 жасымда әкемнен айрылып, журдай болып жетимлик, панасызлық басқа түсти. Мен еле екинши үлкен ата-ананың—совет ҳүкиметиниң барын жаслық, қараңғылық астында сезбеген едим. Бир жыл Нурманның малын бақтым, бир жыл сол аўылдағы Халила хожа дегенниң малын бақтым.

Жазда мал бақсам, қыста аўыллық мектепте оқыдым. Дәслепки күнлери бизлерди жаңа ашылған совет мектебине зорлап берди. Диний тәсирге берилип ата-аналы, әсиресе хожалығы қуўатлы адамлар балаларын оқытпады. Олар совет мектебинде балаларын оқытыўдан қорықты, олардың орнына бизлерди — жетимлерди зорлап берди ҳәм оқығанымыз ушын ҳақы төледи. Бул «зорлық» бизлер ушын пайдалы болып шықты. Солай етип мен 1925—26-жыллар еки жыл киси есигинде мал бақтым ҳәм баслаўыш мектепте оқыдым.

1926-жылдың гүзинде Төрткүлдеги интернат-мектепке келип кирдим. Ол мектеп 1928-жылдың бәҳәринде Шымбай қаласына көшти ҳәм жети жыллық «Коммуна» мектебине айланды. Бул мектепти 1930-жылы питкерип шықтым. Мектепте жақсы оқып, бир жылда еки класс атлаған жыллар да болды.

Мектепти питкерип, жоқары оқыў орынларына кетиў ушын Төрткүлге бардым. Бирақ, Қарақалпақ областьлық комсомол комитети мени оқыўға жибермей, сол жылы басланған ғалаба басланғыш оқыў мектеплериниң бирине муғаллим етип жиберди. Солай етип 1930-жылдың октябринен 1931-жылдың июлине шекем Кегейли районында басланғыш мектептиң муғаллими болып иследим. Билимди көтериў, жоқары билим алыў мақсети менен сол 1931-жылдың июль айында Ашхабад қаласына барып, Орта Азиялық Зооветеринария-

лық институтына барып кирдим. Бирақ аўырыў болып, еки ай оқыўаннан кейин қайтыўға мәжбүр болдым. 1931-жылдың октябрь айында келип Шаббаз районында пионер бюросының баслығы болып иследим. 1931-жылдың декабринде областьлық партия ҳәм комсомол комитетиниң қарары менен «Жас Ленинши» газетасында ислеўге шақыртылдым. Усы газетада 1932-жылдың август айына шекем әдебий хызметкер болып иследим. 1932-жылдың август айынан 1933-жылдың апрелине шекем «Жеткеншек» газетасында жуўапты секретарь ҳәм редактор болып иследим. Ал 1933-жылдың апрелинен 1938-жылдың, февралына шекем «Жас Ленинши» газетасында жуўапты секретарь болып иследим.

1938-жылдың февралынан 1939-жылдың июль айына шекем «Қызыл Қарақалпақстан» газетасында старший әдебий хызметкер болып жумыс атқардым. 1939-жылдың июлинен 1941-жылдың июлине шекем «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журналының жуўапты секретарьлық хызметин атқардым, ал 1941-жылдың июлинен 1942-жылдың апрелине шекем «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының экономика бөлиминиң баслығы болып иследим.

1942-жылдың апрелинде қарақалпақ областьлық комсомол комитетиниң биринши секретары болып сайландым. Бул хызметте 1943-жылдың ноябрь айына шекем болдым. 1943-жылдың ноябрь айында мени Қарақалпақстан областьлық партия комитетиниң пропаганда ҳәм агитация бойынша секретары етип сайлады. Бул исте 1947-жылдың март айына шекем иследим.

1947-жылдың март айында мен Қарақалпақстан Министрлер Советиниң Председатели болып тайынландым. Бул жумыста 1952-жылдың сентябрь айына шекем хызмет атқардым. 1952-жылдың сентябринен 1955-жылдың октябрине шекем ВКП(б) Орайлық Комитетиниң жанындағы жоқарғы партия мектебиниң тыңлаўшысы болдым ҳәм ол мектепти толық питкерип шықтым. Буннан кейин 1955-жылдың октябрь айында Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Председатели болып сайландым. Бул хызметте 1956-жылдың май айына шекем болдым. 1956-жылдың май айынан 1959-жылдың март айына шекем тағы да Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Председатели болып иследим.

1959-жылдың сентябринен 1961-жылдың сентябрине шекем Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтының аспиранты болдым. 1961-жылдың сентябринен 1967-жылдың сентябрине шекем Өзбекстан Илимлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының старший илимий хызметкери болып иследим. 1967-жылдың сентябринен ҳәзирге шекем Өзбекстан Илимлер акедемиясының қарақалпақ филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында шығыс Қолжазбалары секторы баслығының ўазыйпасын атқарыўшы болып ислеўдемен.

Өмирде түрли өткеллер де болды. Соның бири—1938-жылдың июлинен 1939-жылдың майына шекем сиясий жақтан айыпсыз айыпланып, Қарақалпақстан Ишки ислер халық комиссариаты тәрепинен қамаққа алынып ҳәм босатылдым.

1928-жылдан 1943-жылға шекем Ленин комсомолы ағзасы болдым. 1942-жылдан Коммунистлик партияның ағзасыман.

1943-жылдан баслап бир неше рет Өзбекстан Орайлық партия комитетиниң ағзалығына, сондай ақ Нөкис қалалық партия комитетиниң ағзалығына сайландым. Бир қанша жыл областьлық партия комитетиниң Собюро ағзасы болып сайландым. СССР Жоқарғы Советиниң үшинши ҳәм бесинши шақырықларында депутатлыққа сайланып, сегиз жыл депутатлық хызметин атқардым. Сондай-ақ Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советлериниң 2,3,4,5 шақырықларының депутаты болып сайланып, үзликсиз он алты жыл депутатлық хызметин атқардым.

Аўыл хожалығында ислеген мийнетим ушын, аўыл хожалығының табыслары ушын Пүткилсоюзлық аўыл хожалық көргизбесиниң Бас комитети үлкен ҳәм киши алтын медальлар менен наградлады. Булардан басқа Өзбекстан ССР Жоқарғы Советиниң Президиумы бир неше ирет Ҳүрмет грамотасы менен наградлады.

Өзбекстанда ҳәм Қарақалпақстанда санааттың,

Н. Жапақов, зайыбы Угылжан Жапақова.

аўылхожалығының, илим менен мәденияттың раўажланыўы ушын азда болса қосқан үлесимди, мийнетимди коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети жоқары баҳалап, 1944-жылы 25-декабрьде ҳүрмет белгиси ордени, 1946-жылы 23-январьда ҳүрмет белгиси ордени, 1947-жылы 6-февральда Қызыл жулдыз ордени, 1949-жылы 17-мартта Ленин ордени, 1957-жылы 11-январьда Ленин ордени ҳәм 1941—45-жылларындағы Ўатандарлық урыс жылларында «Мийнетте ерлиги ушын» медалы және 1970-жылы В. И. Ленинниң туўылғанына 100 жыл толыўына байланыслы мийнетте ерлиги ушын медалы менен, бир қанша ирет Қарақалпақстан АССР, Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети президиумының ҳүрмет грамотасы, аўылхожалық көргизбесиниң үлкен ҳәм кишки алтын медаллары менен наградландым.

1930-жыллардың басынан баслап әдебият, мәденият майданында ислеўдемен. 1934-жылдан СССР Жазыўшылар Союзының ағзалығына кандидат, ал 1939-жылдан ағзаман. Қарақалпақстан Жазыўшыларының 1934-жылы июньде болған Биринши съездиниң делегатыман ҳәм усы съездде союздың басшы органының биринде сайландым. Усы жыллардан баслап әдебий шығармаларым ҳәм әдебият жөниндеги мақалаларым газета, журнал бетлеринде жарияланыўда. 1934-жылдан баслап әдебий сын мақалаларын жаза басладым, булардың бир қатары илимий әҳмийетке ийе. Әдебий шығармалар дәретиўде илимий ҳәм сиясий жәмийетлик темада жүзден аслам мийнет жазылды. Олардың бир қатарынан мысал келтирейик: 1940-жылы (Төрткүл) «Күн» атлы биринши қосықлар топламым, 1946-жыл (Нөкис) «Бахытлы заман», 1949-жылы «Шайыр сөзи» (Нөкис), «Бахыт», «Уллы рус халқына», 1955-жылы (Нөкис) «Бәҳәр», 1956-жылы (Нөкис) «Дослық ҳаққында қосықлар», 1956-жылы (Ташкент) «В родном ауле» рус тилинде, 1956-жылы (Нөкис) «Молодое сердце» рус тилинде, 1956-жыл (Ташкент) «Әмиў бойларында» өзбек тилинде, 1958-жылы (Нөкис) «Суўшы», 1960-жылы (Нөкис) «Дослық дәстаны», 1961-жылы Ленинград) «На берегах Аму» рус тилинде, 1962-жылы (Ташкент) «Тирилер менен бирге» өзбек тилинде, 1969-жылы (Нөкис) «Шадлық илҳамы», 1961-жылы (Нөкис) «Ойланып табыслар» қосықлар топламым шықты. Яғный, қарақалпақ, өзбек, рус тиллеринде 16 қосықлар топламым шықты. Булардан басқа қарақалпақ тилине А. С. Пушкин, Ю. М. Лермонтов, Т. Г. Шевченко шығармаларын, рус совет жазыўшыларын Сурков, Шипачев, Грибачев, Г. Некрасов ҳәм басқалардың, өзбек әдебиятынан Наўайы, Ғ. Ғулам, Миртемир шығармаларынан аўдарып шығардым. Әсиресе Наўайының «Фарҳад ҳәм Шийрин», «Лейли ҳәм Мәжнүн» дәстанларын қарақалпақ тилине аўдарыўға қатнастым.

Илимий ислер ҳаққында төмендеги әсирлер жумыслар жарияланды. 1941-жылы (Төрткүл) «Қоблан» 1950-жылы (Нөкис) «Бердахтың толық шығармалары», 1964-жылы (Нөкис) «Аяпберген Муўсаевтың творчествосы», 1967-жылы (Нөкис) «Социалистлик реализм жолында», 1967-жылы (Нөкис) «Қасым Әўезов шығармалары ҳәм аўдармалары» авторлар менен бирликте, 1968-жылы (Самарқанд—Нөкис) «Қарақалпақ Совет әдебияты тарийхының очерклери» авторлар менен бирликте, 1972-жылы (Нөкис) Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси». Бу-

лардан басқа, газета-журналларда 60 тан аслам илимий мақалалар жарияладым.

Сиясий жәмийетлик темада көп мақалалар жәриялап, кишкене китапшалар шығардым: 1950-жылы (Нөкис) «Қарақалпақстан АССР ына 25-жыл» 1948-жыл (Нөкис) «Қарақалпақстан бес жыллық дәўиринде» ҳәм басқалар.

1959-жылдан баслап илим изертлеў жумысында-ман. 1961-жылдың 27-ноябринде «Аяпберген Муўса-евтың творчествосы» деген темада филология илимлериниң кандидаты болыў ушын Ташкентте диссертация жақладым. 1967-жылы 30-майда Ташкентте. «Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализминиң сағалары ҳәм қәлиплесиўи» деген темада филология илимлериниң докторлық дәрежеси ушын диссертация жақладым. Ҳәзир филология илимлериниң докторыман.

Н. Жапақов.

1972-жыл, 14-январь

Нөкис қаласы.

БИБЛИОТЕКА
НГПИ
Инв. № 5671
19 г.

МАЗМУНЫ

Әрманлар ҳақыйқатлыққа айланады. 3
Белоруссиядан хат 8
Ол еле мениң есимде 10
Наўрыз Жапақов ҳаққында еске түсириў 12
Ядымнан шықпайды 14
Халқымыздың жанкүйер перзенти 18
Белгили шайыр, үлкен алым 28
Шайыр, жәмийетлик искер, илимпаз 32
Н. Жапақовтың творчествосына пикирлер 36
Жатлар, қутлықлаў телеграммалары 47
Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Председатели Н. Жапақовтың пахтакешлердиң Пүткилсоюзлық кеңесинде сөйлеген сөзи 71
Азат халықлардың үлкеси 75
Қарақалпақстан АССР Жергиликли Советлериниң жаңа жағдайлардағы ўазыйпалары 84
Қарақалпақстан Халық Комиссарлар Советиниң еки председатели 91
Тарийхый декретке 50 жыл 95
Уллы ислер ушын гүрестеги жыллары 99
Жалаға жол жоқ. 105
Ҳәмза Қарақалпақстанда қашан болған? 110
Ойласыққа қойылған орталық пикир ҳаққында. 116
Өсектиң өмири қысқа 127
«Гүлим—Тайман». 135
Аяпберген Муўсаев ҳаққында жаңа дереклер 143
Ҳәмза ҳәм Аяпберген 144
Жарқын образы ядтан шықпайды 160
Шаңбастың терис пикирлерине қарсы 168
Мектеплерде әдебият сабағын оқытыў ҳаққындағы гейпара ойлар 171
IV—X қарақалпақ классларына әдебияттан программа проектине қысқаша отзыв 176
Қарақалпақ театр өнерлериниң шөлкемлестириўшиси . . . 178
Ҳамза—жаўынгер жазыўшы 180
Әбдиқадир шайыр Бекимбет улы 181
Қыяс жыраў 70 жаста 190
Қарақалпақстан көркем әдебияты 195
Беруний ҳәм әдебият 223
Өзбек халқының уллы шайыры 241
Тарас Григорьевич Шевченко 255
Рус халқының данышпан шайыры 257
Халықтың мәртлиги ҳәм Агаҳийдиң жырлары 261
«Деваний Машраб» яғный Мәшираб топламы . . . . .
Бердақ—қарақалпақ ҳәм Хорезм халықларының дослығын жырлады. 266
Октябрь ҳаққында шығармалар 271
Халқымыздың мәдений мийрасына пухта қарайық 275
XI—XV әсирлердеги фольклор 283
Диний түсиниклерге байланыслы салт-әдет айтымлары . . . 327

XI—XV әсирлердиң сиясий-экономикалық жағдайлары ҳәм әдебият 314
Афоризм 367
Нақыл-мақаллар 368
Жумбақлар 395
Жарияланбаған дәстанлар 411
«Қоблан» дәстанының варианлары Жәнибек жыраў варианты. 431
Карам жыраў варианты 435
Арзымбет жыраў варианты 446
Асқар жыраў Бекеев варианты 455
Дәўлетмурат жыраў варианты 457
Мырзағалий Дәрибаевтың творчествосы ҳаққында 461
Наўрыз Жапақовтың өмири ҳәм творчествосы. 468
Өмирбаяным 488

На каракалпакском языке

ТРУДЫ И ВОСПОМИНАНИЯ Н. ЖАПАКОВА

Издательство «Билим»

Нукус—1990

Редакторы *Э. Қарыбаев*
Художниги *А. Әметов*
Худ. редакторы *К. Рейимназаров*
Тех. редактор *А. Қутыбаев*
Мл. редакторы *Т. Махсудова*
Корректорлары *Б. Файзуллаева Т. Турдымуратова*

ИБ № 3882

Терийге берилген ўақты 7 06 —90. Басыўға рухсат етилген ўақты 10 09—90. Қағаз форматы 84x108¹/₃₂ Типографиялық қағаз № 2. Әдебий гарнитура, кегль № 10. Жоқары басма усылында басылды. Көлеми 15, 500 басма табақ, 26,04 шәртли басма табақ, 25,6 есап басма табақ. Тиражы 5000. Заказ № 413 Баҳасы 1м 70т

«Билим» баспасы 742000 Нөкис қаласы, Калинин көшеси 62
ҚҚАССР баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс, көшеси, 9.